



**Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda  
Minimòm nan Entèvansyon Imanitè**  
**Dwa pou lavi nan diyite**

Pwojè Sphere se yon inisyativ pou detèmine epi ankouraje estanda Kominote Mondyal la itilize pou soulaje detrès moun ki afekte nan katastwòf.

Avèk manyèl sa, Sphere ap travay pou yon mond kote yo rekonèt dwa tout moun ki afekte nan katastwòf genyen pou retabli vi yo avèk mwayen pou yo viv epi aji nan fason ki respekte vwa yo e ki ankouraje diyite ak sekirite yo.

**Manyèl sa genyen ladann:**

- ▶ Yon Dokiman Jiridik Imanitè: prensip legal ak moral ki montre dwa popilasyon ki afekte nan katastwòf yo
- ▶ Prensip Pwoteksyon
- ▶ Estanda Debaz avèk estanda minimòm nan kat sektè kle imanitè pou sove lavi: Apwovizyonman dlo, pwomosyon sanitasyon avèk ijyèn, sekirite alimantè avèk nitrisyon: Abri, kominote avèk atik ki pa alimantè; aksyon sante. Yo dekri **sa ki dwe reyalize nan entèvansyon imanitè dekwa pou popilasyon ki afekte nan katastwòf yo siviv epi retounen nan kondisyon stab epi avèk diyite.**

Manyèl Sphere a benefise apwobasyon anpil òganizasyon ak moun, e li ofri sektè imanitè **a yon langaj komen pou travay ansanm pou jwenn kalite ak responsabilite nan ka katastwòf ak konli.**

Manyèl Sphere a gen yon plizyè 'estanda ankonpayman', ki vin agrandi domèn kote li ka aplike pou reponn a bezwen ki vin prezante nan sektè imanitè a.

Se plizyè ONG imanitè ak Lakwawouj e Mouvman Kwasan Wouj ki te kòmanse Pwojè Sphere a an 1997.

ISBN 978-1-908176-00-4



9 781908 176004



**Pwojè  
Sphere**

2011

**Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè**



**EDISYON 2011**



# **Pwojè Sphere**

## **Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè**





# Pwojè Sphere

Dokiman Jiridik  
Imanitè avèk  
Estanda Minimòm  
nan Entèvansyon  
Imanitè





Pibliye pa:

### **Pwojè Sphere**

Dwadotè @ Pwojè Sphere 2011

Imèl: [info@sphereproject.org](mailto:info@sphereproject.org)  
Sit Wèb: [www.sphereproject.org](http://www.sphereproject.org).

Se yon gwoup Óganizasyon Non-Gouvènmantal ak Lakwa Wouj ak Mouvman Kwasan Wouj ki te lanse inisyativ Pwojè Sphere a an 1997 pou devlope yon seri estanda minimòm inivèsèl nan domèn debaz nan repons imanitè: Manyèl Sphere a. Objektif manyèl sa se pou amelyore kalite entèvansyon imanitè a nan ka katastwòf avèk konfli, epi pou ranfòse responsabilite sistèm imanitè pou moun ki afekte nan katastwòf yo. Dokiman Jiridik Imanitè a ak Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè se rezulta eksperyans anpil moun ak òganizasyon. Kidonk, yo pa fèt pou konsidere yo reprezante lide yon sèl òganizasyon.

Premye edisyon preliminè 1998

Premye edisyon final 2000

Dezyèm edisyon 2004

Twazyèm edisyon 2011

ISBN 978-1-908176-00-4

Yon ekstrè katalòg pou piblikasyon sa a disponib nan British Library ak nan Bibliyotèk Kongrè Ameriken an.

*Tout dwa rezève. Materyèl sa a gen dwadotè men yo kapab repwodui li gratis pa nenpòt fason si se pou fè edikasyon, men pa pou revann. Pèmisyon fòmèl nesesè pou tout itilizasyon, men, anjeneral li akòde imedyatman. Anvan pou kopye nan lòt sikorstants oswa pou itilize nan mitan lòt piblikasyon, osinon pou tradiksyon oubyen adaptasyon, pèmisyon alekri fèt pou jwenn nan men mèt pwojè a, epi ka gen frè ki pou peze.*

Distribye pou Pwojè Sphere pa Practical Action Publishing avèk ajan ak reprezantan li yo nan lemonn antye.

Practical Action Publishing, Schumacher Centre for Technology and Development, Bourton on Dunsmore, Rugby, CV23 9QZ, United Kingdom

Tel +44 (0) 1926 634501; Faks +44 (0)1926 634502

Imèl: [sphere@practicalaction.org.uk](mailto:sphere@practicalaction.org.uk)

Sit Wèb: [www.practicalactionpublishing.org/sphere](http://www.practicalactionpublishing.org/sphere)

Practical Action Publishing (UK Company Reg. No. 1159018) is the wholly owned publishing company of Practical Action and trades only in support of its parent charity objectives.

Preparasyon: , Metz-Tessy, France

Enpresyon: Hobbs the Printer, Southampton, United Kingdom





# Prefas

Dènye edisyon Manyèl Spere a, *Dokiman Jiridik Imanitè ak Estanda Minimòm nan Repons Imanitè* se pwodui yon gwo kolaborasyon ant òganizasyon.

Dokiman Jiridik Imanitè a ak estanda minimòm yo montre volonte òganizasyon yo pou amelyore ni efikasite yo nan asistans ni responsabilite yo anvè moun ki konsène yo, sa ki kontribye pou yon kad pratik pou responsabilite.

Nan pwen dout ke Dokiman Jiridik Imanitè a ak estanda minimòm yo p ap anpeche gen kriz imanitè, ni yo pa kapab anpeche moun soufri. Men, sa yo ofri a se yon opòtinite pou ranfòse asistans avèk objektif pou fè yon diferans nan vi moun ki afekte nan katastwòf yo.

Depi lè yo te kòmanse nan fen ane 1990 yo, antan yon inisyativ yon gwoup ONG ak Lakwa Wouj ak Mouvman Kwasan Wouj, estanda Spere yo kounye a aplike kòm estanda *de facto* nan repons imanitè nan 21<sup>yèm</sup> syèk la.

Kidonk, nou dwe bay yon mo rekonesans a tout moun ki te rann sa posib.

Ton van Zutphen  
Prezidan Konsèy Sphere

John Damerell  
Direktè Pwojè





# Remèsiman

Revizyon Manyèl Sphere a te yon pwoesisis long, nan kolaborasyon ak tèt kole, ki angaje yon gwo kantite moun nan lemnnon antye – kantite a twòp pou mansyone chak moun pa non yo. Pwojè Sphere a rekonèt gwosè kontribisyon ki fèt ak volonte òganizasyon yo ak moun yo pou patisipe.

Pwoesisis revizyon Manyèl la te dirije pa yon gwoup pwen fokal pou chapit teknik ak tèm ki konsène plizyè domèn yo, sipòte pa moun ki genyen resous pou pwoblèm k ap parèt yo, yo tout nan sektè a, keseswa ak sipò òganizasyon imanitè yo oswa yo anplwaye yo dirèkteman, selon nivo travay ki anvizaje a. Konsiltan yo te dirije eleman enpòtan revizyon an pou Manyèl la ann antye, epi sa te mande anpil nouvo travay. Lè yo pa di yon lòt bagay, moun yo ki site anba a te konsiltan.

**Dokiman Jiridik Imanitè:** James Darcy, Mary Picard, Jim Bishop (InterAction), Clare Smith (CARE International) ak Yvonne Klynman (IFRC)

**Prensip Pwoteksyon** Ed Schenkenberg van Mierop (ICVA) ak Claudine Haenni Dale

**Estanda Debaz:** Peta Sandison ak Sara Davidson

## Chapit teknik

- ▶ **Apovivizònman dlo, sanitasyon ak pwomosyon ijyèn** Nega Bazezew Legesse (Oxfam GB)
- ▶ **Sekirite alimantè ak nitrisyon:**
  - **Nitrisyon:** Susan Thurstans (Save the Children UK)
  - **Sekirite alimantè ak mwayen pou viv:** Devrig Velly (Action Contre la Faim)
  - **Èd Alimantè:** Paul Turnbull (WFP) and Walter Middleton (World Vision International)
- ▶ **Abri, Kominote ak Atik ki pa Alimantè:** Graham Saunders (IFRC)
- ▶ **Aksyon Sante:** Mesfin Teklu (World Vision International)





## Kesyon ki konsène plizyè domèn

- ▶ **Timoun:** Monica Blomström ak Mari Mört (toude nan Save the Children Sweden)
- ▶ **Granmoun aje:** Jo Wells (HelpAge International)
- ▶ **Moun ki andikape:** Maria Kett (Leonard Cheshire Disability and Inclusive Development Centre)
- ▶ **Sèks:** Siobhán Foran (IASC GenCap Project)
- ▶ **Sipò sikososal:** Mark van Ommeren (Óganizasyon Mondyal Lasante) ak Mike Wessells (Columbia University)
- ▶ **VIH ak SIDA:** Paul Spiegel (UNHCR)
- ▶ **Anviwònman, chanjman klima avèk rediksyon risk katastwòf:** Anita van Breda (WWF) ak Nigel Timmins (Christian Aid)

## Estanda Akonpayman Sphere

- ▶ **Edikasyon:** Jennifer Hofmann ak Tzvetomira Laub (toude nan INEE)
- ▶ **Bèt:** Cathy Watson (LEGS)
- ▶ **Redrèzman ekonomik:** Tracy Gerstle ak Laura Meissner (toude nan SEEP network)

## Moun Resous yo

- ▶ **Gerizon bonè:** Maria Olga Gonzalez (UNDP/BCPR)
- ▶ **Kowòdinasyon kan avèk kesyon kan:** Gillian Dunn (IRC)
- ▶ **Pwogramasyon transfè lajan:** Nupur Kukrety (Cash Learning Partnership network)

Anplis, yo te konsilte plizyè moun konsènan entèfas sivil–militè, sansibilite nan konfli avèk anviwònman lavil.

**Yo te tabli gwoup travay yo ak gwoup referans** pou sipòte pwen fokal nan travay yo; menmsi pwojè Sphere a rekonèt kontribisyon tout moun sa yo, non yo pa enkli apa. Men, ou kapab jwenn yon lis konplè manm tout gwoup travay ak gwoup referans yo sou sit wèb Sphere a: [www.sphereproject.org](http://www.sphereproject.org).

**Editè:** Phil Greaney, Sue Pfiffner, David Wilson

**Fasilitatè Atelye Revizyon:** Raja Jarrah

**Espesyalis kontwòl ak evalyasyon:** Claudia Schneider, SKAT



## Konsèy Sphere (nan 31 Desanm 2010)

Action by Churches Together (ACT) Alliance (John Nduna) \* Agency Coordinating Body for Afghan Relief (ACBAR) (Laurent Saillard) \* Aktion Deutschland Hilft (ADH) (Manuela Rossbach) \* CARE International (Olivier Braunsteffer) \* CARITAS Internationalis (Jan Weuts) \* The International Council of Voluntary Agencies (ICVA) (Ed Schenkenberg van Mierop) \* International Rescue Committee (IRC) (Gillian Dunn) \* InterAction (Linda Poteat) \* Intermón Oxfam (Elena Sgorbati) \* International Federation of the Red Cross and Red Crescent Societies (IFRC) (Simon Eccleshall) \* The Lutheran World Federation (LWF) (Rudelmar Bueno de Faria) \* Policy Action Group on Emergency Response (PAGER) (Mia Vukojevic) \* Plan International (Unni Krishnan) \* Save the Children Alliance (Annie Foster) \* Sphere India (N.M. Prusty) \* The Salvation Army (Raelton Gibbs) \* World Vision International (Ton van Zutphen).

## Donatè

Anplis kontribisyon òganizasyon yo nan Konsèy ki endike anwo a, men enstitisyon ki te bay finansman pou pwosesis Revizyon Manyèl la:

Australian Agency for International Development (AusAID) \* European Community Humanitarian Office (ECHO) \* German Ministry of Foreign Affairs \* Spanish Ministry of Foreign Affairs \* Swiss Agency for Development and Cooperation (SDC) \* United Kingdom Department for International Development (DFID) \* United States Department of State Bureau of Refugees and Migration (US-PRM) \* United States Agency for International Development Office of Foreign Disaster Assistance (US-OFDA).

## Ekip Anplwaye Pwojè Sphere

Direktè Pwojè: John Damerell

Jesyon Fòmasyon akaprantisaj: Veronica Foubert

Jesyon Pwomosyon ak Materyèl: Aninia Nadig

Sipò Pwomosyon ak Fòmasyon: Cécilia Furtade

Administrasyon ak Finans: Lydia Beauquis

Nan plizyè etap pandan pwosesis revizyon Manyèl la, Alison Joyner, Hani Eskandar ak Laura Lopez te founi sipò anplis pou ekip.






# Sa ki nan Gid la

Prefas .....	iii
Remèsiman.....	iv
Kisa « Sphere » ye ? .....	3
Dokiman Jiridik Imanitè a .....	19
Prensip Pwoteksyon .....	25
Estanda Debaz .....	49
Estanda Minimòm nan Apwovizyonman Dlo, Sanitasyon ak Pwomosyon Ijyèn..	81
Estanda Minimòm nan Sekirite Alimantè ak Nitrisyon.....	141
Estanda Minimòm nan Abri, Kominote ak Atik ki pa Alimantè .....	241
Estanda Minimòm nan Sèvis Sante.....	289
Anèks .....	351
Anèks 1: Dokiman Kle ki gide Dokiman Jiridik Imanitè a.....	352
Anèks 2. Kòd Konduit pou Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ak Òganizasyon Non-Gouvènmantal yo (ONG yo) nan Sekou pou Katastwòf .....	363
Anèks 3: Abrevyasyon avèk Akwonim.....	372
Endèks .....	377





## Manyèl la





# Kisa « Sphere » ye ?





# Kisa « Sphere » ye?

Pwojè Sphere la ak Manyèl li a rekonèt anpil poutèt yo entwodui konsiderasyon kalike ak responsabilite lè gen entèvansyon imanitè. Men ki orijin Pwojè Sphere la ? Ki filozofi ak demach li ? Kijan epi pouki manyèl sa te konsevwa ? Ki plas li genyen nan gwo domèn aksyon imanitè a ? E kilès ak kilè pou sèvi ak li ? Epi kiyès ki ta dwe itilize li, ak kilè ? Chapit sa a eseye ofri repons pou kesyon sa yo ki enpòtan anpil. Lèfini, li bay enfòmasyon detaye sou estrikti Manyèl la epi eksplike kijan pou sèvi ak li epi kijan oumenm osnon òganizasyon ou an ka suiv estanda minimòm Sphere la.

## Filozofi Pwojè Sphere la: Dwa pou lavi nan diyite

Pwojè Sphere la – oubyen « Sphere » – te kòmanse nan lane 1997 ak se yon gwoup òganizasyon imanitè ki pa nan gouvènman (ONG) ak Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ki te kòmanse li. Objektif yo te pou fè pwogrè nan kalite aksyon yo lè y ap ofri entèvansyon lè gen yon katastwòf epi responsab pou yo. Filozofi Sphere baze sou de **(2) kwayans debaz**: premyèman, moun ki afekte nan yon katastwòf oswa konfli gen yon dwa pou yo viv nan diyite, kidonk yon dwa pou resevwa asistans; epi dezyèmman, yo fèt pou pran tout aksyon posib pou soulaje soufrans moun genyen ki soti nan katastwòf oswa konfli.

Pou eseye kore de (2) lide fondamantal sa yo, Pwojè Sphere la ankadre yon Dokiman Jiridik Imanitè epi li idantifye yon seri **estanda minimòm** nan sektè sekou lavi ki kle ki, kounye a, reprezante nan kat chapit teknik Manyèl la: apwo-vizyonman dlo, pwomosyon sanitasyon ak ijyèn; sekirite alimantè ak nitrisyon; lojman, kominotè ak atik ki pa alimantè; ak aksyon sante. **Estanda Debaz** yo se estanda pwosedé ak yo valab pou tout chapit teknik yo.

Estanda minimòm yo baze sou prèv epi yo reprezante opinyon jeneral nan tout sektè yo sou pi bon pratik lè gen entèvansyon imanitè. Aksyon kle, endikatè kle ak nòt oryantasyon yo (ki dekri nan seksyon ki pi devan an ak ki rele: « Kijan pou sèvi ak estanda yo ») vini avèk chak estanda, ofri enfòmasyon sou kijan pou satisfè li.





Estanda minimòm yo dekri kondisyon ki sipoze genyen nan tout entèvansyon imanitè pou ke moun ki viktim yon katastwòf siviv epi refè nan kondisyon estab epi nan diyite. **Patisipasyon moun ki viktim yo nan pwosede konsiltasyon an chita** nan mitan filozofi Sphere la. Pwojè Sphere la, kidonk, te youn nan premye nan sa ki rele kounye a inisyativ sou **kalite ak responsabilite** (Q&A).

Dokiman Jiridik Imanitè ak estanda minimòm yo pibliye ansam nan sa ki rele Manyèl la, ak se dènye edisyon an w ap li kounye a. Manyèl Sphere la tabli pou planifikasyon, aplikasyon, kontwòl ak evalyasyon lè gen entèvansyon imanitè. Li se yon bon zouti pledwaye tou nan negosyasyon ak otorite yo pou espas imanitè ak pou founi resous. Lèfini, li itil tou pou preparasyon pou katastwòf ak planifikasyon dijans, poutèt donè yo ap enkli estanda yo deplizanpli nan obligasyon rapò yo.

Poutèt li pa pou yon sèl gress òganizasyon, Manyèl la aksepte anpil kote nan sektè imanitè global la. Li vin tounen youn nan seri estanda pou entèvansyon imanitè ki rekonèt toupatou epi ki entènasyonal ak li sèvi kòm yon zouti kowòdinasyon ak komunikasyon entè-òganizasyon.

Premye ane li te pliblkiye te nan lane 2000, ak Manyèl la te revize nan lane 2003 epi ankò nan lane 2009–2010. Nan chak revizyon ki te fèt, te gen konsiltasyon nan tout sektè yo, kote te gen plize diferan ajans, òganizasyon ak moun, ikonpri ajans gouvènman ak Nasyonzini (UN).

Moun ki sitou sèvi ak Manyèl Sphere la se moun k ap fè planifye, k ap jere oubyen aplike yon entèvansyon imanitè. Ki vle di anplwaye ak volontè nan òganizasyon imanitè lokal, nasyonal ak entènasyonal. Nan sitiyasyon kote pou chèche fon oubyen fè pwopozisyon pou pwojè, gen anpil referans ak estanda minimòm yo.

Lòt aktè, tankou otorite lokal ak gouvènmantal, militè ak sektè prive, ankouraje tou pou yo sèvi ak Manyèl Sphere la. Li ka itil pou ede yo nan pwòp aksyon pa yo, men li ka ede yo konprann tou estanda ajans imanitè itilize ki ka an kontak ak yo.

## Manyèl la: Yon refleksyon sou valè Sphere la

Estrikti Manyèl la reprezante objektif Sphere la pou byen arrasine entèvansyon imanitè nan yon metòd ki base sou dwa ak patisipasyon.





## Dokiman Jiridik Imanitè, Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz

Dokiman Jiridik Imanitè, Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz atikile metòd Sphere yo ki baze sou dwa epi ki konsantre sou moun nan entèvansyon imanitè. Yo konsantre sou enpòtans pou enkli moun ki viktim yo ak otorite lokal ak nasyonal yo nan tout etap entèvansyon an. Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo gwoupe ansanm nan kòmansman Manyèl la pou evite repepe yo nan chak chapit teknik. Moun k ap itilize Sphere yo, ikonpri espesyalis nan yon domèn teknik espesyal, dwe konsidere yo kòm yon pati entegral nan chapit sa yo.

Premye pati nan Manyèl la se **Dokiman Jiridik Imanitè** (li vini ansanm ak yon lis ki dekri dokiman enpòtan sou règleman ak lwa ke w ap jwenn nan seksyon Anèks 1 nan paj 356). Li founi kontèks etik ak legal pou Prensip Pwoteksyon yo, ansanm ak Estanda Debaz ak estanda minimòm, kidonk li prepare teren pou entèpretasyon akaplikasyon ki kòrèk. Se yon deklarasyon sou dwa avèk obligasyon legal etabli ak kwayans ak angajmankomen ajans imanitè yo, tout sa nan yon seri prensip, dwa ak **responsabilite komen**. Li tabli sou prensip imanitè ak enperatif imanitè a, epi se dwa pou viv nan diyite; dwa pou resevwa èd imanitè; dwa pou pwoteksyon ak sekirite. Dokiman jiridik la montre tou kijan **responsabilite ajans lan pou kominotè viktim yo se yon bagay ki trè enpòtan**. Estanda Debaz ak estanda minimòm yo se yon ekspresyon sou sa prensip ak obligasyon sa yo vle di lè yo aplike.

Dokiman Jiridik Imanitè a eksplike pouki ni èd ni pwoteksyon se poto endis-pansab nan yon aksyon imanitè. Pou devlope aspè pwoteksyon sa a piplis, gen nan Manyèl la yon seri **Prensip Pwoteksyon** ki tradui plizyè dwa ak prensip legal ki prezante nan Dokiman jiridik la sou fòm estrateji ak aksyon ki pou gide pratik imanitè a dapre yon pèspektiv pwoteksyon. Pwoteksyon se yon pati fondamantal nan aksyon imanitè ak Prensip Pwoteksyon an montre responsabilite tout ajans imanitè yo pou garanti ke aktivite yo enterese nan menas ki pi grav yo ki pandye sou moun ki afekte yo anjeneral swa lè gen konfli oswa lè gen katastwòf.

Tout ajans imanitè gen pou yo garanti ke aksyon yo pa lakòz plis domaj pou moun ki viktim yo (Prensip Pwoteksyon 1), ke aktvitè yo ap fè yon benefis sitou pou moun ki piplis viktim ak frajil yo (Prensip Pwoteksyon 2), ke yo kontinye pwoteje moun ki viktim vyolans ak lòt abi dwa moun (Prensip Pwoteksyon 3) ak yo ka ede moun refè apre yo viktim abi (Prensip Pwoteksyon 4). Wòl ak responsabilite ajans imanitè nan pwoteksyon, anjeneral, vin apre responsabilite legal otorite leta ak lòt otorite enpòtan yo. Souvan pwoteksyon vle di fè otorite sa yo sonje ki responsabilite yo genyen.





**Estanda Debaz** se yomenm ki premye seri estanda minimòm yo ak se yo ki gide lòt yo. Yo dekri kijan pwosede ak aksyon, nan yon entèvansyon imanitè, fondamental pou entèvansyon an efikas. Yon fokis sou patisipasyon ki posib epi aktif pou moun ki viktим katastwòf oubyen konfli a, yon analiz konplè ak konpreyansyon sa ki nesesè ak kijan tout bagay ye, kowòdinasyon efikas ant ajans yo, yon angajman pou toujou kontinye bay meyè pèfòmans, epi anplwaye ki gen bon ekspètiz nesesè ak ki ofri èd enpòtan pou n ka rive nan estanda teknik yo.

Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo gwoupe ansanm nan kòmansman Manyèl la pou evite repete yo nan chak chapit teknik. Yo se baz tout aktivite imanitè ak se pou yo itilize ansanm ak **chapit teknik yo**. Yo endispansab pou reyisi gen estanda teknik nan yon espri kalite ak responsabilite devan moun ki viktим yo.

### Estanda Debaz ak estanda minimòm yo nan kat (4) chapit teknik

Estanda Debaz ak estanda minimòm yo kouvri metòd pou pwogramasyon ak kat (4) seri aktivite pou sove lavi: apwovizyonman dlo, pwomosyon sanitasyon ak ijyèn; sekirite alimantè ak nitrisyon; lojman, kominotè ak atik ki pa alimantè; ak aksyon sante.

#### Kijan pou sèvi ak estanda yo

Estanda Debaz ak estanda minimòm yo suiv yon fòma byen presi. Yo kòmanse avèk yon deklarasyon jeneral ak inivèsèl – estanda minimòm lan – epi kontinye ak yon seri aksyon kle, endikatè kle ak nòt oryantasyon.

Anpremye, se **estanda minimòm** lan ki prezante. Chak estanda soti nan yon prensip ki di moun ki viktим yon katastwòf gen dwa pou yo gen diyite nan lavi yo. Yo konsantre sou kalite ak yo di ki nivo minimòm ki pou rive jwenn nan repons imanitè. Anplè yo inivèsèl ak yo ka aplike nan nenpòt sitiyasyon kote gen yon katastwòf. Kidonk, yo ekri sou fòm jeneral.

Apresa, se aksyon pratik **kle ki sijere** pou rive jwenn yon estanda minimòm. Ka gen kèk aksyon ki pa valab nan sèten sitiyasyon, ak se pou pwofesyonèl la chwazi aksyon altènatif pou rive satisfè estanda a.

Epi, yon seri endikatè **kle reprezante** 'siyal' ki montre si wi oubyen non yon estanda satisfè. Yo ofri yon metòd pou pran mezi epi kominiye pwosede ak rezulta aksyon kle yo. Endikatè kle yo konsène estanda minimòm lan, men pa aksyon kle a.





Pou fini, **nòt oryantasyon** yo ofri enfòmasyon presi dapre kalite sitiyasyon an, ki se enfòmasyon enpòtan pou egzaminen lè pou satisfè aksyon kle ak endikatè kle yo. Yo ofri gid sou kisa pou fè nan difikilte pratik, repè osnon konsèy sou tèm priyorité ak tèm sou diferan seksyon. Yo kapab genyen tou pwoblèm enpòtan ki asosye ak estanda, aksyon oswa endikatè yo, epitou yo dekri dilèm, polemik oswa sa ki manke nan konesans kouran. Men yo **pa** ofri gid sou kijan pou **aplike** okenn aktivite presi.

Ti **entwodiksyon nan chak chapit** prezante tout pi gwo enfòmasyon enpòtan yo. Chapit estanda minimòm teknik yo gen anplis dokiman siplément tankou, pa egzanp lis evalyasyon, fòmil, tablo ak egzanp dokiman sou rapò ki fèt. Chak chapit fini ak referans epi konsèy pou lòt lekti. Gen sou sit entènèt Sphere la yon glosè detaye pou tout Manyèl la ([www.sphereproject.org](http://www.sphereproject.org)).

**Tout chapit yo konekte youn ak lòt.** Sa rive anpil pou estanda ki dekri nan yon sektè gen pou l eksplike avèk estanda ki ekri nan lòt seksyon. Pou rezon sa a, Manyèl la gen anpil referans ki kwaze.

## Suiv estanda minimòm Sphere la

Manyèl Sphere la se yon kòd volontè ak yon zouti reglementè endividiyèl pou kalite ak responsabilite, ak Pwojè Sphere la pa opere okenn mekanis konfòimte. Pa gen okenn « anrejistreman » nan Sphere, manm nan Sphere ni okenn pwosede akreditasyon. Pwojè Sphere la, ekspre, chwazi pou Manyèl la pa yon preskripsyon oubyen mande soumisyon, pou l ka ankouraje piplis moun sèvi ak Manyèl la.

Manyèl la pa ofri gid pratik sou kijan pou ofri kèk sèvis (aksyon kle yo sijere aktivite pou fè pou satisfè yon estanda san presize kijan pou fè sa). Men, li eksplike **kisa pou mete anplas** pou garanti moun ki viktим yo gen diyite nan lavi yo. Kidonk se responsabilite chak ajans k ap travay yo pou yo chwazi yon sistèm ki pou garanti konfòomite ak estanda minimòm Sphere la. Gen kèk ajans ki sèlman itilize mekanis entèn kwak gen lòt ki chwazi pou kolèg yo evalye yo. Gen kèk rezo nan ajans yo ki sèvi ak Sphere pou evalye entèvansyon kolektif yo nan sèten ijans byen presi.

**Konfòomite ak Sphere pa vle di se pou satisfè tout estanda ak endikatè yo.** Degre kote ajans yo ka satisfè estanda yo ap depann de anpil diferan faktè, ak enpe nan yo pa sou kontwòl yo. Pafwa gen difikilte pou jwenn moun ki viktим yo, mank kowòperasyon otorite gouvènmantal yo ak gwo pwoblèm sekirite fè li enposib pou satisfè estanda yo.





Si, anvan katastwòf la, kondisyon mòdvi jeneral popilasyon ki viktим lan te pi ba pase estanda minimòm yo, ajans yo gendwa pa gen ase resous pou yo satisfè estanda yo. Nan sitiyasyon sa yo, ofri ekipman debaz pou tout moun ki viktим yo ka pi enpòtan pase pou rive nan yon estanda minimòm pou enpe nan yo.

Li posib pafwa pou estanda minimòm yo piplis pase kondisyon lavi de toulèjou pou popilasyon ozalantou yo. Obeyi estanda pou moun ki viktим katastwòf lan toujou enpòtan. Men sitiyasyon sa yo ka montre tou gen yon bezwen pou aksyon nan sipò moun ki ozalantou yo epi pou gen yon komunikasyon ant chèf kominotè yo. Sa ki apwopriye epi posib ap depann de sitiyasyon an.

#### Nan sitiyasyon kote estanda yo pa ka satisfè, ajans imanitè yo dwe:

- dekri nan rapò yo (evalyasyon, elatriye) diferans lan ant endikatè Sphere valab yo ak endikatè ki satisfè yo
- eksplike rezon pou sa ak kisa ki dwe pou chanje
- evalye enplikasyon negatif pou moun ki viktим yo
- pran mezi ki konsantre pou diminye danje enplikasyon sa yo lakòz.

Depi ajans yo fè etap sa yo, yo montre ke yon konfòm ak filozofi Sphere la ak estanda minimòm li yo menmsi yo pa kapab satisfè yo jan ke li make nan Manyèl la.



## Plas Sphere genyen nan yon aksyon imanitè

Manyèl Sphere la deziyen pou li sèvi nan repos imanitè nan yon seri sitiyasyon tankou katastwòf natirèl, konfli, sitiyasyon ki gen konsekans rapid oubyen ki pa rapid, anviwònman riral ak iben, ak ijans politik konplike nan tout peyi yo. Vokabilè « katastwòf » la kouvri sitiyasyon sa yo, epi kote sa apwopriye, se vokabilè « konfli » a ki itilize. « Moun » vle di endividé, fanmi, kominotè ak pi gwo gwoup moun. Kidonk, nan Manyèl la nou itilize plizyè fwa « moun ki viktим katastwòf »

### Kilè pou sèvi ak gid sa a

Estanda minimòm Sphere lan fokis sou peryòd entèvansyon imanitè a epi estanda minimòm Shpere yo kouvri aktivite ki satisfè bezwen ijan moun ki viktим katastwòf lan pou yo ka viv. Faz la ka ant detwa jou ou detwa semèn jis nan plizyè mwa osnon plizyè ane, sitou nan sitiyasyon kote gen anpil mank sekirite ak anpil deplasman. Kidonk, li enpòsib pou bay yon peryòd tan presi pou itilizasyon estanda Sphere la.





Sepandan, Manyèl la gen yon plas espesifik nan gwo domèn **aksyon imanitè** a ki ale pi lwen pase founi sekou imedya epi li kouvri yon digdal aktivite ki kòmanse ak preparasyon pou katastwòf, apresa li enkli entèvansyon imanitè, ak pou fini li ale nan redrèsman rapid. Manyèl la, se yon zouti referans ki itil nan ni preparasyon pou katastwòf ni nan faz redrèsman rapid yo ki « ankadre » entèvansyon imanitè sou plan konsèp, men ki an reyalite sipoze konsidere anmenmtan.

**Preparasyon pou katastwòf** mande pou tout aktè yo – gouvènman, ajans imanitè, òrganizasyon sosyete sivil lokal, komunitè ak endividé – gen kapasite, rapò ak konesans pou pare pou katastwòf epi byen reponn lè gen katastwòf osnon konfli. Anvan epi apre yon entèvansyon, se pou yo kòmanse pran mezi k ap amelyore preparasyon yo epi redui danje nan lavni. Se pou yo pare pou yo satisfè omwen estanda minimòm Sphere la pou yon katastwòf nan lavni.

**Redrèsman bonè** se pwosede ki vin apre yon sekou epi ki kontinye ak yon redrèsman pwolonje ak li efikas piplis si li antisipe epi fasilité depi premye etap yon entèvansyon imanitè. Manyèl la rekonèt enpòtans yon redrèsman bonè, ak li pale de sa plizyè fwa ak lè li nesesè.

### Devlopman nan sektè imanitè a ak konsekans yo pou Sphere

Yon kantite devlopman nan sektè imanitè a ak lòt domèn enpòtan vin parèt nan dènye ane yo, kote gen chanjman nan natí katastwòf ak konfli yo, epi nan travay imanitè yo tou. Devlopman ki konsidere nan pwosede revizyon Manyèl la se:

- plis fokis sou konsèp ak operasyon entèvansyon lokal ak nasyonal san pa blyie yo sipoze **konsilte moun ki viktim** yo ak se pou yo ranfòse kapasite entèvansyon enstitisyon ak ajans nasyonal ak eta ki viktim kriz la.
- plis responsabilite **pran inisyativ** pou aksyon imanitè, sitou responsabilite devan moun ki viktim yo, men tou kowòdinasyon piplis ak aksyon pase ak reyakson, ikonpri nan pwosede refòm imanitè a (apwòcch sektorryèl), avèk èd ak sipò Komite pèmanan entè-òganizasyon an
- plis fokis sou pwoblèm **pwoteksyonak** repons
- plis enfòmasyon sou migrasyon fòse anpil moun poutèt chanjman nan **klima akòz katastwòf** epi pran konsans ke degradasyon anviwònan an ogmante frajilite
- rekonèt ke moun **lavil pòv yo ap ogmante** vit ak yo gen frajilite presi, sitou asosye ak ekonomi lajan, antant sosyal ak espas fizik
- nouvo aksè nan èd, tankou transfè **kach ak koupon** epi acha lokal ki ranplase ekspedisyon èd imanitè an natí
- plis rekonesans nan **rediksyon danje katastwòf**, alafwa tankou yon sektè ak yon metòd





- plis patisipasyon **militè** nan entèvansyon imanitè, yon seri aktè ki pa gen pou rezon prensipal objektif imanitè, ki mande devlopman direktif presi ak kowòdinasyon estrateji pou dyalòg sivil-militè imanitè
- plis patisipasyon **sektè prive** nan entèvansyon imanitè ki mande direktif ak estrateji ki sanble avèk dyalòg sivil-militè a.

Pwojè Sphere la enkli devlopman sa yo nan Manyèl la lè sa nesesè – **espe-syalman nan pwoblèm presi** k ap parèt nan transfè lajan, redrèsman bonè ak rapò sivil-militè.

### Konprann sitiayason an nan yon entèvansyon imanitè

Entèvansyon imanitè efikas dwe baze sou yon dyagnostik konplè ak sou sitiayason an (estimasyon, kontwòl ak evalyasyon), pou ka **analyse bezwen, frajilite ak kapasite moun yo nan chak sitiayason**.

Manyèl la deziyen sitou kòm yon zouti pou rekonèt differan sitiayason ak pou adapte pwogram entèvansyon yo kòmsadwa: li gide moun k ap pratike yo nan refleksyon yo pou reyisi yon estanda ki aplikab sou plan inivèsèl nan yon sitiayason oubyen kontèks byen defini, avèk fokis espesyal sou frajilite ak kapasite espesifik.

Se pa tout moun ki viktим yon katastwòf ki gen kontwòl egal nan resous ak pouvwa. Kidonk moun afekte diferaman dapre orijin ethnik, reliyon akapatenans politik yo. Deplasman ka fè kèk moun frajil, alòske nan sitiayason nòmal yo t ap san danje. Fi, timoun, granmoun aje, moun ki malad ak moun ki soufri VIH ka pa resevwa èd vital osnon opònité pou yo eksprime tèt yo poutèt baryè fizik, kiltirèl ak/osnon sosyal. Eksperyans montre ke lè yo trete moun sa yo tankou moun ki sou yon lis long « gwoup frajil » sa ka lakòz entèvansyon pasyèl epi ki pa efikas, ki inyore frajilite ki monte youn sou lòt ak chanjman nan frajilite yo apre yon sèten tan, menm pandan yon kriz byen presi.

Efò sekou ak redrèsman dwe pou yo pa blyie tou danje ak frajilite ki ka gen nan lavni pou yo ka rekonsti komnotinè ki gen mwens danje epi ki pwomouvwa anpil kapasite pou rekiperé rapid apre pwoblèm. Plizyè kote nan lemnón, chanjman klima kòmanse déjà epi li gen yon konsekans sou modèl danje yo, sou konesans tradisyonèl sou danje, frajilite ak kapasite, ansamn avèk evalyasyon danje klimatik nan lavni.

Pou ka gen jistis nan chak sitiayason kote gen katastwòf ak sitou frajilite ak kapasite moun ki viktим yo, Manyèl la abòde yon kantite tèm ki nan **plizyè sektè**. Tèm ki gen rapò ak **timoun, sèks, granmoun aje, VIH ak SIDA, moun andikape ak sipò sikosoyal** konsène frajilite moun ak gwoup moun. **Diminye danje nan katastwòf** (ikonpri chanjman nan klima) ak **anviwònman** abòde pwoblèm sou





frajilite ki gen konsekans sou tout moun ki afekte yo. Chak tèm dekri avèk plis detay nan fen entwodiksyon sa a.

### Lyen elektwonik avèk lòt estanda imanitè yo

Pou Manyèl Sphere la rete yon sèl liv ki pa twò gwo, li konsantre sou kat sektè primè yo nan respons imanitè a. Anpil nan sektè konsène yo ki nan yon entèvansyon imanitè efikas vin devlopè estanda pwòp pa yo. Gen enpe nan yo ki nan yon seri **estanda akonpayman Sphere la**, yo pibliye nan volim separe men yo tabli avèk menm rigè epi avèk menm pwosede konsiltasyon ak Sphere la – Estanda Minimòm pou Edikasyon Rezo Entè–òganizasyon pou Edikasyon nan Ijans (INEE): Preparasyon, Respons, Rekiperasyon, Edikasyon ak Pwomosyon Ti Antrpriz (SEEP) Estanda Minimòm Rezo pou Relans Ekonomikaprè Kriz ak Direktiv ak Estanda Ijans Elvaj (LEGS).

Edikasyon nan ijans ka ni prezève lavi ni sove lavi. Lè yo founi li nan espas an sekirite, li ofri yon bon sans sikostans nòmal, sipò sikososyal ak pwoteksyon kont eksplwatasyon ak danje. Li ka sèvi pou kominike mesaj sou sekirite, ekspètiz sou lavi ak enfòmasyon sou ijyèn ak sante ki vital. Estanda Minimòm INEE pou Edikasyon: Preparasyon, Respons, Rekiperasyon te pibliye pou premye fwa nan lane 2004 epi mizajou an 2010, ak tounen estanda akonpayman Sphere an 2008. Yo prezante yon kad pou garanti lyen enpòtan ant edikasyon ak sante, dlo, sanitasyon ak ijyèn, nitrisyon, lojman ak pwoteksyon ak pou ogmante sekirite, kalite ak responsabilite edikasyon pou preparasyon ak entèvansyon.

Devlopman ti antrepriz ak elvaj kouvri nan Estanda Minimòm Rezo SEEP a pou Redrèzman Ekonomikaprè kriz ak Direktiv ak Estanda Ijans Elvaj, youn apre lòt. Nou kwè ke de (2) seri estanda minimòm sa a ap akonpayman estanda Sphere nan lane 2011.

Lè yo itilize ansanm ak Manyèl la, estanda akonpayman yo ap amelyore kalite èd ki ofri pou moun ki viktим nan katastwòf ak konfli. Direktiv konsène yo nan estanda INEE, SEEP ak LEGS entegre ak nan referans plizyè kote nan Manyèl la.

Ajans, kowalisyon ak rezò te tabli lòt estanda ak kòd pou satisfè bezwen operasyon an patikilye, tankou manda presi ajans yo, ekspètiz teknik osnon yon pwoblèm yo remake nan orantasyon. Kote li nesesè, gen referans lòt estanda sa yo nan chapit teknik Manyèl sa a.

Pwojè Sphere la nan yon gwoup inisyativ sou **kalite ak responsabilite** nan sektè a, ki gen yon rapò pwofesyonèl entim ak pwojè ranfòsman Kapasite nan Ijans (ECB), ki devlope Gid Bon Sifizaman an (Good Enough Guide), ak Panetarya sou responsabilite imanitè (HAP), ki okipe pwoblèm konfòmite grasa Estanda





sou kontwòl responsabilite ak kalite imanité a. Lòt inisyativ Q&A kote Sphere la an kontak regilyèman se People In Aid, Groupe URD (Urgence, Réhabilitation, Développement) Coordination Sud ak Active Learning Network for Accountability and Performance in Humanitarian Action (ALNAP).

## Apre Manyèl la

Zouti nimewo en ak zouti ki pi itilize nan Pwojè Sphere la se Manyèl sa a. Li disponib tou sou fòma elektwonik sou sit entènèt Sphere la ([www.sphereproject.com](http://www.sphereproject.com)), kote w ap jwenn dènye nouvèl ak mizajou sou vèsyon ki disponib yo ansanm ak lòt resous.

Gen manyèl sa a nan plizyè lang epi li vini avèk plizyè materyèl pou fòmasyon ak pwomosyon. Souvan yo adapte nan sitiayson lokal yo dapre eksperyans praktisyen yo. Li montre kijan kominotè pratik Sphere la vif, pafwa pa twò fòmèl, san koneksyon twò sere epi rezo praktisyen ki toujou ap grandi ak ki kenbe Sphere la vivan. Pwojè Sphere la baze sou bezwen pou ede gen meyè entèvansyon imanité pou ka satisfè dwa ak bezwen moun ki viktim katastwòf ak konkli ak pou gen responsabilite rann moun yo kont. Pwojè Sphere la fè gwo pwogrè depi egzistans li, men pa gen okenn Manyèl ki ka fè sa poukонт li – sèl oumenm, kapab.





## Enfòmasyon jeneral sou tèm milti sektè

Tèm milti sektè nan Manyèl sa a konsantre sou domèn enkyetid espesyal ki gen nan entèvansyon pou katastwòf ak abòde pwoblèm frajilite moun, gwoup oswa jeneral. Nan seksyon sa a, chak tèm dekri avèk enpe detay.

**Anviwònman:** Anviwònman an rekonèt tankou eleman ak pwosedé fizik, chimik ak byolojik ki gen efè sou lavi popilasyon lokal la ak popilasyon viktim katastwòf. Li ofri resous natirèl ki ede moun epi kontribye pou kalite lavi. Pwoteksyon ak jesyon nesesè pou kalite sa yo kapab kenbe. Estanda minimòm yo abòde nesesite pou prevni twòp-eksplwatasyon, polisyon ak degradasyon kondisyon nan anviwònman an epi yo gen objektif garanti fonksyon anviwònman an ki bay lavi, diminye risk ak frajilite epi chèche entwodui mekanis ki ede nan adaptasyon sistèm natirèl pou oto-rekiperasyon.

**Diminye danje nan katastwòf:** Li eksplike tankou konsèp ak pratik pou diminye danje nan katastwòf nan efò ki sistematik pou ka analize epi kontwole faktè ki lakòz katastwòf, ikonpri nan mwens kontak ak danje, diminye frajilite moun ak pwopriyete, bon kontwòl latè ak anviwònman an, epi amelyore preparasyon pou move evènman. Move evènman sa yo ka katastwòf natirèl tankou tanpèt, inondasyon, sechrès ak nivo lanmè ki monte. Kòm yo sanble ap plede chanje ak vin pi grav, yo mete fenomèn sa yo deplizanpli sou do **chanjman klima** mondal la.

**Granmoun aje:** Gason ak fanm ki aje se sa ki gen plis pase 60 an, daprè Nasyonzini men « aje » ka gen differan definisyon nan differan sitiyyason. Granmoun aje anjeneral nan moun ki pi pòv yo nan peyi k ap devlope epi gen yon gwo pwopòsyon k ap vin pi gwo nan moun ki viktim ak pi frajil nan katastwòf ak konfli (pa egzanp: sou latè se gwoup moun ki gen plis pase 80 an k ap ogmante pi vit), men souvan se gwoup sa a ki pi neglige nan kontwòl konfli ak katastwòf. Izòlman ak feblès fizik se faktè enpòtan ki entansifye frajilite granmoun aje nan katastwòf ak konkli, ansam ak deranjman estrateji lavi ak estrikti sipò kominotè ak fanmi, pwoblèm mobilite ak sante kwonik, ak sante mantal k ap vin pi mal. Se pou fè efò espesyal pou idantifye epi jwenn granmoun aje ki lakay yo toutan, ak menaj kote se granmoun aje ki responsab kay. Epi granmoun aje gen kontribisyon kle pou ede moun siviv ak reyadapte. Yo gen wòl enpòtan pou okipe timoun, kontwole resous epi pwodui revni, yo gen konesans ak eksperyans sou estrateji pou yon kominotè adapte ak pou ede prezèv idantite kiltirèl ak sosyal.





**Moun ki andikape:** Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS) kwè gen ant 7 a 10 poustan nan popilasyon sou latè a – ikonpri timoun ak granmoun aje – k ap viv ak andikap. Katastwòf ak konfli ka ogmante ensidans defisyans, ki vle di andikap annapre. Konvansyon Nasyonzini sou Dwa Moun Andikape (CRPD) defini enfimite kòm yon konsèp k ap evolye ki rive poutèt entè–aksyon ant moun ki gen andikap (ki swa fizik, sansoryèl, entelektyèl oubyen sikososal) ak baryè konpòtman oubyen baryè anviwònman ki anpeche patisipasyon konplè ak efikas moun sa yo nan lasosyete menm jan ak lòt moun. Kidonk se prezans baryè sa yo ki anpeche moun ki gen enfimite patisipe konplètman ak nan fason itil nan gran pwogram èd imanitè yo oubyen pa benefisyé nan yo. Nouvo CRPD a gen rekòmandasyon presi sou sekirite ak pwoteksyon moun ki gen andikap ak ki nan sitiyasyon kote gen konfli oubyen ijans (CRPD, Atik 11).

Moun ki gen andikap gen move risk nan sitiyasyon kote gen katastwòf ak sa rive anpil pou yo pa nan pwosede sekou ak pwosede reyadaptasyon. Lè yo eksklì konsa li pi difisil pou byen itilize epi patisipe nan sèvis sipò estanda pou katastwòf. Sitou, moun andikape gen divès popilasyon ki enkli timoun ak granmoun aje, ak bezwen yo ka pa menm ak tout lòt moun. Entèvansyon imanitè, kidonk, dwe pran an konsiderasyon kapasite, konpetans, resous ak konesans presi moun andikape ki gen diferan tip ak degré defisyans. Li enpòtan tou pou sonje ke moun ki andikape gen menm bezwen fondamantal ak tout lòt moun ki nan kominotè yo. Anplis desa kèk nan yo ka gen bezwen presi tou, tankou ranplasman èd osnon aparèy, ak jwen aksè nan sèvis reyadaptasyon. Epi ankò, nenpòt mezi ki sible moun andikape pa dwe separe yo ak fanmi yo ak rezo kominotè a. Pou fini, dwa moun andikape pa pran an konsiderasyon nan entèvansyon imanitè, yon gwo opòtinite pèdi pou rekonstwi kominotè pou tout moun. Kidonk li enpòtan pou enkli moun andikape nan tout aspè sekou ak rekiperasyon. Sa mande repons entegre ak sible.

**Sèks:** Sèks vle di ke moun santi yon sitiyasyon diferaman poutèt sèks yo pa menm. **Sèks** vle di karakteristik byolojik fanm ak gason. Se yon bagay ki natirèl, ki detéminte depi nan nesans ak, kidonk, pa ka chanje anjeneral, epi li inivèsèl.

Dwa pou egalite fanm ak gason trè klè nan dokiman dwa moun yo, ki se fondman Dokiman Jiridik Imanitè a. Fanm ak gason, tifi ak ti gason, gen menm dwa pou jwenn asistans imanitè; respè pou diyite yo; rekonèt egalite kapasite yo, ak kapasite pou yo chwazi tou; menm opòtinite pou aji selon chwa sa yo; ak menm pouvwa pou detéminte rezulta aksyon yo. Entèvansyon imanitè yo pi efikas lè yo baze sou konpreyansyon bezwen, frajilate, enterè, kapasite ak estrateji adaptasyon ki diferan pou fanm ak gason, tifi ak tigason



tout laj, ansanm ak efè katastwòf genyen sou yo ki diferan. Ou kapab jwenn konpreyansyon diferans sa yo, ansanm ak inegalite ant wòl ak djòb fam ak gason, aksè ak kontwòl resous yo, pouvwa pou pran desizyon ak opòtinite pou devlopman talan, lè w fè analiz apwofondi de (2) sèks yo. Sèks pase nan lòt tèm plizyè sektè. Objektif imanitè pou gen bon pwopòsyon ak san patipri vle di yo dwe fè atansyon pou gen jistis ant gason ak fam, epi asire yo jwenn menm rezulta. Istorikman atansyon yo akòde ba relasyon ant sèks yo te motive pa nesesite pou abòde bezwen ak sikostans fam ak tifi yo paske fam ak tifi anjeneral jwenn mwens avantaj pase gason ak tigason. Sepandan, deplizanpli, kominotè imanitè a rekonèt bezwen pou konprann kijan li ye pou gason ak tigason nan sitiyasyon kote gen kriz.

**Sipò sikososal:** Kèk nan pi gwo sous frajilite ak soufrans nan katastwòf rive nan efè konplike katastwòf sou plan emosyonèl, sosyal, fizik ak espirityèl. Anpil nan reyakson sa yo nòmal epi yo ka metrise pezape. Li enpòtan pou òganize sipò sikososal ak swen mantal apwopriye ki pwomouvwa èd pèsonèl, adaptasyon ak kapasite pou moun ki viktим refè rapid apre pwoblèm. Aksyon imanitè ranfòse si nan premye moman apwopriye a, moun ki viktим yo patisipe nan ede epi aplike respons pou katastwòf. Nan chak sektè imanitè, jan ke yon èd aplike gen yon enpak sikososal ki swa ka ede oswa domaje moun ki viktим yo. Èd sipoze ofri avèk konpassyon ki pwomouvwa diyite, ede efikasite pèsonèl nan patisipasyon enpòtan, respè enpòtans reliyon ak pratik kiltirèl epi ranfòse kapasite moun nan yon kominotè pou ede byennèt grasa analiz tout sistèm kwayans.

**Timoun:** Se pou pran mezi espesyal pou garanti timoun yo pwoteje kont danje epi ke yo resevwa bon aksè nan sèvis fondamantal. Etandone timoun fòme pi gwo pati popilasyon ki afekte a, li trè enpòtan pou mete lide ak eksperians yo nan evalyasyon planifikasyon ijans la ak yo fêt pou rantre nan fason yo bay sèvis imanitè yo ansanm ak kontwòl ak evalyasyon yo. Timoun ak jènmoun gen anpil chans pou yo viktим frajilite nan kèk sitiyasyon, tankou malnitrison, eksplwatasyon, anlèvman ak rekritman nan gwoup ki gen zam ak gwoup k ap goumen, yolans seksyèl ak mank opòtinite pou patisipe nan pran desizyon. Konvansyon sou dwa timoun di yon timoun se yon moun ki poko gen 18 an. Definisyon an ka chanje dapre sitiyasyon kiltirèl ak sosyal. Yo dwe antreprann yon analiz pwofon sou fason yon popilasyon ki viktим defini timoun pou garanti pa gen okenn timoun ak jènmoun ki pa enkli nan èd imanitè a.

**VIH ak SIDA:** Rekonèt inivèsalite VIH nan yon sitiyasyon imanitè presi enpòtan anpil pou konprann frajilite ak danje epi pou fè plan pou yon entèvansyon ki efikas. Apre moun ki gen plis danje (sètadi gason ki fè sèks ak gason, moun





ki pran piki dwòg ak moun ki vann sèks), ki plizyè fwa gen pou yo resevwa mezi presi pou pwoteje yomenm kont neglijans, diskriminasyon ak vyolans, kèk sitiyasyon ka gen lòt gwoup ki frajil tankou refijye, migran, jèn ak fanm selibatè ki gen timoun. Deplasman anpil moun ka lakòz pliz frajilite ak risk pou moun gen VIH poutèt separasyon fanmi ak dekonpozisyon kominotè ak nòm sosyal ak seksyèl ki reglemante konpòtman. Fanm ak timoun ka viktim eksplwatasyon gwoup moun ki gen zam ak sitou ka frajil pou VIH poutèt vyòl ak eksplwatasyon seksyèl. Nan ijans imanitè, moun gendwa pa gen aksè ankò nan entèvansyon VIH tankou pwogram preventif yo, epi gendwa gen deranjman terapi anti retrwoviral (ART), tretman ak prevansyon tibèkiloz ak tretman enfeksyon opotinis.

Moun k ap viv ak VIH/SIDA (PLWH/A) trè souvan sibi diskriminasyon, kidonk konfidansyalite fèt pou kenbe seryezman epi pwoteksyon fèt pou disponib lè li nesesè. Aktivite sektè yo nan Manyèl sa a sipoze ofri entèvansyon VIH ki apwopriye dapre prevalans ak kontèks, yo pa dwe ogmante frajilite ak risk pou VIH.

### Referans

- Konvansyon Nasyonzini sou Dwa Timoun: [www2.ohchr.org/english/law/crc.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/crc.htm)  
Konvansyon Nasyonzini sou Dwa moun Andikape: [www.un.org/disabilities/](http://www.un.org/disabilities/)  
Organizasyon Mondyal Lasante sou Andikap: [www.who.int/disabilities/en/](http://www.who.int/disabilities/en/)





Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè





# Dokiman Jiridik Imanitè a





Dokiman Jiridik Imanitè a prezante konteks etik ak legal pou Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz ak estanda minimòm ki annapre nan Manyèl la. Li se anpati yon deklarasyon dwa avèk obligasyon legal ki etabli yo; anpati yon deklarasyon kwayans komen yo.

Opwendevi dwa legal avèk obligasyon, li rezime prensip legal fondamantal ki genyen plis enflyans sou byennèt moun ki afekte nan katastwòf oswa konfli. Nan sa ki konsène kwayans komen li eseye jwenn yon konsansis pami òganizasyon imanitè yo sou prensip ki ta dwe gouvène repons pou katastwòf oswa konfli, ikonpri wòl ak responsabilite divès aktè ki enplike yo.

Li konstitye baz angajman òganizasyon imanitè ki apwouve Sphere yo ak yon invitasyon pou tout lòt ki angaje nan aksyon imanitè pou adopte menm prensip yo.

## Dokiman Jiridik Imanitè a

### Kwayans nou

1. Dokiman Jiridik Imanitè a eksprime konviksyon komen nou antan òganizasyon imanitè ke tout moun ki afekte nan katastwòf oswa konfli genyen dwa pou resevwa pwoteksyon ak asistans pou asire kondisyon debaz pou viv nan diyite. Nou kwè prensip sa yo ki dekri nan Dokiman Jiridik Imanitè sa, yo inivèsèl, epi yo aplike pou tout moun ki afekte nan katastwòf oswa konfli kelkeswa kote yo ta ye, ak pou tout moun k ap chèche ede yo oswa ba yo sekirite. Prensip sa yo parèt nan lwa entènasyonal, men andefinitif yo pran fòs nan prenisp moral fondamantal **imanitè**: ke tout kretyen vivan fèt lib ak egalego nan diyite avèk nan dwa. Soubaz prensip sa, nou afime **enpòtans devwa imanitè a**: ke aksyon dwe pran pou prevni oswa soulaje soufrans moun genyen akòz katastwòf oswa konfli, ak ke pa dwe gen anyen ki pi enpòtan pase prensip sa.

Kòm òganizasyon imanitè lokal, nasyonal ak entènasyonal, nou angaje pou ankouraje epi respekte prensip sa yo ki nan dokiman jiridik sa ak pou respekte estanda minimòm yo nan efò n ap fè pou ede ak pwoteje moun ki afekte yo. Nou envite tout sa ki angaje nan aktivite imanitè, ikonpri aktè sektè gouvènmental ak prive, pou adopte prensip komen, dwa ak devwa ki site anba yo tankou yon deklarasyon kwayans imanitè komen.

### Wòl nou

2. Nou rekonèt ke se premyèman atravè pwòp efò yo epi atravè sipò kominotè avèk enstitisyon lokal yo ke bezwen debaz moun ki afekte nan katastwòf oswa





konfli satisfè. Nou rekonèt wòl avèk responsabilite toudabò peyi ki afekte a pou founi asistans rapid a moun ki afekte yo, pou asire pwoteksyon avèk sekirite moun yo epi pou founi sipò pou redrèsman. Nou kwè ke yon konbinezon aksyon ofisyèl ak volontè endispansab pou prevansyon avèk repons efikas, ak nan kad sa Sosyete Nasyonal yo Lakwa Wouj avèk Mouvman Kwasan Wouj ak lòt akstè sosyete sivil yo gen yon wòl enpòtan pou jwe nan soutni otorite piblik yo. Kote kapasite nasyonal pa sifi, nou deklare sipò pou wòl pi laj kominotè entènasyonal la, ikonpri donatè leta avèk òganizasyon rejjonal yo, nan ede peyi yo pou akonpli responsabilite yo. Nou rekonèt epi sipòte wòl espesyal òganizasyon ki gen manda Nasyonzini yo avèk Komite Entènasyonal Lakwa Wouj jwe.



3. Antan òganizasyon imanitè, nou entèprete wòl nou parapò bezwen ak kapasite popilasyon ki afekte yo ak responsabilite gouvènman yo oswa pouvwa ki gen fonksyon kontwòl yo. Wòl nou nan founi asistans imanitè montre reyalite ke moun ki gen premye responsablité yo pa toujou kapab oswa pa vle pran wòl sa a yomenm. Otank posib, annakò ak devwa imanitè ak lòt prensip ki site nan Dokiman Jiridik sa, n ap sipòte efò otorite konsène yo pou pwoteje epi asiste moun ki afekte yo. N ap fè apèl a tout aktè leta ak sa ki pa nan leta yo pou respekte wòl san patipri, endepandan, san patizan ankenn pati politik ke òganizasyon imanitè genyen, ak pou fasilité travay yo nan retire baryè avèk pratik legal ki pa nesesè yo, nan asire sekirite yo epi pèmèt yo genyen aksè rapid ak rezonab ak popilasyon ki afekte yo.



### Prensip Komen yo, dwa avèk devwa yo

4. Nou ofri sèvis nou yo antan òganizasyon imanitè sou baz prensip imanitè avèk devwa imanitè, ak rekonèt dwa tout moun ki afekte nan katastwòf oswa konfli-fanm avèk gason, ti gason ak tifi. Sa yo enkli dwa pou pwoteksyon avèk asistans selon dispozisyon lwa entènasyonal imanitè, dwa moun, avèk dwa refijye. Pou Dokiman Jiridik sa, nou rezime dwa sa yo konsa:

- ▶ **dwa pou lavi nan diyite**
- ▶ **dwa pou resevwa asistans imanitè**
- ▶ **dwa pou pwoteksyon ak sekirite.**

Menmsi dwa sa yo Lejèmile konsa nan dwa entènasyonal, yo anglobe yon ansanm dwa legal etabli epi yo bay devwa imanitè a tout siyifikasyon li nèt.





**5. Dwa pou viv avèk diyite** tradui nan dispozisyon lwa entènasyonal, ak espesifikman nan mezi dwa pou moun konsènan dwa pou lavi, dwa pou yon nivo vi konvnab ak dwa pou libète kont tòti oswa tretman oubyen pinisyon kriyèl, inimen oubyen tretman degradan. Dwa pou lavi a enplike devwa pou prezève lavi lè li menase. Sa rekonèt, menmsi li pa di li aklè, dwa pou pa refize ni jennen asistans pou sove lavi. Diyite antrene plis byennèt fizik; li egzije respè total moun nan, ikonpri valè avèk kwayans moun ak kominotè ki afekte yo, ak respè pou dwa moun, ikonpri libète, libète konsans ak pou pratike reliyon.

**6. Dwa pou resevwa asistans imanitè** se yon eleman nesesè nan dwa pou lavi nan diyite. Sa anglobe dwa pou gen yon nivo vi konvnab, ki gen ladan manje, dlo, rad, abri kòmsadwa, ak kondisyon ki nesesè pou bon sante, ki garanti aklè nan lwa entènasyonal. Estanda Debaz ak estanda minimòm yo konsidere dwa sa yo ak ba yo ekspresyon pratik, espesyalman pou sa ki konsène bay asistans a moun ki afekte nan katastwòf oswa konfli. Lè aktè leta oswa aktè ki pa nan leta yo pa founi asistans sa yomenm, nou kwè yo dwe pèmèt lòt moun ede fè sa. Tout asistans sa yo dwe bay dapre prensip san **paspouki**, ki egzije yo founi li sèlman soubaz bezwen an parapò a bezwen an. Sa reflete yon prensip pi laj **pou pa fè diskriminasyon**: okenn moun pa dwe sibi diskriminasyon pou okenn motif, ki gen ladan laj, sèks, ras, koulè, etnisite, oryantasyon seksyèl, langaj, reliyon, andikap, eta sante, politik oswa lòt opinyon, peyi kote moun soti oswa orijin sosyal.

**7. Dwa pou pwoteksyon ak sekirite** anrasine nan dispozisyon lwa entènasyonal yo, nan rezolisyon Nasyonzini yo ak lòt òganizasyon ant-gouvènman yo, ak nan responsabilite souvren peyi yo pou pwoteje tout moun ki nan jiridiksyon yo. Sekirite moun ki nan sitiyyason katastwòf oswa konfli, li konsène domèn imanitè espesyalman, ikonpri pwoteksyon refijye ak moun ki deplase anndan peyi yo. Jan lalwa rekonèt li kèk moun kapab frajil espesyalman pou sibi abi ak diskriminasyon ki pa nan favè yo poutèt laj, sèks oswa ras, epi li kapab mande mezi pwoteksyon ak asistans espesyal. Si yon peyi pa gen kapasite pou li pwoteje moun ki nan sikorans sa yo, nou kwè li dwe chèche asistans entènasyonal pou fè sa.

Lwa ki anrapò avèk pwoteksyon sivil ak moun ki deplase yo mande yon atansyon espesyal la a:

- (i) Pandan **konfli ame**, jan li defini nan lwa imanitè entènasyonal, dispozisyon legal espesifik pran pou pwoteksyon ak asistans yo dwe bay moun ki pa angaje nan konfli a. Espesyalman, Konvansyon 1949 Genèva avèk lòt pwotokòl 1977 yo enpoze obligasyon pati yo genyen nan ni konfli ame ki entènasyonal ni sa ki pa entènasyonal. N ap ensiste sou pwoteksyon jeneral popilasyon sivil la kont atak ak reprezay, ak espesyalman sou enpòtans prensip fè distensyon ant sivil ak konbatan epitou ant byen sivil ak objektif militè, sou prensip **pwopòsionalité**





nan itilize fòs ak **prekosyon** nan atak; sou devwa pou evite itilize zam ki avèg oswa ki, depa nati yo, koze blezi ki pa nesesè oswa soufrans initil; ak sou devwa pou pèmèt yo bay sekou san patipri. Pifò nan soufrans ki te kapab evite ke yo fè sivil sibi nan konfli ame soti nan prensip debaz sa yo ki pa respekte.

(ii) **Dwa pou chèche azil oswa refij rete endispansab pou pwoteksyon**  
moun yo ki fè fas ak pèsekisyon oswa yolans. Moun ki afekte nan katas-twòf oswa konfli souvan oblige kite kay yo pou chèche sekirite ak mwayen pou viv. Dispozisyon Konvansyon 1951 an ki gen rapò avèk kondisyon Refijiye (jan li amande a) ak lòt trete entènasyonal ak rejyonal bay garanti fondamantal pou moun ki pa kapab asire pwoteksyon yo nan peyi kote yo fèt oswa kote yo rezide ki oblige chèche sekirite nan yon lòt peyi. Pami yo gen prensip **non-refoulman**: prensip ke yo pa dwe fè ankenn moun tounen nan yon peyi kote libète avèk sekirite fizik yo ap menase oswa kote yo gen anpil chans sibi tòti oswa lòt tretman oubyen pinisyon kriyèl, inimen oubyen tretman degradan. Menm prensip la pwolonje pou aplike pou moun ki deplase anndan peyi yo, jan li reflete nan lwa entènasyonal sou dwa moun epi devlope nan prensip direktè 1998 yo sou deplasman anndan peyi ak anrapò ak lwa nasyonal ak rejyonal.



### Angajman nou

8. Nou ofri sèvis nou ak konviksyon ke popilasyon afekte a twouve lnan sant aksyon imanitè, ak rekonèt patisipasyon aktif pa yo endispansab pou founi assitans nan fason k ap reponn pi byen pou bezwen yo, ikonpri moun frajil ak moun sosyete a rejte. N ap fè efò pou soutni efò lokal k ap fèt pou prevni, pou prepare ak entèvni pou katastwòf, ak pou konsekans konfli, ak pou ranfòse kapasite aktè lokal yo nan tout nivo.

9. Nou konsyan ke tantativ pou founi asistans imanitè kapab pafwa genyen efè negatif. Nan kolaborasyon avèk kominotè ki afekte yo ak otorite yo, nou chèche redui nèt tout efè negatif aksyon imanitè sou kominotè lokal oswa sou anviwònman an. Pou sa ki konsène konfli ame, nou rekonèt fason asistans imanitè founi kapab potansyèlman rann sivil yo pi frajil pou atak, oswa kapab pafwa petèt bay envo-lontèman avantaj a youn oswa plizyè pati ki nan konfli. Nou angaje nou pou nou diminye nèt aspè negatif depi sa swiv prensip ki dekri anwo yo.





10. N ap aji selon prensip aksyon imanitè ki fikse nan Dokiman Jiridik sa a, ak lòt oryantasyon espesifik ki nan Kòd Konduit pou Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ak Òganizasyon ki pa nan Gouvènman yo (ONG yo) nan Sekou pou Katastwòf (1994).

11. Estanda Debaz ak estanda minimòm Sphere yo bay yon kontni pratik ba prensip komen nan Dokiman Jiridik sa, ki baze sou konprenansyon òganizasyon yo sou egzijans debaz minimòm pou lavi nan diyite ak eksperyans yo nan bay asistans imanitè. Menmsi reyalizasyon estanda yo depann de yon seri faktè, kote anpil ladan kapab pa sou kontwòl nou, nou angaje nou pou lite sistematikmnan pou respekte yo ak nou pare pou nou responsab nan sa. Nou envite tout pati yo, ikonpri gouvnman ki afekte ak gouvnman donatè yo, òganizasyon entènasyonal yo, aktè prive ak aktè ki pa nan leta yo, pou adopte Estanda Debaz ak estanda minimòm Sphere yo tankou nòm yo aksepte.

12. Lè nou respekte Estanda Debaz ak estanda minimòm yo, nou angaje pou fè tout efò pou asire moun yo ki afekte nan katastwòf oswa konfli yo genyen aksè omwen nan kondisyon minimòm pou lavi nan diyite ak sekirite, ikonpri dlo, sanitasyon, manje, nitrisyon, abri avèk swen sante kòmsadwa. Poutèt sa, n ap kontinye ankouraje pou peyi yo avèk lòt pati yo respekte obligasyon moral ak legal yo genyen anvè popilasyon afekte yo. Bò kote nou, n ap angaje pou rann aksyon nou yo pi efikas, pi apwopriye epi pi responsab nan evalyasyon detaye ak nan suiv kijan kontèks lokal la ap evolye, nan transparans enfòmasyon ak nan fason desizyon yo pran; epi nan kowòdinasyon pi efikas ak kolaborasyon avèk lòt aktè konsène yo nan tout nivo, jan li detaye nan Estanda Debaz ak nan estanda minimòm yo. Espesyalman nou angaje travay nan patenarya avèk popilasyon ki afekte yo, pandan n ap souliye enpòtans patisipasyon aktiv yo nan repons lan. Nou rekonèt responsabilite fondamantal nou fèt pou devan moun n ap chèche ede yo.





# Prensip Pwoteksyon





# Fason pou itilize chapit sa a

Aksyon Imanitè genyen de poto prensipal: pwoteksyon avèk asistans. Anpil nan manyèl sa, nan chapit teknik yo espesyalman tonbe sou ribrik asistans, pandan chapit sa konsantre sou pwoteksyon. Bati sou Dokiman Jiridik Imanitè, li adrese kesyon sou kijan ajans imanitè yo kapab kontribye nan pwoteksyon moun yo k ap fè fas a menas vvolans oswa kontrent. Jeneralman, li konsène avèk wòl ajans yo nan asire respè pou dwa avèk realizasyon dwa sa yo tou ki atikile nan Règleman, ikonpri aksè pou asistans.

Chapit sa a separe an de (2) seksyon:

- Yon **entwodiksyon**, ki defini responsabilite jeneral tout moun ki enplike nan repons imanitè pou ede pwoteje popilasyon ki afekte a ak pou asire respè pou dwa yo.
- Kat **Prensip Pwoteksyon** yo, ki apiye tout aksyon imanitè epi anglobe eleman debaz pwoteksyon yo nan kontèks repons imanitè. Yo akonpanye pa nòt oryantasyon, ki elabore pi plis wòl ajans imanitè yo nan pwoteksyon. Yon seksyon referans enkli lòt estanda avèk materyèl ki genyen rapò ak zòn pwoteksyon pi espesyalize.






# Sa ki nan Gid la

Entwodiksyon .....	29
Prensip Pwoteksyon .....	33
Referans ak lekti siplemantè .....	44







# Entwodiksyon

## Pwoteksyon avèk repons imanitè

Pwoteksyon gen sousi pou sekirite, diyite avèk dwa moun yo ki afekte nan katas-twòf oswa konfli ame. Dokiman Jiridik Imanitè a rezime kèk nan dwa fondamantal yo ki enplike nan repons imanitè. Chapit sa enterese nan fason dwa sa yo dwe gide praktik imanitè nan yon pèspektiv pwoteksyon epi, spesifikman, fason ke ajans yo dwe evite pou ekspoze popilasyon afekte a nan plis danje avèk fason yo kapab ede moun yo reyalize pi gwo sekirite.



Sousi prensipal pwoteksyon imanitè nan kontèks sa se libète kont vvolans ak divès kalite presyon ak pou anpeche yo fè espre prive moun yo de mwayen pou siviv nan diyite.



Sousi sa yo mennen **kat Prensip Pwoteksyon debaz** ki gide tout aksyon imanitè:



1. Evite ekspoze moun a plis domaj akòz aksyon w
2. Asire ke moun yo jwenn aksè a asistans san patipri- nan pwoposyon bezwen an epi san diskriminasyon
3. Pwoteje moun kont domaj fizik ak sikolojik ki koze pa vvolans avèk kontrent
4. Ede moun yo nan reklame dwa yo, aksè a rekou ki disponib epi reprann yo apre efè abi.

Nan kontèks repons imanitè, kat prensip sa yo reflete menas ki pi grav ke moun fè fas souvan nan tan konfli oswa katastwòf. Nòt oryantasyon yo abòde responsabilite avèk opsyon pou ajans yo, menm jan tou avèk bezwen pwoteksyon patikilye.

Kat Prensip Pwoteksyon yo swiv rezime dwa ki fikse nan Dokiman Jiridik Imanitè a: dwa pou viv avèk diyite, dwa pou asistans imanitè avèk dwa pou pwoteksyon ak sekirite.





## Konprann Prensip yo

Sa se yon ti gid kout pou entèprete Prensip Pwoteksyon yo:

**Prensip 1** (evite koze domaj) abòde pwoblèm pwoteksyon ki kapab koze oswa agrave pa repons imanitè a. Jan li endike nan Dokiman Jiridik la, moun ki enplike nan repons imanitè dwe fè tout sa yo kapab pou evite ekspoze moun ki afekte nan katastwòf oswa konfli ame nan plis domaj, pa egzant bati kay pou moun ki deplase yo nan zòn ki pa gen sekirite.

**Prensip 2** (asire aksè nan asistans san patipri) defini responsablite pou asire ke asistans imanitè disponib pou tout moun ki nan bezwen, patikilyèman moun ki pi frajil yo oswa ke yo mete apa pou rezon politik oswa lòt. Refize aksè nan asistans ki nesesè se yon gwo pwoblèm pwoteksyon. Sa kapab enkli (men se pa sa sèlman) refize aksè sekirite pou ajans imanitè bay asistans.

**Prensip 3** (pwoteje moun kont vyalans) konsène pwoteksyon kont vyalans avèk pwoteksyon pou Lejèse ni pouse moun pou aji kont volonte yo, pa egzant fòse pran zam, fòse moun kite yon zòn oswa anpeche yo deplase, oswa sibi tretman oswa pinisyon degradan. Li konsène prevansyon oswa rediksyon domaj fizik ak sikolojik, tankou simen laperèz ak fè espres kreye terè oswa panik.

**Prensip 4** (Asiste moun yo nan reklame dwa yo, aksè a rekou ki disponib epi reprann yo apre efè abi) pale sou wòl ajans imanitè yo nan ede moun ki afekte yo nan fè reklamasyon dwa yo gen nòmalman epi gen rekou aksè tankou reparasyon, konpansasyon legal oswa restitisyon byen. Li konsène tou nan ede moun simonte efè vyal epi, pi jeneralman, ede moun yo retabli de efè abi – fizik ak sikolojik, sosyal ak ekonomik.

Ansanm avèk nòt oryantasyon yo, kat Prensip Pwoteksyon yo dekri kisa ajans imanitè yo kapab fè epi ta dwe fè pou ede pwoteje popilasyon ki touche nan katastwòf. Men li enpòtan pou note ke wòl avèk responsablite ajans yo nan konteks sa jeneralman segondè. Jan Dokiman Jiridik la endike I, wòl sa yo dwe dwe anrelasyon avèk premye devwa eta oswa lòt otorite konpetan yo, pa egzant pati nan yon konfli ki kontwole oswa okipe teritwa. Otorite sa yo gen responsablite legal fòmèl pou byennèt moun ki nan teritwa yo oswa ki sou kontwòl yo, pi jeneralman, pou sekirite sivil nan konfli ame.

Finalman, se otorite sa yo ki genyen mwayen pou asire sekirite popilasyon ki afekte a atravè aksyon oswa limit. Wòl kle ajans yo se petèt ankouraje epi konvenk yo fè sa, epi ede moun yo fè fas ak konsekans yo lè otorite yo echwe nan responsablite yo.





## Mete Prensip Pwoteksyon yo an pratik

Pou satisfè estanda yo ki nan Gid sa a, **tout** ajans imanité yo dwe suiv Prensip Pwoteksyon yo, menmsi yo pa gen manda pwoteksyon an patikilye oswa kapasite espesyalis nan pwoteksyon.

Prensip yo pa tout bagay "nèt": nou rekonèt sikontans yo kapab limite jiska ki kote ajans yo kapab satisfè yo. Espesyalman, aspè nan Prensip 3 kapab pa chita nan kapasite yon ajans. Sepandan, Prensip yo reflete enkyetid imanité inivèsèl ki dwe gide aksyon pandan tout tantoutan.

Yon kantite nan ajans imanité yo genyen manda pwoteksyon oswa wòl spesifik konsènan gwoup frajil yo. Anpil nan ajans sa yo reyalize aktivite pwoteksyon tankou pwogram otonòm oswa pwojè, oswa ankadre nan entèvansyon 'gwoup pwoteksyon' oswa 'sektè pwoteksyon' avèk resous pou sa ak anplwaye espesyalize. Nan 2011, gwoup Proteksyon Global la gen ladann estrikti kowòdinasyon avèk pwen prensipal nan domèn enkyetid espesyal:

- ▶ pwoteksyon timoun
- ▶ vyolans ki baze sou sèks
- ▶ lojman, tè avèk pwopriyete
- ▶ aksyon kont min (bonm)
- ▶ fè dwa avèk jistis pase anpremye.



Lis sa montre kèk nan zòn spesifik pwoteksyon yo. Se pa yon lis konplè epi yo ta dwe rekonèt ke genyen anpil lòt enkyetid spesifik pou pwoteksyon.

Pou yon kantite nan tèm sa yo avèk lòt sijè sou pwoteksyon, tankou pwoteksyon civil avèk moun ki deplase andedan pwòp peyi yo oswa pwoteksyon nan katat-twòf natirèl yo, yo te devlope nòm espesifik avèk gid nan kad lòt inisyativ pase Sphere. Yo site nan seksyon referans avèk lòt lekti yo nan fen chapit sa. Chapit sa deziyen pou konplete nòm sa yo.





## Diferan mòd nan aktivite pwoteksyon

Kat Prensip Pwoteksyon yo aplike menmjan pou aktivite pwoteksyon spesyalize ak pou aksyon imanitè anjeneral, menmsi aktivite yo kapab diferan. Aktivite yo ki genyen rapò a pwoteksyon nan tout ajans imanitè yo kapab klase lajeman dapsa twa mòd aktivite sa yo, ki entè-depandan ak ki kapab efektye ansanm:

- ▶ **Prevantif: Anpeche gen menas fizik yo oswa abi dwa oswa redui** eksposisyon oswa frajilite pou menas ak abi sa yo. Prevansyon menas pwoteksyon yo enkli tou efò pou favorize yon anviwònman ki ki mennen respè pou dwa fanm, gason, tifi avèk ti gason tout laj annakò avèk lwa entènasyonal.
- ▶ **Reponn: Sispann vyolasyon** k ap fèt grasa repons pou ensidan vyolans avèk lòt vyolasyon dwa yo.
- ▶ **Reparatè: Founi solisyon** pou abi k ap fèt kounye a oswa ansyen abi, grasa reparasyon ak reyabilitasyon, nan ofri swen sante, sipò sikolojik, asistans legal oswa lòt sèvis ak sipò, nan ede popilasyon ki afekte a pou li gen aksè nan rekou ki disponib ak reklame dwa li.

Defann, keseswa publik oswa prive, se yon eleman komen ant twa mòd aktivite yo. Menas pou popilasyon ki afekte a sòti nan desizyon espre, aksyon oswa politik, epi anpil nan repons ki gen rapò ak pwoteksyon yo ap eseye chanje konpòtman ak politik sa yo. Defans grasa ajans imanitè yo ak lòt, tankou òganizasyon dwa moun yo, se poto mitan tantativ pou enfiyanse chanjman sa yo. Kapab genyen tansyon pou ajans imanitè yo ant 'pran lapawòl' konsènan abi yo ak nesesite pou kenbe yon prezans operasyonèl, epi tansyon sa yo kapab dikte si yo kapab pran defans sou yon pwoblèm done ak kòman yo dwe fè sa.

Lè w ap chèche fè defans, siksè a anjeneral depann sou aksè prèv fyab, sou analiz moun ki konsène yo epi atravè analiz kontèks la. Kidonk li gen lyezon ak estanda evalyasyon an nan Estanda Debaz yo (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61). Jan nòt oryantasyon yo montre li klèman anba a, nenpòt itilizasyon prèv tankou temwayaj temwen ki pèmèt idantifye sous enfòmasyon kapab trè delika paske li ka mete moun an danje, epi yo dwe trete li avèk pi gran swen (al gade Prensip Pwoteksyon 1, nòt oryantasyon 8 nan paj 35).





# Prensip Pwoteksyon

**Prensip Pwoteksyon 1: Evite ekspoze moun a plis domaj akòz aksyon w**

Moun ki enplike nan repos imanitè pran mezi pou evite oswa minimize nenpòt move efè pou entèvansyon yo, espesyalman risk pou ekspoze moun a plis danje oswa abi dwa.



## Prensip sa yo enkli eleman sa yo:

- ▶ Fòm asistans imanitè a ak anviwònman kote yo founi asistans lan pa ekspoze moun piplis ak danje fizik, vyalans oswa lòt vyalasyon dwa.
- ▶ Efò pou asistans avèk pwoteksyon yo pa diminye kapasite pou popilasyon ki afekte a asire pwòp pwoteksyon I poukont li.
- ▶ Ajans imanitè yo jere enfòmasyon delika nan yon fason ki pa mete sekirite enfòmatè yo an danje ni moun ki kapab idantifye grasa enfòmasyon sa yo.

## Nòt oryantasyon

**Evalye kontèks epi antisipe konsekans** aksyon imanitè yo pou sekirite avèk byennèt popilasyon ki afekte nan katastwòl la

1. **Evite vin konplis abi dwa.** Kapab genyen jijman avèk chwa difisil, pa egzanp lè w gen pou w pran desizyon si pou founi asistans ba moun yo ki retni nan kan kont volonte yo. Jijman sa yo dwe fèt sou yon baz ka–pa–ka, men yo dwe toujou revize yo apre yon sèten tan paske sikontans yo kapab chanje.
2. **Lis verifikasyon:** Lè y ap analize aktivite yo, reflechi regilyèman sou lis kesyon ki pa konplè sa yo, ki ka vin sèvi kòm yon lis verifikasyon, ni sou plan repons imanitè global, ni sou plan aksyon spesifik yo:
  - Kisa popilasyon afekte a benefisyé nan aktivite nou yo?



- Kisa ki ka petèt konsekans negatif envolontè aktivite pou sekirite moun yo, ak kijan nou kapab evite oswa minimize konsekans sa yo?
  - Eske aktivite yo konsidere posiblité danje pou pwoteksyon ki menase popilasyon ki afekte a? Eske yo kapab nui pwòp efò moun yo pou pwoteje tèt yo?
  - Èske aktivite yo fè diskriminasyon kont nenpòt gwoup oswa èske yo ta ka wè yo konsa? Èske aktivite yo pwoteje dwa moun yo te toujou mete soukote oswa fè diskrimasyon kont yo?
  - Nan pwoteje ak ankorage dwa gwoup sa yo, ki enpak k ap genyen nan relasyon andedan kominotè a avèk pi lwen kominotè a?
  - Èske aktivite yo ta ka agrave divizyon ki egziste nan kominotè a oswa ant kominotè vwazen yo?
  - Èske aktivite yo ta kapab pa aksidan ranfòse oswa ogmante pozisyon gwoup ki ame yo oswa lòt aktè?
  - Èske aktivite yo ta ka vin sibi eksplwatasyon kriminèl?
3. **Konsilte diferan segman nan popilasyon** ki afekte a – oswa òrganizayon yo fè konfyans – pou evalyasyon konsekans pozitif ak negatif posib repons la anjeneral ak aktivite spesifik yo.
  4. **Fason yo founi asistans** lan kapab rann moun yo pi frajil pou atak. Pa egzanp, pwodui enpòtan tankou rasyon manje sèch kapab sijè a piyaj ak pa konsekans sa kapab mete moun nan risk pou danje ak pou pa jwenn li. Kote ki genyen yon risk eleve, konsidere pou founi lòt fòm altènativ asistans (sètadi. Pwovizyon manje ki kuit nan kwizin oswa sant pou bay manje). Yo dwe konsilte Kominote afekte yo sou fòm asistans yo prefere.
  5. **Anviwònman kote yo founi asistans** lan dwe otan ke posib gensekirite pou moun ki konsène yo. Moun ki nan bezwen pa dwe oblige pou travèse oswa ale nan zòn danjere pou yo jwenn asistans. Lè yo òganize kan oswa lòt kominotè, yo dwe bati yo san danje otank posib pou abitan yo epi yo dwe lwen zòn ki ka sibi atak oswa lòt danje.

#### Pwoteksyon otonòm popilasyon afekte yo

6. **Konprann mwayen** moun yo itilize pou eseye pwoteje tèt yo, fanmi avèk kominotè yo. Ankourage inisyativ kominotè a pran pou ede tèt li (al gade Prensip Pwoteksyon 3, nòt oryantasyon 13–14 nan paj 40). Fason ajans imanintè yo entèvni pa dwe konpwomèt kapasite moun yo pou pwoteje tèt yo ak lòt – ikonpri ale nan zòn ki gen plis sekirite ak evite kontak avèk gwoup ame yo.





7. **Bezwen pou siviv:** Ede moun yo jwenn opsyon sekirize pou reponn a bezwen pou siviv yo. Sa kapab enkli pa egzanp, founi byen tankou dlo, bwa oswa lòt sous enèji pou fè manje ki ede moun yo satisfè bezwen toulèjou yo san yo pa bezwen antreprann vwayaj danjere ak difisil. Sa kapab yon pwoblèm pati-kilyèman pou moun ki pi aje yo, fanm, timoun avèk moun ki andikape yo.

#### Jere enfòmasyon delika

8. **Done ki gen rapò ak pwoteksyon** genda delika. Ajans Imanintè yo dwe genyen règleman ak pwosedi klè anplas pou gide pèsònèl yo sou fason pou yo reyaji si yo vin okouran, oswa temwen, abi ak sou konfidansyalite enfòmasyon ki anrapò ak sa. Yo dwe gide pèsònèl lasou fason pou rapòte kòmsadwa ensidan yo temwen, oswa akizasyon yo.
9. **Refere enfòmasyon delika:** Anvizaje refere enfòmasyon konsènan abi ba aktè apwopriye ki gen manda pwoteksyon pou sa. Aktè sa yo kapab prezan nan lòt zòn ki pa zòn kote yo jwenn enfòmasyon an.
10. **Yon règleman sou referans enfòmasyon delika** dwe anplas epi li dwe enkli rapò sou ensidan oswa analiz tandans yo. Li dwe spesifye kòman pou jere enfòmasyon delika ak nan ki sikontans yo kapab refere enfòmasyon. Otan ke posib, ajans yo dwe chèche konsantman moun konsène yo pou itilize enfòmasyon sa. Nenpòt referans enfòmasyon dwe fèt nan yon fason ki pa mete sous enfòmasyon an oswa moun nan(yo) ki konsène a an danje.
11. **Enfòmasyon sou abi ak vyolasyon** dwa spesifik dwe kolekte sèlman si itilizasyon yo vle fè ak li a klè ak si detay yo mande a defini parapò ak itilizasyon yo prevwa a. Enfòmasyon sou pwoteksyon sa dwe kolekte pa ajans ki gen yon manda pwoteksyon oswa gen anplas kapasite, konpetans, system ak pwotokòl ki nesesè yo. Koleksyon enfòmasyon sa tonbe anba kondisyon konsantman gide ak, nan tout ka yo, konsantman moun nan nesesè pou enfòmasyon an kapab pataje avèk lòt.
12. **Reyakson posib gouvènman** oswa lòt otorite konpetan yo pou koleksyon ak itilizasyon enfòmasyon konsènan abi yo dwe evalye. Bezwen pou kontinuasyon operasyon yo dwe peze kont bezwen pou itilite enfòmasyon an. Diferan ajans imanitè yo kapab fè diferan chwa konsènan sa.





## Prensip Pwoteksyon 2: Asire ke moun yo jwenn aksè a asistans san patipri– nan pwoposyon bezwen an epi san diskriminasyon

Moun ka genyen aksè a asistans imanitè selon bezwen yo epi san diskriminasyon. Asistans pa dwe retni pou moun ki nan bezwen, epi aksè pou ajans imanitè yo dwe bay selon bezwen yo pou reponn a nòm Spere yo.

### Prensip sa yo enkli eleman sa yo:

- ▶ Asire aksè a asistans imanitè pou tout pati nan popilasyon ki afekte a.
- ▶ Nenpòt privasyon ki fèt espri pou kenbe popilasyon an pou l'jwenn asistans dwe toujou konteste sou baz lwa aplikab ak prensip jeneral imanitè yo, jan li dekri nan Dokiman Jiridik Imanitè a.
- ▶ Moun ki afekte yo resevwa sipò ki baze sou bezwen epi yo pa dwe diskrimine sou okenn lòt pretèks.

### Nòt oryantasyon

#### Kenbe aksè

1. **Kote popilasyon ki afekte a pa anmezi pou reponn a bezwen debaz yo** epi otorite konpetan yo pa anmezi pou founi asistans nesesè yo, otorite yo pa dwe refize aksè a òganizasyon imanitè san patipri yo pou fè sa. Jan de refi sa kapab an vyolasyon avèk lwa entènasyonal, patikilyèman nan sitiyasyon konfli ame yo.
2. **Siveye aksè:** Siveye atantivman aksè popilasyon afekte a avèk asistans imanitè, espesyalman a moun yo ki pi frajil la.
3. **Aksè a asistans imanitè epi libète pou fonksyone lye etwatman** (al gade Prensip Pwoteksyon 3, nòt oryantasyon 7–9 nan paj 39). Siveyans aksè a dwe konsidere obstak yo, tankou pòs kontwòl yo, baraj oswa bonm ki kache nan tè a. Nan sitiyasyon konfli ame yo, pati yo dwe etabli pòs kontwòl yo, men baryè sa yo pa dwe diskrimine ant kategori moun ki afekte yo oswa initilman bloke aksè a asistans imanitè. Mezi spesyal dwe pran pou asire aksè egal pou moun ki afekte nan rejon elwaye yo oswa inaksesib.





4. **Mezi espesyal pou fasilitè aksè a gwooup frajil** yo dwe pran, pandan y ap konsidere kontèks sosyal ak kondisyon kiltirèl ak konpòtman kominotè yo. Mezi sa yo kapab enkli konstriksyon espas sekirize pou moun yo ki te viktim de abi, tankou vyòl, oswa trafik vamm moun, oswa mete anplas mwayen ki fasilitè aksè pou moun andikape yo. Nenpòt mezi sa yo dwe evite lonje dwèt sou gwooup sa yo (al gade Estanda Debaz 3, nòt oryantasyon 5–6 nan paj 63).

#### Adrese refi a asistans oubyen aksè a bezwen sibzistans yo

5. **Dwa pou resevwa asistans imanitè:** Jan li te elabore nan Dokiman Jiridik Imanitè a, popilasyon afekte a gen dwa pou resevwa asistans imanitè. Dwa sa sòti nan yon kantite nòm legal ak règleman ki fè pati de lwa entènasyonal. Pi presizeman, lwa imanitè entènasyonal genyen yon kantite dispozisyon aplikab sou aksè a asistans ak sou 'pwoteksyon objè ki endispansab pou popilasyon sivil la siviv' (Pwotokòl Adisyonèl 1977 I ak II Konvansyon Jenèv 1949 la). Ajans Imanitè yo dwe konsidere ankouraje respè pou lwa aplikab yo (gade tou Prensip Pwoteksyon 3, nòt oryantasyon 3–4 nan paj 38–39).



#### Asire pa genyen diskriminasyon

6. **Enpasyalite:** Ajans Imanitè yo dwe bay priorité a moun ki afekte ke yo swete bay asistans sou baz bezwen yo sèlman epi founi asistans an pwopòsyon a bezwen an. Sa se prensip san patipri ki afime nan Kòd Konduit pou Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ak Organizasyon Non Gouvènmental Asistans nan Katastwòf (gade Anèks 2 nan paj 368 ak Dokiman Jiridik Imanitè a tou nan paj 19). Ajans Imanitè yo pa dwe konsantre inikman sou yon gwooup patikilye (sétadi. moun ki deplase nan kan yo) si konsantrasyon sa ap koze detriman yon lòt seksyon nan popilasyon afekte a.
7. **Moun afekte yo pa bezwen genyen yon stati espesyal** pou yo kapab resevwa asistans imanitè epi pou yo kapab pwoteje.





### Prensip Pwoteksyon 3: Pwoteje moun kont domaj fizik ak sikolojik ki koze pa vyalans avèk kontrent

Moun yo pwoteje kont vyalans, pou fòse oswa ensite pou aji kont volonte ak laperèz de abi sa yo.

#### Prensip sa yo enkli eleman sa yo:

- ▶ Pran tout mezi rezonab pou asire ke popilasyon afekte a pa sijè de atak vylan, swa an kontak avèk sous danje oswa ede moun yo pou evite danje a.
- ▶ Pran tout mezi rezonab pou asire ke popilasyon afekte a pa sijè a kontrent sètadi fòse oswa ensite pou aji kont volonte yo nan fason ki kapab koze domaj oswa vyole dwa yo (pa egzanp libète deplasman).
- ▶ Sipòte efò popilasyon afekte a pou yo kapab rete ansekirite, jwenn sekirite epi restore diyite, ikonpri mekanis otònòm kominotè a.

#### Nòt oryantasyon

##### Pwoteksyon kont vyalans avèk kontrent

1. **Responsabilite prensipal pou pwoteje moun** kont menas ki fèt a lavi yo repoze sou gouvènman avèk lòt otorite konpetan yo (al gade Dokiman Jiridik Imanitè nan paj 19). Nan tan ki gen konfli ame, pati yo ki angaje nan konfli dwe pwoteje popilason sivil la avèk moun ki depoze zam yo. Nan analize kontèks nan tèm risk ak menas pou popilasyon an, ajans imanitè yo dwe etabli kiyès ki genyen responsablité legal ak/oswa kapasite aktyèl pou founi pwoteksyon.
2. **Èd pou minimize lòt menas yo:** Sa enkli founi asistans nan yon fason pou mete moun yo nan plis sekirite, fasilité pwòp efò moun pou yo kapab rete ansekirite oswa pran mezi (nan defans oswa otreman) pou redui eksposizyon moun yo ki a risk.
3. **Siveye epi rapòte:** Ajans Imanitè yo dwe konsidere responsablité yo pou siveye epi rapòte vyalasyon grav dwa yo. Yo dwe egalman konsidere defann dwa popilasyon afekte yo avèk otorite konpetan avèk aktè yo nan rapele yo de obligasyon yo. Yo kapab itilize diferan metòd aksyon tankou diplomasi, enflyans, avèk defans publik, rapele fason pou jere enfòmasyon delika (gade Prensip Pwoteksyon 1 nan paj 33).





4. **Pandan konfli ame** ajans imanitè yo dwe konsidere siveye spesifikman enstitisyon yo ki pwoteje anba lwa imanitè entènasyonal, tankou lekòl avèk lopital yo, epi rapòte nenpòt atak ki fèt sou yo. Ajans yo dwe egalman fè efò pou redui risk avèk menas nan enlèvman oswa rekritman fòse ki kapab fèt nan lokal sa yo.
5. **Kote eksploziv poze yon menas pou popilasyon afekte a**, ajans imanitè yo dwe kowòdone avèk gouvènman konpetan, otorite avèk ajans espesyalize yo pou retire bonm ak minisyon ki pa eksplwoze. Menas sa kapab patikilyèman preznan nan sitiyasyon kote popilasyon an retounen nan zòn lakay yo aprè yon konfli ame.
6. **Politik, ajan pou aplikasyon lwa yo avèk aktè militè** jwe wòl enpòtan nan pwoteje moun kont abi avèk vyolasyon. Alafan, se nan domèn politik la ke solisyon an kapab jwenn pou devwale pwoblèm yo ki souvan nan sant preyokipasyon pwoteksyon an. Sekirite avèk ajans pou aplikasyon lwa yo, pa egzanp polis avèk fòs militè yo, ikonpri fòs pou lapè, kapab epi dwe jwe yon wòl enpòtan nan asire sekirite fizik moun yo ki a risk. Ajans yo kapab alète aktè konpetan yo a vyolasyon k ap kontinye yo. Entèvansyon sa yo avèk kontenjan militè yo avèk ofisyé ki anchaj yo oswa otorite ki genyen kontwòl operasyon fòs sa yo, kapab yon etap esansyèl nan stope vyolasyon Lejès militè yo.



#### Libète deplasman

7. **Moun pa dwe fòse pou yo rete andedan**, oswa ale yon kote ke yo pa chwazi (tankou yon kan) ni okenn lòt restriksyon ki pa rezonab plase sou mouvman yo. Restriksyon sou libète deplasman avèk chwa rezidans dwe sèlman fèt si genyen yon rezon serye sou sekirite oswa sante epi sa dwe pwopòsyonèl avèk objektif la. Pandan toutan moun yo ki afekte pa konfli oswa katastwòf genyen dwa pou yo chèche azil.
8. **Evakyasyon:** Ajans Imanitè yo dwe sèlman enplike nan evakyasyon kòm yon mezi eksepsyonèl nan sikontans ekstrèm, kote ki pa genyen lòt mwayen pou founi asistans ijans oswa pwoteksyon devan menas grav a lavi, sekirite epi sante.
9. **Ankourajman pou rete nan yon plas danjere** pa dwe bay a popilasyon ki afekte a ni ankouraje retounen oswa reyinstè lè yo pa genyen aksè konplè a tout enfòmasyon sou kondisyon zòn sa yo.



#### Vilnerabilite patikilyè a vyolans epi kontrent

10. **Moun ki vilnerabfajil:** Yo dwe konsidere moun, faktè sosyal avèk kontèks pou pou kapab idantife moun ki pi siseptib a sèten risk avèk menas yo. Mezi spesyal kapab bezwen pou moun yo ki fè fas avèk risk patikilye, ikonpri Fanm,





timoun, moun yo ki te fòse deplase, moun aje, moun ki genyen andikap avèk reliye oswa gwoup minorité etnik yo.

11. **Anviwònman ki sekirize pou timoun yo:** Ajans yo dwe founi timoun yo aksè nan yon anviwònman ki sekirize. Fanmi avèk kominotè yo dwe resevwa sipò nan efò pou yo kapab kenbe timoun yo pwoteje ak ansekrite.
12. **Timoun yo, spesyalman lè yo separe de fanmi yo oswa** pa akonpaye pa yon adil, kapab pi fasiman abize oswa eksplwate pandan katastwòf oswa konfli. Ajans yo dwe pran tout mezi rezonab pou prevni timoun yo anwòle nan fòs ame ak, si yo asosye avèk fòs ame yo, travay sou liberasyon imeda ak reyintegrasyon.
13. **Fanm avèk tifi kapab pi a risk** pou vyolans ki baze sou sèks. Nan kontribi-syon pwoteksyon gwoup sa yo, ajans imanitè yo dwe konsidere patikilyèman mezi ki kapab redui risk posib, ikonpri trafik vann moun, pwostitisyon fòse, vyol oswa vyolans domestik. Yo dwe tou enplemantè nòm avèk enstriman ki kapab prevni ak eliminate pratik eksplwatasyon sekyèl avèk abi. Pratik inak-septab sa kapab enplike moun yo ki afekte avèk vilnerabilite spesifik, tankou fanm andikape oswa izole ki fòse nan endistri sèks an echanj pou asistans imanitè.

#### Kominote ki baze sou sipò sosyal avèk èd–otonòm

14. **Mekanism Fanmi avèk kominotè pou pwoteksyon avèk sipò sikososyal** dwe ankouraje pou fanmi yo rete ansanm, anseye moun yo kòman pou yo prevni timoun yo pou yo pa separe de fanmi yo, ankouraje swen apwo-priye pou timoun yo ki separe epi òganize rechèch familial ak pwoesis rey-nifikasiyon pou timoun ki separe avèk lòt manm fanmi an. Nenpòt lè li posib, kenbe fanmi yo ansanm epi pèmèt moun ki sòti nan yon lòt vilaj patikilye oswa yon rezo sipò pou yo kapab viv nan menm zòn.
15. **Sipòte aktivite otonòm kominotè a:** Aktivite sa yo enkli, pa egzanp gwoup fanm k ap adrese pwoblèm vyolans ki baze sous sèks, gwoup jèn k ap kolabore sou sipò mwayen pou viv, gwoup paran ki sipòte entè–aksyon pozitif avèk timoun yo avèk pran swen pou paran jèn timoun yo avèk timoun ki genyen bezwen espesyal, gwoup jèn k ap bay enfòmasyon pou pwoteje kont menas tankou bonm yo mete nan tè ak gwoup kominotè k ap sipòte fanm ak gason ki te pèdi konjwen yo, moun aje yo avèk moun ki andikape.





## Prensip Pwoteksyon 4: Asiste moun nan reklamasyon dwa yo, aksè a rekou disponib epi retabli de efè abi

Popilasyon afekte a gen èd nan reklamasyon dwa yo atravè enfòmasyon, dokimantasyon ak asistans nan chèche solisyon disponib yo. Moun yo gen sipò apwopriye nan retablisman fizik, sikolojik ak efè sosyal vyolans ak lòt abi yo.

### Prensip sa yo enkli eleman sa yo:

- ▶ Sipòte moun afekte yo pou revandike dwa yo epi pou genyen aksè a mwayen gouvènman oswa lòt sous epi founi yo enfòmasyon sou dwa yo avèk rekou disponib yo.
- ▶ Asiste moun afekte yo nan sekirize dokimantasyon yo bezwen pou demonstre dwa yo.
- ▶ Asiste moun afekte yo pou yo retabli nan founi sipò sikososyal ki baze sou kominotè.



### Nòt oryantasyon

#### Sipòte moun afekte yo nan revandike dwa yo

1. **Gouvènman avèk lòt otorite konpetan yo responsab pou** asire dwa popilasyon afekte a respekte epi reyalize. Keseswa atravè sistèm legal oswa lòt filyè yo, ajans imanitè dwe konsidere sipòte popilasyon afekte a pou reklame dwa yo.
2. **Dwa:** Ajans yo dwe gide moun afekte yo de dwa yo alafwa atravè yon pwogram èd epi anba lwa avèk règleman peyi ki ankesyon an. (Re) etablisman dwa moun yo a lojman, tè epi pwopriyete dwe gen yon atansyon espesyal.
3. **Enfòmasyon avèk konsiltasyon:** Popilasyon afekte a dwe gide pa otorite avèk ajans imanitè yo nan yon langaj epi avèk fason yo kapab konprann. Yo dwe angaje nan yon pwosesis konsiltasyon enpòtan konsènan desizyon k ap afekte vi yo, san kreye risk adisyonèl (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55). Sa se yon fason pou asiste yo nan revandike dwa yo.





## Dokiman:

4. **Sekirize oswa ranplase dokiman pèdi yo:** Ajans Imanitè yo dwe asiste popilasyon afekte nan sekirize dokimantasyon– oswa ranplase dokiman yo ki pèdi– nan fason pou yo genyen akse a dwa yo. Moun jeneralman gen dwa menmlè yo pa genyen dokimantasyon patikilye. Men nan fason pou gen aksè a tout dwa yo, kèk fòm dokimantasyon oswa idantifikasyon, tankou batistè, sètifikasi maryaj, paspò oswa papye tè, jeneralman egzije. Aksè a dokimantasyon pwopriyete pafwa enpòtan aprè yon katastwòf men nan yon kantite peyi, tit pwopriyetè pa nesesèman dokimante klè atravè papye legal epi sa kapab vini yon pwen majè nan konfli. Sètifikasi desè yo bezwen pou yo òganize pou evite depans finansye initil avèk pwoblèm legal pou fanmi yo. Sètifikasi desè yo jeneralman pa disponib lè pa t genyen yon seremoni antèman, yon pratik ki dwe evite.
5. **Dokimantasyon legal** yo Rekonèt pa gouvènman an oswa otorite konpetan yo pa dwe gen konfizyon avèk dokiman ke ajans imanitè yo bay, tankou dokiman anrejistremant, kat rasyon oswa sètifikasi bon transpò. Dokimantasyon ofisyèl ki delivre pa otorite yo pa dwe detèmine ki yés ki elijib pou asistans nan men òganizasyon imanitè yo.

## Aksè a mwayen yo

6. **Moun yo genyen dwa pou chèche asistans legal avèk lòt reparasyon** nan men gouvènman avèk otorite konpetan yo pou vyolasyon dwa yo. Sa kapab enkli konpansasyon pou pèt oswa restitisyon pwopriyete. Yo genyen dwa tou pou espere ke moun ki lotè vyolasyon sa yo ap konparèt devan lajistik. Sa kapab jwe yon wòl enpòtan nan restore konfyans pamì popilasyon afekte a. Ajans Imanitè yo kapab anmezi pou asiste moun yo nan jwenn jistis oswa refere pwoblèm yo bay ajans yo ki anmezi pou founi sipò sa.
7. **Sipò sante avèk reyabilitasyon:** Moun yo dwe gen sipò nan aksè swen sante apwopriye avèk lòt sipò reyabilitasyon aprè atak yo, vyolans ki baze sou sèks avèk pwoblèm similè (gade sèvis sante Esansyèl – kontwòl estanda maladi atrapan nan paj 316 epi sèvis sante Esansyèl – estanda 1–2 sante timoun nan paj 321–323).
8. **Kote asistans lan disponib** nan sous ki pa gouvènmantal yo, moun yo dwe genyen èd pou idantifye epi gen aksè a asistans sa yo, kote li apwopriye.





### Sipò sikososyal avèk lòt baz kominotè

9. **Mwayen adaptasyon pozitif kominal** tankou antèman ki kiltirèlman apwopriye, seremoni relije avèk pratik yo, pratik sosyal epi kiltirèl ki pa danjere a dwe sipòte.
10. **Aktivite pou timoun yo:** Kote li apwopriye, kominotè yo dwe ankouraje pou organize sipò edikasyonèl striktire ak aktivite pwoteje pou timoun yo atravè mwayen enfòmèl tankou espas adapte pou timoun. Mwayen pwoteksyon kominotè a dwe enkli aktivite otonòm ki ankouraje byennèt sikososyal.
11. **Èd pou organize sipò sikososyal apwopriye** pou moun ki siviv yvolsans. Asire ke sivivan yo gen aksè a rezo sosyal kominotè a avèk aktivite otonòm. Aksè a sipò sosyal a baz kominotè dwe konplete ak aksè nan swen sante mantal.
12. **Sistèm sipò entegre:** Ajans sa yo k ap travay nan sipò sikososyal ak sante mantal nan diferan sektè yo dwe kolabore pou bati yon sistèm entegre sipò pou popilasyon an (al gade sèvis sante Esansyèl – estanda sante mantal 1 nan paj 333).
13. **Sipò klinik:** Etabli mwayen pou referans pou moun ki afekte sevèman pou sipò klinik ki disponib.





# Referans ak lekti siplemantè

## Pwoteksyon jeneral: Kontèks ak zouti

Caritas Australia, CARE Australia, Oxfam Australia and World Vision Australia (2008), Minimum Agency Standards for Incorporating Protection into Humanitarian Response – Field Testing Version.

[www.icva.ch/doc00002448.pdf](http://www.icva.ch/doc00002448.pdf)

Giossi Caverzasio, S (2001), Strengthening Protection in War – A Search for Professional Standards. Ref 0783. Komite Entènasyonal Lakwa-Wouj (ICRC). Jenèv.

Inter-Agency Standing Committee (IASC) (2002), Growing the Sheltering Tree – Protecting Rights through Humanitarian Action – Programmes & practices gathered from the field. Jenèv. [www.icva.ch/gstree.pdf](http://www.icva.ch/gstree.pdf)

IASC (2010), Operational Guidelines and Manual for the Protection of Persons Affected by Natural Disasters.

ICRC (2008), Enhancing protection for civilians in armed conflict and other situations of violence. Jenèv.

[www.icrc.org/eng/resources/documents/publication/p0956.htm](http://www.icrc.org/eng/resources/documents/publication/p0956.htm)

ICRC (2009), Estanda pwofesyonèl pou travay pwoteksyon aktè dwa moun ak imanitè yo fè nan konfli ame ak nan lòt sitiysyon 2009. Jenèv. [www.icrc.org/web/eng/siteeng0.nsf/htmlall/p0999](http://www.icrc.org/web/eng/siteeng0.nsf/htmlall/p0999) oswa [www.unhcr.org/refworld/type,THEMGUIDE,,4b39cba52,0.html](http://www.unhcr.org/refworld/type,THEMGUIDE,,4b39cba52,0.html)

O'Callaghan, S and Pantuliano, S (2007), Incorporating Civilian Protection into Humanitarian Response. HPG Report 26. Overseas Development Institute (ODI). Lonn.

Slim, H and Bonwick, A (2005), Protection – an ALNAP guide for humanitarian agencies. ODI. London. [www.alnap.org/initiatives/protection.aspx](http://www.alnap.org/initiatives/protection.aspx)

United Nations Office for the Coordination of Humanitarian Affairs (OCHA) (2009), Aide Mémoire: For the Consideration of Issues Pertaining for the Protection of Civilians. Nouyòk.

[www.humansecuritygateway.com/showRecord.php?RecordId=33206](http://www.humansecuritygateway.com/showRecord.php?RecordId=33206)





## Estanda espesifik pou Pwoteksyon

### Aksyon kont min (bonm)

The International Mine Action Standards (IMAS):  
[www.mineactionstandards.org/imas.htm#english](http://www.mineactionstandards.org/imas.htm#english)

### Andikap

Handicap International (2006), Protection – Issues for People with Disabilities and Injuries.

Handicap International (2008), Toolkit on Protection of Persons with Disabilities.



### Gramoun aje

IASC (2008), Humanitarian Action and Older Persons – An essential brief for humanitarian actors. WHO–HelpAge International. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&productcatid=24](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&productcatid=24)

### Lojman, tè ak dwa pwopriyete

Principles on Housing and Property Restitution for Refugees and Displaced Persons. E/CN.4/SUB.2/RES/2005/21. “Pinheiro Principles”.  
[http://ap.ohchr.org/documents/alldocs.aspx?doc\\_id=11644](http://ap.ohchr.org/documents/alldocs.aspx?doc_id=11644)

### Moun ki deplase anndan pwòp peyi pa yo

Bagshaw, S and Paul, D (2004), Protect or Neglect? Towards a More Effective United Nations Approach to the Protection of Internally Displaced Persons – An Evaluation. Brookings–SAIS Project on Internal Displacement and UNOCHA, Interagency Internal Displacement Division. Washington, DC.  
[www.brookings.edu/papers/2004/1123humanrights\\_bagshaw.aspx](http://www.brookings.edu/papers/2004/1123humanrights_bagshaw.aspx)

Brookings Institution – University of Bern Project of Internal Displacement (2005), Addressing Internal Displacement: A Framework for National Responsibility. Washington DC. [www.brookings.edu/projects/idp/20050401\\_nrframework.aspx](http://www.brookings.edu/projects/idp/20050401_nrframework.aspx)

Global Protection Cluster (2010), Handbook for the Protection of Internally Displaced Persons. [www.unhcr.org/refworld/docid/4790cbc02.html](http://www.unhcr.org/refworld/docid/4790cbc02.html)

IASC (2004), Implementing the Collaborative Approach to Situations of Internal Displacement – Guidance for UN Humanitarian and/or Resident Coordinators. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&productcatid=10](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&productcatid=10)



## Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè

IASC (2010), Framework on Durable Solutions for Internally Displaced Persons. [www.brookings.edu/reports/2010/0305\\_internal\\_displacement.aspx](http://www.brookings.edu/reports/2010/0305_internal_displacement.aspx)

UN Economic and Social Council (1998), UN Guiding Principles on Internal Displacement. E/CN.4/1998/53/Add.2. [www.idprinciples.org/](http://www.idprinciples.org/) oswa [www.unhchr.ch/Huridocda/Huridoca.nsf/TestFrame/d2e008c61b70263ec125661e0036f36e?OpenDocument](http://www.unhchr.ch/Huridocda/Huridoca.nsf/TestFrame/d2e008c61b70263ec125661e0036f36e?OpenDocument)

### Sante mantal ak sipò sikososyal

IASC (2007), IASC Guidelines on Sante mantal and Psychosocial Support. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-default](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-default)

IASC Reference Group on Sante mantal and Psychosocial Support (2010), Sante mantal and Psychosocial Support (MHPSS) In Humanitarian Emergencies: What Should Protection Programme Managers Know.

[www.psychosocialnetwork.net/explore/tags/mhpss/](http://www.psychosocialnetwork.net/explore/tags/mhpss/)

### Timoun

ICRC, International Rescue Committee, Save the Children, UNICEF, UNHCR and World Vision (2004), Interagency Guiding Principles on Unaccompanied and Separated Children. Jenèv. [www.icrc.org/eng/assets/files/other/icrc\\_002\\_1011.pdf](http://www.icrc.org/eng/assets/files/other/icrc_002_1011.pdf)

UNICEF (2007), Paris Principles and Commitments to Protect Children from Unlawful recruitment or Use by Armed Forces or Groups. [www.un.org/children/conflict/english/parisprinciples.html](http://www.un.org/children/conflict/english/parisprinciples.html)

UN Disarmament, Demobilization and Reintegration (UN-DDR) (2006), Integrated Disarmament, Demobilisation, and Reintegration Standards. Nouyòk. [www.unddr.org/iddrs/05/20.php](http://www.unddr.org/iddrs/05/20.php) ak [www.unddr.org/iddrs/05/30.php](http://www.unddr.org/iddrs/05/30.php)

### Vyolans ki baze sous sèks

IASC (2005), Guidelines for Gender-Based Violence Interventions in Humanitarian Settings – Focusing on the Prevention of and Response to Sexual Violence in Emergencies. Jenèv. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&productcatid=3](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&productcatid=3)

World Health Organization (WHO) (2007), Ethical and safety recommendations for researching, documenting and monitoring sexual violence in emergencies. Jenèv. [www.who.int/gender/documents/violence/9789241595681/en/index.html](http://www.who.int/gender/documents/violence/9789241595681/en/index.html)

Global Land Tool Network and Early Recovery Cluster (2010), Land and natural disasters – Guidance for Practitioners. UN Human Settlements Programme (UN-Habitat) and Food and Agriculture Organization (FAO). Nairobi. [www.unhabitat.org/pmss/listItemDetails.aspx?publicationID=2973](http://www.unhabitat.org/pmss/listItemDetails.aspx?publicationID=2973)





Global Protection Cluster, Housing, Land And Property Area of Responsibility (2009), Checklist of Housing, Land and Property Rights and Broader Land Issues Throughout the Displacement Timeline from Emergency to Recovery. [www.internal-displacement.org/8025708F004BE3B1/\(httpInfoFiles\)/430298C3C285133DC12576E7005D360D/\\$file/HC%20Checklist%20on%20HLP%20and%20Land%20Issues\\_Final2.pdf](http://www.internal-displacement.org/8025708F004BE3B1/(httpInfoFiles)/430298C3C285133DC12576E7005D360D/$file/HC%20Checklist%20on%20HLP%20and%20Land%20Issues_Final2.pdf)

Internal Displacement Monitoring Centre, FAO, OCHA, Office of the UN High Commissioner for Human Rights, UN-HABITAT and UNHCR (2007), Handbook on Housing and Property Restitution for Refugees and Displaced Persons. Implementing the 'Pinheiro Principles', IASC. Jenèv. [www.unhcr.org/refworld/docid/4693432c2.html](http://www.unhcr.org/refworld/docid/4693432c2.html)






Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè





# Estanda Debaz





# Fason pou itilize chapit sa a

Estanda Debaz yo se yon seri estanda esansyèl nan pwosesis yo tout sektè yo dwe aplike. Yo bay yon sèl pwen referans pou tout aksyon ki alabaz tout estanda yo nan Liv enfòmasyon an. Sa vle di chak chapit mache ak Estanda Debaz yo pou l ka ede w atenn pwòp estanda pa l.

Genyen sis Estanda Debaz:

- Entèvansyon imanitè ki konsantre sou moun
- Kowòdinasyon ak kolaborasyon
- Evalyasyon
- Konsepsyon ak entèvansyon
- Pèfòmans, transparans akaprantisaj
- Pèfòmans travayè imanitè yo

Men kijan yo estriktire chak Estanda Debaz:

- **Estanda Debaz:** Se yon mezi kalitatif ki endike ki nivo entèvansyon imanitè a dwen atenn.
- **Aksyon kle:** sa yo se aktivite ak kontribisyon yo sijere pou ede satisfè estanda yo.
- **Endikatè kle:** sa yo se 'siy' ki montre si yo rive nan yon estanda ou pa. Yo ofri yon metòd pou pran mezi epi kominike pwosede ak rezulta aksyon kle yo; yo gen rapò ak estanda minimòm alan, pa aksyon kle a.
- **Nòt oryantasyon:** Yo gen pwen espesifik pou konsidere Lè n ap aplike estanda minimòm, aksyon kle ak endikatè kle yo nan differan sitiayson. Yo bay oryantasyon sou fason pou jere difikilite pratik, pwen referans oswa konsèy sou priorité. Anplis yo kapab genyen pwoblèm kritik ki asosye ak estanda, aksyon oswa endikatè, epitou yo dekri dilèm, polemik oswa divèjans nan konesans kouran.

Endikatè kle nan Estanda Debaz yo kapab adapte ak anpil kalite aplikasyon ak kontèks pou itilizatè yo. Espesifikasyon pou chak endikatè yo mezirab ak yo defini nan yon peryòd tan, epitou yo gen yon gwo kapasite adaptasyon selon kontèks la ak sektè a. Se poutèt sa, itilizatè yo ta dwe adapte endikatè kle yo selon sitiayson kote yo ye a.

Fen chapit sa a genyen yon lis referans ak lekti konplemantè.





Estanda Debaz

# Sa ki nan Gid la

Entwodiksyon .....	53
Estanda Debaz .....	55
Referans ak lekti siplemantè .....	75





## Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè





# Entwodiksyon

Estanda Debaz yo dekri pwosesis ki esansyèl pou atenn estanda minimòm Sphere yo. Yo eksprime yon fason pratik prensip ki fè pati Dokiman Jiridik Imanitè Sphere la ak yon enpòtan anpil pou dwa moun ke yon konfli oswa yon katastwòf touche dekwa pou yo jwenn yon asistans k ap ede yo viv nan diyite. Estanda Debaz yo defini nivo entèvansyon minimòm ajans imanitè yo dwe aplike (selon sa endikatè kle yo montre), kit yo baze nan komunitè a, kit yo lokal, nasyonal oswa entènasyonal.

Estanda Debaz yo tou makònèn ak lòt aksyon kle nan domèn responsabilite, dekwa pou favorize koyerans ak pou ranfòse angajman tout aktè yo pran anvè kesyon responsabilite a. Pa egzanp, genyen lòt egzijans konplémentè ki fè pati Estanda 2010 nan domèn referans responsabilite ak jesyon kalite ki antre nan kad Patenarya responsabilite imanitè a (Humanitarian Accountability Partnership, oswa HAP) ansanm avèk Estanda Debaz yo. Estanda pèfòmans pou travayè imanitè yo annakò ak kòd bon pratik People In Aid la. *Estanda Debaz 1* ak *5* yo espesyalman baze sou *The Good Enough Guide* ki antre nan kad pwojè Ranfòsman kapasite ijans (Emergency Capacity Building, oswa ECB), *Quality Compas* ki pou Groupe URD, ansanm avèk Rezo aprantisaj aktif pou responsabilite ak pèfòmans nan aksyon imanitè (Active Learning Network for Accountability and Performance in Humanitarian Action, oswa ALNAP). Estanda Debaz yo mache ak estanda minimòm pou edikasyon ki fè pati Estanda fondasyon nan INEE (Inter-Agency Network for Education in Emergencies, oswa Rezo entè-ajans pou edikasyon nan sitiyasyon ijan): Preparasyon, Entèvansyon, Retablisman.



## Enpòtans Estanda Debaz pou tout sektè yo

Premye Estanda Debaz la rekonèt patisipasyon moun yon katastwòf touche – fanm, nonm, fi ak gason, timoun kou granmoun – avèk kapasite ak estrateji yo genyen pou rete anvi yo dwe fè pati entèvansyon imanitè a. Estanda Debaz 2 a montre yon entèvansyon efikas dwe kowòdone ak li dwe aplike ansanm avèk lòt ajans ak otorite gouvènman yo ki enplike nan aksyon imanitè a san patipri.

Estanda Debaz 3 a dekri fason evalyasyon yo dwe toujou chèche konprann ki kalite katastwòf ki frape, yo dwe idantife ki moun li touche, kijan li touche yo, epi yo dwe evalye kijan popilasyon an frajil ak ki kapasite li genyen. Li rekonèt se pa





tí enpòtan li enpòtan pou konprann bezwen an parapò ak kontèks politik, sosyal, ekonomik ak anviwònmantal la, epi parapò ak rès popilasyon an tou. Ajans ki respekte Estanda Debaz 4 la yo kreye entèvansyon yo apre yon fin evalye bezwen yo san patipri, epi yo reponn ak bezwen ki poko satisfè yo selon kontèks la ak kapasite moun ak gouvènman ki touche yo genyen pou reponn ak pwòp bezwen pa yo.

Se sèlman ajans ki toujou ap eggzamine efikasite, kalite ak jan entèvansyon yo byen tonbe ki rive atenn Estanda Debaz 5 la. Ajans yo adapte estrateji yo selon enfòmasyon yo jwenn nan suivi y ap fè a ak selon kòmantè moun katastwòf la touche yo bay, epi yo pataje enfòmasyon sou pèfòmans yo. Yo envesti nan etid ak evalyasyon ki fèt san patipri, epi yo sèvi ak rezulta yo jwenn yo pou amelyore politik ak pratik yo.

Estanda Debaz 6 la rekonèt ajans imanitè yo gen yon obligasyon anvè moun katastwòf la touche yo, ak se poutèt sa yo anplwaye travayè imanitè ki genyen konesans, konpetans, konpòtman ak mantalite ki nesesè pou mete sou pye yon entèvansyon imanitè efikas. Lè fini, ajans yo responsab ede travayè imanitè yo fè yon bon travay grasa yon jesyon efikas ak yon sipò y ap ba yo nan domèn byennèt emosyonèl ak fizik.



## Frajilite

Priyorite Sphere a se reponn ak bezwen ijan moun ke yon katastwòf oswa yon konfli touche genyen pou rete anvi. Sepandan, Estanda Debaz yo itil tou pou ede nan preparasyon an epi pou southi demach pou redui tout risk ak frajilite pi devan, epi yo kapab amelyore kapasite yo ak favorize yon retablisman rapid. Apwòch sa yo konsidere konsekans entèvansyon an pral genyen sou anviwònman natirèl la ak sou kontèks jeneral la, epi yo entegre bezwen popilasyon akèy la ak bezwen popilasyon jeneral la tou.

Nan Liv enfòmasyon sa a, Lè n ap pale de ‘frajil’, nou vle di moun ki espesyalman an danje devan konsekans katastwòf natirèl, katastwòf ki sot nan aksyon moun oswa konfli. Moun yo vin frajil devan yon katastwòf akòz yon seri faktè fizik, sosyal, anviwònmantal ak politik. Sosyete a gendwa te mete yo apa akòz etnisite, laj, andikap, klas oswa gwoup sosyal, gwoup politik oswa reliyion yo. Se frajilite sa yo ansanm avèk konsekans yon kontèks ki pa estab ki rann moun yo frajil pou differan rezon ak nan differan fason. Moun frajil yo, menm jan ak tout moun yon katastwòf touche, genyen differan kapasite pou jere yon katastwòf ak pou retabli apre l fin pase. Pou mete sou pye yon entèvansyon k ap reponn ak bezwen moun ki plis bezwen l yo, li esansyèl pou konprann toutbon ki kapasite moun frajil yo genyen ak ki baryè ki devan yo nan domèn aksè ak asistans imanitè a.





# Estanda Debaz

## Estanda Debaz 1: Entèvansyon imanitè ki konsantre sou moun

Kapasite ak estrateji moun yo genyen pou rete anvi nan diyite dwe fè pati konsepsyon akapwòch entèvansyon imanitè a.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Soutni kapasite lokal yo etan w ap idantifye gwoup kominotè yo ak rezo sosyal yo bonè, epi devlope demach ki baze sou kominotè a ak demach oto-asistans (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Mete sou pye yon seri machaswiv sistematik ak transparan k ap pèmèt moun yon katastwòf oswa yon konfli touche bay kòmantè, epi mete sou pye pwogram enflyians tou (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire moun frajil yo gen ase reprezantasyon nan konvèsasyon ak popilasyon katastwòf la touche (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Bay popilasyon ki afekte a enfòmasyon sou ajans imanitè a, sou pwojè l yo ak sou dwa moun yo genyen, epi fè yo jwenn enfòmasyon sa yo nan yon fòma y ap kapab resevwa ak nan yon lang y ap konprann (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Bay popilasyon ki afekte yo aksè ak yon espas ki apwopriye ak ki gen sekirite pou reyinyon kominotè yo ak pou pataje enfòmasyon pi bonè posib (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Pèmèt moun yo depoze doleyans sou pwogram nan fasilman ak san pwoblèm sekirite, epi mete sou pye plizyè pwosedì ki transparan ak ki rapid pou reponn ak pou pran tout mezi ki nesesè pou korije sitiyasyon yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Lè sa posib, itilize mendèv lokal, materyo ki dirab sou plan anviwònman an, ak konpayi ki responsab sou plan sosyal pou ekonomi lokal la ka pwofite ak pou favorize retablisman an.



- ▶ Lè sa posib, adapte pwojè yo dekwa pou yo respekte koutim kiltirèl, espirityèl ak tradisyonèl moun ki nan lokalite a bay enpòtans (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Ogmante tikras pa tikras otorite moun katastwòf touche yo genyen pou pran desizyon ak pou jere pwogram yo ofiramezi entèvansyon an ap devlope.

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Estrateji pwojè a byen makònèn avèk kapasite ak demach kominotè a.
- ▶ Moun katastwòf la touche ap dirije oswa ap patisipe yon fason aktif nan reyinyon regilye konsènan fason pou òganize ak pou aplike entèvansyon an (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Kantite demach oto-asistans kominotè ki afekte a ak otorite lokal yo ap dirije vin ogmante pandan peryòd entèvansyon an (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Ajans yo te mennen ankèt epi, lè sa nesesè, yo aji selon doleyans yo te resevwa konsènan asistans ki bay la.

### Nòt oryantasyon

1. **Kapasite lokal:** Moun katastwòf la touche yo posede ak y ap devlope konpetans, konesans ak kapasite ki nesesè pou jere ak pou reyaji devan katastwòf la, epi pou yo ka retabli apre l fin pase. Patispasyon aktif nan entèvansyon imanitè se yon baz esansyèl ki soutni dwa moun yo genyen pou viv nan diyite prensip 6 ak 7 nan Kòd konduit Mouvman entènasyonal Lakwa wouj ak Kwasan wouj la ansanm avèk òganizasyon non gouvnemantal yo (ONG) konfime prensip sa a nan domèn sekou katastwòf (al gade anèks 2 nan paj 368). Oto-asistans ak inisyativ kominotè a ap dirije kontribiye nan byennèt sikilojik ak sosyal paske yo retabli diyite ak santiman kontwòl lakay popilasyon Katastwòf la touche. Aksè ak sipò sosyal, finansye, kiltirèl ak emosyonèl grasa fanmi, rezo ak koutim relije, zanmi, lekòl ak aktivite kominotè ede retabli respè moun yo ak kominotè a genyen pou tèt yo ak idantite yo, li diminye frajilite yo epi li amelyore rezistans yo. Moun k ap viv nan lokalite a dwe jwenn sipò pou idantifye ak, lè sa apwopriye, pou reyaktive oswa mete sou pye rezo asistans ak gwoup oto-asistans. Se kantite tan ki pase depi katastwòf la frape ak sikonstans fizik, sosyal ak politik yo k ap detèmine jis nan ki pwen moun yo ap patisipe, ak kijan y ap patisipe. Sa vle di li enpòtan pou chwazi endikatè patispasyon an selon kontèks la, ak yo ta dwe reprezante tout moun ki afekte. Popilasyon lokal la konn premye pou reyaji devan yon katastwòf, sa montre li toujou posib pou mande moun bay yon ti patispasyon tousuit lè entèvansyon an ap kòmanse. Lè gen gwo efò ki fêt pou koute, mande ak enplike moun yo bonè, kalite ak jesyon kominotè a ap pi bon lè pwogram nan kontinye pwogrese pi devan.





2. **Machaswuv pou bay kòmantè** pèmèt tout moun ki afekte yo gen yon mwayen pou enflyanse planifikasyon ak egzekisyon pwogram nan (al gade referans ‘patisipasyon’ HAP). Sa yo genyen diskisyon gwoup, sondaj, entèvyou ak reyinyon sou ‘leson nou tire yo’ ak yon echantyon ki reprezante popilasyon afekte a (al gade Good Enough Guide ECB a pou jwenn zouti nesesè yo, ak nòt oryantasyon 3–4). Rezulta ak aksyon ajans lan devan kòmantè sa yo dwe toujou pataje ak popilasyon afekte a.
3. **Patisipasyon reprezentatif:** Se pa ti enpòtan sa enpòtan pou konprann ak pou aji devan baryè diferan moun ap fè fas pou jwenn yon patisipasyon ki ekilibre. Li nesesè pou pran yon seri mezi pou asire patisipasyon manm tout gwoup ki afekte – timoun kou gramoun, fi kou gason. Fè efò pou enplike moun ki pa byen reprezante, ki apa (pa egzanp akòz etnisite oswa reliyon yo) oswa ki ‘envizib’ nenpòt lòt fason (tankou sila ki pa ka soti lakay yo oswa sila ki entène nan yon etablisman yo). Li bon pou ankouraje patisipasyon jèn ak timoun yo depi l ap favorize enterè yo ak depi sa p ap ogmante risk pou yo pase anba abi oswa sa p ap mete yo an danje.
4. **Pataj enfòmasyon:** Moun yo gen dwa resevwa enfòmasyon ki egzak ak ki ajou konsènan aksyon ki fèt pou yo. Enfòmasyon yo ka diminye anksyete, ak yo fè pati baz esansyèl pou responsabilite ak jesyon kominotè a. Ajans yo ta dwe omwen dekri misyon ak pwojè yo genyen yo, dwa popilasyon an, epi fè yo konnen kilè ak kikote yo ka jwenn asistans (al gade referans ‘divilgasyon enfòmasyon’ HAP). Gen plizyè fason pou kominike enfòmasyon yo, tankou tablo afichaj, reyinyon piblik, lekòl, jounal ak emisyon radyo. Enfòmasyon yo dwe montre sila ki divilge yo konprann sitiyasyon moun yo ak yo respekte yo, epi yo dwe fèt nan lang lokal yo sou yon sipò ki adapte, dekwa pou tout moun ki konsène kapab resevwa yo. Pa egzanp, sèvi ak komunikasyon oral oswa ak imaj pou timoun yo ak gramou ki pa konn li yo, sèvi ak yon langaj senp (yon langaj yon timoun 12 an kapab konprann nan lokalite a) epi itilize lèt ki gwo lè w ap enprime enfòmasyon pou moun ki gen pwoblèm je. Dirije reyinyon yo yon fason pou granmoun yo oswa moun ki gen pwoblèm tandem kapab tandé.
5. **Espas ki gen sekirite ak ki aksesib:** Chwazi lokal pou reyinyon piblik yo nan yon zòn ki gen sekirite, epi asire w moun ki pa ka deplase fasil ap ka asiste, tankou fanm yo, paske souvan nòm kiltirèl yo anpedche yo al asiste nan evènman piblik yo. Prepare espas pou timoun yo ka jwe, aprann, sosyalize ak devlope.
6. **Doleyans:** Moun yo gen dwa prezante yon doleyans bay yon ajans ak yo gen dwa mande yon mezi ki koresponn (al gade referans ‘trete doleyans’ HAP). Machaswiv fòmel pou depoze doleyans yo ak pou korije sitiyasyon yo se yon pati esansyèl nan responsabilite ajans lan anvè moun yo ak pou ede manm kominotè a reprann kontwòl lavi yo.





7. **Pratik ki apwopriye parapò ak kilti a**, tankou nan domèn seremoni ak pratik antèman ak relije, souvan fè pati idantite, diyite ak kapasite moun yo genyen pou retabli apre yon katastwòf fin pase. Gen kèk pratik kilti a aksepte ki vyole dwa moun yo (tankou refize bay fi yo edikasyon oswa donmaje patijenital fanm yo) ak pratik sa yo pa dwe jwenn sipò.

### Estanda Debaz 2: Kowòdinasyon ak kolaborasyon

Entèvansyon imanitè a dwe planifye ak aplike ansanm avèk otorite konpetan yo, ajans imanitè yo ak òganizasyon sosyete sivil ki enplike nan aksyon imanitè san patipri, dekwa pou kolaborasyon sa a ka pote yon maksimòm efisyans, kouvèti ak efikasite.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Patisipe nan tout machaswiv pou kowòdinasyon jeneral ak sektoryèl depi nan kòmansman an (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Chèche konnen ki responsablite, objektif ak wòl kowòdinasyon leta ak lòt gwoup kowòdinasyon genyen lè yo prezan (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Bay gwoup kowòdinasyon yo enfòmasyon sou misyon, objektif ak pwogram ajans lan.
- ▶ Pataje enfòmasyon evalyasyon avèk gwoup kowòdinasyon yo nan bon moman ak nan yon fòma lòt ajans imanitè p ap gen pwoblèm pou itilize (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).
- ▶ Sèvi ak enfòmasyon pwogram lòt ajans imanitè yo pou gide analiz la, seleksyon zòn jewografik la ak plan entèvansyon yo.
- ▶ Toujou kenbe gwoup kowòdinasyon yo okouran sou pwogrè ki fèt yo, epi fè yo konnen si gen reta enpòtan, si ajans lan manke moun oswa si tout kapasite li pa itilize (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Kolabore ansanm avèk lòt ajans imanitè yo pou ranfòse defans kesyon imanitè kritik nou gen ankommen yo.
- ▶ Mete sou pye politik ak pratik ki klè konsènan angajman ajans lan anvè aktè ki pa fè pati sektè imanitè a, selon prensip ak objektif imanitè yo (al gade nòt oryantasyon 5).





## Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Yo prezante rapò evalyasyon ak enfòmasyon sou plan ak pwogrè pwogram yo bay gwoup kowòdinasyon ki konsène yon fason regilye (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Lòt ajans k ap travay nan menm zòn jewografik oswa sektoryèl pa repeète menm aktivite imanitè yo.
- ▶ Angajman ki pran pandan reyinyon kowòdinasyon yo aplike ak yo bay rapò regilye sou yo.
- ▶ Entèvansyon ajans lan konsidere kapasite ak estrateji lòt ajans imanitè yo, òganizasyon sisyete civil yo ak otorite konpetan yo.

## Nòt oryantasyon

1. **Entèvansyon kowòdone:** Yon pwogram ki gen bon kouvèti, bon kalite ak ki rapid mande yon aksyon kolektif. Yon patisipasyon aktif nan efò kowòdinasyon yo pèmèt lidè kowòdinasyon yo asyen travay ak responsabilite yo yon fason klè ak nan bon moman, evalye nan ki pwen efò kowòdinasyon yo ap reponn ak bezwen yo, redui repetisyon menm efò yo epi rezoud pwoblèm ki egziste nan kouvèti ak nan kalite. Entèvansyon kowòdone, evalyasyon entè–ajans nan bon moman ak pataj enfòmasyon ap redui chay moun ki afekte yo ap pote, paske konsa yo p ap bezwen bay plizyè ekip evalyasyon menm enfòmasyon yo. Kolaborasyon an ak pataj resous ak ekipman yo lè sa posib ap optimize kapasite kominotè yo, vwazen yo, gouvènman akèyo, donatè yo ak ajans imanitè ki gen diféran misyon ak espètiz. Patisipasyon nan machaswiv kowòdinasyon yo anvan yon katastwòf frape ap pèmèt bonjan relasyon fòme epi l ap amelyore kowòdinasyon an pandan yon entèvansyon. Òganizasyon sisyete civil yo ak otorite yo gendwa pa patisipe si machaswiv kowòdinasyon yo sanble afekte sèlman ajans entènasyonal yo. Respekte itilizasyon lang lokal yo pandan reyinyon yo ak nan lòt komunikasyon moun yo ap pataje. Identife aktè sisyete civil yo ak rezo ki enplike nan entèvansyon an, epi ankouraje yo ak lòt ajans imanitè entènasyonal yo pou yo patisipe. Tout manm pèsonèl ki reprezante ajans yo pandan reyinyon kowòdinasyon yo dwe gen ase enfòmasyon, konpetans ak otorite pou yo kontribiye nan planifikasyon an ak pou pran desizyon.
2. **Machaswiv kowòdinasyon komen** yo genyen reyinyon – kit yo jeneral (pou tout pwogram yo), kit yo sektoryèl (tankou pou lasante), kit yo milti–selto-ryèl (tankou lè yo baze sou sèks) – ansanm avèk machaswiv pou pataje enfòmasyon (tankou bazdone ki gen enfòmasyon evalyasyon ak konteks). Lè plizyè sektè reyini ansanm, sa pèmèt pi byen reponn ak bezwen tout popilasyon an, olye pou reponn ak bezwen kèk moun sèlman (pa egzanp, bezwen abri, dlo, sanitasyon, ijyèn, ak sikososyal, tout konekte). Li enpòtan





pou pataje enfòmasyon ki enpòtan yo atravè diferan machaswiv kowòdinasyon yo dekwa pou entegre kowòdinasyon an nan tout pwogram yo. Nan tout kontèks kowòdinasyon yo, se kalite machaswiv kowòdinasyon yo ki pral afekte angajman ajans yo anvè patisipasyon an: lidè kowòdinasyon yo gen responsabilite asire reyinyon yo byen dirije, yo efikas ak yo konsantre sou jwenn rezulta. Si yo pa fè sa, ajans k ap patisipe yo ta dwe mande ak soutni amelyorasyon machaswiv yo.

3. **Wòl kowòdinasyon yo:** Li se wòl leta a ki afekte a kowòdone repons lan imanitè nan ede òganizasyon yo. Wòl esansyèl ajans imanitè yo ap jwe se soutni fonksyon kowòdinasyon leta a. Sepandan, li ta pi bon pou suiv lòt machaswiv nan domèn kowòdinasyon an nan kèk kontèks, tankou pa egzanp si se otorite leta a menm ki responsab abi ak vyolasyon ki fèt yo, si yo montre yo gen patipri nan asistans y ap bay la, oswa si leta swete jwe yon wòl kowòdinasyon men li manke kapasite pou l ranpli wòl sa a. Nan sitiayson sa yo, li ta pi bon pou òganize reyinyon kowòdinasyon yo apa, oubyen pou otorite lokal yo dirije reyinyon sa yo ansanm avèk Nasyonzini oswa ONG yo. Jounen jodi a, yo kowòdone anpil gwo ijans imanitè grasa 'apwòch gwoupe' a, kote se plizyè gwoup ajans k ap travay arba yon ajans k ap dirije yo.
4. **Efikasite pataj done** yo ap amelyore si enfòmasyon yo fasil pou itilize (yo klè, yo aplikab, yo kout) ak si yo respekte pwotokòl imanitè mondyal yo ki annakò ak done lòt ajans yo nan domèn teknik (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61). Se ajans lan ak kontèks la k ap detèmine chak kilè done yo dwe pataje, men li dwe rapid ak yo dwe toujou aplikab. Enfòmasyon ki delika yo dwe rete konfidansyèl (al gade Estanda Debaz 3–4 nan paj 61–65).
5. **Sektè militè ak sektè prive:** Sektè prive a ak sektè militè etranje kou nasyonal yo kontinye fè plis pati èfò sekou yo, ak se pou rezon sa a yo afekte èfò kowòdinasyon yo. Sektè militè a genyen espètiz ak resous patikilye lakay li, tankou nan domèn sekirite, lojistik, transpò ak komunikasyon. Sepandan, aktivite yo mennen yo kapab fè li pi difisil pou wè diferans enpòtan ki genyen an ant objektif imanitè yo ak pwogram militè oswa politik yo, ak sitiayson sa a ka kreye yon seri risk pou sekirite a pi devan. Nenpòt asosyasyon ak sektè militè ta dwe sèvi ajans imanitè yo, ak se ajans sa yo ki dwe dirije aksyon yo selon ekstraksyon yo apwouye yo. Gen kèk ajans ki pa devlope dyalòg la twòp pou asire efikasite operasyon yo (sa vle di yo annik pataje enfòmasyon debaz yo sou pwogram nan) tandiske lòt ajans prefere kreye yon seri relasyon ki pi solid (lè yo bezwen sèvi ak resous militè yo). Kèlkeswa sitiayson an, ajans imanitè yo pa janm dwe pèdi idantite yo parapò ak sektè militè a, paske si yo ta asosye oubyen si yo ta bay nenpòt moun enpresyon yo asosye ak yon pwogram politik oswa militè, menmsi si yo pa nan sitiayson sa a toutbon, sitiayson sa a ta mete ajans lan an danje nan domèn endependans, kredibilite, sekirite ak aksè ak popilasyon ki afekte yo. Sektè





prive a kapab ofri efikasite komèsyal li, espètiz konplemantè li ak resous li bay ajans imanitè yo. Li nesesè pou pataje enfòmasyon yo dekwa pou evite efò yo repete ak pou favorize bon pratik imanitè yo. Se sèlman objektif imanitè yo patenarya prive–publik yo dwe sèvi.

### Estanda Debaz 3: Evalyasyon

Se yon evalyasyon sistematik konteks la, danje ki genyen pou moun yo kontinye viv nan diyite, ak kapasite moun ki afekte yo ak otorite konpetan yo genyen pou reyaji, k ap idantifye bezwen priorité popilasyon katastwòf la touche.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Jwenn epi itilize enfòmasyon ki te egziste anvan katastwòf la konsènan kapasite imanitè lokal la, popilasyon ki afekte a ak rès popilasyon an, konteks la ak lòt faktè ki te la deja ki ka ogmante frajilite moun yo devan katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Reyalize yon evalyasyon inisyal tousuit, kore evalyasyon sa a avèk enfòmasyon ki te egziste anvan katastwòf la pou evalye nenpòt chanjman katastwòf la pote, idantifye nenpòt faktè k ap kreye oswa k ap ogmante frajilite a (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Reyalize yon evalyasyon rapid pi bonè sa posib, epi fè yon evalyasyon pi pwofon apre sa selon sa tan an ak sitiyasyon an pèmèt ou (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Separe done sou popilasyon an omwen selon sèks ak laj moun yo (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Tande tout kalite moun nan evalyasyon an – fam kou nonm ki gen tout laj, fi, gason ak lòt moun frajil katastwòf la touche, epitou rès popilasyon jeneral la (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55 ak nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Patisipe nan evalyasyon milit–sektè, evalyasyon gwoupe oswa evalysayon entè–ajans lè sa posib.
- ▶ Ranmase enfòmasyon yon fason sistematik, itilize plizyè kalite metòd, konpare enfòmasyon ou ranmase yo ak enfòmasyon ou jwenn nan men plizyè sous ak ajans, dokimante done yo ofiramezi w ap rasanble yo (al gade nòt oryantasyon 7).





- ▶ Evalye moun ki afekte yo nan domèn kapasite yo genyen pou jere pwoblèm nan, konpetans yo, resous yo ak estrateji yo genyen pou retabli yo (al gade nòt oryantasyon 8).
- ▶ Evalye plan entèvansyon yo ak kapasite leta a.
- ▶ Evalye konsekans katastwòf la sou byennèt sikososyal moun yo ak kominotè yo.
- ▶ Evalye pwoblèm ki genyen kounye a oubyen ki ka parèt pi devan nan domèn sekirite pou popilasyon catastwòf la touche ak pou travayè imanitè yo, epi pa blyie entèvansyon an gendwa agrave yon konfli oswa kreye tansyon ant popilasyon afekte a ak popilasyon akèy la (al gade nòt oryantasyon 9).
- ▶ Pataje done evalyasyon yo nan bon moman ak nan yon fòma lòt ajans imanitè yo ap ka aksede (al gade Estanda Debaz 2 nan paj 58 ak nòt oryantasyon 10).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Bezwèn ou evalye yo gentan konekte aklè avèk kapasite moun afekte yo ak kapasite leta a pou reyaji.
- ▶ Opinyon ki nan rapò evalyasyon yo, ni sa ki rapid yo ni sa ki pwofon yo, reprezante tout moun ki afekte yo, san yo pa blyie manm gwoup frajil yo ak moun ki fè pati popilasyon ozalantou yo.
- ▶ Done ki nan rapò evalyasyon yo repati omwen selon sèks ak laj moun yo.
- ▶ Rapò evalyasyon pwofon yo genyen enfòmasyon ak analiz sou frajilite a, kontèks la ak kapasite a.
- ▶ Se fòma tout moun aksepte ak tout moun soutni ki itilize.
- ▶ Evalasyon rapid yo vin konplete ak evalyasyon pwofon yo konsènan popilasyon yo chwazi pou entèvansyon an.

### Nòt oryantasyon

1. **Enfòmasyon ki te egziste anvan catastwòf la:** Li esansyèl pou mete ankommen tout enfòmasyon ki gentan egziste yo pou lanse evalyasyon inisyal ki rapid yo. Prèsko toujou genyen yon gwo kantite enfòmasyon konsènan kontèks la (tankou nan domèn politik, sosyal, ekonomik, sekirite, konfli ak anviwònman natirèl) ak moun yo (tankou sèks, laj, lasante, kilti, espirityalite ak edikasyon). Sous enfòmasyon sa yo se ministè leta konpetan yo (tankou done sou lasante ak resansman), etablisman inivèsité ak rechèch, òganizasyon ki base nan kominotè a ak ajans imanitè lokal ak entènasyonal ki te la anvan catastwòf la frape. Lòt sous ki pwodui bazdone enfòmasyon ki





enpòtan se inisyativ preparasyon ak avètisman yo, nouvo devlopman nan katografi ankomen sou Entènèt, “crowdsourcing” ak platfòm sou telefòn selilè (tankou Ushahidi).

2. ***Yo konn reyalize evalyasyon inisyal*** yo nan premye èdtan apre katastwòf la, ak li posib yo baze sou enfòmasyon dezyèm men ak enfòmasyon ki te egziste deja. Yo esansyèl pou gide bezwen sekou yo, ak yo dwe reyalize ak pataje tousuit.
3. ***Evalyasyon pwogresif:*** Evalyasyon an se yon pwosesis, se pa yon sèl evènman. Evalyasyon inisyal ki rapid yo poze yon fonman pou reyalize lòt evalyasyon pi pwofon k ap devlope (men sa yo pa repete) rezulta yo te jwenn anvan yo. Li enpòtan pou pran prekosyon, paske lè w ap repete plizyè evalyasyon sou kesyon ki delika nan domèn pwoteksyon, tankou vyolans ki baze sou sèks, sa ka bay kominotè ak moun yo plis pwoblèm pase avantaj.
4. ***Repatisyon done yo:*** Leplisouvan, li pa posib pou repati enfòmasyon yo okòmansman, men se pa ti enpòtan sa enpòtan pou idantife bezwen ak dwa timoun kou granmoun yo genyen, kèlkeswa laj yo genyen an. Pi bonè sa posib, repati enfòmasyon yo selon sèks ak laj pou timoun ki gen ant 0–5 an gason ak fi, 6–12 an gason ak fi, ak 13–17 an gason ak fi, ak apre sa kontinye Repatisyon an pou chak moso 10 an, tankou 50–59 an gason ak fi, 60–69 gason ak fi, 70–79 an gason ak fi, plis pase 80 an gason ak fi. Alòske gwoup ki nan chapit sou lasante a asosye laj selon fizyoloji a, gwoup n ap mansyone la yo souliye diferans ki genyen yo selon laj parapò ak diferan kesyon dwa, sosyal ak kiltirèl.
5. ***Evalyasyon reprezentatif:*** Evalyasyon bezwen yo kouvrì **toutpopilasyon** katastwòf la touche. Kèk efò espesyal nesesè pou evalye moun k ap viv nan zòn izole yo, tankou moun ki pa nan kan yo, moun ki nan zòn jewografik ki pa gen aksè fasil oswa moun ki fè pati fanmi akèy. Menm prensip sa a aplike pou moun ki pa gen aksè fasil men ki fè fas ak risk, tankou moun ki andikape yo, granmoun yo, moun ki pa ka soti lakay yo, timoun ak jèn yo gendwa ap chèche kòm timoun solda oubyen ki gendwa ap pase anba vyolans ki baze sou sèks. Men kèk nan prensipal sous enfòmasyon ki genyen: obsèvasyon dirèk, diskisyon gwoup, sondaj ak konvèsasyon avèk tout kalite moun ak gwoup ou ka atenn (tankou otorite lokal, lidè kominotè fi kou gason, granmoun fi ak gason, pèsonèl medikal, anseyan ak lòt pèsonèl edikasyon, komèsan ak lòt ajans imanitè). Gen kèk moun ki gendwa twouve li difisil oswa danjere pou yo pale yon fason ouvè. Pale avèk timoun yo apa, paske yo p ap pale fasil devan granmoun yo, ak si yo ta fè sa, sa ta gendwa poze yon danje pou yo. Leplisouvan, fanm ak fi yo dwe konsilte nan zòn apa. Travayè imanitè yo k ap travay nan ranmanse enfòmasyon sistematik nan men moun ki te pase anba abi oswa kadejak ta dwe genyen tout konpetans ak sistèm ki nesesè pou fè sa kòmsadwa ak an sekirite. Nan zòn konfli yo, enfòmasyon yo ka



vin mal itilize, ak pwoblèm sa a ka prezante yon risk pou moun yo oswa li ka mete kapasite fonksyònman ajans lan an danje. Se sèlman lè moun nan bay konsantman ou kapab pataje enfòmasyon yo ansanm avèk lòt ajans imanitè yo oswa lòt òganizasyon ki enplike yo (al gade Prensip Pwoteksyon 1 nan paj 33). Li p ap posib pou evalye tout moun ki afekte yo tousuit: li enpòtan pou note nenpòt zòn oswa gwoup ki pa fè pati evalyasyon an nan rapò a; l ap bon pou retounen nan zòn sa yo oswa kote gwoup sa yo pi bonè sa posib.

6. **Evalyasyon frajilite:** apre yon katastwòf, moun yo ap fè fas yon seri risk ki diferan selon gwoup la ak moun nan. Kèk moun gendwa frajil akòz kék faktè endividyèl, tankou laj yo (espésyalman sila ki jèn anpil ak sila ki aje anpil) oswa maladi yo genyen yo (espésyalman moun k ap viv avèk VIH ak SIDA). Men faktè endividyèl yo pa vle di risk la pi gwo otomatikman. Evalye faktè sosyal ak kontèks ki kontribye ak frajilite a, tankou diskriminasyon ak majinalizasyon (tankou ba nivo sosyal ak mank pouvwa famm ak fi yo genyen), izòlman sosyal, degradasyon anviwònman an, varyasyon klima a, povrete, pwoblèm ak pwopriyete tè yo, move gouvenans, etnisite, klas oswa gwoup sosyal, reliyion oswa pati politik. Evalyasyon pwofon k ap suiv yo dwe idantifye tout danje fiti potansyèl, tankou fason risk yo gendwa chanje akòz degradasyon anviwònman an (tankou erozyon tè a oswa deforestasyon) ak chanjman klima a ak jeweloji a (tankou siklòn, inondasyon, sechrès, glisman teren ak ogmantasyon nivo lanmè a).
7. **Rasanblaj done ak lis kontwòl:** Li nesesè pou konpare, valide ak referanse enfòmasyon evalyasyon yo, tankou mouvman ak chif popilasyon an, parapò ak tout sous ou kapab jwenn. Si li pa posib pou reyalize evalyasyon multi-sektè okòmansman, prete yon gwo atansyon ak lòt evalyasyon sou yon sèl sektè, evalyasyon sou pwoteksyon ak evalyasyon jeneral yo. Sous done yo ak nivo repatisyon yo dwe note, epi mòtalite ak mòbidite timoun anba laj 5 an dwe dokimante depi okòmansman. Gen anpil lis kontwòl evalyasyon ki disponib, ak yo baze sou estanda imanitè tout moun aksepte (al gade lis kontwòl nan dokiman konplemantè ki apre kèk chapit teknik). Lis kontwòl yo amelyore koyerans ak aksesibilite done yo pou lòt ajans yo, yo pèmèt tout domèn kle yo gentan egzamine epi yo redui chans pou òganizasyon yo oswa moun yo gen patipri. Li posib pou yon fòma evalyasyon entè–ajans komen gentan prepare anvan yon katastwòf, oubyen li posib tout moun aksepte fòma a pandan entèvansyon an. Kèlkeswa sitiyasyon an, evalyasyon yo dwe eklèsi ni objektif ni metodoloji ki dwe itilize yo, epi yo dwe pwodui enfòmasyon ki pa gen patipri ladan yo konsènan konsekans kriz la sou moun ki afekte yo. Li bon pou itilize yon melanj metòd kantitatif ak kalitatif ki adapte ak kontèks la. Ekip evalyasyon yo dwe, depi sa posib, gen ni fi ni gason, ni jeneralis ni espésyalis ladan yo, san pa blyie moun ki konpetan nan ranmase done ki delika sou sèks ak ki konn kominike ak timoun yo. Ekip yo dwe gen moun ki





konn pale lang yo, ki abitye ak lokalite a ak ki kapab komuniké ak moun yo kòmsadwa selon kilti yo.

8. **Evalyasyon kapasite yo:** Kominote yo gen kapasite pou jere sitiyasyon yo ak pou retabli (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55). Gen anpil estrateji pou jere pwoblèm yo ki dirab ak ki itil, men gen lòt tou ki gendwa negatif ak ki kapab pote move konsekans alontèm, takou lè moun yo ap vann byen yo oswa lè yo tonbe nan bwè alkòl twòp. Evalyasyon yo dwe idantifye estrateji pozitif yo ki ogmante resistans moun yo, epi yo dwe idantifye rezon ki alabaz estrateji negatif yo.
9. **Evalyasyon sekirite a:** Li nesesè pou reyalize yon evalyasyon sekirite a pou popilasyon katastwòf la touche ak pou popilasyon akèy la tou nan kad evalyasyon inisyal yo ak evalyasyon k ap suiv yo, epi li enpòtan pou idantifye menas vyolans yo ak nenpòt kalite presyon oubyen refi pou satisfè bezwen moun yo oswa pou respekte dwa moun yo (al gade Prensip Pwoteksyon 3 nan paj 38).
10. **Pataj evalyasyon yo:** Rapò evalyasyon yo bay lòt ajans imanitè yo yon seri enfòmasyon ki itil anpil, yo kreye done ki sèvi kòm referans epi yo ogmante transparans desizyon ki fèt pou entèvansyon yo. Kèlkeswa diferans ki genyen yo nan fason chak ajans kreye rapò evalyasyon yo, yo dwe klè ak yo dwe kout, dekwa pou itilizatè yo kapab idantifye aksyon ki prioritè yo, ak yo dwe dekri metodoloji yo itilize a pou pwouve fyabilite done yo ak pou pèmèt yon analiz konparatif fèt si sa nesesè.



#### ■ Estanda Debaz 4: Konsepsyon ak entèvansyon

Entèvansyon imanitè a reponn ak bezwen yo evalye pou popilasyon katastwòf la touche parapò ak kontèks la, risk ki egziste yo ak kapasite moun ki afekte yo ak leta a pou jere sitiyasyon an ak pou yo retabli.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Kreye pwogram nan selon yon evalyasyon san patipri pou bezwen yo, kontèks la, risk yo ak kapasite popilasyon ki afekte a (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).
- Kreye pwogram nan yon fason pou l reponn ak bezwen ni leta a ni moun ki afekte yo p ap ka reponn (al gade nòt oryantasyon 1).





- ▶ Bay aksyon k ap sove lavi moun yo prioritetè lè yo abòde bezwen debaz ki ijan moun yo genyen pou rete anvi tousuit apre katastwòf la frape.
- ▶ Grasa repatisyon done evalyasyon yo, analize ki fason katastwòf la afekte diferan kalite moun ak popilasyon, epi kreye pwogram nan pou reponn ak bezwen patikilye sa yo.
- ▶ Prepare entèvansyon an dekwa pou moun ki frajil yo kapab aksede san pwoblèm ak asistans lan ak sèvis pwoteksyon yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire pwogram akapwòch w ap itilize yo toujou respekte tout aspè diyite moun ak popilasyon ki afekte yo (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55 ak nòt oryantasyon 3).
- ▶ Analize tout faktè ki fè pati kontèks la ak ki ogmante frajilite moun yo, epi kreye pwogram nan yon fason pou l redui frajilite yo a tikras pa tikras (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61 ak nòt oryantasyon 4).
- ▶ Prepare program nan yon fason pou l minimize danje moun yo fè fas, pou evite agrave tansyon yo nan yon konfli ak pou l pa kreye ensekirite oswa okazyon k ap favorize esplwatasyon ak abi (al gade nòt oryantasyon 5 ak Prensip Pwoteksyon 1 nan paj 33).
- ▶ Redui tikras pa tikras diferans ki genyen an ant kondisyon nou evalye yo ak estanda minimòm Sphere yo, dekwa pou satisfè oswa depase endikatè Sphere yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Kreye program k ap favorize yon retablisman bonè, k ap redui risk yo ak k ap ogmante kapasite moun afekte yo pou evite, minimize oswa pi byen jere konsekans nenpòt lòt pwoblèm ki te ka parèt pi devan (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Toujou kontinye adapte pwogram nan pou l rete pratik ak awopriye (al gade Estanda Debaz 5 nan paj 68).
- ▶ Favorize yon retablisman k ap dire etan w ap planifye ak w ap kominike estrateji final yo ba popilasyon ki afekte a depi bonè pandan egzekisyon pwogram nan.

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Kreyasyon pwogram yo baze sou analiz bezwen espesifik yo ak risk diferan gwoup moun fè fas.
- ▶ Kreyasyon pwogram yo pran an konsiderasyon diferans ki genyen an ant bezwen moun yo avèk kapasite yo genyen oswa leta a genyen pou reponn ak bezwen sa yo.





- ▶ Pwogram nan chanje lè gen chanjman nan kontèks la, nan risk yo ak nan bezwen ak kapasite moun yo.
- ▶ Kreyasyon pwogram nan entegre aksyon k ap redui frajilite moun yo devan pwoblèm ki ka parèt pi devan yo epi l ap ogmante kapasite yo pou jere pwoblèm sa yo.

## Nòt oryantasyon

1. **Soutni kapasite ki déjà egziste yo:** Prensipal wòl ak responsabilite leta a se asire asistans ak pwoteksyon bay moun ki afekte yo nan bon moman (al gade Dokiman Jiridik Imanitè, paragraf 2, nan paj 20). Lanse entèvansyon an si popilasyon afekte a oswa leta a pa gen ase kapasite pou reyaji (espésyalman okòmansman) oubyen si leta a oswa otorite k ap dirije yo montre yo aji avèk diskriminasyon ak kèk kalite moun oswa zòn ki afekte. Nan tout sitiyasyon yo, se kapasite ak entansyon leta a anvè tout manm popilasyon afekte a k ap detèmine echèl ak kalite entèvansyon imanitè a.
2. **Aksè:** Asistans lan dwe disponib pou tout moun ki bezwen l yo, san diskriminasyon (al gade Prensip pwoteksyon 2 nan paj 36). Aksè ak kapasite moun yo genyen pou itilize ak benefisyé asistans lan ap vin pi bon si enfòmasyon yo kominiye nan bon moman ak si pwogram yo koresponn ak bezwen patikilye yo genyen yo ak si yo makònèn ak kesyon kilti ak sekirite (pa egzanp, lè w ap bay manje, itilize liy diferan pou gramoun yo oswa fanm ki gen timoun). Pwogrè ap fèt nan aksè a lè fanm, nonm, fi ak gason nan tout laj ap patisipe nan kreyasyon pwogram. Lè w ap sèvi ak kritè ki byen prepare pou sible moun yo, lè pwosesis yo kominiye toupatou dekwa pou kominotè a ka konprann yo ak lè gen yon suivi sistematik ki fèt, aksè a ap amelyore. Chapit teknik yo dekri yon seri aksyon k ap fasilité yon aksè egal grasa yon kreyasyon byen reflechi, tankou nan domèn chwazi lokal yo nan zòn ki gen sekirite, eksetera.
3. **Fonnman lavi ki gen diyite** se asire aksè ak sèvis debaz yo, sekirite ak respè anvè dwa moun yo (al gade Dokiman Jiridik Imanitè nan paj 19). Se poutèt sa, **se fason** entèvansyon imanitè a aplike k ap genyen yon kokenn efè sou diyite ak byennèt popilasyon katastwòf la touche. Apwòch pwogram ki respekte valè chak moun genyen lakay li, ki soutni reliyón moun yo ak idantite kiltirèl yo, ki favorize oto-asistans nan kominotè a ak ki ankouraje rezo sipò sosyal ki pozitif yo, tout eleman esansyèl sa yo ap kontribye nan byennèt sikososyal la ak yo fè pati dwa moun yo genyen pou viv nan diyite.
4. **Kontèks ak frajilite:** Faktè sosyal, politik, kiltirèl, ekonomik, konfli ak anviwònan natirèl kapab ogmante frajilite moun yo devan yon katastwòf, epi nenpòt chanjman nan kontèks la gendwa fè moun yo vin frajil (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61). Moun ki frajil yo kapab twouve yo devan plizyè





faktè anmenmtan (pa egzanp, granmoun yo ki fè pati gwoup etnik sosyete a mete apa). Li nesesè pou analize enterakson ant faktè pèsònèl ak kontèks la ki ka ogmante risk yo, dekwa pou kreye pwogram yo pou yo jere ak minimize risk sa yo ak pou reponn ak bezwen moun ki frajil yo.

5. **Sansiblite devan yon konfli:** Asistans imanitè a kapab egzèse konsekans negatif yo pa t prevwa. Resous asistans ki presye yo kapab fè gen plis esplwatasyon ak abi, ak sa ka mennen nan konpetisyon, move itilizasyon oswa detounman asistans sa a. Grangou kapab sèvi kòm zam pou lagè (tankou lè yo fè esprè mete moun yo deyò nan yon zòn oswa lè y ap fòse moun yo transfere byen yo). Asistans lan kapab afekte popilasyon jeneral la tou ak agrave relasyon pouvwa ki pa egal ant diferan gwoup, tankou ant gason ak fi. Yon analiz ak yon konsepsyon pwogram ki fèt avèk swen kapab redui posibilité pou asistans lan ogmante konfli ak ensekrite a (pandan katastwòf natirèl yo tou). Kreye pwogram yo pou asistans lan ka repati yon fason ekitab ak pou l sible moun yo san patipri. Pwoteje sekrite nan diyite moun yo etan w ap respekte enfòmasyon pèsònèl konfidansyèl yo. Pa egzanp, moun k ap viv avèk VIH oswa SIDA gendwa make; lèfini, moun ki viktim vyolasyon dwa moun yo dwe jwenn asirans y ap resevwa asistans lan an tout sekrite ak konfidansyalite (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).
6. **Atenn Estanda Minimòm Sphere yo:** Kantite tan l ap pran pou atten estanda minimòm yo ap depann de kontèks la: se resous, aksè, ensekrite ak nivo lavi a nan zòn nan anvan katastwòf la k ap afekte faktè sa a. Tansyon gendwa monte si popilasyon afekte a atten yon nivo ki pi wo pase nivo popilasyon akèy la oswa popilasyon jeneral la, ak li ka menm fè kondisyon yo vin pi rèd. Ou dwe devlope estrateji pou minimize diferans ak risk yo, pa egzanp si w diminye konsekans negatif entèvansyon an ap egzèse sou anviwònan natirèl la ak sou ekonomi an, ak si w lite pou ogmante estanda yo pou popilasyon akèy la. Lè sa posib ak kote sa posib, ogmante entèvansyon an pou l touche popilasyon akèy la tou.
7. **Retablisman bonè ak rediksyon risk yo:** Se aksyon ki poze bonè pou ranfòse kapasite lokal yo, pou travay avèk resous lokal yo ak pou retabli sèvis yo, edikasyon an, mache yo ak opòtinitè mwamen egzistans yo k ap favorize yon retablisman rapid ak k ap soutni kapasite moun yo genyen pou jere risk yo apre asistans deyò a sispann (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55). Pi piti bagay entèvansyon imanitè a ka reyalize se pa nui oswa pa mete an danje kalite lavi a pou jenerasyon k ap vini yo, ak pa kontribye pa aksidan nan danje fiti (pa egzanp pa mwamen deforestasyon ak itilizasyon resous natirèl ki pa ka dire). Depi danje imedya kont lavi a gentan estabilize, analize tout risk ki genyen jounen jodi a ak pou pi devan (tankou risk ki soti nan chanjman klima a). Kreye pwogram yo pou redui risk alavni yo. Pa egzanp, pwofite okazyon pandan entèvansyon an pou envèsti nan rediksyon risk yo ak pou





'rekonstwi ak plis sekirite'. Pa egzanp, ou gendwa bati kay k ap reziste devan tranblemanntè oswa siklòn, pwoteje zòn imid k ap absòbe gwo loray epi soutni devlopman politik ak inisyativ kominotè nan domèn avètisman bonè ak preparasyon pou katastwòf.

### **Estanda Debaz 5: Pèfòmans, transparans ak aprantisaj**

Y ap egzamine pèfòmans ajans imanitè yo san rete epi y ap kominike yo bay aktè ki konsène yo; yo adapte pwojè yo selon pèfòmans yo.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Mete sou pye yon seri machaswiv sistematik ki senp, rapid ak ki mande tout aktè patisipe dekwa pou suiv pwogrè ki fêt yo nan tout estanda Sphere yo ak parapò ak prensip, rezulta ak aktivite pwogram nan vle soutni (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Mete sou pye yon seri machaswiv pou suiv pèfòmans jeneral ajans lan parapò ak sistèm direksyon ak jesyon kalite ajans lan (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Kontwole rezulta yo epi, lè sa posib, kontwole konsekans entèvansyon imanitè a genyen sou popilasyon afekte a ak popilasyon jeneral la depi bonè (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Mete sou pye yon seri machaswiv pou adapte estrateji pwogram yo selon done kontwòl nou resevwa yo, selon chanjman nan bezwen yo ak selon evolisyon kontèks la (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Reyalize egzèsis yon fason regilye pou reflechi ak pou aprann pandan tout egzekisyon entèvansyon an.
- ▶ Reyalize yon evalyasyon final oswa yon lòt revizyon pou aprantisaj objektif nan pwogram nan, epi konpare rezulta yo ak objektif, prensip ak estanda minimòm nou te defini yo (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Patisipe nan inisyativ gwoupe, entè–ajans ak lòt inisyativ pou aprann ansanm lè sa posib.
- ▶ Pataje rezulta kle ou jwenn nan suivi w ap fè a epi, lè sa apwopriye, pataje rezulta evalyasyon yo ak lòt pwosesis aprantisaj kle avèk popilasyon afekte a, otorite konpetan yo ak gwoup kowòdinasyon nan bon moman (al gade nòt oryantasyon 6).





### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pwogram yo adapte selon enfòmasyon ou jwenn nan suivi ak nan aprantisaj.
- ▶ Sous suivi ak evalyasyon yo entegre opinyon ki soti nan yon kantite moun ki reprezante moun entèvansyon an sible ak ki soti nan kominotè akèy la tou si li diferan.
- ▶ Enfòmasyon sou pwogrè yo ki egzak, ki ajou ak ki pa konfidansyèl yo kominike yon fason regilye bay moun entèvansyon an sible ak otorite lokal konpetan yo ak lòt ajans imanitè yo.
- ▶ Yo suiv pèfòmans yo yon fason regilye parapò ak tout Estanda Debaz Sphere yo ak estanda minimòm teknik ki aplikab yo (ansanm avèk estanda pèfòmans jeneral oswa estanda pèfòmans ajans lan ki gen rapò avèk entèvansyon an), epi yo kominike rezulta prensipal yo ba aktè kle yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Ajans yo ap kontinye mennen evalyasyon objektif oswa revizyon aprantisaj pou entèvansyon imanitè enpòtan an parapò ak estanda tout moun rekonèt nan domèn pratik evalyasyon (al gade nòt oryantasyon 6).

### Nòt oryantasyon

1. **Suivi** konpare entansyon yo avèk rezulta yo. Li mezire pwogrè yo parapò ak objektif pwojè a ak endikatè yo, epi li analize konsekans li sou frajilite a ak kontèks la. Enfòmasyon suivi yo gide revizyon pwojè yo, li pèmèt ou verifye ou respekte kritè yo ak si asistans lan atenn moun li te sible yo. Li pèmèt moun k ap pran dezisyon yo reyaji devan remak kominotè a fè yo ak idantifye nenpòt pwoblèm oswa tandans ki kòmanse parèt. Li tou bay ajans yo yon okazyon pou bay ak ranmanse enfòmasyon. Yon suivi efikas chwazi metòd ki kore pwogram ak kontèks patikilye a, li asosye done kalitatif ak kantitatif selon bezwen an ak li kenbe dosye koyeran ajou. Se yon kominikasyon ki ouvè (transparans) konsènan enfòmasyon suivi yo k ap ogmante responsabilite anvè populasyon afekte a. Lè se populasyon an menm k ap fè suivi a, transparans lan vin pi wo toujou, enfòmasyon yo vin pi bon kalite ak sa pèmèt moun yo jere yo dirèkteman. Se sa nou prevwa fè ak done yo ansanm avèk kimoun k ap sèvi avèk yo k ap detèmine ki enfòmasyon n ap ranmanse ak kijan n ap prezante yo. Done yo dwe prezante nan yon fòma ki fasil pou aksede, dekwa pou pwosesis pataj enfòmasyon yo ak pran dezisyon yo vin pi fasil.
2. **Pèfòmans ajans** lan pa annik vle di mezire ki kantite rezulta pwogram li an jwenn. Li kouvri tout fonksyon ajans lan ak pwogrè li fè parapò ak yon seri domèn tankou relasyon li genyen avèk lòt òganizasyon, respè li anvè bon





pratik, kòd ak prensip imanitè yo, ansanm avèk efikasite ak efisyans sistèm jesyon l yo. Demach asirans kalite, tankou *Quality Compas* ki soti nan Groupe URD kapab sèvi pou evalye pèfòmans jeneral ajans lan.

3. **Suiwi konsekans yo:** Yo konsidere piplis chak jou evalyasyon konsekans yo (efè jeneral entèvansyon yo genyen akoutèm ak amwayentèm, kit yo pozitik kit yo negatif, kit yo te prevwa yo kit yo pa t prevwa yo) kòm yon eleman ki posib reyalize ak ki dwe fè pati entèvansyon imanitè yo. Evalyasyon konsekans yo se yon disiplin enpòtan ki kòmanse pran plis enpòtans, ak li etabli yon rapò ant kontribisyon imanitè espesifik yo avèk chanjman konplèks ak konekte ki fèt nan popilasyon yo ak nan kontèks la. Se moun ki afekte yo ki pi byen plase pou evalye chanjman ki fèt nan lavi yo, ak se poutèt sa evalyasyon konsekans yo dwe pran an konsiderasyon kòmantè moun yo fè, yo dwe enplike tandem moun yo yon fason ouvè ak yo dwe entegre lòt apwòch kalitatif ak kantitatif ki genyen patisipasyon moun yo ladan l.
4. **Kenbe enterè pratik la:** Operasyon suivi yo dwe verifye yon fason regilye si pwogram nan toujou gen yon enterè pratik pou popilasyon afekte yo. Rezulta yo dwe mennen nan revizyon nan pwogram nan selon bezwen yo.
5. **Metòd pou egzamine pèfòmans yo:** Gen diferan kalite apwòch ki adapte ak diferan kalite objektif pèfòmans, aprantisaj ak responsabilite. Ou kapab sèvi ak plizyè kalite metòd, tankou suivi ak evalyasyon, evalysyon konsekans patisipatif ak egzèsis pou tandem moun yo, zouti asirans kalite, kontwòl, aprantisaj entèn ak egzèsis pou reflechi. Se nan fen entèvansyon yo konn reyalize evalyasyon pwogram yo, ak se lè sa a yo rekòmande nenpòt chanjman ki pou fèt nan politik òganizasyon an ak nan pwogram alavni yo. Li posib tou pou reyalize yon suivi pèfòmans yo 'an tan reyèl' pandan yon entèvansyon, dekwa pou pote chanjman tousuit nan politik yo ak nan pratik yo. Se evalyatè endepandan, ki pa fè pati ajans lan, ki konn reyalize evalyasyon yo, men mamm pèsonèl ajans lan tou kapab evalye yon pwogram depi yon suiv yon apwòch ki objektif. Sa vle di nòrmalman, li ta pi bon pou itilize mamm ajans yo ki pa t enplike nan entèvansyon an. Evalyasyon imanitè a sèvi ak yon seri uit dimansyon yo rele kritè DAC (Development Assistance Committee, oswa Komite Asistans Developman): enterè pratik, karaktè apwopriye, koneksyon, koyerans, kouvèti, efisyans, efikasite ak konsekans.
6. **Pèfòmans nan tout sektè a:** pataje enfòmasyon konsènan pwogrè chak ajans ap fè pou rive nan estanda minimòm Sphere yo avèk gwoup kowòdinayon yo ap favorize yon suivi nan tout entèvansyon an epi l ap kreye yon sous done enpòtan sou pèfòmans nan sektè a.





## Estanda Debaz 6: Pèfòmans travayè imanitè

Ajans imanitè yo bay yon jesyon apwopriye, yon sipò nan domèn sipèvizon aksikososyal, pou pèmèt travayè imanitè yo gen konesans, konpetans, konpòtman ak mantalite ki nesesè pou planifye ak aplike yon entèvansyon imanitè efikas ki chaje ak bonte ak respè.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Bay direktè yo yon fòmasyon apwopriye nan lidèchip, fè yo konnen politik kle yo ak resous yo bezwen yo pou dirje operasyon yo avèk efikasite (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Mete sou pye yon seri pwosedi rekritman ki sistematik, ki jis ak ki transparan pou atire yon maksimòm kandida ki apwopriye (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Kreye ekip yo yon fason pou gen ekilib ant fi ak gason, nan etnisite, laj ak antesadan sosyal, epi pa blyie divèsite ekip la dwe adapte avèk kilti ak kontèks lokal la.
- ▶ Bay travay imanitè yo (manm pèsonèl yo, volontè yo ak konsiltan yo, kit yo soti nan peyi a menm, kit yo soti aletranje) yon akèy kòmsadwa nan bon moman, fè yo konnen sa yo bezwen konnen, endike yo kimoun ki siperyè yo ak ki fonksyon yo genyen nan pòs yo okipe a, dekwa pou yo ka konprann responsabilite yo, objektif pwofesyonèl yo, valè òganizasyon yo, politik kle yo ak kontèks lokal la.
- ▶ Mete sou pye yon seri ekstraksyon sou sekirite ak evakysasyon, politik sou lasante ak sekirite, epi kominiye yo bay travayè yo anvan yo kòmanse travay nan ajans lan.
- ▶ Asire travayè imanitè yo gen aksè nan swen medikal ak sipò sikososyal.
- ▶ Mete sou pye yon seri kòd bon konduit pou travayè imanitè yo k ap pwoteje moun katastwòf la touche anba abi seksyèl, koripsyon, esplwatasyon ak lòt vyolasyon dwa moun yo. Fè moun katastwòf la touche konnen kòd sa yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Favorize yon kilti respè anvè popilasyon katastwòf la touche (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Mete sou pye pwosedi doleyans epi pran tout sanksyon ki nesesè kont travayè imanitè yo apre ou fin jwenn prèv yo vyole kòd bon konduit ajans lan.





- ▶ Fè evalysayon regilye sou pèsonèl la ak volontè yo epi fè komantè ba yo konsènan pefòmans yo parapò ak objektif pwofesyonèl yo, konesans, konpetans, konpòtman ak mantalite.
- ▶ Soutni travayè imanitè yo pou yo ka jere chay travay yo ak pou minimize strès la (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Ede manm pèsonèl yo ak direktè yo pou yo idantifye ansanm ki okazyon yo genyen pou kontinye aprann ak pou pefeksyonè tèt yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Ofri sipò ki nesesè bay travayè imanitè yo ki pase anba oswa ki temwen envènman ki te boulvèse yo anpil (al gade nòt oryantasyon 7).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Evalyasyon pefòmans manm pèsonèl yo ak volontè yo endike nivo konpetans yo anfòm parapò ak konpetans, konesans, konpòtman, mantalite ak responsabilite yo dwe genyen selon deskripsyon pòs yo okipe a.
- ▶ Travayè imanitè yo k ap vyole kòd bon konduit la, tankou nan domèn koripson ak abi, resevwa yon sanksyon fòmèl.
- ▶ Prensip ki fè pati Kòd bon konduit 'People In Aid' la, oswa prensip ki menm jan avè l yo, entegre nan politik ak pratik ajans lan.
- ▶ Kantite fwa travayè imanitè yo malad, blese oswa pase anba pwoblèm medikal ki gen rapò ak strès rete estab oubyen diminye pandan peryòd entè-vansyon devan katastwòf la.



### Nòt oryantasyon

1. **Bon pratik jesyon:** Sistèm pou jere moun yo depann de ajans lan ak kontèks la, men ni manadjè yo ni sipèviziè yo ta dwe byen konnen Kòd bon konduit 'People In Aid' la ansanm avèk politik ak ekstraksyon li genyen yo sou planifikasyon, rekritman, jesyon, aprantisaj ak devlopman, tranzisyon lè kontra a fini ak deplwaman nan ka ajans entènasyonal yo.
2. **Pwosedi rekritman** yo dwe ouvè epi tout manm pèsonèl ak kandida dwe konprann yo. Pou jwenn transparans sa a, li nesesè pou prepare ak pataje deskripsiyan pòs ki ajou ak ki apwopriye pou chak pòs, epi li esansyèl pou fòme ekip ki konpetan ak ki gen divèsite. Ekip ki gentan eggziste yo kapab vin pi apwopriye ak yo kapab mete plis divèsite lakay yo pa mwayen rekritman mouvo manm selon bezwen yo. Lè kantite manm pèsonèl yo ap ogmante rapid, li ka rive se manm ekip ki pa gen anpil eksperyans yo dwe anboche, epi manm pèsonèl ki gen eksperyans yo dwe bay nouvo manm sa yo sipò.





3. **Kontwòl travayè imanitè** yo genyen nan domèn jésyon ak distribisyon resous asistans enpòtan yo ba yo yon pozisyon kote yo gen pouvwa sou popilasyon katastwòf la touche. Pouva sa a yo genyen sou moun ki depann de asistans lan ak kote rezo sosyal pwoteksyon yo deranje oswa kraze kapab mennen nan koripson ak abi. Se souvan fanm, timoun ak moun andikape yo ki pase anba presyon ak ki tonbe nan sitiyasyon kote yo viktim abi seksyèl. Yon travayè imanitè pa janm dwe mande yon sèvis seksyèl pou moun nan resevwa asistans oswa pwoteksyon imanitè. Okenn moun ki asosye nan entèvansyon imanitè a (travayè imanitè ak pèsònèl militè, leta oswa sektè prive) pa dwe fè pati abi, koripson oswa esplwatasyon seksyèl. Tout moun ki asosye ak distribisyon imanitè yo pa gen dwa angaje tèt yo nan travay fòse granmoun kou timoun, itilizasyon dwòg ki pa annakò ak lalwa, ni fè komès avèk byen ak sèvis imanitè yo.
4. **Travayè imanitè yo dwe respekte** valè nan diyite popilasyon katastwòf la touche ak yo dwe evite nenpòt konpòtman (tankou abiman ki pa kòrèk) ki pa annakò ak kilti moun yo.
5. **Travayè imanitè yo souvan konn travay anpil èdtan** nan kondisyon ki gen risk ak ki bay strès. Responsabilite ajans lan genyen pou pran swen travayè I yo vle di li dwe pran mezi pou favorize byennèt yo ak pou evite fatig alontèm, blesi oswa maladi. Direktè yo dwe sensibilize travayè imanitè yo konsènan risk ki egziste yo, ak yo dwe pwoteje yo anba tout menas ki pa nesesè kont sante fizik ak emosyonèl yo, pa egzanp lè yo asire yon jésyon sekirite ki efikas, lè yo pèmèt yo jwenn repo ak rekiperasyon kòmsadwa, lè yo bay sipò aktif pou yo travay yon kantite èdtan ki rezonab ak lè yo ofri aksè ak sipò sikososal. Direktè yo kapab ranpli devwa sa a lè yo vin yon egzanp nan domèn bon pratik ak lè yo respekte politik yo pèsònèlman. Travayè imanitè yo tou dwe asime responsabilite pa yo pou jere byennèt pèsònèl yo.
6. **Nan kòmansman yon catastwòf**, devlopman kapasité pèsònèl la gendwa limite. Ofiramezi tan ap pase, pa mwayer evalyasyon pèfòmans yo ak kòmantè yo jwenn nan men pèsònèl la, direktè yo dwe idantifye epi soutni tout domèn ki merite plis aprantisaj ak devlopman. Preparasyon pou catastwòf la tou bay yon okazyon pou idantifye ak devlope konpetans imanitè yo.
7. **Premye swen sikolojik** yo dwe disponib tousuit pou travayè ki pase anba oswa ki temwen yon evènman ki te boulvèse yo anpil (al gade Sèvis la sante esansyèl – estanda la sante mantal 1 nan paj 333 ak Referans ak lekti konplemantè). Bay komunikasyon sou kesyon sikolojik yo pa efikas ak li pa bezwen fêt.





# Referans ak lekti siplemantè

## Sous

### Entèvansyon imanitè ki konsantre sou moun

Emergency Capacity Building (ECB) Project (2007), Impact Measurement and Accountability in Emergencies: The Good Enough Guide. Oxfam Publishing. Oxford. [www.oxfam.org.uk/publications](http://www.oxfam.org.uk/publications)

Human Accountability Partnership (HAP) International (forthcoming), Standard in Accountability and Quality Management. Jenèv.

[www.hapinternational.org/projects/standard/hap\\_2010\\_standard.aspx](http://www.hapinternational.org/projects/standard/hap_2010_standard.aspx)

Komite pèmnanan entè–ajans (IASC) (2007), IASC Guidelines on Sante mantal and Psychosocial Support in Emergency Settings. Jenèv.



### Evalyasyon

IASC (2003), Initial Rapid Assessment (IRA) Guidance Notes for Country Level. Jenèv. [www.humanitarianreform.org/humanitarianreform/Portals/1/cluster%20approach%20page/?/clusters%20page?s/?/health%20cluster/RT/IRA\\_Guidance\\_Country%20Level\\_field\\_test.doc](http://www.humanitarianreform.org/humanitarianreform/Portals/1/cluster%20approach%20page/?/clusters%20page?s/?/health%20cluster/RT/IRA_Guidance_Country%20Level_field_test.doc)

IASC (li gen pou parèt), Needs Assessment Task Force (NATF) Operational Guidance for Needs Assessments.

Ushahidi mobile phone–based information gathering and sharing: [www.ushahidi.com](http://www.ushahidi.com)

### Konsepsyón ak entèvansyon

Sansiblite Devan yon Konfli: [www.conflictsensitivity.org/](http://www.conflictsensitivity.org/)

Early Recovery Tools and Guidance: <http://oneresponse.info/GlobalClusters/Early%20Recovery/Pages/Tools%20and%20Guidance.aspx>

IASC (2006), Women, Girls, Boys and Men: Different Needs – Equal Opportunities (The Gender Handbook in Humanitarian Action). Jenèv.





<http://oneresponse.info/crosscutting/gender/Pages/Gender.aspx>

Provention Consortium (2007), Vulnerability and Capacity Analysis Guidance Note 9. Jenèv. [www.proventionconsortium.org/themes/default/pdfs/tools\\_for\\_mainstreaming\\_GN9.pdf](http://www.proventionconsortium.org/themes/default/pdfs/tools_for_mainstreaming_GN9.pdf)

Estrateji entènasyonal Nazyonzini yo pou prevansyon katastwòf (UNISDR) (2005), Hyogo Framework for Action 2005–2015: Building the resilience of nations and communities to disasters. Jenèv.

[www.unisdr.org/eng/hfa/docs/Hyogo-framework-for-action-english.pdf](http://www.unisdr.org/eng/hfa/docs/Hyogo-framework-for-action-english.pdf)

### Kowòdinasyon ak kolaborasyon

Platfòm imanitè global (2007), Global Humanitarian Principles of Partnership. A Statement of Commitment Endorsed by the Global Humanitarian Platform. Jenèv. [www.globalhumanitarianplatform.org/pop.html](http://www.globalhumanitarianplatform.org/pop.html)

IASC (2008), Guidance Note on using the Cluster Approach to Strengthen Humanitarian Response. Jenèv.

IASC, Global Cluster Approach:

<http://oneresponse.info/GlobalClusters/Pages/default.aspx>

IASC ak Biwo Nasyonzini yo pou kowòdinasyon afè imanitè yo (OCHA) (2008), Civil–Military Guidelines and Reference for Complex Emergencies. Nouyòk. <http://ochaonline.un.org/cmcs/guidelines>

OCHA (2007), Guidelines on the Use of Foreign Military and Civil Defence Assets In Disaster Relief – “Oslo Guidelines”. Rev. 1.1. Jenèv.

<http://ochaonline.un.org/cmcs>

### Pèfòmans, transparans akaprantisaj

Active Learning Network for Accountability and Performance in Humanitarian Action(ALNAP)(2009), 8th Review of Humanitarian Action. Overseas Development Institute (ODI). Lonn. [www.alnap.org/initiatives/current/rha/8.aspx](http://www.alnap.org/initiatives/current/rha/8.aspx)

Collaborative Learning Projects (2007), The Listening Project (LISTEN). Cambridge, Mass.

[www.cdainc.com/cdawww/pdf/other/cda\\_listening\\_project\\_description\\_Pdf.pdf](http://www.cdainc.com/cdawww/pdf/other/cda_listening_project_description_Pdf.pdf)

Groupe URD (2009), Quality Compas.

[www.compasqualite.org/en/index/index.php](http://www.compasqualite.org/en/index/index.php)

Organizasyon kowoperasyon ak devlopman ekonomik (1999), Guidance for Evaluation of Humanitarian Assistance in Complex Emergencies. Paris. Pari. [www.oecd.org/dac](http://www.oecd.org/dac)





## Pèfòmans travayè imanitè yo

People In Aid (2003), The People In Aid Code of Good Practice in the Management and Support of Aid Personnel. Lonn. <http://peopleinaid.org>

Òganizasyon mondyal lasante, World Vision International ak War Trauma Foundation (li gen pou parèt), Psychological First Aid Guide. Jenèv. [www.who.int/mental\\_health/emergencies/en/](http://www.who.int/mental_health/emergencies/en/)

## Lekti Siplemantè

### Andikap

Handicap International, Disability Checklist for Emergency Response.

[www.handicap-international.de/fileadmin/redaktion/pdf/disability\\_checklist\\_booklet\\_01.pdf](http://www.handicap-international.de/fileadmin/redaktion/pdf/disability_checklist_booklet_01.pdf)

Andikap Komisyon fanm pou fanm ak timoun refijye (2008), Disabilities among Refugees and Conflict-affected Populations: A Resource Kit for Fieldworkers. Nouyòk. [www.womensrefugeecommission.org/docs/disab\\_res\\_kit.pdf](http://www.womensrefugeecommission.org/docs/disab_res_kit.pdf)



### Anviwònman

Joint United Nations Environment Programme and OCHA Environment Unit: [www.reliefweb.int/ochaunep](http://www.reliefweb.int/ochaunep)

Kelly, C (2005), Guidelines for Rapid Konsekans sou anviwònman Assessment in Disasters. Benfield Hazard Research Center, University College London and CARE International. Lonn.

UNHCR ak CARE International (2005), Framework for Assessing, Monitoring and Evaluating the Environment in Refugee-related Operations: Toolkit for practitioners and managers to help assess, monitor and evaluate environmental circumstances, using mainly participatory approaches. Jenèv. [www.unhcr.org/4a97d1039.html](http://www.unhcr.org/4a97d1039.html)

UNHCR and International Union for the Conservation of Nature (2005), UNHCR Environmental Guidelines. Geneva. [www.unhcr.org/3b03b2a04.html](http://www.unhcr.org/3b03b2a04.html)

### Evalyasyon ak repons

Wo komisarya Nasyonzini pou refijye yo (UNHCR) ak Pwogram alimantè mondyal (PAM) (2008), Joint Assessment Mission Guidelines. 2èm edisyon. Wòm. [www.unhcr.org/45f81d2f2.html](http://www.unhcr.org/45f81d2f2.html)





## Granmoun aje

HelpAge International: [www.helpage.org](http://www.helpage.org)

IASC (2008), Humanitarian Action and Older Persons – an essential brief for humanitarian actors. Jenèv. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&sel=24](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&sel=24)

ODI (2005), Network paper 53: Assisting and protecting older people in emergencies. Lonn. [www.odis.org.uk/resources/details.asp?id=357&title=protecting-assisting-older-people-emergencies](http://www.odis.org.uk/resources/details.asp?id=357&title=protecting-assisting-older-people-emergencies)

## Pèfòmans, suivi ak evelyasyon

ALNAP Annual Review (2003), Humanitarian Action: Improving Monitoring to Enhance Accountability and Learning. Lonn. London. [www.alnap.org](http://www.alnap.org)

ALNAP (2009), Real Time Evaluations of Humanitarian Action (Pilot Version). Lonn. [www.alnap.org](http://www.alnap.org)

Catley, A et al (2008), Participatory Impact Assessment. Feinstein International Center, Tufts University.

<https://wikis.uit.tufts.edu/confluence/display/FIC/Participatory+Impact+Assessment>

Groupe URD (2009), Quality COMPAS Companion Book. [www.compasqualite.org/en/index/index.php](http://www.compasqualite.org/en/index/index.php)

OECD (1999), Guidance for the Evaluation of Humanitarian Assistance in Complex Emergencies. Pari. [www.oecd.org/dac](http://www.oecd.org/dac)

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou evelyasyon an (ansanm avèk modil fòmasyon) akapwòch sou aprantisaj nan ALNAP: [www.alnap.org](http://www.alnap.org)

## Sèks

Gender and Disaster Network: <http://gdnonline.org>

WFP (2009), WFP Gender Policy. [www.wfp.org/content/wfp-gender-policy](http://www.wfp.org/content/wfp-gender-policy)

## Siblaj:

Siblaj Federasyon entènasyonal sisyete Lakwa wouj ak Kwasan wouj (2003), World Disasters Report 2003 – Chapit 1: Humanitarian ethics in disaster and war. [www.ifrc.org/publicat/wdr2003/chapter1.asp](http://www.ifrc.org/publicat/wdr2003/chapter1.asp)

UNISDR (2001), Countering Disasters, Targeting Vulnerability. Jenèv. [www.unisdr.org/eng/public\\_aware/world\\_camp/2001/pdf/Kit\\_1\\_Countering\\_Disasters\\_Targeting\\_Vulnerability.pdf](http://www.unisdr.org/eng/public_aware/world_camp/2001/pdf/Kit_1_Countering_Disasters_Targeting_Vulnerability.pdf) UNHCR ak CARE International (2005), Framework for Assessing, Monitoring and Evaluating the Environment in Refugee-





related Operations: Toolkit for practitioners and managers to help assess, monitor and evaluate environmental circumstances, using mainly participatory approaches. Jenèv.

[www.unhcr.org/4a97d1039.html](http://www.unhcr.org/4a97d1039.html)

UNHCR and International Union for the Conservation of Nature (2005), UNHCR Environmental Guidelines. Geneva. [www.unhcr.org/3b03b2a04.html](http://www.unhcr.org/3b03b2a04.html)

### Timoun

Action for the rights of children (ARC) (2009),  
[www.arc-online.org/using/index.html](http://www.arc-online.org/using/index.html)

Inter-Agency Network for Education in Emergencies (INEE) ak Sphere Project (2009), Integrating Quality Education within Emergency Response for Humanitarian Accountability: The Sphere-INEE Companionship. Jenèv.

### VIH/SIDA

IASC (2010), Guidelines for Addressing HIV in Humanitarian Settings. Jenèv. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&sel=9](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-products-products&sel=9)







# Estanda Minimòm nan Apwovizyonman Dlo, Sanitasyon ak Pwomosyon Ijyèn





# Fason pou itilize chapit sa a

Chapit sa separate an sèt (7) seksyon prensipal:

- Apwovizyonman dlo, sanitasyon ak pwomosyon ijyèn (WASH)
- Pwomosyon pou ijyèn
- Apwovizyonman dlo
- Eliminasyon ekskreman
- Kontwòl vektè
- Jesyon dechè solid
- Drenaj

Nou dwe itilize Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo sistematikman nan chapit sa a.

Menmsi yo deziyen sitou pou bay enfòmasyon pou repons imanitè nan yon katastwòf, yo ka konsidere estanda minimòm yo tou pandan preparasyon pou katastwòf la ak tranzisyon nan aktivite redrèzman yo.

Chak seksyon gen sa ki pi ba yo:

- **Estanda minimòm:** Estanda sa yo gen gen kalite kalitatif epi yo espesifye nivo minimòm yo dwe rive pou jwenn rive reyalize nan repons imanitè konsènan dispozisyon apwovizyonman dlo, sanitasyon ak pwomosyon ijyèn.
- **Aksyon kle:** sa yo se aktivite ak kontribisyon yo sjere pou ede satisfè estanda yo.
- **Endikatè kle:** sa yo se 'siy' ki montre si yo rive nan yon estanda ou pa. Yo ofri yon metòd pou pran mezi epi kominike pwosede ak rezulta aksyon kle yo; yo gen rapò ak estanda minimòm alan, pa aksyon kle a.
- **Nòt oryantasyon:** Yo gen pwen espesifik pou konsidere Lè n ap aplike estanda minimòm, aksyon kle ak endikatè kle yo nan diferan sitiayson. Yo bay oryantasyon sou fason pou jere difikilté pratik, pwen referans oswa konsèny sou priyorité. Anplis yo kapab genyen pwoblèm kritik ki asosye ak estanda, aksyon oswa endikatè, epitou yo dekri dilèm, polemik oswa divèjans nan konesans kouran.

Si yo pa ka satisfè endikatè kle ak aksyon ki obligatwa yo, se pou yo evalye enplikasyon negatif sou popilasyon ki touche a epi pran aksyon ki apwopriye pou bese pwoblèm nan.

Yon lis evalyasyon bezwen yo fè pati nan Dokiman Siplementè 1; yo bay nòt gid yo nan Dokiman siplementè 2–6; epitou yo bay yon lis referans chwazi ak lòt lekti, ki montre sous enfòmasyon sou pwoblèm espesifik ak pwoblèm jeneral ki asosye avèk chapit sa a.






# Sa ki nan Gid la

Entwodiksyon .....	85
1. Apwovizyonman dlo, sanitasyon ak pwomosyon ijyèn (WASH).....	90
2. Pwomosyon pou ijyèn .....	93
3. Apwovizyonman dlo.....	99
4. Eliminasyon matyè fekal.....	107
5. Kontwòl vektè .....	114
6 Jesyon dechè solid .....	120
7. Drenaj.....	124
Dokiman Siplemantè 1: Lis evalyasyon premye bezwen yo pou apwovizyonman dlo, sanitasyon, ak pwomosyon ijyèn .....	127
Dokiman Siplemantè 2: Kantite minimòm dlo pou enstitisyon yo ak pou lòt itilizasyon .....	132
Dokiman Siplemantè 3: Kantite minimòm twalèt nan espas piblik yo ak nan enstitisyon yo nan sitiyasyon katastwòf.....	133
Dokiman Siplemantè 4: Maladi ki asosye ak dlo ak matyè fekal ak pwosesis transmisyon maladi yo .....	134
Dokiman Siplemantè 5: Ijyèn minimòm, sanitasyon ak aktivite izòlman pou sant tretman kolera (CTC) .....	135
Dokiman Siplemantè 6: Òganigram desizyon pou tretman ak estokaj dlo nan kay.....	136
Referans ak lekti siplemantè .....	137







# Entwodiksyon

## Lyen bay Dokiman Jiridik Imanitè ak Iwa entènasyonal

Estanda minimòm pou apwovizyonman dlo, sanitasyon ak pwomosyon ijyèn (WASH) se ekspresyon pratik konviksyon ak angajman komen ajans imanitè yo ak prensip komen ki gouvène aksyon imanitè ki endike nan Dokiman Jiridik Imanitè a. Prensip sa yo baze sou prensip limanitè, epitou yo eksprime nan Iwa entènasyonal. Yo gen ladan dwa pou moun viv avèk diyitenan diyite, dwa pou moun jwenn pwoteksyon ak sekirite, ak dwa pou moun resevwa èd imanitè sou baz nesesite. Yon lis dokiman legal ak politik enpòtan ki gide Dokiman Jiridik Imanitè a disponib pou referans nan Anèks 1 (al gade paj 356), avèk kòmantè eksplikasyon pou travayè imanitè yo.

Menmsi leta yo reprezante garanti prensipal responsabilite yo anrapò avèk dwa ki endike anwo a, ajans imanitè yo gen yon responsabilite pou travay avèk popilasyon ki afekte nan katastwòf yo nan yon fason ki konfòm avèk dwa sa yo. Nan dwa jeneral sa yo genyen yon kantite dwa ki pi espesifik. Dwa sa yo gen ladan dwa pou patisipasyon, enfòmasyon ak non-diskriminasyon ki fòme baz Estanda Debaz yo, ak dwa espesifik pou jwenn dlo, sanitasyon, manje, refij ak sante ki baze sou dwa sa yo ak sou lòt estanda minimòm ki nan Dokiman Manyèl sa a.



Tout moun gen dwa pou jwenn dlo ak sanitasyon. Dwa sa a rekonèt nan dokiman legal entènasyonal yo epi li prevwa kantite dlo ki ase, pwoteje, akseptab, aksesib sou epiak abòdab sou plan fizik pou itilizasyon anplwaye pèsònèl ak itilizasyon lokal nan kay ak ak enstalasyon sanitè ki aksesib. Yon kantite dlo potab konvnab nesesè pou evite lanmò akòz dezidratasyon, pou redui risk maladi ki asosye ak dlo, epitou pou distribiye pou konsomasyon, pou kuit manje ak pou egzijans ijenik pèsònèl ak domestik.

Dwa pou jwenn dlo ak sanitasyon asosye san pwoblèm avèk dwa moun, tankou dwa pou gen sante, dwa pou jwenn lojman ak dwa pou jwenn manje kòmsadwa. Kidonk, li fè pati garanti enpòtan pou sipòte lavi. Aktè leta ak aktè ki pa nan leta yo gen responsabilite pou satisfè dwa pou moun yo jwenn dlo ak sanitasyon. Pa egzanp, nan moman konfli ame yo, gen entèdiksyon pou atake, detwi, retire oswa elimine enstalasyon dlo potab yo oswa travay irigasyon yo.





Estanda minimòm ki nan chapit sa se pa yon reprezantasyon konplè de dwa moun yo pou jwenn dlo ak sanitasyon. Sepandan, estanda Sphere yo montre kontni debaz dwa pou moun jwenn dlo ak sanitasyon, epitou yo kontribiye nan reyalizasyon dwa sa a ofi-ramezi toupatou sou latè.

## Enpòtans WASH nan katastwòf yo

Dlo ak enstalasyon sanitè se karakteristik enpòtan pou siviv nan premye etap yon katastwòf. Anjeneral, moun ki afekte nan katastwòf yo pi fasil pou malad ak mouri akòz maladi, ki anrapò an patikilye ak sanitasyon ki pa apwopriye, dlo an apwovizyonman dlo ki pa apwopriye ak move ijyèn. Maladi pi enpòtan sa yo se dyare ak enfeksyon ki transmèt nan matyè fekal ki pase nan bouch moun yo (al gade Dokiman Siplementè 4: Maladi ki asosye ak dlo ak matyè fekal ak pwosesis transmisyon maladi). Lòt maladi ki asosye ak dlo ak sanitasyon gen ladan maladi ki transmèt nan vektè ki asosye ak dechè solid ak dlo. Mo 'sanitasyon' an toupatou nan Liv Enfòmasyon Sphere la, li asosye ak eliminasyon matyè fekal, kontwòl vektè, jesyon dechè solid ak drenaj.

Objektif prensipal pwogram WASH yo nan katastwòf se pou redui transmisyon maladi ki asosye ak matyè fekal ak ekspozisyon nan vektè ki bay maladi. Sa fèt avèk pwomosyon:

- ▶ bon pratik ijyèn
- ▶ distribisyon dlo potab ki pwotejesan danje
- ▶ rediksyon risk sante nan anviwònman an
- ▶ kondisyon ki pèmèt moun yo viv avèk bon sante, diyite, konfò ak sekirite.

Lè w senpleman distribibiye kantitefouni ase dlo ak enstalasyon sanitè, sa pa pral, poukонт li, asire itilizasyon maksimòm yo ak enpak yo sou sante pubblik. Pou kapab rive jwenn maksimòm benefis nan yon repons, li enpòtan pou asire moun ki afekte nan katastwòf yo jwenn enfòmasyon ki nesesè, konesans ak kompreyansyon pou evite maladi ki asosye avèk dlo ak sanitasyon, epitou pou mobilize yo pou yo patisipe nan devlopman ak antretyen enstalasyon sa yo.

Pa egzanp, itilizasyon dlo ak enstalasyon sanitè kominal yo nan sitiayson refijye oswa nan sitiayson kote popilasyon yo deplase, kapab fè fanm ak ti fitifi yo vin pi frajil nan vyolans seksyèl ak nan lòt fòm vyolans ki baze sou sèks. Pou kapab diminye risk sa yo nèt, epitou pou asire yon pi bon kalite repons, li enpòtan pou ankouraje patisipasyon fanm yo nan pwogram apwovizyonman dlo ak sanitasyon. Yon patisipasyon ekitab fanm ak gason nan planifikasyon, nan pran desizyon ak





jesyon lokal ap ede asire tout popilasyon afekte a jwenn bon apwovizyonman dlo ak sèvis sanitasyon ki fasil pou jwenn epitou ki apwopriye.

Pi bon repons pou katastwòf nan sante piblik reyalize nan pi bon preparasyon. Preparasyon konsa se rezulta kapasite, relasyon ak konesans gouvènman, ajans imanitè, òganizasyon soyete sivil lokal, kominotè ak moun yo devlope pou prevwa ak reponn yon fason ki efikas nan konsekans danjere ki ka genyen ak danje ki genyen. Sa baze sou yon analiz risk epitou li byen assosye avèk premye sistèm avètisman yo. Preparasyon an gen ladan planifikasyon plan operasyon dijans yo, estokaj ekipman ak materyèl, sèvis ijans ak aranjman pou bay sekou, fòmasyon anplwaye ak planifikasyon fòmasyon ak egzèsis deplasman nan nivo kominotè a.

## Lyen ki mennen nan lòt chapit

Anpil estanda nan lòt chapit yo enpòtan pou chapit sa a. Pwogrè nan reyalization estanda nan yon domèn souvan enflyanse epi menm detèmine pwogrè nan lòt domèn yo. Pou yon entèvansyon kapab efikas, bon jan kowòdinasyon ak kolaborasyon nesesè avèk lòt sektè yo. Kowòdinasyon avèk otorite lokal yo ansanm ak lòt òganizasyon repons yo nesesè tou pou asire yo satisfè bezwen yo, menm efò yo pa repete, epi entèvansyon nan kalite dlo ak nan sanitasyon fèt nan maksimòm.

Pa egzanp, kote yo pa t reyalize estanda nitrisyon yo, gen pi gwo ijans pou amelyore estanda dlo ak sanitasyon, paske frajilate moun yo nan maladi ap ogmante anpil. Menm bagay la aplike pou popilasyon kote gen anpil moun ki gen VIH ak SIDA, oswa kote gen yon gwo pwopòsyon granmoun aje oswa moun ki andikape. Priyrite yo fèt pou deside sou baz bon enfòmasyon yo divilge ba sektè yo lè sitiayson an ap evolye. Gen referans ki fèt tou, kote li enpòtan, nan estanda akonpayman yo ak nan estanda konplemantè yo.

## Lyen ki Mennen nan Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo

Pou satisfè estanda yo ki nan Gid sa a, tout ajans imanitè yo dwe suiv Prensip Pwoteksyon yo, menmsi yo pa gen manda pwoteksyon an patikilye oswa kapasite espesyalis nan pwoteksyon. Prensip yo pa tout bagay 'nèt': nou rekonèt sikontans yo kapab limite jiska ki kote ajans yo kapab satisfè yo. Sepandan, Prensip yo reflete enkyetid imanitè inivèsèl ki dwe gide aksyon pandan tout tantoutan.



Estanda Debaz yo se estanda pwosesis ak pèsonèl empòtan tout sektè yo pataje. Sis Estanda Debaz yo kouvri patisipasyon, evalyasyon inisyal, repons, siblaj, siveyans, evalyasyon, pèfòmans travayè imanitè, ak sipèvizon avèk soutyen pèsonèl. Yo bay yon sèl pwen referans pou apwòch ki soutni lòt estanda yo ki nan Gid la. Se saksa ki fè chak chapit teknik sipoze akonpànye Estanda Debaz la pou ede akonpli pwòp estanda yo. Sitou pou rasire si nenpòt repons apwopriye epi gen bon kalite, patisipasyon moun yo katastwòf la afekte – tankou gwooup ak grenn moun ki gen plis risk nan katastwòf– dwe maksimize.

## Frajilite ak kapasite popilasyon ki afekte nan katastwòf yo

Seksyon sa a te kreye pou li l ansanm ak Estanda Debaz yo ak pou ranfòse yo.

Li empòtan pou rekònèt pou poutèt jèn moun oswa granmoun, yon fanm oswa yon moun ki gen yon andikap oswa VIH, poukont li, pa lakòz yon moun vin frajil oswa gen gwo risk poukонт li. Men, se pito entè–aksyon faktè yo ki fè sa: pa egzanp, yon moun ki gen plis pase 70 ane, ki abite poukонт li epi sante li pa bon pi frajil pase yon moun ki gen menm laj la epi li an ansante ki ap viv ak fanmi li epi ki gen ase lajan. Menm jan an, yon ti fitifi twazan pi frajil si li pa akonpànye pase si li tapt ap viv ak paran responsab kapkap pran swen li.

Lè yo aplike estanda WASH ak aksyon kle yo, yon analiz sou frajilite ak kapasite ap ede asire yon efò repons nan katastwòf la ap sipòte moun ki gen yon dwa pou jwenn asistans nan yon mannyè ki san diskriminasyon ak moun ki bezwen li pi plis. Sa mande pou yo byen konprann kontèks lokal la ak fason yon katastwòf patikilye gen enpak sou gwooup moun patikilye nan diferan fason akòz frajilite ki egziste deja (pa egzanp lè yon moun pòv anpil oswa lè li viktim pratik diskriminasyon), eksposizyon yo nan divès menas pwoteksyon (pa egzanp, vyolans ki baze sou sèks, tankou eksplwatasyon sekylè), ensidans oswa prevalans maladi (pa egzanp, VIH oswa tibèkiloz) ak posiblite epidemi (pa egzanp, lawoujòl oswa kolera). Katastwòf yo kapab lakòz inegalite ki la deja yo vin pi grav. Sepandan, li ap empòtan ou soutni estrateji moun yo pou yo siviv ak kapasite pou kenbe fèm ak retabli yo. Se pou soutni konesans, kapasite ak estrateji yo epi defann yo pou jwenn aksè ak soutyen sosyal, legal, finansye ak psiko–sosyal. Yo dwe abòde tou divès baryè fizik, kiltirèl, ekonomik ak sosyal yo ka genyen lè y ap jwenn sèvis yo nan yon mannyè egalego.





Sa ki anba la a endike kèk domèn kle y ap asire yo konsidere dwa ak kapasite moun frajil yo:

- ▶ Itilize patisipasyon moun yo omaksimòm, pandan y ap asire ke tout gwoup reprezantan yo ladan, espesyalman moun ki mwens vizib yo (pa egzanp moun ki gen pwoblèm pou kominiye oswa pou deplase, moun k ap viv nan enstitisyon, jèn ki gen etikèt endezirab ak lòt gwoup ki pa reprezante oubyen ki manke reprezante yo).
- ▶ Separe done yo pa sèks ak laj (0–80+ ane) pandan evalyasyon an – sa a se yon eleman enpòtan pou asire sektè WASH konsidere divèsite nan popilasyon yo.
- ▶ Asire yo kominiye dwa pou enfòmasyon sou dwa yo nan yon mannyè ki konsidere tout manm kominotè an a epitou ki aksesib pou tout manm kominotè a.






## Estanda minimòm

# 1. Apwovizyònman dlo, sanitasyon ak pwomosyon ijyèn (WASH)

Objektif nenpòt pwogram WASH se pou ankoraje bon ijjèn pèsonèl ak bon ijjèn nan anviwònman pou kapab pwoteje sante, jan sa endike nan dyagram ki anba la a. Yon pwogram efikas WASH depann de yon echanj enfòmasyon ant ajans lan ak popilasyon ki afekte nan katastwòf la pou kapab idantifye pwoblèm ijjèn kle ak solisyon ki apwopriye sou plan kiltirèl. Asire itilizasyon maksimòm tout apwovizyònman dlo yo ak enstalasyon sanitè yo, epitou pratik bon ijjèn ap pèmèt vin gen gwo enpak sou sante publik.

- Pwomosyon pou ijjèn se yon pwomosyon ki enpòtan pou yon entèvansyon WASH gen siksè. Objektif sou pwomosyon pou ijjèn nan se yon objektif ki jeneral ak espesifik. Anjeneral, pwomosyon pou ijjèn entegral pou tout seksyon yo, epitou li reprezante nan endikatè yo pou apwovizyònman dlo, eliminasyon matyè fekal, kontwòl vektè, jesyon dechè solid ak drenaj. Yon fason ki pi efikas, objektif la baze sitou sou estanda nan pwomosyon pou ijjèn nan chapit sa a, epitou li asosye avèk aktivite pwomosyon ijjèn patikilye.





## Estanda 1 WASH: Developman ak egzekisyon pwogram (WASH)

Bezwen WASH popilasyon ki afekte a satisfè epi itilizatè yo patisipe nan konsepsyon, jesyon ak antretyen enstalasyon yo lè sa nesesè.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identife risk kle enpòtans sante piblik nan tèt ansanm avèk popilasyon ki afekte a (al gade nòt oryantasyon 1 ak Estanda Debaz 1, 3–4 nan paj 55–65).
- ▶ Ofri ak abòde bezwen sante piblik popilasyon ki afekte a selon bezwen ki prioritè yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Yon fason sistematik, chèche jwenn remak sou konsepsyon ak admisibilite enstalasyon yo pamì tout gwoup itilizatè yo sou nan tout aktivite pwogram WASH (al gade Estanda Debaz 1, 3–4 nan paj 55–65).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon an)

- ▶ Tout gwoup ki nan popilasyon an dwe jwenn aksè san pwoblèm ak egalego nan resous ak enstalasyon WASH, itilize sant yo ofri yo epi pran mezi pou redui risk sou sante piblik (al gade estanda 2 nan Pwomosyon pou Ijyèn nan paj 94).
- ▶ Tout anplwaye WASH yo dwe kominike aklè epi avèk respè avèk moun ki afekte yo, epitou yo dwe bay yo enfòmasyon sou pwojè a san pwoblèm, tankou pou yo konnen fason pou reponn kesyon manm kominotè a konsènan pwojè a.
- ▶ Genyen yon sistèm anplas pou jesyon ak antretyen enstalasyon yo kòmsadwa, epi diferan gwoup ap kontribiye yon fason ekitab (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Tout itilizatè yo satisfè pou konsepsyon ak egzekisyon pwogram WASH te pèmèt vin gen plis sekirite, epitou sa te pèmèt moun yo vin jwenn diyite yo ankò.



### Nòt oryantasyon

1. **Evalyasyon bezwen yo:** Yon evalyasyon nesesè pou idantifye pratik ki gen risk ki ta ka fè moun yo vin pi frajil, epitou pou prevwa siksè posib distribisyon enstalasyon WASH yo ak aktivite pou ankouraje ijyèn. Risk kle yo ta ka gen chans konsantre sou sekirite fizik nan fason pou jwenn aksè nan enstalasyon yo, diskriminasyon gwoup moun eskli yo mete apa ki afekte aksè pa yo nan enstalasyon yo, itilizasyon ak antretyen twalèt yo, lavaj men avèk savon ki





pa fèt ase oswa yon lòt altènatif, ranmasaj ak estokaj dlo yon fason ki pa sanitè, epitou estokaj ak preparasyon manje yon fason ki pa sanitè. Evalyasyon an ta dwe egzamine resous disponib pou popilasyon an, ak konesans ak pratik lokal yo pou aktivite pwomosyon yo ka efikas, enpòtan ak pratik. Yo ta dwe idantife prensip sosyal ak kiltirèl ki ta ka fasilité ak/oswa konpwomèt respè bon pratik ijyèn yo konsènan premye evalyasyon ak evalyasyon kontini. Evalyasyon an ta dwe fè atansyon a bezwen moun ki frajil yo. Si li pa posib pou gen konsiltasyon avèk nenpòt gwooup moun frajil, sa ta dwe endike aklè nan rapò evalyasyon an, epitou yo ta dwe abòde sa san pèdi tan (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).





## 2. Pwomosyon pou ijyèn

Pwomosyon pou ijyèn se yon apwòch planifye ak sistematik pou pèmèt moun yo pran mezi pou anpeche ak/oswa pou minimize maladi ki asosye avèk dlo, sanitasyon ak ijyèn. Li kapab ofri tou yon fason pratik pou facilite patisipasyon, responsabilite ak kontwòl kominotè a nan pwogram WASH yo. Pwomosyon pou ijyèn ta dwe deziyen pou fè popilasyon kin ki afekte a vin gen konesans, pratik ak resous, ak baz dènye prèv WASH pou detèmine fason yo kapab pi byen pwoteje sante publik.

Nan pwomosyon pou ijyèn, y ap asire moun yo pi byen itilize dlo, enstalasyon sanitè yo ak enstalasyon ki facilite ijyèn ak sèvis yo ofri yo, epitou li gen ladan fonksyonman efikas ak antretyen enstalasyon yo. Men twa (3) faktè kle yo:

1. yon divilgasyon enfòmasyon ak konesans youn ak lòt
2. mobilizasyon kominotè ki afekte yo
3. distribisyon materyèl debaz ak enstalasyon yo.

Mobilizasyon kominotè a apwopriye sitou pandan katastwòf yo, paske yo dwe montre moun yo kijan li enpòtan pou pran mezi pou pwoteje sante yo. Aktivite pwomosyon yo ta dwe gen ladan, kote li posib, metòd komunikasyon, alaplas konsantrasyon sèlman sou divilgasyon mesaj yo an mas.



### Estanda 1 nan pwomosyon pou ijyèn: Aplikasyon pwomosyon pou ijyèn

Gason, fam ak timoun tout laj ki afekte yo konnen risk sante publik kle yo, epitou yo mobilize pou adopte mezi pou anpeche deteryorasyon nan kondisyon ijyenik yo epitou pou itilize ak antretni enstalasyon yo bay yo.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Yon fason sistematik, bay enfòmasyon sou risk ak aksyon prevansyon ki asosye avèk ijyèn avèk chèn komunikasyon an mas yo (al gade nòt oryantasyon 1–2).





- ▶ Identifye faktè espesifik sosyal, kiltirèl oswa relije k ap motive diferan gwooup sosyal ki nan kominotè a, epitousi itilize yo kòm baz pou yon estrateji komunikasyon pwomosyon pou ijyèn (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Itilize metòd komunikasyon ijyèn entè-aktif kote li posib pou kapab asire dyalòg ak diskisyon san pran souf avèk moun ki afekte yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Nan tèt ansanm avèk kominotè ki afekte a, kontwole pratik ijyèn kle yo regilyèman, epitousi utilizasyon enstalasyon yo bay yo (al gade nòt oryantasyon 3 ak Estanda Debaz 5, nòt oryantasyon 1, 3-5 nan paj 69-70).
- ▶ Negosye avèk popilasyon an ak aksyonè kle yo pou defini modalite yo pou mobilizatè kominotè a (al gade nòt oryantasyon 5).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout gwooup itilizatè yo kapab dekri ak montre sa yo te fè pou evite degradasyon kondisyon ijenik yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Yo dwe itilize ak antreteni antreteni kòmsadwa tout enstalasyon yo bay yo.
- ▶ Tout moun yo dwe lave men yo apre yo fin poupopou, apre yo fin netwaye pati enferyè yon timoun, anvan yo manje ak anvan yo prepare manje (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Tout aktivite pwomosyon yo ak mesaj yo abòde konpòtman kle ak move konsepsyon yo, epitousi yo deziyen pou tout gwooup itilizatè yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Reprezantan tout gwooup itilizatè yo dwe patisipe nan planifikasyon, fòmasyon, aplikasyon, kontwòl ak evalyasyon travay pwomosyon pou ijyèn nan (al gade nòt oryantasyon 1-6 ak Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 1-5, nan paj 56-57).
- ▶ Moun k ap pran swen jèn timoun yo ak tibebe yo dwe jwenn mwayen pou elimine matyè fekal timoun yo san pwoblèm (al gade estanda 1 nan Eliminasyon matyè fekal nan paj 105 ak nòt oryantasyon 6).

### Nòt oryantasyon

1. **Siblaj risk ijyèn ki gen priyorité yo ak konpòtman:** Konpreyansyon ki vin genyen nan grasa evalyasyon risk ijyèn yo, travay ak responsabilite diferan gwooup, dwe itilize pou planifye ak bay priyorité pou asistans, konsa dekwa pou sikilasyon enfòmasyon ant aktè imanitè yo ak popilasyon afekte yo sible kòmsadwa, epitousi yo abòde move konsepsyon yo, kote yo jwenn yo.





2. **Fason pou touche tout seksyon popilasyon an:** Nan premye etap yon katastwòf, li ka nesesè pou depannde medya mas pou asire pifò kantite moun posib resevwa enfòmasyon enpòtan sou fason pou redui risk sante yo. Yo ta dwe sible differan gwoup avèk differan enfòmasyon, dokiman edikasyon ak komunikasyon nan chèn enfòmasyon enpòtan yo, pou tout manm popilasyon an ka jwenn enfòmasyon yo. Sa enpòtan sitou pou moun ki analfabèt yo, ki gen pwoblèm komunikasyon epi/oswa ki pa gen aksè nan radyo oswa televizyon. Medya popilè yo (teyat, chante, teyat lari, dans, elatriye) ta ka efikas tou nan ka sa a. Kowòdinasyon avèk gwoup edikasyon an ap enpòtan pou detémine opòtinite pou fè aktivite ijyèn nan lekòl yo.
3. **Metòd entè-aktif:** Materyèl pou patisipe ak metòd ki apwopriye a ak kilti a ofri opòtinite itil pou moun ki afekte yo pou planifye ak kontwole amelyorasyon pwòp ijyèn pa yo. Sa ba yo tou opòtinite pou fè sijesyon oswa doleyans konsènan pwogram nan, kote li nesesè. Planifikasyon pwomosyon pou ijyèn dwe respekte kilti popilasyon an. Se fasilitatè yo ki dwe fè aktivite pwomosyon pou ijyèn. Fasilitatè sa yo dwe gen karakteristik ak konpetans pou travay avèk gwoup ki ta ka aksepte konviksyon ak pratik ki differan ak pa yo (pa egzanp, nan kèk kilti, yo pa aksepte fanm yo pale avèk gason yo pa konnen).
4. **Twòp responsabilite:** Li enpòtan pou asire okenn gwoup (pa egzanp fanm yo) ki nan popilasyon afekte a pa gen twòp responsabilite pou aktivite pwomosyon pou ijyèn oswa pou jesyon aktivite ki ankouraje ijyèn. Yo ta dwe ofri avantaj yo, tankou opòtinite pou fòmasyon ak travay pou fanm yo, gason yo ak gwoup esklí yo mete soukote yo.
5. **Modalite pou mobilizatè kominotè a:** Itilizasyon travayè asistans yo oswa vizitè nan kay yo bay yon fason ki ka pi entè-aktif pou jwenn aksè nan gwo kantite moun, men travayè sa yo ap bezwen sipò pou devlope ladrès fasilitasyon. Kòm yon gid pwovizwa ki nan yon senaryo kan, ta dwe genyen de (2) pwomotè ijyèn /mobilizatè kominotè pou chak 1.000 manm popilasyon ki afekte a. Yo ka itilize mobilizatè kominotè kominotè yo tou kòm travayè jounalye, sou baz yon kontra oswa sou yon baz volontè, epitou yon fason ki konfòm avèk lejislasyon nasyonal la. Kit Si pou travayè yo te touche oswa si pou yo volontè, yo dwe diskite sou sitiayson volontè yosa avèk popilasyon ki afekte a, òganizasyon k ap egzekite pwogram nan ak andedan gwoup tout koteyo pou yo pa kreye tansyon ak deranjman dirabilite alontèm pou sistèm ki déjà anplas yo.
6. **Motivasyon differan gwoup yo pou yo fè aksyon:** Li enpòtan pou rekonèt sante ka pa reprezante faktè motivasyon ki pi enpòtan pou chanjman nan konpòtman. Bezwen pou entimite, sekirite, itilite, obsèvasyon relije ak prensip kiltirèl, sitiayson sosyal ak lanmou-pwòp ka fòs enèjetik ki pi puisan pase pwomès pi bon sante. Yo ka bezwen konsidere faktè deklanchman sa yo lè y ap deziyen aktivite pwomosyon yo, epitou yo dwe ajoute faktè sa yo





avèk efikasite nan plan ak plasman enstalasyon yo nan tèt ansanm avèk ekip enjenyè yo. Objektif la pa ta dwe sèlman sou chanjman konpòtman moun men tou sou mobilizasyon sosyal ak sou fason pou travay avèk gwoup yo.

### **Estanda pou pwomosyon ijyèn 2: Identifikasiyon ak itilizasyon atik ijyèn pèsònè**

Popilasyon ki afekte nan katastwòf la gen aksè e patisipe nan idantifye ak ankouraje yo sèvi ak atik ijyèn pèsònè pou asire ijyèn, sante, diyite ak byennèt.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Konsilte tout gason, fanm ak timoun tout laj sou atik ijyèn priorité priorité yo bezwen yo (al gade nòt oryantasyon 1, 3–4).
- ▶ Fèy yon distribisyon atik ijyèn nan moman ki konvnab pou satisfè bezwen imedyat kominotè a (al gade nòt oryantasyon 2–3).
- ▶ Fè kontwòl apre distribisyon an pou evalye itilizasyon ak satisfaksyon benefisyè yo yo avèkde atik ijyèn ki distribye distribye yo (al gade nòt oryantasyon 3 ak 5).
- ▶ Mennen ankèt epi evalye itilizasyon lòt posiblite pou distribisyon atik ijyenik yo, pa egzanp, distribisyon lajan kach, koupon ak/oswa atik ki pa alimantè (NFI) (al gade Sekirite alimantè – estanda 1 nan transfè lajan kach ak koupon nan paj 200).

#### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Fanm yo, gason yo ak timoun yo dwe jwenn aksè nan atik ijyenik yo, epitou yo dwe itilize atik sa yo avèk efikasite pou antretni sante, diyite ak byennèt yo (al gade nòt oryantasyon 1, 7 ak 9).
- ▶ Tout fanm ak tifi ki nan laj pou gen règ yo dwe jwenn materyèl kòmsadwa pou ijyèn règ apre konsiltasyon avèk popilasyon ki afekte a (al gade nòt oryantasyon 5 ak 8).
- ▶ Tout fanm yo, gason yo ak timoun yo dwe jwenn aksè nan enfòmasyon yo ak nan fòmasyon sou fason pou byen itilize atik ijyenik yo pa abitye avèk yo (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Yo dwe bay enfòmasyon sou moman ki chwazi, kote, kontni ak gwoup sib yo pou yon distribisyon NFI pou popilasyon ki afekte a (al gade nòt oryantasyon 3–5).





- Sekirite popilasyon ki afekte yo ak anplwaye yo dwe jwenn priorité lè y ap organize yon distribisyon NFI (al gade Prensip Pwoteksyon 1, nòt oryantasyon 1–3 nan paj 33–34).

## Nòt oryantasyon

- Atik ijyèn debaz:** Yon pake atik ijyèn debaz gen ladan resipyen dlo (bokit), savon pou benyen ak savon pou fè lesiv, ak materyèl ijyenik pou règ.

### Lis atik ijyèn debaz

Resipyen ki ka kenbe 10–20 lit dlo pou pote	Youn pou chak kay
Resipyen ki ka kenbe 10–20 lit dlo pou estoke	Youn pou chak kay
Savon 250g pou benyen	Youn pou chak moun pa mwa
Savon 200g pou lesiv	Youn pou chak moun pa mwa
Materyèl ki akseptab pou ijyèn lè yon fanm gen règ li, pa egzanp twal koton ki kapab lave apre itilizasyon	Youn pou chak moun

- Kowòdinasyon:** Diskite avèk gwoup refij la ak popilasyon ki afekte a sou si y ap bezwen lòt atik ki pa alimantè tankou dra, ki pa fè pati nan atik ijyèn debaz yo (al gade estanda 1 nan Atik ki pa alimantè nan paj 269).
- Dèle pou distribisyon atik ijyèn:** Pou kapab asire yon distribisyon atik ijyèn ki fèt atan, li ka nesesè pou distribiye kèk atik jeneric kle (savon, bidon, elatriye) san akòz popilasyon ki afekte a, epitou li ka nesesè pou jwenn yon akò konsènan fiti distribisyon yo apre yon chita-pale.
- Bezwen priorité yo:** Moun yo ka chwazi vann atik yo ba yo a si bezwen priorité yo pa satisfè kòmsadwa, epitou kidonk yo dwe konsidere posiblite moun yo lè y ap planifye distribisyon yo.
- Presizyon:** Yo dwe pran anpil prekosyon pou evite bay pwodui moun yo pa t itilize paske yo pa abitye ak yo oswa paske yo ka mal itilize yo (pa egzanp, atik moun yo pran pou manje pa erè). Kote li apwopriye oswa pi pitoreferab pou rezon kiltirèl, yo kapab espesifye poud lavaj alaplas savon lesiv.
- Ranplasman:** Yo dwe anvizaje ranplase sa moun yo ap itilize lè li nesesè.
- Bezwen espesyal:** Kèk moun ki gen bezwen espesifik (pa egzanp yo pa kapab kenbe pipi oswa poupopou oswa gen dyare grav) ka bezwen plis kantite atik ijyèn pèsònèl tankou savon. Moun andikape yo oswa moun ki izole sou





## Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè

kabann yo ka bezwen plis atik, tankou kivèt. Yo ka bezwen fè adaptasyon pou kék atik pou itilizasyon sanitè (tankou yon tabourè ki gen yon twou oswa yon chèz ki pèse).

8. **Ijyèn pou fanm ki gen règ yo:** Yo dwe fè distribisyon pou lavaj an sekèrè oswa pou eliminasyon materyèl ijyèn pou moun ki gen règ yo.

9. **Lòt atik:** Pratik sosyal ak kiltirèl ki egziste ka bezwen aksè nan lòt atik ijyèn pèsònèl. Pami atik sa yo ki ka disponib lan, kapab genyen:

- pat dantifris 75ml/100g
- yon bwòs dan
- chanpou 250ml
- Losyon 250ml pou tibebe ak timoun ki gen jiska laj 2 ane
- yon razwa pou jete apre itilizasyon
- kilòt pou fanm ak tifi ki gen laj pou gen règ
- yon bwòs tèt ak/oswa yon peny
- tay-zong
- kouch bebe ak po pou tibebe (selon bezwen kay la).





## 3. Apwovizyonman dlo

Dlo enpòtan pou lavi, pou sante ak pou diyite imèn. Nan sitiyasyon ki trè grav yo, kapab manke kantite dlo disponib pou bezwen debaz yo, epi nan ka sa yo, founi yon kantite dlo potab ase pou siviv trè enpòtan. Anpil fwa, se move ijyèn ki lakòz pi gwo pwoblèm sante yo rive paske pa gen ase dlo, epitou paske moun yo konsume dlo ki kontamine.

### Estanda 1 nan apwovizyonman dlo: Aksè ak kantite dlo

Tout moun dwe gen aksè pwoteje ak egalego nan yon kantite ase dlo pou bwè, pou fè manje ak pou ijyèn pèsonèl ak domestik. Pwen fontèn piblik yo pa dwe twò lwen pou pèmèt fanmi yo sèvi ak minimòm kantite dlo nesesè a.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identife sous dlo kòmsadwa pou sitiyasyon an, pou konsidere kantite dlo ki genyen an ak enpak anviwònman an sou sous dlo yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Bay priorité pou dlo epitou pwokire dlo pou satisfè bezwen popilasyon ki afekta a (al gade nòt oryantasyon 2 ak 4).



#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Mwayèn kantite dlo pou bwè, pou kuit manje ak pou ijyèn pèsonèl pou yon fanmi, se omwen 15 lit pou chak moun pa jou (al gade nòt oryantasyon 1–8).
- ▶ Distans maksimòm pou yon fanmi rive nan pwen dlo ki pi pre a se 500 mèt (al gade nòt oryantasyon 1, 2, 5 ak 8).
- ▶ Tan pou fè liy nan fontèn dlo pa fèt pou depase 30 minit (al gade nòt oryantasyon 7).





## Nòt oryantasyon

- Chwa sous dlo yo:** Men faktè yo ta dwe konsidere lè y ap chwazi sous dlo yo: Disponiblite, kote ki pa lwen ak dirabilite kantite dlo ki ase, si li nesesè pou trete dlo a; ak posiblité li, tankou egzistans nenpòt faktè sosyal, politik oswa legal konsènan sous dlo a. An jeneral, sous dlo anba tè ak/oswa apwo-vizyonman dlo ki koule pa gravite pi bon, paske yo bezwen mwens tretman epi yo pa bezwen ponpaj. Nan katastwòf yo, yon melanj apwòch ak sous yo nesesè souvan nan premye etap la. Yo fêt pou kontwole tout sous yo regilyèman pou evite twòp eksplwatasyon.
- Bezwen:** Kantite dlo ki nesesè pou itilizasyon domestik baze sou kontèks, epi li ka varye selon klima a, enstalasyon sanitè ki disponib yo, abitid moun yo, reliyon yo ak pratik kiltirèl yo, manje yo kuit, rad yo mete, elatriye. An jeneral, konsomasyon dlo ogmante lè sous dlo a pi pre abitasyon yo. Kote li posib, yo kapab depase 15 lit dlo pou chak moun pa jou (l/p/d) pou konfòme avèk estanda lokal kote estanda a pi wo.

### Bezwen debaz konsènan dlo pou siviv

Bezwen nesesè pou siviv: konsomasyon dlo (pou bwè ak pou kuit manje)	2,5–3 lit pa jou	Depannde klima ak
Pratik ijyèn debaz	2–6 lit pa jou	Depann de pratik sosyal ak kiltirèl
Bezwen debaz pou fè manje	3–6 lit pa jou	Depannde kalite manje a ak pratik sosyal ak kiltirèl
Bezwen total dlo debaz	7,5–15 lit pa jou	

Pou jwenn konsèyu sou kantite minimòm dlo ki nesesè pou itilizasyon nan enstitisyon yo ak pou lòt itilizasyon, al gade Dokiman Siplementè 2: Kantite minimòm dlo pou itilizasyon nan enstitisyon yo ak pou lòt itilizasyon. Pou bezwen dlo annijans pou betay yo, al gade Gid ak Estanda Ijans pou Betay (al gade Referans yo ak lòt lekti).

- Mezi:** sondaj nan kay yo, obsèvasyon ak gwoup diskisyon nan kominotè a se metòd ki pi efikas pou rasanble done sou itilizasyon ak konsomasyon dlo pase mezi dlo ki ponpe nan rezo tiyo oswa nan operasyon ponp-a-bra.
- Kantite/kouvèti:** Nan yon katastwòf, epi jouk lè estanda minimòm yo satisfè alafwa pou kantite ak kalite dlo a, yo dwe bay prioritè pou aksè egalego nan yon kantite dlo kòmsadwa menmsi li gen kalite entèmedyè. Moun ki afekte





nan katastwòf yo frajil anpil pou trape maladi; kidonk, yo ta dwe reyalize endikatè aksè nan dlo ak endikatè kantite menmsi yo pi wo pase prensip popilasyon akèy ki afekte a. Yo ta dwe bay atansyon patikilye pou asire bezwen dlo siplemantè pou moun ki gen kondisyon sante espesyal, tankou VIH ak SIDA, epitou pou satisfè bezwen betay yo ak danre yo pou dlo nan sitiyasyon sechrès. Pou evite konfli, li rekòmande pou kouvèti dlo ak enstalasyon sanitè satisfè bezwen popilasyon akèy la ak popilasyon ki afekte a egalego (al gade Dokiman Siplementè 2: Kantite minimòm dlo pou itilizasyon nan enstitisyon yo ak pou lòt itilizasyon).

5. **Kantite maksimòm moun pou yon sous dlo:** Kantite moun pou yon sous dlo depannde debi ak disponiblité dlo ki nan chak sous. Men gid ki estime pou sa:

250 moun pou chak wobinè	baze sou yon ekoulman 7,5 lit/minit
500 moun pou chak ponp-a-bra	baze sou yon ekoulman 17 lit/minit
400 moun pou chak itilizasyon nan pui-dlo lib	baze sou yon ekoulman 12,5 lit/minit

Gid sa yo sipoze kote ki gen dlo a fasil pou ale ladan pandan apeprè 8 èdtan pa jou sèlman, epitou gid yo sipoze apwovizyonman dlo a pa chanje pandan tan sa a. Si gen plis aksè pase sa, moun yo kapab rasanble plis pase egzijans minimòm 15 lit dlo/jou a. Yo dwe itilize sib sa yo avèk prekosyon, paske rive jwenn yo pa garanti yon minimòm kantite dlo oswa aksè egalego.

6. **Tan pou pase nan liy:** Twòp tan pou pase nan liy se yon endikatè ki montre pa gen ase dlo ki disponib akòz swa yon kantite pwen dlo ki pa konvnab oswa debi yo ki pa konvnab nan sous dlo yo. Rezulta negatif posib twòp pou pase twòp tan nan liy yo redui konsomasyon dlo chak moun, ogmante konsomasyon nan sous dlo sifas ki pa pwoteje, epitou redui tan pou lòt travay sivi siviv debaz pou moun k ap rasanble dlo a.
7. **Aksè ak egalite:** Menmsi kantite dlo ki disponib la ase pou satisfè bezwen minimum minimòm yo, yo dwe pran lòt mezi pou asire aksè a egalego pou tout gwoup yo. Ta dwe gen fontèn dlo nan zòn ki aksesib pou tout moun kèlkeswa pa egzanp sèks oswa ras. Yo ka bezwen konsevwa kék ponp-a-bra ak vesò pou pote dlo, oswa yo ka bezwen adapte yo pou sèvis moun k ap viv ak VIH/SIDA, pou granmoun aje yo, pou moun andikape yo ak pou timoun. Nan sitiyasyon kote dlo a sou rasyònman oswa kote yo ponpe dlo alè fiks, yo tab dwe planifye sa nan tèt ansanm avèk itilizatè yo, tankou benefisyè fanm yo.





## Estanda 2 nan apwovizyonman dlo: Kalite dlo

Dlo a gen bon gou, ak li gen ase bon kalite pou moun bwè li ak itilize pou kuit manje ak pou ijyèn pèsònèl ak domestik san li pa lakòz risk pou sante.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Fè yon sondaj sanitè rapid epi, kote tan ak sitiayson an pèmèt sa, egzekite yon plan sekirite dlo pou sous la (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Fè tout etap ki nesesè pou minimize kontaminasyon dlo apre distribisyon an (al gade nòt oryantasyon 3–4 ak estanda 1 nan Pwomosyon pou ijyèn nan paj 91).
- ▶ Pou apwovizyonman dlo tiyo, oswa pou tout apwovizyonman dlo yo nan moman lè gen risk epidemi dyare, trete dlo a avèk dezenfektan pou ka genyen yon rezidi klò 0.5mg/l, epitou pou tibidite a (lè dlo a twoub) ka anba 5 NTU (inite tibidite nefelolometrik) nan wobinè a. Nan ka gen epidemi dyare espesifik, asire gen rezidi klò ki depase 1mg/l (al gade nòt oryantasyon 5–8).
- ▶ Kote yo pwopoze tretman dlo a nan nivo kay yo, asire tretman an akonpaye akonpanye avèk pwomosyon, fòmasyon ak kontwòl kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 3 ak 6).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pa gen “coliform” matyè fekal pou chak 100ml nan pwen livrezon an (al gade nòt oryantasyon 2, 4–7).
- ▶ Nenpòt posiblite yo itilize pou tretman dlo nan nivo kay yo efikas nan amelyorasyon dlo mikwo–byolojik, epitou yo akonpaye akonpanye avèk fòmasyon, pwomosyon ak kontwòl kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 3–6).
- ▶ Yo pa dwe detekte okenn efè negatif pou sante akòz itilizasyon akoutèm dlo ki kontamine avèk pwodui chimik (tankou aplikasyon sibstans chimik pou tretman), oswa sous radyolojik, epi evalyasyon an montre pa gen gwo chans pou yon rezulta konsa rive (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Tout moun kin afekte yo dwe bwè dlo ki sòti nan yon sous ki pwoteje oswa trete olye dlo ki sòti nan lòt sous dlo ki fasil pou jwenn (al gade nòt oryantasyon 3 ak 6).
- ▶ Pa gen epidemi maladi oswa maladi dlo lakòz oswa maladi ki asosye avèk dlo (al gade nòt oryantasyon 1–9).





## Nòt oryantasyon

- Yon sondaj sanitè ak plan sekirite dlo:** Yon sondaj sanitè se yon evalyasyon kondisyon ak pratik ki ka reprezante yon risk pou sante publik. Sondaj la konsène sous posib kontaminasyon nan dlo ki nan sous, nan transpò ak nan kay, nan pratik defekasyon, nan drenaj, ak nanjesyon dechè solid. Katografi kominotè a se yon fason ki efikas sitou pou idantifye kote risk yo pou sante publik, epitou pou fè kominotè a patisiye nan chèche fason pou redui risk sa yo. Remake menmsi matyè fekal bêt pa danjere menm jan ak matyè fekal moun, li kapab gen ladan mikwo-òganis, tankou cryptosporidium, giardia, salmonèl, campylobacter, calicivirus ak kèk lòt kòz dyare imen ki komen, kidonk yo reprezante yon gwo risk pou sante. OMS rekòmande itilizasyon plan sekirite dlo li a (WSP), ki se yon apwòch global ki kouvri idantifikasyon danje ak evalyasyon risk, yon plan pou amelyorasyon/modènizasyon, suiv mezi kontwòl yo, ak pwo sedijesyon yo, tankou devlopman pwogram sipò yo (al gade Referans yo ak lòt lekti).
- Kalite dlo mikwo-byolojik:** Bakteri "kolifòm" fekal (>99% nan yo se '*E. coli*') se yon endikatè nivo kontaminasyon dechè imen ak/oswa dechè bêt nan dlo a, ak posiblite prezans patojèn nuizib. Si gen nenpòt kolifòm fekal, yo ta dwe trete dlo a.
- Pwomosyon sous ki pwoteje yo:** Senpleman si yo bay sous pwoteje oswa dlo trete sa pral gen yon ti enpak, sof si moun yo konprann ki avantaj pou sante dlo sa a genyen epi kidonk yo sèvi ak dlo a. Moun yo ka pito sèvi ak sous dlo ki pa pwoteje, pa egzanp rivyè, lak, ak pui dlo ki pa pwoteje, pou rezon tankou gou, kote ki pre ak itilité sosyal. Nan ka sa yo, teknisyen, pwomotè ijyèn yo ak mobilizatè kominotè yo dwe konprann rezon pou preferans sa yo pou yo ka prandekwa pou yo ka konsidere ak ajoute yo nan mesaj pwomosyon ak nan diskisyon yo.
- Kontaminasyon apre livrezon:** Dlo ki potab nan pwen livrezon an kapab kanmenm gen yon gwo risk pou re-kontamine pandan y ap pran dlo a, pandan y ap estoke li ak pandan y ap tire li. Pami etap yo kapab fè pou minimize risk sa yo, genyen pratik rasanblaj ak estokaj amelyore ak distribusyon resipyen ki pwòp akawopriye pou pran ak estoke dlo (al gade estanda 3 nan Apwovizyonman dlo nan paj 103). Yo ta dwe pran echantyon dlo a regilyèman nan pwen itilizasyon an pou kontwole limit nenpòt kontaminasyon nan apre livrezon an.
- Dezenfeksyon dlo:** Yo ta dwe trete dlo avèk yon dezenfekstan rezidyèl tankou klò si gen yon gwo risk kontaminasyon sous dlo a apre livrezon an. Y ap detèmine risk sa a selon kondisyon yo nan kominotè a, tankou dansite popilasyon an, aranjman pou eliminate matyè fekal, pratik ijyèn ak frekans prezans maladi ki bay dyare. Sizoka gen yon menas oswa egzistans yon






epidemi dyare, yo ta dwe trete tout apwovizyonman dlo pou bwè yo, swa anvan distribisyon an oswa nan kay yo. Pou dlo pou dezenfekte körékteman, tibidite a dwe anba 5 NTU, menmsi pou itilizasyon pou ijans akoutèm, dlo ki gen tibidite ki wou kapab dezenfekte san pwoblèm avèk de dòz klò apre filtrasyon an jouk lè yo redui jan dlo a twou twoub la (al gade Dokiman Siplemantè 6: Òganigram desizyon pou tretman ak estokaj dlo nan kay).

6. **Tretman dlo nan nivo kay:** Lè li pa posib pou itilize yon sistèm tretman dlo ki opere nan yon santral, yo kapab itilize tretman dlo a nan pwen itilizasyon an (PoUWT) nan nivo kay la kòm yon posiblité. Diferan kalite posiblité PoUWT yoki montre kiyo redui dyare epi ki amelyore kalite mikwo-byolojik dlo ki estoke nan kay la gen ladan bouyi, mete klò, dezenfeksyon nan solèy, filtrasyon seramik, filtrasyon lan lant nan sab ak flokilasyon/dezenfeksyon. Posiblité PouWT ki pi apwopriye pou nenpòt kontèks depannde kondisyon dlo ki egziste a ak kondisyon sanitasyon an, kalite dlo a, fason yo aksepte dlo a sou plan kiltirèl, ak posiblité pou aplike nenpòt chwa ki fêt. PoUWT ki gen siksè ta dwe gen ladan distribisyon materyèl konvnab ak pwodui ak fòmasyon apwopriye pou benefisyè yo. Yo pa dwe entwodui yon chwa tretman dlo ki pa teste nan yon katastwòf. Nan zòn kote yo prevwa risk yo, yo ta dwe konsidere plasman pwodui PoUWT yo davans pou fasilité yon repons rapid. Yo ta dwe bay priorité pou itilizasyon pwodui ki disponib nan nivo lokal si yon vle fè itilizasyon kontini nan faz apre katastwòf la. Pou itilizasyon efikas PoUWT, yo dwe fè suivi suivi regilye, sipò ak kontwòl, epitou sa ta ddwe yon preparasyon pou adopte li kòm yon lòt apwòch tretman dlo a.
7. **PoUWT avèk klò:** Yo kapab konsidere doub dòz klò pou dlo ki twoub anpil kote pa gen sous dlo altènativ. Yo ta dwe eseye sa sèlman pou peryòd tan kout epi apre yo fin edike itilizatè yo pou redui fason dlo a twoub lè yo filtre dlo, lè yo kite dlo a poze epitou lè yo pirifye dlo a anvan tretman (al gade Dokiman Siplemantè 6: Òganigram desizyon pou tretman ak estokaj dlo nan kay).
8. **Kontaminasyon chimik ak radyolojik:** Kote gen dosye idwo-jeyolojik oswa konesans aktivite endistriyèl oswa militè ki sipoze apwovizyonman dlo a ka gen risk chimik oswa radyolojik pou sante moun, yo ta dwe evalye risk yo san pèdi tan lè yo fègrasa yon analiz chimik. Yo fèt pou pran yon desizyon ki balanse risk pou sante publik ak avantaj yo pandan yon ti tan. AnswitAnsuit, yon desizyon pou itilize pètèt yon dlo ki kontamine pou pi lontan ta dwe fèt sou baz yon evalyasyon pi an pwofondè ak analiz konsekans sou sante.
9. **Palatabilitè:** Gou a pa reprezante poukout li yon pwoblèm dirèk pou sante (pa egzanp, dlo ki sale apèn pa reprezante yon risk pou sante), men si apwovizyonman dlo a pa gen bon gou, itilizatè yo ka bwè nan sous dlo ki pa bon epitou yo ka mete sante yo nan risk. Pou evite sa, li nesesè pou fè aktivite pwomosyon pou ijyèn pou asire se sèlman founisè pwoteje yo ki itilize.





**10. Kalite dlo pou sant sante yo:** Yo ta dwe trete tout dlo pou lopital, sant sante yo ak kantin yo avèk klò oswa avèk yon lòt dezenfektan rezidyèl. Nan sitiayson kote dlo a kapab sou rasyònman akòz sispanson apwovizyonman an, yon kantite dlo ase ki estoke ta dwe disponib nan sant lan pou asire gen yon apwovizyonman dlo san sispanson nan nivo izaj nòmal (al gade Dokiman Siplementè 2: Itilizasyon kantite minimòm dlo pou enstisyon yo ak lòt itilizasyon ak 5: Ijyèn minimòm, sanitasyon ak aktivite izòlman pou sant tretman kolera yo).



### Estanda 3 nan apwovizyonman dlo: Enstalasyon dlo

Moun yo dwe jwenn enstalasyon konvnab pou pran, estoke ak itilize ase kantite dlo pou bwè, pou kuit manje ak pou ijyèn pèsònèl, epitou pou asire dlo pou bwè a ap rete bon jouk lè yo konsome li.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Bay popilasyon ki afekte a enstalasyon pou yo pran ak estoke dlo kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 1 ak estanda 2 nan Pwomosyon pou ijyèn nan paj 94).
- ▶ Ankouraje san pran souf patisipasyon tout moun ki afekte yo ak moun ki frajil yo nan enstalasyon ak konsepsyon fontèn dlo yo ak nan konstriksyon enstalasyon pou fè lesiv ak pou benyen (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Ajoute nan pwen distribisyon yo ak nan enstalasyon lesiv kominotè a, basen lavaj prive, ak zòn pou fè lesiv pou fanm yo lave ak seche sou-vètman yo ak rad sanitè yo (al gade nòt oryantasyon 2 ak estanda 2 nan Pwomosyon pou ijyèn nan paj 94).



#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Chak kay dwe genyen omwen de (2) resipyen kin ka pran 10–20 lit pou yo al chèche dlo, youn pou estoke dlo ak youn pou charye dlo a (al gade nòt oryantasyon 1 ak estanda 2 nan Pwomosyon pou ijyèn nan paj 95).
- ▶ Resipyen yo pou pran ak estoke dlo a gen kou etwat ak/oswa kouvèti pou bokit oswa pou bon mwayen pou estoke dlo a, pou yo pran ak jere dlo a byen, epitou yo dwe montre moun yo kijan pou yo itilize resipyen yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Genyen omwen yon basen lavaj pou chak 100 moun ak zòn prive pou fè lesiv ak pou benyen ki disponib pou fanm yo. Yo dwe mete ase dlo disponib pou benyen ak pou fè lesiv (al gade nòt oryantasyon 2).





- ▶ Dlo ki nan nivo kay yo pa dwe kontamine toutan (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Tout moun yo dwe satisfè avèk enstalasyon konv nab yo jwenn pou rammase dlo, esto ke dlo, benyen, lave men yo ak fè lesiv (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Yo dwe fè antretyen regilye nan sistèm ki enstale ak enstalasyon yo, epitou itilizatè yo ta dwe patisipe nan antretyen an, kote sa posib (al gade nòt oryantasyon 3).

### Nòt oryantasyon

1. **Rammasaj ak estokaj dlo:** Moun yo bezwen resipyen pou pran dlo, pou esto ke dlo a epitou pou itilize li pou bwè, kuit manje, lave, ak benyen. Resipyen yo ta dwe pwòp, ijienik, fasil pou pote akapwopriye pou bezwen lokal ak abitid yo, an fonksyon gwosè, fòm ak modèl. Timoun, moun andikape, granmoun aje ak moun k ap viv avèk VIH ak SIDA ka bezwen pi piti resipyen oswa resipyen ki deziyen yon fason espesyal pou charye dlo. Kapasite pou kantite estokaj la depannde kantite moun k ap viv nan kay la ak kontinwite kontinuite disponiblite dlo a, pa egzanp apeprè kat (4) lit dlo pou chak moun ta apwopriye pou sitiyasyon kote gen yon apwovizyonman dlo ki pa chanje. Pwomosyon ak kontwòl bon ranmasaj, estokaj ak tiraj dlo se yon opòtinite pou diskite sou pwoblèm kontaminasyon dlo a avèk moun ki frajil yo, sitou fanm yo ak timoun yo.
2. **Enstalasyon kominal pou lesiv ak douch:** Moun yo bezwen espas kote yo kapab benyen nan entimite epi avèk diyitenan diyite. Si sa pa posib nan nivo kay la, enstalasyon santral apa pou gason ak fanm pa nesesè. Kote pa gen savon, yo kapab bay altènativ komen, tankou sann dife, sab pwòp, poud elevasyon oswa divès plant ki bon pou lave epi/oswa pou foubi. Lesiv rad, sitou pou rad timoun, se yon aktivite ijienik ki enpòtan; istansil pou kuit manje ak pou manje dwe lave tou. Yo dwe pran desizyon sou kantite enstalasyon yo, pozisyon, modèl, sekirite, jan yo apwopriye ak itilite enstalasyon yo nan tèt ansanm avèk itilizatè yo, sitou fanm yo, tifi adolesan yo ak moun andikape yo. Pozisyon enstalasyon yo nan zòn ki santral, fasil pou antre ak byen klere avèk bon viziblite zòn ki antoure yo kapab kontribiye nan asire sekirite itilizatè yo.
3. **Antretyen sistèm dlo yo:** Li enpòtan pou yo fè popilasyon ki afekte a konnen ak jwenn tout mwayen ki nesesè pou antretni ak pwoteje sistèm ki la yo.





## 4. Eliminasyon matyè fekal

Bon eliminasyon matyè fekal imen kreye premye baryè pou maladi ki asosye ak matyè fekal, pou ede redui transmisyon maladi nan wout dirèk ak endirèk yo. Kidonk, yo ta dwe abòde bon eliminasyon matyè fekal, yon gwo prioritè epi nan piòf sitiyasyon katastwòf yo avèk plis vitès ak efò, tankou distribisyon yon bon apwovizyonman dlo. Distribisyon enstalasyon pou moun yo poupou sen youn nan yon kantite repons pou ijans ki enpòtan pou diyite, sekirite, sante ak byennèt moun yo.

### **Estanda 1 nan eliminasyon matyè fekal: Anviwònman san matyè fekal imen**

Anviwònman an anjeneral epi sitou abita, zòn pwodiksyon manje, sant piblik ak antouraj sous dlo potab yo pa dwe gen kontaminasyon avèk matyè fekal.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Aplike mezi karantèn kòmsadwa imedyatman (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Fè konsiltasyon rapid avèk popilasyon ki afekte a sou bon jan eliminasyon matyè fekal ak pratik ijenik (al gade estanda 1 nan Pwomosyon pou ijyèn, al gade nòt oryantasyon 1–6 nan paj 92–93).
- ▶ Fè konpay kanpay nan tèt ansanm pou pwomosyon pou ijyèn sou bon jan eliminasyon matyè fekal ak itilizasyon enstalasyon yo kòmsadwa (al gade estanda 1 nan Pwomosyon pou Ijyèn, nòt oryantasyon 1–6 nan paj 92–93).



#### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Anviwònman kote popilasyon ki afekte a ap viv pa dwe gen matyè fekal (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Tout mezi karantèn matyè fekal, sètadi latrin nan kannal, latrin nan fòs, ak fòs k ap filtre, dwe rete omwen a yon distans 30 mèt avèk nenpòt sous dlo anba tè. Anba nenpòt latrin oswa fòs k ap filtre se omwen 1,5 mèt anwo nivo idwostatik la (al gade nòt oryantasyon 3).





- ▶ Nan sitiayson inondasyon oswa nan sitiayson kote nivo idwostatik la monte, yo dwe pran mezi kòmsadwa pou rezoud pwoblèm kontaminasyon sous dlo anba tèt yo avèk matyè fekal (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Drenaj oswa sipli nenpòt sistèm twalèt pa dwe kontamine dlo sifas oswa li pa dwe koule nan direksyon sous dlo anba tèt yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Yo dwe itilize twalèt nan fason ki pi ijyenik posib, epitou yo dwe eliminate pou popou timoun yo imedyatman ak yon fason ki ijyenik (al gade nòt oryantasyon 4).

### Nòt oryantasyon

1. **Bon jan eliminasyon matyè fekal:** Bon jan eliminasyon matyè fekal deziyen pou pa kite matyè fekal imen ki san kontwòl ak al gaye antre nan anviwònman an. Imedyatman apre yon katastwòf, epi pandan y ap mete anplas yon plan jesyon eliminasyon matyè fekal, anvizaje fè yon kanpay netwayaj inisyal, pou delimité ak boukle zòn pou moun yo fè poupopou, epitou pou enstale ak batí twalèt kominal. Selon kontèks la, yon apwòch ofi-ramezi pou rezoud pwoblèm sanitasyon ki genyen pi efikas. Fè tout gwoup nan popilasyon ki afekte nan katastwòf la patisipe nan egzekite aktivite bon eliminasyon matyè fekal. Kote popilasyon ki afekte a pa t abitye itilize twalèt, l ap nesesè pou fè yon kanpay pwomosyon nan tèt ansanm pou ankouraje bon jan eliminasyon matyè fekal, epitou pou kreye yon demann pou plis twalèt. Nan katastwòf ki fèt lavil yo kote kapab gen domaj nan sistèm dlo ize ki genyen yon, evalye sitiayson an, epitou anvizaje enstale twalèt pòtatif oswa itilize tank septik ak/oswa tank izòlman ki kapab dechaje regilyèman. Yo ta dwe bay bon jan konsiderasyon pou dechajman, tretman, transpò ak eliminasyon final dlo ize yo.
2. **Zòn pou al poupopou:** Nan premye etap la ak kote gen tè ki disponib, make yon chan pou moun yo fè poupopou epi/oswa konstwi latrin nan kannal. Sa ap efikas sèlman si yo kontwole ak antretni espas la kòrèkteman, epitou si popilasyon ki afekte a konprann kijan li enpòtan pou itilize enstalasyon yo bay yo ak kote enstalasyon yo ye.
3. **Distans ant yon sistèm twalèt ak yon sous dlo yo:** Distans fòs filtraj, latrin nan kannal yo ak/oswa twalèt yo ak sous dlo yo ta dwe omwen a 30 mèt, epitou anba fòs yo ta dwe omwen 1.5 mèt anwo plan freyatik la. Distans sa yo dwe ogmante pou wòch ki gen fant yo ak pou limon yo, oswa yo dwe diminye pou sòl fen yo. Nan kèk repons pou katastwòf, polisyon dlo anba tè ka pa reprezante yon enkyetid imedyat si yo pa itilize li dirèkteman pou bwè. Olye sa, yo ta dwe adopte chwa pou tretman dlo a nan nivo kay la oswa lòt chwa (al gade estanda 2 nan Apwovizyonman dlo, nòt oryantasyon 6 nan paj 102). Nan anviwònman ki inonde oswa ki gen n ap-dlo ki wo, li ka nesesè pou batí twalèt ki wo oswa tank septik pou kenbe matyè fekal la epitou pou pa kite li kontamine anviwònman an. Li trè enpòtan tou pou drenaj oswa





devèsman toudenkou nan tank septik yo pa kontamine dlo sifas la ak/oswa sous dlo anba tè yo.

4. **Izòlman matyè fekal timoun:** Bay atansyon patikilye nan eliminasyon matyè fekal timoun, paske yo pi danjere pase pa adilt yo (enfeksyon ki asosye ak matyè fekal pami timoun souvan pi wo epitou timoun yo ka pa t devlope antikò pou enfeksyon yo). Paran yo ak travayè sosyal yo ta dwe jwenn enfòmasyon sou bon jan eliminasyon matyè fekal tibebe yo, pratik pou fè lesiv ak itilizasyon kouch yo, po oswa kiyè tibebe pou kontwole bon jan eliminasyon matyè fekal yo avèk efikasite.

#### **Estanda 2 nan eliminasyon matyè fekal: Enstalasyon twalèt ki apwopriye ak konvnable**

Moun yo gen kantite twalèt kòmsadwa, ki ase pre kote y ap viv la, pou pèmèt yo jwenn aksè rapid, pwoteje ak an sekirite toutan, lajounen kou lannwit.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Konsilte epi jwenn apwobasyon tout itilizatè yo (sitou fanm ak moun ki gen mobilite limite yo) sou kote pou mete enstalasyon sanitè yo, konsepsyon yo ak fason yo apwopriye (al gade nòt oryantasyon 1–4 ak Prensip Pwoteksyon 1–2 nan paj 33–36).
- ▶ Bay moun ki afekte yo mwayen, zouti ak materyèl pou konstwi, antretni ak netwaye enstalasyon twalèt yo (al gade nòt oryantasyon 6–7).
- ▶ Bay yon apwovizyonman dlo konvnable pou lave men ak pou twalèt ki ka floche dlo ak/oswa yon pwoesisis sifon ijyenik, ak materyèl anal ak pirifiksyon apwopriye pou itilize nan latrin fòs konvansyonèl yo (al gade nòt oryantasyon 7–8).



#### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Yo dwe planifye, konstwi, ak mete twalèt yo nan pozisyon pou satisfè kondisyon sa yo:
  - tout seksyon popilasyon an kapab itilize yo san pwoblèm, tankou timoun, granmoun aje, fanm ansent ak moun andikape (al gade nòt oryantasyon 1)
  - yo enstale yo nan yon fason pou minimize menas sekirite pou itilizatè yo, sitou fanm yo ak ti fitifi yo, pandan tout lajounen ak lannwit (al gade nòt





oryantasyon 3 ak Prensip Pwoteksyon 1, nòt oryantasyon 1–6 nan paj 33–34).

- yo ba yon degre entimite ki konfòm avèk prensip itilizatè yo (al gade nòt oryantasyon 3)
  - yo an kantite ase pou utilize ak pou kenbe yo pwòp, epitou pou yo pa reprezante yon danje pou sante moun nan anviwònman an. Selon kontèks la, yo bay twalèt yo kòmsadwa avèk dlo pou lave men ak/oswa pou floche (al gade nòt oryantasyon 7–8)
  - yo pèmèt eliminasyon materyèl ijyèn règ fanm yo, epitou yo bay fanm yo entimite ki nesesè pou lave ak seche materyèl ijyèn règ yo (al gade nòt oryantasyon 9)
  - yo minimize repwodiksyon mouch ak moustik (al gade nòt oryantasyon 7).
  - yo bay yo avèk pwosesis pou retire dlo ize yo, pou pote ak elimine yo sizoka twalèt yo bouche oswa si yo deziyen pou itilizasyon alontèm, epitou si genyen yon nesesite pou vide yo (al gade nòt oryantasyon 11)
  - nan sitiyasyon n ap freyatik ki wo oswa na nan sitiyasyon inondasyon, fòs yo oswa resipyen yo pou matyè fekal yo fèt yon fason ki enpèmeyab (ki pa kite dlo antre) pou kapab minimize kontaminasyon dlo anba tè a ak anviwònman an (al gade nòt oryantasyon 11).
- Yon maksimòm 20 moun itilize chak twalèt (al gade nòt oryantasyon 1–4 ak Dokiman Siplemantè 3: Kantite minimòm twalèt nan espas piblik yo ak nan enstitisyon yo nan sitiyasyon katastwòf).
- Twalèt apa andedan ki ka fèmen ak kle pou fanm ak pou gason fèt pou disponib nan espas piblik yo, tankou makèt, sant distribisyon yo, sant sante yo, lekòl yo, elatriye (al gade nòt oryantasyon 2 ak Prensip Pwoteksyon 1–2 nan paj 33–36).
- Twalèt yo pa dwe sou yon distans ki plis pase 50 mèt ak kay yo (al gade nòt oryantasyon 5).
- Se moun k ap viv nan kay yo ki dwe fè aranjman pou itilizasyon twalèt yo epi/ oswa ki dwe separe yo selon sèk sèks (al gade nòt oryantasyon 2–5).
- Tout popilasyon ki afekte a dwe jwenn satisfaksyon avèk pwosesis konsiltasyon an epi avèk enstalasyon twalèt yo bay, epitou yo dwe itilize yo kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 1–10).
- Moun yo dwe lave men yo apre yo fin itilize twalèt yo, epi anvan yo manje ak anvan yo prepare manje (al gade nòt oryantasyon 8).

## Nòt oryantasyon

1. **Enstalasyon akseptab:** Pwogram eliminasyon matyè fekal avèk siksè depannde yon konpreyansyon bezwen divès moun yo ak patisipasyon yo. Li





ka pa posib pou fè tout twalèt yo akseptab pou tout gwoup yo. Yo ka bezwen konstwi twalèt espesyal pou timoun, granmoun aje, ak moun ki andikape, pa egzanp, twalèt avèk fèmti oswa ray manyèl oswa yo dwa dwe bay kivèt, po oswa chèz pèse. Kalite enstalasyon sanitè yo adopte a depanne tan entèvansyon an, preferans ak abitid kiltirèl itilizatè ki vize yo, enfrastrikti ki egziste yo, disponiblite dlo (pou floche ak pou sifon idwolik), fòmasyon sòl ak disponiblite materyo konstriksyon. Diferan kalite eliminasyon matyè fekal pou diferan faz repons pou yon katastwòf endike nan tablo ki anba la a.

### **Altènativ posib pou bon jan eliminasyon matyè fekal**

	<b>Bon kalite eliminasyon matyè fekal</b>	<b>Remak sou aplikasyon</b>
1	Zòn ki trase pou moun fè poupou (pa egzanp, avèk sègman ki kouvri)	Premye faz: de (2) premye nana twa (3) jou yo lè yon gwo kantite moun bezwen enstalasyon yo imedyatman
2	Latrin nan kannal	Premye faz: jiska de (2) mwa
3	Latrin fòs senp	Plan depi nan kòmansman jiska itilizasyon alontèm
4	Latrin fòs amelyore ki ayere (VIP)	Ki baze sou kontèks pou repons a mwayen tèm rive alontèm
5	Ecological sanitation (Ecosan) avèk divèsyon irinè	Ki baze sou kontèks: an repons nan sitiyasyon kote gen n ap freyatik ki wo ak nan sitiyasyon inondasyon, imedyatman nan kòmansman oswa nan mwayen tèm pou rive alontèm
6	Tank septik	Faz mwayen tèm pou rive alontèm

- Twalèt biblik:** Nan espas biblik yo, yo dwe bay twalèt yo avèk sistèm ki la pou bon jan netwayaj ak antretyen regilye. Yo dwe itilize done gwoupe sou popilasyon an pou planifye kantite kabin fanm yo parapò ak itilizasyon gason yo yon rasyon estime 3: 1. Kote li posib, yo ta dwe bay irinwa (al gade Dokiman Siplemantè 3: Kantite minimòm twalèt nan espas biblik yo ak nan enstitisyon yo nan sitiyasyon katastwòf).
- Twalèt pou fanmi:** Twalèt fanmi yo se chwa ki pi bon kote li posib. Yo ta dwe gen objektif yon twalèt pou yon maksimòm 20 moun. Kote pa gen twalèt ki egziste, li posib pou kòmanse avèk youn pou 50 moun, epitou pou diminye kantite itilizatè yo a 20 san pèdi tan. Nan sèten sikorans, espas limite fè





li pa posib pou rive nan chif sa yo. Nan ka sa yo, bay gwo sipò pou espas siplemantè. Men, Yo ta dwe sonje objektif primè a se pou ofri ak antretni yon anviwònman san matyè fekal imen.

4. **Enstalasyon komen:** Yo ta dwe konsilte moun k ap viv nan kay yo pou enstalasyon ak modèl, ak netwayaj responsab ak antretyen twalèt komen yo. Anjeneral, gen plis chans pou moun itilize latrin pwòp yo pi souvan. Yo ta dwe fè efò pou bay moun k ap viv avèk maladi kwonik yo tankou VIH ak SIDA aksè fasil nan yon twalèt, paske yo soufri souvan avèk dyare kwonik ak mobilite redui.
5. **Enstalasyon ki pwoteje:** Enstalasyon twalèt yo yon fason ki pa apwopriye ka fè famn yo ak tifi pi frajil pou atake, sitou pandan lannwitlannuit. Asire fanm yo ak tifi yo santi yo pwoteje ak ak ke pwoteje reyèlman lè y ap itilize twalèt yo bay yo. Kote li posib, yo ta dwe bay twalèt kominal ki gen ekleraj, oswa yo ta dwe bay lanp pou kay yo. Yo ta dwe chèche jwenn patisipasyon kominotè a anrapò ak fason pou amelyore sekirite itilizatè yo (al gade Prensip Pwoteksyon 1-2 nan paj 33-36)
6. **Itilizasyon materyo ak zouti lokal pou konstriksyon:** Gen pi gwo rekòmandasyon ki fèt pou Itilizasyon materyo ki disponib nan zòn nan pou konstriksyon latrin yo. Sa amelyore patisipasyon kominotè ki afekte a pou itilize ak antretni enstalasyon yo. Lè yo bay kominotè a zouti pou konstriksyon sa ap sipòtè objektif sa a tou.
7. **Dlo ak materyèl pirifikasyon anal:** Yo ta dwe bay dlo pou twalèt ki gen flòch dlo ak/oswa pwosesis sifon ijyenik. Pou yon twalèt fòs konvansyonèl, li ka nesèsè pou bay papye ijyenik oswa lòt materyèl pou pirifikasyon anal. Yo ta dwe konsilte itilizatè yo sou materyèl pirifikasyon ki pi konvnab sou plan kiltirèl ak sou eliminasyon yo san pwoblèm.
8. **Lavaj men:** Itilizatè yo ta dwe jwenn mwayen pou lave men yo avèk savon oswa yon altènativ (tankou sann dife) apre yo fin itilize twalèt, apre yo fin netwaye dèyè yon timoun ki fin fè poupopou, epitou anvan yo manje ak anvan yo prepare manje. Ta dwe genyen yon sous dlo san rete toupre twalèt la pou objektif sa a.
9. **Menstriyasyon:** Fanm yo ak ti fitifi ki nan laj pou gen règ yo, tankou ti fitifi lekòl yo, ta dwe jwenn aksè nan materyèl ki konvnab pou absòpsyon ak eliminasyon san règ yo. Yo ta dwe konsilte fanm yo ak ti fitifi yo sou sa ki apwopriye sou plan kiltirèl. Latrin yo ta dwe gen ladan yo atik pou eliminasyon materyèl règ yo kòmsadwa oswa enstalasyon pou lave yo an prive (al gade estanda 2 nan Pwomosyon pou Ijyèn, nòt oryantasyon 2 ak 8 nan paj 95-96).





10. **Vidanj twalèt yo:** Lè sa konvnab, epitou selon bezwen an, yo dwe konsidere vidanj twalèt yo/tank septik yo ak resipyen matyè fekal yo, tankou jwenn pwen pou eliminasyon final dlo ize yo imedyatman nan kòmansman an.
11. **Twalèt ki nan anviwònman difisil:** Nan inondasyon oswa nan katastwòf ki fèt nan vil yo, anjeneral li difisil pou bay enstalasyon pou eliminasyon matyè fekal yo kòmsadwa. Nan sitiayson konsa, yo ta dwe konsidere plizyè pwosesis izòlman dechè imen, tankou twalèt ki monte, twalèt pou kanalize pipi, tank pou izòlman dlo ize ak itilizasyon sache plastik pou jete apre yon ti tan avèk sistèm ki apwopriye pou rasanblaj ak eliminasyon. Yo dwe sipòte diferan apwòch yo nan aktivite pwomosyon pou ijyèn.





## 5. Kontwòl vektè

Yon vektè se yon ajan ki pote maladi epi, maladi vektè a pote a se yon kòz prensipal maladi ak lanmò nan anpil sitiyasyon katastwòf. Moustik yo se vektè ki responsab pou transmisyon malarya, ki se youn nan kòz prensipal mòbidite ak mòtalite. Moustik yo transmèt lòt maladi tou, tankou lafyèv jòn, deng, ak lafyèv emorajik. Mouch ibrid oswa ki pa-mòde, tankou mouch kay, mouch vyann, jwe yon wòl enpòtan nan transmisyon maladi dyare. Mouch ki mòde, pinèz ak pis yo se yon nuizans ki bay doulè, epi nan kèk ka, yo transmèt gwo maladi tifis ak lapès. Tik yo transmèt lafyèv alevini, epi pou ki sou kò moun transmèt tifis ak lafyèv alevini. Rat ak sourit kapab transmèt maladi tankou leptospiwoz ak salmoneloz, epitou yo kapab tolere lòt vektè, pa egzanp, pis ki ka transmèt lafyèv Lassa, lapès ak lòt enfeksyon.

Maladi vektè yo transmèt yo kapab kontwole nan ak divès kalite inisyativ, tankou seleksyon yon sant ki apwopriye ak distribisyon refij, apwovizyonman dlo, eliminasyon matyè fekal, jesyon dechè solid ak drenaj, distribisyon sèvis sante (tankou mobilizasyon kominotè a ak pwomosyon pou sante), itilizasyon kontwòl chimik, pwoteksyon moun ak fanmi, epi pwoteksyon efikas estòk manje. Souvan, nati maladi vektè pote yo konplèks epi adresse pwoblèm ki gen rapò ak vektè gendwa mande atansyon espesyalis. Men, genyen souvan twòp bagay ki kapab fêt pou ede evite devlopman maladi sa yo avèk mezi ki senp ak efikas, depi yo idantife maladi a, vektè li ak entè-aksyon li avèk popilasyon an.

### Estanda 1 nan kontwòl vektè: Pwoteksyon moun ak fanmi

Tout moun ki afekte nan katastwòf la gen konesans ak mwayen pou pwoteje tèt yo kont maladi ak vektè nuizans ki ka lakòz yon gwo risk pou sante yo oswa pou byennèt yo.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Abòde sansibilizasyon tout moun ki afekte ki nan risk nan pou maladi vektè yo transmèt konsènan kòz posib maladi ki asosye ak vektè, metòd transmision maladi a ak metòd posib prevansyon maladi a (al gade nòt oryantasyon 1–5).





- ▶ Ede popilasyon ki afekte a evite ekspoze yo nan moustik pandan moman moustik mòde moun pi plispiplis lè yo itilize tout mwayen ki pa nuizib (tankou moustikè, losyon repousan, elatriye) yo mete disponib pou yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Fè atansyon espesyal pou pwoteksyon gwoup ki nan gwo risk yo, tankou fanm ansent ak manman k ap bay tibebe yo tete, ti bebe, granmoun aje ak moun ki gen mobilite redui (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Fè kontwòl pou sou kò moun kote tifis pou transmèt oswa lafyèv alevini se yon menas (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Asire atik pou kouche ak rad yo ayere ak lave regilyèman (al gade nòt oryantasyon 4).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout popilasyon dwe jwenn aksè nan refij ki pa resele oswa ki pa ankou- raje devlopman popilasyon vektè epi ki pwoteje avèk mezi apwopriye pou kontwole vektè yo (al gade nòt oryantasyon 3–5).
- ▶ Tout popilasyon ki nan risk pou maladi vektè yo transmèt konprann kijan transmisyon an fèt, epitou yo dwe pran mezi pou pwoteje tèt yo (al gade nòt oryantasyon 1–5).
- ▶ Tout moun ki resevwa moustikè ki trete avèk ensektisid dwe itilize yo kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Tout manje ki estoke nan nivo depo yo dwe pwoteje kont kontaminasyon vektè yo tankou ensèk mouch ak sourit ak rat (al gade nòt oryantasyon 4).



### Nòt oryantasyon

1. **Defini risk maladi vektè yo transmèt:** Desizyon sou entèvansyon kontwòl vektè ta dwe baze sou evalyasyon risk posib maladi, ak sou prèv klinik yon pwoblèm maladi vektè yo transmèt. Faktè ki enfliyanse risk sa gen ladan:
  - sitiyasyon iminitè popilasyon an, avèk tou eksposizyon anvan, estrès alimantè ak lòt estrès. Mouvman moun (pa egzanp refijye, moun ki deplase andedan peyi a (IDP)), ant yon zòn ki pa gen epidemi ak yon zòn ki gen epidemi se yon kòz komen epidemi yo
  - kalite ak frekans patojèn, alafwa nan vektè yo ak sou moun
  - espès vektè yo, konpòtman ak ekoloji
  - kantite vektè yo (sezon, espas repwodiksyon yo, elatriye)
  - ogmantasyon eksposizyon nan vektè yo: distans ki toupre, modèl abita- syon, kalite refij, pwoteksyon endivididyèl ki egziste ak mezi pou evite yo.





2. **Endikatè pwogram kontwòl vektè:** Endikatè yo itilize anjeneral pou mezire enpak aktivite kontwòl vektè yo se to ensidans maladi vektè yo transmèt (nan done sou epidemi, done ki baze nan kominotè ak endikatè endirèk, selon repons lan) ak kontaj parazit yo (utilizasyon twous dyagnostik rapid oswa mikwoskopì).
3. **Mezi endividyèl pou pwoteksyon kont malarya:** Si gen yon gwo risk pou malarya, li rekòmande pou adopte mezi pwoteksyon sistematik nan moman konvnab, tankou materyèl ki trete ak ensektisid, pa egzanp, tant, rido ak moustikè. Moustikè ki trete yo gen plis avantaj nan bay kék pwoteksyon kont pou kò ak pou cheve, pis, tik, ravèt ak pinèz. Rad manch long, dezenfektan pou kay, radyatè chofaj, espre ak repousan se de lòt metòd pwoteksyon ki kapab sèvi kont moustik. Li enpòtan pou asire itilizatè yo konprann kijan pwoteksyon an enpòtan ak kijan pou sèvi kòrèkteman ak zouti yo, pou mezi pwoteksyon yo ka efikas. Kote pa gen anpil resous, yo fêt pou abòde sa avèk moun ak ak gwoup ki pi nan risk yo, tankou timoun ki poko gen laj 5 ane, moun ki pa vaksinen ak fanm ansent.
4. **Mezi pwoteksyon endividyèl pou lòt vektè:** Bon ijjèn pèsònèl ak lesiv regilye rad ak atik pou kouche se pwoteksyon ki pi efikas kont pou ki nan kò. Yo kapab kontwole enfestasyon avèk tretman pèsònèl (poud), lesiv anmas oswa kanpay kont pou, ak pwotokòl tretman pou moun deplase ki fèk rive nan yon kan. Yon anviwònnman kay ki pwòp, ansam avèk bon eliminasyon dechè ak bon estokaj manje (ki kuit ak ki pa kuit), ap dekoraje rat ak lòt bèt wonjè ak ensèk (tankou ravèt) pou yo pa antre nan kay yo oswa nan refij yo.
5. **Maladi ki transmèt nan dlo:** Yo ta dwe bay yo moun yo enfòmasyon sou risk pou sante, epitou yo pa ta dwe antre nan etandi dlo kote gen yon risk yo konn pou trape maladi tankou chistosomyaz, vè ginan oswa leptospiwoz (ki transmèt lè yon moun yo ekspoze nan pipi mamifè, sitou nan pipi rat – al gade Dokiman Siplemantè 4: Maladi ki Asosye ak Dlo ak Matyè Fekal ak Pwosesis Transmisyon Maladi yo). Ajans yo ka bezwen travay avèk popilasyon ki afekte a pou jwenn lòt sous dlo oswa pou asire yo trete dlo pou tout itilizasyon yo kòmsadwa.





## Estanda 2 nan kontwòl vektè: Mezi pwoteksyon fizik, anviwònman ak chimik

Anviwònman kote yo mete moun ki afekte nan katastwòl la pa dwe ekspoze yo nan vektè ki lakòz maladi yo ak nan vektè nuizans, epitou yo kite vektè sa yo nan nivo redui kote li posib.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Enstale popilasyon ki deplase yo nan zòn ki kote yo ekspoze apèn nan vektè yo, sitou moustik (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Netwaye ak/oswa modifye repwodiksyon vektè yo ak espas kote yo repoze kote sa kapab fêt (al gade nòt oryantasyon 2–4).
- ▶ Fè gwo kontwòl mouch nan kan ki gen anpil moun yo lè genyen yon risk oswa prezans yon epidemi dyare (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Bay pwosesis rekòmandasyon ki efikas pou moun ki enfekte avèk malarya pou dyagnostik ak tretman bonè (al gade nòt oryantasyon 5).

### Endikatè kle

- ▶ Dansite popilasyon moustik dwe rete ba pou evite risk gwo nivo transmisyon enfeksyon (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Mwens moun afekte nan pwoblèm sante ki asosye ak vektè yo (al gade nòt oryantasyon 1–5).



### Nòt oryantasyon

1. **Seleksyon espas** la enpòtan pou minimize eksposizyon popilasyon ki afekte nan risk maladi vektè yo transmèt. Sa ta dwe reprezante youn nan faktè kle yo lè y ap konsidere espas posib yo. Pa egzanp, anrapò ak kontwòl malarya, yo ta dwe lokalize kan yo nan sans kontrè van an nan espas repwodiksyon yo, tankou marekaj yo oswa lak yo, kèlkeswa lè yo kapab bay yon lòt sous dlo pwòp (al gade estanda 2 pou Refij ak kan, nòt oryantasyon 5–9 nan paj 256–257).
2. **Kontwòl anviwònman ak chimik vektè yo:** Gen yon kantite mezi jeni anviwònman debaz yo kapab pran pou redui opòtinite pou repwodiksyon vektè yo. Mezi sa yo gen ladan bon jan eliminasyon matyè fekal imen ak bêt (al gade Seksyon eliminasyon matyè fekal nan paj 105), bon jan eliminasyon refi dechè pou kapab kontwole mouch ak rat ak sourit (al gade Seksyon jesyon dechè nan paj 117), drenaj dlo dòmi yo, ak netwayaj kouvèti





vejetasyon endezirab toutotou kannal ki louvri yo ak letan yo pou kontwole moustik yo (al gade Seksyon drenaj nan paj 121). Mezi priorité sou sante anviwònman an ap gen yon enpak sou dansite popilasyon kèk vektè. Li ka pa posib pou jwenn ase enpak sou tout espas repwodiksyon, alimantasyon, ak repo vektè yo nan yon kan oswa toupre kan an, menmsi alontèm, ak mezi kontwòl chimik ki lokalize yo oswa mezi pou pwoteksyon endivididyèl yo ka nesesè. Pa egzanp, aspèsyon nan espas yo ka redui kantite mouch adilt ak anpeche yon epidemi dyare, oswa sa ka ede diminye fado maladi a si yo itilize li pandan yon epidemi.

3. **Plan pou yon repons:** Pwogram kontwòl vektè yo ka pa gen okenn enpak sou maladi a si yo vize move vektè a, si yo sèvi avèk metòd ki pa efikas yo, oswa si yo sible bon vektè a nan move kote a oswa nan move moman an. Pwogram kontwòl yo dwe vize an premye objektif ki endike anba la yo: redui dansite popilasyon vektè a; redui kontak imen–vektè; epitou redui espas repwodiksyon vektè yo. Pwogram ki mal egzekite yo kapab bay rezulta kontré. Etid detaye epi souvan, konsèy espè ekspè yo nesesè epi yo ta dwe chèche jwenn yo nan òganizasyon sante nasional ak entènasyonal yo. Anplis, yo ta dwe chèche jwenn konsèy sou modèl maladi lokal yo, espas repwodiksyon yo, varyasyon sezonye yo nan kantite vektè yo ak nan ensidans maladi yo, elatriye.
4. **Kontwòl anviwònman ki gen moustik:** Kontwòl anviwònman vize sitou pou elimine espas repwodiksyon moustik yo. Twa varyete moustik ki responsab pou transmèt maladi se *Culex* (filaryòz), *Anofèl* (malarya ak filaryòz) epi *Aedes* (lafyèv jòn ak deng). *Moustik Culex* yo repwodui nan dlo dòmi ki chaje ak matyè òganik tankou latrin, *Anofèl* yo repwodui nan sifas dlo ki pa tèlman polye tankou madlo, ti sous dlo, ak pui–dlo, epi *Aedes* repwodui nan resipyen dlo tankou boutèy, bokit, kawotchou machin, elatriye. Egzanp kontwòl anviwònman moustik gen ladan bon jan drenaj, latrin VIP (fòs amelyore ki ayere) ki fonksyone kòrèkteman, byen kouvri twou twalèt akoupi yo epi kouvri resipyen dlo yo, kite pui yo kouvri epi/oswa trete yo avèk lavisid (pa egzanp pou zòn kote gen epidemi lafyèv deng).
5. **Tretman malarya:** Yo ta dwe egzekite estrateji pou kontwole malarya deziyen pou redui dansite popilasyon moustik yo anmenmtan avèk dyagnostik ak tretman bonè avèk medikaman antikont–malarya ki efikas. Estrateji sa yo ta dwe gen ladan eliminasyon espas repwodiksyon yo, rediksyon to sivi moustik yo chak jou, epi limit abitid pou yo mòde moun. Yo ta dwe fè ak sipòte kanpay pou ankouraje dyagnostik ak tretman bonè. Nan kontèks yon apwòch entegre, travayè asistans antrene k ap melanje rezulta ka aktif yo ak tretman avèk medi-kaman antikont–malarya ki efikas, pi plis ka redui fado malarya a pase rezulta ka pasif yo nan sèvis sante ki santralize (al gade Sèvis sante debaz – estanda 2 nan kontwòl maladi kontajye, nòt oryantasyon 3 nan paj 315).





### Estanda 3 nan kontwòl vektè: Sekirite kontwòl chimik

Mezi kontwòl chimik pou vektè yo dwe fèt yon fason ki asire pwoteksyon kòrèk anplwaye yo, moun ki afekte nan katastwòf yo ak nan anviwònman lokal la, epitou sa evite kreye rezistans chimik pou sibstans ki itilize a.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pou fè sa, yo bay yo fòmasyon, rad pwoteksyon, enstalasyon kote pou yo benyen, ak restriksyon sou kantite èdtan yo pase ap manipile sibstans chimik yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Bay popilasyon ki afekte nan katastwòf la enfòmasyon sou risk posib sibstans ki itilize yo nan kontwòl chimik vektè yo, ak enfòmasyon sou orè pou aplikasyon an. Bay popilasyon an pwoteksyon pandan akapre aplikasyon pwazon yo oswa pestisid yo, yon fason ki konfòm avèk pwosedi yo aksepte sou plan entènasyonal (al gade nòt oryantasyon 1).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon an)

- ▶ Yo dwe suiv estanda ak prensip yo aksepte sou plan entènasyonal lè y ap chwazi kalite, estokaj ak transpò sibstans chimik pou mezi kontwòl vektè yo. Yo pa dwe rapòte oswa obsèvè okenn reyakson negatif akòz sibstans chimik kontwòl vektè yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Yo dwe fè kontrandi sou tout sibstans chimik kontwòl vektè yo pou toutan (al gade nòt oryantasyon 1).



#### Nòt oryantasyon

1. **Pwotokòl nasyonal ak entènasyonal:** Gen pwotokòl ak estanda entènasyonal klè, pibliye pa OMS (Organizasyon Mondyal Sante), ki fèt pou obsèvè an toutan. Pwotokòl sa yo se pwotokòl pou alafwa chwa akaplikasyon sibstans chimik lan nan kontwòl vektè yo, tankou pwoteksyon anplwaye ak egzijans pou bay fòmasyon. Mezi kontwòl pou vektè yo ta dwe abòde de (2) pwoblèm prensipal: efikasite ak sekirite. Si prensip nasyonal anrapò ak chwa sibstans chimik yo pa annamoni avèk estanda entènasyonal yo, sa k ap lakòz yon enpak oswa okenn enpak oswa menas pou sante ak sekirite, lè sa a ajans lan ta dwe konsilte epi ankouraje otorite nasyonal yo bay pèmisyon pou respekte estanda entènasyonal yo.





## 6. Jesyon dechè solid

Jesyon dechè solid se pwosesis pou manipile ak elimine dechè solid òganik ak danjere, ki kapab reprezante risk pou sante piblik pou popilasyon ki afekte a si yo san siveyans, epitou yo kapab gen yon empak negatif sou anviwònman an. Risk sa yo kapab sòti nan repwidiksyon mouch ak rat ak sourit ki devlope sou dechè solid yo (al gade seksyon Kontwòl vektè nan paj 111) ak polisyon sifas- ak sous dlo anba tè akòz liksiyat ki sòti melanj dechè kay ak dechè klinik oswa dechè endistriyèl. Dechè solid yo pa ranmase epi ki akimile ak debri ki rete apre yon katastwòf natirèl ka kreye tou yon anviwònman ki lèd ak dekourajan, ki ta ka ede dekouraje efò pou amelyore lòt aspè sant anviwònman an. Dechè solid souvan bloke kanal drenaj yo, epitou yo lakòz yon pi gwo risk pou inondasyon, sa k ap lakòz pwoblèm sante nan anviwònman an ki asosye avèk dlo dòmi ak dlo polye sifas. Moun k ap ranmase dechè yo, ki touche yon ti revni nan rasanblaj materyèl resiklaj nan dechaj piblik dechè yo, ka nan risk tou pou gen maladi enfektye nan melanj dechè lopital ak dechè kay.

### Estanda 1 nan jesyon dechè solid: Ranmasaj ak eliminasyon

Popilasyon ki afekte a gen yon anviwònman ki pa kontamine avèk dechè solid, avèk tou dechè medikal, epitou popilasyon ki afekte a gen mwayen pou elimine dechè domestik yo yon fason ki pratik ak efikas.

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Fè popilasyon ki afekte a patisipe nan plan ak egzekisyon pwogram eliminasyon dechè solid yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Òganize kanpay netwayaj dechè solid chak peryòd (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Konsidere posiblite pou opòtinite ti biznis oswa revni siplemantè nan resiklaj dechè yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Nan tèt ansanm avèk popilasyon ki afekte a, òganize yon sistèm pou asire yo mete dechè kay yo nan resipyen pou ranmasaj regilye pou yo boule oswa antere nan fòs dechè ki espesifye, epitou pou yo kite dechè klinik ak lòt dechè danjere apa pandan pwosesis ranmasaj la (al gade nòt oryantasyon 3).





- ▶ Rammase dechè yo nan kan yo anvan yo vin reprezante yon risk oswa yon nuizans pou sante (al gade nòt oryantasyon 2–6).
- ▶ Bay adisyonèl estokaj adisyonèl pou dechè ak enstalasyon pou ranmasaj pou fanmi akèy yo, pou montre akimilasyon dechè adisyonèl nan sitiyasyon katastwòf.
- ▶ Bay fòs dechè ki make aklè yon fason apwopriye, poubèl oswa fòs nan zòn ki espesifye nan espas piblik yo, tankou mache ak zòn tretman pwason ak zòn labatwa (al gade nòt oryantasyon 3–6).
- ▶ Asire gen sistèm ranmasaj dechè regilye ki anplas (al gade nòt oryantasyon 3–6).
- ▶ Fè ranmasaj final dechè solid nan yon mannyè ak yon kote konsa pou evite kreye pwoblèm sou sante ak sou anviwònman an pou popilasyon akèy la ak popilasyon ki afekte a (al gade nòt oryantasyon 6–7).
- ▶ Bay rad pwoteksyon ak iminizasyon kont tetanòs ak epatit B pou anplwaye k ap travay nan ranmasaj ak nan eliminasyon dechè solid ak pou moun ki patisipe nan ranmasaj materyèl yo pou resiklaj (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Sizoka ranmasaj kadav moun yo kòmsadwa epi avèk diyitenan diyite se yon bezwen prioritè, kowòdone avèk ajans responsab yo ak otorite k ap fè fas avèk sitiyasyon an (al gade nòt oryantasyon 8).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout kay yo dwe jwenn aksè nan resipyen dechè ki vide omwen de (2) fwa pa semèn, epi ki pa sou yon distans plis pase 100 mèt avèk yon fòs dechè kominal (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Yo dwe ranmase chak jou tout dechè popilasyon k a viv nan kan yo kreye nan anviwònman imedyat kote moun yo ap viv la, yo dwe ranmase dechè yo tou nan anviwònman kan an omwen de (2) fwa pa semèn (al gade nòt oryantasyon 1–3).
- ▶ Omwen yon resipyen 100 lit dwe disponib pou chak 10 fanmi, kote yo pa boule dechè domestik yo anplas (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Genyen bon jan eliminasyon atan ak kontwole dechè solid yo avèk yon risk konsekan minimòm polisyon dechè solid nan anviwònman an (al gade nòt oryantasyon 4–6).
- ▶ Tout dechè medikal yo (avèk tou dechè danjere tankou vè, zegwi, pansman ak medikaman) dwe izole ak elimine apa nan yon fòs oswa yon ensineratè ki deziyen, konstwi ak opere kòrèkteman avèk yon fòs sann ki fon, nan limit chak sant sante (al gade nòt oryantasyon 4–7).





## Nòt oryantasyon

- Planifikasyon ak egzekisyon:** Yo ta dwe planifeye akaplike eliminasyon dechè solid yo nan tèt ansanm ak kowòdinasyon avèk popilasyon ki afekte a ak ajans ak otorite enpòtan yo. Sa ta dwe kòmanse nan kòmansman entèvansyon an anvan yon pwoblèm dechè solid vin yon gwo risk pou sante pou popilasyon ki afekte a. Selon kontèks la, yo dwe òganize kanpay netwayaj chak peryòd nan tèt ansanm avèk popilasyon an ak otorite responsab lokal yo.
- Antere dechè:** Si yo dwe antere dechè yo anplas nan swa fòs nan kay la oswa nan fòs kominal, yo ta dwe kouvri li chak jou avèk yon kouch mens tè pou pa kite li atire vektè tankou mouch ak rat ak sourit kote li ta ka vin espas yo pou yo repwodui. Si y ap elimine matyè fekal/kouch timoun, yo ta dwe kouvri yo avèk tè dirèkteman annapre. Yo ta dwe mete kloti nan espas eliminasyon yo pou evite aksidan epitou pou pa kite timoun ak bèt antre ladan yo. Yo ta dwe pran prekosyon pou evite nenpòt liksivyat k ap kontamine dlo anba tè a.
- Ki kalite ak kantite dechè:** Dechè nan kan yo varye anpil nan konpozisyon ak nan kantite, selon kantite ak kalite aktivite ekonomik yo, kalite manje yo sèvi ak pratik lokal yo pou resikle ak/oswa pou elimine dechè. Yo ta dwe evalye limit dechè solid yo gen enpak sou sante moun, epitou yo ta dwe pran mezi ki apwopriye pou sa, si li nesesè. Yo ta dwe ranmase dechè kay yo nan resipyen dechè pou elimine nan yon fòs pou antere oswa pou ensinere. Kote li pa posib pou bay resipyen dechè pou chak fammi, yo ta dwe bay resipyen dechè kominal yo. Yo ta dwe ankouraje resiklaj dechè solid nan kominotè a, depi dechè a pa reprezante yon gwo risk pou sante. Yo pa ta dwe fè distrisyon atik ki pwodui yon gwo kantite dechè solid nan anbalaj la oswa nan tretman anplas.
- Dechè medikal:** Move jesyon dechè swen sante ekspoze popilasyon an, travayè swen sante yo ak moun k ap manipile dechè yo nan enfeksyon, efè toksik ak blesi. Nan yon sitiyasyon katastwòf, kalite dechè ki pi danjere yo se zouti enfektye ki file ak sa ki pa file (pansman maleng, twal ki gen tach san ak matyè òganik, tankou plasanta, elatriye). Yo ta dwe separe diferan kalite dechè depi nan sous la. Yo kapab elimine dechè ki pa enfektye (papye, anbalaj plastik, rès manje, elatriye) kòm dechè solid. Yo ta dwe zouti kontamine ki file, sitou zegwi ak sereng yo itilize nan yon bwat ki fèmen imedyatman apre itilizasyon. Yo kapab elimine dechè bwat sekirite ak lòt dechè enfektye espas la lè yo antere yo, ensinere yo oswa nan lòt bon metòd (al gade estanda 1 nan Sistèm sante yo, nòt oryantasyon 11 nan paj 300).
- Dechè mache:** Yo kapab trete pifò dechè mache nan menm fason ak dechè domestik. Dechè labatwa ak dechè mache pwason ka bezwen tretman ak enstalasyon espesyal pou elimine dechè likid yo fè, epitou pou asire abataj





bèt yo fèt nan kondisyon ijyèn epi yon fason ki konfòm ak lwa lokal yo. Yo kapab elimine dechè abataj bèt yo ka nnan yon gwo fòs ki kouvri toupre labatwa a oswa toupre izin tretman pwason. San, elatriye kapab koule sòti nan labatwa a oswa nan izin tretman pwason an pou pase nan yon kannal ki kouvri epi pou tonbe nan fòs la (sa ta ka ede redui aksè mouch nan fòs la). Dlo ta dwe disponib pou fè netwayaj.

6. **Depotwa kontwole ak/oswa dechaj sanitè:** Eliminasyon gwo kantite dechè dwe fèt nan yon kote andeyò, swa nan yon depotwa swa nan dechaj sanitè. Metòd sa a depanne si w gen ase espas ak aksè nan ekipman mekanik. Anjeneral, dechè y ap devèse yo ta dwe kouvri avèk tè nan fen chak jounen pou evite yo vin fouye fatra ak repwodiksyon vektè.
7. **Èd sosyal pou anplwaye:** Tout moun ki patisce nan ranmasaj, transpò, eliminasyon ak resiklaj dechè solid ta dwe resevwa rad pwoteksyon, tankou omwen gan men pito yo ba yo salopèt, bòt ak mask pwoteksyon. Lè li nesesè, yo ta dwe bay moun yo iminizasyon kont tetanòs ak epatit B. Dlo ak savon ta dwe disponib pou lave men ak figi. Anplwaye ki gen kontak avèk dechè medikal ta dwe jwenn enfòmasyon sou metòd kòrèk pou estokaj, transpò ak eliminasyon dechè sa yo, ak risk ki asosye avèk move kontwòl dechè yo.
8. **Jesyon kadav moun ki mourir:** Jesyon ak/oswa antèman kadav moun ki mourir nan katastwòf natirèl yo ta dwe fèt nan yon mannyè ki apwopriye ak nan diyite. Anjeneral, se ekip rechèch ak redrèsman ki jere kadav yo, nan tèt ansanm avèk ajans ak otorite gouvènman responsab. Antèman moun ki te mourir akòz maladi kontajye yo dwe fèt kòmsadwa epi nan tèt ansanm avèk otorite sante (al gade estanda 1 nan Sistèm sante yo, nòt oryantasyon 12 nan paj 300). Yo kapab jwenn lòt enfòmasyon sou fason pou jere antèman kadav yo kòmsadwa nan dokiman ki nan Referans yo ak nan lòt seksyon lekti a.





## 7. Drenaj

Dlo sifas ki nan kan yo oswa ki toupre kan yo ka sòti nan abitasyon yo ak nan akote kanpman ijans yo kapab sòti nan kay yo ak nan dlo egou fontèn dlo yo, nan twalèt ak egou ki gen fuit, nan dlo lapli oswa nan dlo inondasyon. Risk prensipal pou sante ki asosye ak dlo sifas se kontaminasyon apwovizyonman dlo yo ak anviwònman kote moun ap viv yo, domaj nan twalèt ak nan kay, vektè k ap repwodui, ak vektè ki neye nan dlo. Dlo lapli ak dlo inondasyon k ap monte kapab agrave sitiayson drenaj la nan yon kan, epitou sa ap ogmante risk kontaminasyon yo. Yo ta dwe aplike yon bon plan drenaj pou rezoud pwoblèm drenaj dlo tanpèt nan planifikasyon espas ak eliminasyon dlo egou avèk ti drenaj anplas, pou redui posib risk posib sou sante pou popilasyon ki afekte nan katastwòf la. Seksyon sa a abòde pwoblèm ak aktivite ti drenaj. Anjeneral, se seleksyon ak devlopman espas la ki detèmine gwo drenaj la (al gade estanda 2 nan Refij ak kan, nòt oryantasyon 5 nan paj 256).

### Estanda 1 nan drenaj: Travay drenaj

Moun yo gen yon anviwònman kote yon ewozyon dlo ak dlo dòmi reprezante risk pou sante yo ak lòt risk, tankou dlo tanpèt, dlo inondasyon, dlo egou domestik, epitou yo dwe minimize dlo egou ki sòti nan sant medikal yo.

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Bay sant drenaj kòmsadwa pou zòn abitasyon yo ak pwen distribisyon dlo yo rete san dlo dòmi egou, epitou pa dwe genyen dlo tanpèt (al gade nòt oryantasyon 1–2, 4–5).
- ▶ Chèche jwenn yon akò avèk popilasyon ki afekte a sou fason pou jere pwoblèm drenaj la, epitou bay ase kantite ase zouti kòmsadwa pou travay ak antretyen ti drenaj yo kote li nesesè (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Asire tout fontèn dlo yo ak sant lavaj men yo gen drenaj efikas pou evite kondisyon labou (al gade nòt oryantasyon 2).





## Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Drenaj fontèn yo dwe byen planifye, konstwi ak antretni. Sa gen ladan drenaj nan zòn pou lave ak pou moun benyen ak pwen kote moun vin pran dlo ak sant lavaj men yo (al gade nòt oryantasyon 2 ak 4).
- ▶ Dlo drenaj la pa dwe polye dlo sifas ak/oswa sous dlo anba tè (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Refij, chemen ak enstalasyon dlo ak enstalasyon sanitè yo pa dwe gen dlo k ap inonde oswa k ap sòti ladan yo (al gade nòt oryantasyon 2–4).
- ▶ Pa dwe gen ewozyon ki fèt akòz dlo drenaj la (al gade nòt oryantasyon 5).

## Nòt oryantasyon

1. **Chwa espas ak planifikasyon:** Fason ki pi efikas pou kontwole pwoblèm drenaj yo se nan chwa espas ak fòma kan an (al gade estanda 1–2 nan Refij ak kan nan paj 249–254).
2. **Dlo egou:** Dlo egou ak dlo ize domestik yo klase kòm dlo egou lè yo melanje ak matyè fekal imen. Sof si kan an enstale kote gen yon sistèm egou dejà, dlo ize domestik pa dwe melanje ak matyè fekal imen. Egou pi difisil ak pi chè pou trete dlo ize domestik. Nan fontèn dlo yo ak nan zòn lesiv ak beny, yo ta dwe ankouraje kreyasyon ti jaden pou sèvi ak dlo ize sa yo, kote li posib. Yo dwe bay atansyon espesyal pou pa kite dlo ize zòn pou fè lesiv ak pou benyen kontamine sous dlo yo.
3. **Eliminasyon dlo drenaj ak matyè fekal:** Atansyon espesyal nesesè pou pwoteje twalèt ak egou yo kont inondasyon pou evite domaj nan estrikti ak fuit dlo.
4. **Pwomosyon:** Li enpòtan pou fè popilasyon ki afekte a patisipe nan fè travay ti drenaj, paske souvan yo konnen ekoulman nòmal dlo drenaj la kote kannal yo ta dwe ye. Epitou, si yo konprann risk pou sante ak risk fizik ki konsène a, epitou si yo te bay èd nan konstriksyon sistèm drenaj la, l ap pi fasil pou yo fè antretyen ladan (al gade seksyon Kontwòl vektè nan paj 111). Answitsuit, sipò teknik ak zouti ka nesesè.
5. **Eliminasyon souplas:** Kote li posib, epi si kondisyon yo favorab nan sòl ki genyen an, drenaj nan fontèn dlo yo, nan zòn lesiv ta dwe souplas olye nan kannal ki louvri, ki difisil pou fè antretyen ak pou bouche yo souvan. Yo kapab itilize teknik ki senp ak bon-mache tankou pui absòban oswa planifikasyon pye bannann pou eliminasyon dlo egou yo souplas. Kote se eliminasyon lwen espas la ki posib sèlman, kannal pi bon pase dren yo. Kannal yo ta dwe deziyen alafwa pou bay vitès ekoulman pou do dlo egou tan sèk la ak pou pote ale dlo tanpèt yo. Kote pant lan pi plispiplis pase 5 poustan, yo dwe





## Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè

aplike teknik jeni pou evite ewozyon egzajere. Yo ta dwe kontwole drenaj rès nan nenpòt pwoesisis tretman dlo yon fason pou moun yo pa kapab itilize dlo a epitou pou rès dlo a pa kontamine sous dlo sifas yo oswa sous dlo anba tè yo.





# Dokiman Siplemantè 1

## Lis evalyasyon premye bezwen yo pou apwovizyonman dlo, sanitasyon, ak pwomosyon ijyèn

Lis kesyon sa yo deziyen sitou pou itilize pou evalye bezwen yo, pou identifye resous endijèn yo, epitou pou dekri kondisyon lokal yo. Li pa gen ladan kesyon pou detèmine resous ekstèn ki nesesè anplis sa ki disponib tousuitsuit yo ak sa ki disponib yo sou plan lokal.

### 1 Jeneral

- ▶ Konbyen moun ki afekte, epi kote moun sa yo ye? Separe done yo otank posib selon sèks, laj, andikap, elatriye.
- ▶ Ki mouvman moun yo ka fè? Ki faktè sekirite pou popilasyon ki afekte a, epi pou repons pou bay sekou posib?
- ▶ Ki maladi ki genyen, ki parèt souvan oswa ki posib epi ki asosye ak dlo ak sanitasyon? Ki limit evolisyon pwoblèm yo ka genyen epi yo prevwa?
- ▶ Kimoun ki enpòtan pou konsilte oswa pou kontakte?
- ▶ Kimoun ki frajil nan popilasyon an epi pou kisa?
- ▶ Èske gen aksè egalego pou tout moun yo nan enstalasyon ki egziste yo nan espas piblik yo, nan sant sante yo ak nan lekòl yo?
- ▶ Ki risk espesyal pou sekirite ki genyen pou fanm yo, pou tifi yo ak pou moun ki frajil yo?
- ▶ Ki pratik dlo ak sanitasyon popilasyon an te genyen anvan katastwòf la?
- ▶ Ki estrikti pouvwa fòmèl ak enfòmèl ki genyen (pa egzanp, lidè kominotè, gramoun aje, gwoup fanm yo)?
- ▶ Kijan yo pran desizyon yo nan kay yo ak nan kominotè a?





## 2 Pwomosyon pou ijyèn

- ▶ Ki pratik dlo ak sanitasyon popilasyon an te genyen anvan katastwòf la?
- ▶ Ki pratik ki nuizib pou sante, kimoun ki fè pratik sa yo epi pou kisa?
- ▶ Kimoun ki toujou ap pratike konpòtman ijyenik pozitif epi kisa ki pèmèt ak motive yo pou fè sa?
- ▶ Ki avantaj ak dezavantaj nempòt chanjman ki pwopoze an pratik?
- ▶ Ki mwayen komunikasyon fòmèl ak enfòmèl ki egziste ak rezulta (travayè sante kominotekominotè, asistan tradisyonèl nan akouchman, gerisè tradisyonèl, klib, koperativ, legliz, moske, elatriye)?
- ▶ Ki aksè nan medya mas yo ki genyen nan zòn lan (radyo, televizyon, video, jounal, elatriye)?
- ▶ Ki òganizasyon medya lokal ak/oswa òganizasyon ki pa nan gouvènman (ONG) ki genyen?
- ▶ Ki gwoup popilasyon an ki dwe sible (manman yo, timoun yo, lidè kominotè yo, travayè nan kuizin kominotè yo, elatriye)?
- ▶ Ki kalite sistèm rezulta ki ta efikas nan konteks sa a (volontè, klib sante, komite, elatriye) pou alafwa mobilizasyon imedyat ak mobilizasyon a mwayen-tèm?
- ▶ Ki bezwen aprantisaj anplwaye ak volontè pou pwomosyon pou ijyèn?
- ▶ Ki atik ki pa alimantè ki disponib epi kisa ki pi ijan selon preferans yo ak bezwen yo?
- ▶ Kijan pratik ijyenik yo efikas nan sant sante yo (sitou nan sitiyasyon epidemik enpòtan yo)?

## 3 Apwovizyonman dlo

- ▶ Ki sous apwovizyonman dlo ki genyen epi kimoun k ap itilize sous yo?
- ▶ Ki kantite dlo ki disponib pou chak moun pa jou?
- ▶ Nan ki frekans pa jou/semèn apwovizyonman dlo a disponib?
- ▶ Èske dlo ki disponib nan sous la ase pou bezwen akoutèm yo ak pou bezwen alontèm yo pou tout gwoup moun yo nan popilasyon an?
- ▶ Èske kote pou ranmase dlo yo ase pre kote moun yo ap viv la? Èske yo pwoteje?
- ▶ Èske apwovizyonman dlo ki genyen an fyab? Konbyen tan l ap dire?
- ▶ Èske moun yo gen ase resipyen dlo ki gen bon gwochè ak bon kalite?





- ▶ Èske sous dlo a kontamine oswa a nan risk pou kontaminasyon (mikwo-byologik oswa chimik/radyolojik)?
- ▶ Èske gen yon sistèm tretman dlo anplas? Èske tretman an nesesè? Èske tretman an posib? Ki tretman ki nesesè?
- ▶ Èske dezenfeksyon nesesè, menmsi apwovizyonman dlo a pa kontamine?
- ▶ Èske gen lòt sous dlo ki toupre?
- ▶ Ki kwayans ak pratik tradisyonèl ki asosye ak ranmasaj, estokaj ak itilizasyon dlo?
- ▶ Èske gen nenpòt obstak pou itilize sous apwovizyonman dlo ki disponib yo?
- ▶ Èske li posib pou deplase popilasyon an si sous dlo yo pa konvnab?
- ▶ Èske li posib pou estoke dlo a nan tank si sous yo pa konvnab?
- ▶ Ki pwoblèm ijyèn enpòtan ki asosye akapwovizyonman dlo a?
- ▶ Èske moun yo gen mwayen pou itilize dlo a yon fason ijyenik?
- ▶ Sizoka gen yon deplasman riral, ki sous dlo ki bon pou betay yo?
- ▶ Èske ap genyen nenpòt efè anviwònman akòz entèvansyon nan apwovizyonman dlo a, abstraksyon ak itilizasyon sous dlo yo?
- ▶ Ki lòt itilizasyon k ap itilize sous dlo yo nan moman an? Èske genyen yon risk pou konfli si yo itilize sous yo pou nouvo popilasyon yo?

#### 4 Eliminasyon matyè fekal

- ▶ Ki pratik kouran ki genyen pou moun yo fè poupopou? Si moun yo al poupopou souvan, èske gen yon zòn ki deziyen pou sa? Èske zòn nan pwoteje?
- ▶ Ki kwayans ak pratik ki genyen, avèk tou pratik ki espesifik pou sèks, konsènan eliminasyon matyè fekal ?
- ▶ Èske gen enstalasyon ki la deja? Si genyen, èske moun itilize yo, èske yo ase epitou èske yo fonksyone avèk siksè? Èske yo kapab agrandi oswa adapte?
- ▶ Èske pratik ki genyen pou moun yo fè poupopou se yon menas pou enstalasyon dlo yo (dlo sifas ak dlo anba tè) oswa pou zòn kote moun yo ap viv la ak pou anviwònman an anjeneral?
- ▶ Èske moun yo lave men yo apre yo fin fè poupopou epitou anvan yo prepare manje ak anvan yo manje? Èske gen savon oswa lòt materyèl netwayaj ki disponib?
- ▶ Èske moun yo abitye avèk konstriksyon ak itilizasyon twalèt yo?
- ▶ Ki materyèl lokal ki disponib pou konstwi twalèt yo?





- ▶ Èske moun yo prepare pou yo itilize latrin ki nan fòs yo, teren kote pou yo al fè poupou, kannal yo, elatriye?
- ▶ Èske gen ase espas pou moun yo al fè poupou, pou latrin ki nan fòs yo, twalèt yo, elatriye?
- ▶ Ki pant teren an genyen?
- ▶ Ki nivo sous dlo anba tè a?
- ▶ Èske kondisyon sol la konvnab pou eliminasyon matyè fekal yo souplas?
- ▶ Èske aranjman ki fèt aranjman pou eliminasyon matyè fekal yo ankouraje vektè yo?
- ▶ Èske gen materyèl oswa dlo ki disponib pou pirifikasyon anal? Nòmalman konbyen moun ki elimine materyèl sa yo?
- ▶ Èske fanm yo kontwole pwoblèm ki asosye ak règ yo? Èske gen materyèl oswa enstalasyon ki disponib kòmsadwa pou sa?
- ▶ Èske gen nenpòt enstalasyon oswa ekipman ki disponib pou fè sanitasyon an aksesib pou moun andikape yo oswa pou moun ki pa ka deplase nan sant medikal yo?
- ▶ Ki konsiderasyon yo ta dwe evalye pou anviwònman an?

## 5 Maladi vektè lakòz

- ▶ Ki risk ki genyen pou maladi vektè yo lakòz, epi kijan yo grav?
- ▶ Èske gen konviksyon ak pratik tradisyonèl (pa egzanp, konviksyon ki endike se dlo sal ki lakòz malarya) ki asosye ak vektè yo ak maladi vektè yo lakòz? Èske nenpòt nan konviksyon oswa pratik sa yo swa itil oswa nuizib?
- ▶ Si gen gwo risk pou vektè yo lakòz maladi, èske moun ki nan risk yo jwenn pwoteksyon endividylèl?
- ▶ Èske li posib pou fè chanjman nan anviwònman lokal la (avèk drenaj, netwayaj ti pyebwa, eliminasyon matyè fekal, eliminasyon dechè, elatriye) pou dekou- raje repwodiksyon vektè yo?
- ▶ Èske li nesesè pou kontwole vektè yo avèk mwayen chimik? Ki pwogram, règleman ak resous ki egziste pou kontwole vektè yo ak pou itilize pwodui chimik?
- ▶ Ki enfòmasyon ak prekosyon sekirite ki nesesè pou bay pou fanmi yo?

## 6 Jesyon dechè solid

- ▶ Èske dechè solid ki akimile yo se yon pwoblèm?





- ▶ Kijan moun yo elimine dechè yo? Ki kalite ak kantite dechè solid yo pwodui?
- ▶ Èske yo kapab elimine dechè solid souplas, oswa èske yo bezwen ranmase ak eliminate nan yon lòt espas la?
- ▶ Ki pratik nòmal eliminasyon dechè solid pou popilasyon ki afekte a (konpòs ak/oswa fòs dechè, sistèm ranmasaj, poubèl, elatriye)?
- ▶ Èske gen enstalasyon medikal ak aktivite k ap pwodui dechè? Kijan yo eliminate yo? Kimoun ki responsab?
- ▶ Ki kote yo eliminate kotèks yo, epi èske eliminasyon yo fèt yon fason ki diskrèt ak efikas?
- ▶ Ki efè eliminasyon dechè solid yo sou anviwònman an?

## 7 Drenaj

- ▶ Èske gen yon pwoblèm drenaj, pa egzanp, inondasyon abitasyon oswa twalèt yo, kote vektè yo ap repwodui, dlo polye k ap kontamine zòn kote moun yo ap viv la oswa apwovizyonman dlo yo?
- ▶ Èske ka gen blokaj dlo nan sòl la?
- ▶ Èske moun yo gen mwayen pou pwoteje abitasyon ak twalèt yo kont inondasyon lokal?
- ▶ Èske gen bon drenaj nan fontèn dlo yo ak zòn lesiv yo?





# Dokiman Siplementè 2

## Kantite minimòm dlo pou enstitisyon yo ak pou lòt itilizasyon

Sant sante ak lopital	5 lit/pasyan ki pa entène 40–60 lit pou chak moun pa jou Kantite anplis yo ka nesesè pou ekipman lesiv, pou floche twalèt yo, elatriye.
Sant pou tretman kolera	60 lit pou chak pasyan pa jou 15 lit pou chak èd medikal pa jou
Sant alimantasyon terapeutik	30 lit pou chak pasyan pa jou 15 lit pou chak èd medikal pa jou
Sant resepsyon/tranzit	15 lit pou chak moun pa jou si sejou a pi plisplis pase yon jou 3 lit pou chak moun pa jou si sejou a se lajounen sèlman
Lekòl	3 lit pou chak elèv pa jou pou bwè ak pou lave men (Itilizasyon pou twalèt yo pa ladan: al gade Twalèt piblik yo anba la a)
Moske	2–5 lit pou chak moun pa jou pou lave ak pou bwè
Twalèt piblik	1–2 lit pou chak itilizatè pa jou pou lave men 2–8 lit pou chak kabinèt pa jou pou netwayaj twalèt
Tout twalèt ki floche	20–40 lit pou chak itilizatè pa jou pou floche twalèt konvensyonèl ki konekte ak yon egou 3–5 lit pou chak itilizatè pa jou pou twalèt ki floche ak dlo
Lavaj dèyè	1–2 lit pou chak moun pa jou
Betay	20–30 lit pou chak gwo bêt oswa bêt mwayen pa jou 5 lit pou chak ti bêt pa jou





# Dokiman Siplemantè 3

Kantite minimòm twalèt nan espas piblik yo ak nan enstitisyon yo nan sitiyasyon katastwòf

Enstitisyon	Akoutèm	Alontèm
Zòn mache	1 twalèt pou 50 estann	1 twalèt pou 20 estann
Lopital/sant medikal	1 twalèt pou 20 kabann oswa 50 pasyan ki pa entène	1 twalèt pou 10 kabann oswa 20 pasyan ki pa entène
Sant alimantasyon	1 twalèt pou 50 adilt 1 twalèt pou 20 timoun	1 twalèt pou 20 adilt 1 twalèt pou 10 timoun
Sant resepsyon/tranzit	1 twalèt pou 50 moun; 3: 1 fanm pou gason	
Lekòl	1 twalèt pou 30 ti fitifi 1 twalèt pou 60 ti gason	1 twalèt pou 30 ti fitifi 1 twalèt pou 60 ti gason
Biwo		1 twalèt pou 20 anplwaye

Sous: Adapte naasyon Harvey, Baghri and Reed (2002)





# Dokiman Siplementè 4

## Pwosesis maladi ki asosye avèk dlo ak matyè fekal ak transmisyon maladi yo

<b>Andedan dlo a oswa Pote pa dlo</b>	Kolera, dizantri basilè , dyare, salmoneloz, elatriye. Tifoid, paratifoid Dizantri, vè, amib, lanbliyaz Epatit A, polyo, rotavirus, dyare	<b>Fekal-oral bakteri</b> <b>Fekal-oral ki pa-bakteri</b>	Kontaminasyon dlo Move sanitasyon Move ijyèn pèsorèl Kontaminasyon rekòlt
<b>Pote pa dlo oswa mank dlo</b>	Enfeksyon je ak po Tifis moun trape nan pou ak lafyèv pou lakòz ki alevini		Dlo pa awopriye Move ijyèn pèsorèl
<b>Vè ki gen pou wè ak matyè fekal</b>	Divès kalite, vè.	<b>Vè transmèt pa sòl</b>	Al twalèt deyò Kontaminasyon sòl
<b>Vè bèf ak kochon</b>	Taeniasis	<b>Moun-bèt</b>	Vyann ki pa byen kuit Kontaminasyon sòl
<b>Andedan dlo</b>	bilazyòz (chistosomyaz), Vè ginen, clonorhiasis, etc.	<b>Rete lontan nan dlo enfekte</b>	Kontaminasyon dlo
<b>Dlo ki gen pou wè ak vektè ensèk</b>	Malarya, deng, maladi dòmi, filaryoz', elatriye.	<b>Mòde pa moustik, mouch</b>	Mòde bò dlo Devlope tou pre dlo
<b>Vè ki gen pou wè ak vektè ensèk</b>	Dyre, amib	<b>Transmèt pa mouch ak ravèt</b>	Anviwònman sal





# Dokiman Siplementè 5

## Ijyèn minimòm, sanitasyon ak aktivite izòlman pou sant tretman kolera (CTC)

Prensip debaz tout sant sante yo ak CTC yo dwe suiv:

1. Izole ka ki grav yo
2. Metrize tout ekskremen (matyè fekal ak vomisman)
3. Gen sèlman yon èd medikal pou chak pasyan
4. Lave men avèk dlo ki gen klowòks
5. Tout planche yo fèt pou ka laved
6. Dezenfekte pye yo lè y ap lave sant lan
7. Dezenfekte rad moun ki enfekte yo anvan yo lavkite sant lan (lè yo bouyi yo oswa lè yo dezenfekte yo)
8. Netwaye planche yo ak tout zòn sant lan regilyèman
9. Bay twalèt apa ak zòn lavaj pou pasyan ak yo ak pou asistan medikal yo
10. Prepare manje yo nan sant lan. Si yo pote manje ki sòti deyò, yo ta dwe transfere manje ki nan resipyen an depi nan baryè a pou pa kite resipyen pran mikwo-òganis ki lakòz kolera (vibrio) sòti nan sant lan apre itilizasyon
11. Fè suivi sou fanmi ak manm fanmi pasyan yo, asire pa gen lòt ka. Dezenfekte kay la epi bay enfòmasyon sou ijyèn
12. Si moun yo rive nan transpò piblik, dezenfekte veyikil yo
13. Konsève ak trete dlo lapli ak dlo egou yo nan zòn kan izòlman an
14. Trete dechè yo nan zòn kan izòlman an

### Solisyon klò pou CTC yo

% klò pou diferan itilizasyon	solisyon 2%	solisyon 0,2%	solisyon 0.05%
	Dechè ak ekskremen Kadav moun mouri	Planche Objè / kabann Beny pou pye Rad	Men Po

NB: Yo ta dwe prepare solisyon yo yon fason ki fre chak jou, paske limyè ak chalè afebli solisyon an


135





# Dokiman Siplementè 6

## Òganigram desizyon pou tretman ak estokaj dlo nan kay



Sous: Adaptasyon: tretman dlo nan kay IFRC ak bon estokaj nan ijans, 2008





# Referans ak lekti siplemantè

## Sous

### Apwovizyonman dlo

Aksyon kont Grangou (2006), Dlo, Sanitasyon ak Ijyèn pou Popilasyon ki nan Risk yo, Pari. [www.actioncontrelafaim.org/english/](http://www.actioncontrelafaim.org/english/)

House, S and Reed, R (1997), Sous Dlo nan Ijans: Gid pou Seleksyon ak Tretman. Sant pou dlo, Jeni ak Developman (WEDEC), Loughborough University, UK. UK.

### Bezwen dlo pou betay

LEGS (2009), Livestock Emergency Guidelines and Standards (LEGS). Practical Action Publishing. UK. [www.livestock-emergency.net/userfiles/file/legs.pdf](http://www.livestock-emergency.net/userfiles/file/legs.pdf)



### Bezwen dlo pou sekirite alimantè

Óganizasyon Nasyonini pou Manje ak Agrikilti FAO Water: [www.fao.org/nr/water/index.html](http://www.fao.org/nr/water/index.html)

### Dechè medikal

Prüss, A, Giroult, E and Rushbrook, P (eds) (1999), Bon Jesyon Dechè Swen Sante. (Anba revizyon pou kounye a.) WHO: Jenèv.

### Dechè solid

Centre for appropriate technology (2003), Design of landfill sites. [www.lifewater.org](http://www.lifewater.org)  
Asosyasyon Entènasyonal pou Dechè Solid: [www.iswa.org](http://www.iswa.org)





## Dokiman legal entènasyonal

Dwa pou Dlo (atik 11 ak 12 Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl), CESCR, Kòmantè Jeneral 15, 26 novanm 2002, U.N. Doc. E/C.12/2002/11. Komite pou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl.

## Drenaj

Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) (1980), Liv Plan: Sistèm Tretman ak Eliminasyon Dlo Egou Souplas, Rapò EPA-600/2-78-173. Cincinnati, USA.

## Jeneral

Davis, J and Lambert, R (2002), Jeni nan Ijans: Dezyèm Edisyon. RedR/IT Publications, Lonn.

Rezo Entè-Ajans pou Edikasyon nan Ijans (INEE) (2010), Estanda Minimòm pou Edikasyon nan Ijans, Kriz Kwonik ak Rekonstwiksyon Bonè. Nouyòk. www.ineesite.org

Medsen san Fwontyè (1994), Jeni Sante Biblik nan Sitiyasyon Ijans. Premyè Edisyon Pari.

Walden, V M, O'Reilly, M and Yetter, M (2007), Pwogram Imanitè ak VIH ak SIDA; Yon apwòch pratik pou entegrasyon. Oxfam GB. Oxford.

[www.oxfam.org.uk/what\\_we\\_do/ emergencies/how\\_we\\_work/resources/health.htm](http://www.oxfam.org.uk/what_we_do/emergencies/how_we_work/resources/health.htm)

## Jesyon kadav moun ki mouri

WHO (2009), Disposal of dead bodies in emergency conditions. Technical Note for Emergencies No. 8. Jenèv. [http://wedc.lboro.ac.uk/resources/who\\_notes/WHO\\_TN\\_08\\_Disposal\\_of\\_dead\\_bodies.pdf](http://wedc.lboro.ac.uk/resources/who_notes/WHO_TN_08_Disposal_of_dead_bodies.pdf)

## Kalite dlo

World Health Organization (WHO) (2003), Guidelines for Drinking-Kalite dlo. Twazyèm Edisyon. Jenèv.

[www.who.int/water\\_sanitation\\_health/dwq/guidelines2/en/](http://www.who.int/water_sanitation_health/dwq/guidelines2/en/)

## Kontwòl vektè

Hunter, P (1997), Maladi Dlo Laköz: John Wiley & Sons Ltd, Chichester, UK.

Lacarin, CJ and Reed, RA (1999), Kontwòl Vektè nan Ijans avèk Pwodui Chimik. WDEC, Loughborough University, UK.





Thomson, M (1995), Prevansyon Maladi Avèk Kontwòl Vektè: Gid pou Òganizasyon Sekou. Oxfam GB.

### Plan sekirite dlo

WHO (2005), Water safety plans: managing drinking–Kalite dlo from catchment to consumer. [www.who.int/water\\_sanitation\\_health/dwq/wsp0506/en/](http://www.who.int/water_sanitation_health/dwq/wsp0506/en/) Eliminasyon ekskreman

Harvey, P (2007), Eliminasyon Ekskreman nan Ijans, Yon liv entè–ajans WEDC Loughborough University, UK. <http://wedc.lboro.ac.uk/>

### Pwomosyon pou ijyèn

Almedom, A, Blumenthal, U and Manderson, L (1997), Hygiene Evaluation Procedures: Approaches and Methods for Assessing Water- and Sanitation–Related Hygiene Practices. Fondasyon Nitrisyon Entènasyonal pou Peyi k ap Devlope yo. Practical Action Publishing, UK.

Ferron, S, Morgan, J and O'Reilly, M (2007), Pwomosyon pou ijyèn: Yon Liv Pratik pou Sekou ak Developman. Practical Action Publishing. UK.

Inite Sipò Refòm Imanità. WASH Cluster Pwomosyon pou Ijyèn Project. [www.humanitarianreform.org/humanitarianreform/Default.aspx?tabid=160](http://www.humanitarianreform.org/humanitarianreform/Default.aspx?tabid=160)

### Sèks

Komite Pèmanan Entè–Ajans (IASC) (san dat), Sèks ak Dlo, Sanitasyon ak Ijyèn nan Ijans. IASC Gender Handbook. Jenèv.

[www.humanitarianreform.org/humanitarianreform/Portals/1/cluster%20approach%20page/clusters%20pages/WASH/Gender%20Handbook\\_Wash.pdf](http://www.humanitarianreform.org/humanitarianreform/Portals/1/cluster%20approach%20page/clusters%20pages/WASH/Gender%20Handbook_Wash.pdf)



### Sondaj sanitè

Sondaj Byologik Britanik (2001), liv ARGOSS. Lonn. [www.bgs.ac.uk](http://www.bgs.ac.uk)

## Lekti Siplemantè

### Andikap ak frajilite jeneral

Jones, H and Reed, R (2005), Dlo ak Sanitasyon pou moun andikape ak pou lòt gwoup moun frajil: planifikasyon sèvis pou amelyore fason pou moun yo jwenn aksè. WEDC Loughborough University, UK. <http://wedc.lboro.ac.uk/>





Oxfam GB (2007), Eliminasyon ekskreman pou moun ki frajil sou plan fizik nan ijans yo. Technical Briefing Note 1. Oxfam, UK. [www.oxfam.org.uk/resources/learning/humanitarian/downloads/TBN1\\_disability.pdf](http://www.oxfam.org.uk/resources/learning/humanitarian/downloads/TBN1_disability.pdf)

Oxfam GB (2007), Frajilite ak konsiderasyon sosyo-kiltirèl pou PHE nan ijans, Nòt 2 ki sòti nan Reyinyon Teknik. Oxfam, UK. [www.oxfam.org.uk/resources/learning/humanitarian/downloads/TBN2\\_watsan\\_sociocultural.pdf](http://www.oxfam.org.uk/resources/learning/humanitarian/downloads/TBN2_watsan_sociocultural.pdf)

### Dechè medikal

WHO (2000), Aide-Memoire: Safe Health-Care Waste Management. Jenèv.

WHO, Healthcare waste management: [www.healthcarewaste.org](http://www.healthcarewaste.org)

WHO, Injection safety: [www.injectionsafety.org](http://www.injectionsafety.org)

### Eliminasyon ekskreman

Harvey, PA, Baghri, S and Reed, RA (2002), Sanitasyon nan Ijans, Plan pou Evalyasyon ak Pwogram. WDEC, Loughborough University, UK.

### Jeneral

OMS ak Òganizasyon Sante Panameriken (PAHO), Bibliyotèk Sante pou Katastwòf: [www.helid.desastres.net/en](http://www.helid.desastres.net/en)

OMS (2002), Sante anviwònman nan ijans ak katastwòf. Jenèv.

### Jesyon kadav moun ki mouri

PAHO and WHO (2004), Jesyon Kadav Moun ki Mouri nan Sitiyasyon Katastwòf, Liv ak Gid pou Katastwòf, Seri nimewo 5. Washington DC.  
[www.paho.org/English/DD/PED/ManejoCadaveres.htm](http://www.paho.org/English/DD/PED/ManejoCadaveres.htm)

### Kontwòl vektè

UNHCR (1997), Kontwòl Vektè ak Lapès nan Sitiyasyon Refijye, Jenèv.

Warrell, D and Gilles, H (eds) (2002), Malaryoloji Debaz, Katriyèm Edisyon, Arnold, London. Katriyèm Edisyon. Arnold. Lonn.

OMS, Metòd chimik pou kontwòl vektè ak lapès pou enpòtans sante publik. [www.who.int](http://www.who.int).





# Estanda Minimòm nan Sekirite Alimantè ak Nitrisyon





# Fason pou itilize chapit sa a

## Chapit sa separe an kat (4) seksyon prensipal:

**Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon**

**Alimantasyon tibebe ak jenn timoun**

**Jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo–nitriman**

**Sekirite alimantè**

Katriyèm gwo la, sekirite alimantè, re-divize an twa (3) seksyon: sekirite alimantè – transfè alimantè; sekirite alimantè – transfè lajan ak koupon; ak sekirite alimantè – mwayen pou viv.

Nou dwe itilize Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo sistematikman nan chapit sa a.

Menmsi yo deziyen sitou pou bay enfòmasyon pou repos imanitè nan yon katastwòf, yo ka konsidere estanda minimòm yo tou pandan preparasyon pou katastwòf la ak tranzisyon nan aktivite redrèzman yo.

Chak seksyon gen sa ki pi ba yo:

- **Estanda minimòm:** Estanda sa yo gen gen kalite kalitatif epi yo espesifye nivo minimòm yo dwe rive pou jwenn repos imanitè parapò ak livrezon manje ak nitrisyon.
- **Aksyon kle:** sa yo se aktivite ak kontribisyon yo sijere pou ede satisfè estanda yo.
- **Endikatè kle:** sa yo se 'siy' ki montre si yo rive nan yon estanda ou pa. Yo ofri yon metòd pou pran mezi epi kominike pwo sedé ak rezulta aksyon kle yo; yo gen rapò ak estanda minimòm alan, pa aksyon kle a.
- **Nòt oryantasyon:** Yo gen pwen espesifik pou konsidere Lè n ap aplike estanda minimòm, aksyon kle ak endikatè kle yo nan diferan sitiayson. Yo bay oryantasyon sou fason pou jere difikilte pratik, pwen referans oswa konsèy sou priyorité. Anplis yo kapab genyen pwoblèm kritik ki asosye ak estanda, aksyon oswa endikatè, epitou yo dekri dilèm, polemik oswa divèjans nan konesans kouran.

Si yo pa ka satisfè endikatè kle ak aksyon ki obligatwa yo, se pou yo evalye enplikasyon negatif sou popilasyon ki touche a epi pran aksyon ki awopriye pou bese pwoblèm nan.

Dokiman siplemantè yo gen lis verifikasiyon pou evalyasyon, oryantasyon sou jan pou mezire malnitrisyon grav ak detémine enpak karans nan mikwo–nitriman genyen sou sante publik ak egzijans pou nitrisyon. Anplis nou bay yon lis referans, ki montre sous enfòmasyon sou zafè jeneral ak zafè teknik an patikilye epi li divize an materyèl sous ak lekti siplemantè.






# Sa ki nan Gid la

Entwodiksyon .....	145
1. Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon .....	152
2. Alimantasyon tibebe ak jenn timoun .....	160
3. Jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo–nitriman .....	166
4. Sekirite alimantè .....	177
4.1. Sekirite alimantè – transfè alimantè .....	181
4.2. Sekirite alimantè – transfè lajan ak koupon .....	201
4.3. Sekirite alimantè – mwayen pou viv .....	205
Dokiman Siplemantè 1: Lis verifikasyon evalyasyon sekirite alimantasyon ak mwayen pou viv .....	216
Dokiman Siplemantè 2: Lis verifikasyon evalyasyon sekirite gress semans ..	218
Dokiman Siplemantè 3: Lis verifikasyon evalyasyon nitrisyon .....	220
Dokiman Siplemantè 4: Fason pou mezire malnitrisyon grav .....	222
Dokiman Siplemantè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo–nitriman nan ansante piblik .....	226
Dokiman Siplemantè 6: Egzijans pou nitrisyon .....	229
Referans ak lekti siplemantè .....	232







# Entwodiksyon

## Lyen bay Dokiman Jiridik Imanitè ak Iwa entènasyonal

Estanda minimòm pou sekirite alimantasyon ak nitrisyon se ekspresyon pratik kwayans ak angajman ajans imanitè yo pataje ak prensip komen ki dirije aksyon ki etabli nan Dokiman Jiridik Imanitè a. Prensip sa yo ki fonde sou prensip imanitè, epi reflete lwa entènasyonal, gen dwa pou viv nan diyitenan diyite, dwa pou gen pwoteksyon ak sekirite, ak dwa pou resevva asistans imanitè lè gen bezwen. Yon lis dokiman legal ak politik enpòtan ki gide Dokiman Jiridik Imanitè a disponib pou referans nan Anèks 1 (al gade paj 356), avèk kòmantè eksplikasyon pou travayè imanitè yo.

Menmsi leta yo reprezante garanti prensipal responsablite yo anrapò avèk dwa ki endike anwo a, ajans imanitè yo gen yon responsablite pou travay avèk popilasyon ki afekte nan katastwòf yo nan yon fason ki konfòm avèk dwa sa yo. Gen plizyè lòt dwa espesifik ki soti nan dwa jeneral sa yo, tankou dwa pou patisipasyon, enfò-masyon, ak non-diskriminasyon ki fòme baz Estanda Debaz yo ansanm ak dwa espesifik pou jwenn dlo, manje, abri ak sante ki southi sa yo ak estanda minimòm yo ki nan Gid sa a.

Tout moun gen dwa pou jwenn ase manje pou yo manje. Yo rekonèt dwa sa a nan dokiman legal entènasyonal, epi li genyen ladan dwa pou moun pa soufri grangou. Lè yon moun oswa yon gwoup moun, pou yon rezon yo pa ka kontwole, pa ka jwi dwa pou jwenn ase manje ak pwòp mwayer yo, leta gen yon obligasyon pou asire yo dirèkteman moun nan jwenn manje. Dwa pou moun jwenn manje gen obligasyon sa yo pou leta yo:

- ▶ 'Pou respekte aksè nan ase manje ki deja egziste' egzije leta pou li pa pran okenn mezi ki pral anpeche moun yo jwenn aksè.
- ▶ 'Pou pwoteje' egzije leta pou li pran mezi pou asire konpayi oswa moun pa fè anyen bloke aksè pou moun jwenn ase manje.
- ▶ 'Pou satisfè' (fasilité) vle di leta dwa patisipe nan aktivite ki la pou rann li pi fasil pou moun jwenn ak itilize resous epi li vle di pou asire mwayer pou moun yo viv, ak sekirite alimantasyon ladan.



Nan ka katastwòf yo, leta dwa bay moun ki bezwen yo manje oswa mande asistans entènasyonal si pwòp resous yo pa ase. Se pou yo rann aksè a fasil epi san danje ak ni anpèchman pou asistans entènasyonal la.

Konvansyon Jenèv yo ak pwotokòl adisyonèl yo gen dwa pou jwenn ase manje nan sitiyasyon ki gen konfli ak okipasyon. Li entèdi pou fè sivil yo mouri ak grangou pou metòd lagè ak pou atake, detwi, retire oswa fè manje, zòn agrikilti pou pwodiksyon manje, rekòt, bêt, enstalasyon ak resous dlo pou bwè, ak travay pou irigasyon gate. Lè yon lòt fòs ap okipe yon eta, lwa imanitè entènasyonal egzije pouvwa kapkap okipe a pou asire gen ase manje pou popilasyon an ak pou pote ase resous si teritwa y ap okipe a pa gen ase. Leta yo dwa fè tout efò pou rasire yo ke refijye yo ak moun ki deplase anndan peyi yo ka jwenn ase manje toutan.

Estanda minimòm yo ki nan chapit sa a reflete zafè fondamantal sou dwa pou jwenn manje epi yo kontribye reyalizasyon pwogresif dwa sa a globalman.

## Enpòtans sekirite alimantè ak nitrison pandan katastwòf

Aksè nan manje ak antretyen pwoblèm lamanjay kòmsadwa se karakteristik enpòtan pou moun siviv pandan yon katastwòf (gade Plas Sphere la nan aksyon imanitè, nan paj 9). Souvan mounki afekte yo deja malnouri anpil lè katastwòf la frape. Denitrisyon se yon gwo pwoblèm sante piblik epi li pami pi gwo rezon kòz lanmò yo, swa dirèkteman oswa endirèkteman.

Kòz denitrisyon yo konplike anpil. Kad konseptyèl (al gade paj 146) ki pi ba a se yon zouti analiz ki montre entèrakson ant faktè ki kontribye nan denitrisyon yo. Kòz imeda denitrisyon se maladi ak/oswa lè moun nan pa manje ase, ki se akòz pòvrete, ensekirite alimantè nan kay, pa gen ase swen nan kay ak kominotè, move dlo, ijèn ak sanitasyon, ak lè moun nan pa gen ase aksè nan swen sante. Katastwòf tankou sliklòn, tranbleman tètranblemannè, inondasyon, konfli ak sechrès afekte kòz denitrisyon yo dirèkteman. Frajilate yon kay oswa kominotè pral detèmine kapasite li pou siviv apre kontak ak blesi sa yo. Karakteristik yon kay oswa kominotè pral detèmine kapasite li pou siviv ak risk ki asosye yo, sitou byen yo ak estrateji li itilize pou jere sitiyasyon an ak pou viv.






Pou chapit sa a, n ap itilize definisyon sa yo:

- **Sekirite alimantè** egziste lè tout moun, pandan tout tantoutan, gen aksè fizik, sosyal, ak ekonomik nan ase manje ki san danje epi ki gen bon nitrisyon pou satisfè manje yo bezwen pou sante yo chak jou ak sa yo prefere pou viv yon vi ki aktif epi an ansante. Nan definisyon sekirite alimantè a menm, gen twa (3) pati:
  - *Disponiblite* refere ak kantite, kalite ak sezonalite manje ki genyen kote katastwòf la afekte yo. Li gen ladan sous pwodiksyon lokal (agrikilti, bét, pwason, manje ki pouse nan eta sovaj) ak manje komèsan antre nan peyi a (entèvansyon gouvènman ak ajans kapab afekte disponiblite yo). Kapasite mache lokal yo pou livre manje bay moun yo se yon bagay detèminan disponiblite.
  - *Aksè* refere ak kapasite yon kay pou jwenn ase manje san danje ki satisfè bezwen nitrisyon tout fanmi an. Li mezire kapasite kay la pou jwenn manje atravè yon melanj pwodiksyon ak rekòt lakay la, manje yo achte, boukante, kado, manje yo prete, ak transfè lajan ak/oswa koupon.
  - *Itilizasyon* refere ak fason kay la itilize manje li jwenn, ak fason li estoke, trete ak prepare, ak distribisyon manje nan kay la. Epitou li se kapasite yon moun pou absòbe ak metabolize nitriman, maladi ak malnitrisyon kapab afekte.
- **Mwayen** pou viv genyen ladan kapasite, byen (tankou resous natirèl, materyèl ak sosyal) ak aktivite moun nan kay la itilize pou yo viv ak pou byennèt yo demen. Estrateji mwayen pou viv se mwayen pratik oswa aktivite moun itilize byen yo pou fè lajan ak akonpli lòt objektif nan vi yo. Estrateji pou siviv defini kòm repons tanporè ensekirite alimantè pouse. Mwayen pou viv yon kay sekirize lè li kapab siviv li ak retabli li apre blesi, ak kenbe oswa amelyore kapasite li ak byen pwodiktif li yo.
- **Nitrisyon** se yon mo vag ki refere ak pwosesis ki gen ou pou wè ak fason kò a manje, dijere ak itilize manje pou li kwasans, devlopman, repwodiksyon, aktivite fizik ak jesyon sante. Teknikman mo "malnitrisyon" an gen denitrisyon ak twòp alimantasyon ladan. Denitrisyon genyen ladan divès kalite kondisyon an gwoup, tankou malnitrisyon grav, malnitrisyon kwonik ak karans nan mikwo-nitriman. Malnitrisyon grav asosye ak sitiasyon kote moun nan tounen zo ak po (ensifizans) ak/oswa kwatblesiò, alòske malnitrisyon kwonik asosye ak diminisyon (mank). Diminisyon ak detéryorasyon se de fòm echèk kwasans. Nan chapit sa a, nou refere ak denitrisyon epi nou retounen sou malnitrisyon espesyalman pou malnitrisyon grav.





### Konseptyèl kòz denitrisyon yo





Kad la montre risk yo pral detèmine kantite fwa ak gwosè blesi natirèl oswa atifisyèl yo ansanm ak nivo sosyo-économik ak jewografik yo. Bagay ki kapab detèmine kapasite pou siviv kapab genyen nivo finansye, imen, fizik, sosyal, natirèl ak byen politik kay la; nivo pwodiksyon li, lajan ak konsomasyon; ak kapasite li pou distribye sous lajan li ak konsomasyon li pou bese efè risk yo.

Frajilite tibebe ak jenn timoun vle di li dwe yon prioritè pou abòde nitrisyon yo. Prevansyon denitrisyon gen menm enpòtans ak tretman malnitrisyon grav. Entèvansyon sekirite alimantè kapab detèmine nitrisyon ak sante akoutèm ak mwayen yo pou viv ak byennètbyennèt yo akoutèm.

Souvan fanm jwe yon pi gwo wòl nan planifikasyon ak preparasyon manje pou kay yo. Apre yon katastwòf, estrateji pou viv nan yon kay kapab chanje. Li ap enpòtan pou rekònèt wòl an patikilye nan nitrisyon fanmi pou founi sekirite alimantè nan kay la. Epi tou li enpòtan pou konprann bezwen nitrisyon inik fanm ansent ak fanm kapkap bay tete, timoun piti, moun aje ak moun ki gen andikap Lè n ap devlope manje pou yo.

Se ak pi bon preparasyon n ap jwenn pi bon sekirite alimantè ak nitrisyon apre yon katastwòf. Preparasyon sa se rezulta kapasite, relasyon ak konesans ke gouvnèman, òganizasyon imanità, òganizasyon sosyete sivil lokal, kominotè ak moun yo devlope pou pran devan epi reponn avèk efikasite a konsekans danje ki posib, ki prêt pou rive oswa ki gentan rive. Preparasyon baze baze sou yon analiz risk yo epi li lye ak yon sistèm avètisman bonè yo. Li genyen plan rezèv, estokaj ekipman ak atlik, sèvis ijan ak aranjman rezèv, komunikasyon, jesyon enfòmasyon ak aranjman kowòdinasyon, fòmasyon pèsonèl ak planifikasyon ak egzèsis nan kominotè a.

Domèn prensipal entèvansyon pou sekirite alimantè ak nitrisyon pandan katastwòf nou kouvri nan Gid sa a se alimantasyon tibebe ak jenn timoun; jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo-nitriman; transfè manje; transfè lajan ak koupon; ak mwayen pou viv.



## Lyen ki mennen nan lòt chapit

Anpil estanda nan lòt chapit yo enpòtan pou chapit sa a. Souvan lè ou akonpli estanda nan yon sektè li gen enflyans sou pwogrè nan lòt sektè yo tou. Pou yon entèvansyon kapab efikas, bon jan aranjman ak kolaborasyon ap nesesè avèk lòt sektè yo. Aranjman avèk otorite lokal, lòt ajans repons ak òganizasyon nan kominotè a ap nesesè tou pou asire bezwen yo satisfè, pou menm efò yo pa repete, epitou pou entèvansyon kalite sekirite alimantè ak èd alimantè yo maksimize.





Kat konseptyèl pou denitrisyon (al gade paj 146) idantifye anviwònman ki pòv ak pa gen ase sèvis sante pamì kòz fondamantal malnitrisyon yo. Repons pou anpeche ak korije malnitrisyon egzije reyalizasyon estanda minimòm nan chapit sa a ansanm ak chapit WASH, Abri, ak Sante yo. Epitou yo egzije pou Estanda Debaz yo reyalize ak pou abòde Prensip Pwoteksyon yo. Pou asire tout gwoup yo jwenn sekirite alimantè ak nitrisyon yon fason ki asire yo kontinye viv epi kenbe diyite yo, li papp ap ase pou sèlman akonpli estanda yo ki nan chapit Gid sa a.

Nou fè referans, kote li enpòtan, bay estanda ak nòt oryantasyon nan lòt chapit pou akonpanye ak estanda konplemantè.

## Lyen ki Mennen nan Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo

Pou satisfè estanda yo ki nan Gid sa a, tout ajans imanitè yo dwe suiv Prensip Pwoteksyon yo, menmsi yo pa gen manda pwoteksyon an patikilye oswa kapasite espesyalis nan pwoteksyon. Prensip yo pa tout bagay 'nèt': nou rekonèt sikontans yo kapab limite jiska ki kote ajans yo kapab satisfè yo. Sepandan, Prensip yo reflete enkyetid imanitè inivèsèl ki dwe gide aksyon pandan tout tantoutan.



Estanda Debaz yo se estanda pwosesis ak pèsonèl enpòtan tout sektè yo pataje. Sis Estanda Debaz yo kouvri patisipasyon, evalyasyon inisyal, repons, siblaj, siveyans, evalyasyon, pèfòmans travayè imanitè, ak sipèvizon avèk soutyen pèsonèl. Yo bay yon sèl pwen referans pou apwòch ki soutni lòt estanda yo ki nan Gid la. Se saksa ki fè chak chapit teknik sipoze akonpànye Estanda Debaz la pou ede akonpli pwòp estanda yo. Sitou pou rasire si nenpòt repons apwopriye epi gen bon kalite, patisipasyon moun yo katastwòf la afekte – tankou gwoup ak grenn moun ki gen plis risk nan katastwòf– dwe maksimize.

## Frajilite ak kapasite popilasyon ki afekte nan katastwòf yo

Seksyon sa a te kreye pou li l ansanm ak Estanda Debaz yo ak pou ranfòse yo.

Li enpòtan pou konprann lè o yon moun jenn oswa granmoun, yon fanm oswa yon moun ki gen yon andikap oswa VIH, sa li menm pa fe fè moun nan frajil oswa risk li ogmante. Men, se pito entè–aksyon faktè yo ki fè sa: pa egzanp, yon moun ki gen plis pase 70 ane, ki abite poukонт li epi sante li pa bon pi frajil pase yon moun ki gen menm laj la epi li an ansante ki ap viv ak fanmi li epi ki gen ase lajan.





Menm jan an, yon ti fitifi twazan pi frajil si li pa akonpànye pase si li tapt ap viv ak paran responsab kapkap pran swen li.

Pandan y ap aplike estanda sekirite alimantè ak nitrisyon ansam ak aksyon kle, yon analiz frajilite ak kapasite ede asire efò pou repons katastwòf yo soutni moun ki gen dwa pou asistans yo san diskriminasyon epi se moun ki bezwen li plis yo ki jwenn li. Sa mande pou yo byen konprann konteks lokal la ak fason yon katastwòf patikilye gen enpak sou gwoup moun patikilye nan diferan fason akòz frajilite ki egziste deja (pa egzanp lè yon moun pòv anpil oswa lè li viktim pratik diskriminasyon), ekspozisyon yo nan divès menas pwoteksyon (pa egzanp, vylanans ki baze sou sèks, tankou eksplwatasyon seksyèl), ensidans oswa prevalans maladi (pa egzanp, VIH oswa tibèkiloz) ak posiblite epidemi (pa egzanp, lawoujòl oswa kolera). Katastwòf yo kapab lakòz inegalite ki la deja yo vin pi grav. Sepandan, li ap enpòtan ou soutni estrateji moun yo pou yo siviv ak kapasite pou kenbe fèm ak retabli yo. Se pou soutni konesans, kapasite ak estrateji yo epi defann yo pou jwenn aksè ak soutyen sosyal, legal, finansye ak psiko-sosyal. Yo dwe konsidere tou divès baryè fizik, kiltirèl, ekonomik ak sosyal yo kapab rankontre pou jwenn sèvis sa yo san patipri.

Sa ki anba la a endike kèk domèn kle y ap asire yo konsidere dwa ak kapasite moun frajil yo:

- ▶ Itilize patisipasyon moun yo omaksimòm, pandan y ap asire ke tout gwoup reprezantan yo ladan, espesyalman moun ki mwens vizib yo (pa egzanp moun ki gen pwoblèm pou kominke oswa pou deplase, moun k ap viv nan enstitisyon, jèn ki gen etikèt endezirab ak lòt gwoup ki pa reprezante oubyen ki manke reprezante yo).
- ▶ Separe done yo pa sèks ak laj (0–80+ ane) pandan evalyasyon – sa a se yon eleman enpòtan pou asire sektè sekirite alimantè ak nitrisyon an konsidere divèsite nan popilasyon yo.
- ▶ Asire yo kominke dwa pou enfòmasyon sou dwa yo nan yon mannyè ki konsidere tout manm kominotè an a epitou ki aksesib pou tout manm kominotè a.





## Estanda minimòm

# 1. Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon

Lè gen yon gwo kriz ak bezwen pou repons tousuit, premye evalyasyon rapid plizyè sektè kapab ase pou deside si yo bezwen asistans tousuit ou pa. Yo kreye premye evalyasyon rapid yo pou jwenn vizyon ki rapid epi klè sou yon kontèks an patikilye nan moman an. Gen anpil chans nou pral bezwen fè plis evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon ki mande anpil tan ak resous pou li fêt byen. Evalyasyon yo dwe toujou ap kontinye, sitou pou kriz ki pwolonje yo, epi yo dwe gide moun y ap sible ak desizyon y ap pran kòm pati jesyon repons la.

Jeneralman, evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon pa dwe fèt an menm tan epi yo dwe travay pou idantifye baryè pou jwenn ase nitrisyon, ansam ak entèvansyon pou amelyore disponibilitedisponiblite, aksè ak pou yo manje byen. Lis verifikasiyon pou evalyasyon kiyo nan Dokiman Siplementè 1: Lis verifikasiyon sekirite alimantè ak mwayen pou viv, 2: Lis verifikasiyon sekirite gress semans ak 3: Lis verifikasiyon evalyasyon nitrisyon.

De (2) estanda evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon yo suiv Estanda Debaz 3 (al gade paj 61) epi yo tou de aplike nenpòt kote yo planifye oswa defann entèvansyon sekirite alimantè ak nitrisyon.

### Estanda 1 nan evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon: Sekirite alimantè

Kote moun yo gen plis risk pou ensekirite alimantè, yo dwe fè evalyasyon ak metòd ki aksepte pou konprann kalite, degre ak nivo ensekirite alimantè a, pou idantifye moun ki afekte yo ak defini repons ki pi apwopriye a.

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Itilize yon metodoloji ki respekte prensip yo aksepte toupatou epi dekri li totalman nan rapò evalyasyon an (al gade nòt oryantasyon 1)





- ▶ Sanble epi analize enfòmasyon nan premye etap evalyasyon an (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Analize enpak ensekirite alimantè sou pwoblèm nitrisyon popilasyon an (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Devlope evalyasyon an sou kapasite lokal, tankou enstitisyon fòmèl ak enfòmèl, nenpòt lè li posib (al gade nòt oryantasyon 9).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Yo envestige sekirite alimantè ak mwayen pou moun viv, kay ak kominotè yo pou gide entèvansyon yo (al gade nòt oryantasyon 3–9).
- ▶ Y ap mete rezulta evalyasyon yo nan yon rapò ki gen analiz ansanm ak rekòmandasyon byen klè sou aksyon pou sible moun ak gwoup ki pi frajil (al gade nòt oryantasyon 1–10).
- ▶ Repons la baze sou bezwen imeda moun yo pou manje men li pral konsidere pwoteksyon ak pwomosyon estrateji mwayen pou viv yo tou (al gade nòt oryantasyon 10).

### Nòt oryantasyon

1. **Metodoloji:** Nivo evalyasyon yo ak egzanp pwosedи yo enpòtan, menmsi yo Lejèmèl. Evalyasyon sekirite alimantè yo dwe gen objektif klè epi yo dwe itilize metòd ki aksepte nan nivo entènasyonal. Konfirmasyon ki pase nan differan sous enfòmasyon (pa egzanp, evalyasyon rekòt, imaj satelit ak evalyasyon kay) enpòtan pou gen yon konklizyon konsistant (al gade Estanda Debaz 3 sou paj 61 ak Referans ak lekti siplemantè).
2. **Sous enfòmasyon:** Kapab genyen enfòmasyon segondè ki egziste nan sitiyasyon anvan anvan dezas la. Paske fanm ak gason jwe wòl ki differan ak komplemantè pou asire byennètbyennèt nitrisyon tout moun nan kay la, se pou distribye enfòmasyon sa a dapre sèks mezi li posib (al gade Estanda Debaz 3 sou paj 61 ak Dokiman Siplemantè 1: Lis verifikasyon evalyasyon sekirite alimantasyon ak mwayen pou viv.)
3. **Disponibilite, aksè, konsomasyon ak fason yo itilize manje:** (Al gade definisyon pou disponiblite, aksè, ak fason yo itilize manje sou paj 145.) Konsomasyon manje reflete enèji ak nitriman moun yo pran nan yon kay. Li pa pratik pou mezire sa ki nan enèji aktyèl ak detay nitriman yo pandan yon evalyasyon. Chanjman nan kantite repa yo konsome anvan akapre yon dezas kapab yon endikatè ki senp men ki devwale chanjman nan sekirite alimantè. Kantite gwoup manje yon moun oswa tout moun nan fanmi a manje ak kantite fwa yo manje pandan yon peryòd tan reflete divèsite nan rejim. Sa se yon bon endikasyon, sitou lè li li lye ak estati sosyo-ekonomik





yon kay avèk total enèji ki antre nan kay la ak kalite rejim nan. Zouti ki kapab bay mezi ki solid sou fason yo konsome manje ak pwoblèm tankou kalandriye sezon, Pwen Divèsite Nan Rejim Kay, Balans Aksè Ensekirite Manje Nan Kay, Oswa Pwen Konsomasyon Manje.

4. **Ensekirite alimantè ak pwoblèm nitrisyon:** Ensekirite alimantè se youn nan twa (3) bagay ki lakòz denitrisyon. Sepandan, piga nou sipoze se li menm sèl ki lakòz denitrisyon.
5. **Kontèks:** Ensekirite alimantè kapab rezulta faktè makwo-ekonomik ak estrikti sosyo-politik ki pi laj, tankou regleman nasyonal ak entènasyonal, pwoesis oswa enstitisyon ki gen yon enpak sou aksè popilasyon katastwòf la afekte pou jwenn ase manje ak degradasyon anviwònman lokal la. Anjeneral yo defini sa kòm ensekirite alimantè kwonik, yon kondisyon alontèm akòz frajilite estrikfirèl ki kapab vin agrave akòz enpak yon katastwòf. Sistèm enfòmasyon sekirite alimantè lokal ak reyjonal la, tankou sistèm avètisman bonè pou famin ak Klasifikasyon Faz Sekirite Alimantè Entegre, se fonksyon enpòtan pou analyze enfòmasyon.
6. **Analiz repons:** Sekirite alimantè varye mwayen pou viv, Aksè to area Mache yo, katastwòf. Objektif evalyasyon an ap abòde fason popilasyon ki afekte a te jwenn manje ak revni anvan katastwòf la ak kijan y ap siviv kounye a. Kote moun yo te deplase, yo fèt pou konsidere sekirite alimantè popilasyon ki resevwa yo a tou. Evalyasyon an dwe analyze mache, bank, enstitisyon finansye oswa lòt fonksyon transfè lokal nan ka transfè lajan, ak chèn lojistik manje, tankou risk ki asosye ak yo (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33). Sa pral ede evalye si l ap posib pou fè entèvansyon transfè lajan ak manje ak kreye fonksyon ki san danje epi ki livre ak efikasite.
7. **Analiz mache** dwe fè pati premye evalyasyon an ak sa ki vin apre yo. Yon analiz mache dwe gen tandans pri, disponiblite machandiz ak sèvis fondamantal, enpak katastwòf la sou estrikti mache a ak peryòd yo panse l a ap retabli. Lè nou konprann kapasite mache yo pou bay travay, manje, atik ak sèvis esansyèl apre yon katastwòf sa kapab ede kreye repons ki atan, pa twò chè akapwopriye pou amelyore ekonomi lokal yo. Sistèm mache yo kapab ale pi lwen pase bezwen akoutèm yo apre yon dezas pou pwoteje mwayen pou viv moun yo kote yo bay yo atik pwodiktif (grenn semans, zouti, elatriye.) ak fè antretyen pou demann yo pou travay. Yo dwe kreye pwogram yo fon fason pou ankouraje moun achte lokal kote li posib (al gade Sekirite alimantè – estanda transfè manje 4, nòt oryantasyon 2–3 nan paj 189, Sekirite alimantè – estanda mwayen pou viv 1, nòt oryantasyon 7 nan paj 207 ak Sekirite alimantè – estanda mwayen pou viv 3, nòt oryantasyon 2 nan paj 212).





8. **Estrateji pou siviv:** Evalyasyon ak analiz ta dwe konsidere diferan kalite estrateji pou siviv, kimoun k ap aplike yo ak kilè, si yo travay byen ak nati move enpak la (si genyen). Nou rekòmande zouti tankou Estrateji pou Siviv yo. Menmsi estrateji varye, genyen etap an patikilye pou siviv. Kèk etap estrateji nòmal, pozitif, epi nou kapab southi yo. Lòt estrateji, ki rele pafwa estrateji kriz, kapab detwi fiti sekirite alimantè (lavant teren, migrasyon tout moun nan fammi yo akòz soufrans oswa debwazman). Kèk estrateji pou siviv yo anplwaye oswa fòse aplike sou fanm ak tifi kapab genyen yon gwo move enpak sou sante yo, byennètbyennèt psikolojik yo ak entegrasyon sosyal yo. Estrateji pou siviv kapab afekte anviwònman an tou, tankou twòp eksplwatasyon resous natirèl tout moun posede an komen. Analiz la dwe detèmine yon mwayen pou viv pou idantifye melanj repons ki pi awopriye a pou asire yo pwoteje ak southi sekirite alimantè anvan tout yo fin itilize tout opsyon ki pa gen dega yo (al gade Prensip Pwoteksyon 1–2 sou paj 33–36).
9. **Analiz patisipatwa sou fragilite:** bonjan patisipasyon diferan gwoup fanm ak gason ak òganizasyon ansanm ak enstitisyon lokal nan tout etap evalyasyon an ap enpòtan. Pwogram yo ta dwe devlope sou konesans, epi baze sou bezwen ak adapte pou kontèks lokal patikilye a. Kote ki konn gen anpil katastwòf natirèl oswa konfli ki dire lontan kapab gen avétisman lokal bonè ak sistèm oswa rezò repons pou ijans ak plan rezèv yo kapab enkòpore nan nenpòt evalyasyon. Li ap enpòtan pou enplike fanm nan konsepsyon ak enplemantasyon pwojè yo (al gade Prensip Pwoteksyon 2–4 nan paj 36–41).
10. **Bezwen imeda ak planifikasyon alontèm:** Entèvansyon ki fèt pou bezwen manje imeda yo kapab genyen transfè manje ak transfè lajan ak koupon. Yo kapab swa poukонт yo oswa ansanm ak lòt entèvansyon mwayen pou viv. Pandan priorité nou se pou satisfè bezwen imeda moun yo ak prezève byen pwodiksyon moun yo pandan yon kriz, fòk nou toujou planifie repons yo ak lavni nan tèt nou, tankou fè konsyantizasyon sou enpak chanjman klima a sou restorasyon yon anviwònman ki degrade.





### Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 2: Nitrisyon

Kote moun yo gen plis risk pou denitrisyon, yo dwe fè evalyasyon ak metòd ki aksepte pou konprann kalite, degré ak nivo denitrisyon an, pou idantifye moun ki afekte yo ak defini repons ki pi apwopriye a.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Konpile enfòmasyon ki te egziste déjà anvan katastwò la ak evalyasyon inisyal pou souliye nati ak severite sitiyyasyon nitrisyon an (al gade nòt oryantasyon 1–6).
- ▶ Idantifye gwoup ki gen plis bezwen soutyen nitrisyon ak faktè ki kapab lakòz kondisyon nitrisyon an (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Detèmine si yo bezwen evalyasyon dapre dapre kalite oswa kantite popilasyon a an pou mezire ak konprann pi byen kondisyon antwopometrik, kondisyon mikwo-nitriman, alimantasyon tibebe ak jenn timoun, pratik swen matènèl ak bagay ki kapab lakòz denitrisyon (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Konsidere opinyon kominotè lokal la ak lòt òganizasyon lokal sou faktè ki kapab detèmine denitrisyon (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Dwe genyen yon evalyasyon kapasite nasyonal ak lokal pou dirije ak/oswa soutni repons (al gade nòt oryantasyon 1 ak 8).
- ▶ Itilize enfòmasyon evalyasyon nitrisyon pou detèmine si sitiyyasyon an estab oswa ap bese (al gade nòt oryantasyon 7–8).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Metodoloji evalyasyon ak analiz tankou endikatè nòmализe ki respekte prensip moun aksepte toupatou yo adopte pou evalyasyon ki antwopometrik ak ak ki kappa antwopometrik (al gade nòt oryantasyon 3–6).
- ▶ Y ap prezante rezulta evalyasyon yo nan yon rapò ki gen analiz ansanm ak rekòmandasyon byen klè sou aksyon pou sible moun ak gwoup ki pi frajil (al gade nòt oryantasyon 3–6).

#### Nòt oryantasyon

1. **Enfòmasyon kontekstyèl:** Yo kapab rasanble enfòmasyon sou kòz denitrisyon nan sous primè ak sous segondè, tankou pwofil sante ak nitrisyon, rapò rechèch yo, enfòmasyon sou premye avètisman, dosye sant sante, rapò sou sekirite alimantè ak gwoup asistans sosyal kominotè ki déjà egziste. Kote pa





gen enfòmasyon disponib pou domèn evalyasyon ak entèvansyon posib an patikilye, yo dwe konsilte lòt sous tankou Sondaj Sante Demografik, Sondaj Gwoup Plizyè Endikatè, lòt sondaj nasyonal pou sante ak nitrisyon, Sistèm Enfòmasyon Peyizaj Nitrisyonèl OMS, Sistèm Enfòmasyon Vitamin ak Nitrisyon Mineral OMS, Baz Ddone Ijans Konplèks (CE-DAT), Sistèm Enfòmasyon Nitrisyon Pandan Kriz (NICS), sistèm siveyans nitrisyon nasyonal, ak to admisyon ak kouvèti pwogram ki egziste pou jesyon malnitrisyon. Kote done reprezantan yo disponib, li ap preferab pou gade tandans nan kondisyon nitrisyon yo pandan lontan passe fason malnitrisyon simaye yon sèl kote pandan yon moman (Dokiman Siplementè 3: Lis verifikasyon evalyasyon nitrisyon). Nou dwe konsidere evalyasyon nitrisyon nan evalyasyon ki pi laj, sitou sa yo ki konsantre sou sante piblik ak sekirite alimantè. Yo dwe sanble enfòmasyon sou inisyatif inisyativ nitrisyon ki egziste deja, kapasite yo pou opere ak kapasite repons lokal pou idantifye mak ak gide repons.

2. **Nivo analiz la:** Yo dwe fè yon evalyasyon byen detaye apre premye evalyasyon an (al gade Estanda Debaz 3 sou paj 61) sèlman lè yo idantifye mank nan enfòmasyon ak lè gen bezwen pou plis enfòmasyon pou gide moun kapkap pran desizyon pou pwogram, pou mezire rezulta pwogram ak pou defans moun. Yon evalyasyon nitrisyon byen detaye refere ak plizyè apwòch evalyasyon posib tankou sondaj antwopometrik, evalyason alimantasyon tibebe ak jenn timoun, sondaj mikwo-nitriman ak analiz kòz. Yo kapab itilize siveyans nitrisyon ak sistèm siveyans tou.
3. **Metodoloji:** Nenpòt kalite evalyasyon nitrisyon dwe gen yon objektif ki klè, itilize metòd ki aksepte nan nivo entènasyonal, idantifye moun ki frajil pou gen pwoblèm nitrisyon ak kreye yon konprenansyon faktè ki kapab kontribye nan denitrisyon. Pwosesis evalyasyon ak analiz la dwe dokimante ak prezante nan yon rapò ki fèt atan epi yon fason li ki lojik ak transparan. Apwòch evalyasyon yo dwe san patipri, reprezante tout moun epi kowòdòone pamaj ajans ak gouvènman yo pou enfòmasyon yo konplementè, konsistan ak konparab. Evalyasyon ki fèt ant plizyè ajans yo dwe favorab nan evalyasyon kote ki gwo nan nivo teknik ak jewografik.
4. **Sondaj antwopometrik** yo reprezante sondaj plizyè sektè ki baze sou echantiyon ki fèt pa aza oswa evalyason ki trè detaye. Ankèt antwopometrik yo bay yon estimasyon sou fason malnitrisyon an ap pwopaje (kwonik ak grav). Rapò a dwe prensipalman rapòte Pwa pou Wotè nan pwen Z dapre estanda OMS (al gade Dokiman Siplementè 4: Fason pou mezire malnitrisyon grav). Yo kapab rapòte Pwa pou Wotè nan pwen Z dapre referans Sant Nasyonal pou Estatistik Sante (NCHS) tou pou fè konparezon ak sondaj ki te fèt anvan. Yo dwe mete mezi kote moun nan vin tounen zo ak po ki fèt ak sikonferans bra a (MUAC) nan sondaj antwopometrik yo tou. Nutrition oedema should be assessed and recorded separately. Nou dwe rapòte





entèval konfiyans konfyans pou malnitrison kapkap simaye epi demontre sondaj ki asire gen bon kalite. N ap kapab fè sa avèk zouti ki egziste déjà (pa egzanp metodoloji manyèl ak zouti Sipèvizon ak Evalyasyon Nòmalize Sekou ak Tranzisyon (SMART), lojisyl oswa ENA (Evalyasyon Nitrisyon ljan) al lojisyl EpilInfo). Pratik yo pi aksepte toupatou se pou evalye nivo malnitrison an sou timoun ki gen laj 6–59 mwa kòm yon endikatè pou popilasyon an antan yon ansanm. Sepandan, kote lòt gwoup kapab afekte pi mal oswa gen pi gwo risk ak nitrisyon yo, nou dwe konsidere evalyason (al gade Dokiman Siplementè 4: Fason pou mezire malnitrison grav).

5. **Endikatè non-antwopometrik:** Enfòmasyon adisyonèl sou antwopometri ap esansyèl, men yo dwe konsidere li ak anpil atansyon epi limite li lè li atache ak sondaj antwopometrik yo pou li pa minimize kalite sondaj la. Kalite endikatè sa yo gen kouvèti sou to iminizasyon (sitou pou lawoujòl), konpleman Vitamin A, karans nan mikwo-nitriman ak endikatè alimantasyon tibebe ak jenn timoun OMS (IYCF). Yo kapab mezire to tibebe ak timoun ki gen pi piti pase 5 an, lè li awopriye.
6. **Karans nan mikwo-nitriman:** Si nou deja konnen popilasyon an gen karans nan Vitamin A, yòd oswa zenk oswa yo soufri anemi akòz karans nan fè anvan yon katastwòf, gen anpil chans katastwòf la pral fè bagay yo pi grav. Nou dwe konsidere maladi tankou pelagra, beriberi, eskòbit oswa lòt karans nan mikwo-nitriman kapab pete Lè n ap planifye ak analize evalyasyon yo. Si nou ta wè gen moun ki gen karans sa yo nan sant sante yo, gen anpil chans se paske yo pa gen aksè ak ase bon manje epi sa kapab endike gen pwoblèm sa nan tout popilasyon an. Evalyasyon karans nan mikwo-nitriman yo kapab dirèk oswa endirèk. Nan evalyasyon dirèk yo genyen evalyasyon kantite nitriman popilasyon an pran epi revize enfòmasyon ki genyen sou aksè, disponiblite ak fason yo itilize manje pou estime kantite karans ki genyen (al gade Evalyasyon sekrite alimantè ak nitrisyon estanda 1 sou paj 150 epi evalye rasyon kantite manje ki genyen (al gade Sekrite alimantè – estanda transfè manje 1 sou paj 180), Lè li posib, evalyasyon dirèk genyen mezire karans klinik oswa sib-klinik kay moun oswa yon echantiyon popilasyon an, pa egzanp mezire emoglobin pandan sondaj kote anemi ap pwopaje pou mezire karans nan fè.
7. **Entèpretasyon nivo denitrisyon:** Lè n ap detèmine nivo denitrisyon nou bezwen fè yon analiz byen detaye sou sitiaysyon an parapò ak referans popilasyon ak dansite, to mòbidite ak mòtalite (al gade Sèvis sante esansyèl estanda 1, nòt oryantasyon 3 sou paj 310). Epi li mande pou fè referans ak endikatè sante, mouvman dapre sezon, endikatè IYCF, nivo denitrisyon anvan katastwòf la, nivo karans nan mikwo-nitriman (al gade Dokiman Siplementè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante publik), pwopòsyon malnitrison grav egi sevè parapò ak malnitrison grav global ak lòt faktè ki





afekte kòz malnitrisyon yo. Fason kapkap pi bon mache pou siveye tandans yo kapab yon melanj diferan sistèm enfòmasyon konplemantè. Nempòt lè li posib, enstitisyon ak popilasyon lokal yo dwe patisipe nan aktivite siveyans, entèpretasyon rezulta yo ak planifikasyon nenpòt repons. Aplikasyon modèl akapwòch pou pran desizyon ki konsidere plizyè varyab tankou sekirite alimantè, mwayen pou viv, ak sante avèk nitrisyon kapab apwopriye (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 1, nòt oryantasyon 5 sou paj 152).

8. **Pou pran desizyon:** Rezulta evalyasyon yo dwe gide desizyon sou repons ki vize sou jesyon malnitrisyon. Desizyon pou enplemane distribisyon manje jeneral oswa lòt entèvansyon pou anpeche oswa trete li imedyatman nan etap grav yon dezas pa bezwen tann rezulta evalyasyon byen detaye. Lè evalyasyon yo fèt, rezulta yo dwe gide gide aksyon yo. Pou pran yon desizyon nou dwe konprann kisa denitrisyon yo ye dapre jan yo eksplike li nan kad konseptyèl la, ki se rezulta evalyasyon nitrisyon ak kapasite pou reponn ki egziste déjadeja.





## 2. Alimantasyon tibebe ak jenn timoun

Lè tibebe ak jenn timoun yo pa jwenn ase manje sa ogmante risk pou denitrisyon, maladi ak menm lanmò. Genyen pi gwo risk pandan yon katastwòf epi sa ki pi jenn yo pi fragil. Bonjan alimantasyon ki fè moun yo viv pi lontan epi bese möbidite kay timoun ki gen pi piti pase 24 mwa se inisyasyon alètman eksklizif, alètman eksklizif pou 6 mwa, alètman kontinye pou 24 mwa oswa plis, ak entwodiksyon nan ase manje konplemantè ki apwopriye ak san danje sou 6 mwa.

IYCF (alimantasyon tibebe ak jenn timoun) konsène li akgen sousi entèvansyon pou pwoteje ak soutni ti bebe ak jenn timoun ki nan tete ak sa ki pa nan tete pou yo jwenn bonjan nitrisyon yo bezwen. Entèvansyon priorité priorité gen bay pwoteksyon ak soutyen pou bay tete, kote yo bese risk pou bay lòt manje epi pèmèt gen alimantasyon konplemantè ki apwopriye ak san danje. Tibebe ak jwenn timoun ki nan sikonstans ki vrèman difisil, tankou popilasyon ki gen anpil ka VIH, timoun ki òfelen, timoun ki peze peze yon ti kras pwa lè yo fêt (LBW) ak sa yo ki malnouri anpil, bezwen atansyon espesyal. Pwoteksyon ak soutyen pou fanm ansent ak sa kapkap bay tete yo nan domèn nitrisyon, sante fizik ak mantal se bagay ki pi enpòtan pou byennètbyennèt manman ak pitit la. Nou dwe konsidere bezwen espesyal moun tankou granparan, papa ki poukонт yo, oswa frè ak sa sè kapkap bay timoun sa yo swen tou. Angajman plizyè sektè ap enpòtan pou pwoteje epi satisfè gran bezwen nitrisyon ti bebe ak jenn timoun ak manman yo. IYCF fè yon gwo pati plizyè nan estanda yo ki nan chapit sa a epi li parèt nan lòt chapit tou.





## ■ Estanda 1 nan alimantasyon tibebe ak jenn timoun: Oryantasyon ak kowòdinasyon

Pwoteje alimantasyon tibebe ak jenn timoun ki san danje epi ki apwopriye atravè emplémentasyon oryantasyon regleman kle ak kowòdinasyon ki solid.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Gade dispozisyon dispozisyon nan Oryantasyon Operasyonèl sou alimantasyon tibebe nan ka ijan an (IFE) ak Kòd Entènasyonal Maketing Ranplasman Lèt Tete Manman ak lòt rezolisyón Asanble Sante Mondyal ki enpòtan an (sa ki rele Kòd la) (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Evite mande oswa aksepte don ki se ranplasman lèt tete manman (BMS), lòt pwodui lèt, bibon ak tetin (al gade nòt oryantasyon 2).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Genyen regleman nasyonal ak/oswa ajans an plas ki abòde IYCF epi reflete Oryantasyon Operasyonèl sou IFE a (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Gen yon gwoup kowòdinasyon nan IYCF yo mete responsab nan chak ijans (al gade nòt oryantasyon 1)
- ▶ Y ap plase yon gwoup ou pou regle bagay nenpòt don BMS, pwodui lèt ak tetin (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Nou siveye ak rapòte vyolasyon Kòd la (al gade nòt oryantasyon 1–2).

### Nòt oryantasyon

1. **Oryantasyon, kowòdinasyon ak komunikasyon sou regleman:** Dokiman oryantasyon regleman kle pou gide gide pwogram ijans genyen Oryantasyon Operasyonèl sou IFE ak Kòd la. W ap jwenn plis oryantasyon nan seksyon Referans ak lekti siplemantè a. Rezolisyón WHA 63.23 (2010) mande eta ki manm yo pou asire yo plan preparasyon ak repons pou ijans nan nivo nasyonal ak entènasyonal yo suiv Oryantasyon Operasyonèl sou IFE a. Preparasyon pou katastwòf genyen devlopman, oryantasyon ak fòrmasyon sou regleman nan IFE, idantifikasiyon sous BMS ki konfòm ak Kòd ansanm konplemantè manje. Yo dwe plase yon gwoup kowòdinasyon nan IYCF pou responsab nan chak ijans. Li enpòtan pou siveye ak rapòte vyolasyon Kòd yo pou ede kontribye nan responsabilite.. Komunikasyon ki klè ak konsistan avèk popilasyon ki afekte a ak nòt pou laprès gen yon gwo enfiyans sou repons la.



**2. Jan pou jere lèt ak pwodui ki gen lèt:** Piga nou mete lèt ak pwodui lèt nan distribisyon ki pa sible yo (al gade Sekirite alimantè p – transfè manje estanda 2, nòt oryantasyon 5 sou paj 186). Endikasyon ak jesyon manje atifisyèl dwe konfòme ak Oryantasyon Operasyonèl sou IFE ak Kòd la, nòmalman sou gid gwoup yo plase pou kodwòdone IFE a. Piga nou chèche oswa aksepte ranplasman lèt tete manman, pwodui lèt, bibon ak tetin pandan ijans. Nou dwe mete nenpòt don ki rive sou kontwòl yon ajans ki responsab sa epi n ap jere yo dapre sa gwoup kowòdinasyon IFE a detèmine.

### **Estanda 2 nan alimantasyon tibebe ak jenn timoun: Soutyen fondamantal ak kalifye**

Manman ak moun k ap bay tibebe ak jenn timoun swen yo gen aksè ak soutyen ki atan epi apwopriye ki minimize risk ak maksimize rezulta kote yo jwenn bon rezulta, sante, epi yo siviv.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Angaje nan entèvansyon plizyè sektè entegre pou pwoteje ak soutni alimantasyon tibebe ak jenn timoun ki apwopriye epi san danje (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Bay fanm ki ansent ak fanm kapkap bay tete yo priyorité nan aksè manje, transfè lajan ak/oswa koupon ak lòt entèvansyon ki bay soutyen (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Entegre konsèy kalifye sou alètman nan entèvansyon ki sible fanm ansent ak fanm kapkap bay tete ak timoun laj 0–24 mwa (al gade nòt oryantasyon 2–7).
- ▶ Sible manman tibebe ki fenk fèt ak soutyen pou inisyasyon bonè nan alètman eksklizif (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Soutni alimantasyon konplemantè ki atan, san danje, epi ase epi apwopriye (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Pèmèt genyen aksè pou manman ak moun kapkap pran swen tibebe ki bezwen alimantasyon atifisyèl pou jwenn ase ranplasman lèt manman ak soutyen ki asosye (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Bay konsiderasyon espesyal pou soutyen alimantè tibebe ak jenn timoun ki nan sikontans difisil (òfelen, timoun ki malnouri anpil, tibebe peze yon ti kras pwa lè yo fèt ak sa yo ki afekte ak VIH–SIDA) (al gade nòt oryantasyon 4–7).





## Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Mezi endikatè estanda OMS pou inisyasyon alimantasyon bonè, to alètman eksklizif nan timoun ki  $<6$  mwa, ak to alètman ki kontinye nan laj 1 ak 2 ane (al gade nòt oryantasyon 2–3, 5–6).
- ▶ Moun kapkap bay swen yo jwenn aksè ak manje ki atan, apwopriye, epi gen ase nitrisyon epi manje konplemantè pou timoun 6 a  $<24$  mwa (al gade nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Manman kapkap bay tete yo gen aksè nan soutyen alimantè kalifye (al gade nòt oryantasyon 1–3).
- ▶ Gen aksè nan atik ki konfòme ak Kòd la ki apwopriye ak BMS ak soutyen pou tibebe ki bezwen alimantasyon atifisyèl (al gade nòt oryantasyon 5).

## Nòt oryantasyon

1. **Mezi senp ak entèvansyon debaz** nesesè pou kreye yon anviwònman ki pwoteje ak soutni pou IYCF. Se pou ou vijilan ak envestige rapò difikilte nan alètman, alimantasyon konplemantè ak/oswa pratik alimantasyon atifisyèl pou timoun ki gen 0–24 mwa. Tibebe ki pa nan tete yo ap bezwen soutyen ijan. Nou dwe bay manman, moun kapkap bay swen ak fanm ansent ak fanm kapkap bay tete pou priyorité pou satisfè bezwen esansyèl imeda yo. Kay ak timoun ki gen pi piti pase 24 mwa ak manman kapkap bay tout nouvo bebe yo tete dwe anrejistre epi konekte ak pwogram sekirite alimantè pou asire yo jwenn ase manje. Abri yo plase pou manman ak moun kapkap bay swen yo pèmèt gen aksè pou soutyen ant manman yo ak soutyen debaz IYCF. Nou dwe entegre soutyen pou alètman nan sèvis kle tankou sante repwodiktif, swen premye rekou, sèvis psiko-sosyal ak pwogram alimantasyon selektif depi nan kòmansman an.
2. **Fanm ansent ak fanm k ap bay tibebe yo tete:** Lè fanm ansent oswa fanm k ay ap bay tete pa pran ase nitriman yo vin gen risk pou gen konplikasyon nan gwo sès, mòtalite matènèl, tibebe yo peze yon ti kras lè yo fêt, ak kondisyon nitrisyon matènèl kapkap bese epi gen sèten nitriman ki konsantre mwens nan lèt tete manman an.. Manman ki peze yon ti kras pandan konsepsyon konn fè tibebe ki peze yon ti kras tou epi se yon karakteristik nan gwo sès adolesan. Fanm ansent ak fanm kapkap bay tete yo dwe resevwa sipleman ki bay youn nan plizyè mikwo-eleman ki nesesè chak jou pou pwoteje estokaj matènèl ak sa ki nan lèt tete manman, menmsi yo resevwa yon pati ki fòtifye ou pa. Yo dwe kontinye ak sipleman fè ak asid folik yo déjà ap pran.. Fanm yo dwe resevwa Vitamin A tou sis a wit uit semèn anvan yo akouche. Sipleman mikwo-eleman dwe konfòm ak rekòmandasyon entènasyonal sou dòz ak tan. Yo kapab bezwen referans pou sèvis psiko-sosyal, sitou nan popilasyon ki twomatize yo. Menmsi l ap enpôtan pou soutni manman adolesan an,





pwogram pou evite gwo sès kay adolesan kapab genyen pi wo gwo enpak sou ensidans kote tibebe fèt kote yo peze yon ti kras pwa.

3. **Inisyasyon alimantasyon ki fèt bonè** (anvan timoun nan gen inèdtan depi li fèt) se yon entèvansyon prioritè pou pwoteje sante manman an ak tibebe a. Tibebe ki peze yon ti kras yo ak manman yo pral benefisyé sitou lè yo kontinye gen kontak po sou po ak inisyasyon alimantasyon ki fèt bonè (al gade Sèvis sante esansyèl – sante timoun estanda 2, nòt oryantasyon 1 sou paj 324).
4. **Ap bay tête:** Alètman eksklizif mande pou yon tibebe resevwa sèlman lèt tete manman epi pou l pa bwè ti gout dlo, lòt likid oswa solid, sòf pou sipleman mikwo-eleman ak medikaman ki nesesè. Li garanti sekirite alimantè ak likid kay tibebe pandan premye sis mwa yo epi li bay bonjan pwoteksyon iminitè. Epitou alètman pwoteje gran tibebe ak timoun, sitou nan kontèks kote pa gen dlo pwòp, sanitasyon ak ijyèn, tèlman enpòtan pou kenbe timoun nan jiska 24 mwa oswa plis tan toujou. Yo dwe raple manman, fanmi, kominotè ak travayè nan lasante sou enpòtans alètman; yo kapab pèdi konfyans lè gen gwo sitiayson ijan. Planifikasyon ak distribisyon resous dwe pèmèt pou soutyen alètman ki kalifye nan jesyon sitiayson ki pi difisil yo tankou popilasyon ki gen anpil estrès ak tibebe ki gen pi piti pase 6 mwa ki malnouri anpil (al gade Jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo-eleman estanda 2 nan paj 169), konn genyen popilasyon ki gen alimantasyon melanje, ak alimantasyon tibebe nan kontèks VIH-SIDA (al gade nòt oryantasyon 7).
5. **Alimantasyon konplemantè** se kote yo bay lòt manje Anplis lèt tete manman kòmanse nan laj 6 mwa (oswa bay yon ranplasman lèt tete manman ki apwopriye pou timoun ki pa nan tete). Pandan peryòd alimantasyon konplemantè a (6–24 mwa), alètman kontinye kontribye anpil nan sekirite alimantè ak likid. Tibebe ki pa nan tete yo ap bezwen soutyen pou jwenn nitrisyon yo manke a. L ap enpòtan pou yo konekte ak pwogram sekirite pou southi alimantasyon konplemantè. Si yon popilasyon depann sou èd alimantè, dwe genyen yon manje apwopriye ki fòtifye ak mikwo-nitriman nan aksyon jeneral la; yo kapab bezwen dispozisyon kouvèti manje konplemantè tou. Y ap bezwen kritè ki byen klè sou fason y ap mete, itilize ak kantite tan sipleman nitriman ki fèt ak lipid pandan yon peryòd alimantasyon konplemantè. Manje terapeutik ki tou pare yo pa manje konplemantè. Yo dwe akonpànye distribisyon manje konplemantè yo ak gid avèk demonstrasyon pratik nan preparasyon yo a. Fason yo itilize konpleman mikwo-nitriman, tankou Vitamin A, dwe konfòm ak dènye rekòmandasyon yo. Tibebe ki pa peze anpil pwa lè yo fèt ak jenn timoun kapab benefisyé nan konpleman fè. Si se yon zòn ki gen anpil ka malarya, yo fe sible konpleman fè pou timoun ki fè anemi ak karans nan fè yo ak mezi kontwòl malarya ki apwopriye.
6. **Alimantasyon atifisyèl:** Timoun ki pa nan tete yo ap bezwen yon pèsònèl kalifye fè yon idantifikasiyon ak evalyasyon bonè pou eksplor opsyon aliman-





tasyon. Lè pa gen manman ki pou bay tete, lèt tete yo bay tankou don, si yo ka jwenn yon lòt fi ki ka bay pitit la lèt tete, jwe yon gwo wòl, espesyalman nan alimantasyon jenn tibebe ak sa ki fèt yo pa peze peze anpil pwa yo. Lè yo endike alimantasyon atifisyèl, manman ak moun kapkap pran swen timoun yo bezwen kapab jwenn ase kantite ranplasman lèt tete toutotan li nesesè (jiskaske tibebe a gen omwen 6 mwa) epi yo dwe asosye ak soutyen esansyèl (dlo, esans, kote pou estoke, siveyans kwasans, swen medikal, tan). Tibebe ki gen pi piti pase 6 mwa ki resevwa alimantasyon melanje yo dwe jwenn soutyen pou yo ka vin nan alètman eksklizif. Yo pa dwe itilize bibwon poutèt pwoblèm pou netwaye yo. Pwogram ki soutni alimantasyon atifisyèl yo dwe siveye pratik IYCF kominotè yo ak endikatè estanda pou rasire yo pa minimize alètman. Yo dwe fè siveyans möbidite pou moun yo poukонт yo epi pou tout popilasyon an, ak yon konsantrasyon an patikilye sou dyare. Nou dwe konsidere Vitamin A siplemantè ak yon ti dòz pou ti bebe ki pa nan tete ki gen mwens pase 6 mwa.

7. **VIH ak alimantasyon tibebe:** Pou maksimize lavi timoun ki pa gen VIH yo dwe premye konsiderasyon Lè n ap detèmine pi bon opsyon alimantasyon pou tibebe ki fèt ak manman ki sewopozitif. Yo dwe soutni manman yo ka konnen si yo sewopozitif oswa yo konnen li pa sewopozitif pou bay tete dapre rekòmandasyon jeneral IYCF pou popilasyon yo (al gade nòt oryantasyon 3–5). Pou manman ki sewopozitif you, yo kapab bese transmisyon VIH bay timoun nan anpil lè yo melanje entèvansyon anti-retroviral (ARV) ak tete manman li. Yo dwe akselere aksè nan ARV kòm yon priorité (al gade Sèvis sante esansyèl – sante seksyèl ak repwodiktif estanda 2 nan paj 328). Risk pou tibebe ki asosye ak ranplasman alimantasyon pi gwo toujou nan kondisyon ijan. Sa vle di lèt manman an ofri plis chans pou timoun manman yo sewopozitif yo viv, ak pou timoun ki VIH pozitif yo viv, menm kote ARV yo pa disponib. Timoun ki déjà abitye ak alimantasyon ranplasman ap bezwen asistans alimantasyon atifisyèl ijan (al gade nòt oryantasyon 6).





### 3. Jesyon malnitrison grav ak karans nan mikwo–nitriman

Malnitrison grav ak karans nan mikwo–nitriman asosye avèk risk ogmante pou gen mòbidite ak mòtalite kay moun ki afekte yo. Se sa ki fè, lè li pwopaje konsa oswa risk la wo, li ap nesesè pou asire gen aksè nan sèvis pou korije ak anpeche denitrison. Enpak sèvis sa yo pral bese anpil si yo pa abòde vrè kòz denitrison yo menm lè a ak lòt entèvansyon pou soutni sante, WASH, transfè manje ak sekirite alimantè.

Yo kapab abòde malnitrison egi modereeji modere plizyè fason. Nan katatwòf yo, souvan alimantasyon siplamentè se premye estrateji pou prevansyon ak tretman malnitrison egi modereeji modere ak prevansyon malnitrison grav egi sevè. Sa kapab yon kouvèti oswa siblaj dapre nivo malnitrison grav lan, gwooup popilasyon ki an danje a ak risk pou gen yon malnitrison grav ki ogmante. Endikatè yo ki nan Jesyon malnitrison grav ak karans nan mikwo–nitriman estanda 1 yo refere prensipalman a alimantasyon siplamentè ki sible. Pandan pa gen yon endikatè enpak ki defini pou kouvèti alimantasyon siplamentè, siveyans kouvèti, akseptabilite ak rasyon yo bay yo enpòtan.

Yo abòde malnitrison grav egi sevè atravè swen terapeutik yo kapab libre atravè plizyè apwòch. Jesyon malnitrison grav nan kominotè dwe apwòch prefere lè kondisyon yo pèmèt sa. Pwogram ki abòde malnitrison grav ki sevè yo dwe genyen mobilizasyon nan kominotè a (tankou komunikasyon ki efikas, rechèch sou ka, referans ak suivisuvivi), tretman pasyan nan klinik pou malnitrison grav egi sevè san konplikasyon medikal ak jesyon kote pasyan yo ki gen konplikasyon oswa jenn ti bebe yo entène.

Li difisil pou idantifye karans nan mikwo–nitriman nan plizyè kontèks. Pandan siy klinik gwo karans kapab pi fasil pou detekte, pi gwo chay sou sante popilasyon an ak pou fè yo viv kapab karans sib–klinik. Kote yo konnen karans nan mikwo–nitriman yo ap pwopaje nan popilasyon an, nou kapab sipoze katastwòf la ap fè sa vin pi mal. Se pou atake karans sa yo ak entèvansyon ki touche tout kominotè a ak tretman pou chak gress moun.





## **Estanda 1 nan jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo-nitriman: Malnitrisyon egi modere**

Yo abòde malnitrisyon egi modere.

### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Etabli estrateji yo defini ak aksepte aklè, objektif ak kritè pou preparasyon ak fèmi pwogram nan depi nan kòmansman an (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Maksimize aksè ak kouvèti atravè patisipasyon popilasyon an depi nan kòmansman an (al gade nòt oryantasyon 2 ak Estanda Débaz 1 sou paj 55).
- ▶ Antre Baze antre ak ranvwa bas moun yo sou evalyasyon kont kritè antwo-pometrik ki aksepte nan nivo entènasyonal ak nasyonal (al gade nòt oryantasyon 3–4 ak Dokiman Siplemantè 4: Fason pou mezire malnitrisyon grav ak 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante piblik).
- ▶ Konekte jesyon malnitrisyon egi modereegi modere ak jesyon malnitrisyon grav egi sevè ak sèvis sante ki egziste deja yo lè li posib (al gade nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Bay rasyon manje konpleman tou pare ki sèch oswa apwopriye amwenske gen yon rezon klè pou bay manje sou sit la (al gade nòt oryantasyon 8).
- ▶ Envestige epi aji sou kòz ki se paske moun yo pa kolabore oswa repons pou tretman yo pa bon (al gade nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Adrese IYCF ak yon konsantrasyon an patikilye sou pwoteksyon, soutyen ak pwomosyon alètman (al gade nòt oryantasyon 7).

### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

Endikatè sa yo aplikab sitou pou timoun ki nan laj 6–59 mwa yo, menmsi lòt timoun kapab fè pati pwogram nan tou.

- ▶ Plis pase 90 pouasan popilasyon ki sible a rete kote kapkap pran mwens pase yon jou pou mache tounen lakay yo (avèk tan pou tretman an tou) soti sant distribisyon pou pwogram alimantè siplemantè rasyon sèch epi pa plis pase inèdtan pou mache nan pwogram alimantè siplemantè sou plas yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Kouvèti ap >50 pouasan nan zòn riral, >70 pouasan nan zòn iben >90 pouasan kote ki gen kan (al gade nòt oryantasyon 2).





- ▶ Pwopòsyon moun yo retire nan pwogram alimantasyon siplémentè ki sible ki te mouri <3 pousan, refè >75 pousan ak moun yo retire paske yo pa kolabore <15 pousan (al gade nòt oryantasyon 4).

## Nòt oryantasyon

1. **Konsepsyon pwogram** nan dwe baze sou yon entèpretasyon konpleksite ak dinamik pwoblèm nitrisyon anla. Alimantasyon siplémentè kapab gen yon apwòch sible oswa kouvèti. Desizyon sou ki apwòch pou pran pral depann sou nivo malnitrisyon grav la ak kantite moun y ap bay sèvis, risk pou gen yon ogmantasyon ak malnitrisyon grav, kapasite pou evalye ak siveye kantite ka pou trete yo ak kritè antwopometrik, resous ak aksè ki disponib pou popilasyon katastwòf la afekte yo. Jeneralman alimantasyon siplémentè ki sible bezwen plis tan ak efò pou evalye ak siveye moun ki gen malnitrisyon grav men bezwen mwens resous manje, kote yon apwòch kouvèti ap bezwen mwens ekspètiz anplwaye an jeneral men plis resous manje. Mobilisation kominotè kominotè efikas pral soutni konpreyansyon popilasyon an ak efikasite pwogram nan. Lyen nan swen terapetik, sistèm sante, rezo VIH ak SIDA ak tibèkiloz (TB) ak pwogram sekirite alimantè tankou manje, transfè lajan ak koupon enpòtan. Popilasyon katastwòf la aafekte yo dwe patisipe nan desizyon kote pou mete sit pwogram yo. Yo dwe moun moun ki gen konsiderasyon pou moun ki gen difikilté pou jwenn aksè nan sit yo. Yo dwe konsidere estrateji pou soti oswa plan pou soutyen pou plis tan depi nan kòmansman.
2. **Kouvèti** refere ak moun ki bezwen tretman parapò ak moun kapkap resevwa tretman yo. Kouvèti kapab afekte ki moun yo aksepte nan pwogram nan, kote sit pwogram yo ye ak aksèsibilite, sitiyasyon sekirite, kantite fwa yo fè distribisyón, tan yo tann, kalite sèvis la, degré mobilizasyon, degré vizit lakay ak evalyasyon, ak kritè pou antre nan pwogram nan. Sant distribisyón yo ta dwe tou pre popilasyon sib la pou diminye risk ak depans ki asosye avèk distans long vwayaj avèk jenn timoun yo ak risk moun k ap deplase pou ale nan sant yo. Metodoloji pou mezire kouvèti varye nan nivo yo ka depann sou yo ak kalite enfòmasyon ki jenere. Nou dwe mete ki metòd n ap itilize nan rapò yo. Nou dwe konsidere gjid ki genyen kounye a lè n ap deside ki metòd ki apwopriye pou kontèks la. Nou dwe wè evalyasyon kouvèti tankou yon zouti jesyon pou yo pa kite li jis nan fen faz soutyen ijan an.
3. **Kritè admisyon:** Moun ki pa satisfè kritè antwopometrik ki defini malnitrisyon grav yo kapab benefisyé nan alimantasyon siplémentè tou, pa egzanp, moun ki sewopozitif (moun kapkap viv ak VIH) oswa TB, moun ki soti nan swen terapetik pou maladi a pa retounen, moun ki gen lòt maladi kwonik oswa moun ki andikape. Nou pral bezwen modifie sistèm siveyans ak rapò si moun nan pa tonbe nan kritè antwopometrik ladan yo.





4. **Kritè pou ranvwa** dwe konfòm ak gid nasyonal, oswa gid entènasyonal kote pa gen gid nasyonal disponib, epi yo dwe espesifye yo lè y ap rapòte endikatè (al gade nòt oryantasyon 5).
5. **Endikatè pèfòmans** gen pou wè ak moun ki soti nan pwogram nan ki sispann tretman. Kantite moun yo retire nan pwogram nan se tout moun ki te refè, moun ki mouri, moun yo retire paske yo pa kolabore, oswa moun ki pa refè. Moun yo refere pou sèvis konplemantè (tankou sèvis sante) ki poko fini ak tretman yo pral swa kontinye tretman oswa kontinye ak tretman an pita. Moun yo transfere nan lòt sit poko fini ak tretman yo epi yo pa dwe mete yo nan endikatè pèfòmans yo. Men endikatè ki gen pou wè ak pèfòmans yo:

**Pwopòsyon yo retire nan pwogram nan ki refè =**

Kantite moun refè

$$\frac{\text{Total moun yo retire nan pwogram}}{\text{nan}} \times 100 \text{ pouzan}$$

**Pwopòsyon yo retire nan pwogram nan lè yo mouri =**

Kantite lanmò

$$\frac{\text{Total moun yo retire nan pwogram}}{\text{nan}} \times 100 \text{ pouzan}$$

**Pwopòsyon yo retire paske yo pa te kolabore =**

Kantite moun ki pa refè

$$\frac{\text{Total moun yo retire nan pwogram}}{\text{nan}} \times 100 \text{ pouzan}$$

**Pwopòsyon moun yo retire nan pwogram nan ki pa refè =**

Kantite moun ki pa refè

$$\frac{\text{Total moun yo retire nan pwogram}}{\text{nan}} \times 100 \text{ pouzan}$$

Yo dwe rapòte moun yo aksepte apre yo sòti nan swen terapeutik nan yon kategori separe pou evite rezulta pasyèl sou pi bon retablisman. Piga nou pa mete timoun ki gen malnitrison grav ak yon andikap, bouch fann, oswa pwoblèm chirijikal, eksetera nan rapò pwogram yo. Lè n ap fè rapò, gwoup fondamantal la dwe timoun ant 6–59 mwa. Apre endikatè ki souliye anlè yo lè w ap analize pèfòmans, sistèm yo dwe sipèvize patisipasyon popilasyon an, kijan yo aksepte moun nan pwogram (yon bon mezi to moun ki pa kolabore ak kouvèti), kantite ak kalite manje yo bay, kouvèti, rezon pou transfè nan lòt pwogram (sitou timoun kondisyon nitrisyon yo dejenera nan nivo malnitrison grav egi sevè) ak kantite moun ki nan pwogram epi kapkap resevwa



tretman. Epitou yo dwe konsidere faktè ekstèn, tankou tandans mòbidite, nivo denitrisyon nan popilasyon an, nivo ensekirite alimantè nan kay yo ak nan popilasyon an, entèvansyon konplemantè ki disponib pou popilasyon an (tankou distribisyon manje jeneral ak pwogram ki ekivalan) ak kapab sistèm ki deja egziste pou livrezon sèvis. Yo dwe envestige regilyèman kòz moun yo retire nan pwogram nan paske yo pa kolabore oswa ki pa reponn byen ak tretman.

6. ***Ide ak konsiderasyon sou sante:*** Pwogram alimantasyon siplémentè ki sible yo se pwen kontak ki enpòtan pou evalye ak refere pou maladi. Nou dwe panse ak kapasite sèvis sante ki eggiste déjà yo epi asire gen bon kantite medikaman kont vè parazit, konpleman Vitamin A, fè ak asid folik melanje ak evalyasyon ak tretman malarya, zenk pou tretman dyare ak iminizasyon (al gade Sèvis sante esansyèl – kontwòl maladi kontaje estanda 2 sou paj 314 ak Sèvis sante esansyèl – sante timoun estanda 1–2 sou paj 321–323). Kote ki genyen anpil ka VIH, egzamen pou VIH ak tretman pwofilaktik dwe disponib epi yo dwe konsidere kalite ak kantite rasyon manje siplémentè a.
7. ***Manman k ap bay tete bay*** timoun pi piti pase 6 mwa ki malnouri yo dwe resevwa alimantasyon siplémentè, san gade sou kondisyon nitrisyon matènèl yo. Manman ki gen malnitrisyon modere yo kapab bay pitit yo tete san pwoblèm epi y ap bezwen ase soutyen nitrisyon pou pwoteje pwòp kondisyon nitrisyon yo. Manman yo dwe resevwa rasyon alimantasyon siplémentè, soutyen alètman kalifye sou alètman eksklizif ak konsèy sou alimantasyon konplémentè ki san danje, bay bonjan nitrisyon epi ki efikas. Se pou refere tibebe ki gen pi piti pase 6 mwa ki malnouri anpil yo pou soutyen alètman kalifye ak swen kote yo entène lè li nesesè.
8. ***Rasyon:*** Nou prefere rasyon ki sèch ak manje ki tou pare pou itilize chak semèn oswa defwa pa semèn pase alimantasyon nan sit la men fòk nou konsidere konpozisyon ak gwosè alimantasyon sekirite kay la ak chans ki genyen pou yo pataje manje. Yo dwe bay moun yo enfòmasyon klè sou jan pou prepare ak konsève manje siplémentè yon fason ki pwòp, kijan ak kilè yo dwe manje li (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 6, nòt oryantasyon 1 sou paj 198) ak enpòtans pou kontinye bay timoun ki gen pi piti pase 24 mwa tete. Moun ki vilnerabfajil, tankou sa yo ki gen pwoblèm pou deplase, kapab bezwen adaptasyon nan pwogram nan pou satisfè bezwen espesifik yo.





## Estanda 2 nan jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwonitriman: Malnitrisyon egi sevè

Yo abòde malnitrisyon egi sevè.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Depi nan kòmansman an etabli kritè ki defini byen klè epi tout moun dakò pou prepare oswa ogmante sipò pou sèvis ki egziste déjà ak pou bese oswa fèmen (al gade nòt oryantasyon 1)
- ▶ Mete entèvansyon ki gen swen kote pasyan entène, swen kote yo pa entène, referans ak pati ki gen mobilizasyon popilasyon pou jesyon malnitrisyon grav kegi sevè (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Maksimize aksè ak kouvèti atravè patisipasyon popilasyon an depi nan kòmansman an (al gade nòt oryantasyon 1–3 ak Estanda Debaz 1 sou paj 55).
- ▶ Bay swen nitrisyonèl ak swen medikal dapre gid yo rekonèt nan nivo nasyonal ak entènasyonal pou jesyon malnitrisyon grav egi sevè (al gade nòt oryantasyon 4–8).
- ▶ Asire kritè egzeyat yo enkli ni endis antwopometrik ni sa ki pa antwopometrik (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Envestige ak aji sou kòz ki kote fè moun pa kolabore oswa tretman yo pa reponn oswa gen yon ogmantasyon nan lanmò (al gade nòt oryantasyon 6–7).
- ▶ Adrese IYCF ak yon konsantrasyon an patikilye sou pwoteksyon, soutyen ak pwomosyon alètman (al gade nòt oryantasyon 9–10).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

Endikatè sa yo aplikab sitou pou timoun ki nan laj 6–59 mwa yo, menmsi lòt timoun kapab fè pati pwogram nan tou.

- ▶ Plis pase 90 pouasan nan popilasyon sible a rete kote kapkap pran mwens pase yon jou pou mache tounen lakay yo (avèk tan pou tretman an tou) sot nan sit pwogram nan.
- ▶ Kouvèti ap >50 pouasan nan zòn riral, >70 pouasan nan zòn iben >90 pouasan kote ki gen kan (al gade nòt oryantasyon 3).





- ▶ Pwopòsyon moun yo retire nan swen terapeutik paske yo te mouri se <10 pouzan, ki te refè se >75 pouzan ak ki pa te kolabore se <15 pouzan (al gade nòt oryantasyon 6).

## Nòt oryantasyon

1. **Konsepsyón pwogram:** Pwogram yo te kreye yon fason pou devlope sou kapasite sistèm sante ki egziste deja oswa soutni yo nenpòt lè li posib. Nivo soutyen adisyonèl ki nesesè pou asire gen bonjan jesyon malnitrison grav egi sevè dwe detèmine dapre kapasite ki deja egziste nan sant sante ak kominotè, kantite moun ak kote moun yo katastwòf la afekte yo ale ak sitiysyon sekirite a. Depi nan kòmansman an, pwogram yo dwe konsidere estrateji oswa plan sòti pou gen soutyen ki dire plis tan aprè peryòd ijans la pase. Kritè pou fèmen oswa tranzisyone pwogram yo dwe konsidere kapasite ak opòtinité pou soti pou entegre nan sistèm ki deja egziste.
2. **Eleman pwogram:** Pwogram ki abòde jesyon malnitrison grav egi sevè yo pa dwe deranje swen pou moun ki gen konplikasyon medikal ak tout ti bebe >6 mwa ki entène pou malnitrison grav egi ak swen desantralize pou timoun ki pa entène epi ki pa gen okenn konplikasyon medikal. Yo kapab bay moun ki entène yo swen atravè emplémentasyon dirèk oswa referans. Epitou pwogram yo dwe lye ak lòt sèvis ki abòde kòz imeda ak kòz kache denitriyon tankou alimantasyon siplemantè, rezo VIH ak SIDA ak TB, sèvis sante prensipal ak pwogram sekirite alimantè tankou manje, lajan oswa transfè lajan oswa koupon. Bonjan mobilizasyon kominotè pral ede detèmine ki moun yo aksepte nan pwogram nan ak ede yo jwenn aksè ak kouvèti. Pwogram sant pou swen yo ta dwe tou pre popilasyon sib la pou diminye risk ak depans ki asosye avèk distans long vwayaj avèk jenn timoun yo ak risk moun k ap deplase pou ale nan sant yo.
3. **Kouvèti:** Menm jan ak malnitrison egi modereegi modere, kouvèti kapab afekte ki moun yo aksepte nan pwogram nan, kote sit pwogram yo ye ak aksèsibilité, sitiysyon sekirite, kantite fwa yo fè distribisyon, tan yo tann, kalite sèvis la, degré mobilizasyon, degré vizit lakay ak evalyasyon, ak kritè pou antre nan pwogram nan. Metodoloji pou mezire kouvèti varye nan nivo yo ka depann sou yo ak kalite enfòmasyon ki jenere. Nou dwe mete ki metòd n ap itilize nan rapò yo. Nou dwe konsilte gid ki genyen pou moman an Lè n ap deside ki metòd ki apwopriye nan kontèks la (al gade Jesyon malnitrison grav ak karans nan mikwo-eleman estanda 1, nòt oryantasyon 2 sou paj 166).
4. **Endikasyon:** Kote ki genyen endikasyon nasyonal ki egziste, nou dwe respekte yo. Si pa genyen endikasyon nasyonal oswa yo pa rive nan nivo estanda entènasyonal yo, nou dwe adopte endikasyon entènasyonal yo. N





ap jwenn endikasyon ki respekte nan nivo entènasyonal yo nan seksyon Referans ak lekti siplemantè a.

5. **Kritè admisyon** yo dwe konsistan ak endikasyon nasyonal ak entènasyonal (al gade Dokiman Siplemantè 4:Fason pou mezire malnitrisyon egi, ak Referans ak lekti siplemantè). Kritè admisyon pou tibebe <6 mwa ak gwoup kondisyon antwopometrik yo difisil pou detèmine dwe gen konsiderasyon sou kondisyon klinik ak alètman. Moun yo teste oswa yo sispek sewopozitif yo ak sa yo ki gen TB oswa soufri yon gwo maladi dwe gen aksè egal ego nan swen si yo satisfè kritè pou aksepte yo. Souvan moun kapkap viv ak VIH ki pa satisfè kritè admisyon an bezwen sipò nitrisyonèl, men yo pa pi byen ofri sa nan konteks tretman pou malnitrisyon egi grav nan katastwòf yo. Moun sa yo ak fanmi yo ta dwe jwenn sipò nan divès kalite sèvis tankou swen ki baze nan kominotè a, sant tretman TB ak pwogram prevansyon ki vize pou anpeche manman transmèt maladi a ba pitit li.
6. **Kritè pou soti nan pwogram nan ak retablisman:** Moun ki soti nan pwogram nan dwe pa genyen okenn konplikasyon medikal, te repran apeti yo ak te rive oswa kenbe yon pwa ki awpouriye san yo pa gen kwatblesiò ki gen pou wè ak nitrisyon (pa egzanp, pandan yo peze li defwa youn apre lòt). Kondisyon alètman ap enpòtan sitou pou tibebe ki gen pi piti pase 6 mwa ak timoun ki gen 24 mwa. Tibebe ki pa nan tete yo ap bezwen suiv yo byen. Nou dwe respekte kritè pou retire yo nan pwogram nan pou evite risk ki asosye ak lè yo retire moun nan pwogram nan twò bonè. Gen endikasyon ki defini limit pou mwayèn kantite tan yo ka rete pou trete epi yo vize pou evite peryòd retablisman ki pwolonje. Mwayèn kantite tan yo ka rete pral diferan dapre endikasyon n ap itilize epi yo dwe modifye li nan yon konteks nasyonal ak endikasyon y ap itilize a. Mwayèn pwa yo pran dwe kalkile separe pou moun ki kwatblesiò ak moun ki pa kwatblesiò. VIH, SIDA ak TB kapab fè kè moun ki mal nouri pa ka reponn ak tretman. Yo ta dwe konsidere chwa pou tretman oswa swen alontèm nan tèt ansanm avèk sèvis sante ak lòt sipò sosyal ak kominotè (al gade Sèvis sante esansyèl – sante seksyèl ak repwo-diktif estanda 2 sou paj 328).
7. **Endikatè pèfòmans** pou jesyon malnitrisyon grav egi sevè dwe melanje rezulta swen pou moun ki entène ak moun ki pa entène san yo pa konte de fwa (pa egzanp retire transfè ant de eleman yo). Kote li pa posib, entèpretasyon to rezulta dwe modifye kòmsadwa, pa egzanp, pwogram yo dwe atann pi bon endikatè lè yo bay swen sèlman pou pasyan ki pa entène epi yo dwe travay pou endikatè yo ki souliye pou swen melanje yo lè y ap mete sèlman swen pou pasyan ki entène. Popilasyon moun yo retire nan pwogram nan pou malnitrisyon grav egi sevè yo se moun ki te refè, mouri, pa te kolabore, oswa pa te refè (al gade Jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo-nitriman estanda 1, nòt oryantasyon 4 sou paj 167). Moun yo refere nan lòt





sèvis (pa egzanp sèvis medikal) pa te fini ak tretman. Lè pwogram yo bay rapò sèlman pou pasyan ki pa entène yo, dwe genyen rapò pou pasyan yo transfere pou entène nan evalyasyon pèfòmans. Faktè tankou konplikasyon VIH pral afekte to mòtalite kote gen yon pati pasyan ki sewopozitif. Menmsi yo potko modifie endikatè pèfòmans pou sitiayson sa yo, konsiderasyon yo ap enpòtan pandan emplémentasyon. Anplis endikatè moun yo retire yo, yo dwe evalye nouvo admisyon, kantite timoun nan tretman ak to kouvèti lè y ap siveye pèfòmans. Yo ta dwe egzamine ak prezante nan dokiman kòz re-admisyon, defayans, moun ki pa kolabore ak echèk nan repons. Defini-syon bagay sa yo dwe adapte ak endikasyon y ap itilize yo.

8. **Kontribisyon nan sante:** Tout pwogram pou jesyon malnitrison grav egi sevè dwe gen yon tretman sistematik dapre endikasyon nasyonal ak entènasyonal ak referans ki etabli pou jesyon maladi tankou TB ak VIH. Kote ki gen anpil ka VIH yo, estrateji pou trete malnitrison dwe konsidere entèvansyon ki chèche evite transmisyon VIH ak sa yo ede manman ap ak pitit kontinye viv. Li ap enpòtan pou genyen sistèm referans pou tès TB ak VIH ki efikas.
9. **Soutyen ak alètman:** Tibebe yo entène pou resevwa swen yo gen tandans pami moun ki pi mal yo. Manman yo bezwen soutyen nan zafè alètman ki kalifye nan pati reabilitasyon nitrisyonèl la ak retablisman, sitou pou timoun <6 mwa. Dwe genyen ase tan ak resous pou sa – yon kote yo chwazi (kwen pou bay tête) pou chèche moun pou bay swen kalifye ak pèmèt manman yo youn ede lòt kapab ede. Manman kapkap bay tibebe tête ki malnouri anpil epi ki gen pi piti pase 6 mwa yo tête dwe resevwa yon rasyon siplémentè kèlkeswa kondisyon nitrisyonèl yo amwenske yo satisfè kritè antwopometrik pou malnitrison grav egi sevè epi lè sa a yo dwe admèt yo pou tretman tou.
10. **Sipò sosyal ak psiko-sosyal:** Estimilasyon emosyonèl ak fizik atravè jwèt enpòtan pou timoun ki gen malnitrison grav yo pandan peryòd reabilitasyon an. Souvan moun kapkap bay timoun sa yo swen bezwen sipò sosyal ak psikolojik pou mennen timoun yo pou tretman an. N ap kapab reyisi atravè pwogram reabilitasyon ki dwe souliye estimilasyon ak entèraksyon tankou tretman ak prevansyon pou pa gen andikap ak pwoblèm kognitif alavni (al gade Prensip Pwoteksyon 4 sou paj 41). Yo ta dwe pèmèt tout moun kapkap bay timoun ki malnouri anpil yo swen bay pitit yo manje ak swen pou yo pandan tretman atravè konsèy, demonstrasyon ak enfòmasyon sou sante ak nitrisyon.





### **Estanda 3 nan jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwo-nitriman: Karans nan mikwo-nitriman**

Entèvansyon mikwo-nitriman yo akonpànye entèvansyon sante publik ak lòt entèvansyon nitrisyon pou bese maladi komen ki asosye ak ijans epi abòde karans nan mikwo-nitriman.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Fòme ekip kapkap bay swen an pou idantifye ak trete karans nan mikwo-nitriman (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Etabli pwosedи pou reponn yon fason efikas nan karans nan mikwo-nitriman kote popilasyon an kapab nan risk (al gade nòt oryantasyon 2).

#### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ N ap trete ka karans nan mikwo-eleman yo dapre pi bon metòd klinik ki genyen nan moman an (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Entèvansyon mikwo-nitriman akonpànye entèvansyon sante publik pou bese maladi komen ki asosye ak ijan tankou lawoujòl (Vitamin A) ak dyare (zenk) (al gade nòt oryantasyon 3–4).

#### **Nòt oryantasyon**

1. **Dyagnostik ak tretman mank nan mikwo-nitriman klinik:** Dyagnostik kèk karans nan mikwo-nitriman posib ak egzamen ki byen senp. Yo kapab entwodwi endikatè karans sa yo nan sistèm siveyans sante oswa nitrisyonèl, menmsi yo pral bezwen bay anplwaye yo bon jan fòmasyon pou asire evalyasyon sa a egzat. Definisyon ka sa yo reprezante pwoblèm epi nan ijans yo li yo kapab detèmine yo sèlman nan repons pou distribisyon sipleman moun ki prezante tèt yo ba anplwaye sante yo. Tretman karans nan mikwo-nitriman yo ap gen pou wè ak rezulta ka aktif ak devlopman definisyon ka ak endikasyon pou tretman. Rechèch ak tretman sou ka dwe fèt nan sistèm sante a ak pwogram alimantasyon an (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 2, nòt oryantasyon 6 sou paj 156). Kote ki gen anpil ka moun ki gen karans nan mikwo-nitriman ki depase kapasite sante publik (al gade Dokiman Siplemantè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante publik), tretman kouvèti popilasyon an ak sipleman kapab apwopriye. Eskòbit (Vitamin C), pelagra (nyasin), beriberi (tyamin) and ariboflavinoz (riboflavin) se epidemi nou konnen ki pi komen yo obsève ki se paske moun pa ka jwenn aksè mikwo-nitriman nan popilasyon ki depann sou èd alimantè yo.





Se sa ki fè, nou dwe atake karans sa ak entèvansyon ki touche tout kominotè a ak tretman pou chak gress moun.

2. **Dyagnostik ak tretman karans nan mikwo-nitriman sib-klinik:** Mank mikwo-nitriman sib-klinik kapab gen yon move enpak sou lasante men yo papp ap ka idantife li dirèkteman san egzamen byochimik. Yon eksepsyon se anemi, ki genyen yon tès byochimik pou li disponib ki byen fasil pou pran sou teren an (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon nan estanda 2, nòt oryantasyon 6 sou paj 156 ak Dokiman Siplemantè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante piblik). Yo kapab itilize endikatè endirèk pou aksede risk popilasyon ki afekte yo genyen pou gen karans epi detèmine lè yon amelyorasyon nan manje oswa sipleman yo pran kapab nesesè (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 2, nòt oryantasyon 6 sou paj 156 ak Dokiman Siplemantè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante piblik).
3. **Prevansyon:** Gen yon deskripsyon estrateji prevansyon karans nan mikwo-nitriman ki tou kout nan seksyon Sekirite alimantè – transfè manje a (Al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 1 sou paj 180). Epitou prevansyon ap nesesè pou kontwòl maladi tankou enfeksyon respiratwa grav, lawoujòl ak enfeksyon parazitik tankou malarya ak dyare ki epwize estokaj mikwo-nitriman (al gade Sèvis Sante Esansyèl – sante timoun estanda 1–2 sou paj 321–323). Preparasyon pou tretman pral genyen devlopman definisyon ka ak endikasyon pou tretman, ak sistèm aktif pou chèche ka.
4. **Itilizasyon mikwo-nitriman nan tretman maladi komen:** Nou dwe entegre sipleman mikwo-nitriman nan prevansyon ak tretman sèten maladi. Yo genyen dispozisyon sipleman Vitamin A ansanm ak vaksen pou lawoujòl ak zenk avèk sèl reyidratasyon oral (SRO) nan endikasyon pou trete dyare yo (al gade Sèvis sante esansyèl – sante timoun estanda 1–2 sou paj 321–323 ak alimantasyon tibebe ak timoun estanda 2 sou paj 160).





## 4. Sekirite alimantè

Repons sekirite alimantè yo dwe vize pou satisfè bezwen akoutèm, "pa yon danje", bese bezwen popilasyon an oblige adopte estrateji ki kapab bay pwoblèm ak kontribye nan restorasyon sekirite alimantè alontèm.

Yon evalyasyon egzakt egzaminen si opsyon repons yo ap apwopriye oswa y ap kapab fè yo (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 1 sou paj 150). Repons sekirite alimantè nan seksyon sa a gwooupe nan estanda pou repons sekirite alimantè jeneral, transfè manje, transfè lajan ak koupon, ak mwayen pou viv.

Si manje nesesè, yo dwe konsidere kalite transfè ki apwopriye epi chwazi panye manje a ak anpil atansyon pou peman an nati ak transfè koupon. Repons nan mwayen moun yo viv genyen pwodiksyon prensipal, revni ak travay, ak aksè nan machandiz ki nan mache ak sèvis.

Yo kapab itilize transfè lajan ak koupon pou differan kalite machandiz ak sèvis nan sekirite alimantè, ak lòt sektè tou. Li ap enpòtan pou konprann kapasite mache a ak modalite apwopriye pou livezon yo pou kreye entèvansyon sekirite alimantè.

Estanda sekirite alimantè yo konsidere resous pou satisfè manje popilasyon bezwen ak moun ki frajil ki gen risk nitrisyonèl. Jouk lè bezwen sa yo satisfè, nenpòt repons ki vize pou koreksyon malnitrisyon kapab genyen yon konsekans limite, paske moun ki refè ak malnitrisyon yo ap retounen nan yon kontèks kote yo pa jwenn ase manje epi eta nitrisyonèl gen chans pou kapab deteryore ankò.

Metòd pou sible, libre, ak distribye dwe bese risk pou erè enklizyon ak eksklyzyon. Sa genyen ladan risk pou konbatan detounen manje, lajan ak lòt asistans. Li enpòtan pou yo pa detounen entèvansyon sekirite alimantè pou agrave konfli yo.





### Estanda 1 nan sekirite alimantè: Sekirite alimantè jeneral

Moun yo gen dwe pou resevwa asistans alimantè imanitè ki asire yo viv ak kenbe diyite yo, defini li ap fè yo pa epwize byen yo ak kapasite pou yo kenbe fèm.

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Devlope repous inisyal pou satisfè bezwen imeda (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Konsidere pran mezi pou soutni, pwoteje ak pwomouvwa sekirite alimantè (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Repous debaz sou bonjan analiz, avantaj yo, risk ak depans ki asosye, ak estrateji moun yo pou siviv (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Devlope estrateji pou fè tranzisyon ak pou soti pou tout repous dezas, ogmante konsyantizasyon sou yo epi aplike yo kote li apwopriye (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Asire ou benefisyè yo gen aksè nan bonjan soutyen, tankou bay yo konesans nesesè, kalifikasyon ak sèvis (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Pwoteje ak prezève anviwònman natirèl la pou li pa degrade nan tout repous yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Siveye pou detèmine nivo aseptans ak aksè nan entèvansyon differan gwoup ak moun pou asire kouvèti jeneral popilasyon moun yo ki afekte nan katastwòf la san diskriminasyon (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Evalye pou mezire efè repous yo sou ekonomi lokal la, rezo sosyal yo, mwayen moun yo viv ak anviwònman natirèl la epi asire nou pataje rezulta yo byen epi itilize yo pou enflyanse lòt entèvansyon (al gade nòt oryantasyon 8).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout moun yo ki afekte nan katastwòf la ki bezwen repous sekirite alimantè resevwa asistans ki satisfè bezwen fondamantal yo, evite epwize byen yo, bay yo chwa epi pwomouvwa diyite yo.
- ▶ Moun yo pa itilize estrateji pou siviv ki negativ (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Chwa pou lajan, koupon, oswa yon melanj yo de a pral baze sou evalyasyon ak analiz byen detaye (al gade Sekirite alimantè – transfè lajan ak koupon estanda 1 sou paj 200).





## Nòt oryantasyon

- Mete repons pou sove lavi moun an prioritè:** Distribisyon manje, lajan oswa koupon oswa yon melanj yo se repons inisyal ki pi komen pou enseki-re alimantè grav. Yo dwe konsidere lòt kalite repons tou, tankou sibvansyon alimantè, koupon tanporè pou pa peze frè, pwogram travay, pwojè dki soutni mwayen pou viv, destokaj, manje bêt ak soutyen pou mache yo. Lè mache yo ap fonksyone epi yo aksesib epi pa gen okenn risk pou gen enflasyon, prioritè a dwe pou re-establi aranjman mache nòmal epi revitalize aktivite ekonomik ki kreye travay (al gade pati sou mache ak entèvansyon sekirite alimantè yo nan Referans ak lekti siplémentè). Estrateji sa yo kapab pi apwo-priye pase distribisyon manje si yo ofri avantaj ki soutni mwayen pou moun yo viv, bese frajilite alavni ak kenbe diyite moun yo. Ajans yo genyen responsabilite pou konsidere sa lòt yo ap fè pou asire repons jeneral la ofri kontribusyon ak sèvis konplémentè.
- Sipòte, pwoteje ak pwomouvwa sekirite alimantè:** Sa genyen plizyè diferan repons ak sipò. Pandan li pral prioritè nou pou satisfè bezwen imeda yo ak prezèvè byen pwodiktif moun yo, repons yo dwe planifye ak yon pèspektiv ki pou plis tan epi entegre ak repons lòt sektè yo. Pandan peryòd kout la, li kapab pa posib pou jwenn sekirite alimantè ak pwòp estrateji pou viv pou yo. Sepandan, nou dwe soutni estrateji ki egziste deja ki kontribye nan sekirite alimantè ak prezèvè diyite moun yo. Repons sekirite alimantè yo dwe evite byen yo fin epwize, epi ede yo retwouwe byen yo te pèdi yo nan katastwòf la ak ogmante kapasite yo si gen yon lòt katastwòf.
- Risk ki asosye ak estrateji pou siviv:** Nou dwe soutni estrateji pou siviv ki kontribye nan sekirite alimantè nan diyitenan diyite moun yo. Sepandan, estrateji pou siviv yo kapab gen pri oswa gen risk ki fè moun yo pi frajil (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 1 sou paj 150). Nou dwe rekonèt risk yo pi vit posib epi patisipe nan entèvansyon byen bonè pou ede moun evite al patisipe nan estrateji sa yo. Pa egzanp, distribisyon bwa ak/oswa fou ki pa gaspiye Enèji kapab evite moun yo itilize twòp resous natirèl ak vwayaje kote ki pa gen sekirite; donasyon lajan kapab evite moun kouri vant vann byen ak tè yo (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33).
- Estrateji pou soti ak fè tranzisyon:** yo dwe an konsidere depi nan kòmansman, sitou kote repons la kapab gen enplikasyon alontèm, pa egzanp, dispozisyon sèvis gratis moun yo tapt ap bezwen peze pou yo nòmalman, tankou sèvis veterinè, kapab fè li difisil pou retounen peze pou sèvis. Anvan nou fèmen yon pwogram oswa fè tranzisyon nan yon nouvo faz, dwe genyen prèv amelyorasyon oswa moun ki nan pi bon pozisyon yo kapab pran responsabilite. Nan ka manje, lajan ak/oswa transfè koupon, li kapab vle di konekte ak pwoteksyon sosyal oswa sistèm pwoteksyon ki egziste deja oswa defann moun yo





devan gouvènman ak donatè pou etabli sistèm ki abòde ensekirite alimantè kwonik.

5. **Aksè nan konesans, aptitud ak sèvis:** Estrikti òganizasyonèl yo dwe kreye ak planifikasyon ansam avèk itilizatè yo, pou yo kapab apwopriye ak antreni yon fason kòmsadwa, kote li posib apre yo fin egzekite pwojè a. Kèk moun genyen bezwen ki trè espesifik, pa egzanp timoun ki vin òfelen akòz maladi SIDA kapab pa nan transfè enfòmasyon akaptitud ki fêt nan fanmi yo, epi yo kapab jwenn yo nan sèvis ki apwopriye.
6. **Konsekans sou anviwònman:** Baz resous natirèl pou pwodiksyon ak mwayen pou viv popilasyon katastwòf la te afekte yo (ak popilasyon ki resevwa yo a) dwe prezèvre. Yo ta dwe konsidere konsekans sou anviwònman ozalantou a nan evalyasyon ak planifikasyon nenpòt repons. Pa egzanp, moun kapkap viv nan kan yo bezwen Enèji pou fè manje, ki kapab lakòz deforestasyon pi vit; distribisyon manje ki pran anpil tan pou kuit pral mande plis Enèji pou fè manje, epi sa kapab afekte anviwònman an (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 2 sou paj 184). Repons yo kapab ede anviwònman an retabli kont degradasyon. Pa egzanp, pwogram destokaj yo diminye presyon pakaj nan patiraj yo pandan yon sechrès, sa k ap fè vin genyen plis manje disponib pou betay la siviv. Kote li posib, repons yo dwe devlope kapasite moun yo pou jere resous natirèl. Nou dwe evalye epi bese risk yon repons ki lakòz tansyon kont resous natirèl oswa fè tansyon an pi grav, epi konfli pou Enèji (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33).
7. **Kouvèti, aksè ak aseptasyon:** Yo ta dwe evalye moun ki jwenn avantaj yo ak karakteristik yo, ak kantite moun ki genyen, divize yo pa sèks ak laj, yo anvan detèminasyon nivo patisipasyon diferan gwoup yo (pou fè atansyon patikilye nan gwoup frajil yo). Yo detèmine patisipasyon an anpati selon fasilité aksè ak fason yo aksepte patisipan yo nan aktivite yo. Menmsi kèk repons sekirite alimantè sible moun ki aktif ekonomikman, yo pa dwe fè diskriminasyon enjis epi yo dwe yo dwe aksesib pou moun ki frajil yo ak pwoteje depandan yo, tankou timoun. Difilikte kapab limite patisipasyon, tankou redui kapasite pou travay, anpil travay lakay, gwo sès, bay timoun swen ak manje, ak maladi ak andikap. Pou metrise difilikte sa yo, yo dwe idantifye aktivite ki nan kapasite gwoup sa yo oswa yo dwe enstale estrikti sipò ki apwopriye. Nou dwe sible operasyon ki base sou oto-seleksyon apre nou vin konsilte tout gwoup nan popilasyon an (al gade Prensip Pwoteksyon 2 sou paj 36).
8. **Kontwòl ak evalyasyon:** Ap nesesè pou siveye tout sitiyyaison sekirite alimantè a pou evalye si ap toujou gen enpòtans pou entèvansyon, detèmine kilè pou eliminine aktivite espesifik ti kras pa ti kras, entwodui modifikasiyon oswa nouvo pwojè ak idantifye nenpòt bezwen pou defann moun yo. Evalyasyon an dwe baze sou kritè Komite Asistans Developman ki te etabli epi OECD





te anrejistre, ki mezire bagay sa yo: fason yo apwopriye, konekte, konsistan, kouvri, efikas, ak genyen enpak.

## 4.1. Sekirite alimantè – transfè alimantè

Objektif transfè manje yo se pou asire moun yo gen bonjan aksè nan manje an bon kalite ak kantite, epi gen mwayen pou prepare ak manje li san danje.

Ap entwodui distribisyon manje jeneral (gratis) lè nou evalye l ap nesesè, sible moun ki bezwen li plis yo, epi koupe yo lè moun yo vin kapab pwodui oswa jwenn manje pa lòt mwayen. Benefisyè yo kapab bezwen fè yon tranzisyon nan lòt kalite asistans tankou transfè kondisyonèl ak repons pou mwayen pou viv. Yo kapab bezwen alimantasyon siplemantè Anplis nenpòt rasyon jeneral pou moun ki gen risk (pa egzanp moun ki gen 6–59 mwa ak fanm ki ansent oswa ap bay tete. Sa kapab yon kouvèti oswa siblaj dapre kontèks la (al gade Jesyon malnitrison grav ak karans nan mikwo-nitriman estanda 1 sou paj 165).

Pou distribisyon manje jeneral ak alimantasyon siplemantè, yo bay rasyon pou moun yo pote lakay yo lè li posib. Yo bay moun yo manje sou teren an sèlman lè yo pa gen mwayen pou fè manje yo menm (tousuit apre yon dezas oswa pandan y ap deplase yon popilasyon), kote ensekirite kapab mete vi moun kapkap pote rasyon yo lakay yo an danje oswa pou alimantasyon ijan nan lekòl (Menmsi yo ka distribye rasyon pou moun pote lakay yo nan lekòl).

Jesyon chèn lojistik (SCM) nan dwe patikilyèman solid ak responsab – la vi moun kapab vin an danje tou swuit epi souvan transfè manje konn yo gwo pwopòsyon repons yon dezas. Nou dwe siveye sistèm livrezon ak distribisyon nan tout etap, tankou nan kominotè, epi transparans ak komunikasyon ki efikas kapab jwe yon wòl enpòtan. Yo dwe pataje evalyasyon regilye ak moun ki konsène yo tankou popilasyon ki afekte a ak enstitisyon lokal yo.





## **Estanda 1 nan sekirite alimante – transfè manje: Egzijans nitrisyon jeneral**

Asire yo satisfè bezwen popilasyon dezas la afekte, tankou sa yo ki nan plis risk yo.

### **Aksyon Kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Itilize nivo aksè pou jwenn ase kantite ak kalite manje pou detèmine si sitiysyon an estab oswa si li gen chans vin pi mal (al gade nòt oryantasyon 1, 4–5).
- ▶ Devlope transfè manje dapre estanda premye egzijans planifikasyon pou enèji, pwoteyin, grès ak mikwo-nitriman, modifye li dapre sitiysyon lokal la (al gade endikatè kle, nòt oryantasyon 2 ak Dokiman Siplementè 6: Egzijans pou nitrisyon).
- ▶ Asire yo pwoteje, ankouraje ak sipòte aksè granmoun aje yo nan manje fòtifyan ak sipò nitrisyonèl (al gade nòt oryantasyon 3–8).
- ▶ Asire timoun ki gen 6–24 mwa yo jwenn aksè nan manje konpleman ki fòtifyan, gen anpil enèji epi famm ansent ak famm kapkap bay tete yo gen aksè nan plis soutyen nitrisyonèl (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire kay ki gen moun ki malad anpil yo, tankou moun kapkap viv ak VIH, ak moun ki gen pwoblèm oswa frajilite espesifik yo gen aksè nan bonjan manje fòtifyan ak ase soutyen nitrisyonèl (al gade nòt oryantasyon 6–8).

### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Genyen ase aksè nan divès kalite manje, tankou aliman debaz (sereyal oswa tibèkil), gress, legim (oswa pwodui zannimo) ak sous matyè gra – ki satisfè egzijans pou nitrisyon yo (al gade nòt oryantasyon 2–3, 5).
- ▶ Genyen ase aksè nan sèl iyode pou pifò kay yo (>90 pouzan) (al gade nòt oryantasyon 2–4, ak Dokiman Siplementè 6: Egzijans pou nitrisyon).
- ▶ Genyen ase aksè nan sous adisyonèl nyasin (pa egzanp, gress legim, nwa, pwason sèch), si aliman debaz la se mayi oswa sògo (al gade nòt oryantasyon 2–3 ak Dokiman siplementè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante piblik ak 6: Egzijans pou nitrisyon).
- ▶ Genyen ase aksè nan sous adisyonèl tyamin (pa egzanp, gress legim, nwa, ze) si aliman debaz la se diri poli (al gade nòt oryantasyon 2–3).





- ▶ Genyen ase aksè nan sous riboflavin apwopriye kote moun yo depann sou yon rejim alimantè ki trè limite (al gade nòt oryantasyon 2–3).
- ▶ Pa genyen ka eskòbit, maladi pelagra, beriberi oswa karans nan riboflavin (al gade nòt oryantasyon 5 ak Dokiman Siplementè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante piblik).
- ▶ Ka ki genyen anpil karans nan Vitamin A, anemi akòz karans nan fè ak karans nan yòd pa gen enpòtans nan sante piblik (al gade nòt oryantasyon 5 ak Dokiman Siplementè 5: Mezi enpak anpil karans nan mikwo-nitriman nan sante piblik).

## Nòt oryantasyon

1. **Entèpretasyon aksè nan manje:** Nou kapab mezire aksè nan manje ak zouti analistik tankou pwen konsomasyon manje ak zouti divèsite rejim alimantè. Apwòch ki konsidere plizyè varyab tankou sekirite alimantè, aksè nan mache yo, mwayen pou viv, sante ak nitrisyon kapab apwopriye pou detèmine si sitiyasyon an estab oswa ap vin pi mal oswa si entèvansyon manje yo nesesè (al gade nòt Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 1 sou paj 150).
2. **Egzijans nitrisyonèl ak planifikasyon rasyon:** Nou ta dwe itilize estimasyon sa yo pou minimòm egzijans yon popilasyon pou planifikasyon rasyon jeneral, ak chif ki modifie pou chak popilasyon, jan sa dekri nan Dokiman Siplementè 6: Egzijans pou nitrisyon:
  - 2,100 kilo-kalori/moun/jou
  - 10 poustan enèji total yo jwenn nan pwoteyin
  - 17 poustan enèji total yo jwenn nan matyè gra
  - jwenn ase mikwo-nitriman.

Rasyon manje jeneral kapab devlope ak zouti planifikasyon rasyon (pa egzanp NutVal). Kote moun yo yo pa genyen aksè nan nenpòt manje ditou, rasyon ki distribiye a ta dwe satisfè egzijans pou nitrisyon total yo. Estimasyon moun yo aksepte yo dwe etabli pou kantite mwayèn manje popilasyon ki afekte a kapab jwenn (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 1 sou paj 150. Apre sa yo dwe planifye rasyon yo pou kouvri diferans ant egzijans nitrisyon an ak sa moun yo kapab jwenn pou tèt yo. Kidonk, si egzijans estanda a se 2,100 kilo-kalori/moun/jou epi si evalyasyon an detèmine moun ki nan popilasyon sib la kapab, an mwayèn, jwenn 500 kilo-kalori/moun/jou nan pwòp efò yo oswa resous yo, rasyon an ta dwe deziyen pou ofri  $2,100 - 500 = 1,600$  kilo-kalori/moun/jou. Anplisde sa enèji ki nan rejim nan, li ap enpòtan pou konsidere pwoteyin, matyè gra ak vitamin ak mineral nan planifikasyon manje.





Si yon rasyon devlope pou bay tout enèji ki nan rejim nan, lè sa a li dwe gen ase kantite tout nitriman yo. Si entansyon an se pou yon rasyon bay sèlman yon pati nan egzijans enèji nan rejim nan, lè sa a yo kapab itilize youn nan de apwòch yo pou devlope li. Si popilasyon an pa konnen ki nitriman ki nan lòt manje ki **disponib yo**, rasyon an dwe devlope yon fason pou bay yon nitriman ki balanse epi ki pwopòsyonèl ak kantite enèji ki nan rasyon an. Si popilasyon an konnen ki nitriman ki nan lòt manje ki **disponib yo**, rasyon an dwe devlope pou kouvri nitriman ki manke a kote yo konplementè manje sa yo. Chif planifikasyon mwayen pou rasyon jeneral konsidere bezwen adisyonèl fanm ansent yo ak fanm k ap bay tibebe yo tete. Dwe genyen ase manje ki akseptab pou timoun piti nan rasyon jeneral la, tankou manje fòtifyan ki melanje (al gade Alimantasyon tibebe ak jwenn timoun estanda 2 sou paj 160). Nou dwe asire tout moun patisipe egal ego menm kantite popilasyon ki afekte yo jwenn menm rasyon manje. Planifikatè yo dwe konnen diferan echèl rasyon diferan nan kominotè ki tou pre yo kapab lakòz tansyon. Li kapab danjere lè moun manje two mikwo-nitriman epi moun kapkap planifie rasyon yo dwe konsidere sa sitou si gen plizyè pwodui manje fòtifyan ladan.

3. **Jan pou anpeche malnitrison grav ak karans nan mikwo-nitriman:** Si yo reyalize endikatè alimantè sa yo, yo ta dwe anpeche detèryorasyon sitiaysyon mikwo-nitriman popilasyon an, depi yo mete anplas mezi sante piblik pou anpeche maladi tankou lawoujòl, malarya ak enfeksyon parazitik (al gade Sèvis sante esansyèl – kontwòl maladi kontaje estanda 1–2 sou paj 312–314). Li kapab difisil pou asire rasyon èd alimantè yo gen ase nitriman kote pa gen ase kalite manje disponib. Opsyon pou amelyorasyon kalite nitrisyonèl rasyon an genyen fòtifikasyon machandiz debaz, genyen manje melanje fòtifye, genyen machandiz ki te achte nan nivo lokal pou mete nitriman ki manke yo epi/oswa yo itilize pwodui sipleman tankou sa ki gen lipid, anpil nitriman, manje ki tou pare pou itilize oswa tablèt oswa poud ki gen plizyè mikwo-nitriman. Pwodwi sa yo kapab pou moun ki frajil tankou timoun ki gen 6–24 oswa 6–59 mwa oswa fanm ansent ak fanm kapkap bay tete. Yon fason eksepsyonèl, kote manje ki genyen anpil eleman nitritif disponib sou plan lokal, yo kapab konsidere ogmantasyon kantite manje nan nenpòt rasyon jeneral pou pèmèt plis echanj manje, men yo dwe konsidere rantabilite ak konsekans sou mache a. Lòtt opsyon ki ta dwe konsidere pou prevansyon defisyans mikwonitriman enklimezi sekirite alimantè nan mane nitritif (al gade estanda 1 sou Sekirite alimantè ak evalyasyon nitrisyon nan paj 150 ak Sekirite alimantè – mwayen pou viv 1–2 nan paj 204–208). Nou dwe konsidere pèt nan mikwo-nitriman ki kapab rive pandan transpòtasyon, estokaj, tretman ak preparasyon ak byo-disponiblite diferan fòm chimik vitamin ak mineral yo.
4. **Sipèvizon itilizasyon rasyon manje:** Endikatè kle yo abòde aksè nan manje men yo pa kantife itilizasyon manje oswa byo-disponiblite nitriman.





Mezi dirèk kantite konsomasyon eleman nitritif la tapt ap enpoze egzijans ki pa reyalis pou rasanblay enfòmasyon yo. Sepandan, yo kapab estime itilizasyon endirèkteman ak enfòmasyon plizyè sous. Sous sa yo kapab gen kontwòl manje ki disponib ak itilizasyon nan kay la, evalyasyon pri manje ak manje ki disponib nan mache lokal yo, egzamen plan ak rejis distribisyon èd alimantè, evalyasyon nenpòt kontribisyon manje ki pouse nan eta sovaj ak fè evalyasyon sekirite alimantè. Yo pa toujou pataje manje nan kay yo egal ego epi sa kapab afekte moun ki frajil yo, men nòmalman li pa fasil pou mezire aspè sa yo. Operasyon distribisyon awopriye (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 5 sou paj 192), chwa manje ak diskisyon sou popilasyon ki afekte a kapab ede kontribye nan amelyorasyon distribisyon manje nan kay yo (al gade Estanda Debaz 1 sou paj 55).

5. **Granmoun aje** kapab vrèman afekte nan katastwòf yo. Pami faktè risk nitrysonèl ki diminye aksè nan manje epi ki kapab ogmante egzijans pou eleman nitritif yo, genyen maladi ak andikap, izolman, estrès sikolojik, anpil moun nan fanmi a, fredi ak pòvrete. Granmoun aje yo ta dwe anmezi pou jwenn aksè nan sous alimantè yo (tankou transfè manje) san pwoblèm. Manje yo dwe fasil pou prepare ak manje epi yo dwe satisfè egzijans pwoteyin ak mikwo-nitriman adisyonèl pou granmoun aje yo.
6. **Moun kap viv ak VIH** yo kapab fè fas ak pi gwo risk pou malnitrisyon pou plizyè rezon. Pami faktè sa yo genyen diminisyon nan konsomasyon manje akòz pèt apeti oswa difikilte nan manje, move absòpsyon eleman nitritif yo akòz dyare, parazit oswa domaj nan sell entesten, chanjman nan metabolism, epi enfeksyon ak maladi kwonik. Egzijans enèji pou moun kapkap viv ak VIH (PLHIV) yo ap ogmante dapre nivo enfeksyon an. Moun kapkap viv ak VIH yo bezwen asire yo kontinye nourì ak rete an ansante otank posib pou retade deklanchman SIDA a. Estrateji posib pou amelyore aksè nan yon bon rejim alimantè se moulen ak fòtflikasyon manje oswa founi manje ki fòtfilye oswa sipleman manje espesyalis. Nan kèk sitiyasyon li kapab awopriye pou ogmante gwo sè nenpòt rasyon manje. Nou dwe considere pwovisyon founiti terapi anti-retroviral (TAR) ak wòl enpòtan nitrisyon kapab jwe nan tolerans ak obsèvasyon tretman sa a.
7. **Moun ki andikape:** Moun andikape yo kapab nan risk patikilye pou yo separe avèk manm fanmi pwòch yo ak moun ki konn pran swen yo lè gen yon katastwòf. Epitou yo kapab fè diskriminasyon kont yo ki fè li difisil pou yo jwenn manje. Nou dwe fè efò pou detèmine ak diminye risk yo. Pou fè sa, yo dwe asire aksè fizik nan manje, devlope machaswiv pou bay sipò pou manje (pa egzanp, distribisyon kiyè ak chalimo, devlope sistèm pou vizit oswa asistans nan kay), ak aksè nan manje ki genyen anpil enèji. Pami risk nitrisyonèl yo genyen difikilte nan kraze ak vale manje (kisa ki ka lakòz diminisyon nan konsomasyon manje ak sifokasyon), moun nan kapab mal chita lè l ap manje, mobilite redui ki afekte aksè nan manje ak aksè nan soleò (sa ki





afekte kondisyon vitamin D), epi konstipasyon, ki afekte sitou moun ki genyen paralisi serebral.

8. **Moun k ap bay swen yo ak moun y ap bay swen yo** kapab fè fas a baryè nitrisyonèl, pa egzanp, yo kapab genyen mwens tan pou jwenn manje paske yo malad oswa ap pran swen moun ki malad, yo kapab genyen yon pi gwo bezwen pou konsève pratik ijyenik ki kapab riske, yo kapab genyen mwens byen pou boukante pou manje akòz frè pou peze pou tretman oswa pou antèman; epitou yo kapab genyen sikatris sosyal ak aksè limite nan pwoesisip sipò kominotè a. Li enpòtan pou moun kapkap bay swen yo jwenn sipò epi pou yo pa jennen yo nan zafè swen gwoup frajil yo; sipò yo ofri dwe abòde alimantasyon, ijjèn, sante ak sipò sikolojik, ak pwoteksyon. Nou kapab itilize rezo sosyal ki egziste deja pou ay bay fòmasyon bay kèk moun yo chwazi nan popilasyon an pou pran responsabilite nan domèn sa yo (al gad Prensip Pwojeksyon 4 sou paj 41).

#### **Estanda 2 nan sekirite alimante – transfè manje: Sa ki apwopriye ak akseptab**

Pwodui alimantè yo ofri yo apwopriye ak akseptab pou benefisyè yo pou yo kapab itilize yo yon fason ki efikas lakay yo.

#### **Aksyon Kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Konsilte moun yo ki afekte nan katastwòf la pandan evalyasyon ak konsepsyon pwogram yo sou pwodui alimante ki akseptab, apwopriye, epi moun yo abitye ak yo, Anplis asire rezulta yo gide moun sou desizyon manje yo chwazi (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Evalye kapasite moun yo pou sere manje, aksè nan dlo ak Enèji, ansanm ak lè pou fè manje pou tranpe pandan n ap chwazi kalite manje yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Lè yo distribye manje moun yo pa abitye ak yo, bay yo ekstraksyon sou preparasyon ki apwopriye pou moun kapkap prepare manje a, depreferans depreferans nan lang lokal la (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Si nou distribye sereyal konplè, asire nou benefisyè yo swa gen mwayen pou moulen/trete li lakay yo oswa yo gen aksè nan ase kote pou moulen/trete (al gade nòt oryantasyon 3).





- ▶ Moun yo katastwòf la afekte yo genyen aksè nan pwodui ki enpòtan sou plan kiltirèl, tankou kondiman (al gade nòt oryantasyon 4).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Desizyon sou pwogram yo baze sou patisipasyon total tout moun ki sible nan seleksyon pwodui alimantè yo (al gade nòt oryantasyon 1 ak 4).
- ▶ Lè n ap devlope pwogram yo nou dwe konsidere aksè nan dlo, Enèji pou fè manje ak ekipman pou trete manje (al gade nòt oryantasyon 2-3).
- ▶ Pa gen okenn distribisyon jeneral pou lèt an poud, oswa an likid, oswa pwodui ki gen lèt yo bay poukout yo (al gade nòt oryantasyon 5).

### Nòt oryantasyon

1. **Fason moun yo abitye ak aksepte manje a:** Alòske valè nitrisyonèl la se premye konsiderasyon pou fè lè y ap chwazi danre alimantè pou yon panye manje, moun ki jwenn avantaj yo ta dwe abitye ak manje yo distribye a Epitou manje a ta dwe konsistan avèk tradisyon relije ak kiltirèl yo, tankou nenpòt tabou alimantè pou fanm ansent ak fanm k ap bay tibebe to tete. Moun ki frajil yo dwe patisipe nan konsiltasyon sou chwa manje yo. Si yo itilize yon manje, li dwe yon bagay moun yo ap aksepte lokalman. Nan rapò evalyasyon ak demann bay donatè, yo dwe eksplike chwa manje (enklizyon ak esklyzon). Lè Katastwòf yo fè moun pa ka jwenn aksè kote pou fè manje, y ap bezwen bay manje ki tou pare (al gade Alimantasyon tibebe ak jenn timoun estanda 2 sou paj 160 tou). San yon kote pou fè manje, kapab pa genyen okenn altènativ pase bay moun yo manje yo pa abitye ak yo epi yo kapab konsidere 'rasyon ijan' tou.
2. **Estokaj ak preparasyon manje:** Kapasite moun yo pou estoke manje pral gide gide pwodui nou chwazi a. Pou egzijans dlo, al gade Distribisyon dlo estanda 1 sou paj 97. Ap bezwen yon evalyasyon dlo enèji pou gide gide seleksyon manje, asire benefisyè ap kapab fè manje a byen pou evite risk sante ak evite degradasyon anviwònman an ak risk ki kapab genyen lè moun ap plede sanble bwa ak Enèji (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33). Jeneralman, manje yo bay la pa dwe mande moun pale pase yon pakèt tan ap prepare li oswa yon gwo kantite dlo. Nòmalman gress ki moulen bese tan pou fè manje a ak kantite Enèji. Pou ekipman pou fè manje, al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 6 sou paj 197 ak Atik ki pa manje alimantè estanda 3-4 sou paj 273-274.
3. **Tretman manje:** Seryal konplè genyen avantaj dire plis tan nan estokaj epitou li kapab genyen plis valè ekonomik pou benefisyè yo. Kote li yon tradisyon pou moulen nan kay la oswa kote moun yo gen aksè nan yon moulen lokal, yo kapab distribye seryal konplè. Yo kapab bay sant pou moulinaj komèsyal





ki fè ekstrakson ekstrakson fèb yo: Sa retire mikwòb, lwl ak anzim (ki lakòz ransisman) ak fè li rete nan bon eta pou plis tan malgre li kapab retire nan pwoteiyen tou. Moulinaj se yon enkyeted an patikilye pou mayi: mayi konplè ki moulén bon sèlman pou sis a wit semèn kifè se tousuit anvan yo pral manje yo pou moulén li. Nou dwe respekte lwa nasyonal sou enpòtasyon sereyal konplè. Pri li koute benefisyè yo pou fè moulinaj kapab satisfè ak lajan oswa koupon, apwòch yo prefere mwens pou plis grenn adisyonèl ak dispozisyon ekipman moulinaj.

4. **Atik ki enpòtan sou plan kiltirèl:** Evalyasyon an ta dwe idantife kondiman ki enpòtan sou plan kiltirèl ak lòt pwodui alimantè ki se yon pati enpòtan nan sa moun yo manje chak jou (pa egzanp epis, te) epi detèmine aksè moun yo genyen pou atik sa yo. Panye manje a ta dwe kreye pou sa kòmsadwa, sitou kote moun yo depann sou rasyon yo distribiye yo pou yon peryòd tan ki pwolonje.
5. **Lèt:** Pa sipoze genyen distribisyon lèt oswa fòmil pou tibebe sibvansyone, lèt an poud, lèt likid oswa pwodui lèt gratis ki sible poukout yo tankou yon pwodui (sa genyen lèt pou melanje ak te) an jeneral, distribisyon manje oswa pwogram alimantasyon siplémentè moun pote lakay yo paske diskriminasyon kapab lakòz gwo pwoblèm sante. Nenpòt entèvansyon ki gen lèt dwe konfòm ak Gid Operasyonèl sou IFE a, Kòm Kòd Maketing Entènasyonal BMS la ak rezolisyon WHA ki enpòtan yo (al gade alimantasyon timoun ak tibebe estanda 1–2 sou paj 159–160).

### Estanda 3 nan sekirite alimantè – transfè manje:

#### Kalite ak sekirite alimantè

Manje ki distribiye a dwe bon pou konsome epi li dwe gen bon kalite.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Chwazi manje ki konfòm ak estanda nasyonal peyi benefisyè a epi estanda yo aksepte nan nivo entènasyonal (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Distribiye manje anvan dat ekspirasyon li oswa yon bon tan anvan date li di "I ap bon" an (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Konsilte benefisyè yo sou kalite manje yo distribiye yo epi aji vit sou pwoblèm ki kapab genyen (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Chwazi anbalaj manje ki solid, pratik pou manipilasyon, estokaj ak distribisyon, epi li pa reprezante yon danje pou anviwònnman an (al gade nòt oryantasyon 4).





- ▶ Mete etikèt sou manje yo nan yon lang ki apwopriye; pou manje nan bwat yo, mete dat pwodiksyon, orijin, dat ekspirasyon pou manje ki kapab danjere ak detay sou nitriman ki lajan (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Transpòte ak estoke manje nan kondisyon ki apwopriye, itilize pratik ki pi bon pou jesyon estokay, pandan w ap tcheke kalite manje a regilyèman (al gade nòt oryantasyon 5).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout benefisyè yo resevwa manje ki 'apwopriye pou objektif la' ': pou sekirite, manje a pa dwe poze yon risk pou lasante; pou kalite, manje a dwe gen espefikasyon kalite epi fòtifyan (al gade nòt oryantasyon 1-2, 4).
- ▶ Siveyans pou responsabilite suiv tout plent nou resevwa nan men benefisyè yo epi rezoud yo (al gade nòt oryantasyon 3).

### Nòt oryantasyon

1. **Kalite manje:** Manje yo fèt pou konfòm avèk estanda alimantè gouvènman benefisyè a ak/oswa estanda Codex Alimentarius parapò ak kalite, anbalaj, jan yo mete etikèt ladan, ak si li 'apwopriye pou objektif' la. Manje yo dwe toujou 'apwopriye ou moun manje' men anvan li dwe 'apwopriye pou objektif la' tou. Lè manje a pa gen kalite pou itilize pou objektif ki nan entansyon nou an, li pa apwopriye pou objektif la menmsi li apwopriye pou moun manje (pa egzanp, kalite farin kapab pa ka kuit nan kay la menmsi li pa yon danje pou manje). Pou verifikasiyon kalite, yo dwe pran echantyon dapre jan plan an di epi ajans kapkap achte yo dwe verifye li regilyèman pou asire si kalite a bon. Nenpòt lè li obligatwa, manje nou achte swa nan nivo lokal oswa ki enpòte dwe gen sètifica fitosanitè oswa lòt sètifica enspeksyon. Nou dwe fè tès echantyon detanzantan sou estòk yo. Fimigasyon dwe itilize pwodui ki apwopriye ak suiv regleman ki sevè yo. Lè genyen gwo kantite ki konsène oswa lè genyen dout ak lè ta ka genyen konfli sou kalite a, anketè endepandan pou kalite ta dwe fè enspeksyon livrezon an. Yo kapab jwenn enfòmasyon sou laj ak kalite livrezon manje patikilye nan sètifica founisè a, rapò enspeksyon kontwòl kalite a, etikèt pake a ak rapò depo a. Yo dwe jete manje ki pa apwopriye yo ak anpil atansyon (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 4, nòt oryantasyon 10 sou paj 190).
2. **Modifikasyon jenetik manje:** Yo dwe konprann ak respekte règleman nasional konsènan resepsyon ak itilizasyon manje ki modifye sou plan jenetik. Yo dwe panse ak regleman sa yo lè y ap planifye transfè manje yo pral itilize ou enpòte.





3. **Operasyon plent ak repons:** Ajans yo dwe asire gen ase operasyon pou plent ak repons sou plas pou gen responsabilite nan zafè kalite ak sekirite manje pou benefisyè yo (al gade Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 2 nan paj 56).
4. **Anbalaj:** Si li posib, anbalaj dwe pèmèt gen distribisyon dirèk sa yo pa mezire ankò (pa egzanp, mezire ak kiyè) oswa re-anbale: Lè pake yo nan yon gwosè ki apwopriye sa pral ede nou satisfè estanda rasyon yo. Anbalaj éd alimantè a pa ta dwe genyen okenn mesaj k ap fè motivasyon politik oswa relije oswa k ap simen dezakò. Nou kapab minimize risk pou anviwònman an dapre anbalaj nou chwazi ak fason nou jere pake ki vid yo (tankou sachè ak manmit). Pake ki tou pare pou itilize yo (tankou papye aliminyòm) kapab bezwen kontwòl espesifik pou jete san danje.
5. **Zòn estokaj** yo ta dwe sèk ak ijyenik, byen pwoteje nan kondisyon metewo-lojik yo epi san kontaminasyon avèk dechè chimik oswa lòt fatra. Epitou yo dwe pwoteje kont bét (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 4 sou paj 188 ak Jesyon dechè solid estanda 1 sou paj 117).

---

**Estanda 4 nan sekirite alimantè – transfè manje:  
Jesyon chenn lojistik (SCM)**

Nou jere machandiz yo ak pri ki asosye yo byen ak yon sistèm ki san patipri, transparan epi reyaktiv.

---

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Etabli yon sistèm SCM ki kodòne epi efikas kote ou itilize yon kapasite lokal lè sa posib (al gade nòt oryantasyon 1–3).
- Asire gen yon pwosedi transparan, jis ak ouvè lè pou bay kontra (al gade nòt oryantasyon 1–2, 4).
- Devlope bon relasyon ak founisè avèk konpayi ki bay sèvis yo pou ranfòse pratik ki etik (al gade nòt oryantasyon 1–2, 4–5).
- Fòme ak sipèvize anplwaye ki nan tout nivo sistèm SCM lan epitou yo obsève pwosedi ki asosye ak kalite ak sekirite manje a (al gade nòt oryantasyon 5).
- Etabli pwosedi responsabilite ki apwopriye tankou envantè, rapò ak sistèm finans (al gade nòt oryantasyon 6–8).
- Minimize pèt, tankou vòl, epi konte pou tout sa ki pèdi yo (al gade nòt oryantasyon 9–11).





- ▶ Siveje epi jere sistèm transpò manje yo ap pase pou nou ka pran tout aksyon posib pou evite detounman ilegal ak entèripsyon distribisyon epi pou yo gide tout moun ki konsène yo regilyèman sou pèfòmans chèn lojistik la (al gade nòt oryantasyon 12–13).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Manje yo rive kote yo sipoze distribye yo a (al gade nòt oryantasyon 1 ak 7).
- ▶ Sistèm pou suiv machandiz yo, envantè responsabilite ak sistèm rapò yo nan plas depi nan kòmansman entèvansyon an (al gade nòt oryantasyon 7–8, 11–13).
- ▶ Rapò evalyasyon SCM yo montre prèv evalyasyon ak envantè kapasite SCM lokal yo, disponiblite manje lokal ak enfrastrikti lojistik lokal (al gade nòt oryantasyon 2–3).
- ▶ Rapò SCM montre:
  - prèv sistèm ki transparan, jis ak ouvri pou bay kontra
  - prèv jesyon ak rapò sou pèfòmans founisè machandiz/sèvis
  - kantite ak pwopòsyon anplwaye ki fòme nan SCM
  - dokiman yo konplè epi egzat
  - pèt yo minimize epi jere nan mwens pase 2 poustan epi yo konn kote tout manje yo ale
  - analiz regilye sistèm transpò manje epi moun ki konsène yo gide sou manje ak chèn lojistik.

### Nòt oryantasyon

1. **Jesyon chèn lojistik** se yon apwòch lojistik entegre. Kòmanse ak machandiz yo chwazi a, li genyen sous, akizisyon, asirans kalite, anbalaj, livrezon, transpòtasyon, depo, jesyon envantè ak asirans. SCM genyen patisipasyon plizyè diferan patnè, epi li enpòtan pou aktivite yo kodòne (al gade Estanda Debaz 2 sou paj 58). Pratik jesyon ak siveyans yo dwe asire yo pwoteje machandiz yo nan pwen distribisyon yo. Sepandan, ajans imanitè yo responsab pou manje a rive nan pwen distribisyon an tou (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 5–6 sou paj 192–197).
2. **Itilizasyon sèvis lokal yo:** Yo ta dwe fè yon evalyasyon sou disponiblite ak fyabilite kapasite lokal yo anvan yo voye manje a deyò zòn nan. Yo dwe fè atansyon pou asire li pa lakòz oswa agrave pwoblèm epi kòz plis pwoblèm nan kominotè a lè y ap achte machandiz yo nan nivo lokal. Konpayi transpòtasyon lokal oswa reyjonal ki gen bon reputasyon gen bon konesans sou regleman lokal, pwosedi ak etablisman, epi yo kapab ede asire nou konfòm





ak lwa peyi dakèy la epi pou livrezon an fèt byen vit. Nan yon anviwònman ki gen konfli, nou dwe fè anpil atansyon Lè n ap chwazi yon founisè sèvis.

3. **Apwovizyonman lokal parapò ak enpòtasyon:** Machandiz ki disponib nan nivo lokal ak enplikasyon pou pwodiksyon lokal ak sistèm mache manje yo ap swa achte nan nivo lokal oswa enpòte, dwe evalye, tankou viyabilite anviwònmantal (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 1 sou paj 150 ak Sekirite alimantè – estanda mwayen pou viv 1 ak 3 sou paj 204–211). Yo achte manje nan nivo lokal ak rejjonal pou estimile ak soutni mache a; sa kapab by kiltivatè yo yon rezon pou pwodui plis epi ede voye ekonomi lokal la monte. Kote genyen plizyè òganizasyon kapkap patisipe, apwovizyonman lokal dwe kodone lwen mezi li posib. Lòt sous machandiz ki nan peyi a kapab genyen ladan prè oswa demenajman nan pwogram èd alimantè ki egziste (donatè yo kapab bezwen dakò anvan) oswa rezèv nasyonal sereyal, ak prè founisè komèsyal yo oswa echanj avèk yo.
4. **Enpasyalite:** Pwosedi san patipri ak transparan pou bay kontra yo enpòtan pou evite moun sisplèk gen patipri oswa koripsyon. Yo dwe evalye pèfòmans founisè sèvis yo epi mete lis la ajou.
5. **Aptitud ak fòmasyon:** Ekspèryans pratisyen SCM yo ak manadjè pwogram yo a ta dwe mobilize pou fè mete sistèm SCM ak fòme anplwaye. Kalite patikilye espètiz enpòtan genyen ladan jesyon kontra, jesyon transpò ak jesyon depo, jesyon envantè, analiz sistèm transpò ak jesyon enfòmasyon, klasman ekspedisyon, jesyon enpòtasyon. Lè y ap fè fòmasyon, li dwe gen patisipasyon anplwaye lòt òganizasyon patnè ak founisè sèvis epi li dwe nan lang lokal la.
6. **Pa itilize manje pou peman:** Nou dwe evite itilize manje pou peze pou operasyon lojistik, tankou dechaje nan depo ak pwen distribisyon. Si li pa posib pou peze ak lajan kach epi nou itilize manje, nou dwe fè yon modifikasyon sou kantite manje nou voye nan pwen distribisyon yo pou plan nou te planifye nan kòmansman an toujou rive kote benefisyè nou sible yo.
7. **Rapò (pou genyen lojistik gwoup ak anndan ajans la):** Pifò donatè èd alimantè gen egzijans rapò espesifik epi manadjè chèn lojistik yo dwe konnen egzijans sa yo epi etabli sistèm ki satisfè yo. Jesyon chak jou bezwen genyen rapò nenpòt reta oswa devyasyon nan chèn lojistik la ki fèt byen vit. Yo dwe divilge rapò sou enfòmasyon sou sistèm distribisyon an ak lòt rapò sou SCM yo nan yon fason ki transparan.
8. **Dokiman:** Dwe gen ase dokimantasyon ak fòm (bòdwò, lis aksyonè, fòm pou repòtaj, elatriye) disponib nan tout lokal kote yo resevwa, estoke, ak/ oswa ekspedye èd alimantè a pou kapab jwenn yon odit ekri sou tras tranzaksyon yo.





- 9. *Estokaj nan depo:*** Nou prefere depo ki deziyen deziyen pou mete manje pase kote ki pataje, men bonjan jesyon kapab minimize risk nan kote ki pataje yo. Lè y ap chwazi yon depo, yo ta dwe kreye li kote pa t genyen machandiz danjere ki estoke ladan, epitou pou pa ta genyen danje kontaminasyon. Pami lòt faktè pou konsidere yo, genyen sekirite, kapasite, fasilité pou aksè, solidite (twati, miray, pòt ak planche) ak absans nenpòt menas inondasyon.
- 10. *Eliminasyon danre alimantè ki pa apwopriye pou moun konsome:*** Enspektè ki kalite tankou doktè, laboratwa sante publik elatriye ta dwe enspekte danre alimantè ki domaje yo pou sètifye yo kòm danre ki apwopriye oswa ki pa apwopriye pou moun konsome. Nou dwe jete yo byen vit pou yo pa vin yon lakòz danje nan sante moun. Pami metòd eliminasyon danre alimantè ki pa apwopriye yo, yo kapab bay bêt manje yo, mete yo anba tè oswa boule yo. Nan ka eliminasyon pou bay bêt mane, yo dwe jwenn sètifikasyon pou sa pou sètifye danre a apwopriye pou objektif sa a. Nan tout ka yo, yo dwe asire danre ki pa apwopriye yo pa re–antre nan chenn lojistik manje imen oswa manje bêt, epi eliminasyon yo pa lakòz nuizans pou anviwònman an oswa pa kontamine sous dlo ki toupre yo.
- 11. *Menas pou chenn lojistik la:*** Nan sitiyasyon ki gen konfli ak zam oswa ensekirite jeneral, gen yon danje kote mou moun kapkap batay yo kapab piye oswa pran manje yo, epi nou dwe jere risk pou sekirite nan wout transpò ak depo yo. Gen posibilité pou vòl nan tout etap chèn lojistik la: Sistèm kontwòl yo dwe etabli ak sipèvize nan tout pwen kote yo estoke, remèt ak nan pwen distribisyon yo pou minimize risk sa a. Sistèm kontwòl entèn yo ta dwe asire divizyon responsablité yo pou diminye risk kolizyon. Yo ta dwe tcheke estòk yo regilyèman pou detekte nenpòt detounman manje ilegal. Yo dwe pran mezi pou non sèlman asire entegrite chèn lojistik la men pou analize ak adrese enplikasyon politik ak sekirite ki pa laj yo tou, tankou posibilité pou detounman manje lakòz konfli ak zam (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33).
- 12. *Analiz sistèm transpò*** ta dwe fèt sistèm regilyèman ak enfòmasyon enpòtan nan nivo estòk yo, lè ki prevwa pou estòk yo rive, distribisyon yo, elatriye ki komen pou tout moun ki patisipe nan chenn lojistik la. Yo ta dwe suiv ak prevwa nivo machandiz yo pou souliye manje yo an priyorité lè resous planifikasyon (pa egzanp, chwazi sa pou achte) ak lajan ki disponib. Yo dwe konsilte moun ki konsène yo epi solisyon yo kapab genyen redui gwo sè rasyon an oswa redui oswa retire kalite manje benefisyè yo pa gen aksè nan yo (fizikman ak ekonomikman).





**13. Fason pou bay enfòmasyon:** Yo dwe bay moun konsène ki apwopriye yo enfòmasyon ki gen rapò ak yo tan pou bay tout moun ki konsène enfòmasyon pou evite malantandi. Nou dwe konsidere medya lokal, metòd tradisyonèl pou pataje nouvèl ak novo teknoloji nou gen kounye a (tèks nan telefòn mobil, imèl) tankou yon fason pou toujou gide ofisyèl lokal ak benefisyè yo sou livezon ak ranfòsman transparans.

#### Estanda 5 nan sekirite alimantè – transfè manje :

##### Siblaj ak distribisyon

Metòd distribisyon manje sible a reyaktiv, atan, transparan epi san danje. Li soutni diyite epi li apwopriye pou kondisyon lokal yo.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identifie epi sible benefisyè yo dapre bezwen yo, konsilte moun ki konsène ki apwopriye yo (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Kreye metòd distribisyon manje ki efikas ak ekitab epi ki soutni diyite nan konsiltasyon ak òganizasyon patnè, gwoup lokal ak benefisyè yo. Pwosesis planifikasyon an dwe gen patisipasyon fanm ak reprezantan moun ki andikape, moun aje, ak moun ki pa ka fè anpil mouvman (al gade nòt oryantasyon 1–4).
- ▶ Konsilte moun ki konsène yo sou pwen distribisyon ki apwopriye pou asire li fasil pou benefisyè yo jwenn aksè epi li san danje (al gade nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Gide benefisyè yo davans sou plan distribisyon an ak kalite avèk kantite rasyon manje a (al gade nòt oryantasyon 7–8).
- ▶ Siveye epi evalye pèfòmans distribisyon manje sible yo (al gade nòt oryantasyon 9).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Kritè pou siblaj yo dwe baze sou yon analiz konplè sou frajilite (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Popilasyon katastwòf la afekte yo dakò sou fason pou sible a (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Genyen bon altènatif modèl distribisyon pou moun ki pa ka fè anpil mouvman yo (al gade nòt oryantasyon 3–4).





- ▶ Benefisyè yo pa sipoze bezwen mache plis pase 10 kilomèt pou rive nan sit distribisyon an, pa egzanp, pa plis pase kat èdtan pou yo mache (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Prezans kat rasyon, bandwòl ak/oswa poto siy ki espesifye rasyon manje yo pandan distribisyon (al gade nòt oryantasyon 7–8).
- ▶ Fason pou siveye ak/oswa rann benefisyè yo responsab (al gade nòt oryantasyon 9) suiv:
  - metòd distribisyon moun ki konsène yo prefere
  - enfòmasyon yo bay benefisyè yo pandan distribisyon
  - resi benefisyè/manje: sa ki pase parapò ak sa nou te planifie (atan, kantite, kalite).

## Nòt oryantasyon

1. **Siblaj:** Manje yo dwe sible pou moun yo evalye ki nan plis bezwen yo: Kay ki gen plis ensekirite alimantè grav ak moun ki pi malnouri yo (al gade Frajilite ak kapasite popilasyon katastwòf afekte yo sou paj 148 ak Evalyasyon sekirite alimantè estanda 1–2 ak 2 sou paj 150–154). Sible pandan tout entèvansyon an, pa sèlman nan kòmansman an. Jwenn balans nan ant erè nan pa mete moun (ki kapab mete vi moun an danje) ak erè nan mete moun (ki kapab yon gaspiyaj) konpléks; Anplis, erè yo kapab koute nou plis lajan. Nan gwo ka ijan, pito nou mete moun pa erè tan ou pa mete moun pa erè: distribisyon kouvèti kapab apwopriye pou dezas ki vini toudenkou kote kay yo pèdi nan prèsk menm kantite, oswa kote li pa posib fè yon evalyasyon byen detaye paske pa gen aksè. Seleksyon ajan distribisyon pou siblaj ta dwe baze sou enpasyalite, kapasite ak responsabilite. Ajan yo kapab genyen grandèt lokal, komite sekou ki eli nan nivo lokal, òganizasyon sosyete sivik, ONG lokal, enstitisyon gouvènman lokal, oswa ONG entènasyonal. Nou ankouraje anpil pou mete fanm nan seleksyon ajan siblaj sa yo. Apwòch siblaj yo dwe klè epi popilasyon benefisyè ak lòt popilasyon yo dwe aksepte yo pou evite kreye tansyon ak danje (al gade Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 3 nan paj 57 ak Prensip Pwoteksyon 2 sou paj 36).
2. **Anrejistreman:** Anrejistreman fòmèl kay k ap resevwa èd alimantè yo ta dwe fèt san pèdi tan, epitou yo ta dwe fè Mizajou ladan jan li nesesè. Enfòmasyon sou benefisyè yo enpòtan pou devlope yon sistèm distribisyon ki efikas (gwo sè ak pwofil demografik yon popilasyon enflyanse òganizasyon distribisyon an), ou kreye lis benefisyè, fè kontaj ak kat rasyon (si yo bay) a pou idantifye moun ki gen bezwen espesifik. Nan kan yo, anrejistreman konn difisil, sitou kote moun ki deplase yo pa gen dokiman idantifikasiyon (al gade Prensip Pwoteksyon, nòt oryantasyon 4–5 sou paj 42). Lis nan menm otorite lokal ak lis ki kreye nan kominotè a kapab itil, depi gen yon evalyasyon





ki montre yo egzakt epi san patipri. Nou dwe ankouraje fanm yo ki nan popilasyon katastwòf la te afekte yo pou patisipe nan pwosesis anrejistrem an. Ajans yo dwe asire yo blye mete moun ki frajil yo nan lis distribisyon an, sitou moun rete lakay yo. Pandan se moun ki antèt kay la yo anrejistre nòmalman, fanm yo dwe gen dwa pou enskri nan pwòp non yo: fanm yo kapab itilize transfè yo pi byen nan kay la. Si li pa posib pou fè anrejistrem an kòmansman katastwòf la, li dwe fèt kou li posib lè sitiayson an vin estab; sa enpòtan sitou lè transfè manje yo nesesè pou anpil tan. Yo dwe etabli yon fason pou pran plent ak reponn pou pwosesis anrejistrem an (al gade Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 2 ak 6 sou paj 56–57).

3. **Metòd distribisyon pou rasyon 'sèk':** Pifò metòd distribisyon evolye apre yon sèten tan. Nòmalman benefisyè yo dwe kuit distribisyon manje jeneral ki nan fòm rasyon sèk yo lakay yo. Benefisyè yo gen dwa yon moun oswa mèt kat rasyon pou kay la, yon reprezantan yon gwoup moun nan yon kay, dirijan tradisyonèl oswa dirijan yon distribisyon ki baze sou yon kominotè. Kondisyon sou tere teren an ap detèmine pi bon benefisyè ou chwazi, epi chanjman nan kondisyon an kapab chanje benefisyè a. Nou dwe evalye risk ki genyen nan distribisyon an ak anpil atansyon atravè reprezantan oswa dirijan yo. Seleksyon benefisyè yo dwe konsidere enpak chaj travay ak risk pou vyolans ikonpri vyolans nan kay (al gade Prensip Pwoteksyon 1–2 nan paj 33–36). Kantite fwa distribisyon yo fèt dwe konsidere pwa rasyon manje a ak mwayen benefisyè yo pou pote li lakay yo. Aksyon espesifik kapab nesesè pou asire moun aje ak moun ki andikape yo kapab pran sa yo gen dwa ak yo: Lòt moun nan kominotè a kapab ede men li kapab pi fasil pou yo vin pran rasyon yo yon dwa fwa pa semèn pase chak mwa. Nou pa dwe ajoute sou okenn sikatris sosyal moun yo te deja genyen Lè n ap eseye sible moun ki frajil yo: Sa kapab yon pwoblèm sitou nan popilasyon ki gen anpil moun ka viv ak VIH ak SIDA (al gade Prensip Pwoteksyon 4, nòt oryantasyon 1, 9–11 sou paj 41–43).
4. **Metòd distribisyon pou rasyon 'mouye':** Pa eksepsyon, yon distribisyon manje jeneral kapab yon repa ki kuit oswa manje ki tou pare pou yon peryòd nan kòmansman yon ijans ki grav. Rasyon sa yo kapab apwopriye lè, pa egzanp, moun yo ap bouje, gen gwo ensekirite epi li kapab mete vi benefisyè yo an danje pou vòl ak vyolans lè y ap pote manje a lakay yo, gwo nivo abi ak enpo retire moun ki frajil yo, gwo deplasman lakòz moun yo pèdi byen yo (aparèy pou fè manje ak/oswa Enèji) oswa fè yo vin twò fèb pou kuit pwòp manje yo, dirijan lokal yo ap detounen rasyon yo oswa gen konsiderasyon anviwònmantal (pa egzanp, evite sanble bwa dife pou pwoteje yon anviwònman ekolojik ki frajil). Nou kapab itilize manje nan lekòl ak rekompans nan fòm manje pou anplwaye edikasyon yo kòm yon distribisyon pou ka ijan (al gade estanda Minimòm pou Edikasyon INEE ayo).





- 5. Pwen distribisyon ak vwayaj:** Yo dwe etabli pwen distribisyon yo yon kote ki gen sekirite epi ki pi fasil pou moun kapkap resevwa manje yo, li pa dwe baze baze sou sa kapkap pi fasil pou ajans la nan nivo lojistik (al gade Prensip Pwoteksyon 3, nòt oryantasyon 6–9 sou paj 39). Nou dwe konsidere teren ak distans ak lòt sous soutyen yo (dlo pòtab, twalèt, sèvis medikal, lonbray, abri, espas pou fanm ki gen sekirite). Pwen distribisyon yo dwe evite kote moun yo bezwen pase kote ki gen militè oswa moun ak zam oswa negosye pou yo ka pase san pwoblèm. Kantite fwa distribisyon ap fèt ak kantite pwen distribisyon yo ta dwe konsidere tan moun ki jwenn manje yo pase ap vwayaje pou fè ale vini nan pwen distribisyon yo ak frè transpò machandiz yo. Moun kapkap resevwa manje yo dwe kapab ale ak soti nan pwen distribisyon yo nan yon jou; nou dwe devlope lòt mwayen distribisyon pou jwenn moun ki pa ka vini oswa ki izole yo (pa egzanp, moun ki gen difikilté pou mache yo). Vitès moun yo mache kapab anviwon 5 kilomèt/èdtan men yo vin pi lan sou teren ki pa bon ak ti mòn; tan varye dapre laj ak nivo mouvman moun nan. Li kapab lakòz anpil tèt chaje pou moun yo pa bay valè nan popilasyon katastwòf la te afekte yo jwenn aksè nan distribisyon. Nou dwe planifye distribisyon yo pou yo pa deranje aktivite moun yo, nan tan ki pèmèt yo vwayaje nan pwen distribisyon yo pandan lajounen pou pwoteksyon yo ak pou evite yo bezwen dòmi, paske sa pote plis risk toujou (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33).
- 6. Fason pou minimize risk sekirite:** Distribisyon manje kapab kreye risk sekirite, tankou detounman ak vyolans. Kapab genyen gwo tansyon pandan distribisyon yo. Fanm, timoun, moun aje ak moun ki andikape yo gen plis risk pou pèdi manje ki pou yo a. Yo dwe evalye risk yo davans ak etap kie mezi dwe pran pou minimize yo. Bagay nou kapab fè se bay yon anplwaye ki fòme sipèvize distribisyon yo ak fè popilasyon ki afekte yo pwoteje pwen distribisyon a an yo menm. Si li nesesè, polis lokal la kapab patisipe, men yo dwe konsyantize yo sou objektif transfè manje a. Lè nou planifye jan n ap prezante sit nan pwen distribisyon yo sa kapab fè nou kontwole foul la ak ak gen mwens risk sekirite. Nou dwe ranfòse mezi pou anpeche, kontwole ak reyaji ak kont vyolans ki baze sou sèks, tankou eksplwatasyon seksyèl ki asosye avèk distribisyon manje a. Nan bagay sa yo genyen separasyon fanm ak gason, pa egzanp, atravè yon baryè fizik oswa ofri tan distribisyon separe, gide tout ekip distribisyon manje yo sou jan moun yo sipoze aji ak penalite pou abi seksyèl, epi mete 'gadyen' ki fanm pou sipèvize lè y ap debake, anregistre, distribye ak lè yo fin distribye manje (al gade nòt oryantasyon 5 ak Prensip Pwoteksyon 2 sou paj 36).
- 7. Divilgasyon enfòmasyon:** Moun ki jwenn manje yo ta dwe jwenn enfòmasyon sou:
- kantite ak kalite rasyon y ap distribye yo ak rezon pou nenpòt diferans ak plan an; enfòmasyon sou rasyon an dwe parèt byen klè nan sant yo epi yo





dwe parèt yon fason moun ki pa ka li oswa gen difikilte pou kominotè yo kapab wè (pa egzanp, ekri nan lang lokal la ak/oswa desinen ak imaj ak/oswa bay enfòmasyon an pa bouch) pou moun yo ka konprann kisa yo gen dwa resevwa.

- plan distribisyon an (jou, lè, kote, konbyen fwa) ak nenpòt chanjman
- kalite nitrisyonèl manje a ak, si li nesesè, atansyon espesyal ki nesesè pou pwoteje valè nitrisyonèl manje a
- egzijans pou manipilasyon ak itilizasyon manje yo san pwoblèm
- enfòmasyon espesifik moun maksimize itilizasyon manje pou timoun (al gade Alimantasyon tibebe ak jenn timoun estanda 1–2 sou paj 159–160)
- fason apwopriye pou moun ki resevwa manje yo jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan ak jan pou yo pote plent.

(Al gade Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 4–6 sou paj page 57.)

**8. Chanjman nan pwogram nan:** Nou dwe diskite chanjman nan panye manje a oswa nivo rasyon an ki se paske pa gen ase manje ak moun kapkap resevwa manje yo, atravè komite distribisyon, dirijan nan kominotè a ak òganizasyon ki reprezante yo. Yo dwe devlope yon plan aksyon ansam anvan distribisyon yo fèt. Komite distribisyon an dwe gide moun yo sou chanjman, rezon chanjman yo ak kilè bagay yo pral vin nòmal ankò. Nou kapab konsidere opsyon sa yo:

- bese kantite rasyon tout moun yo resevwa (pataje menm kantite machandiz ki genyen oswa yon panye manje bese)
- bay moun ki frajil yo yon rasyon 'konplè' epi bay popilasyon jeneral la yon rasyon redui'
- lè nou pa ka fè anyen ankò, pouse lè distribisyon an.

Si li papp ap posib pou distribye rasyon an lè nou te planifye a, nou pa oblige kouvri pou sa nou te manke pwochen fwa nou fè yon distribisyon (pa egzanp dispozisyon retwo–aktif kapab pa apwopriye).

**9. Siveyans ak evalyasyon** dwe fèt nan tout nivo chèn apwovizyonman ak nan pwen konsomasyon an (al gade Estanda Debaz 5 nan paj 68). Nan pwen distribisyon yo, verifye si te gen aranjman pou distribisyon nan panplas anvan yo fèt (pa egzanp anrejistrement, sekirite, divilgasyon enfòmasyon). Nou dwe peze rasyon kay yo sanble yo detanzantan pou mezire si yo egzakt epi egal nan jesyon distribisyon an, epi nou dwe bay moun kapkap resevwa manje yo entèvyou. Nou dwe vizite kay yo detanzantan pou ede dekovri si yo aksepte rasyon yo ak si yo itil yo, ak ou pou idantife tou moun ki satisfè kritè seleksyon men ki pa resevwa manje. Vizit sa yo kapab ede dekovri tou si moun yo resevwa twòp manje, kote li soti, pouki yo itilize li ak kiyès kapkap itilize li (pa egzanp, yon konsekans demann avèk egzijans, rekritman oswa eksplwatasyon seksyèl, oswa lòt konsekans).





Sipèvizon dwe analize enpak transfè manje sou sekirite benefisyè yo. Yo dwe evalye pi gwo efè distribisyon manje tou, tankou enplikasyon nan sèk agrikòl la, aktivite agrikòl, kondisyon mache a ak disponiblite pwodui agrikòl.

### Estanda 6 nan sekirite alimantè – transfè manje: Itilizasyon manje

Manje estoke, prepare ak konsome nan yon mannyè ki pwoteje akapwopriye nan nivo kay yo ak nan nivo kominotè a.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pwoteje moun ki resevwa manje yo kont move tretman oswa preparasyon manje (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Pataje enfòmasyon ki apwopriye sou enpòtans ijèn nan manje ak moun ki resevwa manje yo epi ede yo konprann pratik ijenik nan tretman manje (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Kote n ap distribye manje ki kuit, fòme anplwaye yo sou jan pou estoke ak trete manje yo byen, preparasyon manje ak risk ki kapab genyen nan sante si yo pa fè sa byen (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Konsilte (epi konseye lè li nesesè) benefisyè yo sou jan ou estoke, prepare, kuit ak konsome manje ki distribye yo ak enplikasyon dispozisyon sible yo pou moun ki frajil yo ak reyaji ak pwoblèm ki vin genyen yo (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Asire chak fwaye genyen aksè nan istansil, konbistib ak materyèl ijenik ki apwopriye pou kuit manje (al gade nòt oryantasyon 1–4).
- ▶ Pou moun ki pa ka prepare manje oswa bay tèt yo manje, asire yo gen aksè ak moun kapkap bay swen ki ka prepare ak bay yo manje li apwopriye lè li nesesè (al gade nòt oryantasyon 5).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pa gen okenn ka danje lasante nan manje ki distribye yo.
- ▶ Konsyantize benefisyè yo pou yo gen bon ijèn nan zafè manje (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Tout anplwaye ki apwopriye yo dwe jwenn fòmasyon sou tretman manje ak danje ki kapab genyen si yo pa trete manje yo byen (al gade nòt oryantasyon 1).





- ▶ Tout kay la gen aksè ak ase materyèl ak ekipman pou prepare manje (al gade nòt oryantasyon 3–4).
- ▶ Gen prezans total yon moun ki bay swen pou tout moun ki swen asistans gen bezwen espesyal yo swen (al gade nòt oryantasyon 5).

## Nòt oryantasyon

1. **Ijyèn manje:** Katastwòf yo kapab deranje pratik ijienik nòmal moun yo. Kidonk, li kapab nesesè pou ankouraje ijyèn manje ak sipòte aktivman mezi ki konpatib avèk kondisyon lokal yo ak modèl maladi yo, pa egzanp, montre kijan li enpòtan pou moun yo lave men yo anvan yo manyen manje, pou evite kontaminasyon dlo, pran mezi pou kontwole bêt nuizibnuizib. Yo dwe gide moun kapkap resevwa manje yo sou jan pou estoke manje a lakay yo. Moun kapkap bay swen yo dwe jwenn enfòmasyon sou jan pou maksimize itilizasyon resous nan kay la pou bay timoun manje ak bon métòd pou prepare manje (al gade Pwomosyon ijyèn estanda 1–2 sou paj 91–94). Kote yo te etabli kizin pou kominotè a èpou bay popilasyon katastwòf la te afekte a repa cho, nou dwe pote anpil atansyon Lè n ap chwazi kote pou mete kizin nan, panse ak aksèsibilité, sekirite ak kondisyon ijèn sit la, disponiblite dlo pou fè manje ak bwè, ak espas pou manje.
2. **Sous enfòmasyon:** Ap bezwen mwayen pou pataje enfòmasyon ak sanble kolekte remak benefisyè yo, sitou fanm yo (al gade Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 2 ak 6 nan paj 56–57). Pou distribye ekstraksyon sou manje, nou kapab konsidere lekòl ak kote pou aprann ki gen sekirite pou fè sa. Nou kapab bezwen fòma aksesib oswa dyagram pou moun ki gen differan egzijans pou kominiye yo (al gade Estanda Debaz 1, nòt oryantasyon 4 sou paj 57).
3. **Enèji, dlo pòtab ak atik pou kay:** Lè li nesesè, yo dwe bay moun yo Enèji ki apwopriye oswa yon etabli yon pwogram plante ak rekòlte pye bwa, ak sipè-vizyon pou sekirite fanm ak timoun yo, moun prensipal ki sanble bwa yo (pou fou ak Enèji, al gade Atik ki pa manje alimantè, estanda 4 sou paj 274). Pou aksè dlo, kantite, kalite, ak etablisman, al gade Distribisyon dlo, estanda 1–3 sou paj 97–103. Pou istansil pou prepare manje ak fè manje ak kote pou mete dlo, al gade Atik ki pa manje alimantè, estanda 3 sou paj 273.
4. **Aksè kote yo trete manje** yo tankou kote yo moulen sereyal pèmèt moun yo prepare manje nan fòm yo vle a epi yo ekonomize tan pou regle lòt bagay ki enpòtan. Lè moun yo moulen manje yo lakay yo li kapab bese kantite ak dlo ak Enèji yo bezwen pou fè manje (al gade Sekirite alimantè – transfè manje, estanda 2, nòt oryantasyon 2 sou paj 185).
5. **Bezwen espesifik:** Moun ki bezwen asistans pou manje yo kapab genyen timoun piti, moun aje, moun ki andikape ak moun ki sewopozitif (al gade





Alimantasyon tibebe ak jenn timoun, estanda 2, paj 160 ak Sekirite alimantè – transfè manje, estanda 1, Nòt oryantasyon 5–7 sou paj 183). Pwogram pou kontakte moun yo oswa ofri yo plis soutyen ak suivi suivi kapab nesesè pou soutni kèk moun ki pa gen ase kapasite pou bay moun ki depann sou yo manje (pa egzant, paran ki soufri maladi mantal).

## 4.2. Sekirite alimantè – transfè lajan ak koupon

Transfè lajan ak koupon yo reprezante de kalite asistans: Transfè lajan yo bay moun lajan, pandan transfè koupon yo bay moun koupon pou achte yon kantite machandiz an patikilye tankou manje (koupon pou manje) oswa pou yon kantite lajan (koupon ki gen valè lajan). Pandan objektif yo ak fason yo fèt differan, transfè lajan ak koupon gen menm apwòch ki baze nan mache a kote benefisyè yo gen pouvwa pou achte.

Nou itilize transfè lajan ak koupon yo pou satisfè bezwen debaz pou manje ak sa ki pa manje oswa pou achte byen ki pral pèmèt moun yo repran aktivite ekonomik yo. Lajan ki san kondisyon (oswa ki pa sible oswa ki 'inivèsèl') pa gen okenn kondisyon sou fason pou itilize li, men si moun yo idantifye bezwen debaz nan evalyasyon an, nou pral atann moun yo itilize lajan an pou kouvri bezwen sa yo. Si nou idantifye moun yo gen bezwen pou mwayen pou viv ak aktivite pwodiktif, lè sa a nou pral distribye lajan an pou sa. Yo kapab bay lajan san kondisyon nan kòmansman yon ka ijan. Lajan ki bay ak kondisyon yo gen kondisyon pou benefisyè a itilize lajan an pou yon rezon espesifik (pa egzant, pou rebati kay, bay travay, etabli oswa re-etabli mwayen pou viv ak/oswa patisiipe nan sèvis sante). Koupon yo bay aksè ak plizyè differan machandiz yo detèmine davans (pa egzan, manje, bèt, gress, zouti) oswa sèvis (pa egzant moulen, transpòtasyon, aksè mache oswa pou prete labank). Koupon yo kapab gen valè lajan oswa yon machandiz, oswa yo kapab itilize yon boutik ki chwazi davans, ak komèsan oswa founisè sèvis an patikilye oswa nan fwar. Pwogram koupon yo dwe refere ak estanda sektè ki konsène a; pa egzant, pwogram koupon manje yo dwe refere nan Sekirite alimantè – transfè manje estanda 1–3 ak 6 sou paj 180–197.

Chwa transfè ki apwopriye (manje, lajan oswa koupon) mande yon analiz espesifik ki genyen pri, enpak sou mache a, fleksibilite transfè a, siblaj ak risk pou ensekirite ak koripsyon.





## Sekirite alimantè – transfè lajan ak koupon estanda 1: Aksè nan mache machandiz ak sèvis ki disponib

Lajan ak koupon yo konsidere tankou mwayen pou adrese bezwen debaz ak pou pwoteje epi re-etabli mwayen pou viv.

### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Konsil epi enplike benefisyè, reprezantan kominotè ak lòt moun ki konsène nan evalyasyon, konsepsyon, enplemantasyon, ak kontwòl (al gade nòt oryantasyon 1, 3, 6–7 ak Estanda Debaz 1–3 sou paj 55–61).
- ▶ Evalye ak analize si moun yo ka achte yo sa bezwen nan mache lokal la nan yon pri ki pa twò chè parapò ak lòt transfè, epi analize chèn mache a (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Chwazi lajan oswa koupon oswa yo tou de dapre livrezon ki pi apwopriye a ak chans ki genyen pou benefisyè popilasyon ki afekte nan katastwòf la ak ekonomi lokal la (al gade nòt oryantasyon 1–3, 5–6).
- ▶ Mete mezi pou bese risk pou detounman ilegal, ensekirite, inflasyon, itilizasyon ki danjere ak move enpak sou moun ki defavorize yo. N ap bezwen swen an patikilye pou sistèm siblaj yo (al gade nòt oryantasyon 4 ak 7).
- ▶ Sipèvize pou evalye si lajan ak/oswa koupon yo toujou transfè ki pi apwopriye ak si gen bezwen modifikasyon (al gade nòt oryantasyon 8).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout popilasyon sible yo satisfè kèk oswa tout bezwen fondamantal yo ak lòt bezwen mwayen pou viv (pa egzanp byen pwodiktif, sante, edikasyon, transpòtasyon, abri, transpò) ak acha nan mache lokal yo (al gade nòt oryantasyon 1–2, 8).
- ▶ Tout popilasyon sible yo prefere lajan ak/oswa koupon kòm fòm transfè, sitou fanm ak lòt gwoup moun frajil yo (al gade nòt oryantasyon 3–8).
- ▶ Transfè a pa lakòz okenn depans anti-sosyal (al gade nòt oryantasyon 4 ak 8).
- ▶ Transfè a pa kreye ensekirite (al gade nòt oryantasyon 3–4, 8).
- ▶ Yo soutni ekonomi lokal la pou li retabli apre katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 1–2, 8).





## Nòt oryantasyon

1. **Transfè lajan ak koupon yo se yon zouti:** Lajan ak koupon yo se mwayen pou reyalize objektif nou vle a, men yo pa entèvasyon yo yo memm. Yon evalyasyon ki byen detaye ak fè konparezon dwe endike si lajan ak/oswa koupon yo apwopriye ou pa, ak si yo dwe itilize yo poukонт yo oswa ak lòt repons, tankou soutyen en nati. Nou kapab itilize transfè lajan ak koupon nan diferan etap yon katastwòf. Repons la pa dwe sèlman detèmine efikasite yo atann pou satisfè bezwen debaz benefisyè yo oswa re-etabli mwayen pou viv yo, li dwe genyen mwens nivo risk ki asosye ak li tou. Lajan ak koupon yo kapab ofri plis chwa ak fleksibilite pase repons ki an nati epi sa kapab fè benefisyè yo gen plis diyite. Anplis lajan ak koupon yo kapab kreye plizyè efè pozitif nan ekonomi lokal yo, ki dwe konsidere pandan evalyasyon an. Men kijan yo kapab itilize lajan ak koupon yo:

- donasyon lajan – transfè lajan ki genyen oswa pa genyen kondisyon nan swa youn oswa plizyè vèsman pou satiate diferan bezwen
- koupon pou machandiz oswa ki gen vale – transfè koupon sou papye oswa elektwonik pou chanje pou yon machandiz an patikilye oswa diferan machandiz dapre valè koupon an
- lajan pou travay – transfè lajan moun nan touche paske li te patisipe nan yon aktivite an patikilye (nòmalman aktivite ki mande travay fizik).

Planifikasyon, enplemantasyon ak siveyans dwe gen patisipasyon moun lokal ki konsène yo tankou gouvènman, otorite lokal, moun nan kominotè a ak reprezantan, koperatif, asosiyasyon, gwoup lokal ak benefisyè. Sa pral asire yo enpòtan epi dire lontan. Moun kle ki konsène yo dwa planifye yon estrateji pou soti depi nan konsepsyon pou kontinye.

2. **Konsekans sou ekonomi lokal ak sistèm mache yo:** Evalyasyon mache yo dwe analize sitiyasyon an anvan akapre katastwòf la, ak konpetisyon ak entegrasyon mache yo pou reponn bezwen ki genyen nan moman an. Analiz yo dwe montre wòl diferan moun nan mache a, disponiblite ak pri machandiz yo (byen mwayen pou viv, materyèl abri, manje ak lòt bagay dapre objektif la), sezon yo disponib ak aksè fizik, sosyal ak ekonomik diferan gwoup moun frajil kapab jwenn. Lajan ak koupon kapab apwopriye lè mache yo ap fonksyon epi aksesib, al lè manje ak lòt bagay fondamantal disponib nan kantite yo bezwen li a ak nan pri ki rezonab. Kalite transfè sa yo kapab estimile ekonomi lokal la pou li vin gen yon retablisman ki fèt pi vit epi ki dire plis tan. Repons mache yo kapab pwomouvwa akizisyon lokal ak fè yo itilize kapasite mache ki egziste deja yo pi byen. Lè nou itilize lajan ak koupon lè kontèks la pa apwopriye li kapab deranje mache a epi gen efè negatif tankou enflasyon. Li ap enpòtan pou siveye mache yo pou konprann konsekans lajan ak koupon sou ekonomi lokal yo ak moun yo.





3. **Fason pou livre lajan ak koupon yo:** Yo kapab libre lajan ak koupon yo nan bank lokal, boutik, komèsan, konpayi transfè lajan lokal, konpayi pou remèt ak biwo lapòs. Yo kapab livre yo an pèsòn oswa pa mwayen elektwonik tankou bank mobil ak rezo telefòn mobil. Nòmalman bank yo efikas men kapab mwens aksesib pou moun ki frajil yo; if bank yo aksesib, petèt atravè bank mobil, yo kapab vin yon opsyon ki pi sekirize. Fason yo chwazi livre yo a pral bezwen yon evalyasyon chwa yo ak konsiltasyon ak moun kapkap resevwa yo a. Bagay pou konsidere se pri l ap koute benefisyè yo (frè labank, tan ak pri pou vwayaje, tan yo pase nan pwen koleksyon an), pri pou òganizasyon an (frè ak pri pou founisè a prepare, tan pou anplwaye yo prepare ak administre, ak transpò, sekirite, edikasyon ak fòmasyon benefisyè yo), efikasite (fyabilite, responsabilite, transparans, siveyans, fleksibilite, kontwòl finansye ak aksè pou moun ki frajil yo). Yon apwòch kapab parèt chè men li kapab transfè ki pi apwopriye a.
4. **Konsidere risk yo:** Enkyetid moun gen souvan sou risk transfè lajan ak koupon genyen krent lajan ak koupon yo kapab kontribye nan enflasyon pri (epi kite moun ki afekte yo, avèk lòt moun, ak mwens pouvwa acha), itilizasyon lajan ak koupon pou rezon anti-sosyal (pa egzanp, abi alkòl ak/oswa tabak) ak aksè differan pou fanm ak gason jwenn kach konpare ak resous an nati. Lòt enkyetid kote li kapab yon risk pou anplwaye kapkap transpòte lajan yo epi afekte popilasyon ki afekte a (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33) epi lajan kapab tèlman yon bèl bagay li kapab pi difisil pou jwenn benefisyè yo epi li kapab ogmante risk detounman kowonpi oswa gwooup ki gen zam kapab sezi yo. Sepandan, distribisyon an nati kapab gen risk (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 4–5 sou paj 188–192). Risk pou lajan ak koupon kapab minimize atravè bonjan konsepsyon, analiz risk ki byen detaye ak bon jesyon. Nou dwe pran desizyon dapre prèv ki baze sou konsiltasyon: Krent ki pa gen okenn fondman pa dwe enflyanse planifikasyon pwogram.
5. **Etabli valè transfè lajan ak koupon an:** Valè pou transfè a dwe pou kontèks la an patikilye. Kalkil yo dwe fèt an kolaborasyon ak lòt ajans epi baze sou prioritè ak bezwen popilasyon ki afekte a, pri pou machandiz yo sipoze moun yo pral achte nan mache lokal yo, lòt asistans yo te ak/oswa pral resevwa, lòt frè ki gen rapò ak yo (pa egzanp asistans pou moun ki pa ka deplase), metòd, kantite ak kantite fwa peman yo fèt ak klè peman yo fèt parapò ak sezon an, ak objektif pwogram nan ak transfè (pa egzanp kouvèti pou bezwen alimantè ki baze sou panye manje a oswa bay travay ki baze sou to travay chak jou). Lè pri a ap monte desann sa kapab fè transfè lajan ak koupon pa mache byen. Lap enpòtan pou gen fleksibilite ak bidjè a pou modifye valè transfè a oswa chanje yon machandiz, dapre siveyans mache a.





6. **Jan pou chwazi ki kalite transfè lajan oswa koupon:** Kalite transfè ki apwopriye a depann sou objektif pwogram nan ak kontèks lokal la. Yon melanj differan apwòch kapab apwopriye, tankou asistans an nati ak varyasyon daprè sezon. Ajans yo dwe chèche konnen kisa popilasyon yo dezas la afekte yo konsidere ki kalite transfè ki pi apwopriye nan konsiltasyon pou gide yo (al gade Sekirite alimantè – mwayen pou viv estanda 2 sou paj 208).
7. **Siblaj nan pwogram transfè lajan ak koupon:** Kapab genyen menm difilte pou machandiz ak sèvis an nati yo, men paske moun yo ka renmen lajan ak koupon plis, nou bezwen pote atansyon an patikilye pou minimize erè kote yo pa mete moun oswa mete moun yo pa sipoze. Yo kapab kontakte moun yo swa ak siblaj dirèk (nan kay oswa popilasyon yo ki afekte nan dezas la) oswa ak siblaj endirèk (pa egzanp komèsan lokal ak founisè sèvis). Mank sekirite kapab fè li nesesè pou itilize yon apwòch siblaj endirèk (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33). Sèks afekte desizyon sou moun nan kay la ki anrejistre pou resevwa lajan oswa koupon, menm jan ak transfè an nati yo (al gade Sekirite alimantè – transfè manje estanda 5 sou paj 192). Kòdinasyon ak moun ki konsène yo, tankou pwogram byennètbyennèt ak pwoteksyon sosyal ki bay transfè lajan, ap enpòtan pou siblaj (menm jan ak transfè an nati).
8. **Siveyans transfè lajan ak koupon:** N ap bezwen enfòmasyon debaz, ak siveyans anvan, pandan, akapre pwogram transfè yo, pandan n ap konsidere konsekans dirèk ak endirèk lajan ak koupon nan mache a. Chanjman nan entèvansyon an dwe reponn pou chanjman nan kontèks la ak sitiyasyon nan mache a. Siveyans dwe genyen pri machandiz kle, efè ekonomi lokal la ak pri k ap monte desann. Keson enpòtan yo se: Kisa moun yo achte ak lajan ak koupon yo bay yo a? Èske moun yo ka resevwa ak depanse lajan san danje? Èske y ap detounen lajan ak koupon yo? Èske famy yo enfiliyanse fason yo depanse lajan oswa koupon an (al gade Estanda Debaz 5 sou paj 68)

### 4.3. Sekirite alimantè – mwayen pou viv



Rezistans mwayen pou moun yo viv, ak fragilité yo nan ensekirite alimantè detèmine anpil daprè resous (oswa byen) ki disponib pou yo, ak fason moun sa yo afekte nan katastwòf la. Resous sa yo gen kapital finansye (tankou lajan, kredi, ekonomi) Epitou yo kapab genyen kapital fizik (kay, aparèy machin), natirèl (tè, dlo), moun (travay, aptitud), sosyal (rezo, nòm) ak politik (enfiliyans, regleman). Sa ki enpòtan se si moun ki fabrike manje yo gen aksè nan tè epi kapab soutni pwodiksyon ak si yo gen mwayen pou kontinye kiltive. Sa ki enpòtan pou moun ki bezwen lajan pou achte manje yo se si yo gen aksè pou travay, mache ak sèvis. Pou moun ki yo afekte nan katastwòf la, konsèvasyon, rekiperasyon ak devlopman





resous ki nesesè pou sekirite alimantè yo ak fiti mwayen yo pou viv reprezante yon priyorité.

Nan enstabilite politik, ensekirite ak menas konfli kapab lakòz restriksyon grav sou aktivite mwayen pou viv ak sou aksè nan mache yo. Moun nan kay la ki oblige abandone tè yo kapab pèdi byen yo, swa paske yo kite li dèyè, li detwi oswa moun yo nan kè ak yo te sezi.

Rès twa estanda yo asosye ak pwodiksyon primè, kreyasyon revni ak travay, ak aksè nan mache yo, tankou machandiz ak sèvis.

### Estanda 1 nan sekirite alimantè – mwayen pou viv: Pwodiksyon primè

Machaswiv pwodiksyon primè se machaswiv ki pwoteje ak sipòte.

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Entèvansyon pou soutni pwodiksyon primè a baze sou evalyasyon mwayen moun viv, analiz konteks ak yon konpreyansyon ki demontre dirabilite sistèm pwodiksyon yo, tankou aksè nan ak disponiblité pwodui ki nesesè yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Entwodi nouvo teknoloji yo sèlman lè pwodiktè manje ak kliyan lokal yo konprann ak aksepte konsekans yo pou sistèm pwodiksyon lokal yo, pratik kiltirèl yo ak anviwònman natirèl lan (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Bay pwodiksyon kontribisyon oswa lajan pou achte diferan kontribisyon pou bay pwodiktè yo fleksibilite nan estrateji ak jesyon pwodiksyon ak bese risk yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Livre kontribisyon yo atan, asire moun lokal yo aksepte yo epi yo konfòm ak nòm kalite ki apwopriye yo (al gade nòt oryantasyon 4–5).
- ▶ Entwodwi kontribisyon ak sèvis yo ak atansyon, pa agrave frajilite oswa yo pa ogmante risk, pa egzanp, lè yo ogmante konpetisyon pou resous natirèl ra yo, oswa lè yo domaje rezo sosyal ki egziste yo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Fòme pwodiktè manje yo sou pi bon pratik jesyon kote li posib akapwopriye (al gade nòt oryantasyon 1–2, 5–6).
- ▶ Achte kontribisyon ak sèvis yo sou plan lokal, nenpòt lè li posib, sòf si sa ta ka genyen yon konsekans negatif sou pwodiktè lokal yo, mache yo oswa konsomatè yo (al gade nòt oryantasyon 7).





- ▶ Fè siveyans regilyèman pou evalye si benefisyè yo itilize kontribisyon pwodiksyon yo kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 8).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Chak kay ak bezwen evalye gen aksè nan kontribisyon ki nesesè pou pwoteje ak relanse pwodiksyon primè nan nivo li te ye anvan dezas la, lè li jistifye, epi konfòm ak kalandriye agrikòl la (al gade nòt oryantasyon 1–6).
- ▶ Tout kay ki sible yo resevva lajan ak koupon, kote yo considere (oswa evalye) y ap ka opere, nan valè mache kontribisyon ki obligatwa a, kote yo bay kay yo chwa sou opsyon mwayer pou viv (al gade nòt oryantasyon 3, 5 ak 7).

### Nòt oryantasyon

1. **Dirabilite pwodiksyon primè:** Pou li dirab, estrateji pwodiksyon manje dwe gen yon chans rezonab pou devlope ase ak reyisi (al gade estanda ak Nòm Pou Ijans Betay (LEGS) nan Referans ak lekti siplément). Sa kapab jwenn enflyans divès kalite faktè tankou:

- aksè nan resous natirèl ki ase (tè agrikòl, patiraj, dlo, rivyè, lak, dlo lakòt, elatriye). Ekilib ekolojik la pa ta dwe menase, pa egzanp twòp eksplwasyon tè segondè yo, twòp aktivite lapèch, oswa polisyon dlo, sitou nan zòn ki toupre vil yo
- nivo aptitud ak kapasite, ki kapab limite kote kominotè maladi afekte yo anpil oswa kote yo kapab entèdi edikasyon ak fòmasyon pou kèk gwoup
- disponiblite travay parapò ak modèl pwodiksyon ki egziste yo ak pwogram aktivite agrikòl ak akwakilti enpòtan yo
- disponiblite ak aksè nan kontribisyon yo bezwen pou pwodiksyon agrikòl ak akwakilte.

Nivo pwodiksyon anvan dezas la kapab pa te bon kifè li kapab 'yon danje' pou eseye re-mete li nan eta sa a (al gade Prensip Pwoteksyon 1 sou paj 33).

2. **Developman teknolojik:** 'Nouvo' teknoloji kapab genyen ladan anpil varyete pwodui alimantè oswa espès betay oswa fwi lamè, nouvo zouti, angrè, oswa pratik jesyon modèn. Mezi sa posib, aktivite pwodiksyon manje ta dwe suiv modèl ki egziste epi/oswa yo ta dwe asosye avèk plan developman nasyonal yo. Yo ta dwe entwodwi nouvo teknoloji yo sèlman pandan yon katastwòf si yo te teste yo anvan nan yon zòn lokal epitou yo konnen benefisyè yo ap adapte ak yo epi aksepte yo. Lè yo entwodwi nouvo teknoloji yo, yo ta dwe akonpaye yo avèk konsiltasyon apwopriye kominotè a, dispozisyon enfòmaison, fòmasyon ak lòt sipò itil. Kote li posib sa dwe fèt an kolaborasyon ak founisè ekstansyon piblik ak prive ak founisè kontribisyon pou asire kontinye



gen sipò ak aksèsibilité nan teknoloji a alavni, epi, trè enpòtan, l ap dire nan nivo komèsyal.

3. **Amelyorasyon chwa:** Entèvansyon ki ofri pwodiktè yo pi gwo chwa, genyen lajan kach oswa kredi nan plas (oswa pou konplete ak) kontribisyon pwodiktif yo, ak gress ak betay kote yo itilize koupon ki ofri kiltivatè yo opòtinite pou chwazi gress semans oswa varyete betay ak ras yo vle. Sipò yo bay pwodiksyon an dwe evalye enplikasyon potansyèl pou nitrisyon, tankou aksè nan manje ki gen anpil eleman nitritif grasa pwòp pwodiksyon pa yo oswa grasa lajan ki fèt apati pwodiksyon sa a. Lè yo pwokire fouraj pou bêt yo pandan peryòd sechrès sa kapab ofri yon benefis nitrisyonèl imen ki pi dirèk pou ti bèje yo tan yo bay asistans alimantè bay moun yo. Posibilité pou transfere lajan nan kay moun yo pou yo jwenn aksè nan kontribisyon pwodiksyon dwe baze sou disponiblite machandiz yo sou plan lokal, aksè nan mache yo ak disponiblite yon mwayen transfè ki san danje epi ki bon mache.
4. **Tan ak akseptabilite:** Pami egzanp kontribisyon pwodiktif yo, genyen gress semans, zouti, angrè, betay, ekipman pou lapèch, zouti pou lachas, sèvis prè ak kredi, enfòmasyon sou mache ak sèvis transpò. Yon altènatif pou kontribisyon an nati se pou bay moun yo lajan oswa koupon pou yo ka achte kontribisyon yo vle a. Pwovizyon kontribisyon agrikòl ak sèvis veterinè dwe fèt yon lèt ki koresponn ak sezon agrikòl ak elvaj bêt ki apwopriye a. Pa egzanp, disponizyon gress semans ak zouti dwe fè anvan sezon pou plante ak epi destokaj betay pandan sechrès dwe fèt anvan gen twòp bêt ki mouri, pandan restokaj dwe kòmanse lè gen retablisman, pa egzanp apre wochen sezon lapli.
5. **Gress semans:** Nou dwe bay priorité pou pou gress rekòt ak varyete yo deja ap itilize nan nivo lokal, pou kiltivatè yo kapab itilize pwòp kritè yo pou etabli kalite. Rekòt yo ofri a dwe sa yo ki gen plis priorité pou sezon kapkap vini a. Kiltivatè lokal yo ak ekip agrikòl lokal yo ta dwe apwouve varyete espefik yo. Nan minimòm, gress yo dwe adapte pou agwo-ekoloji lokal la ak pou pwòp kondisyon jesyon kiltivatè yo, yo dwe kapab reziste maladi epi yo dwe chwazi ak chanjman ki kapab genyen nan klima a tankou inondasyon oswa sechrès ak elevasyon nivo lanmè a an konsiderasyon. Yo dwe teste gress semans ki sòti deyò rejyon an pou kalite epi tcheke yo pou konnen si yo apwopriye pou kondisyon lokal yo. Kiltivatè yo dwe jwenn aksè nan diferan rekòt ak varyete nan nenpòt entèvansyon ki gen rapò ak entèvansyon pou yo ka planifye estrateji yo menm sou kisa kapkap pi bon pou sistèm agrikilti pa yo. Gress ibrid yo kapab apwopriye lè kiltivatè yo abitye avèk yo ak lè yo genyen eksperyans nan kiltive yo. Yo kapab detèmine sa nan konsiltasyon avèk popilasyon a. Lè yo bay gress semans yo pou gratis, epi kiltivatè kiltivatè yo plante mayi, yo pito sèvi ak gress ibrid yo pase varyete lokal yo, paske gress sa yo pi chè pou achte. Yo ta dwe egzekite politik gouvènman an konsènan gress ibrid yo anvan distribisyon an. Yo pa dwe distribiye gress ki





modifye sou plan jenetik yo (GMO) sòf si otorite nasyonal yo oswa lòt otorite k ap dirije yo bay apwobasyon pou sa fèt. Nan ka sa yo, kiltivatè yo dwe konnen asid ki nan grenn GMO yo tou.

6. **Konsekans sou mwayen pou viv:** Pwodiksyon alimantè primè kapab pa dirab si manke resous natirèl enpòtan yo (epi kapab pa dirab pou lontan si yo te dejenere anvan dezas la) oswa manke aksè pou sèten popilasyon (pa egzanz, moun ki pa gen tè). Ankourajman pwodiksyon ki bezwen plis aksè (oswa aksè chanje) nan resous natirèl ki disponib sou plan lokal kapab ogmante tansyon nan popilasyon lokal la, epitou sa kapab limite aksè nan dlo ak lòt bezwen enpòtan yo. Nou dwe fè anpil atansyon lè n ap n ap bay resous yo, kit se an nati oswa lajan, pou yo yo pa ogmante risk sekirite pou moun ki resevwa yo a oswa kreye konfli (al gade Sekirite alimantè – mwayen pou viv estanda 2 sou paj 208 ak Sekirite alimantè – transfè lajan ak koupon estanda 1 sou paj 200). Epitou, pwovisyon kontribisyon kapab deranje mwayen tradiyonèl pou soutyen sosyal ak re-distribisyon pandan y ap retire biznis nan men sektè prive a ak mete aksè alavni an danje.
7. **Acha kontribisyon lokal:** Yo ta dwe jwenn kontribisyon ak sèvis pou pwodiksyon alimantè, tankou sèvis sante pou betay ak grenn semans yo jwenn nan sistèm distribisyon lokal kote li posib. Pou soutni sektè prive lokal la, nou dwe itilize bagay tankou lajan ak koupon, pou konekte pwodiktè prensipal yo dirèkteman ak founisè yo. Lè n ap devlope kalite sistèm sa yo pou pèmèt genyen acha lokal, nou dwe konsidere disponiblite kontribisyon apwopriye ak kapasite founisè a pou ogmante machandiz li, pandan n ap panse ak risk pou enflasyon (pa egzanz, pri monte pou bagay ki ra) ak kalite kontribisyon yo. Pwovizyon dirèk kontribisyon ki enpòte yo dwe fèt lè altènatif lokal yo pa posib.
8. **Kontwòl itilizasyon:** Yo kapab fè estimasyon endikatè pwosesis ak rannman nan pwodiksyon alimantè a, tretman ak distribisyon an, pa egzanz, kantite gress semans ki plante sou chak ekta, rannman, kantite pwojeniti. Li enpòtan pou detèmine kijan pwodiktè yo itilize faktè kontribisyon (tankou verifye si gress semans yo plante vrèman, epitou si yo itilize zouti, angrè, filè ak zouti lapèch selon sa ki te prevwa) oswa kijan yo depanse lajan sou kontribisyon yo. Yo dwe revize kalite kontribisyon yo an fonksyon fason yo pèfòme, jan yo aksepte yo ak preferans pwodiktè yo. Sa ki enpòtan pou evalyasyon an se konsiderasyon kijan pwojè a te afekte manje ki disponib pou menaj yo, pa egzanz estòk manje menaj yo, kantite ak kalite manje ki konsume, oswa kantite manje ki vann oswa ki distribiye. Kote pwojè a vize pou ogmante pwodiksyon yon kalite manje espesifik, tankou pwodui baz animal oswa pwason, oswa legitim ki genyen anpil pwoteyin, yo ta dwe fè rechèch sou fason menaj yo itilize pwodui sa yo.



## Estanda 2 nan sekirite alimantè – mwayen pou viv: Revni ak travay

Kote li posib pou fou fè lajan ak jwenn travay pou yo jwenn estrateji pou viv, fanm ak gason yo gen menm aksè nan opòtinite pou jwenn travay.

### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Desizyon debaz sou aktivite pou fè lajan nan yon evalyasyon mache ak sou ase analiz patisipatwa nan kapasite kay la pou patisipe nan aktivite yo (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Baze kalite peman (lajan, koupon, manje ak yon melanj bagay sa yo) sou bonjan analiz sou kapasite lokal, bezwen imeda, sistèm mache ak preferans popilasyon ki afekte nan katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 3)
- ▶ Baze nivo nan salè a sou bezwen, objektif pou restorasyon mwayen pou viv ak pousantaj travay lokal yo (al gade nòt oryantasyon 4)
- ▶ Asire yo mete pwosedi anplas pou ofri yon anviwònman travay ki pwoteje epi gen sekirite (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Pran mezi pou evite detounman ak/oswa ensekirite ki gen pou wè ak gwo kantite lajan (al gade nòt oryantasyon 6).

### Endikatè Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout moun ki sible yo fè lajan nan aktivite pa yo epi yo kontribye nan bezwen fondamantal ak mwayen pou yo viv.
- ▶ Repons ki ofri opòtinite pou travay yo disponib pou fanm ak gason egal ego epi yo pa gen konsekans negatif sou mache lokal la oswa konsekans negatif sou aktivite mwayen viv nòmal moun yo (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Popilasyon yo okouran epi yo konprann peman kòm kontribusyon nan sekirite alimantè pou tout moun ki nan kay la egal ego (al gade nòt oryantasyon 8).

### Nòt oryantasyon

1. **Konvnans inisyativ yo:** Yon analiz mache a ap enpòtan pou jistifye ak defini aktivite yo. Nou dwe itilize zouti ki egziste deja pou konprann sistèm mache ak ekonomik (al gade seksyon mache nan Referans ak lekti siplemantè). Dwe gen yon maksimòm resous imèn lokal nan plan pwojè a ak nan idantifikasyon aktivite apwopriye yo. Altènativ pou sèten gwoup (tankou fanm ansent, moun ki andikape oswa moun aje) dwe diskite anndan gwoup sible a. Kote





ki gen anpil moun ki deplase (refijye oswa moun ki deplase anndan peyi yo), dwe genyen konsiderasyon opòtinite pou bay travay akaptitud pou moun ki deplase yo ak moun kapkap akeyi yo a. Lè n ap chwazi kote pou aktivite yo nou dwe konsidere menas pou atak, risk pou sekirite (tankou kote ki gen min) ak kote ki awopriye pou anviwònman (pa egzantè ki kontamine oswa polye, ki gen tandans gen inondasyon oswa gen gwo falèz) (al gade Prensip Pwoteksyon 1–3 sou paj 33–38).

2. **Transfè lajan nan kay ki gen kapasite limite pou patisipe:** Pandan plizyè kay kapab pa ka patisipe nan aktivite pou travay ak fè lajan, efè katastwòf la sou nan kay kapab pa pèmèt yo pwofite opòtinite sa yo oswa peryòd pou resevwa benefis la kapab twò long pou kèk moun. Mezi pwoteksyon tankou transfè lajan ak/oswa manje san kondisyon dwe konsidere pou kay sa yo, ak yon plan pou swa konekte yo ak sistèm pwoteksyon sosyal ki egziste déjà deja oswa goumen yo nouvo mezi pwoteksyon kote gen nesesite.
3. **Kalite salè:** Salè kapab an lajan kach oswa an manje, oswa yon melanj toulede, epitou li ta dwe pèmèt kay ki nan ensekirite alimantè satisfè bezwen yo. Nan plas peman pou travay kominotè, salè a kapab souvan pran fòm yon prim yo bay pou ede moun yo fè travay ki bay benefis dirèk pou yo. Yo ta dwe konsidere bezwen acha moun yo ak konsekans pou bay yo swa lajan kach oswa manje sou lòt bezwen debaz yo (tankou lekòl, aksè nan sèvis sante, ak obligasyon sosyal). Yo ta dwe deside kalite ak nivo salè a sou baz ka-pa-ka, pandan y ap konsidere sa faktè yo ki anlè a ak disponiblite lajan kach ak resous alimantè yo ak konsekans li kapab genyen sou mache travay lokal la.
4. **Peman:** Pa genyen gid yo aksepte tout kote pou fikse nivo salè yo, men kote salè a se salè an nati ak salè yo bay an nati oswa transfè revni, yo dwe konsidere valè (pa egzantè manje) pou revann manje a sou mache lokal yo. Sa moun yo vin genyen nèt nan revni gras ak patisipasyon yo nan aktivite pwogram nan ta dwe pi gran pase tan yo te pase nan lòt aktivite yo. Sa aplike pou aktivite lajan ak manje pou travay epitou pou kredi, kreyasyon biznis, elatriye. Opòtinite pou fè revni ta dwe amelyore divès kalite sous revni, epi yo pa ta dwe ranplase sous ki egziste yo. Salè yo pa ta dwe genyen yon konsekans negatif sou mache travay lokal yo, pa egzantè, lè yo lakòz ogmantasyon to salè a, sa k ap detounen mendèv lòt aktivite yo oswa detwi sèvis pubblik enpòtan yo.
5. **Risk nan anviwònman travay:** Yo ta dwe evite yon anviwònman travay ki gen gwo risk, lè yo entwodwi pwosedri pratik pou minimize risk oswa pou trete blesi, pa egzantè, reyinyon oryantasyon, twous premye swen, rad pwoteksyon kote li nesesè. Sa gen gen minimize risk pou antre an kontak ak VIH tou. Pratik pou ogmante sekirite nan wout genyen sekirite nan wout pou travay yo, asire wout yo gen bon limyè, bay lanp, itilize sistèm avètisman bonè (ki kapab itilize klòch, siflèt, radyo ak lòt aparèy) ak nòm sekirite, tankou vwayaj an gwoup ak evite vwayaje pandan lannwit. Nou dwe pote atansyon





patikilye ak fanm, tifi, ak lòt moun ki gen risk yo vyòl. Asire tout patisipan yo konnen pwosedi ijans yo epi yo gen aksè nan sistèm avètisman bonè yo (al gade Prensip Pwoteksyon 1 ak 3 sou paj 33–38).

6. **Risk ensekrite ak detounman:** Lè yo bay resous nan fòm manje oswa lajan pou travay (pa egzant prè oswa peman pou travay moun nan te fè), sa entwodwi enkyetid sekirite pou moun kapkap travay nan pwogram nan ak benefisyè yo (al gade Sekirite alimantè–transfè alimantè estanda 5, nòt oryantasyon 6 sou paj 195 ak Sekirite alimantè–transfè lajan ak koupon estanda 1, nòt oryantasyon 4 sou paj 202).
7. **Fason pou pran responsabilite ak mwayer pou viv:** Patisipasyon nan opòtinite pou fè lajan pa ta dwe nuizib pou gadri oswa pou lòt responsabilite pou pran swen paske sa kapab ogmante risk pou denitrisyon ak lòt risk sante. Pwogram yo kapab bezwen konsidere anplwaye moun kay bay swen oswa sant ki bay swen. Li kapab pa awopriye pou entwodwi twòp travay nan vi moun yo, sitou fanm. Repons yo pa ta dwe gen konsekans negatif sou aksè nan lòt opòtinite yo, tankou lòt travay oswa edikasyon, oswa yo ta dwe detounen resous kay yo nan aktívite pwodiksyon ki anplas deja. Patisipasyon nan jenerasyon lajan dwe respekte lwa nasyonal pou laj minimòm pou kòmanse travay, ki nòmalman pa pi pitit pase laj timoun fini ak lekòl.
8. **Itilizasyon salè:** Salè jis vle di revni ki reyalize a pwokire yon pwopòsyon enpòtan resous ki nesesè pou sekirite alimantè. Yo dwe konprann fason pou kay ka jere transfè lajan ak manje (tankou distribisyón anndan kay la ak lòt itilizasyon), paske fason yo distribye yo kapab agrave tansyon ki te deja la, kote li afekte sekirite alimantè moun yo nan kay la nan diferan fason. Repons ki kreye revni ak travay souvan genyen plizyè objektif sekirite alimantè, tankou resous nan nivo kominotè a ki afekte sekirite alimantè. Pa egzant, reparasyon wout yo kapab amelyore aksè nan mache yo ak aksè nan swen sante, alòske reparasyon oswa konstriksyon sistèm rekòt dlo ak sistèm irigasyon kapab amelyore rannman an.





### Estanda 3 nan sekirite alimantè – mwayen pou viv: Aksè nan mache

Yo dwe pwoteje ak ankouraje aksè sennesòf moun yo nan mache machandiz ak sèvis antan pwodiktè, konsomatè ak komèsan.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pwoteje ak ranfòse aksè nan yon mache ki abòdab pou pwodiktè, kliyan ak komèsan yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Baz sekirite alimantè ak repons mwayen pou viv montre yo konprann si mache lokal yo ap fonksyone oswa yo deranje, ansanm ak potansyèl pou ranfòse yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Baz defans pou amelyorasyon ak chanjman nan regleman sou analiz mache a fèt anvan chak entèvansyon (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Fè etap ou pwomouvwa ak soutni aksè pou moun ki frajil yo nan mache a (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Kontwole move konsekans repons yo, tankou acha manje ak distribisyon, sou mache lokal (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Diminye konsekans negatif gwo sezon oswa monte desann anòmal pri yo (al gade nòt oryantasyon 6).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Entèvansyon yo de devlope pou soutni retablisman mache yo, swa atravè entèvansyon dirèk oswa atravè pwomosyon komèsan lokal nan pwogram lajan ak/oswa koupon.
- ▶ Tout popilasyon ki sible yo gen aksè konplè ki san danje nan machandiz, sèvis, ak sistèm pandan tout dire pwogram nan.



#### Nòt oryantasyon

1. **Demann ak distribisyon mache a:** Pouvwa dacha, pri ak disponiblite mache enflyanse aksè ekonomik nan mache a. Posiblite pou achte abòdab depann sou kondisyon komès la ant bezwen debaz yo (manje, pwodiksyon agrikòl enpòtan tankou zouti, swen sante, elatriye) ak sous revni (kilti rant, betay, salè, elatriye). Genyen degradasyon byen yo lè detèryorasyon an fonksyon komès la fòse moun yo achte byen (souvan nan pri ki ba) pou yo kapab achte bezwen debaz yo (nan pri enflasyon). Aksè nan mache yo kapab jwenn





enflyans politik ak anviwònman sekirite, epitou konsiderasyon kiltirèl ak relije, ki mete restriksyon sou aksè pou sèten gwooup (tankou gwooup minorité yo).

2. **Analiz mache:** Yo ta dwe bay konsiderasyon pou aksè nan fonksyonman mache pou tout gwooup ki afekte yo, tankou gwooup frajil yo. Repons ki se salè nan fòm kach, koupon oswa manje oswa bay kontribisyón yo dwe anvan nenpòt nivo analiz mache ki apwopriye pou machandiz yo bay la. Bagay yo achte Anplis nan nivo lokal pral soutni pwodiktè lokal yo men nou dwe idantifye risk negativ yo tou. Enpòtasyon yo gen plis chans pou bese pri lokal yo (al gade Evalyasyon sekirite alimantè estanda 1, nòt oryantasyon 7 sou paj 152).
3. **Sipò:** Mache yo fonksyone nan pi gran ekonomi nasyonal ak global, ki genyen enflyans sou kondisyon mache lokal la. Pa egzanp, politik gouvenman an, tankou politik pri ak politik komèsyal, genyen enflyans sou aksè ak disponibilité a. Menmsi aksyon nan nivo sa a depase repots dezas la, faktè sa yo dwe analize pou wè opòtinite pou yon apwòch ajans milks oswa pou defann pou amelyorasyon ak gouvenman ak lòt òganizasyon (al gade Prensip Pwoteksyon 3 sou paj 38).
4. **Moun ki vilnerabfrajil:** Yo dwe fè yon analiz sou vilnerabilite pou idantifye moun ki pa gen aksè limite nan mache yo ak opòtinite pou mwen mwayen pou viv. Yo dwe soutni aksè moun ki andikape, kapkap viv ak VIH, moun aje ak famm ki gen responsabilite pou pran swen moun nan mache yo.
5. **Konsekans entèvansyon yo:** Akizisyon lokal manje, gress semans ak lòt danre kapab lakòz enflasyon lokal nan dezavantaj konsomatè yo men nan benefis pwodiktè lokal yo. Yon fason envès, èd alimantè ki enpòte yo kapab lakòz pri yo bese epi aji kòm yon dekourajman pou pwodiksyon alimantè lokal epi sa k ap ogmante ensekirite alimantè. Pwovizyon lajan kapab genyen plizyè efè pozitif nan ekonomi lokal yo men li kapab lakòz enflasyon pou machandiz ki enpòtan yo. Moun ki responsab pou fè akizisyon an ta dwe kontwole ak konsidere konsekans sa yo. Distribisyon manje afekte tou pouvwa-dacha moun ki jwenn avantaj yo, paske li se yon fòm transfè revni. Kèk danre pi fasil pou vann pou yon bon pri pase lòt yo, pa egzanp lwil parapò ak manje ki melanje. ‘Pouvwa-dacha’ ki asosye avèk nenpòt kalite manje oswa panye manje ap enflyanse si menaj ki jwenn avantaj yo manje li oswa vann li. Li ap enpòtan pou konprann kijan yo achte ak vann nan kay yo pou detèmine konsekans pwogram distribisyon manje yo.
6. **Lè pri yo ap plede monte desann nan sezon sa** kapab genyen yon konsekans negatif sou pwodiktè agrikòl yo, ki oblige vann pwodui yo lè pri a pi ba (nòmalman lè yo fin rekòlte) oswa mèt betay yo ki oblige vann yo pandan sechrès. Yon fason envès, konsomatè ki genyen ti revni disponib yo pa kapab jwenn mwayen pou investi nan estòk manje, selon ti acha yo, men acha ki fè





## Estanda Minimòm nan Sekirite Alimantè ak Nitrisyon

souvan. Kidonk, yo fòse achte menm lè pri yo wo (sètadi pandan sechrès). Pami egzanp entèvansyon ki kapab minimize konsekans sa yo, genyen sistèm transpò amelyore, pwodiksyon alimantè divès, ak transfè lajan kach oswa manje nan moman enpòtan yo.





# Dokiman Siplementè 1

## Lis verifikasiyon evalyasyon sekirite alimantasyon ak mwayer pou viv

Souvan evalyasyon sekirite alimantè yo klase souvan popilasyon ki afekte yo an gwoup ki genyen mwayer pou viv, selon sous yo revni oswa manje ak estrateji pou jwenn revni oswa manje a. Sa kapab genyen ladan tou yon repatisyon popilasyon an selon gwoup oswa kouch ki gen richès yo. Li enpòtan pou konpare sitiyasyon ki genyen an avèk istwa sekirite alimantè anvan katastwòf la. Yo kapab konsidere swadizan ‘ane mwayer yo’ kòm yon baz. Yo ta dwe konsidere wòl espesifik ak frajilite fanm yo ak gason yo, ak konsekans pou sekirite alimantè menaj yo.

Kesyon yo ki nan lis verifikasiyon sa a kouvari diferan domèn yo konsidere nan yon evalyasyon sekirite alimantè.

### 1 Sekirite alimantè gwoup ki genyen mwayer pou viv

- ▶ Èske genyen gwoup nan popilasyon an ki gen menm estrateji mwayer pou viv? Kijan yo kapab klase gwoup sa yo selon sous prensipal manje ak revni yo?

### 2 Sekirite alimantè anvan katastwòf (baz)

- ▶ Kijan differan gwoup ki gen mwayer pou viv yo te konn jwenn manje ak revni anvan katastwòf la? Pou yon ane mwayer nan yon pase resan, ki sous manje ak revni yo te genyen?
- ▶ Kijan differan sous manje ak revni sa yo varye ant sezon yo nan yon ane nòmal? (Devlopman yon kalandriye sezonye kapab itil.)
- ▶ Si nou retounen nan senk ane oswa dis ane ki pase yo, kijan sekirite alimantè te varye ant yon ane ak yon lòt? (Devlopman yon kwonoloji oswa yon istwa bon ak move ane kapab itil.)
- ▶ Ki kalite byen, epay oswa rezèv differan gwoup ki gen mwayer pou viv yo posede (pa egzanp, estòk manje, epay lajan, eksplwatasyon betay, envestisman, kredi, dèt ki pa reklame, elatriye)?





- ▶ Sou yon peryòd yon semèn oswa yon mwa, kisa depans menaj yo genyen ladan, epi ki pwopòsyon ki depanse nan chak pwodui?
- ▶ Kimoun ki responsab pou jesyon lajan kach nan kay la, epi sou kisa lajan an depanse?
- ▶ Kijan mache ki pre a aksesib pou jwenn pwodui premye nesesite yo? (Konsidere distans, sekirite, fasilité deplasman, disponiblité enfòmasyon sou mache a, transpòtasyon, elatriye)
- ▶ Ki disponiblité ak pri pwodui premye nesesite yo, tankou manje?
- ▶ Anvan katastwòf la, ki kondisyon komès mwayen ant sous prensipal revni ak manje, pa egzanp salè ak manje, betay ak manje, elatriye?

### 3 Sekirite alimantè pandan katastwòf

- ▶ Kijan katastwòf la te afekte diferan sous manje ak revni pou chak gwoup ki gen mwayen pou viv ki idantife?
- ▶ Kijan li te afekte modèl sezonye regilye sekirite alimantè pou differan gwoup yo?
- ▶ Kijan li te afekte aksè nan mache yo, disponiblité mache ak pri pwodui premye nesesite yo?
- ▶ Pou differan gwoup ki gen mwayen pou viv, kin differan estrateji pou siviv ak ki pwopòsyon moun ki angaje ladan yo?
- ▶ Kijan sa te chanje parapò ak sitiayson anvan katastwòf la?
- ▶ Ki gwoup oswa ki popilasyon ki pi afekte?
- ▶ Ki efè estrateji pou siviv akoutèm ak a mwayen-tèm ki genyen sou finans ak sou lòt byen moun yo?
- ▶ Pou tout gwoup ki gen mwayen pou viv yo, ak tout gwoup frajil yo, ki efè estrateji pou siviv ki genyen sou sante yo, byennètbyennèt jeneral yo nan diyite yo? Èske genyen risk ki asosye avèk estrateji pou siviv yo?





# Dokiman Siplementè 2

## Lis verifikasyon evalyasyon sekirite gress semans

Sa yo se egzanp kesyon pou evalyasyon sekirite gress semans la:

### 1. Avan katastwòf la (baz)

- ▶ Kisa ki te rekòt ki pi enpòtan pou kiltivatè yo? Pouki sa yo itilize yo – manje, lajan oswa tou de? Èske rekòt sa yo pouse chak sezon? Ki lòt rekòt ki mwens enpòtan ki kapab vin enpòtan nan moman tansyon?
- ▶ Nòmalman kijan kiltivatè yo jwenn gress semans oswa lòt materyèl pou plante rekòt sa yo? (Konsidere tout mwayen yo.)
- ▶ Ki paramèt yo itilize pou plante chak gwo rekòt? Ki sa ki mwayèn kote yo plante a? Kisa ki to elvaj la? Kisa ki to miltiplikasyon yo (rasyo rapò gress yo rekòlte parapò ak gress yo plante)?
- ▶ Èske genyen varyete ki rekòt ki enpòtan oswa ki prefere?
- ▶ Ki kontribisyon pwodiksyon ki enpòtan pou yon rekòt oswa varyete an patikilye?
- ▶ Kiyès nan kay la ki responsab pou pran desizyon, jere rekòt yo ak jete pwodui rekòt yo nan diferan etap pwodiksyon an akapre pwodiksyon an?

### 2. Apre dezas la

- ▶ Èske entèvansyon ki gen pou wè ak kiltivasyon posib dapre benefisyè yo?
- ▶ Èske kiltivatè yo kwè sitiyasyon an estab ak gen ase sekirite kounye a pou yo kapab kiltive, rekòlte ak vann oswa manje yon rekòt san pwoblèm?
- ▶ Èske yo gen aksè ak ase chan oswa lòt mwayen pwodiksyon (fimye, zouti agrikòl, zannimo pou travay)?
- ▶ Èske yo prepare pou rekòmanse travay nan agrikilti?





### 3. Evalyasyon gress semans ak demann: estòk lakay

- ▶ Èske kantite lajan ase nan pitit pitit lakay-pwodui ki disponib pou sman? Sa genyen ladan gress nan pwòp rekòt kiltivatè oswa gress li ki kapab disponib nan rezo sosyal (pa egzanp, vwazen).
- ▶ Èske se yon rekòt kiltivatè yo vle plante toujou? Èske li adapte ak kondisyon lokal yo? Èske toujou gen demann pou li?
- ▶ Èske varyete ki disponib nan pwòp pwodiksyon kiltivatè a toujou bon pou plante nan sezon kapkap vini an? Èske kalite gress nan satisfè estanda nòmal kiltivatè a?

### 4. Evalyasyon gress semans ak demann: mache lokal

- ▶ Jeneralman èske mache yo fonksyone malgre katastwòf la (èske toujou gen jou mache, èske kiltivatè yo ka deplase, vann epi achte san pwoblèm)?
- ▶ Èske gress kantite gress ki disponib kounye a se menm kantite nan kondisyon nòmal nan menm tan an pran sezon ki te anvan yo?
- ▶ Èske kiltivatè yo jwenn rekòt ak varyete yo twouve apwopriye pou plante yo nan mache yo?
- ▶ Èske pri gress yo nan mache a kounye a kapab konpare ak pri pandan menm tan an nan sezon anvan an? Si pri yo diferan, èske diferans la gen anpil chans pou l vin yon pwoblèm pou kiltivatè yo?

### 5. Evalyasyon gress semans ak demann: gress semans sektè fòmèl la

- ▶ Èske rekòt ak varyete yo ofri nan sektè fòmèl la adapte a yon zòn tansyon an? Èske gen prèv kiltivatè renmen yo?
- ▶ Èske kantite gress ki disponib nan sektè fòmèl la satisfè okenn bezwen pou èd? Si se non, ki pwopòsyon nan bezwen kiltivatè a ap bezwen kouvri?





# Dokiman Siplementè 3

## Lis verifikasyon evalyasyon nitrisyon

Anba se modèl kesyon pou evalyasyon ki egzamine kòz kache denitrisyon, nivo risk nitrisyonèl ak posiblite pou repons. Kesyón yo baze sou estrikti konseptyèl kòz denitrisyon yo (al gade paj 146). Enfòmasyon yo kapab disponib nan divès kalite sous, epi l ap nesesè pou genyen divès kalite zouti evalyasyon pou rasanblay enfòmasyon yo, tankou antrevi avèk enfòmatè enpòtan, obsèvasyon ak revizyon enfòmasyon segondè (al gade Estanda Debaz 1, 3–4 nan paj 55–65).

### Sitiyasyon anvan ijans la

Ki enfòmasyon ki deja egziste sou nati, nivo, ak kòz denitrisyon pami popilasyon ki afekte a (al gade Evalyasyon sekirite alimantè ak nitrisyon estanda 2 sou paj 154)?

### Risk denitrisyon ki genyen kounye a

1. Risk pou denitrisyon anrapò ak aksè nan manje ki diminye – al gade Dokiman Siplementè 1: Lis verifikasyon evalyasyon sekirite alimantasyon ak mwayen pou viv.
2. Risk denitrisyon parapò ak alimantasyon tibebe ak jan timoun ansamn ak fason yo bay yo swen:
  - Èske genyen yon chanjman nan modèl travay ak sosyal (pa egzant akòz migrasyon, deplasman oswa konfli ame) ki vle di wòl ak responsabilite yo chanje nan kay la?
  - Èske genyen yon chanjman nan konpozisyon nòmal kay yo? Èske genyen gwo kantite timoun ki separe?
  - Èske anviwònman swen nòmal la deranje (pa egzant akòz deplasman an), ki afekte aksè nan dezyèm moun ki konn bay swen yo, aksè nan manje pou timoun yo, aksè nan dlo, elatriye?
  - Èske gen okenn tibebe ki pa nan tete? Èske gen okenn tibebe ki resevwa alimantasyon atifisyèl?
  - Èske te gen okenn prèv oswa rezon pou sispek moun yo bese nan alimantasyon tibebe yo nan ijans la, espesyalman nenpòt bès nan to inisyasyon alètman ak alètman eksklizif, nenpòt ogmantasyon nan to alètman atifisyèl ak/oswa nenpòt ogmantasyon nan pwopòsyon tibebe ki pa nan tete?





- Èske gen manje konpleman ki apwopriye pou laj timoun yo, gen ase nitriman, san danje epi gen mwayen pwòp aksesib pou prepare yo?
  - Èske gen okenn prèv oswa rezon pou sisplèk yo te achte oswa fè kado okenn distribisyon jeneral ranplasman lèt tete manman tankou fòmila pou tibebe, lòt pwodui lèt, bibon, tetin?
  - Nan kominotè relije yo, èske twoupo yo te rete lwen ak jenn timoun yo pandan lontan? Èske aksè nan lèt la te chanje nan nòmal?
  - Èske pratik pou pran swen pou VIH ak SIDA te afekte nan nivo kay la?
3. Risk denitrisyon parapò ak move sante publik (al gade chapit Sante a sou paj 287):
- Èske genyen nenpòt rapò sou deklanchman maladi ki kapab afekte pwoblèm nitrisyon, tankou lawoujòl oswa maladi dyare ki grav? Èske genyen yon risk pou deklanchman sa yo rive? (Al gade Sèvis sante esansyèl – kontwòl maladi kontaje estanda 1–3 sou paj 312–316.)
  - Ki kouvèti yo estime pou vaksinasyon popilasyon ki afekte a? (Al gade Sèvis sante esansyèl – sante timoun estanda 1 sou paj 321.)
  - Èske yo bay vitamin A regilyèman nan vaksinasyon kont lawoujòl? Ki kouvèti ki estime genyen pou sipleman Vitamin A an?
  - Èske gen okenn estimasyon to mòtalite (timoun ki gen pi piti pase 5 an)? Kisa yo ye epi ki metòd yo te itilize? (Al gade Sèvis sante esansyèl estanda 1 sou paj 309.)
  - Èske genyen, oswa èske pral genyen yon bès enpòtan nan tanperati anbyan ki kapab afekte enpòtans enfeksyon respiratwa grav oswa egzijans enèji popilasyon ki afekte a?
  - Èske gen anpil ka VIH?
  - Èske moun yo deja frajil pou soufri denitrisyon paske gen pòvrete oswa maladi?
  - Èske gen twòp moun sou moun oswa yon risk pou genyen oswa deja gen anpil ka TB?
  - Èske gen anpil ka malarya?
  - Èske moun yo te nan dlo oswa rad mouye oswa te nan lòt move kondisyon pandan yon pakèt tan?
4. Ki estrikti lokal fòmèl ak enfòmèl ki anplas nan moman an kote yo ta kapab konsantre entèvansyon posib yo?
- Ki kapasite Ministè Sante, òganizasyon relije yo, gwoup sipò kominotè, gwoup sipò pou alimantasyon tibebe, oswa ONG ki prezan alontèm oswa akoutèm nan zòn nan?
  - Ki entèvansyon nan nitrisyon oswa sipò ki baze nan kominotè a ki te deja anplas anvan katastwòf ki genyen an, kominotè lokal yo, moun yo, ONG yo, òganizasyon gouvènman yo, ajans Nasyonzini yo, òganizasyon relije yo, elatriye te òganize? Ki politik nitrisyon (ki pase, k ap kontinye epi ki ekspire),





ki planife alontèm, ak pwogram y ap egzekite oswa planife kòm repons nan sitiyasyon ki genyen pou moman an?

# Dokiman Siplementè 4

## Fason pou mezire malnitrisyon grav

Nan ijans nitrisyonèl enpòtan yo, li kapab nesesè pou mete tibebe ki gen pi piti pase 6 mwa yo, fanm ansent ak fanm kapkap bay tete yo, timoun ki pi gran yo, adolesan yo, adilt yo ak granmoun aje yo nan pwogram evalyasyon ak nitrisyon yo.

Yo ta dwe fè ankèt gwoup laj ki diferan ak timoun ki gen laj 6–59 mwa yo si:

- ▶ yon analiz konteksyèl byen detaye sou sitiyasyon an fè, ak yon analiz sou kòz malnitrisyon an. Sèlman si rezulta analiz sa a sijere pwoblèm nitrisyon jenn timoun yo pa montre pwoblèm nitrisyon popilasyon jeneral si yo ta dwe konsidere yon ankèt sou nitrisyon pou yon lòt gwoup laj
- ▶ espètiz teknikap disponib pou asire kalite rasanblay enfòmasyon yo, bonjan analiz ak prezantasyon kòrèk ak entèpretasyon rezulta yo
- ▶ yo te konsidere resous ak/oswa pri opòtinite lòt gwoup laj yo mete nan yon ankèt
- ▶ yo prepare objektif klè ak byen ekri pou ankèt la.

- 2. *Retounen:*** Opòtinite pou retounen nan pwòp teren ak kay pa yo reprezante yon gwo objektif pou pifò popilasyon ki afekte nan yon katastwòf. Reparasyon kay oswa amelyorasyon solisyon abri yo ke popilasyon an detèmine limenm sipòte estrateji adaptasyon kominal, li konsève modèl etablisman ki etabli ak pèmèt itilize enfrastrikti ki déjà egziste yo (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55). Retou a kapab retade oswa kontrarye, ak nesesite poutèt sa yon peryòd aranjman tanporè nan yon lòt kote. Pwoblèm ki afekte retou a enkligen ladan katastwòf la k ap kontinye, tankou inondasyon k ap fèt, glisman teren oswa sekous apre tranblemannè, ak pwoblèm sekirite, tankou okipe pwopriyete oswa teren ak obligasyon pou remèt yo, konfli vylan k ap kontinye, tansyon reliye oswa nan gwoup etnik, laperèz pou pèsekisyón oswa min ak zam ki pa ekplozeeksploze. Rekonstrikson lekòl yo enpòtan tou pou pèmèt popilasyon refijye a retounen. Retou fwaye fanm dirije yo, fanm ki vèv oswa òfelen akòz katastwòf la, oswa moun ki andikape, gendwaka kontrarye akòz move lwa oswa pwosedì òdinè sou zafè teren ak pwopriyete oubyen ki gen diskriminasyon. Popilasyon refijye ki gendwaka pa gen kapasite pou antreprann fè aktivite rekonstrikson, sa ka dekoraje oswa anpeche yo retounen.
- 3. *Fanmi ak kominotè akèy:*** Popilasyon ki refijye ki pa kapab retounen nan kay yo te ye anvan an souvan pito rete ak lòt manm fanmi oswa ak moun ki gen menm lyen istorik, reliye oswa lòt (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55). Asistans pou akèy la kapab enkligen ladan sipò pou agrandi oswa adapte yon abri fanmi akèy ki egziste déjà ak sant pou akeyi moun ki refijye yo, oswa founi abri anplis separe ki tout pre fanmi akèy la. Yo dwe evalye ogmantsyon nan dansite popilasyon an ke sa lakòz, epi evalye ak diminye demann sou enstalasyon sosyal yo, sou founiti enfrastrikti ak resous natirèl.
- 4. *Kominote kominal tanporè:*** Menmsi yo pa ta dwe vin tounen yon repons ki chwazi otomatikman, kan tanporè planifye yo kapab sèvi pou akeyi popilasyon ki afekte ki pa kapab oswa ki pa vle retounen sou lokal kay yo te ye anvan an epi ki pa vle chwazi akèy nan lòt fanmi. Solisyon kominotè sa yo gendwaka nesesè nan zòn kote menas sekirite ogmante risk pou popilasyon izole, oswa kote aksè nan sèvis ak resous debaz tankou dlo, manje ak materyo konstriksyon nan zòn nan limite. Bilding ki la déjà ki sèvi kòm sant kolektif ka bay pwoteksyon tanporè rapid kont klima. Bilding yo itilize pou rezon sa gendwaka mande adaptasyon oswa amelyorasyon, pa egzanp founi separasyon anndan bilding lan ak rannp pou moun ki gen pwoblèm pou deplase. Nan anpil peyi, itilizasyon bilding ki idantifye davans kòm sant kolektif se entèvansyon ki etabli pou tip katastwòf yo konnenkonnen yo, avèk responsabilite jesyon ak founiti sèvis ki asosye ak yo. Malgre yo itilize bilding lekòl souvan pou akeyi popilasyon katastwòf afekte, yo dwe idantifye lòt estrikti pou pèmèt lekòl kontinye. Planifikasyon kominotè kominal tanporè dwe konsidere konsekans sou sekirite pèsonèl, vi prive nan diyite okipan yo ak aksè nan etablisman debaz. Li nesesè pou asire kominotè kominal





tanporè yo yomenm pa vin tounen sib pou atak, pou yo reprezante yon danje sekirite pou popilasyon ozalantou yo oswa lakòz demann anviwònman natirèl la pa kapab sipòte.

5. **Tip asistans abri:** Melanj plizyè tip asistans kapab nesesè pou satisfè bezwen abri popilasyon ki afekte yo. Asistans debaz ka enkligen ladan atik pèsònèl, tankou rad ak dra, oswa atik kay anjeneral, tankou fou ak sous enèji. Atik sipò lojman ka enkligen ladan tant, kouvèti plastik ak bwat zouti, materyo konstriksyon ak abri tanporè oswa tranzisyonèl ki sèvi avèk materyo ki ka reyitilize re-utilize nan kad konteks abri pèmanan. Travay manyèl oswa espesyalis, swa volontè oswa sou kontra, kapab nesesè tou, ansam ak konsèy teknik sou teknik konstriksyon apwopriye. Yo dwe konsidere itilizasyon lajan kach oswa papye bon pou ankoraje sèvi ak chenn apwovizyon ak resous lokal yo, sa depann tou de fonsyònmanfonksyònman ekonomi nan zòn nan. Lajan kach kapab itilize tou pou peze lwave. Enfòmasyon oswa konsèy ki distribiye atravè kanpay publik oswa nan sant lokal yo sou fasonpoufason pou jwenn aksè nan sibvansyon, materyo oswa lòt fòm sipò abri ka konplete asistans pwodui debaz yo.
6. **Abri tranzisyonèl:** Antan yon apwòch olye yon faz nan entèvansyon, founiti abri pwovizwa se paske apre katastwòf popilasyon afekte a souvan antreprannfè fè abri poukont yo, ak yo ta dwe sipòte jesyon sa yo fè poukont yo a (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55). Solisyon abri apre katastwòf ki ka re-sèvi anpati oswa annantye nan estrikti pi pèmanan, oswa ke yo ka deplase nan anplasman lokal tanporè pou mete nan pèmanan, ka ankoraje pwosesis chanjman popilasyon ki afekte a pou abri dirab. Pou popilasyon ki pa deplase kite lokal kay yo te anvan an, abri pwovizwa yo ka bay yon kay debaz pou kòmanse, ke yo ka amelyore, agrandi oswa ranplase apre yon sèten tan nan mezi resous yo pèmèt. Pou popilasyon ki deplase yo, abri pwovizwa yo ka bay abri apwopriye ki ka demonte epi re-sèvi, lè popilasyon ki afekte yo vin gen possiblite retounen kote kay yo te ye anvan an oswa demenaje nan nouvo lokal. Yo ka founi abri pwovizwa tou ba popilasyon ki afekte ke lòt fwaye akeyi ki kapab sipòte konstriksyon yon abri akote oswa toupre yo. Tout estrikti sa yo ka demonte epi re-sèvi, lè popilasyon ki afekte yo vin gen possiblite retounen kote kay yo te ye anvan an oswa lòt kote.
7. **Evalyasyon risk, frajilate ak danje:** Antreprann Fè ak egzamine regilyèman yon evalyasyon konplè sou risk ak frajilate (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61). Menas reyèl oswa potansyèl pou sekirite ak risk espesyal ki genyen akòz laj, sèks, andikap, kondisyon sosyal oswa ekonomik, depandans popilasyon ki afekte yo sou resous natirèl anviwònman an, ak relasyon ki genyen ant popilasyon ki afekte ak nenpòt kominotè ki akeyi yo dwe antre nan tout evalyasyon sa yo (gade Prensip Pwoteksyon 3 nan paj 38). Risk ke katasswòf natirèl, tankou tranblemanntè, aktivite vòlkan, glisman teren, inonda-





syon oubyen gwo van reprezante dwe gide planifikasyon solisyon abri ak kominotè. Anplasman Lokal kominotè yo pa dwe gen tandans pou maladi oswa kontaminasyon, ni gen gwo risk bagay ki transpòte bay maladi. Materyèl ak machandiz ki gendwaka danjere kapab depoze oswa ekspoze apre dezas natirèl, tankou tranblemanntè, inondasyon ak tifon. Min ak materyèl militè ki pa eksplode ka prezan akòz ansyen konfli oswa konfli kounye a. Espesyalis tekniteknik dwe evalye estabilite estrikti biling nan zòn moun ki afekte nan katastwòf la rete. Pou sant kolektif yo dwe evalye kapasite estrikti biling ki la deja yo pou akeyi nenpòt chay anplis ak risk ki ogmante pou eleman nan biling yo febli tankou planche, mi separasyon entèn, twati, elatriye.

8. **Retire debri:** Retire nan debri apre yon katastwòf natirèl oswa yon konfli se yon priyorité pou pèmèt founi abri ak etabli solisyon kominotè apwopriye. Yo dwe kòmanse planifye jesyon debri tousuitousuit apre katastwòf la pou asire yo kapab resikle oswa idantifye debri yo pou separasyon, ramasajranmasaj ak/oswa tretman (al gade estanda 5 sou abri ak kominotè nan paj 265). Nan pwoblèm empòtan yo gen kadav ki mande idantifikasiyon ak tretman apwopriye, gen rekiperasyon byen pèsònèl, gen kote ki gen estrikti danjere ak materyo danjere ak kilès ki posede materyo ki ka rekiperé pou re-sèvi oswa vann. Nan retire debri ka gen opòtinite pou pwogram lajan kach pou travay ak/oswa li ka mande pou yo sèvi ak gwo ekipman ak espètiz pou fè li. Yo dwe konsidere itilizasyon, jesyon, pwopriyete ak konsekans lokal kote yo mete debri yo genyen sou anviwònman an.
9. **Lekòl, etablisman sant sante ak enfrastrikti kominotè:** Yo dwe asire gen aksè nan sèvis debaz, tankou lekòl, etablisman sant sante, zòn san danje pou jwe ak zòn reyinyon kominotè. Yo dwe itilize enfrastrikti ki deja egziste oswa ki repare, ak sèvis oswa enstalasyon tanporè anplis si nesesè. Kote reparasyon oswa konstriksyon biling publik depann de devlopman plan nouvo kominotè oswa lòt pwosesis règleman, estrikti tanporè kapab nesesè pou founi enstalasyon akoutèm. Nenpòt founiti sèvis ki sèvi avèk estrikti tanporè oswa pèmanan dwe satisfè estanda ki adopte yo (al gade estanda 1 sou WASH nan paj 89, estanda 1 sou sistèm sante nan paj 296 ak Estanda Minimòm INEE pou edikasyon: Preparasyon, Entèvansyon, Retablisman).
10. **Sipò mwayen pou viv:** Aktivite ekonomik ak opòtinite yo te genyen anvan katastwòf la ak opòtinite yo genyen nan kontèks apre katastwòf la dwe sèvi kòm gid pou etablisman popilasyon katastwòf afekte (al gade estanda 1–2 sou evalyasyon Sekirite alimantè ak nitrisyon nan paj 150–154 ak Estanda Debaz 1 nan paj 55). Yo dwe konsidere disponiblité teren ak aksè pou lakilti ak patiraj, ak aksè nan zòn mache ak sèvis lokal pou aktivite ekonomik espesyal.





## Estanda 2 nan abri ak kominotè: Planifikasyon kominotè

Planifikasyon retou, kominotè kominal tanporè oswa kominotè dakèy pèmèt popilasyon an ki afekte a itilize an sekirite ebèjman ak sèvis debaz yo.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identife ak itilize pwosesis planifikasyon ki egziste deja, si sa posib, avèk kòm gid pi bon pratik ki adopte yo, pandan y ap redui nèt risk etablisman kominotè ak frajilite yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Identife kilès ki pwopriyetè lojman, teren ak pwopriete ak/oswa itilize dwa pou bilding oubyen lokal (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire aksè nan tout abri ak lokal kominotè yo ak nan sèvis debaz yo (al gade nòt oryantasyon 3–4).
- ▶ Sèvi ak modèl kominotè ki déjà egziste yo ak karakteristik teren yo pou redui nèt konsekans negatif sou anviwònman natirèl la (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Fè popilasyon ki afekte a patisipe nan planifikasyon kominotè kominal tanporè yo dapre fanmi, gwoup vwazen oswa vilaj, si nesesè (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Asire gen ase sipèfisi ak klwazon apwopriye kont dife nan kan tanporè planifye oswa ke moun yo fè poukонт yo (al gade nòt oryantasyon 7–8).
- ▶ Redui nèt risk bagay ki transpòte bay maladi (al gade nòt oryantasyon 9).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Grasa pwosesis planifikasyon ki adopte yo, yo konsilite tout popilasyon ki nan asistans abri epi antant fèt pou lokal abri oswa zòn kouvri pa yo ak aksè nan sèvis debaz yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Tout plan etablisman sant kominotè yo te idantife ak diminye risk ak frajilite ki genyen nan itilizasyon nan abri, zòn ki kouvri ak sèvis debaz (al gade nòt oryantasyon 2–9).



### Nòt oryantasyon

1. **Pwosesis planifikasyon:** Yo itilize pratik planifikasyon lokal, epi tip katastwòf oubyen kriz la, danje yo idantife ak konsekans sou popilasyon ki afekte a dwe sèvi kòm gid pou pratik sa yo. Yo dwe itilize mezi ki apwopriye pou





diminye nèt risk ak frajilite nan kominotè a. Yo dwe respekte règleman sou planifikasyon ki déjà egziste yo lè otorite konpetan yo mande sa, ak lè sa pa antrave nesesite imanitè ki genyen pou satisfè bezwen abri ak kominotè prese prese. Yo dwe idantifye konsekans alontèm desizyon planifikasyon yo, sitou pou sa ki konsène lokal pou kominotè kominal.

2. **Posesyon, dwa ak itilizasyon lojman, teren ak pwopriyete:** Pou ni popilasyon ki pa refijye ni popilasyon refijye, idantifye posesyon teren ki konsène yo, lojman oswa lòt biling ak kilès ki genyen dwa ofisyèl oswa dwa òdinè pou itilize yo. Souvan kalite bagay sa yo lakòz anpil gwo diskisyon, sitou lè moun yo pa t konsève papye yo oswa kote konfli te afekte posesyon. Kay oswa biling plizyè-lokatè ak itilizasyon melanje pral enplike afekte dwa pwopriyete oswa dwa lokatè ki komen oubyen pataje. Yo dwe chèche idantifye dwa teren oswa dwa pwopriyete pou moun ki frajil yo epi ede moun sa yo, sitou fanm, fanm ki vèv oswa òfelen akòz katastwòf la, oswa moun ki andikape, lokatè, moun ki gen dwa sosyal lokatè ak moun ki pa lokatè ofisyèlman. Fè limyè sou dwa fòmèl, dwa ki pa ofisyèl, dwa pa aranjman sou posesyon oswa eritaj, sitou apre yon katastwòf kote moun ki gen dwa oswa tit pwopriyete a gendwaka mouri oswa deplase. Founiti okipasyon angwoup oswa yon bagay tankou sa ba yon sèten kantite fwaye kote pa gen dwa fòmèl ki te egziste anvan katastwòf la kapab ede nan etablisman dwa sa yo ofirameziofi-amezi. Ou ka konprann oubyen itilize founiti asistans lojman tou kòm yon fason pou rann lejitim reklamasyon tit teren ki ta ka kontrarye oswa anpeche aksyon imanitè. Itilizasyon teren pou kominotè kominal tanporè yo dwe konsidere dwa sou itilizasyon teren oswa resous natirèl anviwònman ki déjà egziste ke kominotè akèy oswa kominotè vwazen yo genyen (al gade estanda 5 sou Abri ak kominotè nan paj 265).
3. **Sèvis ak enstalasyon debaz:** Popilasyon katastwòf afekte k ap retounen nan lokal kote kay yo te ye anvan an, sa yo akeyi oswa loje nan kominotè kominal tanporè, yo tout bezwen aksè nan sèvis debaz yo san danje ak san patipri. Sa yo enklingen ladan, si nesesè, dlo, enstalasyon sanitè, sous enèji pou fè manje oswa enstalasyon kominal pou fè manje, swen medikal, jete fatra solid, lekòl, lokal sosyal, kote pou kilt, pwen reyinyon, zòn lwazi, ikonpriavèk tou espas adapte pou timoun ak espas pou ebèje bèt (asire gen ase separasyon ant nenpòt bèt ak espas rezidansyèl yo). Yo ta dwe prevwa ase espas pou antèman selon kilti moun yo ak seremoni ki asosye ak sa. Yo dwe itilize omaksimòm enstalasyon ki déjà egziste oubyen ke yo repare lè sa pa afekte kominotè vwazen oswa kominotè akèy yo. Yo dwe prevwa enstalasyon oswa pwen aksè anplis pou satisfè bezwen popilasyon yo vize a, ak espesyalman moun frajil yo. Estrikti sosyal ak wòl sèks nan popilasyon ki afekte a ak bezwen moun frajil yo dwe parèt aklè nan founiti sèvis yo, pa egzanp yo asire sèvis yo nan distans rezonab apye pou moun ki gen difikilte pou deplase ak founiti nan zòn pou bay tete an sekirite nan kominotè kominal





tanporè yo. Yo dwe asire aksè apwopriye nan enstalasyon yo pou moun gramoun aje, pou moun ki gen andikap fizik ak moun ki bezwen aksè souvan yo. Yo dwe prevwa kòmsadwa biwo administratif, depo ak lojman amplwaye, ak zòn karantèn nan kominotè kominal tanporè yo (al gade estanda 1 WASH nan paj 89 ak estanda 1 sou sistèm sante nan paj 296).

4. **Aksè:** Aksè nan kominotè, yo dwe evalye kondisyon enfrastrikti wout lokal yo ak distans parapò ak sant transpò yo pou founi asistans sekou, pandan yo ap konsidere pwoblèm ak sezon, danje ak risk sekirite. Pou kominotè kominal tanporè yo, lokal an limenm ak nенpòt pòs prensipal pou depo ak distribisyon manje dwe fasil pou gwo kamyon ka pase nan wout tout kondisyon. Machin ki lejè dwe kapab pase nan lòt sant yo. Wout ak chemen nan kominotè yo ta dwe bay aksè san danje, sekirite nan tout sezon nan kay moun ak lokal kominal yo ki enklingen ladan lekòl ak enstalasyon swen sante. Yo dwe founi ekleraj atifisyèl kòmsadwa. Nan kominotè kominal tanporè oswa sant kolektif yo, wout aksè ak wout pou moun chape kò yo dwe evite kreye zòn izole oswa zòn kache ki kapab reprezante yon menas pou sekirite pèsonèl moun k ap itilize yo. Yo dwe evite mete mach eskalye oswa chanjman nan nivo atè a toupre sòti sant kolektif yo, epi tout eskalye ak ranp dwe gen balistrad. Pou okipan ki gen pwoblèm pou deplase, yo dwe prevwa espas atè a, ki toupre sòti yo oswa sou wout aksè yo ki pa gen chanjman nan nivo sòl la. Okipan nan bilding ki sèvi kòm sant kolektif yo dwe nan yon distans rezonab ki adopte de omwen de (2) sòti, ki pèmèt yo chwazi wout pou chape kò yo, epi sòti sa yo dwe vizib aklè.
5. **Chwa lokal ak drenaj:** Yo dwe evalye drenaj dlo k ap kouri atè ak risk fòmasyon ma-dlo ak inondasyon lè y ap chwazi lokal yo, ak nan planifikasyon kominotè kominal tanporè yo. Pant ki nan lokal an pa dwe depase 5 poustan, sof si yo pran mezi pou anpil drenaj ak mezi kontwòl ewozyon, ak li pa dwe mwens pase 1 poustan pou pèmèt yon drenaj apwopriye. Kannal drenaj kapab toujou nesesè pou diminye inondasyon ak fòmasyon ma-dlo. Pwen pi ba nan lokal an pa dwe pi piti pase twa (3) mèt anwo nivo yo estime n ap dlo anba tè a genyen. Kondisyon sòl la dwe bon pou fouye fòs pou twalèt ak yo dwe sèvi kòm gid pou lokal twalèt ak lòt enstalasyon yo (al gade estanda 1-2 sou eliminasyon dechè nan paj 105-107 ak estanda 1 sou drenaj nan paj 121).
6. **Planifikasyon lokal pou kominotè kominal tanporè:** Separasyon espas nan sant kolektif yo ak mòso teren pou fwaye yo nan kan tanporè planifye yo dwe jwenn yon gid nan pratik sosyal ak utilizasyon resous komèn ki la dejà, ikonpriavèk tou enstalasyon pou dlo ak sanitasyon, kuizin kominal, distribisyon manje, eksetera. Planifikasyon vwazinaj dwe sipòte rezo sosyal ki dejà egziste, kontribiye pou sekirite ak pèmèt popilasyon ki afekte a fè pwòp jesyon pa li. Fason mòso teren yo ranje nan kan tanporè planifye yo dwe





pèmèt konsève entimite nan diyite fwaye ki apa, lè yo asire chak abri fwaye louvri sou espas komen oswa yon zòn kache pou fwaye a itilize olye pou li ta anfas antre yon lòt abri. Yo dwe prevwa zòn pou viv ki entegre ak san danje pou popilasyon deplase ki gen yon gwo kantite granmoun oswa timoun ki poukont yo. Pou kominotè ki distribiye yo, prensip planifikasyon regwoupm an aplike tou, pa egzanz gwooup fanmi yo retounen yon kote byen defini oswa idantifye fanmi akèy ki tou pre youn ak lòt (al gade Prensip Pwoteksyon 1 nan paj 33).

7. **Sipèfisi kan moun yo fè poukont yo oswa kan ki planifye:** Sipèfisi kan moun yo fè poukont yo oswa kan ki planifye: Nan kominotè sou fòm kan yo, yo dwe prevwa yon sifas itil omwen 45 mèt kare pou chak moun ikonpriavèk tou mòso teren pou fwaye yo. Zòn nan dwe gen espas ki la nesesè pou wout ak ti chemen, zòn ekstèn pou fwaye yo kuit manje oswa zòn komen pou kuit manje, etablisman pou edikasyon ak zòn lwazi, sanitasyon, enstalsyonens-talasyon pwoteksyon kont ensandi, administrasyon, estokaj dlo, zòn distrisyon, mache, depo ak jaden potaje legim pou chak fwaye. Lè yo ka founi sèvis kominal nan bilding ki egziste deja oswa lòt biling anplis ki deyò zòn ki planifye pou kominotè a, sifas itil la dwe ominimòm 30m<sup>2</sup> pou chak moun. Planifikasyon zòn lan dwe konsidere tou chanjman nan popilasyon an. Si yo pa ka bay sifas minimòm lan, yo dwe redui nèt konsekans gwo-dansite popilasyon an, pa egzanz yo ka asire gen ase separasyon ak entimite ant chak fwaye, gen ase espas pou enstalasyon ki nesesè yo, elatriye.
8. **Sekirite ensandi:** Evalye risk dife pou gide planifikasyon kominotè kominal tanporè yo ak gwoupman abri fwaye yo. Aksyon pou diminye risk yo dwe prevwa yon enstalasyon kont ensandi 30 mèt ant chak 300 mèt de zòn ki bati, ak yon minimòm 2 mèt (men depreferans pito de (2) fwa wotè nenpòt estrikti anjeneral) ant chak biling oswa abri pou anpeche estrikti ki tonbe yo touche biling ki akote yo. Pratik ki prefere pou kuit manje ak itilizasyon fou oswa aparèy chofaj dwe antre tou nan planifikasyon lokal an anjeneral ak separasyon sennesòf abri pou fwaye yo (al gade estanda 4 sou atik kiiki pa alimantè nan paj 274).
9. **Risk vektè:** Zòn tè ki ba, debri katastwòf la lakòz yo, biling vid ak twou, tankou sa ki sòti nan itilizasyon tè nan zòn lan pou konstriksyon, kapab founi zòn pou vèmin repwodui epi reprezante yon risk pou sante popilasyon ki toupre yo. Pou kominotè kominal tanporè yo, chwa apwopriye lokal yo ak rediksyon risk bagay ki pote maladi yo reprezante eleman enpòtan pou diminye enpak maladi ke vektè yo lakòz sou popilasyon ki afekte yo (al gade estanda 1-3 sou kontwòl vektè nan paj 111-116).





### Estanda 3 nan abri ak kominotè: Espas pou viv ki kouvri

Moun yo gen ase espas kouvri pou viv ki gen chofaj konfòtab, lè fre ak pwoteksyon kont klima, ki asire entimite yo, sekirite ak sante, epi ki pèmèt fè aktivite endispansab pou fwaye a ak mwayen pou viv.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Asire chak fwaye ki afekte gen ase espas kouvri pou yo viv (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Pèmèt sekirite separasyon ak entimite lè sa nesesè, ant sèks yo, ant gwoup moun laj differan ak ant fanmi apa anndan yon fwaye si nesesè (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Asire yo ka antreprann fè aktivite endispansab pou fwaye a ak mwayen pou viv anndan espas pou viv ki kouvri a oswa nan zòn akote (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Ankouraje itilizasyon solisyon abri ak materyo popilasyon ki afekte a konnen, epi, lè sa posib, ki akseptab sou plan kiltirèl ak sosyal ak ki dirab sou plan anviwònman (al gade nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Evalye kondisyon espesifik klima a pou tout sezon pou ofri chalè konfòtab, ayerasyon ak pwoteksyon (al gade nòt oryantasyon 7–10).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout moun ki afekte yo gen yon omwen okòmansman yon zòn ki planche kouvri de 3,5m<sup>2</sup> pou chak moun (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Tout solisyon pou abri ak materyo yo satisfè estanda teknik ak pèfòmans ki adopte yo ak yo akseptab sou plan kiltirèl (al gade nòt oryantasyon 3–10).

#### Nòt oryantasyon

1. **Klima ak kontèks:** Nan klima ki fè fwèt yo, nòmalman aktivite fwaye a fèt nan kote ki kouvri epi popilasyon ki afekte nan katastwòf yo ka pase anpil tan anndan pou asire ase chofaj konfòtab. Nan kominotè lavil yo, aktivite fwaye yo anjeneral fèt nan kote ki kouvri paske anjeneral genyen mwens espas deyò pou itilize. Anpil fwa ap li ka nesesè pou gen yon espas kouvri ki depase 3,5m<sup>2</sup> pa pèsòn pou satisfè konsiderasyon sa yo. Wotè ant planche ak plafon a se yon faktè enpòtan tou, kote yo prefere wotè ki pi wo nan zòn ki fè cho ak ki imid pou ede sikilasyon lè a, alòske yo prefere





wotè ki pi ba nan klima ki fè frèt pou diminye nèt espas ki bezwen chofe a. Wotè ant planche ak plafon an alenteryè dwe omwen de (2) mèt nan pwen ki pi wo a. Nan klima cho, yo ka sèvi deyò nan espas akote ki gen lonbraj pou prepare ak kuit manje. Solisyon pou abri yo gendwaka oblige reponn a divès kondisyon ekstrèm klima soti nan lannwit ak ivè frèt rive nan jou ki cho anpil ak sezon lete. Lè yo pa kapab bay materyo pou yon abri konplè, yo dwe bay plis enpòtans a materyo pou founi omwen yon zòn ki kouvri. Kote yo bare a kapab pa bay pwoteksyon ki nesesè kont klima a, ni sekirite, entimite oswa diyite, kidonk yo dwe fè efò pou satisfè bezwen sa yo pi vit posib (al gade nòt oryantasyon 2).

2. **Dire:** Tousuit apre yon katastwòf, sitou nan kondisyon klima sevè kote materyo pou abri pa disponib tousuit, yon espas kouvri ki mwens pase  $3.5\text{m}^2$  pa pèsòn kapab apwopriye pou sove lavi ak pou bay ase abri akoutèm. Nan ka sa yo, zòn ki kouvri a dwe rive nan  $3.5\text{m}^2$  pa pèsòn pi vit ke posib pou redui nèt konsekans negatif sou sante ak byennèt moun ke yo ebèje yo. Si yo pa ka fè li  $3.5\text{m}^2$  pa pèsòn, oswa li depase espas popilasyon ki afekte a oswa sa yo ki nan tou pre a, yo dwe konsidere konsekans yon espas redui ki kouvri kapab genyen sou diyite, sante, ak vi prive moun yo. Yo dwe souliye yon desizyon pou bay mwens pase  $3.5\text{m}^2$  pa pèsòn, ak mezi pou limite move konsekans li kapab genyen sou popilasyon ki afekte a. Solisyon abri tanporè oswa tranzisyonèl gendwaka nesesè pou founi ase lojman pou yon dire pwolonje, pandan divès sezon klima epi petètpètèt pou plizyè ane. Plan entèvansyon yo antann sou li ak otorite lokal yo oswa lòt dwe asire abri tanporè oswa pwovizwa yo pa gen dwa vin tounen lojman pèmanan yo chwazi otomatikman.
3. **Pratik kiltirèl, sekirite ak vi prive:** Pratik lokal ki la deja konsènan fason pou itilize espas pou viv, pa egzanp aranjman pou dòmi ak lojman fanmi lwen, dwe sèvi kòm gid pou espas kouvri ki nesesè a. Lè y ap konsilte moun yo dwe enkligèn ladan manm nan gwoup frajil yo ak moun ki pran swen moun sa yo. Yo dwe prevwa opòtinite pou separasyon anndan chak abri fwaye. Nan abri ki pran anpil moun yo, lè yo gwoupe menm fanmi yo ansanm, genyen yon bon plan pou jwenn aksè nan zòn ki kouvri a, epi materyo pou bare espas pèsònèl ak espas pou fanmi an, kapab ede bay ase entimite ak sekirite pèsònèl. Yo dwe itilize omaksimòm benefis sikolojik ki genyen nan asire ase espas ak entimite pandan y ap redui tou ankonbreman nan ni abri fwaye endividiyèl ni ebèjman kolektif tanporè (gade Prensip Pwoteksyon 1 nan paj 33).
4. **Aktivite fwaye ak mwayen pou viv:** Zòn ki kouvri a dwe founi espas pou aktivite ki annapre yo: Dòmi, fè twalèt ak abiye; pran swen tibebe, timoun ak moun ki malad oswa enfim; sere manje, dlo, ak posesyon pou kay la ak lòt byen ki enpòtan; fè manje ak manje anndan lè li nesesè; epi yon kote





pou tout moun nan fanmi an rasanble ansam. Planifikasyon zòn ki kouvri a, espesyalman lokal ouvèti ak separasyon, dwe itilize omaksimòm espas anndan an ak nenpòt zòn deyò ki akote.

5. **Solisyon abri, materyo ak konstriksyon:** Yo dwe prevwa solisyon abri defini tankou tant pou fanmi, twous abri, pakè materyo oswa biling tou-fabrike lè pa gen opsyon abri apre katastwòf ki disponib imedyatman pou zòn nan, lè yo pa ase oswa anviwònman natirèl la pa ka sipòte yo yon fason dirab. Lè yo bay prela an plastik solid kò atik sekou pou abri dijans, yo dwe konplete yo avèk kòd, zouti, materyèl pou fikse ak materyèl sipò tankou poto an bwa oswa eleman chapant yo jwenn nan zòn nan. Nenpòt materyèl konsa oswa solisyon abri defini dwe satisfè espesifikasiyon ak estanda nasyonal ak entènasyonal ki adopte yo epi popilasyon ki afekte a dwe aksepte yo. Lè se sèlman yon pati nan materyo pou yon abri debaz yo bay (pa egzanp prela plastik), evalye epi diminye tout move konsekans posib sou ekonomi zòn nan oswa sou anviwònman natirèl akòz lòt materyèl ki nesesè yo pran yo (egzanp poto an bwa pou chapant). Kapasite teknik ak finansye nan popilasyon ki afekte a pou antretyen ak reparasyon lojman yo dwe sèvi kòm gid tou pou espesifikasiyon materyo ak teknoloji (al gade estanda 5 sou atik ki pa alimantè nan paj 276). Yo dwe fè siveyans regilyèman pou asire pèfòmans solisyon lojman yo rete bon apre yon sèten tan.
6. **Plan patisipasyon:** Tout manm nan chak kay ki afekte dwe patisipe nan mezi sa posib pou detèmine ki kalite asistans lojman pou yo bay. Yo dwe bay priyoritè pou opinyon moun oswa gwoup moun ki nòm alman dwe pase plis tan nan espas kouvri pou viv la, ak moun ki gen bezwen aksè espesifik yo. Evalyasyon lojman nòmal la deja ki dwe sèvi kòm gid. Fè fwaye yo konnen dezavantaj yo menm jan ak avantaj ki genyen nan abitye fòm konstriksyon ak materyo 'modèn' yo pa abitye avèavèk yo, ke ta ka vle wè tankou amelyorasyon kondisyon sosyal fwaye sa yo (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55).
7. **Nan klima ki cho ak imid:** Abri yo dwe oryante ak planife yon fason pou fè van antre omaksimòm ak redui nèt kantite limyè dirèk solèy. Twati a dwe gen yon pant rezonab pou drenaj dlo lapli epi byen depase mi yo eksepte nan zòn ki riske gen gwo van. Konstruksyon abri yo dwe lejè, paske yo dwe gen ti kapasite chalè. Yo dwe asire yon bon drenaj dlo k ap kouri atè ozalantou abri a ansam ak itilizasyon planche ki pi wo pase nivo sòl la redui risk dlo k ap antre nan zòn kouvri a.
8. **Nan klima cho ak sèch:** Konstruksyon an dwe lou pou asire gwo kapasite chalè, ki pèmèt chanjman nan tanperati lajounen ak lannwit pou chofe ak rafrechi anndan an yon fason altène, oubyen li dwe lejè avèk izolasyon apwo-priye. Yo dwe pran bon jan swen nan konsepsyon estrikti konstruksyon lou yo nan zòn ki gen risk tranblemanntè yo. Si se sèlman abri an plastik oswa tant ki disponib, yo dwe founi yon plafon doublé ak sikilasyon lè ant kouch yo





pou diminye ogmantasyon reyon chalè. Lè yo mete ouvèti pòt ak fenèt nan direksyon kontré ak van dominan an sa pral ede diminye chofaj ke van cho lakkòz, ni reyonnmanreyònman chalè apati atè ozalantou a. Yo dwe prevwa planche ki konfòm ak miray ekstèn yo san twou vid pou redui nèt pousyè ak vektè k ap antre.

9. **Nan klima ki frèt:** Li nesesè pou konstrikson yo lou ak gwo kapasite tèmik pou abri moun anndan yo pandan tout jounen an. Konstrikson ki lejè ak kapasite tèmik ki ba avèk anpil izolan pi bon pou abri ki gen moun ladan lannwit sèlman. Redui nèt sikelasyon lè, espesyalman ozalantou ouvèti pòt ak fenèt, pou asire konfò pèsonèl pandan l ap bay tou ase van pou radyatè oswa fou pou kuit manje. Fou oswa lòt bagay ki chofe espas enpòtan epi yo dwe apwopriye pou abri a. Evalye epi redui risk dife ki ka genyen nan sèvi ak fou ak radyatè (al gade estanda 4 sou Atik ki pa alimantè nan paj 274). Yo dwe fè drenaj dlo k ap kouri atè ozalantou abri a epi fè atè a pi wo pase nivo sòl la pou diminye risk dlo k ap antre nan zòn kouvrir a akòz lapli oswa nèj fonn. Yo dwe asire planche a byen izole epi sèvi ak tapi pou dòmi ki gen izolan, matla, kabann pou diminye kantite chalè kò moun pèdi sou planche a (al gade estanda 2 pou atik ki pa alimantè nan paj 271).
10. **Vantilasyon ak kontwòl vektè:** Yo dwe prevwa bon sikelasyon lè nan abri pou fwaye endividyle yo ak nan edifis piblik, tankou lekòl yo ak etablisman swen sante pou kenbe yon anviwònman entèn ki bon pou sante, pou diminye efè lafimen ki soti nan fou andedan kay la epi ki lakkòz enfeksyon respiratwa ak pwoblèm nan je, epitou pou limite risk transmisyon maladi tankou Tibèkiloz ki transmèt nan gout krache. Pratik konstriksyon nan zòn nan, modèl abri moun deplase yo itilize epi seleksyon materyo dwe sèvi kòm gid pou mezi kontwòl vektè (al gade sèvis sante esansyèl – estanda 1 sou kontwòl maladi transmisib nan paj 312 ak estanda 1–3 sou kontwòl vektè nan paj 111–116).

#### Estanda 4 nan abri ak kominotè: Konstriksyon

Lè sa nesesè, yo itilize pratik konstriksyon nan zòn nan ki san danje, materyo, espètiz ak kapasite yo, ki vin ogmante patisipasyon

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Fè popilasyon ki afekte a, pwofesyonèl nan zòn nan konstriksyon ak otorite konsène yo patisipe, nan antant sou pratik konstriksyon apwopriye ki san





danje, sou materyo ak espètiz, sa ki vin ogmante opòtinite mwayen pou viv nan zòn yo (al gade nòt oryantasyon 1–3).

- ▶ Asire ke aksè nan sipò oswa resous anplis pou moun katastwòf la afekte ki pa gen kapasite oswa opòtinite antreprann fè aktivite ki gen rapò ak konstriksyon (al gade nòt oryantasyon 1–3).
- ▶ Diminye nèt risk ak frajilite estrikti grasa konstriksyon apwopriye ak ak espifikasiyon materyo (al gade nòt oryantasyon 4–5).
- ▶ Respekte estanda ki adopte yo pou materyo ak kalite travay la (al gade nòt oryantasyon 5–6).
- ▶ Jere founiti materyo, travay, asistans teknik akapwobasyon règlemantè grasa apèl-dòf, pratikapwovizyonman ak administrasyon konstriksyon ki apwopriye (al gade nòt oryantasyon 7).
- ▶ Pèmèt antretyen ak amelyorasyon abri pou fwaye yo grasa itilizasyon zouti ak resous ki disponib nan zòn nan (al gade nòt oryantasyon 8).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout konstriksyon annakò avèk pratik ak estanda konstriksyon san danje ki adopte yo (al gade nòt oryantasyon 2–7).
- ▶ Aktivite konstriksyon yo montre patisipasyon popilasyon ki afekte a epi li montre opòtinite mwayen pou viv nan zòn nan ogmante (al gade nòt oryantasyon 1–2, 8).

### Nòt oryantasyon

1. **Patisipasyon popilasyon ki afekte yo:** Patisipasyon popilasyon ki afekte a nan aktivite abri ak kominotè dwe jwenn yon gid nan pratik ki deja egziste pou planife, kontwikonstwi ak antretniantreteni lojman ak kominotè. Pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak pwogram aprantisaj yo kapab agrandi opòtinite pou patisipasyon pandan konstwiksyon, sitou pou moun ki manke kapasite ak eksperyans nan konstwiksyon ki nesesè yo. Yo dwe ankorage fanm tout laj patisipe nan aktivite ak fòmasyon ki gen rapò ak konstriksyon. Kontribisyon moun ki gen mwens kapasite pou antreprann fè travay fizik oswa travay ki mande espètiz teknik espesyalis ka enkligen ladan siveyans konstrisyonkonstriksyon ak kontwòl envantè, founiti sèvis gadri, ebèjman tanporè oswa preparasyon manje pou moun ki angaje nan travay konstriksyon ak sipò administratif. Yo dwe konsidere lòt demann nan lè ak resous travay popilasyon ki afekte a. Founiti asistans nan men ekip travay kòm volontè kominotè oswa travay sou kontra ka konplete patisipasyon fwaye endividye'l yo. Asistans sa endispansab pou sipòte kay fi-dirije, paske fanm gendwaka dwe gen risk espesyalman pou eksplwatasyon seksyèl lè y ap chèche





asistans pou konstriksyon abri pa yo (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55, Prensip Pwoteksyon 2 nan paj 36 ak Estanda 5 sou atik ki pa alimantè nan paj 276). Moun ki gen difikilite pou deplase, granmoun aje ak lòt moun ki pa kapab antreprann fè aktivite konstriksyon gendwaka bezwen asistans tou.

2. **Espètiz ak eksperyans teknik:** Konsepsyon teknik konstriksyon ak espètiz jesyon apwopriye dwe komplete ladrès ak konpreyansyon nan popilasyon ki afekte a, epi bay eksperyans nangnan pwosesis teknik ak regilatè etabli (al gade Estanda Debaz 6 nan paj 71). Nan zòn gen risk pou katastwòf sezonye oswa ki reparèt dapre yon sèten peryòd tan, patisipasyon espesyalis teknik ki deja gen eksperyans apwopriye nan solisyon lokal oswa nan pi bon pratik ki adopte yo kapab sèvi kòm gid nan pwosesis konsepsyon ak konstriksyon an.
3. **Jwenn materyo ak mendèv:** Founiti rapid solisyon abri oswa materyèl ak zouti, swa apa oswa nan fòm yon twous defini davans kapab pèmèt popilasyon ki afekte a mete kanpe oswa konstwi abri yo poukонт yo. Lè sa posib, yo dwe sipòte mwayen pou viv ki nan zòn grasa acha lokal materyo konstriksyon, itilizasyon konpetans espesyalis nan konstriksyon ak travay manyèl nan zòn nan ki jwenn yon gid grasa evalyasyon ak analiz rapid mache a. Si apwovizyonman materyo nan zòn nan sispèk gen yon gwo konsekans negatif sou ekonomi lokal oswa anviwònman natirèl la, yo ka bezwen sa ki annapre yo: itilizasyon plizyè sous; lòt materyo oswa pwosesis pwodiksyon; fè apwovizyonman materyo nan nivo rejjonal oswa entènasyonal; oubyen sistèm abri komèsyal (al gade estanda 5 sou Abri ak kominotè nan paj 265). Yo dwe ankouraje re-sèvi ak materyo yo rekiperé nan biling ki kraze yo, apre yo idantifye kilès ki gen dwa nan materyo sa yo.
4. **Prevansyon katastwòf ak diminisyon risk:** Rezistans konstriksyon yo dwe annakò ak kondisyon klima ak danje natirèl yo konnen pou zòn nan epi yo dwe konsidere fè adaptasyon pou reponn a konsekans chanjman klima nan zòn nan. Chanjman nan estanda konstwiksyon oswa nan pratik konstwiksyon akòz yon katastwòf dwe aplike nan tèt kole avèk popilasyon ki afekte nan katastwòf la ak otorite konsène yo.
5. **Plan ak konstriksyon edifis publik san danje:** Edifis publik tanporè ak pèmanan tankou lekòl ak etablisman sant swen sante dwe konstwi oswa repare pou yo vin rezistan kont katastwòf ak asire sekirite ak aksè pou tout moun. Enstalasyon sa yo dwe respekte estanda konstriksyon ak pwosedi apwouye ki espesifik pou sektè a, ikonpriavèk tou kondisyon aksesibilite pou moun ki gen pwoblèm pou deplase, pou wè oswa pou kominike. Yo dwe antreprannfè reparasyon oswa konstriksyon biling sa yo nan tèt kole avèk otorite konpetan epi yon enfrastrikti sèvis ki adopte ak yon estrateji antreyen abòdab dwe sèvi kòm gid (al gade estanda Minimòm INEE nan Edikasyon: Preparasyon, Entèvansyon, Redrèisman).





6. **Estanda konstriksyon:** Yo dwe dakò ak otorite apwopriye yo sou estanda ak gid sou konstriksyon pou asire yo satisfè egzijans sou sekirite ak pèfòmans. Lè anjeneral yo pa te obsève oswa fè respekte kòd konstriksyon lokal oswa nasyonal yo, yo dwe dakò adopte yo ofirameziofi-amezi, ki fè parèt kilti lokal lojman, kondisyon klima, resous, kapasite konstriksyon ak antretyen ak aksesibilite.
7. **Apwovizyònman ak jesyon konstriksyon:** Y dwe devlope yon orè konstriksyon pou planifye aktivite yo. Pwogram nan dwe gen ladan etap kle tankou dat ki vize pou fini, kote pou reyenstale re-enstale popilasyon deplase yo nan solisyon abri ak kominotè espesifik, epi modèl kondisyon tan pou sezon an. Yo dwe etabli tou yon chèn apwovizyònman soup, efikas ak responsab ak sistèm jesyon konstriksyon pou materyo, sipèvizon mendèv ak konstriksyon. Yo dwe etabli yon chèn lojistik ki reyaji rapid, efikas ak responsab avèk sistèm jesyon konstriksyon pou materyèl, travay ak sipèvizon sit ki genyen chèche moun pou travay, posesyon, transpò, jesyon ak administrasyon soti nan pwen orijin nan a sit li bezwen ale a kòmsadwa. (al gade Sekirite alimantè – estanda 4 sou transfè manje nan paj 188).
8. **Amelyorasyon ak antretyen:** Poutèt premye entèvansyon abri yo anjeneral bay sèlman yon nivo minimòm espas fèmen ak asistans materyèl, fanmi ki afekte yo pral bezwen chèche lòt mwayen pou ogmante etandi ak kalite espas yo jwenn nan. Fòm konstriksyon ak materyo yo itilize yo dwe pèmèt fwaye yo kenbe ak adapte oubyen amelyore abri a ofirameziofi-amezi pou satisfè bezwen ki gen plis long-tèm grasa itilizasyon zouti ak materyo ki disponib nan zòn nan (al gade estanda 5 sou atik ki pa alimantè nan paj 276).

#### **Estanda 5 nan abri ak kominotè: Konsekans sou anviwònman**

Solisyon abri ak kominotè ak apwovizyònman materyo ak teknik konstriksyon yo itilize yo redui nèt konsekans negatif sou anviwònman natirèl zòn nan.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Evalye ak analize konsekans negatif katastwòf la sou anviwònman natirèl zinzòn nan ak risk ak frajilite anviwònman an (al gade nòt oryantasyon 1).
- Konsidere nan ki degré resous natirèl disponib nan zòn nan lè y ap planifikasyon enstalasyon tanporè oswa pèmanan popilasyon ki afekte a (al gade nòt oryantasyon 1–3).





- ▶ Jere resous natirèl anviwònman zòn nan pou satisfè bezwen popilasyon katastwòf la afekte a genyen kounye a oswa alavni (al gade nòt oryantasyon 1–3).
- ▶ Diminye nèt konsekans negatif sou resous natirèl anviwònman zòn nan ki ka sòti nan pwodiksyon ak founiti materyo konstriksyon ak pwosesis konstriksyon an (al gade nòt oryantasyon 3–4).
- ▶ Konsève pyebwa ak lòt vejetasyon lè sa posib pou ogmante konsèvasyon dlo, redui ewozyon tè ak bay lonbraj (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Remete etablisman sant kominotè tanporè yo nan eta yo te ye anvan an sito yo pa nesesè ankò, sof si te gen yon lòt antant (al gade nòt oryantasyon 6).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Planifikasyon tout retou, etablisman sant kominotè kominal tanporè oswa dakèy demontre yo te diminye nèt ak/oswa bese konsekans negatif sou anviwònman natirèl la (al gade nòt oryantasyon 1–6).
- ▶ Pwosesis konstriksyon akpowovizyònman materyo pou tout solisyon abri yo demontre yo te diminye nèt ak/oswa bese konsekans negatif sou anviwònman natirèl la (al gade nòt oryantasyon 4).

## Nòt oryantasyon

1. **Evalyasyon sou anviwònman:** Yo dwe evalye konsekans yon catastwòf sou anviwònman natirèl la pou gide entèvansyon ak aktivite ki nesesè pou fè yo bese. Souvan anpil catastwòf natirèl, pa egzanp glisman teren, se konsekans dirèk move jesyon nan resous natirèl anviwònman an. Nan yon lòt jan, yo gendwaka rive akòz risk oswa frajilite ki egziste nan anviwònman an, tankou inondasyon sezonye nan zòn ki ba oswa mank resous natirèl nan anviwònman an ki ka rekòlte san danje. Yon konpreyansyon risk sa yo endispansab pou gide planifikasyon kominotè yo ak asire yo abòde nan kad entèvansyon an frajilite yo konnen yo tankou enpak chanjman klima.
2. **Dirabilite ak jesyon resous anviwònman yo:** Lè resous anviwònman ki nesesè pou sipòte yon gwo ogmantasyon nan kote moun abite limite, yo dwe tankou bese tout demann dirab sou anviwònman natirèl la. Lè resous natirèl sa yo disponib, yo dwe jere etablisman sant kominotè tanporè yo pou redui nèt domaj sou anviwònman an. Yo dwe ofri ak jere aktivite sipò pou apowovizyònman ekstèn dirab sous enèji ak opsyon pou patiraj bèt, pwodiksyon agrikòl ak lòt mwayen pou viv ki depann sou resous natirèl yo. Mwens kominotè byen jere men ki pi gwo gendwaka plis respekte anviwònman pase yon pi gwo kantite ti kominotè, kominotè gaye ki pa fasil pou jere ni kontwole. Yo dwe konsidere enpak sou resous natirèl anviwònman akòz bezwen popi-





lasyon k ap akeyi moun ki afekte nan katastwòf la oswa ki rete toupre zòn ki afekte a.

3. **Limitasyon konsekans alontèm sou anviwònman:** Yo dwe konsidere jesyon resous natirèl anviwònman an nan tout nivo planifikasyon. Lè nesesite pou founi abri pou popilasyon ki afekte a vin genyen gwo move konsekans sou anviwònman an akòz resous natirèl yo k ap diminye, yo dwe fè efò pou limite efè alontèm yo grasa aktivite anplis pou jesyon ak reyabilitasyon anviwònman. Yo rekòmande konsilte òganis anviwònman apwopriye yo.
4. **Chèche materyo rekonstriksyon:** Yo dwe evalye enpakapwovizyonnan resous natirèl anviwònman an, tankou dlo, bwa konstriksyon, sab, tè ak zèb, ni tou sous enefijenèji pou kuit brik tuil pou twati. Idantife moun ki abitye itilize yo, to pou retire ak re-jenere ak kilès ki posede ak ak kontwolwoktrole resous sa yo. Lòt sous dispozisyon oswa sous anplis kapab sipòte ekonomi zòn nan ak redui nenpòt move konsekans alontèm sou anviwònman natirèl zòn nan. Yo dwe ankouraje itilizasyon plizyè sous ak re-sèvi avèk materyo yo rekieprerekipere yo, lòt materyo ak pwosesis pwodiksyon (tankou sèvi ak blòk tè stabilize). Sa a dwe mache avèk pratik rediksyon, tankou replante anplis.
5. **Ewozyon:** Yo dwe planifye solisyon abri yo yon fason pou konsève pye bwa ak lòt vejetasyon pou kenbe stabilizasyon tè a ak pou ogmante opòtinité pou lonbraj ak pwoteksyon kont klima a. Yo dwe itilize kontou natirèl yo pou eleman tankou wout, ti chemen apye ak rezo drenaj pou diminye ewozyon ak inondasyon nèt. Kote sa pa kapab fèt, yo dwe pran mezi pou kontwole nenpòt ewozyon ki posib grasa founiti kannal drenaj yo fouye, tiyo drenaj ki pase anba wout yo, oswa dig tè ak plantasyon pou diminye nèt kantite dlo ki glise ale (al gade estanda 1 sou Drenaj nan paj 121).
6. **Transfè:** Yo dwe ede anviwònman an rekreye natirèlman anndan ak ozalantou etablisman sant kominotè tanporè yo grasa mezi apwopriye pou reyabilitasyon anviwònman an. Si yo ta vin sispann nenpòt kominotè konsa yo dwe jere li pou asire yo retire kòmsadwa tout materyo oswa dechè moun pa ka re-itilize oswa ki kapab genyen yon move konsekans sou anviwònman an.





## 2. Atik ki pa alimantè: rad, dra, ak atik pou kay

Rad, lenn, ak materyèl dra dwe satisfè pifò bezwen pèsonèl moun yo pou abri kont klima a ak pou mentni sante, vi prive nan diyite. Aksè nan byen ak founiti debaz nesesè pèmèt popilasyon ki afekte a prepare ak konsume manje, pou bay konfò chalè, pou satisfè bezwen pou ijyèn pèsonèl ak pou batí, antretniantreteni oswa repare abri yo (al gade estanda 2 sou Pwomosyon ijyèn nan paj 94 ak estanda 1 sou apwovizyonman dlo nan paj 97).

Tout popilasyon ki afekte – kit yo kapab retounen kote kay yo te ye anvan an, kit yo akeyi nan lòt fanmi oswa yo ebèje nan etablisman sant kominotè tanporè – ap gen gen bezwen atik ki pa alimantè pou kay al ak pou chak moun ki dwe evalye ak satisfè kòmsadwa. Popilasyon katastwòf la afekte an dezyèm, espesyalman fanmi akèy yo, gendwaka bezwen asistans atik ki pa alimantè tou pou satisfè chay anplis ki genyen nan akeyi moun oubyen konsekans katastwòf la sou ekonomi zòn nan ak aksè a atik sa yo.

Byenke Malgre distribisyon atik ki pa alimantè reprezante yon aktivite entèvansyon kouran, yo dwe konsidere founiti lajan kach oswa papye bon pou jwenn atik ki pa alimantè sa yo kote mache lokal yo toujou ap fonksyon (gade Sekirite alimantè – estanda 1 sou transfè papye bon lajan kach nan paj 200).

Atik pou moun oswa pou fwaye a itilize anjeneral pa bezwen plis enfòmasyon oswa ekstraksyon sou jan yo dwe itilize yo. Men, atik pou sipòte reparasyon oswa konstriksyon abri, pa egzanp materyo konstriksyon, atik pou fikse materyo ak zouti, yo pral mande pou plis konsèy teknik anjeneral pou itilize atik sa yo san danje epi yon fason efikas. Menm jan tou, atik pou satisfè bezwen ijyèn pèsonèl dwe jwenn sipò grasa aktivite apwopriye pou pwomosyon ijyèn (al gade estanda 1–2 sou pwomosyon ijyèn nan paj 91–94).





## Estanda 1 nan atik ki pa alimantè: Atik sipò endividiyèl, pou kay ak abri anjeneral

Popilasyon ki afekte a gen ase atik sipò endividiyèl, pou fwaye anjeneral ak pou abri pou asire sante, diyite, sekrite ak byennèt yo.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Evalye bezwen apa popilasyon ki afekte a pou atik ki pa alimantè yo (al gade nòt oryantasyon 1–2 ak estanda 3 sou Apwovizyonman dlo nan paj 103).
- ▶ Idantifye ki atik ki pa alimantè yo ka jwenn nan nivo lokal oubyen ke popilasyon ki afekte a ka jwenn poukонт li grasa founiti asistans lajan kach oswa papye bon (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Konsidere si tout atik ki pa alimantè yo apwopriye nan yon pake espesyal (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Plan distribisyón tout atik ki pa alimantè yo nan lòd, ak transparans ak san patipri (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Bay ekstraksyon, konsèy teknik oswa pwomosyon pou itilizasyon atik sipò abri yo si sa nesesè (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Planifye ranplasman atik ki pa alimantè yo pou popilasyon deplase yo pou yon peryòd tan long (al gade nòt oryantasyon 7).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Bezwén atik ki pa alimantè tout popilasyon ki afekte nan katastwòf la te satisfè (al gade nòt oryantasyon 1–7).

### Nòt oryantasyon

1. **Evalyasyon bezwen:** Yo dwe evalye bezwen apa pou atik pèsònèl, tankou rad ak pou ijèn pèsònèl, atik kay anjeneral tankou pou konsève ak prepare manje, ak atik sipò pou satisfè bezwen abri a tankou prela plastik, kòd, zouti oswa materyo konstriksyon debaz. Yo dwe fè yon diferans ant bezwen endividiyèl ak bezwen kominotè, espesyisman pou kuit manje ak pou sous enèji. Yo dwe idantifye bezwen atik ki pa alimantè ki pa ka satisfè avèk pwodui yo abiye ak yo ke yo jwenn nan zòn nan. Nan kad nenpòt asistans atik ki pa alimantè, yo dwe konsidere ajoute bezwen pou bwat, sache oswa vesò sanblab pou estoke ak pou transpòte pote byen pèsònèl ak byen domestik pou popilasyon





deplase ak popilasyon ki an tranzit yo. Founiti atik ki pa alimantè dwe fè pati yo plan global entèvansyon pou katastwòf (al gade Estanda Debaz 1–3 nan paj 55–61 ak estanda 1 sou Abri ak kominotè nan paj 249).

2. **Enstalasyon kominotè:** Yo dwe founi atik ki pa alimantè yo pou sipòte ijyèn pèsònèl, sante, preparasyon manje ak pou kuit manje, elatriye, si sa nesesè pou lekòl yo ak lòt enstitisyon kominotè yo. Yo dwe bay aksè pou rekreyasyon ak materyèl aprantisaj. Yo dwe fè lyen ant sektè sante ak sektè edikasyon pou asire sante piblik ak mesaj pou ijyèn yo sipòte itilizasyon apwopriye atik ki pa alimantè yo (al gade estanda 1–2 sou pwomosyon ijyèn nan paj 91–94 ak Estanda Minimòm INEE nan Edikasyon: Preparasyon, Entèvansyon, Redrèzman).
3. **Jwenn atik ki pa alimantè:** Katastwòf yo ekonomi lokal la ak chèn apwovizyonnan yo, ak yo mande souvan pou al chèche atik ki pa alimantè yo deyò ak distribyedistribiye yo dirèkteman ba moun, fwaye oubyen kominotè yo. Yon analiz rapid mache nan kad premye evalyasyon bezwen yo kapab detèmine si yo kapab jwenn atik ki pa alimantè moun yo abitye ak yo nan zòn nan oubyen nan zòn vwazen ki pa afekte yo. Lè ekonomi zòn nan toujou ap fonksyone, oswa yo kapab sipòte li grasa asistans espesifik nan apwovizyonnan oswa jesyon chèn apwovizyonnan, founiti lajan kach ak/oswa bon ka pèmèt popilasyon ki afekte yo jere pwòp bezwen atik sekou pa yo (al gade Sekirite alimantè – estanda 1 transfè lajan ak koupon nan paj 200). Nenpòt asistans konsa dwe planifye pou asire ke moun ki frajil yo pa dezavantaje epi yo satisfè bezwen sekou yo.
4. **Pakè sekou:** Souvan yo ambale atik ki pa alimantè yo epi yo mete yo nan pozisyon davans nan depo dapre espesifikasiyon ak kontni estanda. Yo dwe konsidere kantite ak espesifikasiyon atik ki pa alimantè nan yon pakè pou fwaye dapre referans sou kantite moun ki nan yon kay nòmalman, laj yo, sèks ak prezans moun ki gen bezwen espesifik, menm jan tou si yo akseptab sou plan kiltirèl.
5. **Distribisyon:** Yo dwe planifye metòd distribisyon efikas ak san patipri nan tèt kole ak popilasyon ki afekte a. Yo dwe gide popilasyon an sou nenpòt distribisyon sa yo ak nenpòt pwosesis enskripsyon oswa evalyasyon ki nesesè pou patisipe. Yo dwe fè enskripsiyan fòmèl oswa distribyedistribiye jeton. Asire yo pa blyie moun frajil oswa fwaye frajil yo nan lis distribisyon yo epi yo ka jwenn aksè nan ni enfòmasyon an ni distribisyon an limenm. Yo dwe etabli yon pwosesis doleyans pou abòde nenpòt pwoblèm ki prezante pandan enskripsiyan oubyen distribisyon. Yo dwe konsilte otorite lokal konsène yo pou lokal distribisyon ki pi bon pou aksè san danje ak pou resevwa atik ki pa alimantè yo, menm jan tou pou benefisyè yo ale san danje. Yo dwe konsidere distans apye ki genyen, tèrerenteren ak detay pratik ak sa sa vin fè pou pri pou transpòte pote gwo machandiz tankou atik sipò abri. Yo dwe kontwole distribisyon





ak itilizasyon atik ki pa alimantè yo bay yo pou evalye si ni pwosesis distribisyon ab ni atik ki pa limantè yo yomenm adekwat konvnab ak akapwopriye (al gade sekirite alimantè – estanda 5 sou transfè manje nan paj 192).

6. **Pwomosyon, konsèy ak ekstraksyon teknik:** Popilasyon ki afekte nan katastwòf la dwe abitye ak atik pou moun ak pou fwaye a anjeneral pou itilize yo nan konsèy anplis. Men, yo dwe founi konsèy ak ekstraksyon teknik kòmsadwa pou konplete founiti atik sipò abri tankou materyo konstriksyon, zouti ak atik pou fikse materyo (al gade estanda 5 sou Atik ki pa alimantè nan paj 276). Anbalaj yo ka gen dyagram senp ki montre kijan yo ka itilize atik yo san danje pou repare oswa konstiwi abri ki san danje ak ki apwopriye. Popilasyon ki afekte nan katastwòf la ak espesyalis konstriksyon lokal yo dwe patisipe nan aktivite sensibilizasyon souplas (pa egzanz, demonstrasyon reparasyon oswa konstriksyon abri) dekwa pou yo pi byen konprann teknik konstriksyon ki nesesè yo. Yo dwe souliye ba moun k ap patisipe nan aktivite konstriksyon yo nenpòt feblès nan konsepsyon abri ak komninotekominote yo anvan katastwòf la ki gendwaka te kontribiye nan domaj oswa destriksyondestwiksyon kay yo, ak egzanz nan zòn nan ki bon pratik ki te reziste nan katastwòf la.
7. **Renouvelman:** Planifikasyon distribisyón sekou dwe konsidere to konsumasyon, dire itilizasyon to a lakòz, ak kapasite popilasyon ki afekte a pou renouvel atik sa yo.

## Estanda 2 nan atik ki pa alimantè: Rad ak dra

Popilasyon ki afekte nan katastwòf la genyen ase rad, lenn ak dra pou asire konfò pèsonèl, diyite, sekirite ak byennèt yo.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identife bezwen rad apa pou fanm, tifi, gason ak ti gason tout laj ki gen ladan tibebe ak moun frajil oswa ke sosyete a rejte, epi asire yo jwenn aksè nan bagay yo bezwen yo nan gwosè kòrèk, ak yo adapte ak kilti, ak sezon ak klima a (al gade nòt oryantasyon 1–5).
- ▶ Identife bezwen dra ak lenn nan popilasyon ki afekte a epi asire yo jwenn lenn ak dra yo bezwen yo pou konfò chalè ak pou pèmèt aranjman pou dòmi ki apwopriye (al gade nòt oryantasyon 2–5).
- ▶ Evalye bezwen ensektisid pou trete moustikè yo, epi yo bay yo si nesesè (al gade estanda 1–3 sou kontwòl vektè nan paj 111–116).






## Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout fanm, tifi, gason ak ti gason genyen omwen de(2) ansanm rad konplè ki nan gwosè yo, ki adapte ak kilti pa yo, ak sezon ak klima a (al gade nòt oryantasyon 1–5).
- ▶ Tout moun ki afekte yo gen yon kombinezon lenn, dra, tapi oswa matla pou dòmi ak moustikè ki trete ak ensektisid lè sa nesesè pou asire ase konfò chalè ak pou pèmèt aranjman pou dòmi ki apwopriye (al gade nòt oryantasyon 2–5 ak estanda 1–3 sou kontwòl vektè nan paj 111–116).

## Nòt oryantasyon

1. **Rad pou chanje:** Tout moun ki afekte yo dwe jwenn ase rad pou chanje pou asire yo gen chofaj konfòtab, diyite, sante ak byennèt. Sa pral mande omwen de (2) seri atik debaz, sitou souvètman, pou pèmèt yo fè lesiv.
2. **Presizyon:** Rad (ikonpriavèk tou soulye si nesesè) yo dwe adapte ak kondisyon klima ak pratik kiltirèl, epi adapte gwosè yo selon bezwen yo. Tibebe ak timoun jiska 2 zan ki gen laj yo dwe gen tou yon dra anplis rad ki apwopriye yo. Materyèl pou kabann yo dwe fè parèt pratik kiltirèl yo epi dwe gen ase pou pèmèt aranjman pou dòmi apa si sa nesesè.
3. **Pèfòmans chalè:** Yo dwe konsidere pwopriyete izolan rad ak atik kabann yo, menm jan tou ak efè kondisyon klima mouye oswa imid sou pèfòmans chalè atik sa yo bay. Yo dwe konsidere yon kombinezon rad ak atik kabann pou asire yo respekte nivo konfò chalè ki nesesè a. Itilizasyon tapi pou dòmi oswa matla ki gen izolan pou konbat pèt chalè atè a kapab pi efikas pase bay plis lenn.
4. **Dirabilite:** Rad ak atik kabann yo dwe ase dirab pou sipòte itilizasyon pwolonje.
5. **Bezwen espesifik:** Moun ki gen pi gwo risk yo dwe gen plis rad ak dra pou satisfè bezwen yo. Sa enkligen ladan moun ki gen pwoblèm pou kenbe pipi, moun ki gen maladi kwonik, fanm ansent ak fanm k ap bay tête, gramoun aje ak moun ki gen pwoblèm pou deplase. Tibebe, timoun, moun ki gen pwoblèm pou deplase ak gramoun aje yo gen plis tandans pèdi chalè, ak pakonsekanepi kidonk yo gendwaka bezwen rad, dra anplis, elatriye, pou kenbe nivo apwopriye pou konfò chalè. Poutèt yo genyen pwoblèm pou deplase, moun aje yo ak moun malad oswa enfim ap bezwen atansyon espesyal, tankou pou bay yo matla ak kabann ak montan.





#### Estanda 4 nan atik ki pa alimantè: Fou, sous enèji, ak limyè

Popilasyon katastwòf la afekte a jwenn aksè nan fou san danje, ki gen bon rannman enèji, ak yon apwovizyonman sous enèji oswa enèji domestik ki aksesib, oswa aksè nan kwizin kominotè yo. Epitou chak fanmi genyen aksè nan mwayen apwopriye pou founi limyè atifisyèl dirab pou asire sekirite pèsonèl.

##### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identifie bezwen popilasyon ki afekte a pou prepare ak konsève manje, ak pou kuit manje, pou manje, bwè, epi pèmèt aksè nan atik ki apwopriye dapre kilti yo si nesesè (al gade nòt oryantasyon 1–2).

##### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Chak kay oswa gwoup kat a senk moun jwenn de (2) kaswòl ki ase gwo pou fwaye a kuit manje ki gen manch yo ak kouvèti, yon basen pou prepare oswa sèvi manje, yon kouto kwizin ak de kiyè sèvis (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Tout moun katastwòf la afekte jwenn yon asyèt, yon kiyè oswa lòt ajantri pou manje ak yon goblè oswa vesò pou bwè (al gade nòt oryantasyon 1–2).

##### Nòt oryantasyon

1. **Presizyon:** Chwa atik pou yo kuit manje ak ajantri yo dwe mache ak kilti moun yo ak yo dwe pèmèt suivswiv pratik ki san danje. Lè y ap presize atik sa yo, yo dwe konsilte fanm yo oswa moun ki sipèvize nòmalman preparasyon manje yo. Kantite atik pou kuit manje yo dwe jwenn yon gid nan pratik kiltirèl yo tankou sa ki egzije aranjman pou kuit manje apa pou gwoup fanmi diferan nan yon kay oswa separasyon manje espesyal pandan preparasyon. Kalite ak gwosè vesò pou kuit manje ak pou manje dwe bon pou granmoun aje, moun andikape ak timoun.
2. **Materyèl:** Tout atik an plastik yo (bokit, bòl, jerrycan, vesò pou konsève dlo, elatriye) dwe fèt ak plastik kalite alimantè. Tout atik an metal (kouto, bòl, asyèt ak goblè, elatriye), dwe ann asye inoksidab ki p ap wouye oswa emaye.





### Estanda 3 nan atik ki pa alimantè: Istansil pou fè manje ak pou manje

Popilasyon ki afekte nan katastwòl la gen aksè nan atik ki apwopriye dapre kilti yo pou prepare ak konsève manje, ak pou kuit manje, pou manje ak bwè.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Idantifye ak satisfè bezwen kay la pou kuit manje ak pou chofaj grasa founiti aksè nan fou san danje, ki gen bon rannman enèji, ak yon apwovizyonman sous enèji oswa enèji domestik ki aksesib, oswa aksè nan kwizin kominotè yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Asire yo ka sèvi ak fou yo san danje epi risk dife yo redui nèt (al gade nòt oryantasyon 2–3).
- ▶ Idantifye ak bay priyorité pou sous enèji oswa enèji domestik dirab sou plan anviwònman ak ekonomik (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Asire sous enèji a jwenn ak estoke nan yon fason ki san danje an sekirite (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Idantifye ak satisfè bezwen kay la pou mwayen dirab pou founi ekleraj atifisyèl ak jwenn alimèt oswa yon lòt bon mwayen dirab pou limen Enèji oswa bouji, elatriye (al gade nòt oryantasyon 6).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Popilasyon katastwòl la afekte a itilize fou ki gen bon rannman enèji, akapwo-vizyonman sous enèji oswa enèji domestik ki nesesè a (al gade nòt oryantasyon 1–3).
- ▶ Yo pa rapòte ensidan moun ki sibi domaj nan itilizasyon woutin fou akapwo-vizyonman ak estokaj Enèji (al gade nòt oryantasyon 4–5).
- ▶ Popilasyon katastwòl la afekte a gen aksè nan mwayen pou founi ekleraj atifisyèl ak jwenn alimèt oswa yon lòt bon mwayen dirab pou limen Enèji oswa bouji, elatriye (al gade nòt oryantasyon 6).

#### Nòt oryantasyon

1. **Fou:** Se pratik nan zòn nan ki la déjà yo ki sèvi kòm gid pou presize fou yo. Yo dwe ankouraje pratik pou kuit manje ki gen bon rannman Enèji, preparasyon bwa dife, jesyon dife, preparasyon manje, kuit manje ansanm, elatriye. Nan ebèjman kominotè, yo prefere





enstalasyon kominotè ak santral pou kuit manje olye pou founi fou ba chak fwaye, pou redui nèt risk dife ak polisyon lafimen andedan an (al gade sekirite alimantè – estanda 2 sou transfè manje nan paj 184).

2. **Vantilasyon:** Tiyo yo dwe bon pou fou yo nan zòn ki fèmen pou evakye Enèji echapman oswa lafimen aleksteryè nan yon fason ki san danje. Yo dwe itilize ouvèti ki pwoteje kont move tan pou asire ase vantilasyon ak pou redui nèt risk pou pwoblèm respiratwa.
3. **Sekirite ensandi:** Yo dwe asire bon separasyon ant fou a ak eleman abri a. Yo dwe mete fou ki anndan yo sou yon baz ki pa ka pran dife ak yon manch ki pa ka pran dife toutotou tiyo a kote li pase nan estrikti abri a pou ale deyò. Yo dwe mete fou yo lwen antre yo epi mete yon jan pou pèmèt jwenn aksè san danje pandan itilizasyon.
4. **Sous kabiran dirab:** Yo dwe jere sous enèji yo, espesyalman lè kominotè akèy oswa kominotè vwazen yo depann sou yo tou. Yo dwe renouvle resous yo pou asire apwovizyonman dirab, pa egzanp, etabli plantasyon pyebwa bwa dife pou diminye oswa elimine eksplwatasyon bwa dife nan forè ki dejà la yo. Yo dwe ankouraje itilizasyon sous enèji ki pa tradisyonèl yo, pa egzanp brikèt ki pwodui apati poud-bwa ak lòt matyè òganik, lè sa akseptab pou popilasyon ki afekte yo.
5. **Kolèk Rasanblaj ak estokaj sous enèji:** Yo dwe konsilte popilasyon ki afekte a, espesyalman fanm ak tifi yo, konsènan kote ak fason pou kolekte sous enèji pou fè manje ak pou chofaj pou abòde zafè pwoteksyon pèsònèl. Yo dwe abòde demann pou kolekte sous enèji ki fèt bòkote moun ki frajil espesyalman yo, tankou kay fi-dirije, moun k ap pran swen moun ki gen maladi kwonik oswa moun ki pwoblèm pou deplase. Yo dwe ankouraje itilize sous enèji kimandeki mande mwens mendèv, tankou fou ki gen bon rannman enèji ak sous enèji aksesib. Yo dwe konsève sous enèji a nan yon distans de fou a limenm ki san danje, epi yo ta dwe kite Enèji likid tankou kewozèn kote timoun oswa tibebe ka jwenn yo.
6. **Ekleraj atifisyèl:** Lanp oswa bouji kapab founi tousuit ekleraj moun abitye ak li, byenke menmsi yo dwe evalye risk dife ki gen nan sèvi ak bagay sa yo. Bay lòt kalite limyè atifisyèl pou kontribiye pou sekirite pèsònèl anndan ak ozalantou kominotè yo kote ekleraj jeneral pa disponib. Yo dwe konsidere itilize ekleraj atifisyèl ki gen bon rannman enèji, tankou dyòd elektwo-liminesant ki emèt limyè (LED), ak founi panno solè pou kreye enèji elektrik lokalize.





### Estanda 5 nan atik ki pa alimantè: Zouti ak atik pou fikse materyo

Lè li responsab konstriksyon oswa antretyen abri a, oswa pou retire debri, popilasyon ki afekte a gen aksè nan zouti ki nesesè yo, atik pou fikse materyo ak fòmasyon konplemantè.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identifie ak satisfè bezwen pou zouti ak atik pou fikse materyo ke popilasyon ki responsab la genyen pou fè konstriksyon abri yo oubyen etablisman sant kominotè yo anpati oswa nèt, san danje, ak pou fè antretyen endispansab oswa pou retire debri (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Asire yo dakò ak byen konprann mekanis pwosesis adekwat konvnab pou itilizasyon antretyen ak konsèvasyon zouti ak atik pou fikefikse materyo, lè yo founi pou itilizasyon kominotè oswa pataje (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Bay fòmasyon oswa konseye lè sa nesesè sou itilizasyon zouti ak nan konstriksyon, antretyen oswa retire debri (al gade nòt oryantasyon 3).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout fwaye oswa gwoup kominotè gen aksè nan zouti ak ekipman pou antreprannfè san danje konstriksyon, antretyen oswa travay retire debri lè sa nesesè (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Tout fwaye oswa gwoup kominotè gen aksè nan fòmasyon ak sansibilizasyon pou itilize san danje nan zouti ak materyèl pou fikse yo bay yo (al gade nòt oryantasyon 3).

#### Nòt oryantasyon

1. **Gwoup zouti nòmal:** Moun yo dwe abityeakabitye ak zouti ak materyèl pou fiksasyon yo bay ak yo dwe adapte ak kontèks la. Yo dwe konsidere materyèl fiksasyon tankou klou nan gwochè diferan, filfè galvanize ak kòd, ak atik pou prepare ak mezire. Yo dwe bay zouti kominotè lè yo dwe itilize zouti sa yo sou edifis pubblik, epi yo nesesè sèlman pou yon peryòd tan ki limite, oswa lè resous sa yo limite. Antant dwe fèt sou nenpòt itilizasyon, antretyen ak konsèvasyon konsa anvan distribisyon.
2. **Aktivite mwayen pou viv:** Lè sa posib, yo dwe bay zouti ki apwopriye tou pou sipòte mwayen pou viv. Yo dwe kontwole itilizasyon zouti yo pou evite enpak negatif sou anviwònman an (tankou eksplwatasyon resous natirèl yo





san otorizasyon oswa ki parenouvlabpa renouvlab, elatriye) ni tou nenpòt itilizasyon pataje oswa kominotè de zouti sa yo.

3. **Fòmasyon ak asistans teknik:** Fòmasyon oswa konsyantizasyon dwe disponib nan itilizasyon zouti san danje ak antretyen senp zouti yo ak nan aktivite ki planifye. Fanm ki alatèt fwaye yo ak lòt moun ki idantifye kòm frajil dwe jwenn asistans nan men manm fanmi lwen, vwazen oswa travay sou kontra pou antreprannfè konstriksyon ki deziyen oswa travay antretyen yo (al gade estanda 4 sou Abri ak kominotè, nòt oryantasyon 1 nan paj 262).





# Dokiman Siplementè 1

## Lis kontwòl pou evalyasyon abri, kominotè ak atik ki pa alimantè

Lis kesyon sa yo la pou itilize kòm yon gid ak lis kontwòl pou asire nou pran bon jan enfòmasyon pou gide entèvansyon etablisman sant abri apre yon katastwòf. Lis kesyon yo pa obligatwa, epi yo dwe itilize ak adapte yo kòmsadwa. Yo sipoze yo pran apa enfòmasyon sou kòz alabaz katastwòf la, sitiyasyon sekirite, ak enfi-masyonenfòmasyon demografik debaz sou moun ki deplase yo, ak sou nenpòt popilasyon akèy, ak moun enpòtan pou konsilte ak kontakte (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).

### 1 Abri ak kominotè

#### Evalyasyon ak kowòdinasyon

- ▶ Èske otorite ak òganizasyon konsène yo te etabli yon mekanis pwosesis kowòdinasyon ki adopte?
- ▶ Ki done debaz ki disponib sou popilasyon ki afekte a epi ki danje ak risk ak frajilite pou abri ak kominotè yo ke yo konnen?
- ▶ Èske gen yon plan dijans pou gide entèvansyon an?
- ▶ Ki enfòmasyon sou premye evalyasyon ki deja disponib?
- ▶ Èske yo planife yon evalyasyon entòentè-òganizasyon ak/oswa milti-sektoryèl epi èske li gen ladan abri, kominotè ak atik ki pa alimantè?

#### Demografi

- ▶ Anjeneral konbyen moun ki fè pati yon fwaye?
- ▶ Konbyen moun, divize an sèks ak laj, nan popilasyon ki afekte nan katastwòf la ki reprezante moun ki Lejème fwaye nòmal (tankou timoun ki poukont yo) oswa gwoup minorite espesyal ak kantite moun nan kay ki pa nòmal?
- ▶ Konbyen fwaye ki afekte ki pa gen abri konvnab epi ki kote fwaye sa yo ye?





- ▶ Konbyen moun, divize dapre laj ak sèks, ki pa fè pati fwaye endividiyèl epi ki pa genyen okenn abri oswa ki pa gen abri koonvnabkonvnab epi ki kote fwaye sa yo ye?
- ▶ Konbyen fwaye ki afekte ki pa gen abri konvnab ki pa te deplase epi ke yo ka ede nan kote kay yo te ye anvan an?
- ▶ Konbyen fwaye ki afekte ki pa gen abri konvnab ki te deplase epi ki pral bezwen asistans lojman ak fanmi akèy oswa nan etablisman sant kominotè tanporè?
- ▶ Konbyen moun, divize dapre laj ak sèks, ki pa gen aksè nan etablisman sant kominotè yo tankou lekòl, klinik sante ak sant kominotè?

### Risk

- ▶ Ki risk ki genyen pou lavi si manke abri konvnab, epi konbyen moun ki an risk?
- ▶ Ki risk posib anplis ki genyen pou lavi, pou sante, ak sekirite popilasyon ki afekte a akòz pèsistans konsekans katastwòf la oswa lòt danje yo konnen sou founiti abri?
- ▶ Ki risk ki genyen espesyalman pou moun ki frajil yo, tankou fanm, timoun, minè ki poukont li, moun ki gen andikap oswa maladi kwonik, akòz mank nan abri konvnab epi poukisapou kisa?
- ▶ Ki enpak ki genyen sou nenpòt popilasyon akèy akòz prezans popilasyon ki deplase yo?
- ▶ Ki risk ki posib genyen pou konfli oswa diskriminasyon nan mitan oswa ant gwoup yo nan popilasyon ki afekte a?

### Resous ak kontrent

- ▶ Ki resous materyèl, finansyè ak imèn nan popilasyon ki afekte yo pou satisfè kèk oswa tout bezwen ijan abri yo?
- ▶ Kisa ki pwoblèm konsènan disponiblite tè, posesyon ak itilizasyon pou satisfè bezwen abri ijan, ki enkligen ladan etablisman sant kominotè tanporè yo si nesesè?
- ▶ Ki pwoblèm popilasyon dakèy potansyèl yo rankontre nan ebèje popilasyon deplase yo nan pwòp lojman pa yo oswa sou teren akote yo?
- ▶ Ki opòtinite ak pwoblèm ki genyen nan itilizasyon edifis ak estrikti ki dega egziste, ki disponib epi pa te afekte yo pou ebèje fanmi deplase yo pou yon ti tan?





- ▶ Kisa ki fè li bon sou plan teren ak anviwònman li bon pou itilize tè vid ki aksesib pou òganize kominotè pwovizwa yo?
- ▶ Ki egzijans ak pwoblèm nan règleman otorite lokal pou devlope solisyon abri?

### Materyo, plan ak konstwiksyon

- ▶ Ki premye solisyon abri oswa materyo fanmi ki afekte yo ak lòt moun te bay jiska prezan?
- ▶ Ki materyo ki deja egziste yo kapab rekipere nan kote ki domaje yo pou itilize nan rekonstwiksyon abri?
- ▶ Kisa ki pratik konstwiksyon nòmal moun ki deplase yo, epi ki sa ki diferan materyo yo itilize pou bay chapant ak tèt kay, ak kloti pou mi deyò yo?
- ▶ Ki lòt solisyon konsepsyon ak materyo ki kapab disponib ak komen oswa akseptab pou popilasyon ki afekte a?
- ▶ Ki karakteristik konsepsyon ki nesesè pou asire tout manm nan popilasyon ki afekte a jwenn aksè imedyat ak san danje nan solisyon abri ak itilize abri sa yo, espesyalman moun ki gen pwoblèm pou deplase yo?
- ▶ Kouman solisyon abri potansyèl yo idantifye yo kapab redui nèt risk ak frajilite pi devan yo?
- ▶ Nòmalman kijan yo fè pou konstwi abri yo epi ki moun ki fè sa?
- ▶ Nòmalman kijan yo fè pou jwenn materyo pou konstwiksyon epi ki moun ki konn jwenn yo?
- ▶ Kijan fanm, jèn, moun ki gen andikap ak moun aje yo jwenn fòmasyon oswa asistans pou patisipe nan konstwiksyon pwòp abri yo, epi kisa ki pwoblèm yo?
- ▶ Èske asistans anplis atravè founiti travay volontè oswa travay sou kontra osinon atravè asistans teknik pral nesesè pou sipòte moun oswa fwaye ki manke kapasite oswa opòtinite pou konstwi yo?

### Aktivite fwaye ak mwayen pou viv

- ▶ Ki aktivite sipò fwaye ak mwayen pou viv ki fèt anjeneral anndan oswa akote abri popilasyon ki afekte yo, epi kijan plan ak konsepsyon espas sa reflete aktivite sa yo?
- ▶ Ki opòtinite pou sipòte mwayen pou viv ki legal ak dirab sou plan anviwònman yo kapab bay grasa materyo avèk konstwiksyon abri ak solisyon kominotè?





## Sèvis ak etablisman sant kominotè empòtan

- ▶ Ki disponiblite dlo pou bwè ak pou ijyèn pèsonèl ki genyen kounye a, epi ki posiblite ak pwoblèm ki genyen pou satisfè bezwen sanitè ki prevwa yo?
- ▶ Ki sant sosyal yo founi kounye a (klinik sante, lekòl, kote pou kilt, elatriye) epi ki pwoblèm ak opòtinite ki genyen pou jwenn aksè nan sant sa yo?
- ▶ Si yo itilize edifis sant kominotè yo, sitou lekòl yo, pou ebèje popilasyon deplase yo, ki pwosesis ak delè pou retounen nan itilizasyoitilizasyon nòmal yo?

## Kominote akèy ak konsekans sou anviwònman an

- ▶ Kisa ki enkyete kominotè akèy yo?
- ▶ Ki pwoblèm òganizasyon ak planifikasyon ki genyen nan ebèjman popilasyon ki deplase yo nan kominotè akèy la oswa nan kominotè pwovizwa?
- ▶ Kisa ki enkyetid pou anviwònman lokal la konsènan apwovizyònman lokal materyo konstriksyon?
- ▶ Kisa ki enkyetid pou anviwònman lokal la konsènan bezwen popilasyon deplase a pou sous enèji, sanitasyon, eliminasyon dechè, patiraj pou bét, si sa nesesè, elatriye?

## 2 Atik ki pa Alimantè

### Bezwen pou atik ki pa alimantè

- ▶ Ki atik ki pa alimantè endispansab popilasyon ki afekte a bezwen?
- ▶ Èske yo ka jwenn nenpòt nan atik ki pa alimantè yo nan zòn nan?
- ▶ Èske li posib pou sèvi ak lajan kach oswa papye bon?
- ▶ Èske asistans teknikap nesesè pou konplete founiti atik sipò pou abri yo?

### Rad ak dra

- ▶ Ki kalite rad, lenn ak dra fanm, gason, timoun ak tibebe, fanm ki ansent ak fanm ki ap bat tete ak moun aje, itilize nòmalman, epi ki konsiderasyon sosyal ak kiltirèl espesyal?
- ▶ Konbyen fanm ak gason tout laj, timoun ak tibebe ki pa genyen ase rad, lenn oswa dra pou pwoteje yo kont move konsekans klima a ak pou antreteni sante, diyite ak byennèt yo?





- ▶ Ki risk posib pou lavi, sante ak sekirite pèsonèl popilasyon ki afekte a nan bezwen pou ase rad, lenn, ak dra?
- ▶ Ki mezi kontwòl vektè, sitou founiti moustikè, ki nesesè pou asire sante ak byennèt fwaye yo?

### Fè manje ak manje, fou ak kabiran

- ▶ Ki vesò pou manje ak pou fè manje yon fwaye nòmal te genyen anvan katas-twòf la?
- ▶ Konbyen fwaye ki pa genyen ase vesò pou fè manje ak pou manje?
- ▶ Kouman popilasyon ki afekte a te kuit manje ak chofe kote yo abite anvan katastwòf la anjeneral ak ki kote yo te konn fè manje a?
- ▶ Ki sous enèji yo te itilize anjeneral pou kuit manje ak pou chofaj anvan katas-twòf la epi ki kote yo te jwenn li?
- ▶ Konbyen kay ki pa genyen aksè nan yon fou pou fè ak chofe manje, epi poukisapou kisa?
- ▶ Konbyen fwaye ki pa genyen aksè nan ase sous enèji pou fè manje ak pou chofaj?
- ▶ Ki opòtinite ak kontrent, espesyalman enkyetid pou anviwònman natirèl la, ki genyen nan apwovizyonman konvnab sous enèji pou popilasyon katastwòf la afekte ak popilasyon vwazen?
- ▶ Ki enpakapwovizyonman konvnab sous enèji genyen sou popilasyon katas-twòf la afekte a, ak espesyalman sou fanm tout laj?
- ▶ Ki pwoblèm kiltirèl konsènan kuit manje ak konsènan manje yo ta dwe pran an konsiderasyon?

### Zouti ak ekipman

- ▶ Ki zouti debaz pou repare, konstwi oswa antretniantreteni yon abri yon fwaye kapab jwenn?
- ▶ Ki aktivite pou sipòte mwayen pou viv ki kapab itilize zouti debaz yo tou pou konstwi, antretniantreteni, ak repare abri yo?
- ▶ Ki fòmasyon oswa aktivite konsyantizasyon ki nesesè pou pèmèt itilize zouti yo san danje?





# Referans ak lekti siplemantè

## Andikap

Handicap International, Disability Checklist for Emergency Response.  
[www.handicap-international.de/fileadmin/redaktion/pdf/disability\\_checklist\\_booklet\\_01.pdf](http://www.handicap-international.de/fileadmin/redaktion/pdf/disability_checklist_booklet_01.pdf)

## Anviwònman

Kelly, C (2005), Guidelines for Rapid Konsekans sou anviwònman Assessment in Disasters. Benfield Hazard Research Center, University College London and CARE International. Lonn.

Kelly, C (2005), Checklist-Based Guide to Identifying Critical Environmental Considerations in Emergency Shelter Site Selection, Konstriksyon, Management and Decommissioning. ProAct Network and CARE International.

UNHCR (2002), Environmental Considerations in the Life Cycle of Refugee Camps. Jenèv.

WWF and American Red Cross (2010), Green Recovery and ReKonstriksyon Toolkit for Humanitarian Aid. Washington DC. [www.worldwildlife.org/what/partners/humanitarian/green-recovery-and-reKonstriksyon-toolkit.html](http://www.worldwildlife.org/what/partners/humanitarian/green-recovery-and-reKonstriksyon-toolkit.html)

## Atik ki pa alimantè/atik dijans

IASC Emergency Shelter Cluster (2007), Selecting NFIs for Shelter. Jenèv.

IASC Task Force on Safe Access to Firewood and Alternative Energy in humanitarian settings (2009), Decision Tree Diagrams on Factors Affecting Choice of Fuel Strategy in Humanitarian Settings. Jenèv.

ICRC/IFRC (2009), Emergency Items Catalogue. Twazyèm Edisyon. Jenèv.

IFRC and Oxfam International (2007), Plastic Sheeting: a guide to the specification and use of plastic sheeting in humanitarian relief. Oxford.

Inter-Agency Procurement Services Offices (2000), Emergency Relief Items: Vol 1 ak 2. United Nations Development Programme. Nouyòk.





OCHA (2004), Tents: A Guide to the Use and Logistics of Family Tents in Humanitarian Relief. Jenèv.

### Dokiman legal entènasyonal

The Right to Adequate Housing (Article 11 (1) Covenant on Economic, Social and Cultural Rights), CECSC General Comment 4, 12 December 1991, Committee on Economic, Social and Cultural Rights.

Convention on the Elimination of All Forms of Discrimination Against Women (1981); Article 14(2)(h).

Convention on the Rights of the Child (1990); Article 27(3).

International Convention on the Elimination of All Forms of Racial Discrimination (1969); Article 5(ak)(iii).

International Convention Relating to the Status of Refugees (1954); Article 21.

Universal Declaration of Human Rights (1948); Article 25.

### Jeneral

Corsellis, T and Vitale, A (2005), Transitional Settlement:

Davis, J and Lambert, R (2002), Jeni nan Ijans: RedR/IT Publications. Lonn.

Inter-Agency Network for Education in Emergencies (INEE) (2010), Minimum Standards for Education: Nouyòk. [www.ineesite.org](http://www.ineesite.org)

Komite Pèmanan Entè-òganizasyon (IASC) (2008), Shelter Projects 2008. IASC Emergency Shelter Cluster. Jenèv.

International Federation of Red Cross and Red Crescent Societies (IFRC) (2010), Owner-Driven Housing ReKonstriksyon Guidelines. Jenèv.

IFRC/United Nations Human Settlements Programme (UN-Habitat) (2010), Shelter Projects 2009. IFRC. IFRC Jenèv.

OCHA (2010), Shelter after disaster: strategies for transitional settlement and reKonstriksyon. Jenèv.

ProVention Consortium (2007), Tools for Mainstreaming Disaster Risk Reduction: Konstriksyon Design, Building Standards and Site Selection, Guidance Note 12. Jenèv.

United Nations Disaster Relief Organization (UNDRO) (1982), Shelter After Disaster: Jenèv.

UNHCR (2007), Handbook for Emergencies. Twazyèm Edisyon. Jenèv.

United Nations Office for the Coordination of Humanitarian Affairs (OCHA), UN Refugee Agency (UNHCR), Office of the UN High Commissioner for Human Rights (OHCHR), Food and Agriculture Organization of the UN (FAO), Norwegian





Refugee Council (NRC) (2006), Handbook on the Implementation of the UN Principles on Housing and Property Restitution Rights for Refugees and Displaced Persons (The “Pinheiro Principles”).

World Bank (2010), Handbook for Post-Disaster Housing and Community ReKonstriksyon. Washington. Washington, DC.

### Lajan kach, bon mache ak evalyasyon mache

Albu, M (2010), The Emergency Market Mapping and Analysis Toolkit. Practical Action Publishing. Rugby, UK.

Creti, P and Jaspars, S (2006), Cash Transfer Programming in Emergencies. Oxfam. Oxford Oxfam. Oxford

International Committee of the Red Cross (ICRC)/IFRC (2007), Guidelines for cash transfer programming. Jenèv.

### Lekòl ak edifis publik

UN International Strategy for Disaster Reduction, INEE, World Bank (2009), Guidance Notes on Safer School Konstriksyon.

### Sant kominotè tanporè

CCCM Cluster (2010), Collective Centre Guidelines. UNHCR and International Organization for Migration. Jenèv.

NRC (2008), Camp Management Toolkit. Oslo.

### Sèks

IASC (2006), Women, Girls, Boys and Men: Different Needs – Equal Opportunities: The Gender Handbook in Humanitarian Action. Jenèv.

### Sipò sikososyal

IASC (2007), Guidelines on Sante mantal and Psychosocial Support in Emergency Settings. Jenèv.





Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè





# Estanda Minimòm nan Sèvis Sante





# Fason pou itilize chapit sa a

## Chapit sa separe an de (2) seksyon prensipal:

### Sistèm sante

### Sèvis sante debaz

Yo adopte yon apwòch sistèm sante nan planifikasyon, aplikasyon, kontwòl ak evalyasyon sèvis kòm yon estrikti pou òganize sèvis sante pandan repons pou katastwòf. Se mwayen ki pi fyab pou asire yo idantifye bezwen sante priyorité ak satisfè bezwen sa yo nan yon mannyè ki ekonomik ak efikas. Yo konsantre sou apwòch tankou fason pou sipòte sistèm sante nasyonal sipò ak sistèm sante lokal, kowòdinasyon ak nòmalizasyon zouti.

Nou dwe itilize Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo sistematikman nan chapit sa a.

Menmsi yo deziyen sitou pou bay enfòmasyon pou repons imanitè nan yon katastwòf, yo ka konsidere estanda minimòm yo tou pandan preparasyon pou katastwòf la ak tranzisyon nan aktivite redràsman yo.

Chak seksyon gen sa ki pi ba yo:

- **Estanda minimòm:** Estanda sa yo gen gen kalite kalitatif epi yo espesifye nivo minimòm yo dwe rive pou jwenn nan distribisyon sèvis sante a.
- **Aksyon kle:** sa yo se aktivite ak kontribisyon yo sjere pou ede satisfè estanda yo.
- **Endikatè kle:** sa yo se 'siy' ki montre si yo rive nan yon estanda ou pa. Yo ofri yon metòd pou pran mezi epi kominike pwosede ak rezulta aksyon kle yo; yo gen rapò ak estanda minimòm alan, pa aksyon kle a.
- **Nòt oryantasyon:** Yo gen pwen espesifik pou konsidere Lè n ap aplike estanda minimòm, aksyon kle ak endikatè kle yo nan differan sitiayson. Yo bay oryantasyon sou fason pou jere difikilite pratik, pwen referans oswa konsèy sou priyorité. Anplis yo kapab genyen pwoblèm kritik ki asosye ak estanda, aksyon oswa endikatè, epitou yo dekri dilèm, polemik oswa divèjans nan konesans kouran.

Si yo pa kapab atenn aksyon ak endikatè kle ki nesesè yo, yo dwe evalye move konsekans sa lakòz sou popilasyon ki afekte a epi adopte mezi apwopriye pou diminye sa.

Dokiman siplemantè nan fen chapit la gen ladan yon lis pou evalyasyon sèvis sante, modèl fòm rapòtaj sou siveyans ak fòmil pou kalkile endikatè sante kle yo. Genyen tou yon seksyon pou referans ak pou lòt lekti.






# Sa ki nan Gid la

Entwodiksyon.....	293
1. Sistèm sante .....	298
2. Sèvis sante debaz.....	311
2.1. Sèvis sante debaz – kontwòl maladi kontajye .....	313
2.2. Sèvis sante debaz – sante timoun .....	322
2.3. Sèvis sante debaz – sante seksyèl ak repwodiktif .....	326
2.4. Sèvis sante debaz – blesi .....	332
2.5. Sèvis sante debaz – sante mantal .....	335
2.6. Sèvis sante debaz – maladi ki pa kontajye .....	337
Dokiman Siplemantè 1: Lis evalyasyon sante.....	339
Dokiman Siplemantè 2: Modèl Fòm pou Rapòtaj sou Siveyans chak Semèn ..	342
Dokiman Siplemantè 3: Fòmil pou kalkile endikatè kle sante .....	347
Referans ak lekti konplemantè .....	349





## Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè





# Entwodiksyon

## Lyen ki mennen Dokiman Jiridik Imanitè ak Iwa entènasyonal

Estanda minimòm nan sèvis sante se yon ekspresyon pratik konviksyon ak angajman komen ajans imanitè yo ak prensip komen ki gouvène aksyon imanitè ki fikse nan Dokiman Jiridik Imanitè. Prensip sa yo baze sou prensip limanitè, epitou yo eksprime nan Iwa entènasyonal. Yo gen ladan dwa pou moun viv nan diyite, dwa pou moun jwenn pwoteksyon ak sekirite, ak dwa pou moun resevwa èd imanitè sou baz nesesite. Yon lis dokiman legal ak politik enpòtan ki gide Dokiman Jiridik Imanitè a disponib pou referans nan Anèks 1 (al gade paj 356), avèk kòmantè eksplikasyon pou travayè imanitè yo.

Menmsi leta yo reprezante garanti prensipal responsablite yo anrapò avèk dwa ki endike anwo a, ajans imanitè yo gen yon responsablite pou travay avèk popilasyon ki afekte nan katastwòf yo nan yon fason ki konfòm avèk dwa sa yo. Nan dwa jeneral sa yo genyen yon kantite dwa ki pi espesifik. Dwa sa yo gen ladan dwa pou patisipasyon, enfòmasyon ak non-diskriminasyon, ak dwa espesifik pou jwenn dlo, manje, refij ak sante ki baze sou estanda sa yo ak sou estanda minimòm ki nan Manyèl sa a.

Tout moun genyen dwa pou sante, jan yo rekonèt sa nan yon kantite dokiman legal entènasyonal. Yo kapab asire dwa pou sante sèlman si popilasyon an jwenn pwoteksyon, si yo byen fòme ak angaje pwofesyonèl yo ki responsab pou sistèm swen sante nan prensip etik ak estanda pwofesyonèl yo, si sistèm kote y ap travay la deziyen pou satisfè estanda minimòm bezwen yo, epitou si leta vle ak anmezi pou kreye ak jwenn kondisyon sekirite ak stabilite sa yo. Nan moman konfli ame, lopital sivil yo ak sant medikal yo pa kapab nan okenn sikontans sibi atak, epitou manm pèsonèl sante ak manm pèsonèl medikal yo gen dwa pou jwenn pwoteksyon. Yo dwe entèdi moun fè zak oswa aktivite ki menase neutralite sant sante yo, tankou poze zam.

Estanda Minimòm ki nan chapit sa a pa reprezante yon ekspresyon konplè dwa pou sante. Sepandan, estanda Sphere yo montre kontni debaz dwa pou sante, sitou pandan ijans yo, epitou yo kontribye nan reyalizasyon dwa sa a ofi-amezi sou plan global.





## Enpòtans sèvis sante nan katastwòf yo

Aksè nan swen sante se yon karakteristik enpòtan pou siviv nan premye etap yon katastwòf. Katastwòf yo prèske toujou genyen gwo konsekans sou sante publik la ak sou byennèt popilasyon ki afekte yo. Konsekans sou sante publik la ka dekri kòm konsekans ki dirèk (pa egzanp, lanmò nan vyolans ak nan blesi) oswa kòm konsekans endirèk (pa egzanp, ogmantasyon to maladi enfektye, ak/oswa malnitrisyon). Anjeneral, konsekans endirèk sa yo sou sante a asosye ak faktè tankou kantite ak kalite dlo ki pa konvnab, degradasyon nan enstalasyon sanitè yo, deranjman oswa rediksyon nan aksè nan sèvis sante ak deteryorasyon sekirite manje. Mank sekirite, difilikite nan mouvman, deplasman popilasyon ak kondisyon lavi ki vin grav (twòp moun ki nan refij yo ak refij ki pa konvnab) kapab reprezante menas sou sante publik tou. Chanjman klima a ka ogmante frajilite ak risk.

Objektif primè repons imanitè nan kriz imanitè se pou evite ak redui twòp mòtalite ak mòbidite. Objektif prensipal la se pou kite to mòtalite brit la (CMR) ak to mòtalite timoun ki poko gen laj 5 ane (U5MR) a mwens pase doub to debaz la oswa pou redui li a mwens pase doub to debaz la ki endike nan dokiman pou popilasyon an anvan katastwòf la (al gade tablo sou done mòtalite referans debaz selon rejyon an nan paj 311). Diferan kalite katastwòf yo asosye avèk diferan echèl ak modèl mòtalite ak mòbidite ak mòbidite (al gade tablo sou konsekans sou sante publik katastwòf chwazi yo), epitou kidonk bezwen medikal yon popilasyon ki afekte ap varye selon kalite ak enpòtans katastwòf la.

Kontribisyon nan sektè sante a se pou ofri sèvis sante debaz, tankou entèvansyon pou prevansyon ak pou pwomosyon ki efikas nan redui risk sou sante. Sèvis sante debaz yo se entèvansyon priorité sou santre ki efikas nan abòde kòz prensipal mòtalite ak mòbidite egzajere a. Aplikasyon sèvis sante debaz yo dwe jwenn sipò aksyon yo pou bay sistèm sante a jarèt. Fason yo planifie, òganize ak distribye entèvansyon sou sante a kòm repons nan yon katastwòf kapab swa amelyore oswa antrave sistèm sante ki egziste yo ak redrèsman ak devlopman alavni.

Yon analiz sistèm sante ki egziste a nesesè pou detèmine nivo pèfòmans sistèm nan, epitou pou idantifye gwo kontrent yo distribisyon sèvis sante a ak nan aksè nan sèvis sante a. Nan premye etap yon katastwòf, enfòmasyon yo kapab pa konplè, epitou yo te ka pran desizyon enpòtan sou sante publik la san tout done enpòtan yo pa disponib. Yon ta dwe fè yon evalyasyon nan plizyè sektè san pèdi tan (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).

Pi bon repons reyalize nan pi bon preparasyon. Preparasyon baze baze sou yon analiz risk yo epi li lye ak yon sistèm avètisman bonè yo. Preparasyon an gen ladan kreyasyon plan rezèv, estokaj ekipman ak materyèl, kreyasyon ak/oswa





antretyen sèvis ijans yo ak aranjman pou sekou, komunikasyon, jesyon enfòma-syon ak aranjman kowòdinasyon, fòmasyon anplwaye, planifikasyon nan nivo kominotè, antrènman pou montre kijan pou deplase ak egzèsis. Aplikasyon kòd konstriksyon kapab fè vin gen yon gwo rediksyon nan kantite lanmò ak blesi grav ki asosye avèk tranblemanntè, epi/oswa sa kapab asire sant sante yo toujou ap fonksyone apre katastwòf yo.

### **Konsekans katastwòf chwazi sou sante piblik**

Nòt: Menm pou kalite espesifik katastwòf, modèl mòbidite ak mòtalite varye anpil ant yon kontèks ak yon lòt kontèks.

Efè	Ijans konplèks	Tramble-manntè	Gwo van (san inondasyon)	Inondasyon	Inondasyon/radmare toudenkou
Lanmò	Anpil	Anpil	Kèk	Kèk	Anpil
Blesi grav	Varye	Anpil	Modere	Kèk	Kèk
Ogmantasyon risk pou maladi kontajye	Wo	Varye*	Piti	Varye*	Varye*
Rate manje	Komen	Ra	Ra	Varye	Komen
Deplasman piò moun nan popilasyon an	Komen	Ra (ka rive nan zòn iben ki pran gwo domaj)	Ra (ka rive nan zòn iben ki pran gwo domaj)	Komen	Varye

\* Deparnde deplasman apre katastwòf la ak kondisyon lavi popilasyon an  
Sous: Adapte nan Òganizasyon Panameriken pou Sante, 2000

## **Lyen ki mennen nan lòt chapit**

Akòz konsekans karakteristik diferan sante sou sitiyasyon sante a, anpil estanda ki nan lòt chapit yo enpòtan pou chapit sa a. Pwogrè nan reyalizasyon estanda nan yon domèn souvan enflyanse epi menm detèmine pwogrè nan lòt domèn yo. Pou yon entèvansyon kapab efikas, li nesesè pou genyen bon jan kowòdinasyon ak kolaborasyon avèk lòt sektè yo. Kowòdinasyon avèk otorite lokal yo, lòt ajans repons yo ak òganizasyon kominotè yo nesesè tou pou asire bezwen yo satisfè, pou efò yo pa fèt de fwa, epitou pou itilizasyon resous yo maksimize ak kalite sèvis sante a konvnab. Referans nan estanda espesifik oswa nòt oryantasyon nan lòt chapit teknik fèt kote li enpòtan. Gen referans ki fèt tou nan estanda ki akonpaye chapit yo ak nan estanda konplemantè yo.





## Lyen ki Mennen nan Prensip Pwoteksyon ak Estanda Debaz yo

Pou satisfè estanda yo ki nan Gid sa a, tout ajans imanitè yo dwe suiv Prensip Pwoteksyon yo, menmsi yo pa gen manda pwoteksyon an patikilye oswa kapasite espesyalis nan pwoteksyon. Prensip yo pa tout bagay 'nèt': nou rekonèt sikontans yo kapab limite jiska ki kote ajans yo kapab satisfè yo. Sepandan, Prensip yo reflete enkyetid imanitè inivèsèl ki dwe gide aksyon pandan tout tantoutan.

Estanda Debaz yo se estanda pwosesis ak pèsonèl enpòtan tout sektè yo pataje. Sis Estanda Debaz yo kouvri patisipasyon, evalyasyon inisyal, repons, siblaj, siveyans, evalyasyon, pèfòmans travayè imanitè, ak sipèvizyon avèk soutyen pèsonèl. Yo bay yon sèl pwen referans pou apwòch ki soutni lòt estanda yo ki nan Gid la. Se saksa ki fè chak chapit teknik sipoze akonpànye Estanda Debaz la pou ede akonpli pwòp estanda yo. Sitou pou rasire si nenpòt repons apwopriye epi gen bon kalite, patisipasyon moun yo katastwòf la afekte – tankou gwooup ak gress moun ki gen plis risk nan katastwòf – dwe maksimize.

## Frajilite ak kapasite popilasyon ki afekte nan katastwòf yo

Seksyon sa a te kreye pou li l ansanm ak Estanda Debaz yo ak pou ranfòse yo.

Li enpòtan pou konprann, poutèt yon moun jèn oswa vye, li se yon fanm oswa yon moun ki gen yon andikap oubyen VIH, anlimenm sa pa fè moun nan frajil oubyen gen plis risk. Men, se pito entè-aksyon faktè yo ki fè sa: pa egzanp, yon moun ki gen plis pase 70 ane, ki abite poukонт li epi sante li pa bon pi frajil pase yon moun ki gen menm laj la epi li an ansante ki ap viv ak fanmi li epi ki gen ase lajan. Menm jan an, yon ti fitifi twazan pi frajil si li pa akonpànye pase si li tapt ap viv ak paran responsab kapkap pran swen li.

Lè yo aplike estanda sèvis sante a ak aksyon kle yo, yon analiz sou frajilite ak kapasite ap ede asire yon efò repons nan katastwòf la ak sipòte moun ki gen yon dwa pou jwenn asistans nan yon mannyè ki san diskriminasyon ak moun ki bezwen li piplis. Sa mande pou yo byen konprann kontèks lokal la ak fason yon katastwòf patikilye gen enpak sou gwooup moun patikilye nan diferan fason akòz frajilite ki egziste deja (pa egzanp lè yon moun pòv anpil oswa lè li viktим pratik diskriminasyon), ekspozisyon yo nan divès menas pwoteksyon (pa egzanp, vyolans ki baze sou sèks, tankou eksplwatasyon sekspèl), ensidans oswa prevalans maladi (pa egzanp, VIH oswa tibèkiloz) ak posiblite epidemi (pa egzanp, lawoujòl oswa kolera). Katastwòf yo kapab lakòz inegalite ki la dejà yo vin pi grav. Sepandan, li





ap enpòtan ou soutni estrateji moun yo pou yo siviv ak kapasite pou kenbe fèm ak retabli yo. Se pou soutni konesans, kapasite ak estrateji yo epi defann yo pou jwenn aksè ak soutyen sosyal, legal, finansye ak psiko-sosyal. Yo dwe konsidere tou divès baryè fizik, kiltirèl, ekonomik ak sosyal yo kapab rankontre pou jwenn sèvis sa yo san patipri.

Sa ki anba la a endike kèk domèn kle y ap asire yo konsidere dwa ak kapasite moun frajil yo:

- ▶ Maksimize patisipasyon moun yo, pou asire tout gwoup reprezentatif yo ajoute, sitou gwoup ki mwen vizib yo (pa egzanp, moun ki gen pwoblèm komunikasyon oswa pwoblèm deplasman, moun k ap viv nan enstitusyon yo, jèn moun yo kondane ak lòt gwoup ki mal reprezante oswa ki pa reprezante ditou).
- ▶ Separe done yo pa sèks ak laj (0–80+ ane) pandan evalyasyon an kòm yon eleman enpòtan pou asire sektè sante a konsidere divèsite popilasyon yo kòmsadwa.
- ▶ Asire yo kominike dwa pou enfòmasyon sou dwa yo nan yon mannyè ki konsidere tout manm popilasyon an epitou ki aksesib pou yo.





## Estanda minimòm

# 1. Sistèm sante

Òganizasyon Mondyal Sante (OMS) defini sistèm sante a kòm: "tout òrganiza-syon, enstitisyon ak resous ki deziyen pou pwodui sèvis sante". Li gen ladan divès kalite aktè ki angaje nan distribisyon, finansman ak jesyon sèvis sante yo, eñò pou enfiyanse karakteristik sante, epitou pou ofri sèvis sante dirèk, ak pou kouvri tout nivo yo: santral, reyjonal, distri, kominotè ak menaj.

Estanda sistèm sante Sphere òganize selon estrikti sistèm sante OMS, ki gen ladan sis (6) eleman debaz: iespri lidè, resous imèn, medikaman ak ekipman medikal, finansman sante, jesyon enfòmasyon sou sante ak distribisyon sèvis la. Genyen anpil entè-koneksyon ak entè-aksyon ant chak nan fonksyon sa yo, epitou yon aksyon ki afekte yon eleman kapab afekte lòt yo tou. Eleman debaz sa yo nan sistèm sante a se fonksyon ki nesesè pou ofri sèvis sante debaz. Yo ta dwe deziyen akaplike entèvansyon nan sante pandan repons pou katastwòf nan yon mannyè ki kontribye pou ranfòse sistèm sante yo.

### Estanda 1 nan sistèm sante yo: Distribisyon sèvis sante

Moun yo gen menm aksè nan bon kalite sèvis sante ki efikas ak pwoteje, ki estanda epi ki suiv pwotokòl ak gid yo aksepte yo.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Ofri sèvis sante nan nivo sistèm sante a kòmsadwa. Pami nivo yo genyen menaj ak kominotè, klinik oswa pòs sante, sant sante ak lopital (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Adapte oswa kreye pwotokòl ki estanda pou jesyon dosye pou maladi ki pi komen yo, kote w ap konsidere estanda ak gid nasyonal yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Etabli oubyen ranfòse yon sistèm referans estanda epi asire tout ajans yo itilize li (al gade nòt oryantasyon 1).





- ▶ Kreye oswa ranföse yon sistèm ki estanda pou triyaj nan tout sant sante yo pou asire moun ki gen sentòm ijans yo resevwa tretman imedyatman.
- ▶ Kòmanse edikasyon ak pwomosyon sante nan nivo kominotè a ak nan nivo sant sante yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Kreye epi suiv itilizasyon pwoteje ak rasyonèl kantite san yo bay ak pwodui abaz san (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Asire sèvis laboratwa yo disponib ak itilize lè sa endike (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Evite kreyasyon sèvis sante altènatif oswa paralèl, tankou klinik mobil ak lopital kanpay (al gade nòt oryantasyon 7–8).
- ▶ Konsevwa sèvis sante yo nan yon mannyè pou asire dwa konfidansyalite pasyan yo, konfidansyalite ak konsantman reflechi (al gade nòt oryantasyon 9).
- ▶ Aplike pwosedji jesyon dechè kòmsadwa, mezi sekirite ak metòd kontwòl enfeksyon nan sant sante yo (al gade nòt oryantasyon 10–11, ak estanda 1 pou jesyon dechè solid nan paj 117).
- ▶ Trete kadav moun ki mouri yo nan yon mannyè ki montre diyite, kòmsadwa sou plan kiltirèl epitou ki baze sou bon pratik sante publik (al gade nòt oryantasyon 12 ak estanda 1 pou Jesyon dechè solid, nòt oryantasyon 8 nan paj 120).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Genyen yon kantite konvnab sant sante pou satisfè bezwen sante debaz tout popilasyon ki afekte nan katastwòf la:
  - yon inite sante debaz/popilasyon ki gen 10,000 moun (inite sante debaz yo se sant swen sante primè kote yo ofri sèvis sante jeneral)
  - yon sant sante/50,000 moun
  - yon lopital distri oswa yon lopital riral/250,000 moun
  - >10 kabann pou pasyan ki entène ak pou matènité/10,000 moun (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ To itilizasyon nan sante yo se 2–4 nouvo konsiltasyon/moun/ane pamipopilasyon ki afekte nan katastwòf la ak >1 nouvo konsiltasyon/moun/ane pamipopilasyon riral yo ak popilasyon ki gaye yo (al gade nòt oryantasyon 4 ak Dokiman Siplementè 3: Fòmil pou kalkile endikatè sante kle yo).



## Nòt oryantasyon

- Nivo swen:** Sant sante yo klase selon nivo swen selon kantite yo ak sèvis yo ofri yo. Kantite ak adrès sant sante ki nesesè yo kapab varye ant yon kontèks ak yon lòt kontèks.

Sistèm sante yo dwe devlope tou yon pwoesisis pou kontinye ofri swen an. Sa reyalize pi byen lè yo kreye yon sistèm rekòmandasyon efikas, sitou pou entèvansyon pou sove lavi moun yo. Sistèm rekòmandasyon an ta dwe fonksyone 24 èdtan pa jou, ak sèt (7) jou pa semèn.

- Estanda ak gid nasyonal yo:** An jeneral, ajans yo ta dwe respekte estanda ak gid sante peyi kote y ap egzekite repons pou katastwòf la, tankou pwotokòl tretman ak lis medikaman debaz yo. Lè yo pase mòd oswa lè yo pa montre pratik ki baze sou prèv, yo ta dwe itilize estanda entènasyonal yo kòm referans, epitou ajans prensipal pou sektè sante a ta dwe sipòte Ministè Sante (MS) pou fè Mizajou nan yo.
- Pwomosyon pou sante:** Yo ta dwe mete anplas yon pwogram ki aktif nan pwomosyon sante kominotè yo ka inisyé nan tèt kole ak otorite lasante lokal ak reprezantan kominotè a, epi asire yon reprezantasyon balanse pou fam ak gason. Pwogram nan ta dwe bay enfòmasyon sou pwoblèm prensipal sante epidemik, risk sante, disponiblite ak adrès sèvis sante yo, epitou konpòtman ki pwoteje ak ankoraje bon sante, epi ki abòde ak dekoraje pratik nuizib yo. Mesaj ak dokiman sante publik yo ta dwe itilize langaj ak medya kòmsadwa, epitou yo ta dwe respekte kilti popilasyon an ak fasil pou konprann. Lekòl yo ak espas ki adapte pou timoun yo se espas ki enpòtan pou divilge enfòmasyon yo ak pou kontakte timoun ak paran yo (al gade estanda Minimòm INEE pou Edikasyon – estanda 3 pou aksè ak anviwònman aprantisaj).
- To itilizasyon sèvis sante:** Pa gen chif limit minimòm pou itilizasyon sèvis sante, paske sa ap varye ant yon kontèks ak yon lòt kontèks. Pami popilasyon riral ki estab ak gaye, to itilizasyon yo ta dwe omwen 1 nouvo konsiltasyon/moun/ane. Pami popilasyon ki afekte nan katastwòf la, yo ka espere jwenn yon mwayèn 2–4 nouvo konsiltasyon/moun/ane. Si to itilizasyon an pi pa baze sa ki prevwa a, li ka endike aksè nan sèvis sante yo yon fason ki pa konvnab. Si to a pi wo, li ka sijere itilizasyon egzajere akòz yon pwoblèm sante publik espesifik oswa sou-estimasyon popilasyon sib la. Lè y ap analize to itilizasyon yo, yo ta dwe konsidere sitou itilizasyon an selon sèks, laj, oriin etnik ak andikap (al gade Dokiman Siplementè 3: Fòmil pou kalkile endikatè sante kle yo).
- Transfizyon san yon fason ki pwoteje:** Yo ta dwe kowòdone efò avèk sèvis transfizyon san nasyonal la (BTS), si gen youn. Yo ta dwe pran san sèlman nan moun ki fè don san yo san yo pa touche lajan pou sa. Yo ta dwe kreye bon pratik laboratwa, tankou tès depistaj pou enfeksyon ki ka transmèt nan transfizyon sa an, gwoup sangen, tès kontablite, pwodiksyon eleman abaz san ak estokaj ak





transpò pwodui abaz san yo. Yo kapab redui transfizyon san ki pa nesesè avèk itilizasyon efikas san, tankou itilizasyon altènativ pou transfizyon (kristaloyid ak koloyid), kote li posib. Yo ta dwe antrene anplwaye klinik yo kòmsadwa pou asire distribisyon san pwoteje ak itilizasyon efikas klinik san an.

6. **Sèvis laboratwa:** Yo kapab dyagnostike maladi kontajye ki pi komen yo sou plan klinik (pa egzanp, dyare, enfeksyon respiratwa grav) oswa avèk asistans tès dyagnostik rapid oswa mikwoskopji (pa egzanp, malarya). Tès laboratwa se tès ki pi itil pou konfime kòz yon epidemi yo sisipèk, tès pou kilti ak sansiblite nan antibiyotik pou ede nan desizyon sou jesyon dosye yo (pa egzanp, disantri) ak chwa vaksen kote iminizasyon anmas ka endike sa (pa egzanp, menenjít menengokoksik). Pou sèten maladi ki pa kontajye, tankou dyabèt, tès laboratwa a enpòtan pou dyagnostik ak pou tretman an.
7. **Klinik mobil yo:** Pandan kèk katastwòf, li ka nesesè pou opere klinik mobil yo pou yo kapab satisfè bezwen popilasyon ki izole oswa mobil epi ki genyen aksè limite nan swen sante. Klinik mobil yo te pwouve yo enpòtan tou nan bay plis aksè nan tretman nan epidemi kote yo prevwa yon gwo kantite ka, tankou epidemi malarya. Yo ta dwe entwodui klinik mobil yo sèlman apre konsilasyon avèk ajans prensipal la pou sektè sante a epitou avèk otorite lokal yo (al gade estanda 6 nan sistèm Sante yo nan paj 307).
8. **Lopital kanpay yo:** Pafwa, lopital kanpay yo ka reprezante sèl fason pou ofri swen sante lè lopital ki eggiste domaje yon fason ki grav oswa lè yo detwi. Men, anjeneral li pi efikas pou ofri resous pou lopital ki eggiste yo pou yo kapab kòmanse travay ankò oswa pou yo degaje yo avèk kantite pasyan siplemantè yo. Li ka konvhab pou deplwaye yon lopital kanpay pou ofri swen imedyat pou blesi twomatik (premye 48 èdtan yo), swen segondè pou blesi twomatik ak swen chirijikal woutin ak ijans obstetrik (jou 3–15) oswa kòm yon sant pwovizwa pou ranplase yon lopital lokal ki domaje jouk lè yo re-konstwi li. Paske lopital kanpay yo vizib anpil, gouvènman ki fè don lopital sa yo fè souvan gwo presyon politik pou deplwaye yo. Men, li enpòtan pou pran desizyon pou deplwaye lopital kanpay yo ki baze sèlman sou nesesite ak valè ajoute a.
9. **Dwa pasyan yo:** Yo ta dwe konsevwa sant ak sèvis sante yo nan yon mannyè ki asire entimite ak konfidansyalite. Yo ta dwe chèche jwenn konsantman reflechi pasyan yo (oswa konsantman reflechi gadyen legal yo si pasyan yo pa konpetan pou fè sa), anvan pwosedi medikal oswa pwosedi chirijikal). Anplwaye sante yo ta dwe rekonèt pasyan yo gen dwa pou konnen kisa k ap fèt nan chak pwosedi, ak avantaj ki prevwa, risk posib, frè pou peze ak dire a.
10. **Kontwòl enfeksyon nan anviwònman swen sante ak sekirite pasyan yo:** Pou gen yon repons efikas pandan katastwòf yo, yo ta dwe aplike konti-



nyasyon prevansyon enfeksyon ak pwogram kontwòl yo alafwa nan nivo nasyonal ak lokal, epi nan divès nivo sant swen sante. Yon pwogram IPC (prevansyon ak kontwòl enfeksyon) konsa nan yon sant swen sante ta dwe gen ladan:

- règleman IPC ki defini (pa egzanp, mezi woutin ak adisyonèl pou kontwòl enfeksyon pou abòde menas posib yo)
- anplwaye teknik kalifye ak devwe (anplwaye IPC) pou fè fonksyone pwogram kontwòl la avèk yon posiblite, fonksyon ak responsabilite ki defini
- sistèm siveyans pou avètisman bonè pou deteksyon epidemi maladi kontajye
- bidjè ki defini pou aktivite (pa egzanp, fòmasyon anplwaye) ak ekipman kòm repons pou yon ijans
- prekosyon estanda ki ranfòse ak prekosyon espesifik adisyonèl ki defini pou yon maladi epidemik
- kontwòl administratif (pa egzanp, règleman pou izòlman) ak kontwòl anviwònman ak kontwòl jeni (pa egzanp, amelyorasyon ayerasyon anviwònman an)
- ekipman ki itilize pou pwoteksyon pèsonèl
- Pratik IPC ki kontwole ak rekòmandasyon yo revize regilyèman.

**11. Dechè swen sante:** Yo kapab separe dechè danjere ki kreye nan sant swen sante an dechè enfektye ki pa file, dechè ki file ak dechè komen ki pa enfektye. Move jesyon dechè swen sante ap pètèt ekspose anplwaye sante yo, anplwaye netwayaj yo, manipilatè dechè yo, pasyan yo ak lòt moun ki nan kominotè a nan enfeksyon tankou VIH, epatit B ak epatit C. Yo dwe aplike bon jan separasyon nan pwen oriñin dechè yo avèk pwosedi eliminasyon espesifik kategori final la pou kapab minimize risk enfeksyon. Anplwaye ki afekte nan manipilasyon dechè swen sante a ta dwe resevwa bon jan antrènman, epitou yo ta dwe mete ekipman pwoteksyon (gan ak bòt se egzijans minimòm yo). Tretman ta dwe fèt selon kalite dechè a: pa egzanp, yo ta dwe eliminate dechè enfektye ki pa file, ak dechè file yo nan gwo twou ki pwoteje oswa yo ta dwe boule yo.

**12. Fason pou trete kadav moun ki mouri yo:** Lè katastwòf yo lakòz ampil ka lanmò, jesyon yo gwo kantite kadav ap vin nesesè. Antèman gwo kantite kadav moun nan tonm anmas baze souvan sou fo konviksyon ki endike yo reprezante yon risk pou sante si yo pa antere yo oswa si yo pa boule yo imedyatman. Nan sèlman yon ti kantite ka (pa egzanp, ka lanmò ke maladi kolera oswa lafyèv emorajik viral lakòz) lakòz kadav moun yo reprezante risk ak egzije prekosyon espesifik. Moun yo ta dwe jwenn opòtinite pou idantifye manm fanmi yo, epitou pou yo fè seremoni antèman pou yo kòmsadwa sou plan kiltirèl. Antèman anmas ka reprezante yon baryè pou jwenn sètifikasi lanmò ki nesesè pou fè reklamasyon legal yo. Lè moun ki antere yo se viktim





vyolans, yo ta dwe konsidere pwoblèm lamedsin legal (al gade estanda 2 nan Refij ak kominotè, nòt oryantasyon 3 nan paj 255).

## **Estanda 2 pou sistèm sante yo: Resous imèn**

Se anplwaye sante ki fòme ak konpetan ki dwe ofri sèvis sante. Yo dwe genyen yon melanj konesans ak konpetans konvnable pou satisfè bezwen popilasyon an.

### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Revize nivo ak kapasite anplwaye yo kòm yon eleman kle evalyasyon sante debaz la.
- ▶ Abòde dezekilib la nan kantite anplwaye yo, melanj konpetans yo ak sèks yo epi/oswa rasyon etnik yo kote sa posib (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Sipòte travayè sante lokal yo, epitou mete yo tout nan sèvis sante a, pandan w ap konsidere konpetans yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Asire travayè oksilyè konvnable yo pou sipòte fonksyon ki nan chak sante.
- ▶ Fòme anplwaye klinik yo nan itilizasyon pwotokòl ak gid klinik (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Ofri sipèvizon sipò pou anplwaye yo sou yon baz regilye pou asire yo konfòme yo avèk estanda yo ak gid yo, tankou pou bay remak.
- ▶ Nòmalyze pwogram fòmasyon yo epi bay prioritè pou yo selon bezwen sante kle yo ak mank konpetans yo.
- ▶ Asire peman salè san patipri ak fyab pou tout travayè sante yo, ki aksepte ant tout ajans yo epitou nan tèt ansanm avèk otorite sante nasyonal yo.
- ▶ Asire yon anviwònman travay pwoteje, tankou ijjèn debaz ak pwoteksyon pou tout travayè sante yo.

### **Endikatè kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Genyen omwen 22 travayè sante kalifye (doktè medikal, enfimyè, ak fanmsaj)/popilasyon 10,000 moun (al gade nòt oryantasyon 1):
  - omwen yon doktè medikal/popilasyon 50.000 moun
  - omwen yon enfimyè kalifye/popilasyon 10.000 moun
  - omwen yon fanmsaj /popilasyon 10.000 moun.





- ▶ Genyen omwen yon travayè sante kominotè (CHW)/popilasyon 1.000 moun, yon sipèvizè/10 vizitè nan kay ak yon sipèvizè prensipal. Klinisyen yo pa oblige konsilte plis pase 50 pasyan pa jou toutan. Si yo depase limit sa a regilyèman, yo dwe anboche anplwaye klinik adisyonèl (al gade nòt oryantasyon 1 ak Dokiman Siplementè 3: Fòmil pou kalkile endikatè sante kle yo).

### Nòt oryantasyon

1. **Nivo anbochaj anplwaye:** Anplwaye sante yo gen ladan yo divès kalite travayè sante tankou doktè medikal, enfimyè, fanmsaj, ofisyè klinik oswa asistan-doktè, teknisyen laboratwa, famasyen, CHW, elatriye, epitou gen anplwaye direksyon ak anplwaye sipò. Pa gen konsansis sou yon nivo optimal travayè sante pou yon popilasyon, epitou sa kapab varye ant yon kontèks ak yon lòt kontèks. Men, genyen korelasyon ant disponiblité travayè sante yo ak kouvèti entèvansyon sante yo. Pa egzanp, prezans yon sèl travayè sante fanm oswa yon reprezantan yon gwoup etnik minoritè nan yon gwoup anplwaye ka pèmèt fanm yo oswa moun gwoup minoritè yo jwenn plis aksè nan sèvis sante a. Yo dwe abòde pwoblèm dezekilib nan anbochaj anplwaye yo avèk re-deplwaman ak/oswa anbochaj travayè sante nan zòn kote gen yon mank enpòtan anrapò avèk bezwen sante (al gade Estanda Debaz 6 nan paj 71).
2. **Fòmasyon ak sipèvizyon anplwaye yo:** Travayè sante yo ta dwe jwenn bon jan fòmasyon ak konpetans ak sipò sipèvizyon pou nivo responsabilite yo. Ajans yo gen yon obligasyon pou fòme ak sipèvize anplwaye yo pou asire gen mizajou ki fèt nan konesans yo. Fòmasyon ak sipèvizyon an ap pi gwo priyorité sitou kote anplwaye yo pa t resevwa fòmasyon kontini, oswa kote yo entwodui nouvo pwotokòl yo. Jan sa ka posib, yo ta dwe nòmalize pwogram fòmasyon yo, epitou yo ta dwe bay priyorité pou pwogram sa yo selon bezwen sante kle yo ak mank konpetans yo idantifye nan sipèvizyon. Yo ta dwe konsève dosye moun ki resevwa fòmasyon nan yon domèn, moun ki bay fòmasyon an, lè yo bay fòmasyon an, ak kote yo bay fòmasyon an. Yo ta dwe divilge enfòmasyon sa yo ba seksyon resous imèn otorite sante lokal yo (al gade Estanda Debaz 6 nan paj 71).

### Estanda 3 nan sistèm sante: Medikaman ak ekipman medikal

Moun yo gen aksè nan yon kantite medikaman ak sa ki ka konsome.

### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Revize lis medikaman debaz ki genyen nan peyi ki afekte nan katastwòf la bonè kòm repons pou detèrmine si yo konvnab (al gade nòt oryantasyon 1).





- ▶ Kreye akapwouve medikaman debaz ofisyèl ak yon lis ekipman medikal ki gen atik ki konvnab pou bezwen sante ak pou nivo konpetans travayè sante yo (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Kreye oswa adapte yon sistèm efikas pou kontwole medikaman (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Asire medikaman debaz pou tretman maladi komen yo disponib.
- ▶ Aksepte don medikaman sèlman si don sa yo respekte gid yo rekonèt sou plan entènasyonal. Pa itilize don ki pa respekte gid sa yo epi elimine yo yon fason ki pwoteje.

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Okenn sant sante pa dwe manke estòk medikaman debaz yo chwazi yo ak pwodui trasè yo pou plis pase yon semèn (al gade nòt oryantasyon 4).

### Nòt oryantasyon

1. **Lis medikaman debaz yo:** Pifò peyi kreye yon lis medikaman debaz. Yo ta dwe revize dokiman sa a, lè li nesesè, nan tèt ansanm avèk otorite sante prensipal la bonè nan reposn pou katastwòf la pou detèmine si li konvnab. Pafwa, li ka nesesè pou fè chanjman nan lis medikaman debaz yo, pa egzanp, si gen prèv rezistans nan anti-mikwobyen ki rekòmande. Si yon dènye lis pa egziste deja, yo ta dwe suiv gid OMS kreye yo, pa egzanp, Lis Medikaman Debaz selon Modèl OMS. Itilizasyon twous estanda ki pake davans ta dwe limite a premye etap yon katastwòf.
2. **Ekipman medikal:** Yo ta dwe pran prekosyon lè y ap defini yon lis ekipman nesesè ki disponib nan diferan nivo swen sante a. Sa ta dwe asosye avèk konpetans nesesè anplwaye yo.
3. **Kontwòl medikaman:** Ajans sante yo dwe kreye yon sistèm efikas pou kontwole medikaman yo. Objektif yon sistèm konsa se pou asire itilizasyon efikas, rantab ak rasyonèl bon kalite medikaman, estokaj ak eliminasyon kòrèk medikaman ki ekspire yo. Sistèm sa a ta dwe baze sou kat eleman enpòtan sik kontwòl medikaman an: seleksyon, akizisyon, distribisyon ak itilizasyon.
4. **Pwodui trasè:** Pwodui sa yo gen ladan yon lis medikaman debaz oswa medikaman kle ki chwazi pou evalye regilyèman fonksyònman sistèm kontwòl medikaman yo. Pwodui yo chwazi kòm pwodui trasè yo ta dwe enpòtan pou prioritè sante piblik lokal yo, epitou yo ta dwe disponib toutan nan sant sante yo. Pami egzanp yo, genyen amoxicillin ak paracetamol.





#### Estanda 4 nan sistèm sante yo: Finansman sante

Moun yo gen aksè nan sèvis swen sante primè gratis pou dire katastwòf la.

##### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identifie ak mobilize resous finansye yo pou ofri sèvis sante gratis nan pwen distribisyon pou popilasyon ki afekte a pandan dire katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Lè se atravè sistèm leta yo chaje frè itilizatè yo, fè aranjman pou yo anile oswa sispann yo tanporèman pou tout dire entèvansyon pou katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Ofri sipò finansye ak teknik pou sistèm sante a pou eliminate nenpòt eka finansye ki kreye akòz abolisyon ak/oswa sispansyon frè pou itilizatè yo peze pou siviv avèk ogmantasyon demann pou sèvis sante a (al gade nòt oryantasyon 1).



##### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)



- ▶ Yo ofri sèvis swen sante primè pou popilasyon ki afekte nan katastwòf la gratis nan tout bilingdò òganizasyon gouvènman ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman pou dire repons pou katastwòf la.

##### Nòt oryantasyon

1. **Finansman sante:** Frè pou peze pou sèvis sante debaz yo varye selon konteks la. Yon konteks konsa gen ladan sistèm sante ki egziste, popilasyon ki afekte nan katastwòf la ak bezwen sante espesifik ki detémine selon katastwòf la. Selon Komisyon OMS pou Makwo-Ekonomi ak Sante, pou ofri yon pake minimòm sèvis sante debaz sa ta lakòz gen depans omwen US\$40/moun/ane nan peyi kote popilasyon an pa touche ase revni (chif ane 2008). Ofri sèvis sante nan anviwònman katastwòf ta ka lakòz pi gwo depans pase nan anviwònman ki estab.
2. **Frè pou itilizatè** yo peze vle di peman dirèk moun ki jwenn sèvis yo fè nan pwen distribisyon sèvis la. Frè itilizatè yo peze antrave aksè nan swen sante a, epitou sa lakòz moun pòv ak moun frajil yo pa toujou chèche swen medikal kòmsadwa lè li nesesè. Yon prensip imanitè debaz sèke sèvis ak machandiz ajans èd yo ofri yo ta dwe gratis pou moun k ap resevwa yo. Nan konteks kote sa pa posib, si yo ofri manm popilasyon ki afekte yo lajan kach ak/oswa koupon, yo kapab konsidere sa kòm yon mwayen pou pèmèt yo jwenn aksè





nan sèvis sante a (al gade Sekirite manje – estanda 1 nan transfè lajan oswa koupon nan paj 200). Eliminasyon frè pou itilizatè yo dwe akonpaye avèk lòt mezi pou sipòte sistèm sante a pou konpanse li pou revni ki pa reyalize, epitou pou ogmante itilizasyon an (pa egzanp, peman prim pou anplwaye sante yo, distribisyon kantite medikaman adisyonèl). Yo dwe kontwole aksesibilite ak kalite sèvis yo apre yo fin eliminate frè pou itilizatè yo peze.



## Estanda 5 nan sistèm sante yo: Jesyon enfòmasyon sou sante

Plan ak distribisyon sèvis sante yo gide nan rasanblaj, analiz, entèpretasyon ak itilizasyon done enpòtan sou sante piblik.



### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Deside sou itilizasyon sistèm enfòmasyon sante (HIS) ki egziste, adaptasyon li oswa itilizasyon HIS altènatif (al gade nòt oryantasyon 1)
- ▶ Lè li enpòtan, fè evalyasyon ak sondaj pou rasanble enfòmasyon ki pa disponib nan HIS, epitou ki enpòtan pou deside sou sèvis sante prioritè yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Devlope ak/oswa itilize definisyon ofisyèl dosye pou tout maladi ki ka rapòte ak kondisyon sante, epitou asire tout ajans yo itilize yo.
- ▶ Planifye sistèm siveyans ak avètisman bonè (EWARN) pou deteksyon epidemiyo kòm yon eleman HIS, epitou depannde HIS ki egziste a kèlkeswa lè li posib (al gade estanda 3 nan sèvis sante debaz – kontwòl maladi kontajye nan paj 316 ak Dokiman Siplementè 2: Modèl fòm pou rapòtaj sou siveyans chak semèn).
- ▶ Identifye ak rapòte maladi prioritè ak kondisyon sante avèk HIS la.
- ▶ Tout ajans repons yo dakò sou sa epitou yo itilize yon chif komen, tankou popilasyon (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Sant sante ak ajans sante yo soumèt done sou siveyans ak lòt done HIS yo ba ajans prensipal la sou yon baz regilye. Frekans rapò sa yo ap varye selon kontèks la ak kalite done yo, pa egzanp, chak jou, chak semèn, chak mwa.
- ▶ Itilize done siplementè ki konfòm avèk lòt sous enpòtan yo, tankou sondaj yo, pou entèprete done sou siveyans yo epitou pou gide desizyon yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Pran prekosyon kòmsadwa pou pwoteksyon done yo pou garanti dwa ak sekirite moun yo ak/oswa popilasyon yo (al gade nòt oryantasyon 4).





### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout sant ak ajans sante yo bay yon rapò HIS regilyèman nan 48 èdtan ki vini apre fen peryòd rapòtaj la ba ajans prensipal la.
- ▶ Tout sant ak ajans sante yo rapòtè dosye maladi ki ka vin epidemi yo nan 24 èdtan ki vini apre kòmansman maladi a (al gade estanda 3 nan sèvis sante debaz yo – kontwòl maladi kontajye nan paj 316).
- ▶ Ajans prensipal la pwodui yon rapò enfòmasyon jeneral sou sante a regilyèman, tankou analiz ak entèpretasyon done sou epidemi yo, ak rapò sou kouvèti ak itilizasyon sèvis sante yo.

### Nòt oryantasyon

1. **Sistèm enfòmasyon sou sante:** Yo ta dwe devlope yon sistèm siveyans sou HIS ki egziste a kèlkeswa lè sa posib. Nan kèk katastwòf, yon nouvo HIS oswa yon HIS paralèl ka nesesè. Yo detèmine sa avèk yon evalyasyon pèfòmans ak konpetans HIS ki egziste a ak bezwen enfòmasyon pou katastwòf ki genyen an. Pandan repons pou katastwòf la, done sante yo ta dwe genyen ladan yo, men pa sa sèlman, sa ki endike anba la a:
  - lanmò sant sante yo mete nan dosye yo, tankou lanmò timoun ki gen mwens pase 5 ane
  - mòtalite pwopòsyonèl
  - mòtalite ki gen kòz espesifik
  - to ensidans pou mòbidite ki pi komen yo
  - mòbidite pwopòsyonèl
  - to itilizasyon sant sante a
  - kantite konsiltasyon/klinisyen/jou.
2. **Sou done yo:** Entèpretasyon ak itilizasyon done sant sante a dwe konsidere sous enfòmasyon yo ak limit li yo. Itilizasyon done siplemantè pou pran desizyon enpòtan nan yon HIS konplè, pa egzanp, estimasyon kantite fwa maladi yo parèt oswa enfòmasyon sou konpòtman moun k ap chèche swen sante yo. Pami lòt sous done ki ka amelyore analiz la, genyen sondaj ki baze sou popilasyon an, rapò laboratwa ak kalite evalyasyon sèvis la. Sondaj yo ak evalyasyon an dwe suiv kritè kalite yo rekonèt sou nan tout peyi, epitou yo dwe itilize zouti ak pwotokòl ofisyèl, kote li posib, yo dwe soumèt yo nan yon pwoesisis pou moun ki gen menm fòmasyon ka revize yo.
3. **Repatisyon done yo:** Done yo ta dwe repati selon sèks, laj, frajilite moun patikilye yo, popilasyon ki afekte yo ak popilasyon akèy yo, epitou kontèks la (pa egzanp, sitiyyason nan kan parapò ak sitiyyason ki pa nan kan) dwe pratik pou gide desizyon y ap pran yo. Repatisyon detaye a ka difisil pandan premye etap yon katastwòf. Men, done sou mòtalite ak mòbidite ta dwe omwen repati





pou timoun ki poko gen laj 5 ane. Lè tan ak kondisyon yo pèmèt sa, yo ta dwe chèche fè yon repatisyon avèk plis detay pou ede detekte inegalite posib yo ak moun ki frajil yo (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).

4. **Konfidansyalite:** Yo ta dwe pran prekosyon kòmsadwa pou pwoteje sekirite moun nan ak done yo poukont yo. Manm pèsonèl la pa ta dwe janm divilge enfòmasyon pasyan yo ba moun ki konsène dirèkteman nan swen pasyan an san pèmisyon pasyan an. Yo ta dwe bay konsiderasyon espesyal pou moun ki gen twoub pou aprann, pwoblèm mantal oswa pwoblèm sansoryèl, ki ka nuizib pou kapasite pou yo bay konsantman reflechi. Yo dwe trete done ki asosye avèk blesi akòz move tretman oswa avèk lòt dwa vyolasyon dwa moun, tankou atak seksyèl, avèk anpil prekosyon. Yo dwe bay konsiderasyon pou transmèt enfòmasyon sa yo ba aktè oswa enstitisyon konvènab, si moun yo bay konsantman reflechi yo (al gade estanda 1 nan sistèm Sante nan paj 296 ak Prensip Pwoteksyon 1, nòt oryantasyon 7-12 nan paj 35).

Al gade Dokiman Siplementè 2 pou jwenn modèl fòm kontwòl mòtalite, EWARN ak möbidite. Al gade Dokiman Siplementè 3 pou jwenn fòmil pou kalkile endikatè sante kle yo.

#### **Estanda 6 nan sistèm sante: Lespri lidè ak kowòdinasyon**

Moun yo jwenn aksè nan sèvis sante ki kouwòdone nan tout ajans yo ak sektè yo pou reyalize efikasite maksimòm.

#### **Aksyon kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Asire rezprtantan Ministè Sante alatèt kowòdinasyon sektè sante a, oswa omwen patisipe nan tèt ajans nan kowòdinasyon sektè sante, kèlkeswa lè sa posib.
- Lè MS manke kapasite nesesè oswa volonte pou ofri lespri lidè nan repons lan, yo dwe idantifye yon lòt ajans ki gen kapasite nesesè pou pran mayèt la nan kowòdinasyon sektè sante a (al gade nòt oryantasyon 1-2).
- Òganize reyinyon kowòdinasyon regilye sou sante pou patnè lokal ak patnè deyò yo nan nivo santral, nivo sou-nasyonal ak nivo lokal nan sektè sante a, epitou ant sektè sante a ak lòt sektè yo ak gwoup tèm milti-disiplinè (al gade nòt oryantasyon 3 ak Estanda Debaz 2 nan paj 58).
- Eklèsi ak note responsabilite ak kapasite espesifik chak ajans sante pou asire kouvèti optimal popilasyon an (al gade nòt oryantasyon 1).





- ▶ Kreye gwooup travay nan pwosesis kowòdinasyon sante a kèlkeswa lè yon sitiayson patikilye ka lakòz sa (pa egzanp, preparasyon ak repons pou epidemi, sante repwodiktif).
- ▶ Pwodui regilyèman enfòmasyon tounèf ak bilten sektè sante epitou distribye yo.

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Ajans prensipal la te devlope yon dokiman estrateji pou repons sektè sante a pou bay priorité pou entèvansyon yo epitou pou defini wòl ajans prensipal la ak ajans patnè yo nan kòmansman repons pou ijans lan (al gade nòt oryantasyon 2).

### Nòt oryantasyon

1. **Otorite ki alatèt sante:** Ministè Sante ta dwe se ajans sante prensipal la, epitou li ta dwe responsab pou alatèt repons sektè sante a. Nan kèk sitiayson, MS ka manke kapasite oswa volonte pou jwe wòl lespri lidè a nan yon mannyè ki efikas ak san patipri. Nan sitiayson sa a, OMS, yon ajans prensipal pou gwooup sante global la, ap pran responsabilite sa a anjeneral. Pafwa, lè MS ak OMS pa gen ase kapasite, yon lòt ajans ka nesesè pou kowòdone aktivite yo. Ajans sante prensipal la ta dwe asire ajans sante repons lan kowòdone avèk otorite sante lokal yo, epitou pou yo sipòte kapasite sistèm sante lokal la (al gade Estanda Debaz 2 nan paj 58).
2. **Estrateji sektè sante:** Yon responsabilite enpòtan ajans sante prensipal la se devlope yon estrateji jeneral pou repons nan ijans lan nan sektè sante a. Yon fason ideyal, yo ta dwe pwodui yon dokiman ki endike priorité ak objektif sektè sante a, epitou ki endike estrateji y ap fè pou reyalize yo. Yo ta dwe devlope dokiman sa a apre konsiltasyon avèk ajans enpòtan yo ak reprezantan komunitè a pou asire yon pwosesis enklizyon otank posib.
3. **Reyinyon kowòdinasyon** yo ta dwe oryante sou aksyon an, epitou yo ta dwe ofri yon fowòm kote pou yo divilge enfòmasyon, idantifye ak kontwole priorité yo, devlope ak adapte estrateji sante komjen yo, afekte travay espesifik yo, epi nòmalize pwotokòl ak entèvansyon yo aksepte yo. Yo ta dwe itilize yo pou asire tout patnè sante yo itilize denominatè komjen ak lòt chif, zouti, gid ak estanda enpòtan, kèlkeswa kote sa posib. Yo ta dwe fè reyinyon yo pi souvan nan kòmansman katastwòl la.





## 2. Sèvis sante debaz

Sèvis sante debaz yo se sèvis sante prevansyon ak sèvis sante gerizon ki konvnab pou satisfè bezwen sante popilasyon ki afekte nan katastwòf yo. Sèvis sa yo gen ladan entèvansyon ki pi efikas nan evite ak redui mòbidite ak mòtalite egzajere nan maladi ki kontajye yo ak nan maladi ki pa kontajye yo, konsekans konfli ak evènman ki laköz lanmò anmas. Pandan katastwòf yo, to lanmò yo ka wo anpil, epitou idantifikasiyon kòz prensipal mòbidite ak mòtalite enpòtan pou planifikasyon sèvis sante debaz yo kòmsadwa. Pati chapit sa a prezante estanda sèvis sante debaz ki klase an kategori anba sis (6) seksyon: kontwòl maladi kontajye; sante timoun; sante seksyèl ak repwodiktif; blesi; sante mantal; ak maladi ki pa kontajye.

### **Estanda 1 nan sèvis sante debaz: Fason pou yo bay sèvis sante priyorité**

Moun yo gen aksè nan sèvis sante ki jwenn priorité pou abòde kòz prensipal mòtalite ak mòbidite egzajere a.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Rasanble ak analize done sou pwoblèm sante ak risk avèk objektif pou sible kòz prensipal mòtalite ak mòbidite egzajere, nan tèt ansanm avèk otorite sante lokal yo (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61).
- ▶ Idantife moun ki frajil yo (pa egzanp, fanm yo, timoun yo, granmoun aje yo, moun andikape yo, elatriye) ki ka nan risk patikilye (al gade Prensip Pwoteksyon 2 nan paj 36).
- ▶ Bay priorité pou sèvis sante ak aplike sèvis sante ki apwopriye, posib ak efikas pou redui mòbidite ak mòtalite egzajere, nan tèt ansanm avèk otorite sante lokal yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Idantife baryè ki bloke aksè nan sèvis sante ki gen priorité yo, epitou kreye solisyon pratik pou abòde yo (al gade nòt oryantasyon 2).





- ▶ Aplike sèvis sante ki gen priorité yo nan tèt ansanm avèk tout lòt sektè ak/oswa gwoup yo ak tèm milti-disiplinè yo (al gade Estanda Debaz 2 nan paj 58).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ To mòtalite estime (CMR) rete a, redui a oswa pi piti pase de (2) fwa to debaz ki endike nan dokiman pou popilasyon an anvan katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ To mòtalite timoun ki poko gen laj 5 kan (U5MR) rete a, bese a oswa pi piti pase de (2) fwa to debaz ki endike nan dokiman pou popilasyon an anvan katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 3).

### Nòt oryantasyon

1. **Sèvis sante ki gen priorité** yo se sèvis sante debaz ki efikas nan abòde kòz prensipal mòtalite ak mòbidite egzajere. Yo varye selon kontèks la, tankou kalite katastwòf la ak konsekans li. Jan sa posib, sèvis sante ki gen priorité yo ta dwe baze sou prensip pratik ki baze sou prèv, epitou yo ta dwe genyen yon avantaj sante piblik ki demontre. Depi to mòtalite yo bese nan nivo ki toupre nivo debaz la, yo kapab entwodui divès kalite sèvis sante detaye apre yon peryòd tan (al gade Estanda Debaz 4 nan paj 65).
2. **Aksè nan sèvis sante** ta dwe baze sou prensip ekite ak san patipri, pou asire tout moun jwenn aksè selon bezwen yo san okenn diskriminasyon. An pratik, yo ta dwe òganize lokal ak anplwaye sèvis sante a pou asire aksè ak kouvèti maksimòm. Bezwen patikilye moun frajil yo ta dwe abòde lè y ap planifye sèvis sante a. Baryè nan aksè a ka fizik, finansye, konpòtmantal ak/oswa kiltirèl, ak baryè komunikasyon. Li enpòtan pou idantife ak metrize baryè sa yo nan aksè sèvis sante ki gen priorité yo (al gade Estanda Debaz 3 nan paj 61 ak Prensip Pwoteksyon 2 nan paj 36).
3. **To mòtalite estime ak to mòtalite timoun ki poko gen laj 5 kan:** CMR se endikatè kle ki pi itil pou kontwole ak evalye kijan yon sitiayson ijans grav. Yon doubleman CMR debaz la oswa plis endike genyen yon gwo ijans sante piblik, ki mande yon repons imedyat. Lè to debaz la enkoni oswa lè validite pa sèten, ajans yo ta dwe deside pou kite CMR omwen anba 1,0/10.000/jou.

U5MR se yon endikatè ki pi sansib pase CMR. Lè to debaz la enkoni oswa lè validite li pa sèten, ajans yo ta dwe vize pou kite U5MR la omwen anba 2,0/10.000/jou (al gade Dokiman Siplementè 3: Fòmil pou kalkile endikatè sante kle yo).



**To mòtalite pou referans debaz selon rejyon**

Rejyon	CMR (ka lanmò/ 10,000/jou)	CMR (kòmansman ijans)	U5MR (ka lanmò/ 10,000/jou)	U5MR kòmans- man ijans
Afrik Sib–Saharyen	0.41	0.8	1.07	2.1
Mwayennoryan ak Afrik-di–Nò	0.16	0.3	0.27	0.5
Sid Azi	0.22	0.4	0.46	0.9
Lès Azi ak Pasifik	0.19	0.4	0.15	0.3
Amerik Latin ak Antiy yo	0.16	0.3	0.15	0.3
Rejyon Ewòp Santral ak Ewòp-de–Lès/CIS* ak Eta Baltik yo	0.33	0.7	0.14	0.3
Peyi endistriyalye yo	0.25	0.5	0.03	0.1
Peyi k ap fè efò pou devlope yo	0.22	0.4	0.44	0.9
Peyi ki mwens devlope yo	0.33	0.7	0.82	1.7
Lemonde	0.25	0.5	0.40	0.8

\* Eta Endepandan CommonwealthSous: UNICEF, State of the World's Children 2009 (done ane 2007)

## 2.1. Sèvis sante debaz – kontwòl maladi kontajye

Mòbidite ak mòtalite akòz maladi kontajye gen tandans pou ogmante avèk katastwòf yo. Nan anpil anviwònman ki afekte nan konfli, yo te asosye ant 60 poustan ak 90 poustan ka lanmò yo avèk kat (4) kòz enfektye prensipal: maladi respiratwa grav, dyare, lawoujòl, ak malarya kote te gen epidemi. Malnitrisyon sevè agrave maladi sa yo, sitou sou timoun ki poko gen laj 5 ane. Epidemi maladi kontajye yo pa twò asosye avèk kòmansman sevè katastwòf natirèl yo. Lè epidemi yo deklanche, anjeneral yo asosye avèk faktè risk tankou deplasman popilasyon, ankonbreman, refij ki pa awopriye, mank dlo ak dlo ki pa pwòp, ak enstalasyon sanitè ki pa konvnab.



## Sèvis sante debaz– estanda 1 nan kontwòl maladi kontajye: Prevansyon maladi kontajye

Moun yo genyen aksè nan enfòmasyon ak sèvis ki deziyen pou anpeche maladi kontajye yo ki kontribye piplis nan eksè mòbidite ak mòtalite.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Devlope akaplike mezi prevansyon jeneral nan tèt ansanm avèk sektè enpòtan yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Aplike metòd kontwòl vektè kòmsadwa pou malarya, deng, ak lòt maladi vektè lakòz selon epidemiyoloji lokal la (al gade nòt oryantasyon 2–3).
- ▶ Aplike mezi prevansyon ki espesifik pou maladi, pa egzanp vaksinasyon anmas kont lawoujòl, jan sa endike (al gade Sèvis sante debaz yo – estanda 1 nan sante timoun nan paj 321).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Konsekans gwo maladi kontajye ki enpòtan pou kontèks estab (pa ogmante).

### Nòt oryantasyon

1. **Mezi prevansyon jeneral:** Sa gen ladan bon planifikasyon sou plas, distrisyon dlo ak bon jan enstalasyon sanitè, aksè nan sant ijyèn, vaksinasyon kont maladi espesifik, kantite manje ki ase ak pwoteje, pwoteksyon pèsònèl ak kontwòl vektè, ak edikasyon sante kominotè ak mobilizasyon sosyal. Yo ta dwe devlope pifò entèvansyon sa yo nan tèt ansanm avèk lòt sektè yo, tankou:

- refij – kantite konvnab refij ak espas ki ase ant yo, ki byen ayere, san ensèk epi ki lwen avèk dlo dòmi, toupre ase nan sèvis dlo ak enstalasyon sanitè (al gade estanda 1–3 nan Refij ak enstalasyon nan paj 249–258 ak estanda 2 nan atik ki pa alimantè nan paj 271)
- dlo, enstalasyon ijyenik, ijyèn – ase kantite bon dlo ak ekipman enstalasyon sanitè ak pwomosyon pou ijyèn (al gade estanda 1–2 nan Pwomosyon pou ijyèn nan paj 91–94, estanda 1–3 nan Apwovizyonman dlo nan paj 97–103 ak estanda 1–2 nan Eliminasyon matyè fekal nan paj 105–107)
- sanitasyon anwiwonman ak jesyon dechè pwoteje ak kontwòl vektè (al gade nòt oryantasyon 2–3, estanda 4 nan Refij ak enstalasyon nan paj 262,





estanda 1–3 nan kontwòl vektè nan paj 111–116, estanda 1 nan Eliminasyon dechè solid nan paj 117 ak estanda 1 nan Drenaj nan paj 121)

- sekirite manje, nitrisyon ak asistans alimantè – aksè nan manje konvnab ak kontwòl malnitrisyon (al gade estanda 1–2 nan alimantasyon tibebe ak jenn timoun nan paj 159–160, Jesyon malnitrisyon grav ak karans nan mikwonitriman estanda 1–3 nan paj 165–173 sekirite manje nan paj 176)
- edikasyon sou sante ak mobilizasyon sosyal – devlope mesaj pou asire aplikasyon efikas mezi prevansyon ki endike anwo a.

- 2. *Prevansyon malarya:*** Aplike metòd prevansyon malarya selon risk enfeksyon an, faz ijans lan ak mobilite popilasyon an, kalite refij yo ak konpòtman vektè lokal la nan yon rejon ki gen epidemi malarya. Mezi kontwòl vektè tankou vaporizasyon rezidi andedan (IRS) avèk yon ensektisid efikas ak distribisyon moustikè ki trete avèk ensektisid ki dire lontan (LLIN) ta dwe gide dapre evalyasyon ak espètiz antomolojik. Pou efikas kòm yon mezi kontwòl kominotè, IRS egzije kouvèti omwen 80 poustan kay yo. LLIN yo ofri pwoteksyon pèsonèl alontèm, epitou yo moustikè chwa estanda. Distribisyon moustikè ki pa trete yo pa rekòmande (al gade estanda 2 nan Atlik ki pa alimantè nan paj 271 ak estanda 1–3 kontwòl vektè nan paj 111–116).

Fason pou bay priyorité pou distribisyon LLIN pou gwoup ki riske yo depannde faz katastwòf la ak nivo transmisyon malarya a. Nan premye faz katastwòf yo nan zòn ki gen ant gwo transmisyon ak transmisyon modere malarya, pasyan lopital yo, moun ki gen malnitrisyon grav ak mamm menaj yo, famm ansent yo ak timoun ki poko gen laj 2 ane ta dwe jwenn priyorité. Pwochen priyorité a se moun ki enskri nan pwogram alimantasyon siplément, timoun ki poko gen laj 5 ane ak kay ki gen famm ansent ak timoun ki poko gen laj 2 ane. Pètèt, tout popilasyon ki nan risk la ta bezwen pwoteksyon avèk LLIN yo. Nan premye faz katastwòf yo nan zòn a fèb transmisyon yo, yo ta dwe itilize LLIN yo nan anviwònman klinik yo (pa egzanp, sant ak lopital alimantasyon terapeutik rezidansyèl yo).

- 3. *Prevansyon deng:*** Kontwòl vektè (lav ak adilt) se metòd prensipal prevansyon deng. Kontwòl vektè deng ta dwe gide dapre done siveyans sou distribisyon ka imen ak dansite vektè a. Yo dwe sible espas pwodiksyon ki pi efikas yo, ki ka varey ant yon kote ak yon lòt. Nan zòn iben yo, moustik Aedes yo peple nan resipyen estokaj dlo ak nan lòt espas akimilasyon dlo atifisyèl (vê plastik, kawotchou ize, boutèy kase, po flè, elatriye.) Drenaj ak deplasman resipyen yo chak peryòd tan se fason ki pi efikas pou redui kantite rezo pou espas repwodiksyon yo. Dlo ki estoke nan kay yo ta dwe kouvri toutan, epitou resipyen yo ta dwe pwòp ak netwaye chak semèn. Popilasyon ki afekte nan maladi a ta dwe resevwa bon jan resipyen estokaj dlo ki gen bouchon. Tretman resipyen ki gen lavisid apwouye yo efikas tou nan elimine lav yo. Vaporizasyon avèk ensektisid efikas nan redui kantite moustik adilt yo.





Yo ta dwe sipòte mezi pwoteksyon pèsonèl (al gade estanda 2 nan Atik ki pa alimantè nan paj 271 ak estanda 1–3 nan Kontwòl vektè nan paj 111–116).

### Sèvis sante debaz – estanda 2 nan kontwòl maladi kontajye: Dyagnostik maladi kontajye ak jesyon ka

Moun yo genyen aksè nan dyagnostik ak tretman efikas pou maladi enfektye ki kontribye sitou anpil nan mòbidite ak mòtalite egzajere ki ta kapab evite.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Devlope mesaj edikasyon sou sante publik pou ankouraje moun yo chèche swen bonè pou lafyèv, tous, dyare, elatriye.
- ▶ Ofri swen sante nan tout sant sante premye nivo selon pwotokòl debaz jesyon ka, oswa Jesyon Entegre Maladi Timoun Piti (IMCI) ak Jesyon Entegre Maladi Adilt (IMAI) kote li aplike ak swen dapre rekòmandasyon pou kontwòl maladi grav (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Aplike pwotokòl triyaj, dyagnostik ak jesyon ka pou tretman maladi yo bonè tankou nemoni, malarya, dyare, lawoujòl, menenjít, malnitrisyon ak deng, epitou antrene anplwaye yo sou pwotokòl tretman an (al gade nòt oryantasyon 2–3 ak Sèvis sante debaz – estanda 2 nan sante timoun nan paj 323).
- ▶ Entwodui pwogram kontwòl tibèkiloz sèlman apre yo fin satisfè kritè koni yo (al gade nòt oryantasyon 4).

#### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Pwotokòl ofisyèl pou jesyon ka pou dyagnostik ak tretman maladi enfektye komen disponib fasilman ak itilize yon fason ki konsistan (al gade nòt oryantasyon 1–3 ak Sistèm sante – estanda 1 nan distribisyon sèvis sante nan paj 296).

#### Nòt oryantasyon

1. **Jesyon Entegre Maladi pou Timoun ak Jesyon Entegre Maladi pou Granmoun:** Mòtalite nan maladi kontajye ka redui si yo fè dyagnostik bonè avèk presizyon epitou si yo ofri tretman. Itilizasyon IMCI ak IMAI kote yo aplike yo, oswa lòt sekans dyagnostik nasyonal enpòtan pou triyaj la, epitou pou klase maladi a selon kalite ak gravité a, epitou pou ede administre tretman yo kòmsadwa. Siy danje yo se endikasyon pou rekòmandasyon nan yon lopital pasyan ki entène. Pwotokòl estanda jesyon ka yo prevwa dyagnostik





kòmsadwa ak itilizasyon medikaman rasyonèl (al gade sèvis sante debaz – estanda 2 nan sante timoun nan paj 323).

2. **Nemoni:** Kle pou redui mótalite nan nemoni se administrasyon antibiotik oral san pèdi tan, tankou amoxicillin, selon pwotokòl nasyonal yo. Nemoni grav lakòz ospitalizasyon ak terapi nan venn.
3. **Malarya:** Aksè nan tretman rapid ak efikas se kle pou kontwole malarya avèk siksè. Nan reydon ki gen epidemi malarya, kreye yon pwotokòl pou dyagnostik lafye bonè (mwens pase 24 èdtan) ak tretman avèk medikaman enpòtan ki trè efikas. Terapi melanji ki baze sou Artemisinin (ACT) se prensip pou tretman malarya falsipawòm. Yo ta dwe detèmine chwa medikaman yo nan tèt ansanm avèk ajans sante prensipal la ak pwogram nasyonal kontwòl malarya. Konsidere bon kalite medikaman lè w ap pwokire estòk yo. Li ta pi bon pou fè dyagnostik malarya avèk tès laboratwa (tès dyagnostik rapid, mikwoskop) anvan tretman an kòmanse. Men, tretman malarya klinik pa ta dwe pran reta si pa gen dyagnostik laboratwa.
4. **Kontwòl tibèkiloz (TB):** Pwogram kontwòl TB ki mal egzekite yo kapab pi nuizib olye pou yo efikas, lè yo pwolonje kontajon an ak lè yo kontribye nan pwopagasyon basiy ki rezistan ak anpil medikaman. Alòske jesyon chak pasyan apa ki gen TB ka posib pandan katastwòf yo, yo ta dwe egzekite yon pwogram detaye kontwòl TB si yo satisfè kritè yo rekonèt yo. Pami kritè sa yo, ta dwe genyen angajman ak resous pou ajans, ak stabilite asire popilasyon an pandan omwen 12–15 mwa, epitou bon kalite pwogram sa a kapab distribye. Lè yo egzekite pwogram sa yo, yo ta dwe entwodui pwogram kontwòl TB yo avèk pwogram nasyonal peyi a, epitou yo ta dwe suiv estrateji (Terapi ki Obsève Dirèkteman, ki kout).

Nan faz sevè yon ijans, sispansyon posib tout tretman yo pou tout maladi kwonik yo tankou TB ak pèt suivi pasyan ka reprezante yon pwoblèm enpòtan. Yo dwe devlope bon jan kolaborasyon ant travayè sante ijans yo, epitou yo dwe devlope sèvis pwogram nasyonal pou TB. Sa ap ede asire moun ki te déjà sou tretman yo anvan katastwòf la kontinye avèk tretman yo (al gade Sèvis sante debaz – estanda 1 nan maladi ki pa kontajye nan paj 336).





## Sèvis sante debaz – estanda 3 nan kontwòl maladi kontajye: Deteksyon epidemi ak repons

Yo fè preparasyon pou epidemi yo, yo detekte yo, yo mennen ankèt sou epidemi yo, epitou yo kontwole yo nan yon mannyè ki apwopriye ak efikas.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

#### Deteksyon

- ▶ Devlope yon sistèm siveyans maladi EWARN (avètisman bonè) ak repons ki baze sou yon evalyasyon risk detaye maladi kontajye, kòm pati yon pi gwo sistèm enfòmasyon sou sante (al gade nòt oryantasyon 1 ak estanda 5 nan Sistèm sante nan paj 305).
- ▶ Antrene anplwaye swen sante yo ak travayè Sante Kominotè pou detekte ak rapòte epidemi posib yo.
- ▶ Bay populasyon yo enfòmasyon senp sou sentòm maladi ki gen tandans epidemi ak kikote pou ale pou èd.

#### Preparasyon

- ▶ Prepare yon ankèt sou epidemi ak yon plan repons (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire pwotokòl pou ankèt ak kontwòl epidemi komen yo, tankou pwotokòl tretman enpòtan yo, disponib pou anplwaye yo ak distribye ba anplwaye konsène yo.
- ▶ Asire estòk rezèv materyèl debaz yo disponib pou maladi ki gen priorité yo, oswa yo kapab pwokire yo rapidman nan yon sous ki idantifye davans (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Idantifye sant pou izòlman ak tretman pasyan kontajye yo davans, pa egzanp sant tretman kolera.
- ▶ Yo idantifye yon laboratwa, kit yon sou plan lokal, reyjonal, nasyonal oswa nan yon lòt peyi, ki kapab bay konfirmasyon epidemi yo (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Asire materyèl echantyonaj yo ak mwayen transpò disponib anplas pou ajan enfektye ki pi ka lakòz yon epidemi toudenkou (al gade nòt oryantasyon 5).





## Kontwòl

- ▶ Dekri epidemi an selon moman an, kote a ak moun yo, k ap pèmèt idantifikasiyon moun ki gen gwo risk yo ak mezi kontwòl adapte yo (al gade nòt oryantasyon 6–8).
- ▶ Aplike mezi kontwòl apwopriye ki espesifik pou maladi yo ak kontèks la (al gade nòt oryantasyon 9).

## Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Yon ankèt ekri sou epidemi an ak yon plan repons disponib oswa devlope nan kòmansman repons pou katastwòf la.
- ▶ Ajans sante yo rapòte epidemi sispeknan pwochen nivo apwopriye nan sistèm sante a nan 24 èdtan ki vini apre deteksyon an.
- ▶ Ajans sante prensipal la kòmanse ankèt ka rapòte pou maladi ki ka vin epidemi nan 48 èdtan ki vini apre notifikasiyon an.
- ▶ Kantite ka lanmò yo (CFR) rete anba nivo ki akseptab:
  - kolera – 1 poustan oswa mwens
  - *Disantri* chigèl – 1 poustan oswa mwens
  - tifoid – 1 poustan oswa mwens
  - menenjit menengokoksik – varye, 5–15 poustan
  - malarya – varye, vize pou <5 poustan sou pasyan ki malad grav yo avèk malarya
  - lawoujòl – varye, 2–21 poustan ki rapòte nan anwiwònman ki afekte nan konfli, vize pou <5 poustan (al gade nòt oryantasyon 10).

## Nòt oryantasyon

1. **Sistèm avètisman bonè pou deteksyon epidemi:** Eleman enpòtan yon sistèm konsa ap genyen ladan:
  - yon rezo patnè egzekisyon yo
  - egzekisyon nan tout sant sante yo ak nan nivo kominotè a si li posib
  - yon evalyasyon detaye risk pou tout maladi posib ki ka vin epidemi
  - idantifikasiyon, ki baze sou evalyasyon risk, yon ti kantite maladi ki gen priyorité (10–12) pou siveyans pa semèn ak yon kantite maladi chwazi pou rapòtaj "avètisman" imedyat (al gade Dokiman Siplementè 2: Modèl fòm pou rapòtaj sou siveyans chak semèn)
  - definisyon ka yo aklè pou chak maladi oswa kondisyon sou fòm estanda siveyans lan
  - limit avètisman ki defini pou chak maladi oswa kondisyon ki gen priyorité pou kòmanse ankèt la





- kominikasyon pou asire notifikasyon rapid avètisman fòmèl oswa enfòmèl (rimè, rapò nan medya, elatriye) ba otorite konpetan yo
  - yon sistèm pou note avètisman imedyat yo pou bay repons pou yo
  - rapòtaj done, entwodiksyon nan baz done estanda ak analiz done yo chak semèn
  - remak sou siveyans chak semèn ak enfòmasyon sou avètisman imedyat ba tout patnè yo
  - sipèvizon regilye pou asire bon kalite done ak opòtinite ak reyalizasyon rapòtaj
  - pwotokòl ak fòm estanda pou ankèt sou ka
  - pwosedì estanda pou divilge enfòmasyon ak kòmansman repons pou epidemi.
- 2. Ankèt ak plan pou kontwòl epidemi:** Yo dwe prepare sa avèk patisipasyon konplè tout aksyonè yo. Men pwoblèm yo ta dwe abòde yo:
- kritè kote yo reyini yon ekip kontwòl epidemi
  - konpozisyon ekip kontwòl epidemi an
  - wòl ak responsablité espesifik òganizasyon ak pozisyon yo nan ekip la
  - aranjman pou konsilte ak gide otorite yo nan nivo lokal ak nasyonal
  - resous ak sant ki disponib pou mennen ankèt ak pou bay repons pou epidemi an
  - lis medikaman debaz, atik ak dyagnostik ki nesesè.
- 3. Estòk rezèv yo:** Rezèv ki souplas yo ta dwe gen ladan materyèl pou itilize nan repons pou epidemi posib yo. Yon twous ki ranpli davans pou maladi dyare oswa kolera ka nesesè nan kèk sikontans. Li kapab pa pratik pou konsève kèk estòk souplas, tankou vaksen kont maladi menengokoksik. Pou atik sa yo, yo ta dwe detèmine davans machasuv yo pou distribisyon rapid, ekspedisyon ak estokaj pou yo kapab vin disponib rapidman.
- 4. Laboratwa referans yo:** Tès laboratwa a itil pou konfime dyagnostik la pandan yon epidemi ki sispek kote yo kapab endike iminizasyon anmas (pa egzanp, menenjít menengokoksik) oswa kote kilti ak tès sansiblite antibiotik kapab enfliyanse desizyon jesyon dosye yo (pa egzanp, chigeloz). Yo ta dwe idantifye yon laboratwa referans tou swa sou plan reyonal oswa sou plan entènasyonal ki kapab bay asistans avèk tès ki pi sofistike, pa egzanp, dyagnostik sewolojik lawoujòl, lafyèv jòn, lafyèv deng ak lafyèv emorajik viral yo.
- 5. Mwayen transpò ak tès rapid:** Sibstans echantyonaj (pa egzanp prelevman rektal) ak mwayen transpò (pa egzanp mwayen Cary–Blair pou kolera, Chigèl, *E. Coli* ak *Salmonèl*) ak materyèl pou transpò nan chènedefwa ta dwe disponib souplas, oswa aksesib san pwoblèm. Anplis, plizyè nouvo tès rapid disponib ki kapab itil nan depistaj pou maladi kontajye yo sou teren, tankou malarya ak menenjít.





**6. Ankèt sou epidemi:** Dis (10) etap kle nan ankèt sou epidemi an se:

1. rekonèt egzistans yon epidemi
2. konfime dyagnostik la
3. defini yon ka
4. konte ka yo
5. fè epidemiyoloji deskriptif (tan, moun, kote)
6. detèmine kimoun ki nan risk
7. devlope ipotèz pou eksplike ekspozisyon ak maladi a
8. evalye ipotèz yo
9. komuniké rezulta yo
10. aplike mezi kontwòl.

Ou pa bezwen aplike etap sa yo nan yon lòd egzat, epitou mezi kontwòl yo ta dwe aplike san pèdi tan.

**7. Konfirmasyon egzistans yon epidemi:** Li pa toujou senp pou detèmine si yon epidemi preznan, epitou definisyon aklè limit epidemi yo pa egziste pou tout maladi. Malgre sa, limit yo egziste pou maladi ki endike anba la a:

- maladi kote yon ka senp kapab endike yon epidemi: kolera, lawoujòl, lafyèv jòn, lafyèv emorajik viral
- maladi kote yo ta dwe sispèk yon epidemi lè ka yo oswa ka lanmò yo akòz maladi a depase kantite yo prevwa pou zòn nan, oswa lè yo double mwayèn pa semèn anvan yo; chigeloz – nan rejyon ki pa gen epidemi yo ak nan kan refijye yo, yon sèl ka chigeloz ta dwe montre enkyetid konsènan yon epidemi posib.
- malarya – definisyon yo espesifik pou sitiyasyon an; yon ogmantasyon nan kantite ka ki piplis pase sa ki prevwa pou moman ane a pamì yon popilasyon ki defini nan yon zòn ki defini ka endike yon epidemi. San done istorik, siyal avètisman yo gen ladan yon gwo ogmantasyon nan pwopòsyon ka lafyèv ki konfime kòm malarya nan de (2) semèn ki pase yo, ak yon ogmantasyon nan tandans kantite ka lanmò sou semèn pase yo.
- menenjit menengokoksik – nan zòn kote gen menenjit la, pou popilasyon ki genyen plis pase 30,000 moun, 15 ka/100,000 moun/semèn nan yon semèn endike yon epidemi; men, avèk gwo risk epidemi (sètadi san epidemi pou timoun 3+ zan ak kouvèti vaksinasyon <80 pouzan) limit sa a redui a 10 ka/100,000/semèn. Nan popilasyon ki gen mwens pase 30,000 moun, senk (5) ka nan yon semèn oswa yon doub ka yo sou yon peryòd twa (3) semèn konfime yon epidemi. Nan yon kan, de (2) ka konfime nan yon semèn endike yon epidemi
- deng – ogmantasyon nan ka lafyèv yo nan de (2) semèn pase yo ka montre ogmantasyon nan nivo IgG (selon tès echantillon sewòm sangen suivi asosye) yon pasyan ki gen lafyèv avèk maladi pandan 3–5 jou ak diminisyon nan kontaj plakèt (<20,000).





8. **Repons nan epidemi:** Eleman kle repons pou epidemi se kowòdinasyon, jesyon ka, siveyans ak epidemicoloji, laboratwa, mezi prevansyon syantifik, tankou dlo ak amelyorasyon enstalasyon sanitè selon maladi a, komunikasyon risk, mobilizasyon sosyal, relasyon avèk medya ak jesyon enfòmasyon, mwayen transpò ak sekirite.
9. **Mezi kontwòl yo:** Yo dwe devlope mezi kontwòl yo sitou pou sispann transmission ajan ki lakòz epidemi an. Souvan, konesans ki la déjà sou ajan an kapab gide plan mezi kontwòl ki kòmsadwa yo nan sitiayson espesifik. Anjeneral, aktivite repons yo gen ladan kontwòl sous ak/oswa prevansyon ekspozisyon (pa egzanp, nan sous dlo amelyore pou evite kolera), sispanson transmission ak/oswa prevansyon enfeksyon (pa egzanp, avèk vaksinasyon anmas pou anpeche lawoujòl oswa utilizasyon LLN yo pou anpeche malarya), ak chanjman defans akèy la (pa egzanp, avèk dyagnostik ak tretman rapid oswa avèk chimyo-pwofilaksi) (al gade estanda 5 nan Sistèm sante, nan paj 305), estanda 1–2 Apwovizyonman dlo nan paj 97–100, estanda 1–2 nan Pwomosyon ijyèn nan paj 91–94 ak estanda 1–3 Kontwòl vektè nan paj 111–116).
10. **Kantite ka lanmò (CFR):** CFR yo ki akseptab pou maladi kontaje yo varye selon kontèks jeneral la, selon fason moun yo jwenn sèvis sante yo epitou selon kalite ak rapidite jesyon ka yo. Anjeneral, yo vize pou redui CRR nan nivo ba ki posib. Si CFR yo depase nivo minimòm ki prevwa yo, yo ta dwe fè yon evalyasyon imedyat mezi kontwòl yo, epitou yo ta dwe pran mezi korektif pou asire yo kite CFR yo nan nivo ki akseptab.

## 2.2. Sèvis sante debaz – sante timoun

Pandan ijans yo, timoun yo sitou frajil nan ogmantasyon to mòbidite ak mòtalite. Pou satisfè bezwen sante espesifik timoun yo, li nesesè pou fè entèvansyon ki konsantre sou timoun yo. Entèvansyon sou sante yo dwe gen ladan entèvansyon ki abòde kòz prensipal mòbidite ak mòtalite egzajere, tankou enfeksyon respiratwa grav, dyare, lawoujòl, malnitrisyon ak kòz apre-akouchman yo.

### Sèvis sante debaz – estanda 1 nan sante timoun: Prevansyon maladi ki ka evite avèk vaksen

Timoun ki gen laj 6 mwa jiska 15 ane yo gen iminite kont lawoujòl ak aksè nan sèvis Program Elaji Vaksinasyon (EPI) depi sitiayson an vin estab.





## Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Fè yon estimasyon kouvèti vaksen lawoujòl pou timoun ki gen laj 9 mwa jiska laj 15 zan fèt nan kòmansman repons pou ijans ou, pou detèmine risk epidemi yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Lè kouvèti vaksinasyon kont lawoujòl <90 pousan oswa enkoni, fè yon kanpay vaksinasyon anmas pou timoun ki gen laj 6 mwa jiska 15 ane, tankou administrasyon Vitamin A pou timoun ki gen laj 6–59 mwa (al gade nòt oryantasyon 1–2).
- ▶ Asire tout tibebe ki pran vaksen ant laj 6 mwa ak 9 mwa resevwa yon lòt dòz vaksen kont lawoujòl lè yo vin genyen laj 9 mwa (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Pou popilasyon mobil yo oswa popilasyon ki deplase yo, devlope yon sistèm kontini pou asire omwen 95 pousan moun ki fèk vini nan yon kan oswa nan komunitè a ki gen laj ant 6 mwa ak 15 ane pran vaksen kont lawoujòl.
- ▶ Re-devlope EPI a imedyatman kondisyon yo pèmèt yo iminize timoun yo nòmalman kont lawoujòl ak kont lòt maladi ki ka evite avèk vaksen ki nan pwogram nasyonal la (al gade nòt oryantasyon 4).

## Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Apre reyalizasyon kanpay vaksinasyon kont lawoujòl:
  - omwen 95% timoun ki gen laj 6 mwa jiska laj 15 zan te resevwa vaksen kont lawoujòl
  - omwen 95% timoun ki gen laj 6–59 mwa te resevwa yon dòz Vitamin A kòmsadwa.
- ▶ Depi yo fin re-devlope sèvis EPI woutin yo, omwen 90 pousan timoun ki gen laj 12 mwa te pran twa (3) dòz DPT (difteri, koklich ak tetanòs) ki se endikatè endirèk pou timoun ki iminize okonplè yo.

## Nòt oryantasyon

1. **Kouvèti pou vaksinasyon kont lawoujòl:** Detèmine kouvèti vaksinasyon kont lawoujòl nan popilasyon ki afekte yo avèk revizyon done sou kouvèti pou iminizasyon an. Selon revizyon sa a, detèmine si kouvèti pou iminizasyon woutin kont lawoujòl te  $\geq 90$  pousan pou senk (5) ane anvan yo epi/oswa si yon kanpay vaksinasyon ki te fèt kont lawoujòl te touche  $\geq 90$  pousan timoun ki gen laj 9 mwa jiska 5 ane. Si kouvèti pou vaksinasyon kont lawoujòl <90 pousan, enkoni oswa pa sèten konsènan estimasyon kouvèti a, yo ta dwe fè kanpay la lè yo sipoze kouvèti a pa konvnab pou anpeche epidemi yo.
2. **Gwoop laj pou vaksinasyon kont lawoujòl:** Kèk gran timoun kapab pa t pran premye vaksen an kont lawoujòl epi yo pa t genyen maladi lawoujòl.





Timoun sa yo rete nan yon risk pou trape lawoujòl epitou yo kapab reprezante yon sous enfeksyon pou tibebe ak jenn timoun ki nan pi gwo risk pou mouri akòz maladi a. Sa reprezante rezon pou rekòmandasyon pou vaksinen timoun yo jiska laj 15 zan. Nan anviwònman ki pa genyen ase resous, li kapab pa posib pou vaksinen tout timoun ki gen laj 6 mwa jiska laj 15 zan. Nan anviwònman sa yo, yo ta dwe bay priorité pou timoun ki gen laj 6–59 mwa. Tout timoun ki nan gwoup sib la ta dwe iminize kont lawoujòl kèlkeswa sitiaysyon iminizasyon yo genyen anvan.

3. **Refè vaksinasyon kont lawoujòl pou timoun ki gen laj 6–9 mwa:** Tout timoun ki gen laj 6–9 mwa ki te pran vaksen kont lawoujòl ta dwe pran yon lòt dòz vaksen kont lawoujòl depi yo vin gen laj 9 mwa, avèk omwen yon mwa ant de (2) dòz yo.
4. **Re-devlopman pwogram nasyonal EPI:** Anmenmtan ak preparasyon kanpay vaksinasyon anmas kont lawoujòl, plan yo ta dwe kòmanse pou re-devlope pwogram EPI nan tèt ansam avèk otorite nasyonal yo. Re-devlopman rapid vaksinasyon EPI non sèlman pwoteje timoun yo dirèkteman kont maladi tankou lawoujòl, difteri ak koklich, men tou li te ajoute valè rediksyon risk enfeksyon respiratwa yo.

#### Sèvis sante debaz – estanda 2 nan sante timoun: Kontwòl maladi tibebe ki fèk fèt ak timoun

Timoun yo gen aksè nan sèvis sante ki gen priorité ki deziyen pou abòde kòz prensipal möbidite ak mótalite tibebe ki fèk fèt yo ak timoun yo.

#### Aksyon Kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Planifye mesaj edikasyon sou sante pou ankouraje popilasyon ki afekte a chèche swen pi bonè pou nenpòt maladi (lafyèv, tous, dyare, elatriye) sou tibebe ki fèk fèt yo. Nan plan mesaj edikasyon sou sante a, konsidere timoun ki pa gen yon adilt k ap pran swen yo (al gade estanda 1 nan Sistèm sante, nòt oryantasyon 3 nan paj 298).
- ▶ Bay sen debaz tibebe ki fèk fèt pou tout tibebe ki fèk fèt yo selon gid Kontwòl Entegre Gwosès ak Akouchman (IMPAC) kote li posib (al gade nòt oryantasyon 1).





- ▶ Bay swen sante pou timoun nan sant sante premye nivo avèk itilizasyon pwotokòl nasyonal la, oswa gid IMCI kote yo aplike li, ak swen nan lopital pou timoun ki malad grav yo (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Devlope yon sistèm evalyasyon ijans ak triyaj ofisyèl nan tout sant sante ki ofri swen pou timoun malad yo pou asire moun ki gen sentòm ijans yo resevwa tretman imedyatman (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Asire yo fè tès depistaj pou timoun ki resevwa sèvis sante yo pou sitiyasyon nitrisyonèl yo, epitou asire timoun sa yo jwenn rekòmandasyon nan sèvis nitrisyonèl yo (al gade estanda 1–3 nan Kontwòl malnitrisyon grav ak karans an mikwo-nitriman nan paj 165–173).
- ▶ Devlope yon pwotokòl jesyon ka kòmsadwa pou tretman difteri ak koklich nan sitiyasyon kote risk epidemi maladi sa yo wo (al gade nòt oryantasyon 6).
- ▶ Mete medikaman debaz yo aladispozisyon pou tretman maladi komen timoun nan dòz ak fòmil kòmsadwa.

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout timoun ki gen mwens pase 5 ane ki prezante avèk malarya te resevwa tretman kont-malaria efikas nan 24 èdtan ki vini apre kòmansman sentòm timoun sa yo (al gade Sèvis sante debaz – estanda 2 nan kontwòl maladi kontajye nan paj 314).
- ▶ Tout timoun ki gen mwens pase 5 ane ki prezante avèk dyare te resevwa alafwa sèl reyidratasyon oral (ORS) ak sipleman an zen (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Tout timoun ki poko gen 5 ane ki prezante avèk nemoni te resevwa antibiotik kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 5).

### Nòt oryantasyon

1. **Swen tibebe ki fèk fèt:** Yon fason ki ideyal, tout tibebe ki fèk fèt yo ta dwe resevwa swen kalifye depi nan akouchman yo, yo ta dwe kite yo tyèd, epitou yo ta dwe bwèt lèt manman yo bonè epi sèlman. Yo ta dwe evalye tout tibebe ki fèk fèt yo pou detekte nenpòt pwoblèm, sitou pou pwoblèm alimantsyon. Yo ta dwe evalye tout tibebe ki malad yo pou detekte posib septisite ak enfeksyon lokal.
2. **Jesyon entegre maladi timoun piti (IMCI):** IMCI se yon apwòch entegre nan sante timoun ki konsantre sou swen timoun ki poko gen laj 5 ane nan nivo premye swen. Kote yo te devlope IMCI nan yon peyi, ak kote yo te adapte gid klinik, yo ta dwe entwodui gid sa yo pito nan pwotokòl ofisyèl, epitou yo ta dwe fòme fwofesyonèl sante kòmsadwa.





3. **Triyaj:** Yo kapab amelyore IMCI ak gid pou swen sou rekòmandasyon lè yo itilize yo avèk triyaj ak tretman rapid. Triyaj se klasman pasyan yo an gwoup priyorité selon bezwen medikal yo, resous ki disponib yo ak chans yo pou yo pa mouri. Anplwaye klinik ki patisipe nan swen timoun malad yo ta dwe resevwa fòmasyon avèk gid Triyaj pou Ijans, Evalyasyon ak Tretman (ETAT) pou fè evalyasyon rapid yo.
4. **Kontwòl dyare:** Timoun ki gen dyare yo dwe resevwa tretman avèk ORS ki gen fèb osmolalite, epitou yo dwe resevwa sipleman an zen. ORS ki gen fèb osmolalite diminye dire epizòd dyare a, epitou li redui nesesite pou bay likid nan venn.
5. **Kontwòl nemoni:** Yo ta dwe evalye timoun ki gen tous yo pou respirasyon rapid ak/oswa difisil ak tiraj nan pwatrin. Timoun ki gen respirasyon rapid ak/oswa respirasyon difisil yo ta dwe resevwa yon antibiotik oral kòmsadwa; timoun ki gen tiraj nan pwatrin yo ta dwe jwenn rekòmandasyon pou lopital.
6. **Epidemi koklich oswa difteri:** Epidemi koklich se epidemi ki komen nan anviwònman kote popilasyon yo deplase. Anjeneral, yo evite fè yon kanpay vaksinasyon kòm repons pou yon epidemi koklich akòz enkyetid konsènan efè segondè pamì benefisyè ki pi aje yo nan vaksen DPT nan tout selil. Men, yo kapab itilize yon deklanchman pou abòde mank iminizasyon woutin yo. Jesyon ka gen ladan tretman antibiotik ka yo ak tretman pwofilaktik bonè kontak nan kay kote gen yon tibebe oswa yon fanm ansent. Epidemi difteri yo mwens komen, men yo toujou reprezante yon menas nan popilasyon ki gen fèb iminite pou difteri nan anviwònman ki gen twòp moun. Yo te fè kanpay vaksinasyon anmas avèk twa (3) dòz vaksen apa nan anviwònman kan yo kòm repons pou epidemi difteri yo. Jesyon ka gen ladan administrasyon alafwa anti-toksin ak antibiotik.

### 2.3. Sèvis sante debaz – sante seksyèl ak repwodiktif

Tout moun, ansanm ak moun k ap viv nan zòn ki afekte nan katastwòf la, gen dwa pou gen sante repwodiktif (RH). Pou egzèse dwa sa a, popilasyon ki afekte yo dwe jwenn aksè nan enfòmasyon detaye sou RH ak sèvis pou yo fè chwa ki lib ak reflechi. Sèvis kalite RH yo dwe baze sou bezwen popilasyon ki afekte a. Yo dwe respekte konviksyon reliye, valè etik ak orijin kiltirèl kominotè a, pandan y ap konfòme yo avèk estanda dwa inivèsèl moun yo rekonèt sou plan entènasyonal.





## Sèvis sante debaz- estanda 1 nan sante seksyèl ak repwodiktif: Sante repwodiktif

Moun yo gen aksè nan sèvis sante repwodiktif priyorité Pake Sèvis Inisyal Minimòm (MISP) nan kòmansman yon ijans ak RH konplè lè sitiayon an vin estab.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Identife yon ajans RH prensipal nan sektè sante a oswa nan gwoup sante a pou facilite kowòdinasyon ak egzekisyon MISP, epitou pou asire yon responsab RH (ajans RH prensipal la deziyen) anplas ak fonksyone nan sektè sante oswa gwoup sante a (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Aplike mezi yo pou redui risk vyolans seksyèl, nan tèt ansanm avèk lòt sektè oswa gwoup enpòtan (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Asire sèvis pou jesyon klinik vyolans seksyèl, tankou aksè nan sante mantal ak nan sipò sikolojik ak asistans legal (al gade nòt oryantasyon 3 ak Prensip Pwoteksyon 2, nòt oryantasyon 7 nan paj 37).
- ▶ Kreye seri minimòm prevansyon pou VIH, tretman, swen ak sèvis sipò pou redui transmisyon VIH (al gade Sèvis sante debaz – estanda 2 nan sante seksyèl ak repwodiktif nan paj 328).
- ▶ Asire sèvis swen obstetrik ak sèvis swen tibebe yo pou ijans disponib ak aksesib, tankou:
  - nan sant sante yo – asistan kalifye nan akouchman ak atik pou akouchman nòmal yo ak jesyon debaz konplikasyon obstetrik ak tibebe yo pou ijans; swen obstetrik debaz (BEmOC) ak swen tibebe ki fèk fèt yo
  - nan lopital referans yo—anplwaye medikal kalifye ak atik pou jesyon konplè konplikasyon obstetrik ak konplikasyon tibebe ki fèk fèt yo; swen obstetrik konplè pou ijans (CEmOC) ak swen tibebe ki fèk fèt
  - yon sistèm komunikasyon ak transpò pou kontwole ijans obstetrik ak ijans tibebe ki fèk fèt yo kreye ak fonksyone pandan 24 èdтан pa jou, sèt (7) jou pa semèn nan kominotè a pou sant sante a epi ant sante a ak lopital referans lan
  - (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Ofri twous pwòp pou akouchman pou fanm ki parèt ansent yo ak pou asistan nan akouchman nan kay pwòp lè li pa posib pou gen aksè nan klinik yon founisè swen sante kalifye ak nan sant sante (al gade nòt oryantasyon 4).





- ▶ Bay popilasyon yo enfòmasyon konsènan avantaj ak disponiblite sèvis klinik yo pou moun ki viktим nan vyolans seksyèl yo ak sistèm rekòmandasyon pou ijans pou konplikasyon gwo-sès ak akouchman (al gade nòt oryantasyon 3-4).
- ▶ Asire metòd komen pou pa ansent yo disponib pou satisfè demann lan (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Planife pou aplike sèvis RH konplè, ki entwodui nan swen sante primè, san pèdi tan (al gade nòt oryantasyon 1).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout sant sante yo te ofri fòmasyon pou anplwaye yo, atik ak ekipman ki ase pou jeson klinik sèvis pou moun ki viktим kadejak ki baze sou pwotokòl nasjonal oswa sou pwotokòl OMS.
- ▶ Tout famm ansent yo te resevwa twous akouchman pwòp lè yo te nan twazyèm trimès yo.
- ▶ Genyen omwen kat (4) sant sante ki gen BEmOC ak swen pou tibebe ki fèk fèt/ popilasyon 500,000 moun.
- ▶ Genyen omwen yon sant sante ki gen CEmOC ak swen pou tibebe ki fèk fèt/ popilasyon 500,000 moun.
- ▶ Pwopòsyon akouchman sezaryèn yo pa mwens pase 500,000 pousan oswa pa plis pase 500,000 pousan (al gade nòt oryantasyon 4).

### Nòt oryantasyon

1. **Pake Sèvis Inisyal Minimòm:** MISP defini sèvis sa yo ki pi enpòtan pou evite mòbidite ak mòtalite ki asosye avèk RH pami fanm yo, gason yo ak adolesan yo nan anviwònman ki gen katastwòf yo. Li gen ladan yon ansanm kowòdone sèvis RH priyorité ki dwe aplike anmenmtan pou evite ak kontwole konsekans vyolans seksyèl, pou redui transmisyon VIH, pou prevni mòbidite ak mòtalite egzajere pami manman yo ak pami tibebe ki fèk fèt yo, epitou pou kòmanse planife pou sèvis RH konplè imedyatman sitiyasyon an vin estab. Li enpòtan pou planife pou mete bon kalite aktivite RH konplè nan swen sante primè a nan kòmansman yon ijans pou asire yon kontinwite swen an. Swen RH konplè gen pou wè ak modènizasyon sèvis ki egziste yo, entwodiksyon sèvis ki manke yo ak amelyorasyon kalite sèvis la.
2. **Atik pou RH:** Yo dwe fè kòmann atik pou MISP, distribye ak estoke atik yo pou pa gen reta nan jwenn pwodui debaz pou popilasyon an. Entè-òganizasyon pou ljans gen ladan yon kantite limite medikaman pou pwofilaksi pou pasyan apre yo fin ekspoze, silfat mayezyòm ak enstriman ak medikaman





pou fanmsaj bay swen, men pa tout atik ki nesesè pou MISP. Twous Sante Repwodiktif Entè-òganizasyon, Gwoup Entè-òganizasyon k ap travay sou kriz yo devlope, gen ladan medikaman ak atik pou yon peryòd twa (3) mwa.

3. **Vyolans seksyel:** Tout aktè yo nan repons pou katastwòf dwe konnen risk vyolans seksyèl, tankou eksplwatasyon ak abi seksyèl anplwaye imanitè yo ap pratike, epitou yo dwe travay pou evite sa ak pou bay repons pou sa. Yo dwe konpile enfòmasyon ki gwoupe sou ensidan yo rapòte yo yon kote ki pwoteje ak yon fason etik, epitou yo dwe divilge enfòmasyon sa yo pou bay enfòmasyon sou prevansyon ak sou efò pou bay repons. Yo ta dwe kontwole konsekans vyolans seksyèl. Mezi pou ede sivivan yo dwe anplas nan tout sant sante nivo primè, epitou mezi yo dwe gen ladan anplwaye kalifye pou ofri kontwòl klinik ki gen ladan metòd pou pa ansent pou ijans, pwofilaksi apre yon ka vyolans seksyèl pou evite VIH, tretman pou posib transmisyon maladi moun trape nan sèks (STI), swen blesi, prevansyon tetanòs ak prevansyon epatit B. Itilazasyon metòd pou pa ansent pou ijans se yon chwa pèsonèl, epitou se fanm yo ki kapab fè chwa a poukонт yo. Yo ta dwe ofri fanm yo konsèy san patipri pou yo ka jwenn pran yon desizyon reflechi. Yo ta dwe ofri sipò pou moun ki viktím vyolans seksyèl pou chèche swen klinik ak pou yo jwenn rekòmandasyon pou swen klinik lan, epitou pou yo jwenn aksè nan swen sante mantal ak nan sipò sikolojik.

Sou demann viktím nan, anplwaye pwoteksyon yo ta dwe ofri li pwoteksyon ak sipò legal. Tout egzamen ak tretman ta dwe fèt sèlman avèk konsantman reflechi moun ki viktím nan. Konfidansyalite enpòtan nan tout etap yo (al gade estanda 5 nan Sistèm sante yo, nòt oryantasyon 4 nan paj 307 ak Prensip Pwoteksyon 1, nòt oryantasyon 7-12 nan paj 35).

4. **Swen obstetrik ak swen pou tibebe ki fèk fèt pou ijans:** Apeprè 4 poustan populasyon ki afekte nan katastwòf la se pral fanm ansent. Apeprè 15 poustan tout fanm ansent yo ap gen yon konplikasyon obstetrik ki pa prevwa pandan gwosès yo oswa nenpòt kilè nan akouchman yo, epi sa ap fè yo bezwen swen obstetrik pou ijans, epitou 5-15 poustan tout akouchman yo ap bezwen operasyon, tankou metòd sezaryén. Pou kapab evite mòtalite ak mòbidite manman yo ak tibebe ki fèk fèt yo akòz konplikasyon yo, asistans kalifye nan akouchman nan tout akouchman yo, BEmOC ak reyanimasyon apre akouchman ta dwe disponib nan tout sant sante primè yo. Fonksyon BEmOC yo gen ladan antibiotik parantéral (ki pa pran pa bouch), medikaman itewotonik parantéral (oxytocin), medikaman anti-konvilsan parantéral (silfat mayezyòm), deplasman alamen pwodui konsepsyon ki rete yo avèk teknoloji kòmsadwa, deplasman plasanta alamen, akouchman vajinal asiste (akouchman avid oswa akouchman Lejèsèp) ak reyanimasyon manman ak tibebe ki fèk fèt la. Fonksyon CEmOC yo gen ladan tout entèvansyon nan BEmOC





ak operasyon anba anestezi jeneral (akouchman sezaryèn, lapawotomi) ak transfizyon san rasyonèl ak pwoteje.

Sistèm rekòmandasyon an ta dwe asire fanm yo oswa tibebe ki fèk fèt yo jwenn rekòmandasyon ak jwenn mwayen pou vwayaje pou fè alevini nan yon sant swen sante primè ki ofri BEmOC ak swen pou tibebe, ak nan yon lopital ki gen sèvis CEmOC ak sèvis swen pou tibebe.

### **Sèvis sante debaz – estanda 2 nan sante seksyèl ak repwodiktif: VIH ak SIDA**

Moun yo jwenn aksè nan ansanm minimòm sèvis prevansyon pou VIH, sèvis tretman, sèvis swen ak sèvis sipò pandan katastwòf yo.

#### **Aksyon Kle** (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Devlope prekosyon estanda ak pwosedi pwoteje pou eliminasyon dechè nan tout anviwònman swen sante yo (al gade nòt oryantasyon 2 ak estanda 1 nan Sistèm sante yo, nòt oryantasyon 10–11 nan paj 299–300).
- ▶ Kreye ak suiv bank san pwoteje ak itilizasyon rasyonèl transfizyon san (al gade nòt oryantasyon 2 ak estanda 1 nan Sistèm sante yo, nòt oryantasyon 5 nan paj 298).
- ▶ Devlope aksè nan bon kalite kapòt gratis pou gason ak famm, tankou enfòmasyon sou bon fason pou itilize kapòt.
- ▶ Asire sant sante yo ofri kontwòl sendwòm pou tout pasyan ki prezante avèk sentòm yon enfeksyon ki transmèt nan sèks.
- ▶ Asire yo ofri sèvis pwofilaksi apre ekspozisyon (PEP) pou moun yo nan 72 èdtan ki vini apre ensidan eksposizyon posib nan VIH (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Bay enfòmasyon nan fòma ki fasil ak edikasyon sou prevansyon VIH pou alafwa piblik jeneral la ak gwoup ki nan gwo risk yo (pa egzanp moun ki nan aktivite sèks yo pou lajan).
- ▶ Asire prevansyon transmisyon VIH ant manman ak pitit (PMTCT) lè yo asire aksè nan metòd pou pa ansent, akouchman pwòp ak pwoteje (tankou swen obstetrik pou ijans) ak distribisyon medikaman anti-retroviral (ARV) (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Ofri tretman, swen ak sipò pou tibebe ki fèt nan manman yo konnen ki gen VIH, tankou oryantasyon ak konsèy sou fason pou bay tibebe yo manje (al gade estanda 2 nan Alimantasyon tibebe ak jenn timoun nan paj 160).





- ▶ Asire moun k ap viv ak VIH (PLHIV) resevwa swen sante, tankou pwofilaksi co-trimoxazole pou enfeksyon ki asosye ak VIH.
- ▶ Asire moun ki te sou terapi anti-retroviral (ART) anvan kontinye resevwa tretman (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Devlope lyen ant pwogram pou VIH ak pwogram pou tibèkiloz kote yo egziste.
- ▶ Asire moun ki nan pi gwo risk pou ekspose nan VIH jwenn aksè nan entè-vansyon pou prevansyon VIH pou transmisyon seksyèl VIH, ak aksè nan ekipman enjeksyon pwòp pou itilizatè dwòg nan enjeksyon yo konnen kote sèvis sa yo egziste deja.
- ▶ Yo kòmanse plan yo pou elaji sèvis kontwòl VIH nan etap apre katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 1).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Moun ki pi nan risk pou ekspose nan VIH sible avèk yon pwogram prevan-syon VIH.
- ▶ Fanm ansent yo konnen ki gen VIH yo te resevwa medikaman ARV pou PMTCT.
- ▶ 100 pouzan san yo bay nan transfizyon egzaminen pou enfeksyon ki trans-misib nan transfizyon, tankou VIH.
- ▶ Moun ki ka ekspose nan VIH yo (eksposizyon nan pwofesyon yo nan anviwònman swen sante ak eksposizyon ki pa asosye ak pwofesyon) te resevwa PEP nan 72 èdtan ki vini apre yon ensidan.
- ▶ Tout sant swen sante yo gen medikaman anti-mikwobyen pou ofri kontwòl sendwòm pou pasyan ki prezante avèk sentòm yon STI.

### Nòt oryantasyon

1. **Kontwòl VIH:** Minimòm ansanm prevansyon pou VIH, tretman, swen, ak sipò ki dekri nan aksyon kle yo pou estanda sa a fè pati aksyon sektè sante a dwe pran pou evite transmisyon VIH epitou pou ofri swen ak sipò pou PLHIV. Yo ta dwe aplike yo pandan premye etap nenpòt repons pou katastwòf.
2. **Prevansyon transmisyon VIH nan anviwònman swen sante:** Prevansyon transmisyon VIH nan anviwònman swen sante (pa egzanp, lopital, klinik swen sante, kanpay vaksinasyon) se yon priyorité pandan premye etap repons pou katastwòf. Aksyon debaz yo ap asire aplikasyon prekosyon estanda, devlo-pman pratik transfizyon san ki pwoteje ak rasyonèl, ak eliminasyon kòrèk



dechè swen sante (al gade estanda 1 nan Sistèm sante yo, nòt oryantasyon 5, 10–11 nan paj 298–300).

3. **Pwofilaksi apre kontak:** PEP pou evite enfeksyon VIH gen ladan konsèy, evalyasyon risk pou eksposizyon nan VIH, konsantman reflechi, evalyasyon sous ak distribisyon medikaman ARV yo. Men, yo pa ta dwe ofri PEP pou yon moun yo konnen ki gen VIH; konsèy ak tès pa ta dwe janm obligatwa ni distribisyon PEP a pa ta dwe fèt anreta pandan y ap tann rezulta tès la.
4. **Medikaman anti-retroviral:** Distribisyon ARV pou PMTCT, PEP ak ART alontèm posib nan sitiasyon katastwòf yo. Yo dwe konsidere kontinyasyon ART pou moun ki deja sou tretman yo anvan katastwòf la kòm yon priorité pandan repons pou katastwòf la. Fanm ansent ki deja ap pran ART ta dwe kontinye pran ARV san rete. Fanm ansent yo konnen ki gen VIH ta dwe resevwa ARV pou PMTCT dapre pwotokòl nasyonal kote li posib.

## 2.4. Sèvis sante debaz – blesi

Anjeneral, blesi se kòz prensipal mótalite ak móbidite egzajere apre kòmansman Katastwòf natirèl grav yo, tankou tranblemanntè. Anpil Katastwòf natirèl grav ki kòmanse se evènman ki lakòz anpil ka lanmò anmas, sa vle di plis moun vin pasyan pase sa resous ki disponib sou plan lokal kapab jere ak itilizasyon pwosedi woutin yo. Blesi akòz vyolans fizik asosye tou avèk ijans konplèks yo. Pa egzanp, pandan yon konfli ame, pifò ka lanmò ki asosye ak twomatis rive nan rejyon ki pa pwoteje epi ki lwen ak sant sante yo, epi kidonk anjeneral swen medikal pa kapab evite sa. Entèvansyon ki vize pou pwoteje popilasyon sivil la nesesè pou anpeche ka lanmò sa yo (al gade Prensip Pwoteksyon 3, nòt oryantasyon 1–5 nan paj 38–39).





## Sèvis sante debaz – estanda 1 nan blesi: Swen pou blesi

Moun yo gen aksè nan swen efikas pou chòk pandan katastwòf yo pou anpeche mòbidite, mòtalite ak andikap ki ka evite.

### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Asire travayè sante lokal yo ak moun k ap kowòdone repons sektè sante a abitye avèk jesyon ka lanmò anmas yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Nan evènman ki gen ka lanmò anmas yo, kreye yon sistèm triyaj ofisyèl avèk konsèy klè sou evalyasyon, fason pou bay priorité, reyanimasyon debaz ak rekòmandasyon (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Asire travayè sante yo byen konprann prensip ak ladrès debaz yo pou distri-bisyon premye sekou ak reyanimasyon debaz (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire travayè sante lokal yo abitye avèk prensip debaz kontwòl blesi yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Bay yon vaksen kont tetanòs ki gen ladan anatoksin pou moun ki gen blesi sal yo ak pou moun ki patisipe nan operasyon sekou oswa nan operasyon netwayaj yo (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Kreye pwotokòl ofisyèl pou fè rekòmandasyon pou pasyan ki pran blesi yo pou yo jwenn swen avanse, tankou swen pou blesi ak swen apre operasyon (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Asire sèlman ajans yo ki dwe kreye sèvis definitif pou twomatis ak sèvis chirijikal avèk espètiz ak resous kòmsadwa (al gade nòt oryantasyon 5).
- ▶ Asire aparèy asistans estanda yo ak èd pou mobilite yo (pa egzanp, chèz woulant, bekiy) disponib pou pasyan ki pran blesi yo ak pou moun andikape yo depi sa pratik, epitou èd sa yo kapab repare (al gade nòt oryantasyon 6).

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Tout sant sante yo te fòme anplwaye yo ak sistèm pou jesyon plizyè ka lanmò yo.

### Nòt oryantasyon

1. **Triyaj:** Triyaj se pwosesis klasman pasyan selon gravite blesi oswa maladi yo, ak fason pou bay priorité pou tretman selon disponiblité resous yo ak chans pasyan yo genyen pou siviv. Nan evènman ki gen ka lanmò anmas yo, moun ki pran blesi grav epi ki menase lavi yo ka resevwa mwens priorité pase





moun ki pran blesi epi ki ka siviv yo. Pa genyen sistèm triyaj ofisyèl, epi yo itilize plizyè toupatou nan lemn. Klasman ki pi komen an itilize sistèm kòd ki gen kat (4) koulè: siyal wouj pou gwo priyorité, jòn pou priyorité mwayen, vèt itilize pou pasyan ki pa entène epi nwa itilize pou pasyan ki mouri yo.

2. **Premye sekou ak swen medikal debaz:** Pami pwosedi kritik yo, genyen retablisman ak konsèvasyon respirasyon ki ka bezwen netwayaj ak pwoteksyon göjèt la, ansanm avèk kontwòl senyman ak administrasyon likid nan venn lè li nesesè. Pwosedi sa yo ka ede estabilite moun ki pran blesi ki menase lavi yo anvan yo transfere nan yon sant rekòmandasyon, epitou yo ka ogmante chans pou moun yo viv anpil, men pou blesi ki grav yo. Lòt pwosedi ki pa chirijikal yo enpòtan tou, tankou netwayaj ak pansman maleng, ak administrasyon antibiotik ak pwofilaksi tetanòs enpòtan.
3. **Kontwòl maleng:** Nan pifò katastwòf yo, anpil pasyan ap prezante pou swen plis pase sis (6) èdtan apre blesi la. Prezantasyon anreta ogmante anpil risk pou enfeksyon maleng lan ak mòtalite egzajere ki ka evite. Kidonk, li enpòtan pou travayè swen sante lokal yo abitye avèk prensip ak pwotokòl konvnab yo pou evite ak kontwole enfeksyon maleng yo, ki gen ladan fèmti primè anreta ak netwayaj maleng yo ak eliminasyon kò etranje ak tisi ki mouri yo nan operasyon.
4. **Tetanòs:** Nan katastwòf natirèl ki kòmanse toudenkou kote gen yon gwo kantite blesi ak ka twomatis anjeneral, risk pou moun pran tetanòs ka wo anpil. Alòske li pa rekòmanse pou fè iminizasyon anmas kont tetanòs, vaksen kont tetanòs ki gen anatoksin (vaksen DT oswa Td kont differi ak tetanòs – oswa DPT, selon laj ak istwa vaksinasyon pasyan an) rekòmanse pou moun ki gen maleng sa ak pou moun ki patisipe nan operasyon sekou ak operasyon netwayaj ki mete yo nan risk. Moun ki gen maleng sa yo ki pa t pran vaksen anvan kont tetanòs ta dwe pran yon dòz globilin iminitè kon tetanòs (TIG), si genyen.
5. **Swen pou twomatis ak swen chirijikal:** Swen chirijikal pou twomatis ak operasyon apre lagè sove lavi moun ak andikap alontèm, epitou sa mande fòmasyon ak resous espesifik kèk ajans posede. Operasyon ki pa kòmsadwa oswa ki pa konvnab kapab fè plis mal pase pou li pa fè anyen. Answit, operasyon yo fè san okenn reyabilitasyon imedyat kapab lakòz yon echèk konplè nan retablisman kapasite fonksyonèl pasyan an. Kidonk, se sèlman òganizasyon ak pwofesyonèl ki gen espètiz enpòtan ki ta dwe kreye sèvis sa yo ki sove lavi moun epi ki anpeche moun vin andikape.
6. **Reyabilitasyon apre operasyon pou blesi ki asosye avèk twomatis:** Reyabilitasyon bonè kapab ogmante anpil sivi a, epitou li kapab amelyore kalite lavi pou sivivan ki pran blesi yo. Pasyan ki bezwen aparèy èd yo (tankou pwotèz akaparèy mobilite) ap bezwen reyabilitasyon fizik tou. Kote li disponib, pate-





narya avèk pwogram reyabilitasyon kominotè yo kapab maksimize swen ak reyabilitasyon apre operasyon pou sivivan ki pran blesi yo.

## 2.5 Sèvis sante debaz – sante mantal

Pwoblèm sante mantal ak pwoblèm sikolojik rive nan tout anviwònman imanitè yo. Laperèz, pèt, ensètitid ak plizyè lòt ajan estresan ki asosye avèk konfli ak lòt katastwòf yo kapab mete moun nan pi gwo risk pou tonbe nan divès kalite pwoblèm sosyal, konpòtmantal, sikolojik ak sikiyatrik. Sipò nan sante mantal ak sipò sikolojik gen ladan sipò plizyè sektè (al gade dyagram ‘pyramid entèvansyon ki anba la). Sipò sa yo mande aplikasyon kowòdone, pa egzanp nan yon travay an gwoup kwaze oswa an sektè kwaze. Estanda sante mantal ki anba la a konsantre sou aksyon aktè sante yo adopte. Lektè yo ta dwe konsilte tou Estanda Debaz 1 nan paj 55 ak Prensip Pwoteksyon 3 nan paj 38.

### Sèvis sante debaz- estanda 1 nan sante mantal: Sante mantal

Moun yo gen aksè nan sèvis sante mantal ki anpeche oswa redui pwoblèm sante mantal la, epitou ki asosye avèk fonksyonman afebli.

#### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Asire yo devlope entèvansyon yo sou baz bezwen ak resous ki idantifye.
- ▶ Pèmèt manm kominotè a ki gen ladan moun ki eskli yo ranfòse pwòp èd kominotè yo a sipò sosyal yo (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Asire travayè kominotè yo, tankou volontè ak anplwaye ki nan sèvis sante a ofri premye èd sikolojik pou moun ki nan gwo chagren apre yo fin ekspoze nan ajan estresan grav (al gade nòt oryantasyon 2).
- ▶ Asire genyen omwen yon anplwaye nan chak sant sante k ap jere pwoblèm sante mantal grav sou adilt yo ak sou timoun yo (al gade nòt oryantasyon 3).
- ▶ Abòde sekirite, bezwen debaz ak dwa moun ki gen pwoblèm sante mantal nan enstitisyon yo (al gade nòt oryantasyon 4).
- ▶ Minimize domaj ki asosye avèk alkòl ak dwòg.
- ▶ Konsènan gerizon bonè a, kòmanse plan pou devlope yon sistèm sante mantal kominotè ki dirab (al gade nòt oryantasyon 5).





### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- Tout sante yo te fòme anplwaye yo ak sistèm yo pou kontwòl pwoblèm sante mantal yo.

### Nòt oryantasyon

1. **Èd kominotè ak sipò sosyal:** Pwòp èd kominotè ak sipò sosyal fòme yon eleman kle sipò jeneral nan sante mantal ak sipò sïkolojik plizyè sektè (al gade dyagram ki anba la a) (al gade Estanda Debaz 1 nan paj 55 ak Prensip Pwoteksyon 4, nòt oryantasyon 9–13 nan paj 43 ak Prensip Pwoteksyon 3, nòt oryantasyon 15 nan paj 40). Ajans sante yo anplwaye oswa angaje souvan travayè kominotè ak volontè ki kapab pèmèt manm kominotè yo, tankou moun eskli yo, ogmante pwòp èd yo ak sipò sosyal yo.

### Piramid entèvansyon



Sous: Gwoup Referans Komite Direktè Entè-òganizasyon sou Sante Mantal ak Sipò Sikolojik, 2010

2. **Premye sekou sikolojik:** Gwo enkyetid grav apre ekspozisyon nan ajan estresan ekstrèm (pa egzanp, evènman twomatik) pi byen kontwole dapre prensip premye sekou sikolojik, yo konsidere souvan pa erè kòm yon entèvansyon klinik. Olye sa, se yon deskripsyon yon repons imen ki bay sipò pou yon kreyati imen manm k ap soufri epi ki ka bezwen sipò. Sa egzije swen pragmatik debaz ki diskrè avèk yon objektif pou koute men pou Lejèse moun yo pale, pou evalye bezwen yo epitou pou asire yo satisfè bezwen debaz yo, pou ankouraje sipò sosyal lòt moun enpòtan epitou pou pwoteje moun yo kont lòt mal. Kritik sikolojik (sètadi pwomosyon ayerasyon lè yo ankouraje moun nan re-konte pèsepsyon rapidman men yon fason sistematik, panse ak





reyakson emosyonèl ki genyen pandan yon evènman resan ki bay estrès) pa efikas nan pi bon ka yo, epitou yo pa ta dwe aplike yo. Menm jan tou, yo ta dwe evite benzodyazepin nan kontwòl gwo chagren paske yo ka nuizib pou gerizon natirèl.

3. **Swen sante mantal debaz:** Pwoblèm sante moun ka lakòz ijans, ijans ki la déjà oswa toulède. Moun ki gen pwoblèm sante mantal grav yo ta dwe jwenn aksè nan yon rezo sipò sosyal ki baze nan kominotè ak aksè nan swen klinik nan sèvis sante mantal ki disponib yo (pa egzanp, lopital jeneral, klinik swen primè, elatriye). Anjeneral, òganizasyon swen sante mantal klinik debaz gen ladan swa òganizasyon fòmasyon rapid ak sipèvizon anplwaye sante jeneral oswa entwodiksyon yon pwofesyonèl sante mantal nan klinik sante a. Medikaman sikotwòp ak anti-épileptik debaz yo dwe disponib. Moun ki t ap resevwa tretman sante mantal anvan kriz la bezwen jwenn aksè nan tretman kontini.
4. **Moun ki nan enstitisyon yo:** Lopital mantal ak kay kote moun abite pou moun ki gen pwoblèm sante mantal grav bezwen resevwa vizit regilyèman, espesyalman bonè nan kriz la, paske risk pou negligans oswa abi grav sou moun nan enstitisyon yo wo anpil. Yo dwe bay sekirite, bezwen fizik debaz (dlo, manje, refij, enstalasyon sanitè ak swen medikal), siveyans dwa moun ak swen sikiyatrik ak sikolojik debaz pandan toutan kriz la dire.
5. **Gerizon bonè:** Paske kriz imanitè yo ogmante to yon gwo kantite twoub mantal, yo dwe kòmanse plan yo pou devlope sistèm sante mantal la pou ogmante kouvèti tretman sante mantal efikas toupatou nan zòn ki afekte a (al gade Estanda Debaz 4 nan paj 65).

## 2.6. Sèvis sante debaz –maladi ki pa kontajye

Popilasyon k ap aje ak ogmantasyon nan esperans-de-vi te chanje pwofil maladi yo ant maladi kontajye ak maladi ki pa kontajye (NCD) nan anpil peyi tankou peyi ki gen revni ba ak revni modere. Poutèt sa, NCD yo ap devlope nan enpòtans kòm yon pwoblèm sante piblik prensipal nan anviwònman ki gen katastwòf yo. Ogmantasyon nan pwoblèm sante akòz agravasyon kondisyon sante kwonik ki egziste yo te vin yon patikilarite komen pou anpil katastwòf.

### Sèvis sante debaz- estanda 1 nan maladi ki pa kontajye: Maladi ki pa kontajye

Moun yo jwenn aksè nan terapi debaz yo pou redui mòbidite ak mòtalite akòz konplikasyon grav oswa agravasyon kondisyon sante kwonik yo.





### Aksyon kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon yo)

- ▶ Evalye ak note frekans NCD yo, epitou divilge done yo ba ajans k ap bay repons pou katastwòf la (al gade nòt oryantasyon 1).
- ▶ Asire idantifikasyon moun ki gen NCD ki t ap resevwa tretman anvan ijans lan, epitou asire yo kontinye ap resevwa tretman an. Evite sispanson toudenkou tretman an.
- ▶ Asire moun ki gen konplikasyon grav yo ak agravasyon NCD ki reprezante yon menas pou lavi yo (pa egzanp maladi kè, ipètansyon grav) ak moun ki gen doulè yo (pa egzanp, doulè akòz kansè avanse) resevwa tretman.
- ▶ Nan sitiyasyon kote tretman yo pa disponib pou NCD yo, kreye pwosedi fonksyonman estanda aklè pou rekòmandasyon.
- ▶ Asire ekipman dyagnostik debaz, tès laboratwa debaz ak medikaman pou kontwòl woutin ak kontini NCD yo disponib nan sistèm swen sante primè a. Yo dwe espesifye medikaman sa a sou lis medikaman debaz yo.
- ▶ Asire aparèy èd (pa egzanp èd pou mache) disponib pou moun ki gen pwoblèm mobilite oswa pwoblèm komunikasyon.

### Endikatè kle (ou dwe li yo ansanm avèk nòt oryantasyon an)

- ▶ Tout sant swen sante primè yo gen pwosedi fonksyonman aklè pou rekòmandasyon pasyan ki gen NCD nan sant sante segondè ak tètyè.
- ▶ Tout sant swen sante primè yo gen medikaman kömsadwa pou kontinyasyon tretman pou moun ki gen NCD ki t ap resevwa tretman anvan ijans lan.

### Nòt oryantasyon

1. **Maladi ki pa kontajye yo gen** ladan maladi kè, estwok, ipètansyon, ensifizans renal kwonik, opresyon bwonch, ensifizans renal kwonik ki depanne dyaliz, dyabèt ki depanne ensilin, ak epilepsi. Pandan ijans yo, moun ki gen kondisyon medikal kwonik yo frajil sitou pou agravasyon kondisyon yo oswa pou konplikasyon tankou enfeksyon segondè, epitou moun sa yo nan risk lè tretman an sispann. Estabilizasyon klinik ak antretyen terapi ta dwe baz repons sektè sante a nan anviwònman imanitè yo.

Moun ki gen NCD yo bezwen medikaman ak suivi alontèm. Kontwòl woutin k ap kontinye pou NCD yo ta dwe disponib avèk èd sistèm swen sante primè a, avèk medikaman ki nan lis medikaman debaz yo. Men, anjeneral li pa rekòmande pou entwodui nouvo rejim terapeutik oswa pwogram pou kontwòl maladi kwonik yo pandan efò sekou a, sitou si rejim nan oswa pwogram nan ka pa kontinye apre faz ijans lan.





# Dokiman Siplemantè 1

## Lis evalyasyon sante

### Preparasyon

- ▶ Jwenn enfòmasyon ki disponib yo sou popilasyon ki afekte nan katastwòf la.
- ▶ Jwenn kat jeyografik ak foto yo pran nan vizyon ayeryen ki disponib yo.
- ▶ Jwenn done demografik ak done sou sante.

### Sekirite ak aksè

- ▶ Detèmine egzistans danje natirèl k ap kontinye oswa danje moun lakòz.
- ▶ Detèmine sitiayson sekirite jeneral la, avèk tou prezans fòs lame oswa milis yo.
- ▶ Detèmine aksè ajans imanitè yo genyen nan popilasyon ki afekte a.

### Demografi ak estrikti sosyal

- ▶ Detèmine kantite total moun nan popilasyon ki afekte a; laj ak fason popilasyon an repati an fanm ak gason.
- ▶ Identife gwoup ki nan pi gwo risk yo, pa egzanp fanm yo, timoun yo, gramoun aje yo, moun andikape yo.
- ▶ Detèmine kantite mwayen moun k ap viv nan kay yo epi estime kay ki genyen fanm ak timoun ki alatèt yo.
- ▶ Detèmine estrikti sosyal ki egziste a, tankou pozisyon otorite yo ak/oswa enflyans yo.

### Enfòmasyon jeneral sou sante

- ▶ Identife pwoblèm sante ki egziste anvan nan zòn ki afekte nan katastwòf la anvan katastwòf la.





- ▶ Idantifye pwoblèm sante ki egziste deja nan peyi kote refijye yo sòti a (zòn kote moun ki deplase andedan peyi a sòti).
- ▶ Idantifye risk ki egziste nan sante, pa egzanp, maladi epidemik posib.
- ▶ Idantifye sous swen sante ki la anvan.
- ▶ Analize pèfòmans fonksyon sistèm sante a.

### To mòtalite

- ▶ Kalkile to mòtalite estime a.
- ▶ Kalkile to mòtalite ki espesifik pou laj (pa egzanp, to mòtalite pou timoun ki pokonha gen laj 5 ane).
- ▶ Kalkile to mòtalite ki espesifik sou kòz.
- ▶ Kalkile to mòtalite pwopòsyonèl.

### To mòbidite

- ▶ Detèmine to ensidans gwo maladi ki genyen enpòtans pou sante publik.
- ▶ Detèmine to ensidans gwo maladi ki espesifik pou laj ak sèks kote li posib.

### Resous disponib yo

- ▶ Detèmine kapasite Ministè Sante peyi ki afekte nan katastwòf la.
- ▶ Detèmine kondisyon sant sante nasyonal yo, tankou kantite total selon kalite swen yo ofri a, kondisyon fizik ak fason pou gen aksè ladan yo.
- ▶ Detèmine kantite ak konpetans anplwaye sante ki disponib yo.
- ▶ Detèmine bidjè sante ki disponib yo ak pwosesis finansman an.
- ▶ Detèmine kapasite ak sitiyasyon fonksyonèl pwogram sante publik ki egziste yo, pa egzanp Pwogram Pwolonje sou Iminizasyon.
- ▶ Detèmine disponiblite pwotokòl ofisyèl yo, medikaman debaz yo, materyèl ak ekipman.
- ▶ Detèmine sitiyasyon sistèm rekòmandasyon ki egziste yo.
- ▶ Detèmine nivo sante anviwònman an nan sant swen sante yo.
- ▶ Detèmine sitiyasyon sistèm entòmasyon sou sante ki egziste.





## Done nan lòt sektè enpòtan yo

- ▶ Sitiyasyon nitrisonèl
- ▶ Manje ak sekirite manje
- ▶ Kondisyon anviwònman
- ▶ Refij – kalite refij
- ▶ Edikasyon – edikasyon sou sante ak ijjèn





# Dokiman Siplementè 2

## Modèl fòm pou rapòtaj sou siveyans chak semèn

### Fòm 1 Siveyans Mòtalite\*

Sant . . . . .

Dat apati lendi: . . . . . Jiska Dimanch: . . . . .

Popilasyon total nan kòmansman semèn sa a: . . . . .

Akouchman nan semèn sa a: . . . . . Lanmò semèn sa a: . . . . .

Arive semèn sa a (si genyen): . . . . . Depa semèn sa a: . . . . .

Popilasyon total nan fen semèn nan: . . . . . Total popilasyon gen mwens pase 5 ane: . . . . .

	0–4 ane		5+ ane		Total
	gason	fanm	gason	fanm	
Kòz imedyat					
Enfeksyon respiratwa grav					
Kolera (sispèk)					
Dyare - ki gen san					
Dyare - dlo					
Chòk - ki pa nan aksidan					
Malaria					
Lanmò matènèl - dirèk					
Lawoujol					
Menenjit (sispèk)					
Neyonatal (0-28 jou)					
Lòt					
Enkoni					
Total selon laj ak sèks					
Kòz anba-anba					
SIDA (sispèk)					
Malnitrison					
Lanmò matènèl – endirèk					
Maladi ki pa Kontajye (endike)					
Lòt					
Total selon laj ak sèks					

\* Fòm sa a itilize lè gen plizyè lanmò epi plis enfòmasyon detaye sou lanmòm endividyèl ki pa ka kolekte akòz limit tan.

– Lòt kòz mòtalite kapab ajoute selon kontèks ak modèl epidemiologik la.

– Laj la kapab dezagreje (0-11 mwa, 1-4 ane, 5-14 ane, 15-49 ane, 50-59 ane, 60-69 ane, 70-79 ane, 80+ yrs) si li ka fèt.

– Yo ta dwe rapòte lanmò yo sèlman nan sant sante yo, men yo ta dwe ajoute landan yo nan sant yo ak lidè relije yo, travayè komotonè, gwoup fanm ak lopital referans yo.

– Lè li posib, yo ta dwe mete definisiyon yo dèyè fòm nan.





## Fòm 2 Siveyans Mòtalite\*

Sit: .....

Dat apati Lendi: ..... Jiska Dimanch: .....

Popilasyon total nan kòmansman semèn sa a: .....

Akouchman semèn sa a: ..... Lanmò semèn sa a: .....

Rive semèn sa a (si genyen): ..... Depa semèn sa a: .....

Popilasyon total nan fen semèn nan: ..... Popilasyon total ki gen mwens 5 ane: .....

Nº	Sèks (g, f)	Lai (iou=d mwa=m ane=)	Kòz dirèk lanmò				Kòz kache														
			Enfeksyon pí ba respiratwa grav	Kolerai (sispek)	Dyare - ki gen san	Dyre - dlo	Blesi - ki pa aksidantèl	Maladya:	Lanno manman - dirék	Lawoujòl	Menenjili (sispek)	Neyonatal (0-28 iou)	Maladi ki pa kontayé (endiké)	Löt (endiké)	Enkonvi:	SIDA (sispèk)	Malnitriyon	Lanno maténèl - endirék	Löt (endiké)	Dat (iou/mwa/ane)	Kote nan sant lan (pa eggzan, blok #)
1																					
2																					
3																					
4																					
5																					
6																					
7																					
8																					

\* Fòm sa a itilize lè gen plizyè lanmò epi plis enfòmasyon detaye sou lanmò endividyle ki pa ka kolekte ak öz limit tan.

- Frekans rapòtaj la (sétadi pa jou oswa pa semèn) depennèd kantite lanmò yo.

- Löt kòz lanmò a ka ajoute kòm adapte sitiysyon an.

-- Yo ta dwe rapòte lanmò yo selman nan sant sante yo, men yo ta dwe ajoute ladan yo nan sant yo ak lidè relije yo, travayè komunitè, gwooup famm ak lopital referans yo.

- Lè li posib, yo ta dwe mete definisyon yo dèyè fòm nan.





## Modèl Fòm Rapòtaj EWARN pa Semèn\*

\* Fòm sa a dwe itilize nan etap enpòtan ijans lan lè gen gwo risk pou ka gen maladi epidemik yo

Dat apati Lendi: ..... Jiska Dimanch: .....

Vil/Vilaj/Kominote/Kan: .....

Pwovens: ..... Distri: ..... Subdistrict:

Sit non: ..... • Pasyan ki entène • Pasyan ki pa entène • Sant sante • Klinik mobil

Sipòte ajans: ..... Ofisy Rapòtaj ak nimewo kontak: .....

Popilasyon total ..... Popilasyon total ki gen mwens 5 ane: .....

### A. DONE GWOUPE PA SEMENN

Nouvo ka:	MÒBIDITE		MÒTALITE		Total
	< 5 ane	5 ane ak plis	< 5 ane	5 ane ak plis	
ADMISYON TOTAL					
LANMÖ TOTAL					
Enfeksyon respiratwa grav					
Dyare dlo grav					
Dyare san grav					
Malarya – sisპek/konfime					
Lawoujöl					
Menenjit – sisპek					
Sendwòm lafyev emorajik grav					
Sendwòm lajòmnis grav					
Paralizi mou grav (AFP)					
Tetanös:					
Löt lafyev > 38.5°C					
Blesi/Maleng					
Löt					
Total					

– Plis pase yon dyagnostik posib; yo ta dwe note sa ki pi enpòtan an. Yo ta dwe konte chak ka yon sèl fwa.

– Ajoute sèlman ka yo te obseve yo (oswa lanmò ki te genyen yo) pandan semèn siveyans lan.

– § Ekri "0" (zewo) si ou pa t gen ka oswa lanmò pandan semèn nan pou yon sendwòm ki endike nan fòm nan.

– Yo ta dwe rapòte ka lanmò yo sèlman nan seksyon mòtalite, PÀ nan seksyon mòbidite.

– Definisyon ka pou chak kondisyon ki sou siveyans ta dwe ekri dèyè fòm nan.

– Yo kapab ajoute oswa soustré kòz mòbidite yo selon epidemiyoloji a ak evalyasyon risk maladi a.

– Objektif siveyans EWARN se deteksyon bonè maladi epidemii an lakoz yo.

– Yo ta dwe jwenn done sou maladi yo tankou malnitrison nan sondaj yo (prevalans) olye nan siveyans lan (ensiidan).

### B. ALET EPIDEMI

Nenpòt lè ou sisპek nenpòt nan maladi sa yo, tanpri voye SMS oswa rele nan telefòn ..... oswa voye imèl..... avèk enfòmasyon maksimòm sou lè, kote ak kantite ka lanmò yo: kolera, chijeloz, lawoujöl, polyo, tifoid, tetanös, epatit A oswa E, deng, menenjit, difteri, koklich, lafyev emorajik(lis sa a ap varye selon epidemii maladi peyi a).





## Modèl fòm rapòtaj woutin siveyans mòbidite\*

\* Siveyans mòbidite ka ogmante nan EWARN apre faz grav la pou ajoute lòt maladi yo epi pou kontwole lòt endikatè yo jan sa apwopriye

Sit: .....

Dat apati Lendi: ..... Jiska Dimanch: .....

Popilasyon total nan kòmansman semèn/mwa: .....

Akouchman semèn/mwa sa a: ..... Lanmò semèn/mwa sa a: .....

Arive semèn/mwa sa a (si li aplikab): .....

Depa semèn/mwa sa a: .....

Popilasyon total nan fen semèn/mwa sa a: ..... Popilasyon total ki gen mwens 5 ane: .....

Mòbidite	Mwens pase 5 ane (nouvo ka) #			5 ane ak plis (nouvo ka)			Total	Ka repepe yo
	Gason	Fanm	Total	Gason	Fanm	Total	nouvo ka	Total
Dyagnostik*								
Enfeksyon respiratwa grav**								
Dyare dlo grav								
Dyare san grav								
Malarya – sispèk/konfime								
Lawoujòl								
Menenjít – sispèk								
Sendwòm lafayèv emorajik grav								
Sendwòm lajòmnis grav								
Paralizi mou grav (AFP)								
Tetanòs:								
Lòt lafayèv > 38.5°C								
SIDA – sispèk ***								
Maladi zye								
Malnitrisyon ****								
Blesi – aksidantèl								
Blesi – ki pa aksidantèl								
Enfeksyon moun trape nan relasyon sekseyél								
Maladi îsè jenital								
Dechaj irétral gason								
Dechaj vaginal								
Doulè anab ti vant								
Maladi po								
Maladi ki pa kontajye (pa egzanp, dyabét)								
Vè								
Lòt								
Enkoni								
Total								

\* Plis pase yon dyagnostik posib; Kòz mòbidite yo kapab ajoute oswa soustrè selon konteks ak modèl epidemi an.

\*\* Enfeksyon grav nan aparèy respiratwa: nan kèk peyi, kategori sa a kapab divize an enfeksyon nan pati siperiyè ak nan pati enferyè aparèy respiratwa.

\*\*\* Prevalans VIH/SIDA pi byen evalye nan sondaj yo.

\*\*\*\* Prevalans malnitrisyon pi byen evalye nan sondaj rapid yo (depistaj MUAC oswa W/H) liè sivelans sèlman devwale moun ki vini pou chèche swen.

# Yo kapab gwoupe laj yo jan li posib





## Dokiman Jiridik Imanitè avèk Estanda Minimòm nan Entèvansyon Imanitè

### ALET EPIDEMI

Nenpòt lè ou sisplèk nenpòt nan maladi sa yo, tanpri voye SMS oswa rele nan telefòn ..... oswa voye imèl..... avèk enfòmasyon maksimòm sou lè, kote ak kantite ka lamò yo: kolera, chijeloz, lawoujòl, polyo, tifoyid, tetanòs, epatit A oswa E, deng, menenjit, difteri, koklich, lafyèv emorajik

Vizit nan sant sante a	Mwens pase 5 ane			5 ane ak plis			Total	
	Gason	Fam	Total	Gason	Fam	Total	Gason	Fam
Vizit total								

Itilizasyon: Kantite vizit pou chak moun pa ane nan sant sante a = kantite total vizit nan 1 semèn / popilasyon total la x 52 semèn – Laj yo kapab repati annapre (0–11 mwa, 1–4 ane, 5–14 ane, 15–49 ane, 50–59 ane, 60+ ane) jan li posib.

Kantite konsiltasyon pou chak klinisyen: Kantite vizit total (nouvo ak repeète) / Klinisyen FTE ki nan sant sante a/kantite jou sant sante a fonksyone pa semèn.





# Dokiman Siplementè 3

## Fòmil pou kalkile endikatè kle sante

### To mòtalite ki estime (CMR)

*Definisyon:* To mòtalite nan popilasyon an nèt, avèk tou fanm ak gason, ak moun tout laj.

*Fòmil:*

$$\frac{\text{Kantite total ka lanmò pandan peryòd tan an}}{\text{Popilasyon mitan-peryòd ki na risk x Kantite jou nan peryòd tan an}} \times 10.000 \text{ moun} = \frac{\text{Ka lanmò}/10,000}{\text{moun/jou}}$$

### To mòtalite pou timoun ki pokò gen laj 5 ane (U5MR)

*Definisyon:* To mòtalite pami timoun ki pokò gen laj 5 ane nan popilasyon an.

*Fòmil:*

$$\frac{\text{Kantite total ka lanmò sou timoun } < 5 \text{ ane pandan peryòd tan an}}{\text{Kantite timoun } < 5 \text{ ane} \times \text{Kantite jou nan peryòd tan an}} \times 10.000 \text{ moun} = \frac{\text{Ka lanmò}/10,000}{\text{timoun ki pokò gen laj 5 ane/jou}}$$

### To ensidans

*Definisyon:* Kantite nouvo ka yon maladi ki rive pandan yon peryòd tan ki espesifye nan yon popilasyon ki nan risk pou devlope maladi a.

*Fòmil:*

$$\frac{\text{Kantite nouvo ka lanmò akòz maladi espesifik nan peryòd tan an}}{\text{Popilasyon ki nan risk pou devlope maladi x Kantite mwa ki nan peryòd tan an}} \times 1.000 \text{ moun} = \frac{\text{Nouvo ka akòz maladi espesifik}/1,000}{\text{mwa}}$$





## To ka lanmò (CFR)

*Definisyon:* Kantite moun ki mouri akòz yon maladi divize pa kantite moun ki gen maladi a.

*Fòmil:*

$$\frac{\text{Kantite moun ki mouri akòz maladi a pandan peryòd tan an}}{\text{Moun ki gen maladi a pandan peryòd tan an}} \times 100 = x\%$$

## To itilizasyon sant sante

*Definisyon:* Kantite vizit pasyan ki pa entène pou chak moun pa ane. Kèlkeswa lè li posib, yo ta dwe fè yon diferans ant **nouvo** ak ansyen vizit yo, epitou yo ta dwe itilize nouvo vizit yo pou kalkile to sa a. Men, li souvan difisil pou fè diferans ant nouvo ak ansyen vizit, kidonk yo melanje yo souvan ak vizit total yo pandan yon katastwòf.

*Fòmil:*

$$\frac{\text{Kantite total vizit nan yon semèn}}{\text{Popilasyon total}} \times 52 = \frac{\text{Vizit/moun/ane}}{\text{semèn}}$$

## Kantite konsiltasyon pou chak klinisyen pa jou

*Definisyon:* Kantite mwayen konsiltasyon total (nouvo ka ak ka ki repepe) chak klinisyen wè pa jou.

*Fòmil:*

$$\frac{\text{Kantite total vizit nan yon semèn}}{\text{Kantite klinisyen FTE* ki nan sant sante a}} \div \text{Kantite jou sant sante a louvri pa semèn}$$

\* FTE ('ekivalan atanplen') vle di kantite ekivalan klinisyen ki travay nan yon sant sante. Pa egzanp, si genyen sis (6) klinisyen ki travay nan departman pasyan ki pa entène men de (2) ladan yo travay nan mwatye tan, lè sa a kantite klinisyen FTE yo = 4 anplwaye atanplen + 2 anplwaye mwatye tan = 5 klinisyen FTE.





# Referans ak lekti siplemantè

## Sous

### Blesi

Hayward-Karlsson, J et al (1998), Hospitals for War-Wounded: Yon Gid Pratik pou Enstalasyon ak Fonksyonman yon Lopital Chirijikal nan yon Zòn Konfli Ame. Komite Entènasyonal Lakwa-Wouj (ICRC). Jenèv.

PAHO (1995, reprint 2001), Establishing a Mass Casualty Management System. Washington DC. [www.disasterpublications.info/english/viewtopic.php?topic=victimasmasa](http://www.disasterpublications.info/english/viewtopic.php?topic=victimasmasa)

OMS (2005), Jesyon Entegre pou twous zouti Swen pou Ijans ak Swen Chirijikal Debaz: Gid pou Jesyon Katastwòf. Jenèv. [www.who.int/surgery/publications/Disastermanaguide.pdf](http://www.who.int/surgery/publications/Disastermanaguide.pdf)

### Dokiman legal entènasyonal

Dwa pou Pi Gwo Estanda Sante ki ka Reyalize (Atik 12 Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl), Kòmantè Jeneral 14 CESCR, 11 out 2000, U.N. Doc. E/C.12/2000/4. Komite pou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl.

Òganizasyon Mondyal Sante OMS (2002), 25 Keson ak Repons sou Sante ak Dwa Moun. Piblikasyon sou Sante ak Dwa Moun Volim Nimewo 1. Jenèv. <http://whqlibdoc.who.int/hq/2002/9241545690.pdf> Sistèm sante

Rezo Entè-Ajans pou Edikasyon nan Ijans (INEE) (2004), Estanda Minimòm pou Edikasyon nan Ijans, Kriz Kwonik ak Rekonstrikyon Bonè. Jenèv. [www.exacteditions.com/exact/browse/436/494/2635/2/47?dps=on](http://www.exacteditions.com/exact/browse/436/494/2635/2/47?dps=on)

Gwoup Sante Global Komite Direktè Entè-Ajans (IASC) (2009), Gid pou Gwoup Sante: Yon gid pratik pou aplikasyon Gwoup Sante nan nivo peyi a. OMS. Jenèv.

Syans Kontwòl pou Sante (1997), Jesyon Estòk Medikaman (2<sup>yém</sup> Edisyon). Kumarian Press. Bloomfield, CT, Etazini.





Biwo Wo Komisarya Nasyonzini pou Refiye (UNHCR) (2009), Sistèm Enfòmasyon Sante nan Ijans. [www.unhcr.org/pages/49c3646ce0.html](http://www.unhcr.org/pages/49c3646ce0.html)

Öganizasyon Sante Panameriken (PAHO) (2000), Katastwòf Natirèl: pwoteksyon sante piblik la. Scientific Publication No. 575. Washington DC.

OMS (1994), Sant Laboratwa Medikal nan Sitiyasyon Ijans ak Katastwòf. Jenèv.

OMS (1999), Gid pou Don Medikaman, 2<sup>yèm</sup> edisyon. Jenèv. Jenèv.

OMS (2000), Rapò sante mondyal 2000 – Sistèm sante: amelyorasyon pefòmans. Jenèv. [www.who.int/whr/2000/en/index.html](http://www.who.int/whr/2000/en/index.html)

OMS 2001. Makwo–ekonomi ak sante: Envestisman nan sante pou devlopman ekonomik Jenèv.

WHO (2009), Model Lists of Essential Medicines. Jenèv.

[www.who.int/medicines/publications/essentialmedicines/en/index.html](http://www.who.int/medicines/publications/essentialmedicines/en/index.html)

OMS (2008), Twous Sante Entè–Ajans pou Ijans: Medikaman akaparèy Medikal pou 10,000 Moun pou Apeprè 3 mwa, 4<sup>yèm</sup> edisyon. Jenèv.

OMS ak PAHO (2001), Bibliyotèk Sante pou Katastwòf, Jenèv. <http://helid.desastres.net/Kontwòl maladi kontajye>

Heymann, David L (2008), Liv Kontwòl Maladi Kontajye, 19<sup>yèm</sup> edisyon. Asosyasyon Ameriken pou Sante Piblik. Washington, DC.

OMS (2002), Gid pou Koleksyon Echantillon Klinik Pandan Ankèt Deklanchman Maladi sou Teren. Jenèv.

OMS (2005), Kontwòl maladi kontajye nan Ijans Konplèks. Jenèv.

OMS (2005), Kontwòl Malarya nan Ijans Konplèks: Yon Tiliv Enfòmasyon Pratik Entè–Ajans. Jenèv.

OMS (2007), Swen ak Kontwòl Tibèkiloz nan Refiye ak Popilasyon ki Deplase: An Interagency Field Manual, 2<sup>yèm</sup> edisyon. Jenèv.

### Maladi ki pa kontajye

(2010), Bezwèn swen sante moun ki afekte nan konfli: fiti tandans ak chanjman estrikti. Lancet, Vol. 375, 23 January 2010.

OMS (2008), Kontwòl Maladi Kadyo–vaskilè, Dyabèt, Opresyon ak Maladi Bwonch Obstriktif Kwonik nan Anviwònman Ijans ak Anviwònman Imanitè. Dokiman Pwovizwa, 28 Fevriye 2008. Jenèv.

OMS (2009), Pake OMS sou Entèvansyon Debaz pou Maladi ki pa Kontinye (WHO PEN). Jenèv.





# Anèks





## Anèks 1

# Dokiman Kle ki gide Dokiman Jiridik Imanitè a

Dokiman Jiridik Imanitè a prezante kwayans ki pataje ak prensip komen sou aksyon ak responsabilite imanitè nan sitiyasyon katastwòf osnon kote gen konfli, epi li di sa yo reprezante nan lwa entènasyonal. Lis dokiman enpòtan sa a ki anote a gen pi gwo enstriman jidisyè entènasyonal konsènan dwa moun entènasyonal, lwa imanitè entènasyonal (IHL), lwa pou refijye ak aksyon imanitè. Li pa p eseye reprezante devlopman ak lwa rejjonal yo. Nan lis la gen tou plizyè lòt direktiv, prensip, estanda ak kad teyori ki sèvi kòm gid pou Dokiman Jiridik Imanitè a. Poutèt li nesesè pou sa chwazi ak anpil atansyon, gen plis resous ak lyan elektwonik pou dokiman sa yo nan sit entènèt Pwojè Sphere a. ([www.sphere-project.org](http://www.sphere-project.org)). Poutèt pa gen anpil plas, gen nòt sèlman pou dokiman ki parèt bezwen ekstrakson oubyen eksplikasyon espesyal, poutèt yo nouvo oubyen gen sekson presi sou katastwòf oubyen konfli.

Dokiman yo nan lòd dapre sijè tematik yo, ak men non dokiman yo:

1. *Dwa moun, pwoteksyon ak frajilate*
2. *Konfli ame ak èd imanitè*
3. *Refijye ak moun ki deplase anndan pwòp peyi pa yo (IDP yo)*
4. *Katastwòf ak èd imanitè*

Pou ka garanti klète sou eta chak dokiman, chak nan dokiman yo klase nan lòt soutit tankou:

1. *Trete ak lwa òdinè (kote li posib)*
2. *Prensip ak direktiv Nasyonzini ak lòt Prensip ak direktiv entè-gouvèn-mantal ki adopte ofisyèlman*
3. *Kad, direktiv ak prensip règleman imanitè*





## 1. Dwa moun, pwotection ak frajilite

Pwochen dokiman sa yo konsène sitou dwa moun ki rekonèt atravè lemonn nan trete ak deklarasyon inivèsèl. Gen plizyè dokiman enpòtan tou sou laj (timoun ak granmoun aje), sèks ak enfimite poutèt bagay sa yo reprezante kondisyon frajilite fondamantal pi komen lè gen katastwòf ak konfli.

### 1.1. Trete ak lwa òdinè sou dwa moun, pwotection ak frajilite

Lwa trete sou dwa moun konsène eta ki fè pati nan trete ki konsène a, men lwa òdinè (sétadi: entèdiksyon tòti) aplike pou tout peyi. Lwa sou dwa moun toujou valab, men ka gen de (2) eksepsyon posib:

- Gen kèk dwa sivil epi politik ki ka kanpe lè gen ijans nasyon, dapre Atik 4 nan Pakt entènasyonal sou dwa sivil ak politik ('dewogasyon').
- Nan konfli ame ki rekonèt, IHL aplike anvan si gen nenpòt kontradiksyon nan lwa sou dwa moun.

#### 1.1.1. Dwa inivèsèl moun

**The Universal Declaration of Human Rights 1948 (UDHR)**, adopted by UN General Assembly resolution 217 A(III) of 10 December 1948.  
[www.un.org/en/documents/udhr/index.shtml](http://www.un.org/en/documents/udhr/index.shtml)

Apre pwoklamasyon Asanble Jeneral Nasyonzini nan lane 1948, UDHR tabli, pou premye fwa, dwa fondamantal moun ki pou pwoteje toupatou nan lemonn. Li pa yon trete men li anjeneral aksepte pou li nan lwa entènasyonal òdinè a. Premye fraz preyanbil la entwodyi konsèp « diyite natirèl » kretyen vivan kòm baz fondamantal pou dwa moun, epi premye atik la di: 'Tout kretyen vivan fêt lib epi egalego sou kesyon diyite ak dwa'.

**Pakt entènasyonal 1966 sou dwa sivil ak politik (ICCPR)**, ke rezolisyon 2200A(XXI) 16 desam 1966 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvigè 23 mas 1976, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 999, p. 171 ak vol. 1057, p. 407. [www2.ohchr.org/english/law/ccpr.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/ccpr.htm)

**Dezyèm Pwotokòl Opsyonèl nan ICCPR 1989 (ak objektif pou aboli pèn lanmò)**, ke rezolisyon 44/128 15 desam 1989 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvigè 11 jen 1991, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 1642, p. 414. [www2.ohchr.org/english/law/ccpr-death.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/ccpr-death.htm)

Eta ki patisipe nan ICCPR la fêt pou yo respekte epi garanti dwa tout moun ki sou teritwa Eta a oubyen nan jirisdiksyon yo, pandan y ap rekonèt tou dwa 'moun' gen





pou desizyon pèsonèl epi dwa egal pou gason tankou fi. Gen kèk dwa (yo gen yon asteris \* akote yo) ki ka pa janm sispann, menm nan pi gwo ijans nasyonal.

**Dwa:** dwa pou gen lavi\*; okenn tòti oubyen lòt tretman ki kriyèl, ki inimen osnon degradan;\* okenn esklavaj;\* okenn arrestasyon osnon detansyon abitò; imanitè nan diyite nan detansyon; okenn prizon pou vyolasyon yon kontra;\* libète pou deplase ak kote pou rete; ekspilsyon etranje lè sa legal sèlman; egalite devan lalwa, jijman jis epi sipozisyon inosans nan jijman kriminèl; okenn retwopestik nan ofans kriminèl;\* rekonesans egal devan lalwa;\* vi prive; libète panse, reliyon ak konsyans;\* libète opinyon, ekspresyon ak asanble pasifik; libète asosyasyon; dwa pou marye epi gen lavi familyal; pwoteksyon timoun; dwa pou vote epi patisipe nan zafè pubblik; dwa pou minorite jwi pwòp kilti, reliyon ak lang pa yo.\*

**Pakt Entènasyonal 1966 sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (ICESCR),** ke rezolisyón 2200A (XXI) Asanble Jeneral Nasyonzini adopte 16 desanm 1966, antre anvizè 3 janvye 1976, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 993, p. 3. [www2.ohchr.org/english/law/cescr.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/cescr.htm)

Eta ki patisipe yo dakò pou yo bay tout maksimòm resous yo genyen pou « reyisi ofiramezi » dwa konvansyon an, ke gason tankou fi sipoze jwi egalego.

**Dwa:** pou travay; pou resevwa peman jis; pou vin manm nan sendika; pou gen sekirite sosyal/asirans; pou gen vi familyal, ikonpri pwoteksyon manman apre yo fin akouche epi pwoteksyon timoun kont eksplwatasyon; pou yon bon nivodvi, ikonpri manje, rad ak lojman; pou sante kò a ak sante mantal; pou edikasyon; epi pou patisipe nan lavi kiltirèl epi jwi benefis ki gen nan pwogrè syantifik ak kiltirèl.

**Konvansyon Entènasyonal 1969 sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Rasyal (ICERD),** ke rezolisyón 2106 (XX) 21 desanm 1965 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvizè 4 janvye 1969, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 660, p. 195. [www2.ohchr.org/english/law/cerd.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/cerd.htm)

**Konvansyon 1979 sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Kont Fanm (CEDAW),** ke rezolisyón 34/180 18 desanm 1979 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvizè 3 septanm 1981, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 1249, p. 13. [www2.ohchr.org/english/law/cedaw.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/cedaw.htm)

**Konvansyon 1989 sou Dwa Timoun (CRC),** ke rezolisyón 44/25 20 novanm 1989 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvizè 2 septanm 1990, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 1577, p. 3. [www2.ohchr.org/english/law/crc.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/crc.htm)

**Pwotokòl Opsyonèl 2000 sou vant timoun, pwostitisyon timoun ak pònografi timoun,** ke rezolisyón A/RES/54/263 25 me 2000 Asanble Jeneral Nasyonzini





adopte, antre anvigè 12 janvye 2002, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 2173, p. 222. [www2.ohchr.org/english/law/crc-sale.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/crc-sale.htm)

**Pwotokòl Opsyonèl 2000 sou vant timoun, pwostitison timoun ak pònografi timoun**, ke rezolisyon A/RES/54/263 25 me 2000 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvigè 18 janvye 2002, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 2171, p. 227. [www2.ohchr.org/english/law/crc-sale.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/crc-sale.htm)

CRC gen adezyon prèske tout eta. Li redi dwa fondamantal moun pou timoun epi li idantifyè lè yo bezwen pwoteksyon sosyal (sétadi: lè yo pa ansanm ak fanmi yo). Pwotokòl yo mande aksyon pozitif sou kesyon pwoteksyon timoun presi pou eta ki patisipe nan yo.

**Konvansyon 2006 sou Dwa Moun Andikape (CRPD)**, ke rezolisyon A/RES/61/106 13 desanm 2006 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvigè 3 me 2008, Nasyonzini, Koleksyon Trete, Chapit IV, 15. [www2.ohchr.org/english/law/disabilities-convention.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/disabilities-convention.htm)

CRPD a soutni dwa moun andikape nan tout lòt trete sou dwa moun, epi zafè espesyal avèk priz konsyans sou moun andikape, san diskriminasyon ak jwenn sèvis ak enstalasyon. Gen mansyon espesyal tou sou « sitiyasyon danje ak ijans imanitè » (Atik 11).

### 1.1.2. Jenosid, tòti ak lòt abi kriminèl dwa

**Konvansyon 1948 pou Prevni epi Pini Krim Jenosid, ke rezolisyon 260 (III) 9 desanm 1948** Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvigè 12 janvye 1951, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 78, p. 277 [www2.ohchr.org/english/law/genocide.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/genocide.htm)

**Konvansyon 1984 kont Tòti ak Lòt Tretman osnon Pinisyon Kriyèl, ki pa Imen epi ki degradan**, ke rezolisyon 39/46 10 desanm 1984 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvigè 26 jan 1987, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 1465, p. 85. [www2.ohchr.org/english/law/cat.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/cat.htm)

Konvansyon sa a gen yon gwo kantite eta ki patisipe ladan. Entèdiksyon tòti rekonèt kounye a anjeneral nan lwa entènasyonal òdinè a. Pa gen ijans publik epi pa gen lagè ki ka entèpèle pou jistifye tòti. Eta yo pa dwe voye tounen (*refoule*) pyès moun nan yon teritwa kote moun lan gen prèv rezonab pou l kwè l ap nan danje tòti si l tounen.

**Stati Wòm Tribunal Penal Entènasyonal**, ke Konferans Diplomatik adopte a Wòm 17 jiyè 1998, antre anvigè 1 jiyè 2002, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 2187, p. 3. [www.icrc.org/ihl.nsf/INTRO/585?OpenDocument](http://www.icrc.org/ihl.nsf/INTRO/585?OpenDocument)





Atik 9 Stati a (Eleman nan krim) ke Tribunal Kriminèl Entènasyonal la (ICC) adopte an 2002, dekri avèk anpil detay krim lagè, krim kont imanitè ak jenosid, kidonk ankode anpil nan lwa kriminèl entènasyonal òdinè. ICC ka fè ankèt epi ka pou suiv nan tribunal zafè Konsèy Sekirite Nasyonzini rekòmande (menmsi peyi moun ki akize pa fè pati nan trete a), menm jan pou krim sitwayen eta ki fè pati trete a swadizan komèt, oubyen nan teritwa pa yo.

## **1.2. Direktiv ak prensip Nasyonzini ak lòt direktiv ak prensip entè-gouvènmantal ki adopte ofisyèlman, sou dwa moun, pwoteksyon ak frajilite**

**Plan Aksyon Entènasyonal Madrid an 2002** sou Vyeyisman, Dezyèm Asanble Mondyal Nasyonzini sou Vyeyisman, mas 2002, ke rezolisyon Asanble Jeneral Nasyonzini 37/51 3 desanm 1982 adopte.

[www.globalaging.org/agingwatch/events/CSD/mipaa+5.htm](http://www.globalaging.org/agingwatch/events/CSD/mipaa+5.htm)

**Prensip Nasyonzini 1991** pou Moun Aje, ke rezolisyon 46/91 16 desanm 1991 Asanble Jeneral Nasyonzini adopte.

[www2.ohchr.org/english/law/olderpersons.htm](http://www2.ohchr.org/english/law/olderpersons.htm)

## **1.3. Kad, direktiv ak prensip règleman imanitè sou dwa moun, pwoteksyon ak frajilite**

Pwoteje moun ki viktim katastwòl natirèl: **Direktiv Administrasyon IASC 2006** sou Dwa moun ak Katastwòl Natirèl, Komite Pèmanan Entè-Öganizasyon.

[www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx)

**Lwa ak Estanda Entènasyonal 2009 pou Sitiyasyon Katastwòf Natirèl (IDLO Manyèl Legal) 2009**, Òganizasyon Entènasyonal Dwa Developman (IDLO). [www.idlo.int/DOCNews/352doc.pdf](http://www.idlo.int/DOCNews/352doc.pdf)

**Prensip direktiv entè-òganizasyon 2002** sou timoun ki pa akonpaye oubyen ki separe, ke ICRC, biwo Wo Komisarya Nasyonzini pou refijye (UNHCR), Fon Nasyonzini pou Timoun (UNICEF), World Vision International, Save the Children UK ak International Rescue Committee devlope, 2009. [www.icrc.org](http://www.icrc.org)

**Gender Handbook in Humanitarian Action 2006**, Inter-Agency Standing Committee. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-subsidi-tf\\_gender-genderh](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-subsidi-tf_gender-genderh)





**IASC Guidelines on Sante mantal and Psychosocial Support in Emergency Settings 2007**, Inter-Agency Standing Committee. [www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-subsidi-tf\\_mhps-default](http://www.humanitarianinfo.org/iasc/pageloader.aspx?page=content-subsidi-tf_mhps-default)

**INEE Minimum Standards for Education in Emergencies, Chronic Crises and Early ReKonstriksyon 2007, as updated 2010**, Inter-Agency Network for Education in Emergencies (INEE) (formally recognised as companion standards with Sphere since 2008).

[www.ineesite.org/index.php/post/inee\\_minimum\\_standards\\_overview/](http://www.ineesite.org/index.php/post/inee_minimum_standards_overview/)

## 2. Konfli ame, lwa imanitè entènasyonal ak èd imanitè

### 2.1. Trete ak lwa òdinè sou konfli ame, lwa imanitè entènasyonal ak èd imanitè

Lwa imanitè entènasyonal (IHL) presize limit kote konfli ki vyolan vin « konfli ame » ak kidonk fè rejim jidisye espesyal sa a valab. Komite Entènasyonal pou Lakwa Wouj (ICRC) se depozitè ofisyèl trete IHL yo, epi founi anpil resous ak enfòmasyon sou sit entènèt li a ([www.icrc.org](http://www.icrc.org)), ikonpri kòmantè ofisyèl sou Konvansyon Jenèv la ak Pwotokòl li yo, ak règleman sou Etid Lwa Imanitè Entènasyonal Òdinè.

#### 2.1.1. Trete IHL fondamantal

Kat Konvansyon Jenèv yo nan lane 1949

Pwotokòl Siplemantè nan Konvansyon Jenèv, Pwoteksyon Viktim nan Konfli ame Entènasyonal ane 1977 (Pwotokòl I)

Pwotokòl Siplemantè nan Konvansyon Jenèv, Pwoteksyon Viktim nan Konfli ame ki pa Entènasyonal ane 1977 (Pwotokòl II)

[www.icrc.org/ihl.nsf/CONVPRES?OpenView](http://www.icrc.org/ihl.nsf/CONVPRES?OpenView)

Kat (4) Konvansyon Jenèv yo – kote tout eta patisipe ak ki aksepte tou anjeneral nan lwa òdinè – enkyete sou pwoteksyon ak tretman moun ki blese ak malad nan lagè atè (I) ak sou lanmè (II), tretman prizonye lagè (III) ak pwoteksyon sivil pandan konfli ame (IV). Yo aplike sitou sou konfli ame entènasyonal, eksepte pou Atik 3 ki komen pou konvansyon ki konsène konfli ki pa entènasyonal, ak lòt eleman ki aksepte kounye a tankou lwa òdinè nan konfli ki pa entènasyonal. Toude pwotokòl 1977 yo fè mizajou konvansyon yo lè sa a, sitou definisyon moun k ap goumen yo ak ankode konfli ki pa entènasyonal. Gen yon kantite eta ki pako adopte pwotokòl yo.





### **2.1.2. Trete sou pwopriyete kiltirèl ak zam ki gen restriksyon oubyen ki entèdi**

Apre « Iwa Jenèv » la ki make anlè a, gen tou yon ansanm lwa ki souvan rele « Lwa Hague » sou konfli ame. Gen tou konvansyon sou pwoteksyon pwopriyete kiltirèl ak yon kantite konvansyon sou kalite zam ki gen restriksyon epi ki entèdi, ikonpri Enèji ak lòt zam chimik ak byolojik, zam ki òdinè ki frape san diskriminasyon oubyen lakòz soufrans ki pa nesesè, ak min kont-moun ak minisyon an grap. [www.icrc.org/ihl.nsf](http://www.icrc.org/ihl.nsf)

### **2.1.3. IHL òdinè**

IHL òdinè vle di lwa sou konfli ame ke eta yo aksepte, nan deklarasyon yo, règleman yo ak pratik yo, ki reprezante règleman òdinè ki aplike sou tout eta yo, kèleswa ki adezyon yo gen nan trete IHL yo. Pa gen lis règleman òdinè ki aksepte, men entèpretasyon ki pi otantik la nan etid anba a.

**Etid sou Lwa Imanitè Entènasyonal Òdinè (CIHL)**, ICRC, Henckaerts, J-M ak Doswald-Beck, L, Cambridge University Press, Cambridge & New York, 2005. [www.icrc.org/ihl.nsf/INTRO/612?OpenDocument](http://www.icrc.org/ihl.nsf/INTRO/612?OpenDocument)

Etid la kouvari prèske tout dwa sou konfli ame. Li gen 161 règleman presi ak si chak nan yo aplike sou konfli ame entènasyonal epi/oubyen konfli ame ki pa entènasyonal. Kwak gen kèk kòmantè jidisyè ki kritike metodoloji li, etid CIHL la soti nan yon pwosede rigoure epi sou konsiltasyon laj pandan yon peryòd dis ane, epi otorire li gen pou entèprete règleman òdinè aksepte prèske toupatou.

## **2.2. Prensip ak Direktiv Nasyonzini ak lòt prensip ak direktiv entè-gouvènmantal ki adopte ofisyèlman sou konfli ame, Iwa imanitè entènasyonal ak èd imanitè**

**UN Security Council ‘Aide Memoire’ on Protection 2002, as updated 2003 (S/PRST/2003/27).** [www.un.org/Docs/journal/asp/ws.asp?m=S/PRST/2003/27](http://www.un.org/Docs/journal/asp/ws.asp?m=S/PRST/2003/27)  
Li pa yon kontra fiks pou eta yo, men se yon dokiman ki ofri Konsèy Sekirite Nasyonzini an konsèy sou kijan pou kenbe lapè epi sou sitiyasyon konfli ki ijans, kidonk gen anpil konsiltasyon avèk diferan ajans Nasyonzini ak IASC.

**Rezolisyon Konsèy Sekirite Nasyonzini sou vyolans seksyèl ak sou fi nan konfli ame, sitou rezolisyon nimewo 1820 (2008), 1888 (2009) ak 1889 (2009)**

Tout rezolisyon Konsèy Sekirite Nasyonzini dapre ane ak nimewo nan:  
[www.un.org/documents/scres.htm](http://www.un.org/documents/scres.htm)





## 2.3. Kad règlementè imanitè, direktiv ak prensip sou konfli ame, lwa imanitè entènasyonal ak èd imanitè

Estanda pwofesyonèl pou travay pwoteksyon aktè dwa moun ak imanitè yo fè nan konfli ame ak nan lòt sitiyasyon 2009, ICRC. [www.icrc.org](http://www.icrc.org)

## 3. Refijye ak moun ki deplase anndan pwòp peyi pa yo (IDP yo)

UNHCR – Ajans Nasyonzini pou Refijye – gen yon manda ofisyèl espesyal pou pwoteksyon moun ki refijye dapre Konvansyon ak Pwotokòl Refijye. Asanble Jeneral Nasyonzini mande tou pou koresponn ak eta yo pou pwoteksyon IDP yo. UNHCR gen anpil resous sou sit entènèt li an.

### 3.1. Trete sou refijye ak IDP

Apade trete entènasyonal la, gen nan seksyon sa a de (2) trete sou Inyon Afrikèn (ki anvan te rele Òganizasyon pou Inite Afrikèn, osnon OAU), poutèt yo toude gen plas istorik.

**Konvansyon 1951 anrapò ak Pozisyon Refijye (jan li amande a)**, ke Konferans Plenipotansyè Nasyonzini yo adopte sou Pozisyon Refijye ak Moun san Nasyonalite, Jenèv, 2 a 25 jiyè 1951, antre anvigè 22 avril 1954, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 189, p. 137.

**Pwotokòl 1967 sou Pozisyon Refijye**, ke Asanble Jeneral Nasyonzini note, nan rezolisyon 2198 (XXI) 2 – 16 desanm 1966, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 606, p. 267. [www.unhcr.org/protect/PROTECTION/3b66c2aa10.pdf](http://www.unhcr.org/protect/PROTECTION/3b66c2aa10.pdf)

Premye akò entènasyonal sou refijye, li dekri yon refijye tankou yon moun ki, « gen yon laperèz byen fonde pou pèsekisyon poutèt ras, reliyon, nasyonalite, manm nan kèk gwoup sosyal ak opinyon politik, ki pa nan peyi li, epi ki pa ka oubyen, poutèt laperèz sa a, pa vle gen pwoteksyon peyi li oswa li pa vle tounen poutèt li pè pou l pa pèsekite... »

**Konvansyon OAU 1969** ki dirije aspè presi sou pwoblèm refijye gen ann Afrik, ke asanble chèf eta ak gouvènman yo adopte nan sisyèm sesyon òdinè li, Adis Abeba, 10 septanm 1969.

[www.unhcr.org/45dc1a682.html](http://www.unhcr.org/45dc1a682.html)

Li aksepte epi pwolonje definisyon Konvansyon 1951 an pou l gen tou moun ki oblige kite peyi yo non sèlman poutèt pèsekisyon men tou poutèt agresyon ekstèn, okipasyon, dominasyon etranjè ak sitiyasyon ki deranje lòd piblik la anpil anpil. E li



rekonèt tou gwoup ki pa-eta yo kòm lotè pèsekisyón ak li pa oblige pou refijye yo montre yon koneksyon dirèk ant yomenm epi ak danje pi devan an.

**Konvansyon Inyon Afrikèn 2009 pou pwoteksyon ak èd moun ann Afrik ki deplase (Konvansyon Kampala), ke Somè espesyal Inyon Afrikèn lan adopte, ki te fèt nan Kampala, Ouganda, le 22 oktòb 2009, ki nan mwa oktòb 2010 patko antre anvizè. [www.unhcr.org/4ae9bede9.html](http://www.unhcr.org/4ae9bede9.html)**

Se premye konvansyon multilateral sou IDP yo. Li te siyen premyèman pa 17 eta nan Inyon Afrikèn lan nan mwa oktòb 2009 la, men li mande 15 adezyon/ratifikasyon ofisyèl pou l ka antre anvizè.

### **3.2. Direktiv ak prensip Nasyonzini ak lòt direktiv epi prensip entè-gouvènmantal ki adopte ofisyèlman pou refijye ak IDP**

**Prensip direkòtè 1998**, sou kesyon deplasman entèn, ke chèf eta ak gouvènman rekonèt nan mwa septanm 2005 lè yo te nan Somè Mondyal Nouyòk la nan rezolisyón Asamble Jeneral Nasyonzini 60/L.1 (132 UN Doc. A/60/L.1) antan 'yon kad entènasyonal enpòtan pou pwoteksyon moun ki deplase andedan pwòp peyi yo'. [www.idpguidingprinciples.org/](http://www.idpguidingprinciples.org/)

Prensip sa yo baze sou lwa imanitè entènasyonal ak lwa sou dwa moun epi lwa analòg sou refijye, epi ki sipoze sèvi tankou estanda entènasyonal pou gide gouvènman, òganizasyon entènasyonal ak tout lòt aktè enpòtan nan sèvis èd ak pwoteksyon IDP yo.

## **4. Katastwòf ak èd imanitè**

### **4.1. Trete sou katastwòf ak èd imanitè**

**Konvansyon 1994 pou Sekirite Nasyonzini ak Pèsònèl Asosye li yo**, ke rezolisyón 49/59 9 desanm 1994 Asamble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvizè 15 janvye 1999, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 2051, p. 363. [www.un.org/law/cod/safety.htm](http://www.un.org/law/cod/safety.htm)

**Pwotokòl Opsyonèl ane 2005 pou Konvansyon sou Sekirite Nasyonzini ak Pèsònèl Asosye li yo, ke rezolisyón A/60/42 8 desanm 2005**, Asamble Jeneral Nasyonzini adopte, antre anvizè 19 out 2010.

[www.ocha.unog.ch/drptoolkit/PNormativeGuidanceInternationalConventions.html#UNSpecificConventions](http://www.ocha.unog.ch/drptoolkit/PNormativeGuidanceInternationalConventions.html#UNSpecificConventions)





Nan konvansyon an, pwoteksyon an pa depase Mentyen lapè ONU, amwenske ONU te deklare yon « danje eksepsyonèl » – yon obligasyon ki pa pratik. Pwotokòl la korije gwo defo sa ki nan konvansyon an epi li elaji pwoteksyon ofisyèl tout operasyon ONU yo, pou èd imanitè nan ijans pou kenbe lapè ak livrezon èd imanitè, politik epi pou devlopman.

**Konvasyon lane 1999** sou èd alimantè, yon enstriman ofisyèl apa nan Konvansyon 1995 sou Komès sereyal, ke Komite pou èd alimantè administre atravè Sekretarya Konsèy Entènasyonal Sereyal (IGC).

**Konvansyon Tampere 1998**, sou Founiti Resous Telekominikasyon pou Rediksyon Katastwòf ak Operasyon Sekou, ke Konferans Entè-gouvènmantal apwouwe sou Telekominikasyon Dijans nan lane 1998 epi ki antre anvigè 8 janvye 2005, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 2296, p. 5.  
[www.unhcr.org/refworld/publisher,ICET98,,41dec59d4,0.html](http://www.unhcr.org/refworld/publisher,ICET98,,41dec59d4,0.html)

**Konvansyon Kad 1992 Nasyonzini sou chanjman nan klima (UNFCCC)**, ke Konferans Nasyonzini sou Anviwònman ak Devlopman adopte, Rio de Janeiro, 4 – 14 jen 1992, ke rezolisyon 47/195 Asamble Jeneral Nasyonzini aksepte 22 desanm 1992, antre anvigè 21 mas 1994, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 1771, p. 107.

[http://unfccc.int/essential\\_background/convention/items/2627.php](http://unfccc.int/essential_background/convention/items/2627.php)

**Pwotokòl Kyoto nan UNFCC nan lane 1997**, ki te adopte nan twazyèm sesyon Konferans Patisipan Konvansyon Kad la, Kyoto, Japon le 11 desanm 1997 epi ki te antre anvigè le 16 fevriye 2005, Nasyonzini, Rekèy Trete, vol. 2303, p. 148.  
[http://unfccc.int/essential\\_background/kyoto\\_protocol/items/1678.php](http://unfccc.int/essential_background/kyoto_protocol/items/1678.php)  
UNFCCC ak Pwotokòl Kyoto a diskite bezwen ijan ki gen pou gen adaptasyon nan chanjman klima a ak estrateji pou diminye risk, epi ranfòse kapasite ak rezistans lokal pou retabli rapid apre pwoblèm, sitou nan peyi ki gen anpil chans pou yo gen katastwòf natirèl. Li konsantre sou estrateji pou redui katastwòf epi kontwòl danje, sitou konsèman chanjman nan klima a.

## **4.2. Direktiv ak prensip Nasyonzini ak lòt direktiv ak prensip entè-gouvènmantal ki adopte ofisyèlman sou katastwòf ak èd imanitè**

Ranfòse kowòdinasyon èd dijans imanitè Nasyonzini, avèk anèks, Prensip direktè, Rezolisyon Asamble Jeneral 46/182 19 desanm 1991.

[www.re liefweb.int/ocha\\_ol/about/resol/resol\\_ak.html](http://www.re liefweb.int/ocha_ol/about/resol/resol_ak.html)

Apatide sa vin gen Depatman Nasyonzini pou Afè Imanitè, ki vin tounen Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Afè Imanitè (OCHA) an 1998.



**Kad Hyogo pou aksyon 2005–2015: Bati kapasite nasyon ak kominotè yo pou refè rapid apre katastwòf**, ke Konferans Mondyal 2005 sou Rediksyon Katastwòf adopte. [www.unisdr.org/eng/hfa/hfa.htm](http://www.unisdr.org/eng/hfa/hfa.htm)

Li tabli estrateji pou eta ak òganizasyon imanitè yo enkòpore rediksyon risk katastwòf nan egzekisyon repons dijans, sekou ak pwogram pou preparasyon, entegre li nan devlopman dirab epi ranfòse kapasite pou refè rapid apre pwoblèm.

**Liy direktris sou fasilítasyon ak règlementasyon lokal pou operasyon sekou entènasyonal pou katastwòf ak èd pou redrèsman inisyal, (Direktiv IDRL) 2007**, ke 30<sup>èm</sup> Konferans Entènasyonal Lakwa Wouj ak Kwasan Wouj adopte (ak ki gen landan eta ki patisipe nan Konvansyon Jenèv yo)  
[www.ifrc.org/what/disasters/idrl/index.as](http://www.ifrc.org/what/disasters/idrl/index.as)

#### **4.3. Kad règleman, direktiv ak prensip imanitè sou katastwòf ak èd imanitè**

Kòd Konduit pou Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ak Òganizasyon Non–Gouvènmantal yo (ONG yo) nan Sekou pou Katastwòf (gade Anèks 2: Kòd Konduit nan paj 368).

**Prensip Fondamantal Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ane 1965**, ke 20yèm Konferans Entènasyonal Lakwa Wouj adopte.  
[www.ifrc.org/what/values/principles/index.asp](http://www.ifrc.org/what/values/principles/index.asp)

**Estanda HAP lane 2007 sou Responsabilite Imanitè**, , Panetarya Responsabilite Imanitè (yon òganis entènasyonal oto–reglementasyon pou sektè imanitè a, ikonpri sètifikasyon) [www.hapinternational.org](http://www.hapinternational.org)

**Prensip ak Bon Pratik Donatè Imanitè 2003**, apwouve pa Konferans Stockholm peyi donatè yo, ajans Nasyonzini yo, ONG yo ak Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj, epi ki gen siyati Komisyon Ewopeyèn lan ansanm ak 16 Eta. [www.goodhumanitariandonorship.org](http://www.goodhumanitariandonorship.org)

**Prensip Panetarya: Yon Deklarasyon Angajman 2007**, ki apwouve nan reyinyon jiyè 2007 sou Platfòm Imanitè Mondyal (yon mekanis dyalòg ant Nasyonzini ak òganizasyon imanitè ki pa fè pati Nasyonzini yo).  
[www.globalhumanitarianplatform.org/ghp.html](http://www.globalhumanitarianplatform.org/ghp.html)





## Anèks 2

# Kòd konduit

pou Lakwa Wouj ak Mouvman Kwasan Wouj ak  
Òganizasyon ki pa nan Gouvènman yo (ONG)  
nan sekou pou katastwòf

Se Federasyon Entènasyonal Lakwa Wouj ak Sosyete Kwasan Wouj ak  
ICRC ki prepare dokiman sa a ansanm<sup>1</sup>

<sup>1</sup> Preparasyon: Caritas Internationalis,\* Catholic Relief Services,\* International Federation of Red Cross and Red Crescent Societies,\* International Save the Children Alliance,\* Lutheran World Federation,\* Oxfam,\* World Council of Churches,\* International Committee of the Red Cross (\* members of the Steering Committee for Humanitarian Response).



## Objektif

Kòd Konduit sa a ap la pou pwoteje estanda konpòtman nou. Li pa gen pou wè avèk detay operasyonèl, tankou fason yon moun ta dwe kalkile rasyon alimantè oswa pou kreye yon kan refijye. Alaplas sa, li la pou konsève bon kalite estanda endependans, efikasite ak enpak ONG ak Lakwa Wouj Entènasyonal ak Mouvman Kwasan Wouj ta renmen reyalize. Li se yon kòd volontè ki aplike dapre volonte òganizasyon ki aksepte li pou konsève estanda ki endike nan Kòd la.

Sizoka gen konfli ame, y ap entèprete akaplike Kòd Konduit sa a yon fason ki respekte lwa imanitè entènasyonal.

Kòd Konduit la vini anvan. Genyen twa (3) anèks ki vini avèk li. Anèks sa yo dekri anviwònman travay nou ta renmen wè Gouvènman Akèy yo, Gouvènman ki fè Don yo ak Òganizasyon Entè-Gouvènman yo kreye pou yo kapab bay moun yo asistans imanitè nan yon fason ki efikas.

## Definisyon yo



**ONG:** ONG (Òganizasyon ki pa nan Gouvènman) vle di òganizasyon, alafwa nasyonal ak entènasyonal, ki fòme apa ak gouvènman peyi kote yo kreye a.

**NGHA:** Pou bezwen tèks sa a, nou te envante tèm Òganizasyon Imanitè ki pa nan Gouvènman (NGHA) pou gwoupe eleman Lakwa Wouj Entènasyonal avèk Mouvman Kwasan Wouj – Komite Lakwa Wouj Entènasyonal, Federasyon Lakwa Wouj Entènasyonal avèk Sosyete Kwasan Wouj ak Sosyete Nasyonal Manm li yo – ak ONG yo jan li defini anwo a. Kòd sa a gen pou wè sitou ak NGHA ki patisipe nan entèvansyon pou katastwòf.

**IGOs:** (Òganizasyon Entè-Gouvènman) vle di òganizasyon ki fòme avèk de (2) oswa plizyè gouvènman. Kidonk li genyen ladan tout Òganis Nasyonzini yo avèk òganizasyon rejunonal yo.

**Katastwòf:** Yon catastwòf se yon evènman ki pote malè ki lakòz anpil moun mourí, moun gen gwo soufrans avèk detrès, avèk anpil domaj.





## Kòd Konduit

# Prensip Konduit pou Lakwa Wouj avèk Mouvman Kwasan Wouj avèk Óganizasyon ki pa nan Gouvènman yo nan Pwogram Repons pou Katastwòf yo

### 1 Devwa Imanitè vini anpremye

Dwa pou resevwa asistans imanitè, epi pou ofri li, se yon prensip imanitè fondamental ki dwe jwi pa tout sitwayen nan tout peyi yo. Antan manm kominotè entènasyonal la, nou rekonèt obligasyon nou genyen pou ofri asistans imanitè kèlkeswa kote gen bezwen an. Kidonk bezwen pou aksè lib pou popilasyon ki afekte se yon bezwen ki enpòtan anpil nan satisfè responsabilite sa a. Premye motivasyon entèvansyon nou pou katastwòf se pou soulaje soufrans moun yo pamí moun ki kapab reziste mwens nan estrès katastwòf la lakòz. Lè nou bay èd imanitè se pa yon aksyon patizan oswa politik epitou yo pa ta dwe konsidere li konsa.

### 2 Nou bay èd la kèlkeswa ras, kwayans oswa nasyonalite, moun ki jwenn èd la, epi san ankenn kalite distenksyon. Priyore Eòd yo kalkile sou baz bezwen yo sèlman.

Lè li posib, n ap baze distribisyon èd sekou a sou yon evalyasyon apwofondi de bezwen viktim katastwòf la ak kapasite lokal ki déjà anplas pou satisfè bezwen sa yo. Nan ansanm pwogram nou yo, n ap konsidere repatisyon an pwopòsyon. Moun yo fêt pou jwenn soulajman pou soufrans yo kèlkeswa kote nou jwenn sa; lavi gen anpil valè nan yon kote nan yon peyi menm jan ak lòt kote nan peyi a. Kidonk, distribisyon èd la ap montre kalite soufrans n ap chèche soulaje a. Nan aplikasyon apwòch sa a, nou rekonèt wòl enpòtan fanm yo jwe nan kominotè ki kapab afekte nan katastwòf, epitou n ap asire pwogram èd nou yo sipòte wòl sa a, olye pou diminye li. Aplikasyon yon règleman inivèsèl, san patipri ak endepandan, kapab efikas sèlman si noumenm ak patnè nou yo jwenn resous ki nesesè pou bay sekou sa a pou tout moun, epitou si nou genyen menm aksè nan tout moun ki viktim nan katastwòf la.

### 3 Èd la pa pral itilize pou sèvis konviksyon politik oswa relije espesyal

Èd Imanitè pral bay dapre bezwen moun yo, fanmi avèk kominotè yo. Malgre dwa NGHA yo pou sipòte pwendvi politik oswa relije espesyal, nou konfime asistans sa a ap depann de konsantman moun ki jwenn sekou a pou pwendvi sa yo. Nou pa pral lye pwomès, delivre oswa distribe asistans pou anbrase oswa aksepte yon kwayans politik patikilye oswa relije espesyal.





#### 4 N ap fè efò pou nou pa aji kòm enstriman politik etranje gouvènman an

NGHA yo se òganizasyon k ap aji endepandan de gouvènman yo. Kidonk, nou kreye pwòp règleman nou ak estrateji pou aplike yo, epitou nou p ap chèche aplike politik okenn gouvènman, sof sa ki menm avèk pwòp règleman endepandan pa nou. Nou p ap janm fè espres – oswa akòz neglijans – aksepte yo itilize noumenm, oswa anplwaye nou yo pou rasanble enfòmasyon politik, militè oswa ekonomik pou gouvènman yo oswa pou lòt antite ki kapab sèvi objektif ki diferan ak sa ki imanitè sèlman, ni nou p ap aji kòm enstriman politik etranje gouvènman ki bay don yo. N ap itilize asistans nou resevwa a pou satisfè bezwen yo, epitou asistans sa a pa ta dwe deziyen pou satisfè bezwen donatè ki vle elimine sipli danre, ni pou satisfè enterè politik nenpòt donatè patikilye. Nou apresye ak ankouraje don volontè travay ak lajan moun ki sousye pou sipòte travay nou epitou nou rekonèt endepandans aksyon motivasyon volontè sa a ankouraje a. Nan fason pou pwoteje endepandans nou n ap chèche evite depann sou yon sèl sous finansman.

#### 5 N ap respekte kilti avèk koutim

N ap fè efò pou respekte kilti, estrikti avèk koutim komunitè avèk peyi ke n ap travay andedan yo a

#### 6 N ap chèche fonde entèvansyon pou katastwòf yo nan nivo lokal

Tout moun avèk komunitè yo – menm nan katastwòf – posede kapasite menm jan avèk frajilate. Kote li posib, n ap ogmante kapasite sa yo. Pou fè sa, n ap itilize sèvis anplwaye lokal yo, achte materyèl lokal, epitou n ap fè komès avèk konpayi lokal yo. Kote li posib, n ap travay nan NGHA lokal yo kòm patnè nan planifikasyon akaplikasyon, epitou n ap kolabore avèk estrikti gouvènman an lè li nesesè. N ap bay plis priorité pou bon jan kowòdinasyon entèvansyon nou yo pou ijans lan. Sa fèt pi byen nan peyi ki konsène pa moun ki pi direkteman enplike nan operasyon sekou yo, epi li ta dwe enkli reprezantan konpetan òganis Nasyonzini yo.

#### 7 Mwayen dwe jwenn pou enplike benefisyè yo nan pwogram jesyon èd

Asistans entèvansyon pou katastwòf pa ta dwe jamè enpoze sou benefisyè yo. Yo kapab pi byen reyalize sekou ki efikas ak reyabilitasyon ki alontèm kote benefisyè sib yo patisipe nan plan, jesyon ak egzekisyon pwogram asistans lan. N ap fè efò pou nou rive nan yon gran patisipasyon komunitè nan pwogram sekou avèk reyabilitasyon nou yo.





## 8 Sekou yo dwe vize redui frajilite pou katastwòf alavni, menm jan tou reponn a bezwen debaz yo.

Tout aksyon sekou yo afekte pèspektiv pou devlopman alontèm, swa nan yon fason pozitif oswa negatif. Avèk sa nan lespri nou, n ap fè tout efò ki posib pou egzekite pwogram sekou ki diminye frajilite benefisyè yo pou katastwòf alavni, ak pou ede kreye mòdvi ki dirab. N ap fè atansyon espesyal sou enkyetid pou anviwònman an nan plan ak jesyon pwogram sekou yo. Nou pral efòse nou pou minimize enpak negatif asistans imanitè, chèche pou evite depandans alontèm benefisyè yo sou èd ekstèn.

## 9 Nou dwe rann kont alafwa a moun ke n ap chèche ede yo epi a moun ki founi nou resous yo.

Nou aji souvan kòm yon lyen enstitisyonèl ant moun ki swete ede avèk sa yo ki bezwen asistans pandan katastwòf yo. Kidonk nou bay tèt nou responsabilite devan toulède gwoup sa yo. Tout relasyon nou avèk donatè ak benefisyè yo dwe montre yon atitud senserite ak transparans. Nou rekonèt nesesite pou prezante rapò sou aktivite nou yo, alafwa pou bay enfòmasyon sou finans ak rannman. Nou rekonèt obligasyon nou genyen pou asire kontwòl distribisyon èd la kòmsadwa, epitou pou fè evalyasyon enpak asistans pou katastwòf la. Nan yon mannyè lib, n ap chèche bay rapò tou sou enpak travay nou, ak sou faktè ki limite oswa amelyore enpak la. Pwogram nou yo ap baze sou estanda kalifikasyon elve pwofesyonalis ak ekspètiz nan bi pou nou minimize gaspiyaj resous enpòtan.

## 10 Nan aktivite enfòmasyon nou, nan aktivite piblisite yo, n ap rekonèt viktim katastwòf yo tankou imen avèk diyite, men pa tankou objè san espwa

Respè pou viktim katastwòf la tankou yon patnè egal nan aksyon an pa dwe pèdi. Nan enfòmasyon piblik nou yo, nou dwe fè yon deskripsyon san patipri pou sitiysyon katastwòf la kote kapasite ak atant viktim katastwòf la prezante aklè, epi pa sèlman frajilite ak laperèz yo. Pandan n ap kolabore avèk medya yo yon fason pou nou kapab amelyore respons piblik la, nou p ap kite demann entèn ak ekstèn pou anons jwenn prioritè sou prensip pou maksimize asistans sekou jeneral la. N ap evite fè konpetisyon avèk lòt òganizasyon entèvansyon pou katastwòf la pou repòtaj medya nan sitiysyon kote repòtaj la kapab pa nan avantaj sèvis nou ofri pou benefisyè yo oswa pou sekirite anplwaye nou yo oswa benefisyè yo.





## Anviwònman Travay

Paske nou te dakò pou fè tout sa nou kapab pou respekte Kòd ki endike anwo a, nou prezante anba a kèk gid ki gen rapò ak Kòd sa a epi ki dekri anviwònman travay nou ta renmen wè gouvènman donatè yo, gouvènman akèy yo ak organiza-syon entè-gouvènman yo kreye – sitou òganizasyon Nasyonzini yo – pou kapab facilite patisipasyon efikas NGHA yo nan entèvansyon pou katastwòf.

Gid sa yo prezante pou konsèy. Yo pa yon obligasyon legal, ni nou pa mande gouvènman yo oswa IGO yo pou fè konnen si yo aksepte gid yo nan siyati ankenn dokiman, menmsi sa kapab yon objektif pou travay alavni. Nou prezante yo yon fason pou kapab genyen senserite ak kolaborasyon, pou patnè nou yo kapab vin konnen bon jan relasyon nou ta renmen genyen avèk yo.

## Anèks I: Rekòmandasyon pou gouvènman yo nan peyi katastwòf afekte

### 1 Gouvènman yo dwe rekonèt epi respekte aksyon endepandan, imanitè ak san patipri NGHA yo ap fè.

NGHA yo se òganis endepandan. Gouvènman akèy yo dwe respekte endepan-dans ak san paspouki sa a.

### 2 Gouvènman akèy yo dwe facilite aksè rapid a viktim katastwòf yo pou NGHA yo.

Si NGHA yo dwe aji an konfòmite total avèk prensip imanitè yo, yo dwe jwenn aksè rapid ak san patipri a viktim katastwòf yo, nan objektif pou founi asistans imanitè. Gouvènman akèy la, nan kad egzèsis responsablité gramoun li, pa dwe bloke asistans lan, epitou li dwe aksepte aksyon san patipri akapolitik NGHA yo. Gouvènman akèy yo ta dwe facilite antre rapid anplwaye sekou yo. Pou fè sa, gouvènman akèy yo ta dwe anile egzijans pou viza tranzit, pou viza dantre ak viza sòti, oswa yo ta dwe fè aranjman pou akòde dokiman sa yo rapidman. Gouvènman yo ta dwe akòde pèmisyon pou vol ak dwa aterisaj pou avyon k ap pote materyèl ak anplwaye sekou, pou dire faz sekou djans la.

### 3 Gouvènman yo dwe facilite sikilasyon rapid byen sekou ak enfòmasyon pandan katastwòf yo

Materyèl sekou avèk ekipman transpòte nan yon peyi sèlman nan bi pou soulaje soufrans imèn, men pa pou komès ni benefis. Materyèl sa yo dwe nòmalman genyen pasaj lib epi san restriksyon epi yo pa ta dwe sijè a egzijans pou sètifikasi





orijin konsilè, oswa fakti, enpòtasyon ak/oswa lisans ekspòtasyon ni lòt restriksyon, ni taks enpòtasyon, frè aterisaj, oswa frè ladwàn.

Enpòtasyon tanporè ekipman sekou ki nesesè yo, ikonpri machin yo, ti avyon avèk ekipman kominikasyon, dwe fasilité pa gouvènman dakey k ap resevwa yo grasa restriksyon sou lisans oswa anrejistreman yo retire tanporèman. Menm jan tou, gouvènman yo pa ta dwe mete restriksyon sou re-ekspòtasyon ekipman sekou a lè operasyon sekou a fini.

Pou fasilité kominikasyon nan yon katastwòf, nou ankouraje gouvènman yo pou yo deziyen sèten frekans radyo, òganizasyon sekou yo kapab itilize andedan peyi a ak pou kominikasyon entènasyonal pou kominikasyon pandan katastwòf la, epitou pou fè kominotè entèvansyon pou katastwòf la konnen frekans sa yo anvan katastwòf la. Yo dwe otorize pèsonèl sekou a itilize tout mwayen kominikasyon nesesè nan operasyon sekou yo.

#### **4 Gouvènman yo ta dwe fè efò pou bay yon sèvis enfòamsyon sou katastwòf ak planifikasyon ki kowòdone**

Anjeneral, planifikasyon avèk kowòdinasyon efò pou sekou se responsabilite gouvènman akèy la finalman. Planifikasyon ak kowòdinasyon an kapab amelyore kòmsadwa si NGHA yo jwenn enfòamsyon sou bezwen sekou an ak sou sistèm gouvènman an pou planifikasyon ak egzekisyon efò sekou a ak enfòamsyon sou danje posib yo kapab jwenn pou sekirite. Nou ankouraje gouvènman yo pou yo bay enfòamsyon sa yo pou NGHA yo.

Pou fasilité kowòdinasyon efikas operasyon sekou yo, yo envite gouvènman akèy deziyen, anvan katastwòf, yon sèl pwen kontak pou NGHA k ap rantre yo pou asire lyezon avèk otorite nasyonal yo.

#### **5 Sekou pou katastwòf nan ka konfli ame**

Nan ka konfli ame, aksyon sekou yo dirije pa dispozisyon enpòtan nan lwa imanitè entènasyonal.

### **Anèks II: Rekòmandasyon pou gouvènman donatè yo**

#### **1 Gouvènman donatè yo dwe rekonèt epi respekte aksyon endepandan, imanitè ak san patipri NGHA yo ap fè.**

NGHA yo se òganis endepandan, ak endependans yo avèk empasyalite yo dwe respekte pa gouvènman donatè yo. Gouvènman donatè yo pa dwe itilize NGHA yo nan ankenn bi politik oswa ideyolojik.





## 2 Gouvènman donatè yo dwe bay finansman yo avèk yon garanti endepandans operasyonèl

NGHA yo aksepte finansman avèk materyèl asistans nan men gouvènman donatè yo nan menm espri ke y ap bay li a viktим katastwòf yo; nan espri imanitè avèk endependans nan aksyon. Egzekisyon aksyon sekou andefinitif se yon responsabilite NGHA a epi l ap reyalize an konfòmite avèk règleman NGHA sa.

## 3 Gouvènman donatè yo dwe travay onon viktим yo pou ede NGHA yo nan jwenn aksè a viktим katastwòf yo

Gouvènman donatè yo dwe rekònèt enpòtans pou aksepte yon nivo responsabilite pou sekirite avèk libète pou aksè pèsònèl NGHA yo nan zòn katastwòf yo. Yo ta dwe prepare pou egzèse diplomasi avèk gouvènman akèy yo sou pwoblèm sa yo si li nesesè.

# Anèks III: Rekòmandasyon pou òganizasyon entè-gouvènman yo

## 1 IGO yo dwe rekònèt NGHA lokal avèk entènasyonal yo, tankou patnè enpòtan

NGHA yo vle travay avèk Nasyonzini ak lòt òganizasyon entènasyonal yo pou fè yon pi bon entèvansyon pou katastwòf. Yo fè sa nan lespri tèt ansanm ki respekte entegrite ak endependans tout patnè yo. Òganizasyon entè-gouvènman yo fèt pou respekte endependans ak enpasyalite NGHA yo. Òganizasyon Nasyonzini yo dwe konsilte NGHA yo nan preparasyon plan sekou yo.

## 2 IGO yo dwe ede gouvènman akèy yo nan founi yon kad kowòdinasyon global sekou entènasyonal ak lokal pou katastwòf

